Узэкъуэтмэ — улъэщщ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

Черкесия

Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики

№100 (13152) 2016 гъэ, дыгъэгъазэм (декабрым) и 17, щэбэт

Распространяется по подписке

И уасэр соми 3-щ.

Москва къалэ

## Лъэпкъ гвардиер

***УФ-м и Лъэпкъ гвардием и дзэ пакIэхэм я главнокомандующэ Меликов Сергейрэ Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ Москва къалэм деж щызэIущIащ.***

ЛъэныкъуитIыр тепсэлъыхьащ Урысейм и Лъэпкъ гвардием и Къэрэшей-Черкес къудамэм зегъэужьынымкIэ ди хэгъуэгумрэ федеральнэ къулыкъумрэ зэрызэдэлэжьэну Iуэхугъуэхэм ехьэлIа упщIэхэм. Темрезов Рэшид къыхигъэщащ илъэс куэд щIауэ ди республикэм и зэпIэзэрытыныгъэм хуэлажьэ, зи лэжьыгъэм хуэIэижь IэщIагъэлIхэр зыхыхьа хэгъуэгу къулыкъур цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ, щIэпхъаджагъэмрэ терроризмэмрэ ебэнынымкIэ къыхуагъэува къалэнхэм зэрыпэлъэщынур. ЖиIащ абыкIэ федеральнэ къулыкъум и унафэщIхэр щIэгъэкъуэн хъуну зэрыщыгугъыр.

**КъЧР-м и**
**Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ**
**я пресс-къулыкъу**

***Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм хэтхэмрэ унэй инвесторхэмрэ «Инвестируй в Кавказ!» бизнес-конференцым деж проектищ щагъэлъэгъуащ. Апхуэдэщ Адыгэ-Хьэблэ районым деж къыщызэрагъэпэщыну пхъэщхьэмыщхьэ жыг хадэм, «Домбай» турист-рекреационнэ комплексым зегъэужьыным, ди щIыналъэм агропромышленнэ парк щыухуэным ехьэлIа проектхэр. Мыхэр «Развитие Северо-Кавказского федерального округа на период до 2025 года» къэрал программэм хагъыхьэну я мурадщ.***

## Инвестицэ лэжьыгъэхэр

Презентацэр иригъэкIуэкIащ Къэрэшей-Черкесым экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр НэкIухъу Алий.

— ХьэрычэтыщIэхэм Адыгэ-Хьэблэ районым деж гектар 207-м щIигъу зыубыдыну жыг хадэ къыщызэдгъэпэщыну къыхалъхьащ. Илъэс къакIуэ абы иужь дихьэнущ, — жиIащ НэкIухъу Алий.

Инвестпроектым и япэ Iыхьэр ягъэзащIэмэ, илъэсым мыIэрысэу зы гектарым тонн 50, балийIэрысэу зы гектарым тонн 30, къыпцIэу зы гектарым тонн 35-рэ кърахынущ.

— Домбай къекIуалIэ зыгъэпсэхуакIуэхэр нэхъыбэ зэрыхъум къыхэкIкIэ абдеж иджыри подъемникхэмрэ хьэщIэщхэмрэ дыухуэну ди мурадщ. Нэгъабэ республикэм туристу мин 900 къекIуэлIамэ, мы гъэм мелуаным щIигъукIэ догугъэ, — жиIащ НэкIухъум.

2018 гъэм и кIэм нэс «Домбай» зыгъэпсэхупIэм зы сыхьэтым цIыху 2400-рэ къезышэкIыфыну гъущIкIапсэ гъуэгурэ нэрыбгэ 75-м ятегъэпсыхьа хьэщIэщрэ яухуэн я мурадщ.

Къэрэшей-Черкесым къыбгъэдэкIыу СКФО-м зегъэужьынымкIэ къэрал программэм хагъыхьэну хущIэкъу проект ещанэр мэкъумэшхьызмэт лэжьыгъэхэр здахъумэну, абыхэм зделэжьыну агропромышленнэ парк Черкесск къалэм къыщызэгъэпэщынращ. Проектыр ягъэзащIэмэ, нэрыбгэ 43-м лэжьапIэ ягъуэтынущ.

УФ-м Ищхъэрэ Кавказ IуэхумкIэ и Министерствэм и лэжьакIуэ гупым хэгъуэгухэм къагъэлъэгъуа инвестпроектхэм хэплъэнущи, социально-экономикэм зегъэужьынымкIэ нэхъыфIу къалъытэ проектхэр къыхахынущ.

**Зыгъэхьэзырар**
**ДЗЭМЫХЬ Маринэщ**

## Туризмэм зрагъэужькIэрэ

***«Развитие внутреннего и въездного туризма в Российской Федерации (2011-2018 годы)» зи фIэщыгъэцIэ федеральнэ программэм и Координационнэ советым, Ростуризмэм и унафэщI Сафонов Олег и пашэу, иджыблагъэ Москва къалэм зэIущIэ щригъэкIуэкIащ.***

Ди республикэм къыбгъэдэкIыу зэIущIэм хэтащ туризмэмкIэ, курортхэмрэ щIалэгъуалэ политикэмрэкIэ и министр Эркенов Анзор.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ турист зыгъэпсэхупIэ ухуэныгъэхэм, зэгъэзэхуэжыныгъэхэм, программэр 2016 гъэм гъэзэщIа зэрыхъуам, хэгъуэгухэм 2017 гъэм зэрызыхуагъэхьэзырам. КъинэмыщIауэ, зэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ туризмэ хуэIухуэщIэхэр зэрырагъэфIэкIуэнум.

Мы программэм къызэщIеубыдэ иужьрей зэманым тегъэпсыхьа турист зыгъэпсэхупIэхэр къэгъэщIыныр, хуэIухуэщIэхэр егъэфIэкIуэныр, туризмэм и продукцэр пхырыгъэкIыныр. Программэм ипкъ иткIэрэ, яухуэнущ, елэжьынущ Урысейм и хэгъуэгу 41-м щыIэну турист-рекреационнэ, автотурист кластерхэр. Абы щыщу кластери 10-р хэгъуэгу 11-м щаухуагъэххэщ.

КъЧР-м и Правительствэм и жэрдэмкIэ, программэм хагъэхьащ «Медовые водопады» зи фIэщыгъэцIэ зыгъэпсэхупIэр. Абы и фIыщIэкIэ, мы щIыпIэм екIуалIэу автомобиль гъуэгу тынш яухуэнущ.

Инфраструктурэ и лъэныкъуэкIи программэм лэжьыгъэшхуэ къызэщIиубыдэнущ. Апхуэдэу яухуэнущ 300. НобэкIэ яухуагъэххэщ 80. Абы щыщу 55-р лажьэу яутIыпщагъэххэщ, 21-р куэд мыщIэу хьэзыр хъунущ, 78-рэ ухуэныгъэм хэтщ.

Урысейпсо жылагъуэ фронтым и зэIущIэшхуэм деж УФ-м и Президент Путин Владимир зэрыщыжиIам теткIэрэ, туризмэмкIэ федеральнэ агентствэм лэжьыгъэр щIигъэхуэбжьащ, хэгъуэгухэм зэгурыIуэныгъэхэр ядэщIыным я нэIэ трагъэт.

**Ди корр.**

Сессием къикIыу

## Проектхэр къащтащ

***Къэрэшей-Черкесым и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и къыкIэлъыкIуэ 31-нэ зэIущIэ иджыблагъэ екIуэкIащ. Депутатхэр упщIэ 19-м хэплъащ. Нэхъыщхьэу щытар 2017-2019 гъэхэм хэгъуэгум и бюджетым теухуа Хабзэм и проектращ.***



Фигу къэдгъэкIыжынщи, проектыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и 30-нэ зэIущIэм езанэ еджэгъуэкIэ къащтауэ щытащ. Мы сессием депутатхэр хэплъащ бюджетым и ахъшэм щыщу къагъэсэбэпыну Iыхьэм икIи, зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр халъхьэри, проектыр ещанэ еджэгъуэкIэ къащтащ. Мы Iуэхугъуэмкiэ доклад къищIащ республикэм финансхэмкIэ и министр Эльканов Рустам. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, 2017-2019 гъэхэм республикэм и бюджетым и ахъшэм щыщу къагъэсэбэпыну Iыхьэр зэхагъэуващ Къэрэшей-Черкесым и социальнэ лъэныкъуэр нэхъ къыхалъытэкIэрэ. Апхуэдэу 2017 гъэм бюджет ахъшэм щыщу социальнэ Iуэхум процент 73,9-р къыхуагъэсэбэпынущ, 2018 гъэм — процент 74,7-р, 2019 гъэм — процент 73,3-р.

Элькановым зэрыжиIамкIэ, Хабзэм и проектым зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. Апхуэдэщ сабий зеиншэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным, Кубрань жылагъуэм дэт «Психиатрическая больница» IуэхущIапIэм папщIэ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ Министерствэм, «Профилактика терроризма и экстремизма в КЧР на 2014-2017 годы» подпрограммэм хуаутIыпщ ахъшэр хэгъэхъуэныр. КъинэмыщIауэ, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри къыхалъытащ. Псалъэм папщIэ, зэхуэмыщIауэ псэу унагъуэхэм псэупIэ, коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэМ я уасэхэр иратыну къыхухагъэкI субсидием, сабий зиIэ анэм мазэ къэс ират пособэм, социальнэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ цIыху щхьэхуэхэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ ахъшэ хуаутIыпщым хагъэхъуащ.

КъинэмыщIауэ, 2016 гъэм республикэм и бюджетым зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуащ федеральнэ бюджетым къыбгъэдэкIыу зрамыгъэгъэзэжын ахъшэу къаутIыпща сом 339 909 300-р.

КъыкIэлъыкIуэу депутатхэр хэплъащ икIи зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ «О некоторых социальных гарантиях лицам, замещавшим государственные должности Карачаево-Черкесской Республики и должности государственной службы Карачаево-Черкесской Республики» Къэрэшей-Черкес Республикэм и Хабзэм и проектым.

АдэкIэ етIуанэ, ещанэ еджэгъуэкIэ къащтащ 2017-2019 гъэхэм зэгъэтIылъэкI зимыIэ медицинэ страхованэм и щIыпIэ фондым и бюджетым теухуа Хабзэм и проектыр. КъинэмыщIауэ, зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ «О перемещении транспортных средств на специализированную стоянку, их хранении, оплате расходов на перемещение и хранение, возврате транспортных средств на территории Карачаево-Черкесской Республики» Къэрэшей-Черкес Республикэм и Хабзэм и проектым.

Парламентым и депутатхэм УФ-м и ЩIыгу Кодексым и статья щхьэхуэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм къыхэлъхьэныгъэ ящIауэ щытам хэплъащ. Ар зэхагъэуващ ди къэралым и санатор-курорт комплексым инвесторхэр къешэлIэным ехьэлIауэ Урысейм и Президентым унафэ къихьар гъэзэщIа хъун папщIэ. Ди къэралым и зыгъэзащIэ властхэм пщэрылъ хуащIат санитар-курорт организацэхэм бэджэнду е нэгъуэщIу къащтэхэм щIат уасэхэр драмыгъэкIуеиным кIэлъыплъыну. Абы щхьэусыгъуэу хуэувын хуейщ зэIэзапIэзыгъэхъужыпIэ щIыпIэхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ я Iэхэлъахэм къыщылъ щIыгухэмрэ мыхъей мылъкухэмрэ я кадастровэ уасэр зэрыдэкIуеяр. УФ-м и ЩIыгу Кодексым къыщыгъэлъэгъуакъым аукционкIэ бэджэнду ят щIыгум уасэ тралъхьапхъэр. Урысейм и Президентым и унафэр гъэзэщIа хъун папщIэ, къэрал, муниципальнэ щIыгуу щытым деж санитар-курорт зэIэзапIэ IуэхущIапIэхэр зэрыщаухуэнымкIэ УФ-м и хэгъуэгум зэгурыIуэныгъэ дищIмэ, сату Iуэхум хэмыту, бэджэнду щIыгур иратын хуейщ. Абы игъэбелджылынущ бэджэнду щIыгу Iыхьэ ящтам и уасэр икIи ар щIыгу хьэкълыкъым нэхърэ нэхъыбэнукъым. Апхуэдэу щытмэ, республикэм и щIыналъэм санитар-курорт лэжьыгъэм зыщезыгъэужьыну хуей къулыкъущIэхэри нэхъыбэу къекIуэлIэнущ. НобэкIэ апхуэдэ санатор-курорт IуэхущIапIэ Тебэрды къалэращ здыдэтыр.

АдэкIэ депутатхэм къыхалъхьащ икIи арэзыуэ къащтащ Къэрэшей-Черкесым и ЦIыхубэ ЗэIущIэм и депутатхэм УФ-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и министр Васильевэ О. зэрызыхуагъэзэм ехьэлIа «О передаче проведения соответствующих экспертиз учебников в региональные органы управления образования или в федеральные округа» проектыр. УФ-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и Министерствэм 2016 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 18-м къыдигъэкIа унафэм ипкъ иту, еджапIэхэм къагъэсэбэп тхылъхэр экспертизэ зэхуэмыдэ ящI. Апхуэдэ щIэплъыкIыныгъэм тхылъ къэс сом мини 120-м нэс токIуадэ икIи ахэр здрагъэкIуэкI IуэхущIапIэхэр Москва къалэращ здэщыIэр. Абы папщIэ лъэпкъыбзэкIэ къыдэкIа тхылъхэр экспертизэ щIыным лъэпощхьэпохэр пыщIащ, бюджетым къыхалъыта мылъкум и нэхъыбэр ахэр къыдэгъэкIыным темыкIуадэу, атIэ пособэр аккредитацэ щIынымкIэ къагъэсэбэп. Зыхуэгъэзэныгъэм зэритымкIэ, ди хэгъуэгур дотационнэу зэрыщытыр къыхэплъытэмэ, экспертизэ зэребгъэкIуэкIыну мылъкур хурикъукъым. Апхуэдэ щытыкIэщ УФ-м и адрей хэгъуэгухэми щыIэр. Абы папщIэ, депутатхэм министрым лъэIукIэ зыхуагъэзащ апхуэдэ экспретизэхэр федеральнэ округхэм е хэгъуэгухэм щыIэ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ Управленэхэм ирагъэкIуэкIыжыну лъэкIыныгъэ иратыну.

Иужьрейуэ депутатхэр хэплъащ икIи къащтащ «О медали имени Н.Г. Петрусевича за безупречную службу Карачаево-Черкесской Республике» Къэрэшей-Черкесым и Хабзэм и проектыр. Абы щыгъэбелджылащ медалыр зыратынухэр, апхуэдэ къыхэлъхьэныгъэр зыщIыфынухэр.

**ЕЗАУЭ Маринэ**

***Хьэбэз къуажэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм и пэшышхуэм деж иджыблагъэ районым щыпсэу щIалэгъуалэм яхуэзащ КъЧР-м и къэралкIуэцI IуэхухэмкIэ министр, полицэм и генерал-майор Боташев Казимир. КъинэмыщIауэ, зэIущIэм хэтащ Хьэбэз муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ Байчорэ Беслъэн, Къэрэшей-Черкес Республикэм энергетикэмрэ промышленностымрэкIэ и министр Аргун Мурат, Хьэбэз муниципальнэ районым и депутатхэм я Советым и тхьэмадэ Хьэмыкъуэ Хьисэ, районым ит къуажэхэм я Iэтащхьэхэр, егъэджакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.***

Хьэбэз район

## Боташев Казимир: «Ди щIалэгъуалэм срогушхуэ»



Къапщтэмэ, зэIущIэр упщIэ-жэуап щIыкIэм тету екIуэкIащ. ЕджакIуэ цIыкIухэр зыгъэгумэщI, абыхэм яфIэгъэщIэгъуэн Iуэхугъуэхэмкiэ министрым зыхуагъэзащ, МВД-м и унафэщIыми дэтхэнэми жэуап кърityжащ. НыбжьыщIэхэм къаIэта упщIэхэр лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэм хуэгъэзауэ щытащ. Ауэ нэхъыщхьэр зыт — ди щIалэгъуалэр гъащIэм и къэхъукъащIэмрэ къэкIуэнумрэ зэрытегузэвыхьыр, ар егъэфIэкIуэным я къару халъхьэным зэрыхуэпабгъэр нэрылъагъут.

Министрыми ныбжьыщIэхэр зэригъэгушхуэным пылът. Апхуэдэу къаIэта упщIэхэм ящыщщ цIыхухэр щIэпхъаджащIэхэм ящыхъумэнымкIэ МВД-м илэжь лэжьыгъэхэр, «хакер атакэхэм» пэщIэувэфын IэщIагъэлIхэр диIэрэ димыIэрэ. Боташевым жиIащ дызэрыгушхуэн IэщIагъэлIхэр зэрыщыIэр икIи зы дакъикъэ къызэтемыувыIэу цIыхубэм и гъащIэмрэ узыншагъэмрэ хъумэным Министерствэм, полицэм я лэжьакIуэхэр зэрелэжьыр.

Министрым фIэгъэщIэгъуэн хъуащ Али-Бэрдыкъуэ курыт еджапIэм и егъэджакIуэм и къыхэлъхьэныгъэр. Ар еджакIуэ зэгухьэныгъэхэр къызэрагъэпэщкIэрэ, ныбжьыщIэ цIыкIухэр МВД-м шэщIауэ ядэлэжьэну зэрыхуейращ. УнафэщIым жиIащ къулыкъущIапIэм деж нэхъ убгъуауэ а Iуэхугъуэм зэрыripсэлъэнур икIи къыхигъэщащ апхуэдэ зэгухьэныгъэм и къызэгъэпэщыныгъэм сэбэп куэд къызэрихьынур.

Хьэбэз курыт еджапIэм е 9-нэ классым хэс ДыщэкI Динэ упщIэ къыбгъэдэкIам ипкъ иту, Боташевым пщащэр къигъэгугъащ илъэс къакIуэ ипэ мазэм къыщыщIэдзауэ «полицейский класс» я еджапIэм къыщызэрагъэпэщыжыну.

КъыкIэлъыкIуэ упщIэр «аптечная наркомания» жыхуиIэм теухуауэ щытащ. Министрым мы Iуэхугъуэм нэхъ убгъуауэ къытепсэлъыхьащ икIи жиIащ ар ткIийуэ я нэIэм зэрыщIагъэтыр.

—Пэжщ, аптекэхэм «лирикэ» афиян лIэужьыгъуэр щедгъэщэжкъым, псори къыщIэдгъэщащ. Ауэ а уэур къезышалIэхэмрэ гъэпщкIуауэ зыщэхэмрэ иджыри хэгъуэгум щыIэщ. Жагъуэ зэрыхъущи, хъыджэбз цIыкIу гуэрхэри а Iуэху мыхъумыщIэм хэшытIащ. АтIэ, абы, полицэм и лэжьакIуэхэм я мызакъуэу, зы къару зэгъусэкIэ дебэныпхъэщ, дэтхэнэми апхуэдэ щIэпхъаджащIэр щIэдмыхъумэу къызэрыщIэдгъэщыным дыпылъыпхъэщ. Анэ-адэхэми гу лъатэн хуейщ еджакIуэ ягъакIуэ я быным ахъшэ куэду къащыIэщIыхьэкIэ. Ахэр щIэупщIэн хуейщ ар къыздырахам икIи быным дахэу, ущие щIэлъу япсэлъэн хуейщ. Мы Iуэхум ехьэлIауэ дыкъызэтеувыIэну Iэмал иIэкъым, сыту жыпIэмэ унэхъур дыщIэпсэу ди щIэблэращ, — жиIащ министрым.

АдэкIэ упщIэ зыта бзылъхугъэр зыгъэгумэщI Iуэхугъэу къыщIэкIащ илъэсипщIым щIигъукIэ МВД-м хэтар лъэпкъ гвардием ягъэкIуэжамэ, абы унэм епхауэ льгот къыIэрыхьэпхъэр къылъысыжынумэ. Министрым жиIащ дэтхэнэ льготри къэралым и лэжьакIуэм къызэрылъысынур. НэгъуэщIымкIэ, ар къезытынур полицэм и лэжьакIуэр здэщыIа МВД-ракъым атIэ, иджы здэлажьэ къудамэращ.

Боташевым и лэжьыгъэм ехьэлIауэ япэ дыдэу къыщIигъэща мыхъумыщIагъэм, МВД-м ущылэжьэну хьэлъэмэ теухуа упщIэхэр зыфIэгъэщIэгъуэн ныбжьыщIэхэри къахэкIащ. Министрыр еджакIуэхэм къахутепсэлъыхьащ зыпэрыт лэжьыгъэм и зэхэлъыкIэм. Абы игу къигъэкIыжащ МВД-м лэжьэн щыщIидзам япэ къыщIигъэща Iуэхугъуэр. Ар и гъунэгъу дыдэм къидыгъуауэ къыщIэкIа мотоциклыр къызэрыщIигъэщаращ.

— Ди лэжьыгъэм и гугъу пщIымэ, пэжыр жысIэнщи, тыншкъым. Сыту жыпIэмэ, ар гуэныхь къэхьщ. Ауэ зы лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, дэ, полицэм и лэжьакIуэхэр дыщымыIамэ, мыхъумыщIагъэхэр къыщIэзыгъэщынур, ахэр зылэжь щIэпхъаджащIэхэр къэзыубыдынур хэтыт?! Залымыгъэ къызылъыса цIыхур зыщыгугъыр дэращ. Ауэ апхуэдэ щIэпхъаджагъэр зылэжьар уи гъунэгъуу, уи ныбжьэгъуу, уи Iыхьлыуэ къыщIэкIынкIэ мэхъу. Мис абдежым пэжыр зэхэбгъэкIыфу, хабзэм утетмэ, тынш пхуэхъунущ, — жиIащ Боташев Казимир.

МВД-м щылэжьэну зи хъуэпсапIэ ныбжьыщIэхэм яжриIащ мурад зыхуэбгъэувым куэд зэрелъытар икIи абы ерыщу ухущIэкъумэ, псори къызэрыбдэхъунур.

ЗэIущIэм хэта нэхъыжьхэм министрым фIыщIэ хуащIащ икIи жаIащ и псэлъэкIэмкIэ абы бгъэдэлъ гъэсэныгъэмрэ и лэжьыгъэм кууэ зэрыхищIыкIымрэ зэрызыхащIар.

ЗэIущIэм и кIэм министрым жиIащ ныбжьыщIэ хьэлэмэтхэр къызэрытщIэхъуэр икIи абыхэм хуабжьу зэрыригушхуэр.

**КХЪУЭХЪУ Людмилэ**

ЗэIущIэм къикIыу

## ЗыгъэпсэхупIэм и зыужьыныгъэм

**«Архъыз» турист зыгъэпсэхупIэм и зыужьыныгъэм теухуауэ щытащ иджыблагъэ КъЧР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIа зэIущIэр. Лэжьыгъэм хэтащ республикэм и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Уэз Мурат, «Ищхъэрэ Кавказым и курортхэр» АО-м и генеральнэ унафэщI Вагапов Сулейман сымэ.**

2016-2017 гъэхэм «Архъыз»-р зэрыхуэхьэзырым, ар энергохуэIухуэщIэхэмкIэ къызэрызэгъэпэщам, Алиев Умар и цIэр зезыхьэ къэрал университетым щеджэ студентхэм абдеж стажировкэ щрагъэкIуэкIыу къызэгъэпэщыным теухуауэ щытащ къаIэта псалъэмакъхэр.

ЗэIущIэм и кIэм къыхалъхьащ зи узыншагъэкIэ дагъуэ зиIэ цIыхухэм зыздагъэпсэхуфын щIыпIэхэр «Архъыз» комплексым къыщызэгъэпэщыныр. Тепсэлъыхьащ Зеленчук районым ит курыт еджапIэхэм щеджэхэр, сабий ибэхэр комплексым деж бгы-лъэрыжэхэмкIэ къажыхьыфу здагъэсэну дерсхэр къызэIухыным. ЩIымахуэм «Архъыз»-м щрагъэкIуэкIынущ спорт, цIыхубэ зэхыхьэ, джэгугъуэхэр. АбыхэмкIэ, шынагъуэншагъэмкIэ жэуаплыгъэ зыхьыну гупыр ягъэнэIуащ.

**КъЧР-м и**
**Iэтащхьэмрэ и**
**Правительствэмрэ**
**я пресс-къулыкъу**

2017 Илъэсыщ1э угъурлы фытихьэ!

Уэзэкъуэтмэ — улъэщ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

Черкесия

Газетыр къыдззыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и Цlыхубэ Зэlущlэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики

№104 (13156) 2016 гъэ, дыгъэгъазэм (декабрым) и 31, щэбэт

Распространяется по подписке

И уасэр соми 3-щ.

УФ-м и Президент ПУТИН Владимиррэ
УФ-м и Правительствэм и Тхьэмадэ МЕДВЕДЕВ Дмитрийрэ
КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ
республикэм щыпсэухэмрэ ИлъэсыщIэмкIэ йохъуэхъу

*Дывохъуэхъу ИлъэсыщIэм и щIыхькIэ! ИлъэсыщIэ махуэщIхэм дэтхэнэри темыпыIэжу поплъэ. АтIэ, хэти ИлъэсыщIэм ирепх и мурадыщIэхэр, фIым щогугъ.*

*Къытхуеблагъэ 2017 гъэр фи щхьэкIи, фи унагъуэкIи зэIузэпэщу, ехъулIэныгъэкIэ, зэгурыIуэныгъэкIэ, гуфIэгъуэкIэ гъэнщIауэ къыфхущIырекI!*

*Узыншагъэ быдэрэ гуапагъэрэ фыщимыгъащIэкIэ!*

**ПУТИН Владимир,**
**УФ-м и Президент**

*Си гуапэу сывохъуэхъу ИлъэсыщIэм и щIыхькIэ!*

*ИлъэсыщIэ махуэщIхэр гъэнщIащ гуфIэгъуэкIэ, дахагъэкIэ, гуапагъэкIэ. Хабзэм зэрытетуи, ИлъэсыщIэр унагъуэ махуэщIу ягъэлъапIэ.*

*Илъэсыжьыр дгъэкIуатэкIэрэ, дэтхэнэми дигу къыдогъэкIыж къыдэхъулIа IуэхуфIхэр, дяпэкIэ дызыхущIэкъунум догупсыс. ИлъэсыщIэм лъэкIыныгъэщIэхэр къыфхукъуигъэкI, фигу ивубыдар, фызэлэжьыну проект гъэщIэгъуэнхэр къывдигъэхъу!*

*Къытхуеблагъэ ИлъэсыщIэр хэт и дежкIи насыпрэ зэIузэпэщыныгъэкIэрэ гъэнщIауэ къыщIырекI! Фи щхьэкIи, фи унагъуэкIи, фи IыхьлыхэмкIи узыншагъэ быдэрэ зэIузэпэщыныгъэрэ фыщимыгъащIэкIэ!*

**МЕДВЕДЕВ Дмитрий,**
**УФ-м и Правительствэм и Тхьэмадэ**

# Къэрал нагъыщэхэр



**Дыгъэгъазэм (декабрым) и 29-м Черкесск къалэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм деж Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид къэрал нагъыщэхэр ди хэгъуэгум щыпсэухэм яхуигъэфэщащ.**

Къэрал нагъыщэкIэ къыхагъэщащ гъуазджэм, литературэм, узыншагъэр хъумэным, юриспруденцэм, экономикэм, егъэджэныгъэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм хуащIа хэлъхьэныгъэм папщIэ.

ЗэIущIэр къызэIуихкIэрэ, КъЧР-м и Iэтащхьэр къызэхуэсахэм ИлъэсыщIэмкIэ яхъуэхъуащ.

**(КIэухыр е 2-нэ напэм итщ)**

## Хъуэхъу

***ЩIыхь зыхуэтщI ди хэкуэгъухэ!***

*Ди гум къыбгъэдэкIыу дывохъуэхъу къытхуеблагъэ ИлъэсыщIэмкIэ!*

*Илъэсыжьыр дгъэкIуэтэжкIэрэ, дигу къыдогъэкIыж ди гъащIэм къыщыхъуа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр, къыдопщытэж зыIэрыдгъэхьа ехъулIэныгъэхэр.*

*ПсэукIэр хьэлъэу щытами, дгъэкIуатэ илъэсыжьым ди республикэм ехъулIэныгъэ куэд къыхуихьащ. Лъэпощхьэпо инхэр IудгъэкIуэтащ, лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэмкIи дехъулIащ.*

*Къалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжахэм ящыщ къалэхэм, жылагъуэ пхыдзахэм щыпсэухэм я псэукIэр зэхуэдэу нэхъыфI щIыныр, цIыхухэр ди гулъытэмрэ нэIэмрэ щIэдгъэтыныр. Илъэсым къриубыдэу ухуэныгъэ куэдым лэжьэн щIадзащ, къызэIутхащ сабий IыгъыпIэщIэхэр, еджапIэхэр, спорткомплексхэр, джэгупIэхэр, ФАП-хэр. Ноби зэпыукъым медицинэ IуэхущIапIэхэр, нэгъуэщI социальнэ ухуэныгъэхэр щIыныр.*

*ЕхъулIэныгъэфI зыIэрыдгъэхьащ мэкъумэш хъызмэтымкIэ, промышленностымкIэ, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ, узыншагъэр хъумэным и лъэныкъуэкIэ. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр ди республикэр хэгъуэгу шынагъуэншэу, Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъхэм ябгъэдэлъ акъылыфIагъым и фIыгъэкIэ, хэгъуэгум зэпIэзэрытыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ щытепщэу зэрыщытращ. Абы къыхэкIкIи, Урысейм и хэгъуэгухэм, хамэ къэралым къикIа хьэщIэхэу Къэрэшей-Черкесым къеблагъэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. АтIэ, илъэсым къриубыдэу цIыху мелуан ныкъуэм ди хэгъуэгум зыщагъэпсэхуащ!*

*ДяпэкIи хэгъуэгум и зыужьыныгъэм дыхущIэкъунущ. ИкIи, шэчыншэу, зыIэрыдгъэхьэну ехъулIэныгъэхэр дэтхэнэми къыдэлъытащ. ИлъэсыщIэм ипэ къихуэу, Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъхэм фIыщIэ ин яхудощI зэрызэкъуэтым, зэрызэгурыIуэм, республикэр егъэфIэкIуэным гуащIэшхуэ зэрыхуагъэтIылъым папщIэ. Дэ къыдгуроIуэ хэгъуэгум и зэIузэпэщыныгъэр зэтеIыгъэнымкIэ, лъэпкъхэр ефIэкIуэнымкIэ дэтхэнэми тхьы жэуаплыгъэр.*

*ИлъэсыщIэ къытхуеблагъэм дэтхэнэри зыщIэхъуэпсыр кърехъулIэ, сыт хуэдэ къыщIэдзэныгъэри хъер ищI, унагъуэхэр тыншыгъуэрэ зэхурикъуныгъэрэ фыщимыгъащIэкIэ! Дывохъуэхъу ИлъэсыщIэмкIэ!*

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ**

**ИВАНОВ Александр,**
**КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ**

**УЭЗ Аслъэн,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ**

***Си гум къыбгъэдэкIыу сывохъуэхъу 2017 ИлъэсыщIэм и щIыхькIэ!***

*Мы щIымахуэ махуэщI гуапэр дэтхэнэми ди унагъуэм, ди ныбжьэгъухэм я гъусэу къыдогъэхьэ. Илъэсыжь дгъэкIуэтэжым хэти фIы гуэр къытхуихьащ, гугъапIэрэ мурадыфIхэмрэ тыгъэ къытхуищIащ. Нэхъыщхьэр — уи Хэкумрэ уи щхьэмрэ сыт щыгъуи дзыхь хуэпщIынращ, апщыгъуэм деж мурад зыхуэбгъэувыжахэри уи хъуэпсапIэхэри зэбгъэхъулIэфынущ, ди гъащIэр нэхъ тынш, нэхъыфI, нэхъ гъэщIэгъуэн, фIыуэ тлъагъу ди къэралыр — нэхъ лъэщ тщIыфынущ, едгъэфIэкIуэфынущ.*

*Мы илъэсыщIэ махуэ нэхухэм фэри, фи Iыхьлыхэри гуфIэгъуэ фыщимыгъащIэкIэ, фи унагъуэхэм мамырыгъэрэ насыпрэ иримыхкIэ! Сывохъуэхъу узыншагъэ, насып, ехъулIэныгъэ фиIэну!*

**МАТВИЕНКО Валентинэ,**
**УФ-м Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым и унафэщI**

***ПщIэ зыхуэтщIу Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэ!***

*ИлъэсыщIэ къиихьэмкIэ дывохъуэхъу!*

*ИлъэсыщIэ махуэщIхэм ипэхэм едгъэжьэж илъэсыр дэтхэнэми къыдопщытэж, ИлъэсыщIэм гугъапIэфIхэр диIэу мурадыщIэхэр дощI.*

*Илъэсыжьыр мыхьэнэшхуэ зиIэ къэхъукъащIэхэмрэ Iуэхугъуэхэмрэкiэ гъэнщIауэ щытащ, Урысейми Къэрэшей-Черкес Республикэми ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьащ. ИлъэсыщIэ къихьэр къалэнышIэхэр щызэфIэтхыфын, ди къэралымрэ республикэмрэ щызиужьын гъэ Тхьэм ищI!*

*2017 гъэм ди хъуэпсапIэхэмрэ мурадхэмрэ Тхьэм къыдигъэхъулIэ, унагъуэ къэс зэпIэзэрытыныгъэрэ зэIузэпэщыныгъэрэ, насыпрэ гуфIэгъуэрэ Тхьэм кърихьэ!*

*Фэри, фи Iыхьлыхэми дывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, унагъуэ насып, мамырыгъэ, гуапагъэ фиIэну, фефIэкIуэну!*

**АРЭШЫКЪУЭ РэIуф,**
**УФ-м Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым Къэрэшей-Черкес Республикэм къыбгъэдэкIыу хэт сенатор**

**САЛПАГАРОВ Ахъмэт,**
**УФ-м Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым Къэрэшей-Черкес Республикэм къыбгъэдэкIыу хэт сенатор**

## Си лъэпкъэгъу лъапIэхэ, республикэм щыпсэухэ!

*Дыпоплъэ 2017 ИлъэсыщIэр къеблэгъэным.*

*ИлъэсыщIэр — гукъыдэж дахэхэмкIэ гъэщIэрэщIа, псоми фIыуэ тлъагъу унагъуэ махуэщI телъыджэщ. Сывохъуэхъу дэтхэнэми ИлъэсыщIэ къихьэм фызыхуэпабгъэ гугъапIэхэмрэ гухэлъхэмрэ къывдэхъуну, фызыщIэхъуэпсыр къыфлъысыну!*

*ИлъэсыщIэ жэщыр дэтхэнэ цIыхуми и гур хуабагъкIэ зэщIэзыIэтэщ, ди къэкIуэнум фIыкIэ, ехъулIэныгъэрэ хэхъуэрэ диIэну дыщызыгъэгугъщ. ПсэукIэ зэIузэпэщыр ауэ сытми къыпхуэкIуэкъым: абы цIыхум и гуащIэдэкI лэжьыгъэшхуэ, къару ин хилъхьэн хуей мэхъу. ИтIанэщ ехъулIэныгъэ щыуиIэнур. Апхуэдэ ехъулIэныгъэ зырызщ ди къэралым, дызыщалъхуа хэку цIыкIум и гъащIэр зэрызэхэлъыр.*

*Нобэ дэтхэнэри зыпэрыт Iуэхур, зыхущIэкъур хуэгъэзауэ щытын хуейщ къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным. Дызэкъуэувэмэ, лъэщ дыхъунущ, сыт хуэдэ ди Iуэхуми фIы къыпэкIуэнущ. Хуэгъэзащ ар ди адыгэ лъэпкъми. «Дызэкъуэтмэ — дылъэщщ» жиIащ адыгэм. Нобэ адыгэр дызыгъэгумэщI Iуэху куэд лъэпкъыр зипхъыхьа дунейм къыщокIуэкI. Ауэ нэхъыщхьэу дызыгъэпIейтейр зауэ хьэлъэ здекIуэкI щIыпIэхэм адыгэхэр зэрыхиубыдэращи, дыхуейщ зауэм епха хьэлэбалыкъыр иухыу, абы зэбгырихуа ди лъэпкъэгъухэм я псэупIэ ягъуэтыжыну, Хэкужьым къэкIуэжынури къытхуеблэгъэжыну. Дэ абыкIэ тлъэкI къэдгъэнэнукъым.*

*Унагъуэ къэси гуфIэгъуэ, хуабэныгъэ, зэгурыIуэныгъэ къизыхьэн ИлъэсыщIэу хэти къыхущIэкIыну сохъуэхъу! Лъэпкъыбэ зыщыпсэу Къэрэшей-Черкесым ИлъэсыщIэр Тхьэм угъурлы тхуищI! Узыншагъэ, гукъыдэж, насып хэти фыщимыгъащIэкIэ!*

**АСЛЪЭНХЭ Алий,**
**«Адыгэ-Хасэ – Черкесский Парламент» республикэ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и тхьэмадэ**



## Утыку нэхъыщхьэм и гуфIэгъуэхэр

***Мы гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 23-м Къэрэшей-Черкес Республикэм и къалащхьэм и утыкушхуэм къыщызэIуахащ ИлъэсыщIэ Псей нэхъыщхьэр. Республикэм и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIыу къызэхуэсахэм хъуэхъу псалъэхэмкIэ захуигъэзащ КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Уэз Мурат.***

ИужькIэ къалэдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ яхъуэхъуащ ЩIыIэ Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ. Сабийхэр ягъэджэгуащ таурыхъ ЛIыхъужьхэм. Утыкум щызэхуэсахэм я гукъыдэжыр къаIэту зыкъагъэлъэгъуащ уэрэджыIэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэу щытащ Псейм и уэздыгъэ зэмыфэгъухэр зэрыпагъэнар.

А пщыхьэщхьэ дыдэм республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ къикIа еджакIуэ нэхъыфIхэр, гъащIэ щытыкIэ мытыншым итхэр Москва къалэм деж, къэралым и Президентым и цIэкIэ щагъэува Псейм иращIэкIыну гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм хэтыну гъуэгу махуэ трагъэхьащ.

— Сабий 32-рэ балигъи 8-рэ гъуэгу тыдогъэхьэ. Абыхэм медицинэ лэжьакIуэхэр, хабзэхъумэ къулыкъущIэхэр ящIыгъущ. Минвод нэскIэ автобускIэ кIуэнущ, адэкIэ — мафIэгукIэ. Сабийхэр Москва и Цветной бульварым тет циркым щыIэнущ, Кремлым и Псей нэхъыщхьэм и джэгухэм хэтынущ, иужькIэ, Москва зыщаплъыхьынущи, къагъэзэжынущ, — жиIащ КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и министр Кравченко Иннэ.

Москва Псейм кIуахэм яхэт Хьэбэз районым щыщ, еджапIэм зэрыщIыхьэрэ тху защIэкIэ еджэ, Хьэбэз къуажэ еджапIэм е 6-нэ классым хэс Байчорэ Залинэрэ Эрсакон къуажэ еджапIэм е 7-нэ классым щеджэ Къурымбей Анзоррэ.

А махуэм республикэ драмтеатрым гуфIэгъуэ зэхыхьэ къыщызэрагъэпэщащ. Абы къызэщIрагъэубыдащ фIыуэ еджэхэр, олимпиадэ, зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм бжьыпэ къыщызыхьа, лауреат щыхъуа еджакIуэ 600. Сабийхэм я гукъыдэжыр къаIэту утыкум зыкъыщагъэлъэгъуащ таурыхъ ЛIыхъужьхэм, ЩIыIэ Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ. Ныбжьыщ1эхэр жыджэру хэтащ зэхьэзэхуэ, джэгугъуэ зэхуэмыдэхэм, еплъащ спектакль гъэщIэгъуэн. Дэтхэнэми иратащ КъЧР-м и Iэтащхьэм и цIэкIэ ИлъэсыщIэ саугъэтхэр.

**(КIэухыр е 2-нэ напэм итщ)**



**КЪАРДЭН СулътIан,**
**Адыгэ-Хьэблэ муниципальнэ район администрацэм и Iэтащхьэ:**

— Къэрэшей-Черкес Республикэм, Адыгэ-Хьэблэ районым щыпсэухэм сывохъуэхъу ИлъэсыщIэ угъурлы фытехьэну! Гукъеуэрэ гузэвэгъуэу хэт и нэгу щIэкIынури псы ткIуэпсыр хышхуэм зэрыхэкIуадэм хуэдэу, гъащIэ гуфIэгъуэм ахэр хэкIуэдэжыну Тхьэм ищI!

Ди нэхъыжьхэр ди жьантIэу, хэхъуэр ди натIэу, диIэр дгъэлъапIэу, ди Хэку нэщI мыхъуу, гугъуехьым дыщымыщтэу, ди Iэгур ди Iэнэу, дыузыншэу, ИлъэсыщIэр угъурлы тхуэхъуну сохъуахъуэ!

**БАЙЧОРЭ Беслъэн,**
**Хьэбэз муниципальнэ район администрацэм и Iэтащхьэ:**

— ИлъэсыщIэ махуэщIхэм ехъулIэу сыхуейщ си гум къыбгъэдэкIыу хъуэхъу гуапэкIэ Хьэбэз районым, республикэм щыпсэухэм захуэзгъэзэну.

Насып, узыншагъэ, зэIузэпэщ гъащIэ Тхьэм фыщимыгъащIэкIэ! Дэтхэнэми фи гуращэр, фызыщIэхъуэпсыр мы ИлъэсыщIэм къывигъэхъулIэ!

ЕхъулIэныгъэщIэкIэ, Iуэхугъуэ гуапэхэмкIэ, гуфIэгъуэкIэ, гу хуабагъэкIэ гъэнщIа ИлъэсыщIэ Тхьэм фытригъэхьэ!

***Дыгъэгъазэм (декабрым) и 29-м Черкесск къалэм деж Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и 32-нэ зэхуэс щызэхэтащ. Парламентым и лэжьыгъэм хэтащ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.***

*Сессием къикIыу*

## Илъэсым и иужьрей зэхуэсыр

Депутатхэм щIаплъыкIащ упщIэ 14. Абы къызэщIаубыдащ зыгъэзащIэ власть къудамэ зыбжанэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэмрэ хэгъуэгум и хабзэхэм теухуа зэхъуэкIыныгъэхэмрэ. ЗэIущIэм и пэм депутатхэр яхуэщыгъуащ Сочэ къалэм илъэтыкIауэ къехуэха кхъухьлъатэм щыхэкIуэдахэм.

Япэ упщIэу Парламентыр зыхэплъар Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЩIэзыплъыкI-къэзыбж палатэм и тхьэмадэмрэ аудиторымрэ тегъыхьэнращ. Iэ IэткIэ зэдэарэзыуэ аудитор IэнатIэм трагъыхьащ Дураев Иляс, палатэм и тхьэмадэу ягъэуващ Динаев Алик.

АдэкIэ депутатхэр хэплъащ хабзэкъутэныгъэхэр къэмыхъунымкIэ республикэм лэжьыгъэ щрагъэкIуэкIым ехьэлIа Iуэхугъуэхэм. Абы теухуа хабзэм и зэхъуэкIыныгъэхэм арэзы техъуахэщ. Етхуанэ упщIэу Парламентым зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьащ Къэрэшей-Черкес Республикэм 2017 гъэм иIэну бюджетымрэ 2018, 2019 гъэхэм бюджетым и IуэхукIэ мурад ягъэувахэмрэ.

Иужьым депутатхэр социальнэ Iуэхухэм, щIыуэпсыр хъумэным, къуажэхэм щыпсэууэ егъэджэныгъэ къудамэм хуэлажьэхэм псэупIэмрэ абы и къэгъэхуэбэнымрэ, электрокъарум и уасэм яхьэлIауэ компенсацэу къэралым яритыжым теухуа хабзэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм хэплъащ.

ЗэIущIэм и кIэм депутатхэм фIыщIэ псалъэрэ хъуэхъурэкIэ захуигъэзащ Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.

**(КIэухыр е 2-нэ напэм итщ)**

Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

Уэзэкъуэтмэ — улъэщщ!

# Черкес жэку

Черкесия

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики

№№19-20 (13071-13072) 2016 гъэ, гъатхэпэм (мартым) и 12, щэбэт

Распространяется по подписке

И уасэр соми 3-щ.

*Адыгэр лъэпкъыу къызэтенэнрэ икIэщIыпIэкIэ адрейхэм яхэшыпсыхьыжынрэ зэлъытар и бзэмрэ и хабзэмрэ зэрихъумэжыфращ. Псом хуэмыдэу бзэр! ЦIыхум и анэдэлъхубзэр Iурылъыху, абыкIэ и гупсысэхэр къиIуатэу, пщIыхьэпIэ щилъагъу нэгъунэ ар и Iэпэгъуу псэуху, и лэпкъри псэунущ.*

*Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ тхыдэ телъыджэ зиIэ, апхуэдиз гугъуехьым къела адыгэ лъэпкъым и къарур мы зэманым щIэгъэхуэбжьауэ щIокIуэсыкI. Мылъкурэ IэнатIэ лъагэрэ цIыху щхьэхуэхэм зрагъэгъуэтми (ари фIы дыдэщ), лъэпкъым и псэ-бзэмрэ и фащэ-хабзэмрэ IэщIыб мэхъу. УтыкуакIуэу цIыхухэр иримыпсалъэ щхьэкIэ, бзэмрэ хабзэмрэ хуэмеижу, тхъэуэ Iуэм ис цIывым и гъащIэр къыхэзыхахэр къызэрытхэкIыр ялъагъу, ауэ кърикIуэнум поплъэри заущэху.*

*КъызэрытщыхъумкIэ, дэ нобэ лъэпкъыу дыкъызэтенэн ди гугъэмэ, хэти епцIыжыну хьэзыр бзаджэнаджэм дыкъыхэмыкIамэ, дыгушхуэу дыпсэун папщIэ щхьэузыхь зыкъытхуэзыщIахэм я псэр дгъэтыншыну дыхуеймэ, ди бзэмрэ ди хабзэмрэ тхъумэжыныр ди къалэн пажэщ!*

№108



Урыс графикэм тету адыгэбзэ алыфбейр зэхэзылъхьа БОРЫКЪУЕЙ ТIутIэ

## ХъыбарегъащIэ

2016 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 17-м сыхьэтыр 11-м Черкесск къалэм дэт, Правительствэм и Унэм и пэшышхуэм Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) зи чэзу 22-нэ сессие щызэхэтынущ. Абдеж щыхэплъэнущ «Къэрэшей-Черкес Республикэм и къэрал граждан къулыкъум ехьэлIауэ» Къэрэшей-Черкес Республикэм и Хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэрэшей-Черкес Республикэм и Хабзэм и проектым (езанэ еджэгъуэ); нэгъуэщIхэми.

# Ди адыгэбзэу лъапIэ, анэдэлъхубзэу IэфI

КъБР

«Ди бзэр – ди псэщ», — жаIэ адыгэхэм. Тхыбзэри аращ. Лъэпкъым и анэдэлъхубзэр дамыгъэ хэхахэмкIэ къэгъэлъэгъуауэ, ар къыдекIуэкIыу, зиужьу, къыщIэхъуэ щIэблэм Iурылъу къэтэджыныр - ар уасэ зимыIэ фIыгъуэшхуэщ. Адрей тхыбзэхэм еплъытмэ, адыгэ тхыбзэм къикIуа гъуэгуанэр кIыхькъым, арщхьэкIэ абы зыкIи игъэлъахъшэркъым абы и лъапIагъыр, игъэмащIэркъым и IэфIагъыр. Ди лъэпкъым бгъэдэлъ зыужьыныгъэм, щIэныгъэм, гъэсэныгъэм, щэнхабзэм я лъапсэщ ди анэдэлъхубзэр. Аращ усакIуэ гъуэзэджэ КIыщокъуэ Алим адыгэбзэр дэтхэнэ ди цIыхуми и гъуэгу къежьапIэу, ди лъэпкъыр зыIэт, адрейхэм езыгъэлъагъу, езыгъэцIыху дамэу, адыгэр дызэрыгушхуэ, дызэрыпагэ, ди напщIэм телъ лъапIэныгъэу къыщIилъытар.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, илъэси 160-м щIигъуащ адыгэхэм тхыбзэ диIэу къызэралъытэрэ. Абы и щIэдзапIэу ялъытэ адыгэ еджагъэшхуэ Бырсей Умар «Адыгэ псалъалъэ» тхылъыр къыщыдигъэкIа зэманыр: 1853 гъэм и гъатхэпэм и 14-р. Ар и тегъэщIапIэу, адыгэу дунейм тетым ди лъэпкъ зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэм – Дунейпсо Адыгэ Хасэм – илъэс 13 и пэкIэ, 2003 гъэм, унафэ щхьэхуэ къищтащ гъатхэпэм и 14-р илъэс къэс Адыгэ тхыбзэм и махуэу гъэлъэпIэным ехьэлIауэ. Ди бзэм хуэфэщэн пщIэрэ гулъытэрэ игъуэтын папщIэ, апхуэдэ лъэпкъпсо унафэм, шэч хэмылъу, мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Сыт хуэдэ зэмани ди лъэпкъым и цIыху пэрытхэр, хэкупсэ нэсхэр иропIейтей адыгэбзэм зиужьыным, зиузэщIыным и Iуэхум. Пасэ зэманым абы елэжьащ лъэпкъ узэщIакIуэхэу Хъан-Джэрий СулътIан, Нэгумэ Шорэ, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, Тамбий Пагуэ сымэ. Абыхэм кърахьэжьа Iуэхум пищэу, адыгэбзэм и тхыбзэр зэфIэгъэувэным и гуащIэ хилъхьащ лъэпкъ еджагъэшхуэ Бырсей Умар. Абы и лэжьыгъэм пащащ абы и ужь ита ди лъэпкъ щIэныгъэлIхэм, къэхутакIуэхэм. 1917 гъэм Урысейм щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм и ужькIэ адыгэбзэм и алфавитыр урыс хьэрфхэм хуагъэкIуауэ щытащ. ИлъэситIщы нэхъ дэмыкIыу бзэм и макъхэр къэгъэлъэгъуэныр хьэрып хьэрфылъэм хуагъэкIуэжащ. АбыкIэ еджапIэхэм щрагъэджащ илъэс зыбжанэкIэ.

1923 гъэм и пэщIэдзэм Псыхуабэ щрагъэкIуэкIащ адыгэбзэм зегъэужьыным хуэунэтIа зэIущIэ ин. Абы унафэ къыщащтащ адыгэбзэ алфавитыр дяпэкIэ латин графикэм тегъэувэн хуейуэ. А лэжьыгъэм яужь ихьауэ щытащ адыгэ щIэныгъэлI, еджагъэшхуэ, хэкупсэ нэс Хъуран Батий. Абы и алфавитым цIыхубэр щыгъэгъуэзэн мурадыр яIэу адыгэ щIэныгъэлIхэу Елбэрд Хьэсэнрэ Къэшэж ТIалибрэ 1923 гъэм къыдагъэкIауэ щытащ «Адыгэбзэм и азбукэ» тхылъыр. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым, алыфбеищIэм хэплъэжа нэужь, абы хэлъ някъусаныгъэхэр игъэзэкIуэжщ, зыхущыщIэхэр хилъхьэжри, Хъураным 1924 гъэм «Букварь» къыдигъэкIауэ щытащ.

*(КIэухыр е 2-нэ напэм итщ).*

> Бзэр – лъэпкъым и псэщ. Гупсысэм, акъылым, зэхэщIыкIым псэ зыIут и Iэпкълъэпкъщ.
>
> ТОЛСТОЙ А. Н.

# КIэрыху-бжьэрыхум храгъэубыдэ

КъЧР

**ЕгъэджакIуэхэр здагъэхьэзыр егъэджэныгъэ IуэхущIапIэ лъэрыхьщ Черкесск къалэм дэт, Совет Союзым и ЛIыхъужь Хьэбэч Умар и цIэр зезыхьэ педагогическэ колледжыр.**

**Мыбдеж илъэс 37-рэ хъуауэ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэр я IэщIагъэм хуегъэхьэзыр КъЧР-м цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, лъэпкъыбзэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа, ноби а Iуэху мытыншым псэемыблэжу телажьэ, «Орден Дружбы народов» нагъыщэ лъапIэр зезыхьэ Ажий (ДжэдыгущIэ) Сарэ Мыхьэмэт и пхъум.**

— **Япэрей ди упщIэр хуэгъэзащ мы егъэджэныгъэ IуэхущIапIэм деж адыгэбзэр, адыгэ литературэр, абыхэм яхьэлIа методикэхэр джыным, абыхэм хухах сыхьэт бжыгъэм.**

— ФГОС-р (Федеральнэ къэрал егъэджэныгъэ стандарт) къызэрежьэрэ адыгэбзэр зэредгъэджыр илъэситIщ. Япэ курсым яджыр «общеобразовательнэ» жыхуэтIэ Iыхьэращ. Абы къикIыр, е 10-11-нэ класс программэр ядгъэджу арщ. ЕтIуанэ курсым и етIуанэ илъэс някъуэм адыгэбзэмрэ ар зэрырагъэдж методикэмрэ дджын щIыдодзэ. Ещанэ курсым и япэ илъэс някъуэм абы пыдощэжри, итIанэ сабий литературэр къыхохьэ. Ари зы илъэс някъуэкIэ идогъэдж. АбыкIэ зэфIокI егъэджэныгъэ Iуэхур. Практикэр ещанэ курсым и етIуанэ илъэс някъуэм щIыдодзэ. ЕплIанэ курсым и япэ илъэс някъуэм кърихубыдэу къызэрапщытэ дерсхэр студентхэм ят. ЕплIанэ курсыр къыщаухым деж къэрал экзамен къаIыдохыж. Аращ бзэр зэрадж зэманыр.



Сыхьэт бжыгъэкIэ къапщтэмэ, е 10-11-нэ классхэр зэраджым – бзэмкIи литературэмкIи - сыхьэт 78-рэ тохуэ. Адыгэбзэмрэ ар зэрырагъэдж методикэмрэ — ФГОС-мкIэ техуэр сыхьэт 76-рэщ, сабий литературэм сыхьэт 32-рэ хухах. ИпэкIэ зэредгъэджэу щыта сыхьэт бжыгъэм еплъытмэ, хуэдищкIэ нэхъ мащIэ хъуащ. СыхьэтиплI диIэу щытащ. Псалъэм папщIэ, япэ курсым щыщIэдзауэ илъэсиплIкIэ, студентым колледжыр къиухыху, грамматикэр едгъэджыну лъэкIыныгъэ диIащ. Литературэр илъэситIкIэ, методикэр илъэсищкIэ дджыт, етIуанэ курсым фокIадэм (сентябрым) щIэддзэти, къаухыхукIэ, еплIанэ курсым и кIэм нэс, методикэр ядгъэджт.

— **Зы зэманкIэ узэIэбэкIыжмэ, хуабжьу фи студент бжыгъэм хэщIат. Нобэ абы и Iуэхур сытым тет?**

— Пэжщ, илъэс зытIущкIэ узэIэбэкIыжмэ, студентхэр хуабжьу мащIэ дыдэ хъуат. Ауэ нэгъабэ лъандэрэ абыхэм я бжыгъэм фIыуэ къыхэхъуэжащ, иджы курс къэс нэрыбгэ 12-14 гупым щIэсщ.

— **ЕгъэджакIуэ хъуну зызыгъэхьэзырхэм лъэпкъыбзэр зэрагъэшэрыуэм, зэраIурылъым, ябгъэдэлъ щIэныгъэм сыт хужыпIэн?**

— Япэрауэ, бзэр нэхъыфIу зыIурылъыр, абыкIэ щIэныгъэфI зыбгъэдэлъу къытхуэкIуэр Хьэгъундыкъуей къуажэм къикI еджакIуэхэращ. Пэжыр жысIэнщи, сыт щыгъуэ зэмани зэрыщытар аращ. Хуабжьу фIыуэ мы къуажэм деж бзэр щрагъэдж.

АдреймкIэ, къыхэзгъэщыну сыхуейщ Жьакуэ къуажэри. Иужьрей илъэс зытIум Зеикъуэ къуажэм фIыуэ зыкъиIэтыжащ. Куэш-Хьэблэ, Ботэщей къуажэхэми къабгъэдэкI еджакIуэхэр пылъхьэншэщ.

Iуэхур здэнэхъ хьэлъэр Адыгэ-Хьэблэ районращ. Дерсыр иухыу уэзджынэр къеуа нэужь, зэуэ урысыбзэ защI а районымкIэ къикIахэм. ИпэкIэ апхуэдэу щытакъым. Зы зэманкIэ узэIэбэкIыжмэ, а районым деж фIыуэ щызэтрагъэпсыхьауэ щытащ адыгэбзэр щIэблэм зэрыбгъэдалъхьэ Iэмалхэр, егъэджэныгъэ Iуэхур. Ауэ иджы аргуэру яIэпыхужауэ къысщохъу.

*(КIэухыр е 3-нэ напэм итщ).*

# Лъэпсэпкъ пытэу лъэкIуатэ

АР

Адыгэ тхыгъэ литературэр зыщыIэр илъэс 80-м къехъугъ. Лъэпкъым ижэрыIо жэбзэ чанрэ игубзыгъагъэрэ зэфэдэкIэ зыгощыгъэ фольклорыр ыкIи урыс классическэ литературэр ары ащ егъэжьапIэ фэхъугъэхэр, илъэпсэпкъ пытэхэр.

Адыгэ литературэр зыпIокIэ, пстэуми апэу нэм къыкIэуцохэрэр тхэкIо нахьыжъхэу ублапIэм щытыгъэхэу, апэрэ лъагъор ащкIэ хэзыщыгъэхэр арых — КIэрэщэ Тембот, Хьаткъо Ахьмэд, Цэй Ибрахьим. Ахэм къагоуцуагъэх усакIоу я 30-рэ илъэсхэм ЯхъулIэ Сэфэр, Пщыгъуэжъ ДышъэкI, Пэрэныкъо Мурат, ХьэдэгъэлIэ Аскэр. Лъэпкъ усакIоу Теуцожь Цыгъо итворчествэ чIыпIэ хэхыгъэ ин литературэм щыриI. КъыIозэ, атхыжьыгъэ произведениехэу «Мафэкъо Урысбый», «Пщы-оркъ-зау», «Родинэр», ахэм анэмыкIхэри лъэпкъ литературэмкIэ осэшхо зиIэх.

Лъэпкъ литературэм зиушхоу, итематикэ, ижанрэхэм ахахъощтыгъ, иIэпэIэсэныгъэ къэнафэщтыгъ. Ау Хэгъэгу зэошхом зэкIэ тихэгъэгу имамыр щыIакIэ зэпыригъэзагъ, адыгэ литературэми ащ утын инхэр къарихыгъэх. Творческэ гугъэпIэ инхэр къэзытыщтыгъэ ныбжьыкIэхэу Андырхъое Хъусен, Уджыхъу Адылджэрый, Уджыхъу Хъалид, Тыгъужъ ДышъэкI, Къадэ Хьис, Гуащэкъо Сэфэрбый, Цухъо Асфар заом кIуагъэх ыкIи хэкIодагъэх. Адыгэ тхакIохэу Меркицкэ Рэщыдэрэ КIэрэщэ Темботрэ япсауныгъэ ыпкъ къикIыкIэ къэнэгъагъэх. Зэрэсэкъатым пае ичылэ къыдэнэгъэгъэ Меркицкэ Рэщыдэ фашистхэм аIорэр зэримышIагъэм пае, исымэджэныгъи емыплъыхэу, янэ ыпашъхьэ пчъэIушъхьэм тыраукIыхьагъ пыижъ нэпэнчъэхэм.

Адыгэ хэкум фашистхэр мэзихым щыхъушIагъэх. Хэкур шъхьафит зашIыжьым эвакуацием КIэрэщэ Тембот къикIыжьыгъ, тхэкIо ныбжьыкIэхэм ащыщэу Жэнэ Къырымызэ уIэгъэ хьылъэхэр телъэу тигъэгъэзэ мазэм, 1944-рэ илъэсым дзэм къыхэкIыжьи, Мыекъуапэ къэкIожьыгъагъ. Заор заухым, Лъэустэн Юсыф, Еутых Аскэр, Кэстэнэ Дмитрий, Пэрэныкъо Мурат хэкум къагъэзэжьыгъ ыкIи ятхэн Iоф фежьэжьыгъэх, тхакIохэм я Союзи иIофшIэн пидзэжьыгъагъ.

Литературэр — щыIэныгъэм игъундж, ащ хэхъухьэрэ-хэшIывхьэрэ пстэур зэкIэ къизыIотыкIэу, цIыфым - положительнэ ыкIи отрицательнэ героим ялъэкIамал лъэныкъуабэкIэ къизгъэлъэгъукIырэ художественнэ псалъ.

Хэгъэгу зэошхор советскэ цIыфхэм ТекIоныгъэшхор яеу аухыгъ. Ау ар гуимыкIыжь тхьамыкIагхоу титарихъ къыхэнагъ. Родинэм пае нэбгырэ миллион 27-м апсэ атыгъ. Лъыпсыр, псым фэдэу щычъагъ чIыгум, хьадэгъур унагъо пэпчъ иунэ ихьагъ, тыркхо мыкIыжьэу зэошхор гухэм къарынагъ.

*(КIэухыр е 2-нэ напэм итщ).*

ГЪУКIЭКЪУЛ Даут

## Анэбзэ

*Анэбзэ IэфIыщэу дахащэ,*
*Тхьэ лъэщ сызигъэрэу си тет.*
*ПсэгъафIэ губзыгъэу лъэпкъ гуащэ,*
*СыпщIащ уэ гъуэгумахуэ сытет.*

*Уэращ си акъылым, си гуащIэм*
*Дыгъэпс къыхуэхъуфыр и шхэпс.*
*Жэп щхъуэпс къыкIэрыпщIэр си пащIэм,*
*ЗыхуэщIыр гъатхэкIэ уэсэпс.*

*Сэ сощIэ, си яужькIи къэхъунущ*
*Нарт щылъху къомыпцIыжу псэун.*
*Анэбзэр дунейм щызуунущ,*
*ХужаIэу: «А бзэр хьэт щIэинщ»!*

*Уэгу къабзэм уэрэд щагъэлъатэу,*
*Итынущ и макъ си хэгъуэгу,*
*Ди щIэблэм блэкIар къахуиIуатэу*
*Дэсынущ адыгэм и жьэгу.*

> Лъэпкъым и акъылыр, кIуэцIылъ гуащIэр, зищIысыр – псори хыболъагъуэ и псалъэжьхэм.
>
> БЭКОН Ф.



# Лъэпкъыбзэр – сымаджэ хьэлъэмэ...

КъЧР

**«Чэнджащэ – щыуэкъым» — жиIащ пасэрейм. Лъэпкъыр пхъэIэбжьанэм фIэувэ зэпыту дыпсэуныр зэгупсысыпхъэ Iуэхуу къэтлъытэкъым. Адыгэр дунейм щызэрипхъыхьам, зэрызэщIэкъуэжыпхъэм и гукъеуэм дыкъыхэкIмэ, дызыгъэуIэбжьыр лъэпкъыбзэм и гукъеуэращ. Адыгэу дунейм тетыр хэкужьым дяпэкIэ щызэхуэсыжми, зэрызэпсэлъэну, зэрызэгурыIуэну анэдэлъхубзэр яIэжыну?! Мы упщIэ хьэлъэм къигъэуш гупсысэхэмкIэ къыддэгуэшащ нэхъыжьыфI, КъЧР-м и телевиденэм и адыгэ къудамэм и унафэщI ЩакIуэ Мусэлы.**

— **Мусэлы, а бзэм ехьэлIауэ ди лъэпкъыр зытет къуаншэбыншэм, кумблъэмбым дыздишэр дэнэ?**

— Лъэпкъыбзэм нобэ и щытыкIэмрэ дызыхуэкIуэмрэ елъытауэ, къэгъазэ имыIэнумэ, дыхэкIуэдэжауэ арщ. Адыгэу зызылъытэж дэтхэнэри лъэпкъыбзэм и IуэхукIэ зы гупсысэ гуэрым хуэкIуэхэнумэ, нобэ игъуэу къызолъытэ. Сабийм Iурылъыпхъэ бзэр Iурымылъу и унэм къыщIэбэкъукIмэ, лъэпкъыбзэр а бжэщхьэIу дыдэм деж шхужьыгуэ мэхъури, адэкIэ зыми имыщIысу, бзэми щымыщу, адрей лъэпкъхэми яхэмыхьэфыну мэхъу. Муртату ди лъэпкъым дыкъыхуэнэж зэрымыхъунур хьэкъщ.

Пэжщ, мы Iуэхум нэгъуэщI лъэныкъуи иIэщ. ЗэманыфIкIэ узэIэбэкIыжмэ, 1950-1960 гъэхэм яукъуэдиипауэ, адыгэбзэм зыкIи зэрыхуэмыныкъуэр ягъэбелджылыурэ дыкъэтэджащ. Абы еплъытмэ, нобэ зэманым и гъусэу бзэми къигъэзауэ, тIурылъыну, дрипсэлъэну дыхуит хуэдэщ. Ауэ абыи и Iуэхур къызэрытщыхъункIэ хъуным хуэдэу къызэрыкIуэкъым.

— **Зэманым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм къагъэзэнкIи мэхъу, ауэ бзэ тIэщIэкIар къытхуегъэзэжыну?**

— Сэ къызэрыслъытэмкIэ, къэрал бгъэдыхьэкIэми зихъуэжын хуейщ.

*(КIэухыр е 5-нэ напэм итщ).*

## ЦIыху цIэрыIуэхэм бзэм хужаIар

Гупсысэм и къулеягъращ бзэми и къулеягъыр.

**КАРАМЗИН Н.**

* * *

ПсалъэщIэхэмкIэ бзэхэм зызэраужьар, гупсысэкIэщIэкIэ зызэраужьам хуэдизкIэщ.

**БЕРНАРДЕН Ж.**

* * *

Лъэпкъым и бзэр сыт щыгъуи быдэу епхащ лъэпкъым и зэхэтыкIэм, кIуэцIылъ гуащIэм.

**ГУМБОЛЬДТ В.**

* * *

Бзэр – лъэпкъым и тхыдэщ.
Бзэр – щэнхабзэмрэ цивилизацэмрэ я гъуэгуанэращ...

**КУПРИН А.**

* * *

Лъэпкъым и бзэм утеуэри, абы и гум утеуэри – тIури зыщ.

**ЛАУБЕ Г.**

Уэзкъуэтмэ — улъэщщ!

# Черкес жэщу

Черкесия

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ
Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики

№№17-18 (13069-13070) 2016 гъэ, гъатхэпэм (мартым) и 5, щэбэт

Распространяется по подписке

И уасэр соми 3-щ.

## Бзылъхугъэхэм я Дунейпсо Махуэм

***ЩIыхь зыхуэфащэ, пщIэ зыхуэтщI бзылъхугъэхэ!***

*Ди гум къыбгъэдэкIыу дивохъуэхъу гъатхэм и махуэщI нэхъ дахэмкIэ — бзылъхугъэхэм я Дунейпсо МахуэмкIэ!*

*Гъатхэпэм (мартым) и 8-м иджыри зэ лъэкIыныгъэ догъуэт фи фIылъагъуныгъэм, акъылыфIагъым, шыIэныгъэм, гуапагъэм фIыщIэ хуэтщIыну.*

*Мы зэманым фэ фефIакIуэу IэнатIэ куэдым фыпэрытщ, хэлъхьэныгъэшхуэ хувощI ди къэралышхуэм, фи псэм хуэфхь Къэрэшей-Черкесым я зыужьыныгъэм. Анэ гумахэу, сабийхэм фахуэсакъыу, унагъуэ жьэгур зыхъумэу, Iыхьлыхэмрэ къывдалъхуахэмрэ фазэрыкъуэтыр явгъэцIыхуу, абыхэм фаридэIэпыкъуэгъуу дунейм фытригъэт!*

*ГуащIэдэкIым фыпыщIауэ, унагъуэм илъ хабзэфIхэр фхъумэу — мы хьэлхэр Къэрэшей-Черкесым щыпсэу дэтхэнэ бзылъхугъэми къывобэкI, къыфщIэхъуа щIэблэм яхувохъумэ, яIэрыволъхьэ.*

*Дэтхэнэми гъатхэм хувиIэ гуращэр нэрылъагъу фхуищI, фи унагъуэхэм лъагъуныгъэр, зэIузэпэщыныгъэр, зэпIэзэрытыныгъэр щIимыхкIэ, узыншагъэ быдэ, насып дэтхэнэми къывит!*



**ТЕМРЕЗОВ Рэшид,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и**
**Iэтащхьэ къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ.**

**ИВАНОВ Александр,**
**КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ.**



*Темрезов Рэшид зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм, республикэм и Правительствэм хэтхэм. Къинэмыщ Iауэ, зэIущIэм хэлэжьыхьащ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр, федеральнэ инспектор Дральщиков Игорь сымэ.*

гъэкIыж унафэщI къэскIэ езым къегъэбыдылIа къулыкъу къалэнхэр зэримыгъэзэщIам къыхэкIыу жэуаплыгъэ зэрихьынур.

Илъэс къакIуэ щыIэнущ

ЗэIущIэм къикIыу

# Iуэхугъуэ куэд къызэщIаубыдащ

Хэгъуэгу унафэщIым зэIущIэм хэтхэр щигъэгъуэзащ КъЧР-м и Iэтащхьэу трагъэхьэнур щагъэнэIуэну хэхыныгъэр къэсыхункIэ Темрезов Рэшид пIалъэкIэ а къалэнхэр зэригъэзэщIэнум теухуа Унафэм мы гъэм мазаем (февралым) и 27-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Iэпэ зэрыщIидзам. Хэхыныгъэр щекIуэкIынур мы гъэм фокIадэм (сентябрым) и 18-рщ. Республикэм и Конституцэм ипкъ иткIэрэ, КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) хэтхэр хэплъэнущ УФ-м и Президентым зи цIэ ириIуэну кандидатхэм.

КъинэмыщIауэ, Темрезов Рэшид зэрыжиIащи, КъЧР-м и Конституцэм и 69-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэрэ, УнафэкIэ щIэгъэбыдауэ, КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм щылажьэ, унафэщI IэнатIэ зыIыгъ, къэрал къулыкъу зыщIэхэмрэ Къэрэшей-Черкесым и къэрал властым и зыгъэзащIэ органхэм щылажьэхэмрэ пщэрылъ хуащI Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэр хахыхункIэ я къалэнхэр адэкIи ягъэзэщIэну.

УнафэщIхэми, властым и къудамэхэм хэтхэми республикэм и Iэтащхьэм унафэ яхуищIащ я лэжьыгъэм щIамычэу адэкIи ирагъэфIакIуэу лэжьэну.

— Хэхыныгъэхэм дызэрыхуэкIуэну пIалъэр къэслъытэкъым переходнэу. Абы къыхэкIыу федеральнэ къулыкъухэм ядэлажьэкIэрэ зыгъэзащIэ власть органхэми, щIыпIэ самоуправленэхэми я лэжьэкIэм кIэрамыгъэхуу, нэхъри ирагъэхъун хуейщ. Абы гулъытэ хэха хуэфщIыну фыкъыхузоджэ икIи фигу къызоУФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэм я хэхыныгъэ. Абы хуэкIуэу, ди пщэ илъщ цIыхухэм зыхуейр хахынымкIэ яIэ хуитыныгъэхэр къахузэдгъэпэщыну, республикэм жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытыныгъэр щытхъумэну, адэкIи республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр къызэдгъэпэщыну,—къыхигъэщащ пIалъэкIэ республикэм и Iэтащхьэм и къалэныр зыгъэзащIэм.

КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм, Правительствэм хэтхэм адэкIэ захуигъазэкIэрэ, Темрезов Рэшид яхуигъэнэIуащ хэгъуэгум и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэунэтIауэ власть къулыкъухэм зэфIахыпхъэ къалэн пажэхэр.

**(КIэухыр е 2-нэ напэм итщ).**



Зэдэлэжьэныгъэ

# Промышленностым зыкъегъэIэтын

Къэрэшей-Черкес Республикэмрэ промышленностым и зыужьыныгъэмкIэ Фондымрэ иджыблагъэ Москва деж зэдащIа зэгурыIуэныгъэм Iэпэ щIадзащ Темрезов Рэшидрэ Фондым и унафэщI Комиссаров Алексейрэ. Лэжьыгъэм хэтащ КъЧР-м промышленностымрэ энергетикэмрэкIэ и министр Аргун Мурат.

— ЗэгурыIуэныгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ ди республикэмкIэ, сыту жыпIэмэ Фондым дыдэлэжьэным лъэкIыныгъэ къыдитынущ республикэм и промышленнэ компанэхэр дгъэлэжьэнымкIэ, производствэщIэхэр къызэIутхынымкIэ, хамэ къэрал продукцэр дыдейхэмкIэ зэтхъуэкIынымкIэ.

КъЧР-м и промышленностым хуэлэжьэну проектхэм хэлъхьэныгъэ къыхуащIынущ. Къапщтэмэ, инвестиционнэ проектхэр пхырыдгъэкIыным къыдэкIуэнущ экономикэ зэпIэзэрытыныгъэр зэтетIыгъэныр,— жиIащ Темрезов Рэшид.

КъЧР-м промышленностымрэ энергетикэмрэкIэ и Министерствэм игъэхьэзыращ проектитIым ятеухуа лъэIу тхылъхэр. Проектхэр теухуащ промышленность псынщIэм — «Квест А», «Селена» компанэхэм. Проектхэр пхырыкIмэ, компанэхэм илъэси 7 пIалъэкIэ кърatынущ дэIэпыкъуныгъэ щIыхуэ икIи ухуэныгъэщIэхэр ирагъэжьэнущ.

2016 гъэм республикэм и промышленностым и зыужьыныгъэм хуэгъэщIауэ лъэIу тхылъи 4 ягъэхьэзырынущ.

Фондымрэ КъЧР-мрэ зэдащIа зэгурыIуэныгъэм и фIыгъэкIэ республикэм и промышленнэ предприятэхэм дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтынущ, зауэжьынущ технологиещIэхэм, республикэм и экономикэм. КъинэмыщIауэ, зэгурыIуэныгъэм и унэтIыныгъэщ промышленностым епхауэ зи хыхьэхэкI Iуэхухэр езыгъэкIуэкIхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъунри.

КъЧР-м къыбгъэдэкIыу, зэрыжаIащи, зэдэлэжьэныгъэм хуэгъэщIа щытыкIэхэр къызэрагъэпэщыну хьэзырщ. ЗэгурыIуэныгъэм ипкъ иту зэхашэнущ лэжьакIуэ гупхэр (рабочие группы). Абыхэм хэтынущ организацэ зэхуэмыдэхэм къабгъэдэкIа лIыкIуэхэр. Псоми я къарур хуаунэтIынущ хэгъуэгум и промышленностым зыкъегъэIэтыным, зегъэужьыным.

Москва къалэ

# ЕхъулIэныгъэхэр

***Ерыскъы сату утыкум нэIэ тегъэтыным, зэхъуэкIыныгъэхэм игъуэу пэджэжыным теухуауэ иджыблагъэ Москва Правительствэ комиссым щригъэкIуэкIа зэIущIэм хэлэжьыхьащ Темрезов Рэшид, Урысейм и Правительствэм хэтхэр, хэгъуэгухэм я Iэтащхьэхэр.***

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ УФ-м мэкъуэш хъызмэтымкIэ и министр Ткачев Александр.

Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Темрезов Рэшид къытепсэлъыхьащ республикэм деж ерыскъы сату утыкум и щытыкIэм, хамэ къэрал ерыскъыхэкI, хьэпшыпхэр хэгъуэгум къыщыщIагъэкIахэмкIэ зэхъуэкIыныр мэкъумэш хъызмэтым и лэжьыгъэм къызэрыщагъэсэбэпым.

Темрезов Рэшид къызэрыхигъэщащи, ерыскъы бэзэрыр къапщтэмэ, сату увыпIэхэм я процент 70-р ялъос щIыпIэм къыщыщIагъэкIамкIэ сату зыщIэхэм. И нэхъыбапIэм, фIагъ лъагэ зимыIэ, хамэкъэрал продукцэм нэхърэ дыдейр къыхах зэрыхъуам, щытыкIэр иригъэфIэкIуащ.

Республикэм и мэкъумэш хъызмэтым и зыужьыныгъэр епхащ инвестицэ проектхэр ехъулIэныгъэкIэ зэрыпхырагъэкIым, абыхэм къадэкIуэу щIыпIэм къыщалэжьым гъуэгу зэригъуэтым. Мы гъэр къызэрихьэрэ мэкъумэш проектитIым къэрал дэIэпыкъуныгъэ ирагъэгъуэтынымкIэ унафэ къахьащ. Зы проектыр теухуащ псынщIэу зызыужь жыг хадэхэр гектар 260-м щыгъэкIыным. А проектым и зы Iыхьэщ пхъэщхьэмыщхьэ тонн мини 10 зыщIэхуэну хъумапIэ ухуэныр. ЕтIуанэ проектыр инвесторхэм ящтагъэхэщ. Ар теухуащ жылапхъэфIхэр къыщагъэщIыну логистическэ купсэ ухуэным. Абы техуэнущ сом мелуан 600, зы илъэсым жылапхъэ тонн мини 10 къитынущ.

КъинэмыщIауэ, пхырагъэкI лыпхъэ, гъэшыпхъэ Iэщхъуныгъэм, тхьэкIумэкIыхь, джэдкъаз, бдзэжьейхъуныгъэхэм теухуа проектхэр.

Урысей Федерацэм и хэгъуэгухэм еплIанэ увыпIэр Къэрэшей-Черкесым илъэс кIуам иубыдащ гуэдзхэкIыу, гуэдзхэкI-джэшхэкIыу къилэжьамкIэ. Апхуэдэ мэкъумэш къэкIыгъэу 2015 гъэм республикэм и гъавэгъэкIхэм ику иту зы гектарым центнер 43,9-рэ кърахащ.

Къэрэшей-Черкесым и мэкъумэш хъызмэтым зеужь. 2014 гъэм елъытауэ, 2015-м процентi 5-кIэ хэхъуащ мэкъумэш ерыскъыхэкIыу къалэжьам. Къащта лъагапIэхэм къехын я мурадкъым мы гъэми республикэм и мэкъумэшыщIэхэр. Абы и щыхьэту 2016 гъэм и щIышылэ (январь) мазэм мэкъумэш продукцэу къалэжьар процент 11-кIэ нэхъыбэщ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу.**

**Мы махуэхэм Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ Министерствэм и коллегие.**

# Егъэджэныгъэм теухуауэ

Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) щIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, спортымкIэ, щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ, туризмэмкIэ и комитетым и тхьэмадэ Быж Исмел, къалэхэм, муниципальнэ къэхъугъэхэм егъэджэныгъэмкIэ и управленэхэм, къудамэхэм я унафэщIхэр, абыхэм я нэIэм щIэт IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэм деж КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и Министерствэмрэ Ищхъэрэ-Кавказ къэрал гуманитар – технологическэ академиемрэ сабий акъылыфIэ-зэчиифIэхэр здыщрагъэджэну еджапIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ зэрызэдэлэжьэнымкIэ зэгурыIуэныгъэ зэдащIащ.

КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и министр Кравченко Иннэ зэрыжиIамкIэ, зэгурыIуэныгъэр сэбэп хуэхъунущ хэгъуэгум щыIэ сабий акъылыфIэ-зэчиифIэхэр къыхэгъэщыным, абыхэм дэIэпыкъуныгъэ ягъэгъуэтынымрэ зайгъэужьынымрэ, зауэжьынымкIэ щытыкIэфIхэр къахузэгъэпэщыным, я щIэныгъэмрэ IэщIагъэмрэ здынэсыр республикэм и къэухьым деж щагъэлъэгъуэным.

— Сабий зэчиифIэхэм зайгъэужьыныр къэрал унафэщIхэм гулъытэ ин зыхуащIу, мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм ящыщу щытын хуейщ. Псалъэм папщIэ, къызэгъэпэщыпхъэщ икIи гъэзэщIэн хуейщ «Урысейм и сабийхэр» федеральнэ программэмрэ абы и къуэдзэ «Сабий зэчиифIэхэр» программэмрэ, — жиIащ министрым.

Коллегием деж къыщаIэта упщIэхэм ящыщщ: Урысей олимпиадэм и хэгъуэгупсо Iыхьэр республикэм деж зэрыщекIуэкIам и къэпщытэжыныгъэр; сабий ибэхэмрэ анэ-адэм я нэIэ щIэмыту къэна ныбжьыщIэхэмрэ здыщаIыгъ къэрал республикэ сабий Унэм илъэс блэкIам и лэжьыгъэр къызэрызэригъэпэщар; РИПКРО-м илъэс блэкIам игуэщIар къэпщытэжыныр.

КъабгъэдэкIа жэрдэмхэр къыхалъытэкIэрэ, КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и Министерствэм и коллегием унафэм и проектыр наIуэ къащIащ.



**АБИДОКЪУЭ Люсанэ.**

# Хабзэм ипкъ иту

2012 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 31-м нэгъунэ къэхъуа сабийхэм (е япIыну къащтахэм) иратын щIадзащ республикэ анэ гъэтIылъыгъэр (материнский капитал). Апхуэдэр зыхуагъэфэщэну сабийхэм я бжыгъэр 334-рэ мэхъу. Дэтхэнэми лъысынущ сом мини 105,5-рэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид (иджыпсту а къалэныр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм) и къыхэлъхьэныгъэкIэ, къащтащ зи №81-РЗ Хабзэр. Хабзэр мэлажьэ республикэ бюджетым къыхэкI ахъшэмкIэ. Абы ипкъ иткIэрэ, 2012 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м нэгъунэ сабий еплIанэу е абы кIэлъыкIуэу къэхъуам, (е япIыну къащтам) зэ тыгъуэ ахъшэу иратынущ сом мини 100 зырыз. Ар илъэс къэскIэ индексацэ ящIыж икIи нобэкIэ нэсащ сом мини 105,5-м.

2016 гъэм мы хабзэр лэжьэным республикэ бюджетым къыхухагъэкIынущ сом мин 35294,3-рэ.

**Ди корр.**

# ДэIэпыкъуныгъэ

УФ-м и Правительствэм и зэIущIэм къриубыдэу, УФ-м и МЧС-м и унафэщI Пучков Владимир сэтей къищIащ «2015 гъэм Къэрэшей-Черкес Республикэм щхьэщыкIа уэшхышхуэмрэ уэмрэ зэтракъутар гъэзэкIуэжынымкIэ УФ-м и Правительствэм и резерв фондым къыхэкIыу, КъЧР-м и Правительствэм бюджет ассигнованэ хухэгъэкIын» зи фIэщыгъэцIэ проектыр.

Проектым къриубыдэу, къутэныгъэ-зэгъэзэкIуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр социальнэ купсищым – еджапIитIымрэ зы сабий IыгъыпIэмрэ щрагъэкIуэкIыным хухагъэкIын я мурадщ ахъшэу сом 11485800-рэ.

Дигу къэдгъэкIыжынщи, 2015 гъэм и накъыгъэ (май) мазэм и 30-м Адыгэ-Хьэблэ, Нэгъуей районхэм уэлбанэшхуэ щхьэщыкIащ. Абы и зэранкIэ, цIыхухэм я хэщIапIэ 900-м щIигъум псыдзэ щIэуащ, гъуэгухэм, социальнэ, экономикэ, мэкъумэш купсэхэми и зэран екIащ. Темрезов Рэшид и унафэкIэ, КъЧР-м и и къарукIэ зэхэкъутэныгъэхэр икIэщIыпIэкIэ ящIыжын щIадзауэ щытащ. Псыдзэр зыщIэуа хэщIапIэхэр зейхэм компенсацэ щхьэхуи хухахащ.

Пучков Владимир зэригъэнэIуамкIэ, проектым щыгъэбелджыла дэIэпыкъуныгъэр цIыхухэм сэбэп яхуэхъунущ уэлбанэм нықъуэsаныгъэ къыхахар нэгъэсауэ зэтегъэпсыхьэжынымкIэ. УФ-м и Правительствэр проектым хэплъэкIэрэ, социальнэ мыхьэнэуэ иIэр къихылъытэри, арэзы техъуащ.

Къуэш республикэхэм щыхъыбархэр

Адыгэ Республикэ

# Гулъытэм щыщщ

***Зауэ щекIуэкI Сирием къиIэпхъукIыу республикэм къэкIуэжахэм дохутырхэр еплъын хуейщ, уз зэрыцIалэ япкърытмэ къащIэн папщIэ.***

— Абы текIуэдэну ахъшэр узыншагъэр хъумэнымкIэ Министерствэм къиутIыпщыну къалэн зыщещIыж, езыхэм ар зэрахузэфIэмыкIынур, мылъку зэрамыIэр къыдгуроIуэри. Зы цIыхум ехьэлIа медицинэ хуэIухуэщIэм сом мини 3-м нэс хуозэ, – жиIащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Мерэтыкъуэ Рустем.

Мы гъэм и мазитIым республикэм къихьащ цIыху 18. Мы зэманым псори зэхэту Адыгэ Республикэм щыIэщ зауэм пэIэщIэ зызыщIа ди лъэпкъэгъу 860-м нэс.

Абхъаз

# Гъатхэ нэщэнэ

***Республикэм и къэрал таможеннэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Квициние Ушанги зэрыжиIамкIэ, мазаем и кIэм ирихьэлIэу Абхъазым Урысейм кърагъэшащ мимозэ тонни 130-м щIигъу.***

Мы гъэм мимозэр и чэзум къэгъэгъащ. А удз дахэм щыщу тонн мини 3,5-м щIигъу махуэ къэс Урысейм къашэ.

Мимозэр кIарцым ещхьщ, арaщ «акация-серебристая» цIэри щIиIэр. Гъуей теплъэ зиIэ а къэкIыгъэр Азием и ипщэ-къуэкIыпIэм кърашри Абхъазым щыхасауэ щытащ 1860 гъэм.

**Зыгъэхьэзырар**
**АБИДОКЪУЭ Люсанэщ.**

Уэзхъуэтмэ — улъэщщ!

# Черкес хэку

Черкесия

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокІ

Газетыр къыдззыгъэкІыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и Цыхубэ ЗэІущІэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики

№101 (13153) 2016 гъэ, дыгъэгъазэм (декабрым) и 22, махуэку

Распространяется по подписке

И уасэр соми 3-щ.

Москва къалэ

## Зыужьыныгъэм и лъэбакъуэщІэхэр

***Москва къалэм деж Къэрэшей-Черкесым и Іэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ УФ-м Ищхъэрэ Кавказ Іуэхухэмкlэ и министр Кузнецов Леврэ зэІущІащ.***

Ахэр тепсэлъыхьащ «2025 гъэм нэс Ищхъэрэ Кавказ федеральнэ хэгъуэгум и зыужьыныгъэ» къэрал программэр къызэгъэпэщынымкІэ лэжьыгъэ екІуэкІхэм. Темрезов Рэшид къыхигъэщащ къэрал программэм хагъыхьэну Къэрэшей-Черкесым инвестицэ проекти 3 къызэригъэлъэгъуар. Ахэр мэкъумэш хъызмэтымрэ туризмэмрэ ехьэлІащ.

— Абыхэм ди хэгъуэгумкІэ мыхьэнэшхуэ яІэщ, аращ ахэр ипэ щІидгъэщыр, къэрал дэІэпыкъуныгъэ щІахуэфащэр, — жиІащ Темрезовым.

Кузнецов Лев игъэбелджылащ УФ-м Ищхъэрэ Кавказ Іуэхухэмкlэ и Министерствэр ди хэгъуэгум сыт и лъэныкъуэкІи зыкъыщІагъэкъуэну зэрыхьэзырыр.

— Ди зэдэлэжьэныгъэм кърикІуар къэппщытэжмэ, жытІэфынущ республикэми, федеральнэ хэгъуэгу псоми я зыужьыныгъэм ехьэлІауэ УФ-м Ищхъэрэ Кавказ Іуэхухэмкlэ и Министерствэм къыбгъэдэкІыу щІэгъэкъуэныфІ зэрыдиІэр,— щитхащ Къэрэшей-Черкесым и Іэтащхьэм и Instagram официальнэ напэкІуэцІым деж.

## Социальнэ Іуэхум

***УФ-м и Правительствэм и Унэм Урысейпсо семинар-зэІущІэ щекІуэкІащ. Абы хэтащ ди къэралым и хэгъуэгухэм я лІыкІуэхэр. Къэрэшей-Черкесым къыбгъэдэкІыу зэІущІэм хэлэжьыхьащ республикэм и лІыкІуэу Москва къалэм щыІэ Гуэгуэ Мадинэ.***

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ УФ-м и щІыналъэхэм я социальнэ зыужьыныгъэм. КъинэмыщІауэ, къэпсэлъахэр къытеувыІащ егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, нэгъуэщІ лъэныкъуэхэми, мы унэтІыныгъэхэм ехьэлІауэ щыІэ лъэпощхьэпохэр зэфІэхыным кІэ къыхэлъхьэныгъэхэр ящІащ.

Узыншагъэр хъумэным къытепсэлъыхькІэрэ, УФ-м и вице-премьер Голодец Ольгэ жиІащ 2017 гъэм онкосымаджэхэм гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуащІынур.

— Апхуэдэ узыфэхэр зыпкъырытхэм сыт и лъэныкъуэкІи дэІэпыкъуныгъэ ягъэгъуэтын хуейщ, — жиІащ Голодец Ольгэ.

Урысейм и вице-премьерым игъэбелджылащ ди къэралым и Президентым и «накъыгъэ» Унафэхэр гъэзэщІа хъун папщІэ, 2017 гъэм и кІэм нэс бюджет ІуэхущІапІэхэм я лэжьакІуэхэм я улахуэр хэгъэхъуэн зэрыхуейр. Абы зэрыжиІамкІэ, къалэ нэхъ цІыкІухэм, къуажэхэм дэт поликлиникэхэм дохутырхэр зэрызэхуримыкъум къыхэкІыу, абыхэм я улахуэм гулъытэ нэхъ хуащІынущ.

Апхуэдэ къабзэу сабий ІыгъыпІэхэри, еджапІэхэри гулъытэншэ ящІынукъым. Вице-премьерым къыхигъэщащ сабий ІыгъыпІэщІэхэр яухуа нэужь, анэ куэд лэжьапІэ зэрыдэкІыжар.

— Дызыхуэкlуэ илъэсхэми нэхъ цІыкІу дыдэхэр здаІыгъ ІуэхущІапІэхэри (ясли) дыухуэнущ, — жиІащ Голодец Ольгэ.

**КъЧР-м и Іэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

Терроризмэм пэщІэту



## ЕхъулІэныгъэфІхэр къыпокІуэ

***Къэрэшей-Черкес Республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рэшид антитеррор комиссэм и зэІущІэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ Урысейм Лъэпкъ антитеррор комитетым и Аппаратым и лІыкІуэ Чупров Александр.***

Абыхэм 2016 гъэм комиссэм и лэжьыгъэр къапщытэжащ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщІэтынымкІэ Къэрэшей-Черкесым и властым и органхэр Урысейм и Лъэпкъ антитеррор комитетым, хабзэхъумэ къулыкъухэм, динырылажьэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм зэрадэлажьэм ирипсэлъащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэм ехъулІэныгъэфІхэр къызэрыпэкІуар. Апхуэдэу зэрыщытыр и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ Чупров Александр икІи нэхъыщхьэу игъэбелджылащ хэгъуэгум диверсионнэ-террорист актхэр къызэрыщамыгъэхъур.

Темрезов Рэшид жиІащ экстремист унэтІыныгъэм ехьэлІа щІэпхъаджагъэр къэмыгъэхъуным къинэмыщІауэ, щІалэгъуалэр мы Іуэхугъуэ мыхъумыщІэм димыхьэхын папщІэ лэжьыгъэ купщІафІэхэри зэрырагъэкІуэкІыр. Апхуэдэщи, республикэм и Іэтащхьэр къытеувыІащ лъэпощхьэпохэри зэрыщыІэм, ахэр зэгъэзэхуа зэрыхъуным 2017 гъэм зэлэжьыну ягъэнаІуэ Іуэхугъуэхэм зэрыхагъыхьэнум. Абыхэм жаІащ щІыпІэ самоуправленэхэм я къулыкъухэм нэхъри нэхъ кууэ зэрадэлэжьэнур, унэтІыныгъэ зэхуэмыдэхэмкІэ зыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэр къыхалъытэкІэрэ, я лэжьыгъэр зэрагъэбелджылынур.

Республикэм и Іэтащхьэм Урысейм и Лъэпкъ антитеррор комитетым и унафэщІхэм ди хэгъуэгум и антитеррор комиссэм сыт и лъэныкъуэкІи щІэгъэкъуэн къызэрыхуэхъум, хабзэхъумэ къулыкъухэм я унафэщІхэм, къалэхэмрэ районхэмрэ я Іэтащхьэхэм къыхуагъэув къалэнхэр нэгъэсауэ зэрагъэзащІэм папщІэ фІыщІэ яхуищІащ.

**Зыгъэхьэзырар ДЗЭМЫХЬ Маринэщ**

Республикэм щыхъыбархэр

## Бюджетым – гулъытэ

***Къэрэшей-Черкесым и Іэтащхьэ Темрезов Рэшид республикэм и ЦІыхубэ ЗэІущІэм (Парламентым) и спикер Иванов Александррэ Правительствэм и тхьэмадэ Уэз Аслъэнрэ иджыблагъэ яІущІащ. Ахэр тепсэлъыхьащ республикэм и бюджетыр зэрызэхагъэувам, ар къызэращтам.***

Темрезов Рэшид къыхигъэщащ республикэм и Правительствэм, Парламентым и депутатхэмрэ щІыпІэ самоуправленэм и органхэмрэ и гъусэу, лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІар — бюджетым къыхалъытащ социальнэ Іуэхухэмрэ республикэм и къуажэ щхьэхуэхэм щызэфІэхын хуейуэ къэув къалэнхэр гъэзэщІэнымрэ къыхуагъэсэбэпыну ахъшэр. Абы ЦІыхубэ ЗэІущІэм и тхьэмадэмрэ депутатхэмрэ фІыщІэ яхуищІащ Парламентым къыхалъхьа социальнэ Іуэхугъуэхэр арэзыуэ къызэращтам папщІэ.

Темрезов Рэшид республикэм и депутатхэм я дэІэпыкъуныгъэкІэ зэфІэхын хуей лъэпощхьэпохэр игъэбелджылащ. КъинэмыщІауэ, абы премьер-министрымрэ депутатхэмрэ пщэрылъхэр яхуищІащ бюджет ахъшэр къызэрагъэсэбэпыр я нэІэ щІагъэтыну, псом хуэмыдэу социальнэ Іуэхум къыхухагъэкІ мылъкум кІэлъыплъыну.

## Советым и зэІущІэ

КъЧР-м и Правительствэм и Унэм республикэм и Іэтащхьэм деж щыІэ ветеранхэмрэ ныкъуэдыкъуагъ зытелъ цІыхухэмрэ я Советым и къыкІэлъыкІуэ зэІущІэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ Къэрэшей-Черкесым и Іэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ Астэжь Францескэ. Абдеж республикэм и зыгъэзащІэ властым и органхэм я лІыкІуэхэм докладхэр къащІащ. Ахэр теухуауэ щытащ «Реабилитации или абилитации инвалида» программэр зэрагъэзащІэм, ныкъуэдыкъуагъ зытелъ цІыхухэр лэжьапІэкІэ, тІорысэ хъуахэр зыхуэныкъуэ хущхъуэкІэ къызэрызэрагъэпэщым.

ЗэІущІэм и кІэм унафэ къахьащ ныкъуэдыкъуагъ зытелъ цІыхухэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр зыхэт межведомственнэ лэжьакІуэ гуп къызэрагъэпэщыну.

**Ди корр.**

Ухуэныгъэ

## МикрорайоныщІэхэр

Урысейм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хъызмэтымрэкІэ и министр Стасишин Никитэ видеоконференц щІыкІэм тету зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ Къэрэшей-Черкесым ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкІэ и министр Гордиенко Евгений. Псалъэмакъыр теухуауэ щытащ 2016 гъэм псэупІэ яухуахэм.

Къэрэшей-Черкесым иужьрей илъэсхэм псэупІэ яухуэхэр нэхъыбэ хъуащ. Мы гъэм и мазэ 11-м къриубыдэу метр зэбгъузэнатІэ мини 145,5-рэ зыубыд псэупІэ къызэрагъэпэщащ, абы щыщу метр зэбгъузэнатІэ мин 75,5-р эконом-классщ.

«Жилье для российской семьи» программэм ипкъ иту республикэм микрорайоныщІэхэр къызэрагъэпэщынущ. Черкесск, Усть-Жэгуэтэ къалэхэм дащІыхьыну, къат куэду зэтет унэхэм я проектхэр къыхахагъэхщ. Абы папщІэ метр зэбгъузэнатІэ мин 620,5-рэ хъу щІыгу Іыхьищ ягъэбелджылащ. Абы щыщу метр зэбгъузэнатІэ мин 495-р Черкесск къалэм, метр зэбгъузэнатІэ мини 125,5-р Усть-Жэгуэтэ къалэм дащІыхьынум хухахащ. НобэкІэ Черкесск къалэм и ищхъэрэ лъэныкъуэмкІэ ягъэнэІуа щІыпІэхэм къату зэтет унэхэр, социальнэ инфраструктурэхэм я къулыкъущІапІэхэр, «школа плюс детский сад» жыхуиІэм тет еджапІэхэмрэ сабий ІыгъыпІэхэмрэ яухуэ.

**ЕЗАУЭ Маринэ**

## ТхакІуэр ягъэлъэпІащ

**Дыгъэгъазэм (декабрым) и 15-м Черкесск къалэм щагъэлъэпІащ УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м, КъЧР-м, АР-м щІыхь зиІэ я журналист, "Адыгэ псалъэ", «Хасэ», «Черкесское зарубежье» газетхэм я редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд.**




Утыкум щаІэтащ Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъуамрэ абы ехъулІэу къыдэкІа «Мухамед Хафицэ: первооткрыватель черкесского зарубежья. Жизнь и творчество» тхылъымрэ.

ТхакІуэр щагъэлъэпІащ, тхылъым и презентацэри щекІуэкІащ Байрамуковэ Хьэлимэт и цІэр зезыхьэ республикэ къэрал лъэпкъ библиотекэм. Къапщтэмэ, мы Іуэхугъуэр къызэзыгъэпэщар хэгъуэгу лъэпкъ библиотекэращ.

ЗэІущІэм къеблэгъащ КъЧР-м и Іэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ Астэжь Францескэ, республикэм щэнхабзэмкІэ и министр Бэрокъуэ Рэмэзан, лъэпкъ ІуэхухэмкІэ, цІыхубэ коммуникацэхэмрэ печатымрэкІэ и министр Хапиштов Мурат, Черкесск къалэ мэрым и япэ къуэдзэ Пхъэш Ахьмэд, КъЧР-м и тхакІуэхэм я Союзым и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, академик, АМАН-м и вице-президент Бэчыжь Лейла, КъБР-м, Тыркум, Голландием къикІа хьэщІэхэр.

КъинэмыщІауэ, пшыхьым хэтащ ди хэгъуэгум щыщ творческэ интеллигенцэр.

**(КІэухыр е 2-нэ напэм итщ)**

## ЩІыгухэр – унагъуэшхуэхэм



***Черкесск къалэм и мэрым и япэ къуэдзэ Пхъэш Ахьмэд и пашэу тхьэмахуэ кІуам, дыгъэгъазэм (декабрым) и 16-м мэрием зэІущІэ щекІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ къалэм щыпсэу быныбэ унагъуэхэм щІыгу Іыхьэхэр ятыным.***

Къызэхуэсахэр кІэщІу Іуэхум щигъэгъуэзащ Пхъэш Ахьмэд.

— 2012 гъэм Къэрэшей-Черкес Республикэм къыщащта, «О бесплатном предоставлении участков гражданам, имеющим трех и более детей» зи фІэщыгъэцІэ хэгъуэгу хабзэм ипкъ иткІэ, мы гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 8-м къызэдгъэпэща комиссэм зэригъэувам теткІэ, мызыгъуэгум щІыгухэр ялъысынущ къалэм щыпсэу унагъуэ 27-м. ЩІыгухэр къаздылъысыну щІыпІэхэр дгъэнэІуэнущ пхъэидзэ щІыкІэкІэ, — жиІащ Пхъэш Ахьмэд.

ЖыІэпхъэщи, мыпхуэдэ Іуэхур мы гъэм илъэс ещанэ хъуауэ мэрием ирегъэкІуэкІ. Япэу щІыгу Іыхьэхэр быныбэ унагъуэхэм хуагуэшауэ щытащ 2014 гъэм, гъэмахуэм. Апщыгъуэм сотэ хырых хъу щІыгухэр ялъысащ бынищ е нэхъыбэ зиІэу къалэм щыпсэу унагъуи 149-м.

ЕтІуанэу щІыгухэр ягуэшащ 2016 гъэм гъатхэпэм (мартым). Апщыгъуэм щІыгухэр ялъысащ унагъуэ 34-м.

ЩІыгур къызыхуагъэсэбэпын хуейр ухуэныгъэщ, псэупІэр ирагъэфІэкІуэнращ. Мызыгъуэгум ягуэша щІыгур зыхиубыдэр къалэм и Юбилейнэ микрорайонращ. Псори зэхэту щІыгу 1,8-рэ ягуэшащ. А Іыхьэм хохьэ гъуэгухэри, лъэс зекІуапІэхэри. ИпэкІэ унагъуэшхуэхэм щІыгухэр къыщыхухагъэкІауэ щытащ къалэм и ипщэ лъэныкъуэм, Знаменскэ жылагъуэм и гъунэгъуу.

Мы гъэм дыгъэгъазэм и 16-м ягъэнэІуа щІыгухэм псэупІэхэр иращІыхьынущ, абыхэм къадэунэхуащ Гоголь, Менделеев сымэ я цІэр зезыхьэ уэрамыщІэхэр. ЩІыгухэм язынықъуэхэм пащэнущ Дорожнэ уэрам дыхьэр (переулокыр).

ЩІыгу Іыхьэхэр а махуэм хуагуэшащ къалэм щыпсэу, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкІа, сабиищ е нэхъыбэ зиІэ унагъуэхэм. Абыхэм ящыщщ Гъуэщокъуэхэ, Блымгъуэтхэ, Щауэхэ, Батчаевхэ, Нырхэ, нэгъуэщІхэри.

Черкесск къалэм деж пщІэншэу щІыгу Іыхьэхэр къалъысынымкІэ нобэкІэ реестрым итщ унагъуэ 488-рэ. Иужьрейуэ щІыгу зыхуагуэшахэм ирата дэфтэрхэри мэрием ирахьэлІэу, реестрым иратхэн хуейщ. Абыхэми, нэгъуэщІу ящІапхъэхэми щІыгухэр зылъысахэр щагъэгъуэзащ.

**ТУАРШЫ Ирэ**

***УФ-м гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэкІэ и Къэрал Советым мы гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 27-м иригъэкІуэкІыну зэІущІэм зыкъыщигъэлъэгъуэнущ Урысейм и сабий уэрэджыІэ хорым.***

## ЩІыхь

Гуапэ зэрыхъунщи, апхуэдэ щІыхьыр къалъысащ Къэрэшей-Черкес Республикэм щыщу хорым хагъэхьа уэрэджыІэ ныбжьыщІи 10-ми. Ахэр республикэм и музыкальнэ еджапІэ зэхуэмыдэхэм я гъэсэнщ. Абыхэм я ныбжьщ илъэси 9-14. Урысейм и хорым хэтынухэр хэдэ-хэплъэкІэ къыхихащ комиссэм. КъинэмыщІауэ, ахэр хэтщ Ищхъэрэ Кавказ сабий хорми.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, Урысейм и сабий хорыр къызэрагъэпэщ къэралым и дэнэ хэгъуэгуи къикІа уэрэджыІэхэмкІэ. Хорыр сыт щыгъуи мэлажьэ, уэрэдхэр щыжеІэ къэрал мыхьэнэ зиІэ зэхыхьэхэм, уеблэмэ дунейпсо Іуэхугъуэхэм деж. Урысейпсо хор зэгухьэныгъэм, власть органхэм я жэрдэмкІэ, 2014 гъэм сабий уэрэджыІэ хорыр къызэрагъэпэщауэ щытащ. А жэрдэмыр дащтащ щэнхабзэ, жылагъуэ ІуэхущІэхэм, къулыкъу зэхуэмыдэхэм къабгъэдэкІахэм икІи нобэкІэ абы хэтщ уэрэджыІэ ныбжьыщІэ миным щІигъу.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ**

***ИлъэсыщІэ махуэщІым ирихьэлІэу Къэрэшей-Черкесым и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІыу курыт еджапІэхэм, сабий ІыгъыпІэхэм кІуэну лъэкІыныгъэ зимыІэ сабий 1200-м саугъэтхэр иратынущ. Апхуэдэу зи узыншагъэкІэ зыхузэфІэмыкІ нэрыбгэ 200-р дыгъэгъазэм и 26-м сыхьэтыр 12-м Къэрал филармонием щекІуэкІыну ИлъэсыщІэ Псейм хэтынущ.***

## ИлъэсыщІэ саугъэтхэр

Дыгъэгъазэм и 23-м Къэрэшей-Черкесым и Іэтащхьэм и ИлъэсыщІэ Псейр драмтеатрым щекІуэкІынущ. Ар къызэрагъэпэщ еджэнымкІэ къыхэжанықІа еджакІуэ цІыкІухэм папщІэ. Ахэр нэрыбгэ 600-м нос. Зи щыІэкІэпсэукІэр щытыкІэ мытыншым ит сабий 638-м къыхузэрагъэпэщыну ИлъэсыщІэ Псейр Черкесск къалэм дэт драмтеатрым дыгъэгъазэм и 27-28 махуэхэм щекІуэкІынущ.

КъинэмыщІауэ, дыгъэгъазэм и 29-м нэс сабийибэхэмрэ пэщІэдзэ классым хэсхэмрэ щхьэкІэ Къэрэшей-Черкесым и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІыу КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэкІэ и Министерствэм илъэсыщІэ саугъэтхэр къыхузэрагъэпэщащ. Апхуэдэу дыгъэгъазэм и 26-м Москва къалэм, Кремлым щагъэувыну Псейм ягъэкІуэнущ сабий 32-р. Ди республикэм къыбгъэдэкІыу зи анэр е зи адэр зимыІэж сабии 4 УФ-м щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэкІэ и Министерствэм къызэригъэпэщ илъэсыщІэ махуэщІым хэтынущ.

ИлъэсыщІэ саугъэтхэр псори зэхэту республикэм и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІыу сабий мин 11-м яІэщІыхьэнущ.

**КХЪУЭХЪУ Людмилэ**

## Адыгэ унагъуэ къэс – адыгэ газет!

*Ди республикэм, ди хэгъуэгум, ди къэралым щекІуэкІ къэхъукъащІэхэм я хъыбар къыфІэрыхьэну, ди лъэпкъым и тхыдэм, ІуэрыІуатэм, щэнхабзэм, нобэрей и псэукІэм щыгъуазэ зыхуэфщІыну фыхуеймэ, къыщІэфтхыкІ «Черкес хэку» газетыр! КъыщІэтхыкІыгъуэ пІалъэр иухыным зы тхьэмахуэщ къэнэжар*

**ФепІэщІэкІ!**

Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

Уэзэкъуэтмэ — улъэщщ!

# Черкес хэку

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

Черкесия

Газетыр къыдззыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики

№№19-20 (13071-13072) 2016 гъэ, гъатхэпэм (мартым) и 12, щэбэт

Распространяется по подписке

И уасэр соми 3-щ.

Адыгэ псалъэ

*Адыгэр лъэпкъыу къызэтенэнрэ икIэщIыпIэкIэ адрейхэм яхэшыпсыхьыжынрэ зэлъытар и бзэмрэ и хабзэмрэ зэрихъумэжыфращ. Псом хуэмыдэу бзэр! ЦIыхум и анэдэлъхубзэр Iурылъыху, абыкIэ и гупсысэхэр къиIуатэу, пщIыхьэпIэ щилъагъу нэгъунэ ар и Iэпэгъуу псэуху, и лэпкъри псэунущ.*

*Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ тхыдэ телъыджэ зиIэ, апхуэдиз гугъуехьым къела адыгэ лъэпкъым и къарур мы зэманым щIэгъэхуэбжьауэ щIокIуэсыкI. Мылъкурэ IэнатIэ лъагэрэ цIыху щхьэхуэхэм зрагъэгъуэтми (ари фIы дыдэщ), лъэпкъым и псэ-бзэмрэ и фащэ-хабзэмрэ IэщIыб мэхъу. УтыкуакIуэу цIыхухэр иримыпсалъэ щхьэкIэ, бзэмрэ хабзэмрэ хуэмеижу, тхъэуэ Iуэм ис цIывым и гъащIэр къыхэзыхахэр къызэрытхэкIыр ялъагъу, ауэ кърикIуэнум поплъэри заущэху.*

*КъызэрытщыхъумкIэ, дэ нобэ лъэпкъыу дыкъызэтенэн ди гугъэмэ, хэти епцIыжыну хьэзыр бзаджэнаджэм дыкъыхэмыкIамэ, дыгушхуэу дыпсэун папщIэ щхьэузыхь зыкъытхуэзыщIахэм я псэр дгъэтыншыну дыхуеймэ, ди бзэмрэ ди хабзэмрэ тхъумэжыныр ди къалэн пажэщ!*

№108

Адыгэ макъ



Урыс графикэм тету адыгэбзэ алыфбейр зэхэзылъхьа БОРЫКЪУЕЙ ТIутIэ

### ХъыбарегъащIэ

2016 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 17-м сыхьэтыр 11-м Черкесск къалэм дэт, Правительствэм и Унэм и пэшышхуэм Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) зи чэзу 22-нэ сессие щызэхэтынущ. Абдеж щыхэплъэнущ «Къэрэшей-Черкес Республикэм и къэрал граждан къулыкъум ехьэлIауэ» Къэрэшей-Черкес Республикэм и Хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэрэшей-Черкес Республикэм и Хабзэм и проектым (езанэ еджэгъуэ); нэгъуэщIхэми.

# Ди адыгэбзэу лъапIэ, анэдэлъхубзэу IэфI

КъБР

«Ди бзэр – ди псэщ», — жаIэ адыгэхэм. Тхыбзэри аращ. Лъэпкъым и анэдэлъхубзэр дамыгъэ хэхахэмкIэ къэгъэлъэгъуауэ, ар къыдекIуэкIыу, зиужьу, къыщIэхъуэ щIэблэм Iурылъу къэтэджыныр - ар уасэ зимыIэ фIыгъуэшхуэщ. Адрей тхыбзэхэм еплъытмэ, адыгэ тхыбзэм къикIуа гъуэгуанэр кIыхькъым, арщхьэкIэ абы зыкIи игъэлъахъшэркъым абы и лъапIагъыр, игъэмащIэркъым и IэфIагъыр. Ди лъэпкъым бгъэдэлъ зыужьыныгъэм, щIэныгъэм, гъэсэныгъэм, щэнхабзэм я лъапсэщ ди анэдэлъхубзэр. Аращ усакIуэ гъуэзэджэ КIыщокъуэ Алим адыгэбзэр дэтхэнэ ди цIыхуми и гъуэгу къежьапIэу, ди лъэпкъыр зыIэт, адрейхэм езыгъэлъагъу, езыгъэцIыху дамэу, адыгэр дызэрыгушхуэ, дызэрыпагэ, ди напщIэм телъ лъапIэныгъэу къыщIилъытар.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, илъэси 160-м щIигъуащ адыгэхэм тхыбзэ диIэу къызэралъытэрэ. Абы и щIэдзапIэу ялъытэ адыгэ еджагъэшхуэ Бырсей Умар «Адыгэ псалъалъэ» тхылъыр къыщыдигъэкIа зэманыр: 1853 гъэм и гъатхэпэм и 14-р. Ар и тегъэщIапIэу, адыгэу дунейм тетым ди лъэпкъ зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэм – Дунейпсо Адыгэ Хасэм – илъэс 13 и пэкIэ, 2003 гъэм, унафэ щхьэхуэ къищтащ гъатхэпэм и 14-р илъэс къэс Адыгэ тхыбзэм и махуэу гъэлъэпIэным ехьэлIауэ. Ди бзэм хуэфэщэн пщIэрэ гулъытэрэ игъуэтын папщIэ, апхуэдэ лъэпкъпсо унафэм, шэч хэмылъу, мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Сыт хуэдэ зэмани ди лъэпкъым и цIыху пэрытхэр, хэкупсэ нэсхэр иропIейтей адыгэбзэм зиужьыным, зиузэщIыным и Iуэхум. Пасэ зэманым абы елэжьащ лъэпкъ узэщIакIуэхэу Хъан-Джэрий СулътIан, Нэгумэ Шорэ, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, Тамбий Пагуэ сымэ. Абыхэм кърахьэжьа Iуэхум пищэу, адыгэбзэм и тхыбзэр зэфIэгъэувэным и гуащIэ хилъхьащ лъэпкъ еджагъэшхуэ Бырсей Умар. Абы и лэжьыгъэм пащащ абы и ужь ита ди лъэпкъ щIэныгъэлIхэм, къэхутакIуэхэм. 1917 гъэм Урысейм щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм и ужькIэ адыгэбзэм и алфавитыр урыс хьэрфхэм хуагъэкIуауэ щытащ. ИлъэситIщы нэхъ дэмыкIыу бзэм и макъхэр къэгъэлъэгъуэныр хьэрып хьэрфылъэм хуагъэкIуэжащ. АбыкIэ еджапIэхэм щрагъэджащ илъэс зыбжанэкIэ.

1923 гъэм и пэщIэдзэм Псыхуабэ щрагъэкIуэкIащ адыгэбзэм зегъэужьыным хуэунэтIа зэIущIэ ин. Абы унафэ къыщащтащ адыгэбзэ алфавитыр дяпэкIэ латин графикэм тегъэувэн хуейуэ. А лэжьыгъэм яужь ихьауэ щытащ адыгэ щIэныгъэлI, еджагъэшхуэ, хэкупсэ нэс Хъуран Батий. Абы и алфавитым цIыхубэр щыгъэгъуэзэн мурадыр яIэу адыгэ щIэныгъэлIхэу Елбэрд Хьэсэнрэ Къэшэж ТIалибрэ 1923 гъэм къыдагъэкIауэ щытащ «Адыгэбзэм и азбукэ» тхылъыр. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым, алыфбеищIэм хэплъэжа нэужь, абы хэлъ ныкъусаныгъэхэр игъэзэкIуэжщ, зыхущыщIэхэр хилъхьэжри, Хъураным 1924 гъэм «Букварь» къыдигъэкIауэ щытащ.

*(КIэухыр е 2-нэ напэм итщ).*

> **Бзэр – лъэпкъым и псэщ. Гупсысэм, акъылым, зэхэщIыкIым псэ зыIут и Iэпкълъэпкъщ.**
>
> **ТОЛСТОЙ А. Н.**

**ЕгъэджакIуэхэр здагъэхьэзыр егъэджэныгъэ Iуэхущ<u>IапIэ лъэрыхьщ Черкесск къалэм дэт, Совет Союзым и ЛIыхъужь Хьэбэч Умар и цIэр зезыхьэ педагогическэ колледжыр.</u>**

**<u>Мыбдеж илъэс 37-рэ хъуауэ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэр я IэщIагъэм хуегъэхьэзыр КъЧР-м цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, лъэпкъыбзэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа, ноби а Iуэху мытыншым псэемыблэжу телажьэ, «Орден Дружбы народов» нагъыщэ лъапIэр зезыхьэ Ажий (ДжэдыгущIэ) Сарэ Мыхьэмэт и пхъум.</u>**

# КIэрыху-бжьэрыхум храгъэубыдэ

КъЧР

**— <u>Япэрей ди упщIэр хуэгъэзащ мы егъэджэныгъэ IуэхущIапIэм деж адыгэбзэр, адыгэ литературэр, абыхэм яхьэлIа методикэхэр джыным, абыхэм хухах сыхьэт бжыгъэм.</u>**

— ФГОС-р (Федеральнэ къэрал егъэджэныгъэ стандарт) къызэрежьэрэ адыгэбзэр зэредгъэджыр илъэситIщ. Япэ курсым яджыр «общеобразовательнэ» жыхуэтIэ Iыхьэращ. Абы къикIыр, е 10-11-нэ класс программэр ядгъэджу аращ. ЕтIуанэ курсым и етIуанэ илъэс ныкъуэм адыгэбзэмрэ ар зэрырагъэдж методикэмрэ дджын щIыдодзэ. Ещанэ курсым и япэ илъэс ныкъуэм абы пыдощэжри, итIанэ сабий литературэр къыхохьэ. Ари зы илъэс ныкъуэкIэ идогъэдж. АбыкIэ зэфIокI егъэджэныгъэ Iуэхур. Практикэр ещанэ курсым и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIыдодзэ. ЕплIанэ курсым и япэ илъэс ныкъуэм къриубыдэу къызэрапщытэ дерсхэр студентхэм ят. ЕплIанэ курсыр къыщаухым деж къэрал экзамен къаIыдохыж. Аращ бзэр зэрадж зэманыр.

Сыхьэт бжыгъэкIэ къапщтэмэ, е 10-11-нэ классхэр зэраджым – бзэмкIи литературэмкIи - сыхьэт 78-рэ тохуэ. Адыгэбзэмрэ ар зэрырагъэдж методикэмрэ — ФГОС-мкIэ техуэр сыхьэт 76-рэщ, сабий литературэм сыхьэт 32-рэ хухах.

ИпэкIэ зэредгъаджэу щыта сыхьэт бжыгъэм еплъытмэ, хуэдищкIэ нэхъ мащIэ хъуащ. СыхьэтиплI диIэу щытащ. Псалъэм папщIэ, япэ курсым щыщIэдзауэ илъэсиплIкIэ, студентым колледжыр къиухыху, грамматикэр едгъэджыну лъэкIыныгъэ диIащ. Литературэр илъэситIкIэ, методикэр илъэсищкIэ дджыт, етIуанэ курсым фокIадэм (сентябрым) щIэддзэти, къаухыхукIэ, еплIанэ курсым и кIэм нэс, методикэр ядгъэджт.

**— <u>Зы зэманкIэ узэIэбэкIыжмэ, хуабжьу фи студент бжыгъэм хэщIат. Нобэ абы и Iуэхур сытым тет?</u>**

— Пэжщ, илъэс зытIущкIэ узэIэбэкIыжмэ, студентхэр хуабжьу мащIэ дыдэ хъуат. Ауэ нэгъабэ лъандэрэ абыхэм я бжыгъэм фIыуэ къыхэхъуэжащ, иджы курс къэс нэрыбгэ 12-14 гупым щIэсщ.

**— <u>ЕгъэджакIуэ хъуну зызыгъэхьэзырхэм лъэпкъыбзэр зэрагъэшэрыуэм, зэраIурылъым, ябгъэдэлъ щIэныгъэм сыт хужыпIэн?</u>**

— Япэрауэ, бзэр нэхъыфIу зыIурылъыр, абыкIэ щIэныгъэфI зыбгъэдэлъу къытхуэкIуэр Хьэгъундыкъуей къуажэм къикI еджакIуэхэращ. Пэжыр жысIэнщи, сыт щыгъуэ зэмани зэрыщытар аращ. Хуабжьу фIыуэ мы къуажэм деж бзэр щрагъэдж.





АдреймкIэ, къыхэзгъэщыну сыхуейщ Жьакуэ къуажэри. Иужьрей илъэс зытIум Зеикъуэ къуажэм фIыуэ зыкъиIэтыжащ. Куэш-Хьэблэ, Ботэщей къуажэхэми къабгъэдэкI еджакIуэхэр пылъхьэншэщ.

Iуэхур здэнэхъ хьэлъэр Адыгэ-Хьэблэ районращ. Дерсыр иухыу уэзджынэр къеуа нэужь, зэуэ урысыбзэ защI а районымкIэ къикIахэм. ИпэкIэ апхуэдэу щытакъым. Зы зэманкIэ узэIэбэкIыжмэ, а районым деж фIыуэ щызэтрагъэпсыхьауэ щытащ адыгэбзэр щIэблэм зэрыбгъэдалъхьэ Iэмалхэр, егъэджэныгъэ Iуэхур. Ауэ иджы аргуэру яIэпыхужауэ къысщохъу.

*(КIэухыр е 3-нэ напэм итщ).*

Адыгэ тхыгъэ литературэр зыщыIэр илъэс 80-м къэхъугъ. Лъэпкъым ижэрыIо жэбзэ чанрэ игубзыгъагъэрэ зэфэдэкIэ зыгощыгъэ фольклорыр ыкIи урыс классическэ литературэр ары ащ егъэжьапIэ фэхъугъэхэр, илъэпсэпкъ пытэхэр.

# Лъэпсэпкъ пытэу лъэкIуатэ

АР

Адыгэ литературэр зыпIокIэ, пстэуми апэу нэм къыкIэуцохэрэр тхэкIо нахьыжъхэу ублапIэм щытыгъэхэу, апэрэ лъагъор ащкIэ хэзыщыгъэхэр арых — КIэращэ Тембот, Хьаткъо Ахьмэд, Цэй Ибрахьим. Ахэм къагоуцуагъэх усакIоу я 30-рэ илъэсхэм ЯхъулIэ Сэфэр, Пщыгъужъ ДышъэкI, Пэрэныкъо Мурат, ХьэдэгъэлIэ Аскэр. Лъэпкъ усакIоу Теуцожь Цыгъо итворчествэ чIыпIэ хэхыгъэ ин литературэм щыриI. КъыIозэ, атхыжьыгъэ произведениехэу «Мафэкъо Урысбый», «Пщы-оркъ-зау», «Родинэр», ахэм анэмыкIхэри лъэпкъ литературэмкIэ осэшхо зиIэх.

Лъэпкъ литературэм зиушхоу, итематикэ, ижанрэхэм ахахъощтыгъ, иIэпэIэсэныгъэ къэнафэщтыгъ. Ау Хэгъэгу зэошхом зэкIэ тихэгъэгу имамыр щыIакIэ зэпыригъэзагъ, адыгэ литературэми ащ утын инхэр къарихыгъэх. Творческэ гугъэпIэ инхэр къэзытыщтыгъэ ныбжьыкIэхэу Андырхъое Хъусен, Уджыхъу Адылджэрый, Уджыхъу Хьалид, Тыгъужъ ДышъэкI, Къадэ Хьис, Гуащэкъо Сэфэрбый, Цухъо Асфар заом кIуагъэх ыкIи хэкIодагъэх. Адыгэ тхакIохэу Меркицкэ Рэщыдрэ КIэращэ Темботрэ япсаунагъэ ыпкъ къикIыкIэ къэнэгъагъэх. Зэрэсэкъатым пае ичылэ къыдэнэгъэгъэ Меркицкэ Рэщыдэ фашистхэм аIорэр зэримышIагъэм пае, исымэджэныгъи емыплъыхэу, янэ ыпашъхьэ пчъэIушъхьэм тыраукIыхьагъ пыижъ нэпэнчъэхэм.

Адыгэ хэкум фашистхэр мэзихым щыхъушIагъэх. Хэкур шъхьафит зашIыжьым эвакуацием КIэращэ Тембот къикIыжьыгъ, тхэкIо ныбжьыкIэхэм ащыщэу Жэнэ Къырымызэ уIэгъэ хьылъэхэр телъэу тигъэгъэзэ мазэм, 1944-рэ илъэсым дзэм къыхэкIыжьи, Мыекъуапэ къэкIожьыгъагъ. Заор заухым, Лъэустэн Юсыф, Еутых Аскэр, Кэстэнэ Дмитрий, Пэрэныкъо Мурат хэкум къагъэзэжьыгъ ыкIи ятхэн Iоф фежьэжьыгъэх, тхакIохэм я Союзи иIофшIэн пидзэжьыгъагъ.

Литературэр — щыIэныгъэм игъундж, ащ хэхъухьэрэ-хэшIыхьэрэ пстэур зэкIэ къизыIотыкIэу, цIыфым - положительнэ ыкIи отрицательнэ героим ялъэкIамал лъэныкъуабэкIэ къизгъэлъэгъукIырэ художественнэ псалъ.

Хэгъэгу зэошхор советскэ цIыфхэм ТекIоныгъэшхор яеу аухыгъ. Ау ар гуимыкIыжь тхьамыкIагхоу титарихъ къыхэнагъ. Родинэм пае нэбгырэ миллион 27-м апсэ атыгъ. Лъыпсыр, псым фэдэу щычъагъ чIыгум, хьадэгъур унагъо пэпчъ иунэ ихьагъ, тыркхо мыкIыжьэу зэошхор гухэм къарынагъ.

*(КIэухыр е 2-нэ напэм итщ).*

ГЪУКIЭКЪУЛ Даут

## Анэбзэ

*Анэбзэ IэфIыщэу дахащэ,*
*Тхьэ лъэщ сызигъэру си тет.*
*ПсэгъафIэ губзыгъэу лъэпкъ гуащэ,*
*СыпщIащ уэ гъуэгумахуэ сытет.*

*Уэращ си акъылым, си гуащIэм*
*Дыгъэпс къыхуэхъуфыр и шхэпс.*
*Жэп щхъуэпс къыкIэрыпщIэр си пащIэм,*
*ЗыхуэщIыр гъатхэкIэ уэсэпс.*

*Сэ сощIэ, си яужькIи къэхъунущ*
*Нарт щылъху къомыпцIыжу псэун.*
*Анэбзэр дунейм щызуунущ,*
*ХужаIэу: «А бзэр хьэт щIэинщ»!*

*Уэгу къабзэм уэрэд щагъэлъатэу,*
*Итынущ и макъ си хэгъуэгу,*
*Ди щIэблэм блэкIар къахуиIуатэу*
*Дэсынущ адыгэм и жьэгу.*

> **Лъэпкъым и акъылыр, кIуэцIылъ гуащIэр, зищIысыр – псори хыболъагъуэ и псалъэжьхэм.**
>
> **БЭКОН Ф.**



КъЧР

# Лъэпкъыбзэр – сымаджэ хьэлъэмэ...

**«Чэнджащэ – щыуэкъым» — жиIащ пасэрейм. Лъэпкъыр пхъэIэбжьанэм фIэувэ зэпыту дыпсэуныр зэгупсысыпхъэ Iуэхуу къэтлъытэкъым. Адыгэр дунейм щызэрипхъыхьам, зэрызэщIэкъуэжыпхъэм и гукъеуэм дыкъыхэкIмэ, дызыгъэуIэбжьыр лъэпкъыбзэм и гукъеуэращ. Адыгэу дунейм тетыр хэкужьым дяпэкIэ щызэхуэсыжми, зэрызэпсэлъэну, зэрызэгурыIуэну анэдэлъхубзэр яIэжыну?! Мы упщIэ хьэлъэм къигъэуш гупсысэхэмкIэ къыддэгуэшащ нэхъыжьыфI, КъЧР-м и телевиденэм и адыгэ къудамэм и унафэщI ЩакIуэ Мусэлы.**

**— Мусэлы, а бзэм ехьэлIауэ ди лъэпкъыр зытет къуаншэбыншэм, кумблъэмбым дыздишэр дэнэ?**

— Лъэпкъыбзэм нобэ и щытыкIэмрэ дызыхуэкIуэмрэ елъытауэ, къэгъазэ имыIэнумэ, дыхэкIуэдэжауэ аращ. Адыгэу зызылъытэж дэтхэнэри лъэпкъыбзэм и IуэхукIэ зы гупсысэ гуэрым хуэкIуэххэнумэ, нобэ игъуэу къызолъытэ. Сабийм Iурылъыпхъэ бзэр Iурымылъу и унэм къыщIэбэкъукIмэ, лъэпкъыбзэр а бжэщхьэIу дыдэм деж шхужьыгуэ мэхъури, адэкIэ зыми имыщIысу, бзэми щымыщу, адрей лъэпкъхэми яхэмыхьэфыну мэхъу. Муртату ди лъэпкъым дыкъыхуэнэж зэрымыхъунур хьэкъщ.

Пэжщ, мы Iуэхум нэгъуэщI лъэныкъуи иIэщ. ЗэманыфIкIэ узэIэбэкIыжмэ, 1950-1960 гъэхэм яукъуэдиипауэ, адыгэбзэм зыкIи зэрыхуэмыныкъуэр ягъэбелджылыурэ дыкъэтэджащ. Абы еплъытмэ, нобэ зэманым и гъусэу бзэми къигъэзауэ, тIурылъыну, дрипсэлъэну дыхуит хуэдэщ. Ауэ абыи и Iуэхур къызэрыттщыхъункIэ хъуным хуэдэу къызэрыкIуэкъым.

**— Зэманым къыщцыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм къагъэзэнкIи мэхъу, ауэ бзэ тIэщIэкIар къытхуегъэзэжыну?**

— Сэ къызэрыслъытэмкIэ, къэрал бгъэдыхьэкIэми зихъуэжын хуейщ.

*(КIэухыр е 5-нэ напэм итщ).*

### ЦIыху цIэрыIуэхэм бзэм хужаIар

Гупсысэм и къулеягъращ бзэми и къулеягъыр.

**КАРАМЗИН Н.**

* * *

ПсалъэщIэхэмкIэ бзэхэм зызэраужьар, гупсысэкIэщIэкIэ зызэраужьам хуэдизкIэщ.

**БЕРНАРДЕН Ж.**

* * *

Лъэпкъым и бзэр сыт щыгъуи быдэу епхащ лъэпкъым и зэхэтыкIэм, кIуэцIылъ гуащIэм.

**ГУМБОЛЬДТ В.**

* * *

Бзэр – лъэпкъым и тхыдэщ.

Бзэр – щэнхабзэмрэ цивилизацэмрэ я гъуэгуанэращ...

**КУПРИН А.**

* * *

Лъэпкъым и бзэм утеуэри, абы и гум утеуэри – тIури зыщ.

**ЛАУБЕ Г.**

Уэзкъуэтмэ — улъэщщ!

# Черкес хэку

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

Черкесия

Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики

№103 (13155) 2016 гъэ, дыгъэгъазэм (декабрым) и 29, махуэку

Распространяется по подписке

И уасэр соми 3-щ.



**Хабзэ яхуэхъуауэ Урысейми хамэ къэралхэми я журналистхэм илъэс къэс зэпсэлъэныгъэ ядрегъэкIуэкI Путин Владимир. Мы илъэсым и дыгъэгъазэ мазэми апхуэдэ зэпсэлъэныгъэ къызэригъэпэщащ. Абы къекIуэлIащ журналист минрэ щитхум щIигъу. ЗэкIэлъыкIуэкIэкIэ уеплъмэ, мыгъэрей зэпсэлъэныгъэр къэрал Iэтащхьэм е 12-нэу ирегъэкIуэкI. Къапщтэмэ, Iуэхугъуэр щекIуэкIын хуеяр дыгъэгъазэм и 22-рат, ауэ Урысейм и лIыкIуэу Тыркум щыIа Карлов Андрей къуагъдэуэу щаукIам техуэри, пIалъэкIэ ягъэкIуэтащ.**

# Зэкъуэтыныгъэм хущIэкъукIэрэ

АтIэ, сыт Путин Владимир нэхъ наIуэ ищIар? Экономикэм теухуауэ Президентым белджылыуэ жиIащ: инфляцэр зыхэпщIэу ехащ, дяпэкIи зэпIэзэрыту хэщIынущ. 2016 гъэм и къэухьыр къапщытэжмэ, ар зынэсынур проценти 5,5-рэщ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм ар проценти 4-5-м нэсыну трагъэпсыхьэ.

А псоми къыдэкIуэу, цIыхухэм я лэжьапщIэм, мащIэми, хохъуэ. Пэжщ, къэралым щыпсэухэм я хэхъуэм хэмыщIуи къэнакъым. Ар зэлъытар экономикэм и гугъусыгъухэм, кризисым къыдэкIуэ Iуэхугъуэхэращ. Арами, социальнэ къудамэр йофIакIуэ зэпыт, сабий къэхъухэри нэхъыбэ хъуащ.

Мэкъумэш лэжьыгъэхэм я гугъу ищIкIэрэ, лIыщхьэм къыхигъэщащ 2016 гъэм къэралым къыщрахьэлIэжа хьэцэпэцэр тонн мелуани 119-м зэрынэсар. Апхуэдэ иужьрейуэ Урысейм и тхыдэм къыщыхъуар жыIэгъуейщ. Езы мэкъумэш къудамэм хуэлажьэ хъызмэтхэр проценти 4-кIэ хэхъуащ. Илъэс къихьэм абыхэм зэрызыщIагъэкъуэну ахъшэу къэралым и бюджетым щигъэнэIуащ сом мелард 216-рэ.

Импортозамещенэм къытепсэлъыхькIэрэ, лIыщхьэм жиIащ: абы и сэбэпагъым шэч хэлъкъым. Иужьрей илъэсхэм наIуэ зэрыхъуамкIэ, сату IуэхукIэ къэралым кърашэм хэщIри, езы Урысейм и хъызмэтхэм къыщIагъэкIым хэхъуащ. Щхьэхуэу игъэбелджылащ IT-технологиехэмрэ абыхэм я зыужьыныгъэмрэ куэдкIэ ин зэрыхъуар. 2016 гъэм къриубыдэу, Урысейм щащIауэ хамэ къэралхэм иращэ технологиещIэ Iэмэпсымэхэм я уасэр зэхэплъхьэжмэ, доллар меларди 7-м нос.

Хамэ къэралхэм, псалъэм папщIэ США-м хуиIэ щытыкIэм къытепсэлъыхькIэрэ, Президентым зэрыжиIамкIэ, дэтхэнэми дэлэжьэну хьэзырщ къэралхэм я сэбэп къызыхэкIыну Iуэхухэмкiэ. США-м и Президентыщ Iэу пхыкIа Трамп Дональди зэрыщыгугъыр фIыгъэ къызыхэкIыну Iуэхугъуэ илэжьынущ. Абы и IуэхукIэ, журналистхэм я упщIэм жэуап ириту Путин Владимир жиIащ Трампым иригъэблагъэу щытмэ, США-м зэрыкIуэнур.

Пенсэхэм ехьэлIауэ лIыщхьэм игъэбелджылащ: зэхъуэкIыныгъэу къэрахьэжьэр жылагъуэм гурагъаIуэу, абыхэми я чэнджэщым щIэдэIуу щытыпхъэщ. 2017 гъэм пенсэхэр индексацэ ящIынущ зэращI хабзэм тету, мазаем (февралым) и 1-м, итIанэ, мэлыжьыхьым (апрелым) и 1-м социальнэ пенсхэри индексацэ ящIынущ. ИлъэсыщIэ къихьэм и пэм пенсым кIуауэ хъуам сом мини 5 зырыз трагуэшэнущ.

Украинэм теухуауэ упщIэ кърататахэм жэуап ириткIэрэ Путин Владимир жиIащ: Визэншэ хабзэм тету Украинэмрэ Европэм и Союзымрэ я гъунапкъэхэр зэпаупщIу ягъэпсмэ, абы Iеягъ гуэри хилъагъуэкъым. ЛIыщхьэм зэригъэбелджыламкIэ, визэхэр пасэ хабзэжьу, куэд щIауэ гъэкIуэдыжыпхъэщ. Абы къыдэкIуэу, Европэм укIуэкIэ Iуэхур зэфIэкIкъым, абдеж лэжьапIэ къащылъымысмэ, социальнэ щытыкIэ гугъум ихуэнущ я къэралым икIа украинцхэр.

А псом къинэмыщIу, Путин Владимир жэуап яритащ военнэ Iуэхум, Къырымым, хамэ къэралхэм Урысейм диIэ зэхущытыкIэм ехьэлIауэ журналистхэм зыкъызэрыхуагъэза упщIэхэм.

И жыIэгъуэхэм гупсысэ нэхъыщхьэу щIэлъар къызэщIэпкъуэжмэ, зыхуэкIуэжыр зыщ: Урысейм щыпсэу жылагъуэр дызылъыхъуэн, дызыхущIэкъун хуейр дызэкъуэзыгъэувэ щытыкIэхэращ. Нобэ къэралым гукъеуэ мащIэкъым илъыр, властым абы пэIэщIэ зимыщIу, нэгъэсауэ елэжьыпхъэщ.

**БЕМЫРЗЭ Зураб**

# Дзыхь къезыгъэзхэр нэхъыбэщ

— Урысейм и Президент Путин Владимир илъэс къэс пресс-конференц иригъэкIуэкIыр ди къэралым и хъыбарегъащIэ къэхъукъащIэ закъуэкъым, атIэ абдеж социально-экономикэ щытыкIэр къыщепщытэж, — жиIащ Темрезов Рэшид.

Темрезовым къызэрыхигъэщамкIэ, Урысейм и унафэщIыр журналистхэм щайпсалъэм, хабзэ зэрыхъуауэ, къэралкIуэцI, къэралщIыб Iуэхугъуэхэм тепсэлъыхьащ. Гулъытэншэу хъуакъым хэгъуэгухэм илъ лъэпощхьэпохэри.

— Пресс-конференцым журналистхэм ди къэралым и унафэщIым упщIэ куэд иратащ. Абыхэм теухуауэ Путин Владимир къалэнхэр яхуигъэуващ. Дэри, хэгъуэгухэм я Iэтащхьэхэми, дгъэзэщIэн хуей пщэрылъхэр къытхуищIащ. Си гугъэмкIэ, Владимир Владимирович Урысейм и экономикэм, социальнэ Iуэхум, къэралкIуэцI, къэралщIыб политикэм зэрызиужьыну унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр иджыри зэ игъэбелджылащ. Апхуэдэщи, Президентымрэ журналистхэмрэ зэрызэпсэлъэн хуей щIыкIэр игъэлъэгъуащ. Урысейм щыпсэу цIыхухэм я процент 85-м щIигъум Президентым дзыхь къызэрыхуащIыр апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэщ, — жиIащ Темрезов Рэшид.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

*Мы гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 23-м Къэрэшей-Черкес РеспубликэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ екIуэкIащ: Зеленчук ГЭС-ГАЭС-р яутIыпщащ. Абы и фIыщIэкIэ ди щIыпIэм къыщагъэщI электрокъарукIэ республикэм щыпсэухэр процент 45-кIэ нэхъыбэу къызэрагъэпэщынущ, лэжьыгъэр икъукIэ ефIэкIуэнущ.* Апхуэдэ IэмалкIэ зэхуахьэсар пщэдджыжьымрэ махуэмрэ, псыр нэхъыбэу къыщагъэсэбэп пIалъэм, хуагъэлэжьэнущ электрокъару къэлэжьыным.

# СтанцыщIэр яутIыпщащ

Лэжьэххэ ГЭС-м иращIылIэжа ухуэныгъэм къыдэкIуэу, станцитIыр зы ящIащ икIи дяпэкIэ и фIэщыгъэцIэу щытынущ Зеленчук ГЭС-ГАЭС. Ар—республикэм и электрокъару къэзыгъэщI IуэхущIапIэ нэхъ ин дыдэу зэрыщытынум къинэмыщIым и япэ къуэдзэ, «РусГидро ПАО»-м и инженер нэхъыщхьэ Богуш Борис, КъЧР-м энергетикэмрэ промышленностымрэкIэ и министр Аргун Мурат, федеральнэ, хэгъуэгу хъыбарегъащIэ Iэмалхэм я журналистхэр.

Экранышхуэм къыщагъэлъэгъуа документальнэ фильмым нэхъри IупщI ищIащ станцым и ухуэныгъэ, гуащIэдэкI гъуэгуанэр.

СтанцыщIэр, яутIыпщыну къыхуагъэфэщащ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ генеральнэ унафэщIым и



щIауэ, Урысейм деж япэ дыдэу станц лIэужьыгъуитI — ГЭС-рэ ГАЭС-рэ — щызэхагъэхьэу зы щащIа станцщ.

ГуфIэгъуэ дауэдапщэм хэтащ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу СКФО-м щыIэм и къуэдзэ Шишкин Андрей, Правленэм хэт, генеральнэ унафэкъуэдзэ Богуш Борисрэ. Ещанэ, еплIанэ гидроагрегатхэр яутIыпща нэужь, КъЧР-м и Iэтащхьэм гуфIэгъуэ Iуэхугъуэм къекIуэлIахэм захуигъазэкIэрэ, къыхигъэщащ ГЭС-ГАЭС-р къызэIухыныр цIыхубэ ухуэныгъэшхуэм ебгъапщэ хъуну къызэрилъытэр.

ГЭС-ГАЭС-м и Iэхэлъахэр, псы зэхуэхьэсыпIэхэр, лъэщапIэхэр къаплъыхьащ. ГидроэлектростанцымиIэщIагъэлIхэм машинэ цехым игъуэта зэгъэзэхуэжыныгъэхэм хьэщIэхэр щагъэгъуэзащ. ГидроухуакIуэхэм машинэ цехым гидроагрегатитI щIагъэуващ. Ахэр жэщкIэ лажьэурэ, псыр псы зэхуэхьэсыпIэхэм ирашэлIэ

(КIэухыр е 4-нэ напэм итщ)

*Дыгъэгъазэм и 27-р — УФ-м и къегъэлакIуэм и Махуэщ*

# Хъуэхъу

**ЩIыхь зыхуэтщIу КъЧР-м и къегъэлакIуэ къулыкъум и лэжьакIуэхэ, ветеранхэ!**

*Дывохъуэхъу фи IэщIагъэм и махуэщIымкIэ — УФ-м и къегъэлакIуэм и МахуэмкIэ! Иджырей гъащIэр нэгу къыщIэгъэхьэгъуейщ къегъэлакIуэхэм я лэжьыгъэр хэмыту. Ди къэралым щыпсэухэм къагуроIуэ: бгым деж насыпыншагъэ цIыхум къыщыщIами, псыдзэ къэкIуами, мафIэс, нэгъуэщI къэхъугъэ хьэлъэ хъуами, къегъэлакIуэхэр дэIэпыкъуэгъу къызэрыхуэхъунур.*

*КъЧР-м и лъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупыр къэралым щынэхъыфIхэм ящыщщ. Мы къулыкъум и ветеранхэм я лэжьыгъэ бгъэдыхьэкIэкIэ ябгъэдэлъ Iуэху зэхэщIыкI лъагэр фхъумэкIэрэ, евгъэфIакIуэкIэрэ, иджырей къегъэлакIуэхэм щIыхь хэлъу фи IэщIагъэм къыфхуигъэув къалэнхэр фогъэзащIэ, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэм зыщIывогъакъуэ.*

*Дыхуейщ фIыщIэ псалъэ хужытIэну фи псэемыблэж лэжьыгъэм, насыпыншагъэ къызылъэIэсам фыдэIэпыкъуну сыт щыгъуи фызэрыхуэхьэзырым, фи IэщIагъэм фызэрыхуэщыпкъэм, лIыгъэ зэрыфхэлъым папщIэ.*

*ЩIыхь зыхуэтщI къегъэлакIуэхэ, мы къулыкъум и ветеранхэ! Узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыныгъэ, фызыпэрыт лэжьыгъэ мытыншым ехъулIэныгъэ фыщимыгъащIэкIэ!*

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ**

**ИВАНОВ Александр,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ**

**УЭЗ Аслъэн,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ**

**ЗэIущIэ**

# Зэрызэдэлэжьэным

Мы махуэхэм КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид лэжьыгъэ IуэхукIэ IущIащ УФ-м и Президентым и Чэнджэщэгъу — УФ-м и Президентым и нэIэм щIэту лажьэ, цIыхухэм я хьэлэмэтхэр хъумэнымкIэ Советым и тхьэмадэ Федотов Михаил.

ЗэIущIэм деж щытепсэлъыхьащ Президент, хэгъуэгу Советхэм я зэдэлэжьэныгъэм. Хэгъуэгу Советыр КъЧР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ мы мазэм къызэрагъэпэщащ.

Федотов Михаил ди хэгъуэгум и Iэтащхьэм къыжриIащ хэгъуэгу Советым и зэфIэгъэувэныгъэмкIэ, зэлэжьыну Iуэхухэр гъэбелджылынымкIэ дэIэпыкъуэгъу зэрыхъунур.

КъаIэтащ цIыхухэм я хьэлэмэтхэр хъумэным епхауэ ди хэгъуэгум щылажьэ организацэхэм я лэжьыгъэ ухуэкIэм, властым, жылагъуэ организацэхэм зэрыдэлэжьэным хуэгъэза упщIэхэр.

# ЦIыхухэм я хьэлэмэтхэр хъумэным

**<u>Мы махуэхэм ди хэгъуэгум япэу щекIуэкIащ граждан жылагъуэм зиужьынымрэ цIыхум и хьэлэмэтхэр хъумэнымрэкIэ КъЧР-м къыщызэрагъэпэща Советым и зэIущIэр.</u>**

Советыр зэхашащ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и унафэкIэ.

Япэ щIыкIэ зэIущIэм хэтахэр хы ФIыцIэм и щыгум къыщыхъуа насыпыншагъэм хэкIуэдахэм я фэеплъу дакъикъэкIэ щымащ.

ЗэIущIэм хэтащ УФ-м и Президентым и нэIэм щIэт, цIыхухэм я хьэлэмэтхэр хъумэнымкIэ Советым и тхьэмадэ Федотов Михаил, Советым и лIыкIуэхэр. ЗэIущIэм къеблэгъащ КъЧР-м деж цIыхухэм, сабийхэм, хыхьэхэкIым хэтхэм я хьэлэмэтхэмкIэ Уполномоченнэхэр.

Советым и лэжьыгъэр къызэIуихащ Темрезов Рэшид. Абы фIыщIэ хуищIащ Федотов Михаил зэIущIэм къызэреблэгъам, иIэ Iуэху зэхэщIыкIымкIэ цIыхухэм зэрадэгуашэм папщIэ.

Темрезов Рэшид къыхигъэщащ КъЧР-м деж цIыхухэм я хьэлэмэтхэр хъумэнымкIэ Советыр ухуэным, абы хэтынухэр гъэбелджылыным ятеухуа Iуэхугъуэхэр гулъытэншэу цIыхубэм къызэрамыгъэнар, республикэм щыпсэухэм ар яфIэгъэщIэгъуэн зэрыхъуар. Ди хэгъуэгум и Iэтащхьэм къызэрилъытэмкIэ, ар и щыхьэтщ нобэ цIыхухэм граждан жыджэрагъ зэрахэлъым.

— Зы къалэнщ псоми диIэр — Урысей Федерацэм и Конституцэм и жыпхъэм дытету ди цIыхухэм я хьэлэмэтхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ тхъумэнращ. Хабзэхэр зыхъумэхэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр мыхьэнэ ин зиIэщи, солъытэ властым критикэ и лъэныкъуэкIэ ныкъусаныгъэ гуэрхэр зэрагъэбелджылым сэбэп къахьыну. УпщIэ ткIийхэми къапыткIухьынукъым, абыхэм я жэуапхэри къэтлъыхъуэнущ. ЦIыхум и хьэлэмэтхэм ебакъуэ дэтхэнэри къыщIэгъэщыпхъэщ, хуэфащэ жэуаплыгъи егъэхыпхъэщ. Ахэр къыщIэгъэщынымкIэ Советым куэдкIэ дыщогугъу, — жиIащ Темрезов Рэшид.

Советым и лэжьыгъэр теухуауэ щытынущ властымрэ цIыхубэмрэ зэдэлэжьэным, цIыхубэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр зэфIэхыным.

Федотов Михаил и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ кхъухьлъатэ къехуэхам хэкIуэдахэм зэрахуэщыгъуэр. Псом хуэмыдэу, Глинкэ Елизаветэ къытеувыIащ. ЖиIащ а бзылъхугъэр цIыхухэм я хьэлэмэтхэр хъумэнымкIэ Советым и лIыкIуэу зэрыщытар.

АдэкIэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ хэгъуэгу Советым и унафэщI АфIэунэ Татьянэ. Абы къыхигъэщащ Советыр зэраухуам IуэхуфI куэд къызэрыдэкIуэнур, цIыхухэм я сэбэп къыхэкIыну зэрыщыгугъыр.

**ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ**

**ХьэщIэщ**

# И хьэл-щэным текIкъым






***ЦIыхум и псэ лъащIэм и кууагъымрэ и дахагъымрэ къыпхуэлъытэнукъым, ауэ утепсэлъыхьыфынущ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъур, ар — гъащIэм езым щигъэувыжа хабзэ ткIийм тет цIыху къызэрымыкIуэу зэрыщытращ.***

Апхуэдэщ тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, политолог, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием востоковеденэмкIэ и Институтым и директорым и дэIэпыкъуэгъу Даур Рэмэзан Жэхьфэр и къуэр. Ар 1960 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 11-м Черкесск къалэм къыщыхъуащ. Инджылызыбзэм щыдихьэхам еджапIэм щIэс щIыкIэт икIи ар нэхъ кууэ зэриджыным хущIэкъут. Уеблэмэ область, край олимпиадэхэм мызэ-мытIэу хэтащ, увыпIэфIхэри къыщихьащ. ЖыпIэ хъунущ и гъащIэ гъуэгум ар куэдкIэ къызэрыщхьэпэжар…

Къалэм дэт зи № 9 курыт еджапIэр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, илъэситIкIэ дзэм къулыкъу щищIащ. Къулыкъум щыIэу, мурад ищIащ Дунейпсо ЗэхущытыкIэхэмкIэ Дзэ Институтым хамэбзэхэмкIэ и факультетым щIэтIысхьэну икIи и хъуэпсапIэр зригъэхъулIащ. Абдеж щеджэу, афган зауэр щыщIидзэм, институтым и унафэщIхэм къыхуагъэувауэ щытащ студентхэм зэдзэкIакIуэ нэхъыфIхэр къыхахыну. Рэмэзан абыхэм ящыщ зыуэ, зэдзэкIакIуэу, Афганистаным яунэтIащ. Апщыгъуэм адыгэ щIалэр езанэ курсырат зыхэсыр. Даурыр илъэситIкIэ хамэщIым щыIащ, зэхэуэ зэхуэмыдэхэм хэтащ. Абдеж лIыхъужьыгъэрэ хахуагъэрэ щызэрихьам къыхэкIыу, абы Совет Союзым «Вагъуэ Плъыжь» орденыр, Афганистаным — «Афганистан Демократическэ Республикэм и ЛIыхъужьым и Вагъуэр» къыхуагъэфэщащ.

ИужькIэ Москва къалэм къигъэзэжри, институтыр диплом плъыжькIэ къиухыжащ. АдэкIэ къэрал къулыкъу зэхуэмыдэхэм щылэжьащ.

(КIэухыр е 2-нэ напэм итщ)

Уэзэкъуэтмэ — улъэщщ!

# Черкес хэку

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

Черкесия

Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ
Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики

№№17-18 (13069-13070) 2016 гъэ, гъатхэпэм (мартым) и 5, щэбэт

Распространяется по подписке

И уасэр соми 3-щ.

**Бзылъхугъэхэм я Дунейпсо Махуэм**

***ЩIыхь зыхуэфащэ, пщIэ зыхуэтщI бзылъхугъэхэ!***

*Ди гум къыбгъэдэкIыу дывохъуэхъу гъатхэм и махуэщI нэхъ дахэмкIэ — бзылъхугъэхэм я Дунейпсо МахуэмкIэ!*

*Гъатхэпэм (мартым) и 8-м иджыри зэ лъэкIыныгъэ догъуэт фи фIылъагъуныгъэм, акъылыфIагъым, шыIэныгъэм, гуапагъэм фIыщIэ хуэтщIыну.*

*Мы зэманым фэ фефIакIуэу IэнатIэ куэдым фыпэрытщ, хэлъхьэныгъэшхуэ хувощI ди къэралышхуэм, фи псэм хуэфхь Къэрэшей-Черкесым я зыужьыныгъэм. Анэ гумахэу, сабийхэм фахуэсакъыу, унагъуэ жьэгур зыхъумэу, Iыхьлыхэмрэ къывдалъхуахэмрэ фазэрыкъуэтыр явгъэцIыхуу, абыхэм фаридэIэпыкъуэгъуу дунейм фытригъэт!*

*ГуащIэдэкIым фыпыщIауэ, унагъуэм илъ хабзэфIхэр фхъумэу — мы хьэлхэр Къэрэшей-Черкесым щыпсэу дэтхэнэ бзылъхугъэми къывобэкI, къыфщIэхъуа щIэблэм яхувохъумэ, яIэрыволъхьэ.*

*Дэтхэнэми гъатхэм хувиIэ гуращэр нэрылъагъу фхуищI, фи унагъуэхэм лъагъуныгъэр, зэIузэпэщыныгъэр, зэпIэзэрытыныгъэр щIимыхкIэ, узыншагъэ быдэ, насып дэтхэнэми къывит!*



**ТЕМРЕЗОВ Рэшид,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и**
**Iэтащхьэ къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ.**

**ИВАНОВ Александр,**
**КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ.**



*Темрезов Рэшид зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм, республикэм и Правительствэм хэтхэм. Къинэмыщ Iауэ, зэIущIэм хэлэжьыхьащ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр, федеральнэ инспектор Дральщиков Игорь сымэ.*

ЗэIущIэм къикIыу

## Iуэхугъуэ куэд къызэщIаубыдащ

Хэгъуэгу унафэщIым зэIущIэм хэтхэр щигъэгъуэзащ КъЧР-м и Iэтащхьэу трагъэхьэнур щагъэнэIуэну хэхыныгъэр къэсыхункIэ Темрезов Рэшид пIалъэкIэ а къалэнхэр зэригъэзэщIэнум теухуа Унафэм мы гъэм мазаем (февралым) и 27-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Iэпэ зэрыщIидзам. Хэхыныгъэр щекIуэкIынур мы гъэм фокIадэм (сентябрым) и 18-ращ. Республикэм и Конституцэм ипкъ иткIэрэ, КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) хэтхэр хэплъэнущ УФ-м и Президентым зи цIэ ириIуэну кандидатхэм.

КъинэмыщIауэ, Темрезов Рэшид зэрыжиIащи, КъЧР-м и Конституцэм и 69-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэрэ, УнафэкIэ щIэгъэбыдауэ, КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм щылажьэ, унафэщI IэнатIэ зыIыгъ, къэрал къулыкъу зыщIэхэмрэ Къэрэшей-Черкесым и къэрал властым и зыгъэзащIэ органхэм щылажьэхэмрэ пщэрылъ хуащI Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэр хахыхункIэ я къалэнхэр адэкIи ягъэзэщIэну.

УнафэщIхэми, властым и къудамэхэм хэтхэми республикэм и Iэтащхьэм унафэ яхуищIащ я лэжьыгъэм щIамычэу адэкIи ирагъэфIакIуэу лэжьэну.

— Хэхыныгъэхэм дызэрыхуэкIуэну пIалъэр къэслъытэкъым переходнэу. Абы къыхэкIыу федеральнэ къулыкъухэм ядэлажьэкIэрэ зыгъэзащIэ власть органхэми, щIыпIэ самоуправленэхэми я лэжьэкIэм кIэрамыгъэхуу, нэхъри ирагъэхъун хуейщ. Абы гулъытэ хэха хуэфщIыну фыкъыхузоджэ икIи фигу къызогъэкIыж унафэщI къэскIэ езым къегъэбыдылIа къулыкъу къалэнхэр зэримыгъэзэщIам къыхэкIыу жэуаплыгъэ зэрихьынур.

Илъэс къакIуэ щыIэнущ УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэм я хэхыныгъэ. Абы хуэкIуэу, ди пщэ илъщ цIыхухэм зыхуейр хахынымкIэ яIэ хуитыныгъэхэр къахуэздгъэпэщыну, республикэм жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытыныгъэр щытхъумэну, адэкIи республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр къызэдгъэпэщыну,—къыхигъэщащ пIалъэкIэ республикэм и Iэтащхьэм и къалэныр зыгъэзащIэм.

КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм, Правительствэм хэтхэм адэкIэ захуигъазэкIэрэ, Темрезов Рэшид яхуигъэнэIуащ хэгъуэгум и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэунэтIауэ власть къулыкъухэм зэфIахыпхъэ къалэн пажэхэр.

**(КIэухыр е 2-нэ напэм итщ).**



Зэдэлэжьэныгъэ

## Промышленностым зыкъегъэIэтын

Къэрэшей-Черкес Республикэмрэ промышленностым и зыужьыныгъэмкIэ Фондымрэ иджыблагъэ Москва деж зэдащIа зэгурыIуэныгъэм Iэпэ щIадзащ Темрезов Рэшидрэ Фондым и унафэщI Комиссаров Алексейрэ. Лэжьыгъэм хэтащ КъЧР-м промышленностымрэ энергетикэмрэкIэ и министр Аргун Мурат.

— ЗэгурыIуэныгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ ди республикэмкIэ, сыту жыпIэмэ Фондым дыдэлэжьэным лъэкIыныгъэ къыдитынущ республикэм и промышленнэ компанэхэр дгъэлэжьэнымкIэ, производствэщIэхэр къызэIутхынымкIэ, хамэ къэрал продукцэр дыдейхэмкIэ зэтхъуэкIынымкIэ.

КъЧР-м и промышленностым хуэлэжьэну проектхэм хэлъхьэныгъэ къыхуащIынущ. Къапщтэмэ, инвестиционнэ проектхэр пхырыдгъэкIыным къыдэкIуэнущ экономикэ зэпIэзэрытыныгъэр зэтетIыгъэныр,— жиIащ Темрезов Рэшид.

КъЧР-м промышленностымрэ энергетикэмрэкIэ и Министерствэм игъэхьэзыращ проектитIым ятеухуа лъэIу тхылъхэр. Проектхэр теухуащ промышленность псынщIэм — «Квест А», «Селена» компанэхэм. Проектхэр пхырыкIмэ, компанэхэм илъэси 7 пIалъэкIэ къратынущ дэIэпыкъуныгъэ щIыхуэ икIи ухуэныгъэщIэхэр ирагъэжьэнущ.

2016 гъэм республикэм и промышленностым и зыужьыныгъэм хуэгъэщIауэ лъэIу тхылъи 4 ягъэхьэзырынущ.

Фондымрэ КъЧР-мрэ зэдащIа зэгурыIуэныгъэм и фIыгъэкIэ республикэм и промышленнэ предприятэхэм дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтынущ, заужьынущ технологиещIэхэм, республикэм и экономикэм. КъинэмыщIауэ, зэгурыIуэныгъэм и унэтIыныгъэщ промышленностым епхауэ зи хыхьэхэкI Iуэхухэр езыгъэкIуэкIхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъунри.

КъЧР-м къыбгъэдэкIыу, зэрыжаIащи, зэдэлэжьэныгъэм хуэгъэщIа щытыкIэхэр къызэрагъэпэщыну хьэзырщ. ЗэгурыIуэныгъэм ипкъ иту зэхашэнущ лэжьакIуэ гупхэр (рабочие группы). Абыхэм хэтынущ организацэ зэхуэмыдэхэм къабгъэдэкIа лIыкIуэхэр. Псоми я къарур хуаунэтIынущ хэгъуэгум и промышленностым зыкъегъэIэтыным, зегъэужьыным.

Москва къалэ

## ЕхъулIэныгъэхэр

***Ерыскъы сату утыкум нэIэ тегъэтыным, зэхъуэкIыныгъэхэм игъуэу пэджэжыным теухуауэ иджыблагъэ Москва Правительствэ комиссым щригъэкIуэкIа зэIущIэм хэлэжьыхьащ Темрезов Рэшид, Урысейм и Правительствэм хэтхэр, хэгъуэгухэм я Iэтащхьэхэр.***

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ УФ-м мэкъуэш хъызмэтымкIэ и министр Ткачев Александр.

Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Темрезов Рэшид къытепсэлъыхьащ республикэм деж ерыскъы сату утыкум и щытыкIэм, хамэ къэрал ерыскъыхэкI, хьэпшыпхэр хэгъуэгум къыщыщIагъэкIахэмкIэ зэхъуэкIыныр мэкъумэш хъызмэтым и лэжьыгъэм къызэрыщагъэсэбэпым.

Темрезов Рэшид къызэрыхигъэщащи, ерыскъы бэзэрыр къапщтэмэ, сату увыпIэхэм я процент 70-р ялъос щIыпIэм къыщыщIагъэкIамкIэ сату зыщIэхэм. И нэхъыбапIэм, фIагъ лъагэ зимыIэ, хамэкъэрал продукцэм нэхърэ дыдейр къыхах зэрыхъуам, щытыкIэр иригъэфIэкIуащ.

Республикэм и мэкъумэш хъызмэтым и зыужьыныгъэр епхащ инвестицэ проектхэр ехъулIэныгъэкIэ зэрыпхырагъэкIым, абыхэм къадэкIуэу щIыпIэм къыщалэжьым гъуэгу зэригъуэтым. Мы гъэр къызэрихьэрэ мэкъумэш проектитIым къэрал дэIэпыкъуныгъэ ирагъэгъуэтынымкIэ унафэ къахьащ. Зы проектыр теухуащ псынщIэу зызыужь жыг хадэхэр гектар 260-м щыгъэкIыным. А проектым и зы Iыхьэщ пхъэщхьэмыщхьэ тонн мини 10 зыщIэхуэну хъумапIэ ухуэныр. ЕтIуанэ проектыр инвесторхэм ящтагъэххэщ. Ар теухуащ жылапхъэфIхэр къыщагъэщIыну логистическэ купсэ ухуэным. Абы техуэнущ сом мелуан 600, зы илъэсым жылапхъэ тонн мини 10 къитынущ.

КъинэмыщIауэ, пхырагъэкI лыпхъэ, гъэшыпхъэ Iэщхъуныгъэм, тхьэкIумэкIыхь, джэдкъаз, бдзэжьейхъуныгъэхэм теухуа проектхэр.

Урысей Федерацэм и хэгъуэгухэм еплIанэ увыпIэр Къэрэшей-Черкесым илъэс кIуам иубыдащ гуэдзхэкIыу, гуэдзхэкI-джэшхэкIыу къилэжьамкIэ. Апхуэдэ мэкъумэш къэкIыгъэу 2015 гъэм республикэм и гъавэгъэкIхэм ику иту зы гектарым центнер 43,9-рэ кърахащ.

Къэрэшей-Черкесым и мэкъумэш хъызмэтым зеужь. 2014 гъэм елъытауэ, 2015-м процента 5-кIэ хэхъуащ мэкъумэш ерыскъыхэкIыу къалэжьам. Къащта лъагапIэхэм къехын я мурадкъым мы гъэми республикэм и мэкъумэшыщIэхэр. Абы и щыхьэту 2016 гъэм и щIышылэ (январь) мазэм мэкъумэш продукцэу къалэжьар процент 11-кIэ нэхъыбэщ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу.**

**Мы махуэхэм Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ Министерствэм и коллегие.**

## Егъэджэныгъэм теухуауэ

Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) щIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, спортымкIэ, щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ, туризмэмкIэ и комитетым и тхьэмадэ Быж Исмел, къалэхэм, муниципальнэ къэхъугъэхэм егъэджэныгъэмкIэ и управленэхэм, къудамэхэм я унафэщIхэр, абыхэм я нэIэм щIэт IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэм деж КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и Министерствэмрэ Ищхъэрэ-Кавказ къэрал гуманитар – технологическэ академиемрэ сабий акъылыфIэ-зэчиифIэхэр здыщрагъэджэну еджапIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ зэрызэдэлэжьэнымкIэ зэгурыIуэныгъэ зэдащIащ.

КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и министр Кравченко Иннэ зэрыжиIамкIэ, зэгурыIуэныгъэр сэбэп хуэхъунущ хэгъуэгум щыIэ сабий акъылыфIэ-зэчиифIэхэр къыхэгъэщыным, абыхэм дэIэпыкъуныгъэ ягъэгъуэтынымрэ зайгъэужьынымрэ, заужьынымкIэ щытыкIэфIхэр къахузэгъэпэщыным, я щIэныгъэмрэ IэщIагъэмрэ здынэсыр республикэм и къэухьым деж щагъэлъэгъуэным.

— Сабий зэчиифIэхэм зайгъэужьыныр къэрал унафэщIхэм гулъытэ ин зыхуащIу, мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм ящыщу щытын хуейщ. Псалъэм папщIэ, къызэгъэпэщыпхъэщ икIи гъэзэщIэн хуейщ «Урысейм и сабийхэр» федеральнэ программэрэ абы и къуэдзэ «Сабий зэчиифIэхэр» программэрэ, — жиIащ министрым.

Коллегием деж къыщаIэта упщIэхэм ящыщщ: Урысей олимпиадэм и хэгъуэгупсо Iыхьэр республикэм деж зэрыщекIуэкIам и къэпщытэжыныгъэр; сабий ибэхэмрэ анэ-адэм я нэIэ щIэмыту къэна ныбжьыщIэхэмрэ здыщаIыгъ къэрал республикэ сабий Унэм илъэс блэкIам



и лэжьыгъэр къызэрызэригъэпэщар; РИПКРО-м илъэс блэкIам игуэщIар къэпщытэжыныр.

КъабгъэдэкIа жэрдэмхэр къыхалъытэкIэрэ, КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и Министерствэм и коллегием унафэм и проектыр наIуэ къащIащ.

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ.**

## Хабзэм ипкъ иту

2012 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 31-м нэгъунэ къэхъуа сабийхэм (е япIыну къащтахэм) иратын щIадзащ республикэ анэ гъэтIылъыгъэр (материнский капитал). Апхуэдэр зыхуагъэфэщэну сабийхэм я бжыгъэр 334-рэ мэхъу. Дэтхэнэми лъысынущ сом мини 105,5-рэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид (иджыпсту а къалэныр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм) и къыхэлъхьэныгъэкIэ, къащтащ зи №81-РЗ Хабзэр. Хабзэр мэлажьэ республикэ бюджетым къыхэкI ахъшэмкIэ. Абы ипкъ иткIэрэ, 2012 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м нэгъунэ сабий еплIанэу е абы кIэлъыкIуэу къэхъуам, (е япIыну къащтам) зэ тыгъуэ ахъшэу иратынущ сом мини 100 зырыз. Ар илъэс къэскIэ индексацэ ящIыж икIи нобэкIэ нэсащ сом мини 105,5-м.

2016 гъэм мы хабзэр лэжьэным республикэ бюджетым къыхухагъэкIынущ сом мин 35294,3-рэ.

**Ди корр.**

## ДэIэпыкъуныгъэ

УФ-м и Правительствэм и зэIущIэм къриубыдэу, УФ-м и МЧС-м и унафэщI Пучков Владимир сэтей къищIащ «2015 гъэм Къэрэшей-Черкес Республикэм щхьэщыкIа уэшхышхуэмрэ уэмрэ зэтракъутар гъэзэкIуэжыным кIэ УФ-м и Правительствэм и резерв фондым къыхэкIыу, КъЧР-м и Правительствэм бюджет ассигнованэ хухэгъэкIын» зи фIэщыгъэцIэ проектыр.

Проектым къриубыдэу, къутэныгъэ-зэгъэзэкIуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр социальнэ купсищым – еджапIитIымрэ зы сабий IыгъыпIэмрэ щрагъэкIуэкIыным хухагъэкIын я мурадщ ахъшэу сом 11485800-рэ.

Дигу къэдгъэкIыжыныщи, 2015 гъэм и накъыгъэ (май) мазэм и 30-м Адыгэ-Хьэблэ, Нэгъуей районхэм уэлбанэшхуэ щхьэщыкIащ. Абы и зэранкIэ, цIыхухэм я хэщIапIэ 900-м щIигъум псыдзэ щIэуащ, гъуэгухэм, социальнэ, экономикэ, мэкъумэш купсэхэми и зэран екIащ. Темрезов Рэшид и унафэкIэ, КъЧР-м и и къарукIэ зэхэкъутэныгъэхэр икIэщIыпIэкIэ ящIыжын щIадзауэ щытащ. Псыдзэр зыщIэуа хэщIапIэхэр зейхэм компенсацэ щхьэхуи хухахащ.

Пучков Владимир зэригъэнэIуамкIэ, проектым щыгъэбелджыла дэIэпыкъуныгъэр цIыхухэм сэбэп яхуэхъунущ уэлбанэм някъусаныгъэ къыхахар нэгъэсауэ зэтегъэпсыхьэжынымкIэ. УФ-м и Правительствэр проектым хэплъэкIэрэ, социальнэ мыхьэнэуэ иIэр къихылъытэри, арэзы техъуащ.

Адыгэ Республикэ

## Гулъытэм щыщщ

***Зауэ щекIуэкI Сирием къиIэпхъукIыу республикэм къэкIуэжахэм дохутырхэр еплъын хуейщ, уз зэрыцIалэ япкърытмэ къащIэн папщIэ.***

— Абы текIуэдэну ахъшэр узыншагъэр хъумэнымкIэ Министерствэм къиутIыпщыну къалэн зыщещIыж, езыхэм ар зэрахузэфIэмыкIынур, мылъку зэрамыIэр къыдгуроIуэри. Зы цIыхум ехьэлIа медицинэ хуэIухуэщIэм сом мини 3-м нэс хуозэ, – жиIащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Мерэтыкъуэ Рустем.

Мы гъэм и мазитIым республикэм къихьащ цIыху 18. Мы зэманым псори зэхэту Адыгэ Республикэм щыIэщ зауэм пэIэщIэ зызыщIа ди лъэпкъэгъу 860-м нэс.

Къуэш республикэхэм щыхъыбархэр

Абхъаз

## Гъатхэ нэщэнэ

***Республикэм и къэрал таможеннэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Квициние Ушанги зэрыжиIамкIэ, мазаем и кIэм ирихьэлIэу Абхъазым Урысейм къригъэшащ мимозэ тонни 130-м щIигъу.***

Мы гъэм мимозэр и чэзум къэгъэгъащ. А удз дахэм щыщу тонн мини 3,5-м щIигъу махуэ къэс Урысейм къашэ.

Мимозэр кIарцым ещхьщ, аращ «акация-серебристая» цIэри щIиIэр. Гъуей теплъэ зиIэ а къэкIыгъэр Азием и ипщэ-къуэкIыпIэм къращри Абхъазым щыхасауэ щытащ 1860 гъэм.

**Зыгъэхьэзырар АБИДОКЪУЭ Люсанэщ.**

Уэзкъуэтмэ — улъэщщ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

Черкесия

Газетыр къыдззыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики

№102 (13154) 2016 гъэ, дыгъэгъазэм (декабрым) и 24, щэбэт

Распространяется по подписке

И уасэр соми 3-щ.

*«1917-2017: уроки столетия» щхьэщIэдзапIэм щIэту XXV Рождественскэ егъэджэныгъэ екIуэкIащ. Абы хэтащ Къэрэшей-Черкесым и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр, Пятигорскрэ Черкесскрэ я архиепископ Феофилакт, Ищхъэрэ Кавказым щыпсэу муслъымэнхэм я координационнэ Купсэм и тхьэмадэ Бердиев хьэжы Исмэхьил, республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм и депутатхэр, динырылажьэхэр, нэгъуэщIхэри.*

*Властымрэ динымрэ*

## Дызэгъунэгъукъым, дызэдопсэу



ЗэIущIэр къызэIуихащ Иванов Александр.

— Илъэсищэ блэкIам дерс къыхэтхыпхъэщ. Нэхъыщхьэр — цIыхум фIэщхъуныгъэ хэлъын хуейщ. Ар дин зэрытым елъытакъым, сыту жыпIэмэ дэтхэнэми фIым, цIыхур фIыуэ лъагъуным укъыхуреджэ. Аращ дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэ лъэпкъ куэд здэпсэу Къэрэшей-Черкесым, зэры-Урысейуэ щытепщэ мамырыгъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ я лъабжьэ хъужыр, — жиIащ Иванов Александр.

Абы къыхигъэщащ ди хэгъуэгум и динырылажьэ пашэхэр сыт щыгъуи властым зэрыдэлажьэр, экстремизмэм пэщIэтыным, щIалэгъуалэр хэкупсэ-лъэпкъыпсэу къэгъэтэджыным ехьэлIауэ абыхэм лэжьыгъэ купщIафIэ зэрырагъэкIуэкIыр игъэбелджылащ.

— Дэ къыдгуроIуэ мы зэманым щIэблэр Хэкур фIыуэ ялъагъуу, щIэныгъэм хуэпабгъэу, ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ къулеймрэ дин зэрахьэмрэ щыгъуазэу къэгъэтэджыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Абы къыхэкIкIэ, Рождественскэ егъэджэныгъэхэр куэд щIащ хабзэ зэрыхъурэ икIи абыхэм цIыхухэм щIэныгъэрэ гуапагъэрэ къыхуахь, властри, динырылажьэхэри, цIыхухэри зы утыку кърешалIэ, ахэр зэдегъэлажьэ. Си гуапэщ мы Iуэху гуапэм хэлъхьэныгъэ гуэр дэри зэрыхуэтщIыр, — жиIащ Иванов Александр.

Пятигорскрэ Черкесскрэ я архиепископ Феофилакт и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ мы Iуэхугъуэм щIытепсэлъыхьыр илъэсищэ блэкIам уасэ хуащIыну зэрыармырар, атIэ дерс къыхахынращ.

— Тхыдэм уи унагъуэм хуэдэу ухущытын хуейщ — адэ-анэр щызэщыхьэ, сабийхэр щысымаджэ, хэхъуи, хэщIыныгъи щыдиIэ, Iуэху гуэр мытэрэзу щытщIи, гуапагъэ щыдлэжьи щыIэщ. Ауэ нэхъыщхьэр — ар ди унагъуэу зэрыщытыр къыдгурыIуэнращ. Апщыгъуэм деж ди Хэкум и тхыдэри къыдгурыIуэнущ — ар ди тхыдэщ, ар ди адэжь-анэжьхэм я тхыдэщ. Пэжщ, сыт хуэдэ Iуэхугъуэми гулъытэ хуэщIыпхъэщ, ауэ, апщыгъуэми, къуаншагъэр зыбгъэдэлъыр къэдмылъыхъуэу, атIэ ипэм "уIэгъэ" дгъуэтахэр зэрыдгъэхъужын хущхъуэ къэтлъыхъуэнращ, — жиIащ архиепископым.

Феофилакт къыхигъэщащ нобэ ди цIыхухэр — диным бгъэдэтри, ар зи фIэщ мыхъури, псори зэхуэдгъадэу, абыхэм я фейдэ зыхэлъ Iуэху зехуэн зэрыхуейр.

— Ди къэралым, ди къалэм, ди уэрамым папщIэ жэуаплыгъэ дохь. Ар къалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжын хуейщ. А уэрамым лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIа, дин зэмылIэужьыгъуэхэр зезыхьэ цIыхухэр щыпсэункIэ хъунущ, ауэ абы къикIкъым ахэр абдеж щыпсэуну хуимыту. Уеблэмэ, абыхэм дащыблэкIкIэ, дэтхэнэми гуапэу сэлам етхын хуейщ. Пэжщ, лъэпощхьэпохэр щыIэщ, ауэ ахэр дэдейщ. Уи гъунэгъур гугъуехь Iууамэ, уэри уIууэнущ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ республикэм и Парламентым лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIа, дин, щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зезыхьэ цIыхухэр зэрызэхишар, ахэр зэрызэлъыкъуигъэувар, — жиIащ Феофилакт.

Абы и къэпсэлъэныгъэм и кIэм къытеувыIащ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид Кавказскэ жылагъуэм дэт мэжджытым и гъунэгъуу щаухуа члисэщIэр къыщызэIуахым жиIауэ щыта псалъэхэм:

— «Дэ дызэгъунэгъукъым, атIэ дызэдопсэу». Мы псалъэхэмкIэ Темрезов Рэшид къиIуэтащ мыпхуэдэ утыку зэIухахэм, ди гур зэхуэкъабзэу къихауэ дызэрызэпсалъэм я фIыгъэкIэ сыт хуэдэ лъэпощхьэпори зэрызэфIэпхыфынур.

(КIэухыр е 2-нэ напэм итщ)

## ДяпэкIэ зэрызэдэлэжьэным

Иджыблагъэ Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ Уэз Аслъэн лэжьыгъэ IуэхукIэ УФ-м и Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъум и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу Субботин Павелрэ ФАС-м и Къэрэшей-Черкес Управленэм и унафэщI Уракчиев Iэминрэ яIущIащ.

Мыбдеж щытепсэлъыхьащ федеральнэ къулыкъумрэ КъЧР-м и властымрэ антимонопольнэ хабзэхэр гъэзэщIэнымкIэ зэрызэдэлэжьэну Iэмалхэм.

## МахуэщIхэр – къэхъукъащIэншэу

Илъэсыщ Iэ, Рождество махуэщIхэм хуэкIуэу Къэрэшей-Черкес Республикэм и район, къалэ къэскIэ гулъытэ нэхъыбэ щыхуащIынущ къагъауэ хьэпшыпхэр (пиротехникэ) къызэрагъэсэбэпым нэIэ ткIий тегъэтыным.

Абы теухуауэ щытащ иджыблагъэ КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Уэз Мурат иригъэкIуэкIа зэIущIэр. Лэжьыгъэм хэтащ республикэм къызэрымыкIуэ къэхъукъащIэхэмрэ мафIэс шынагъуэншагъэмкIэ и комиссэр.

Комиссэм хэтхэр тепсэлъыхьащ ИлъэсыщIэ, Рождество махуэщIхэр мыхъумыщIагъэ къэмыхъуу, шынагъуэншэу егъэкIуэкIынымкIэ зэфIэхыпхъэ Iуэхухэм. Ахэр зи пщэрылъ къулыкъухэр ягъэнэIуащ, унафэ щхьэхуэхэр хуащIащ. Абыхэм ящыщщ: цIыху куэд щызэхыхьэ щIыпIэхэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыныр, илъэсыщIэ джэгухэр щекIуэкIыну пэшхэм мафIэс шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыныр, пэш кIуэцIхэм деж къагъауэ хьэпшыпхэр, фейерверкхэр къамыгъэсэбэпыным нэIэ тегъэтыныр, нэгъуэщIхэри.

ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ

*Мы махуэхэм Къэрэшей-Черкес Республикэм и премьер-министр Уэз Аслъэн иригъэкIуэкIа правительствэ зэIущIэм упщIэ 12-м щыхэплъащ.*

## УпщIэ куэдым хэплъащ

Министрхэм къащтащ «Об установлении в Карачаево-Черкесской республике размера предельной величины среднедушевого дохода для предоставления бесплатных социальных услуг на 2017 год» Унафэм и проектыр. Арэзы техъуащ «Развитие физической культуры и спорта в Карачаево-Черкесской Республике на 2017-2020 годы» къэрал программэм и проектым и Унафэм. КъЧР-м физкультурэмрэ спортымрэкIэ и министр Узденов Рэшид зэрыжиIамкIэ, мы программэр ягъэзащIэкIэрэ физкультурэмрэ спортымрэкIэ загъэсэным цIыху нэхъыбэ къыхашэфынущ. КъинэмыщIауэ, спортсменхэм ехъулIэныгъэфIхэр къагъэлъэгъуэным сэбэп хуэхъунущ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «О мерах по обеспечению реализации подпрограммы «Выполнение государственных обязательств по обеспечению жильем категорий граждан, установленных федеральным законодательством» федеральной целевой программы «Жилище» на 2002-2010 годы на территории Карачаево-Черкесской республики» проектым и Унафэм, абы зэхъуэкIыныгъэ зэрыхалъхьэныр ягъэбелджылащ.

КъЧР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр НэкIухъу Алий зэрыжиIамкIэ, мы дэфтэрым ипкъ иту Подпрограммэр щагъэзэщIэну пIалъэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьэнущ.

Мы махуэм министрхэр хэплъащ ухуэныгъэм, туризмэм, лъэпкъ зэхущытыкIэхэм теухуа дэфтэрхэм.

ЩОХЪУЖЬ Люсанэ

## Iуэхухэр зэлъэщIагъэхьэ

**Ставрополь КIэнауэ Иным телъ лъэмыжыр, «Лермонтов-Черкесск-Ударнэ жылагъуэм хуэкIуэу» зи фIэщыгъэцIэ гъуэгур мы гъэм зэхуащIыри, зэгъэззэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр щекIуэкIащ.**

Лъэмыжыр щаухуа 1963 гъэм лъандэрэ зэгъэззэхуэжыныгъэ лэжьыгъэ иращIылIатэкъым. Лэжьыгъэхэр щекIуэкIащ гъуэгум щыщу километр 14,4-м.

Иджыблагъэ Ставрополь КIэнауэ Иным телъ лъэмыжым и зы лъэныкъуэр зэIуахыжащ. Илъэсым и кIэм нэгъунэ псори зэлъэщIагъэхьэу, лъэмыжым и къару щызу лажьэу яутIыпщыжын я мурадщ.

Ди корр.

**Мы гъэм екIуэкIа, техническэ унэтIыныгъэ зиIэ Iуэхугъуэхэр къапщытэжа нэужь, абыхэм нэхъ жыджэру, гуащIафIэу хэта ныбжьыщIэхэр наIуэ хъуащ икIи я цIэ щраIуащ, ЩIыхь тхылъхэмрэ Черкесск къалэм и мэрым и саугъэт-ахъшэ фIыщIапщIэхэмрэкIэ къыхагъэщащ къалэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм деж. Апхуэдэ щIыхьыр къалъэщащ къалэм щыIэ курыт еджапIэ зэхуэмыдэхэм я еджакIуэ 15-м.**

щIэгъуэн.

Анэ-адэхэм къабгъэдэкIыу фIыщIэ псалъэхэри жаIащ. Абыхэм къыхагъэщащ зэчий зыхэлъ сабийхэм мэрием и гулъытэрэ саугъэтхэмрэ сыт щыгъуи зэрагъуэтыр, абы нэхъы-

*ЩIалэгъуалэ*

## Мэрым и саугъэтым



ЖыIэпхъэщи, 2015 гъэм щегъэжьауэ, къалэм и мэр Тамбиев Руслан и жэрдэмкIэ кърахьэжьа Iуэхугъуэ-фIым ипкъ иту илъэсым и кIуэцI олимпиадэхэм, зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм хэтахэм, бжьыпэр щызубыдахэм гъэм и кIэм хуагъэфащэ мэрым и саугъэтыр. Апхуэдэ Iуэхугъуэм къызэщIрагъэубыдэ илъэси 7-м щегъэжьауэ илъэс 18-м нэс зи ныбжьхэр.

—Илъэс етIуанэ хъуауэ апхуэдэ саугъэтыр яхудогъэфащэ. Нэгъабэ нэрыбги 5-мэ ар къэзылъэщар, мы гъэм нэрыбгэ 15-м къахьыфащ. Си гугъэмкIэ, дяпэгъэ нэхъыбэж хъунущ. Хуабжьу си гуапэщ си нобэрей къалэныр—Тамбиев Руслан и унафэкIэ щIыхь тхылъхэр ястыныр. Сом мин 20 зырыз ахъшэ фIыщIапщIэр дэтхэнэми и ахъшалъэ карточкэм хуэдгъэкIуагъэххэщ, — жиIащ Черкесск къалэм и мэрым и къуэзэ Хаджиголовэ Розэ.

Мы гъэм мэрым и саугъэтыр зылъысахэр: зи №3 курыт еджапIэм щеджэ Четвертнов Егоррэ Карпухин Артемрэ, зи №5 гимназием щеджэ Иванов Петррэ Тыкъуэ Амалрэ, зи №6 курыт еджапIэм и еджакIуэ Бражников Александррэ Шевченко Максимрэ, зи №8 курыт еджапIэм и еджакIуэ Орлов Александр, зи №9 гимназием и еджакIуэ Евдокимов Максимрэ Джемакулов Рафаелрэ, зи №13 гимназием щеджэ Ярошенко Илья, зи №10 курыт еджапIэм щеджэ Кущетеров Альберт, зи №15 лицейм и еджакIуэ Байрамуковхэ Расулрэ Анзоррэ, зи №18 гимназием и еджакIуэ Помоз Дмитрий, зи №19 гимназием щеджэ Рычагов Алексей сымэ.

НыбжьыщIэхэм зэрыжаIащи, къыхуагъэфэща саугъэтхэм, къыхуащIа гулъытэм лъагапIэщIэхэм нэхъри трагъэгушхуэ икIи псалъэхэм я щыхьэту мэрым хуагъэфэщащ езыхэм я IэкIэ ящIа фэеплъ саугъэт гъэбэжым зэрытригъэгушхуэр.

— Нобэ мэрым и саугъэтыр къызыхуагъэфэща еджакIуэхэр илъэс бжыгъэфI хъуауэ техническэ щэнхабзэм дихьэхыу, къэгъэщIыным, къэхутэным емышыжу пылъщ. Iуэху псынщIэкъым ар. Зыхуейр къагъэщIыным нэсыхункIэ, яухуахэр ягъэунэхукIэрэ, яфIокъутэж, къытрагъэзэжри къагъэщIыж… Иужьрей илъэситIым къриубыдэу ныбжьыщIэхэр хэтащ еджапIэ, къалэ, республикэ, хэгъуэгукIуэцI зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм, и нэхъыбэми бжыпэхэр къахьурэ къыхэкIыжащ, — жиIащ "Техник ныбжьыщIэм и Станц" зи фIэщыгъэцIэ еджапIэм и унафэщI Уманский Андрей.

ЖыIэпхъэщи, техническэ щэнхабзэмкIэ зыщауж кружокхэм, еджапIэхэм, Станцым псори зэхэту еджакIуэ миным щIигъу йокIуалIэ. Абыхэм ящыщу нэрыбгэ 452-р Станцым и гъэсэнщ.

ТУАРШЫ Ирэ

*Мэкъумэш хъызмэт*

## ЕхъулIэныгъэр нэхъыбэщ



УФ-м мэкъумэш хъызмэтымкIэ и Министерствэм къуажэхэм я зыужьыныгъэмкIэ и Департаментым и унафэщI Свеженец Владимиррэ КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ Байчоров Елдаррэ Москва къалэм щызэIущIащ.

Байчоров Елдар къытепсэлъыхьащ «Устойчивое развитие сельских территорий» зи фIэщыгъэцIэ программэр республикэм зэрыщылажьэм, мэкъумэш хъызмэтым игъуэт дэIэпыкъуныгъэм. Къэрал дэIэпыкъуныгъэм и фIыщIэкIэ Къэрэшей-Черкес Республикэм деж Iэщ хъуныгъэми, мэкъумэш къэкIыгъэхэр гъэкIынми зэрызыщаужьыр къыхигъэщащ.

—Социальнэ политикэр фIыуэ зэрылажьэм къыпэкIуэу къуажэхэмрэ жылагъуэхэмрэ псэукIэр щефIэкIуащ. Абы и щыхьэтщ мыпхуэдэ щытыкIэхэр: унагъуэщIэхэр, къуажэхэм щылэжьэну къэзыгъэзэж IэщIагъэлIхэр псэупIэкIэ къызыдогъэпэщ, щIыуэпс гъуэзыр, псыр къуажэхэм тыншу яIэрохьэ, гъуэгухэр, социальнэ псэуалъэхэр куэду доухуэ, нэгъуэщI Iуэхухэри щокIуэкI, — жиIащ Байчоров Елдар.

Апхуэдэу, программэр зэрылажьэрэ, КъЧР-м щаухуащ, лажьэу яутIыпщащ щIыуэпс гъуэз кIуапIэ километри 188-м нэс, псы кIуапIэу—километри 143-м нэс, фельдшер-акушер пункту — 14. Я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуащ республикэм щыпсэу нэрыбгэ 1879-м, абыхэм ящыщу 481-р унагъуэщIэ, къуажэхэм щылажьэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэщ. УхуэныгъэщIэхэм щыщщ спорт утыкухэр. Абыхэм къызэщIаубыдэ метр зэбгъузэнатIэ 4500-рэ. КъинэмыщIауэ, 2017 гъэм Прикубан районым хыхьэ Холоднородниковскэ жылагъуэм дащIыхьынущ еджакIуэ 260-м ятегъэпсыхьа курыт еджапIэщIэ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ мэкъумэш хъызмэтым и зыужьыныгъэм и кIуэрабгъущIэхэм, 2017 гъэм ящIэнухэр ягъэнэIуащ.

Свеженец Владимир къыхигъэщащ республикэм и мэкъумэш хъызмэт зыужьыныгъэр, СКФО-м и хэгъуэгухэм деж Къэршей-Черкесым бжьыпэр зэрыщиIыгъыр.

ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ

*УФ-м щэнхабзэмкIэ и Министерствэм программэщIэ къигъэщIащ къуажэхэм, жылагъуэхэм щэнхабзэмкIэ Унэхэр дэщIыхьыным хуэгъэзауэ.*

*Къэрал программэ*

## Щэнхабзэ IуэхущIапIэщIэхэр

2017 гъэм федеральнэ бюджетым къыхэкIыу а Iуэхум сом мелард 1,5-рэ хуаунэтIынущ. УФ-м и Къэрал Думэм къыщыпсалъэу, ар щыжиIащ УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр Мединский Владимир.

Министрым къызэрыхигъэщамкIэ, мы программэр къагъэщIыным ипэкIэ, щэнхабзэмкIэ Министерствэм хэгъуэгухэм я Iуэху зэхэщIыкIыр щIиплъыкIащ.

«Къуажэхэм щыдащIыхьыну щэнхабзэмкIэ Унэхэр здыщаухуэнур мы IуэхумкIэ лъэпощхьэпо куэд здэщыIэ, апхуэдэ IуэхущIапIэхэр мащIэ дыдэу здэщыт, зи бюджетыр цIыкIу хэгъуэгухэм дежщ», — етх «Интерфакс»-м.

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и унафэкIэ, ди хэгъуэгум щэнхабзэмкIэ и Министерствэри мы программэм зэрыхыхьэнымкIэ тхыгъэ къыбгъэдэкIащ. Субсидие къызыратыну хэгъуэгуи 10-р: Къэрэшей-Черкес, Дагъыстан, Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш, Ищхъэрэ Осетие-Алание, Тыва республикэхэр, Ставрополь край, Омск, Тульскэ, Ростов областхэр къыхахащ. Дэтхэнэми сом мелуани 150-рэ къыхухагъэкIынущ.

Программэм къызэригъэувымкIэ, 2017 гъэм и кIэм нэс къуажэхэм щэнхабзэмкIэ Уни 100-м зэрынэхьэсу дащIыхьынущ.

НобэкIэ ди хэгъуэгум щэнхабзэмкIэ IуэхущIапIищым щолэжь. Апхуэдэщ, Хъурзыгу, Псыжь къуажэхэм щыдащIыхьхэр, Куэш-Хьэблэ къуажэм дэтыр зэрызэрагъэзэхуэжыр.

АБИДОКЪУЭ Люсанэ

**Адыгэ унагъуэ къэс – адыгэ газет!**

*Ди республикэм, ди хэгъуэгум, ди къэралым щекIуэкI къэхъукъащIэхэм я хъыбар къыфIэрыхьэну, ди лъэпкъым и тхыдэм, IуэрыIуатэм, щэнхабзэм, нобэрей и псэукIэм щыгъуазэ зыхуэфщIыну фыхуеймэ, къыщIэфтхыкI «Черкес хэку» газетыр!*

*КъыщIэтхыкIыгъуэ пIалъэр иухыным махуэ зыбжанэщ къэнэжар*

**ФепIэщIэкI!**

Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

Уэзэкъуэтмэ — улъэщщ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

Черкесия

Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и Цыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики

№№73-74 (13125-13126) 2016 гъэ, фокIадэм (сентябрым) и 17, щэбэт

Распространяется по подписке

И уасэр соми 3-щ.

*ФокIадэм (сентябрым) и 20-р адыгэ (черкес) лъэпкъым и Махуэу догъэлъапIэ. Илъэсищ ипэ а Iуэхур ДАХ-м къыхилъхьауэ щытащ. Ди лъэпкъыр зэзышэлIэж а IэмалыфIым теухуауэ псалъэмакъ зэхуэмыдэхэр йокIуэкI. Ауэ, хьэкъыр зыщ – ди лъэпкъ бэшэчым, апхуэдиз гуауэ зыгъэвам, пщэдей махуэм мафIэхъ гурыфIыгъуэ мыхъумэ химылъагъуэжу зэрыдунейуэ зэбгырыдзауэ хамэ лъэпкъхэм яхэкIуэдэжым, нэкъыфIэщI гугъэ дахэхэми къару къахелъхьэ. А нэкъыфIэщI гугъэхэр, дызэIусэ тфIэщIхэр нэхъри IукIуэтыху, абыхэм дакIэлъыкIуэтэху, зым и пIалъэр йокI, адрейм и къарур щIокI, ещанэм и блэкIамрэ къэкIуэнумрэ фIызэIэпокI... Тхьэм гущIэгъу къытхуищI!*

*ИтIани, Тхьэм и фIыщIэкIэ, ди лъэпкъ къутахуэм ноби къыхокI дызэрыгушхуэ, ди щхьэр ину дэзыгъэлъагъуж, дызэрымыкIуэдыжыпар зэхыдэзыгъащIэ цIыхухэр. Абыхэм, нэпцI мыхъуу, нахуэу гугъэ къыдат иджыри лъэпкъыпсэр зэрыпытымкIэ, нэхъ зызыужьахэм дызэремыфэгъуэкIымкIэ ди гукъыдэжыр къаIэтыж...*

*Дызэрыгушхуэ ди лъэпкъэгъу псори мы газет къыдэкIыгъуэм зэрытедмыдзэфам къыхэкIыу, гукъанэ къытхуэвмыщIыну ди щIэджыкIакIуэхэми зыфхудогъазэ!*

№112



БЕШТОКЪУЭ Хьэбас

*Зэм-зэм мо къуршхэм сащыхэплъэм,*
*Къызыщызгъэхъухэу къупщхьэ Iэтэу,*
*БлэкIа ди тхыдэм гуауэу хэлъым*
*Я ныбжьу пшэжьхэр нэщIаIэтэ.*

*Зэгуэрым пхъэи, къупщхьи мэщыр,*
*Жэщ бзаджэр блокIри — нэху мэщыж.*
*Къурш лъапэм Iуэхухэр щызэпэщщи,*
*Къурш дзажэм гуауэ дэмылъыж.*

*ФIыщ нэхэр къуршкIэ бгъэнщIыжыну,*
*Я дзакIэ псори къэсплъыхьащ:*
*ИгъащIэ псокIэ мыщыжыну*
*Къуршыжьхэр дилъкIэ япсыхьат.*

**РСФСР-м щIыхь зиIэ и юрист, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и Iуэхузехьэ Къалмыкъ Юрэ и цIэр Урысейм и мызакъуэу, нэгъуэщI къэралхэми фIыуэ къыщацIыху. Ар цIэрыIуэ ищIащ къэрал лэжьакIуэшхуэу зэрыщытам. 1989 гъэм СССР-м и Ищхьэ Советым хагъыхьа нэужь, къэралым и политикэ гъащIэм жыджэру хэт хъуащ.**

КъЧР

## Адыгэм къытхэкIа цIыхушхуэ



Ар Черкесск къалэм дэт медучилищэм щеджащ, иужькIэ юрист IэщIагъэр нэхъ къыхихри, Ленинград дэт университетым абы хуеджащ. Университет нэужьым и щIыналъэм къигъэзэжри, Хьэбэз цIыхубэ хьэкумыщIэм и стажеру, иужькIэ судьяуэ лэжьащ. И щIэныгъэм нэхъри хигъэхъуэн и мураду, ар Саратов дэт юридическэ институтым и аспирантурэм щIотIысхьэж, итхыу щIедзэ щIэныгъэ мыхьэнэ зиIэ тхыгъэхэр. Мис абыхэмкIэ къыщIедзэ Къалмыкъ Юрэ щIэныгъэм, къэрал, бэдаущ гъащIэм зэрыхыхьа япэ лъэбакъуэхэр. 1963 гъэм юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат, 1971 гъэм — доктор мэхъу, граждан хуитыныгъэхэмкIэ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм хабжэ. ЩIэныгъэм зэрыхэлэжьыхьым къыдэкIуэу, егъэджакIуэу щолажьэ зэджа институтым. И ныбжьыр илъэс 34-рэ нэхъ мыхъуауэ адыгэ щIалэр нэхъапэ егъэджакIуэщ, иужькIэ доцентщ, профессорщ, граждан хуитыныгъэхэмкIэ кафедрэм и унафэщIщ икIи и щIэныгъэкIэ, и лэжьыгъэкIэ къэралым и юрист лъэщхэм ябгъэдоувэ.

Абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ монографие пщIым, щIэныгъэ тхыгъэ 200-м щIигъу. Абыхэм я фIыщIэкIэ Къалмыкъ Юрэ къыфIащащ «РСФСР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Урысей ФедерацэмщIыхь зиIэ и юрист» щIыхьыцIэхэр, хахащ хъыбархэмрэ технологиемрэкIэ Дунейпсо академием и действительнэ члену. Политикэм хыхьа нэужьи щигъэтакъым и егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэр. Ар къыщопсалъэ зэпыт щIэныгъэ конференцхэм, зэIущIэ зэхуэмыдэхэм, лекцэ гъэщIэгъуэнхэми къоджэ. Абы и унафэм щIэту къыдокI тхылъитI. 1995 гъэм частнэ правэмкIэ Урысейпсо еджапIэ къыщыхъум, абы жыджэру дэлажьэу щIидзащ, иужькIэ и унафэщI ящIащ.

Къалмыкъ Юрэ Саратов щигъэкIуа илъэсхэм лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэм пэрытащ. 1989 гъэм и лэжьэгъуэхэм СССР-м и Ищхьэ Советым и депутатхэм и кандидату къагъэлъагъуэ.

АпхуэдизымкIэ цIыхушхуэхэр къыпэщытати, партым и обкомыр абыхэм я телъхьэу къэувати, куэдым я фIэщ хъуакъым Кавказым щыщ адыгэ щIалэр пхыкIыну. Ауэ хэхыныгъэхэм къагъэлъэгъуар гъэщIэгъуэнщ — цIыху къызэрыкIуэхэм я нэхъыбапIэм Iэ зыхуаIэтар Къалмыкъ Юрэт. Мис абдеж къыщыщIидзащ и къэрал, бэдаущ лэжьыгъэшхуэри.

**(КIэухыр е 2-нэ напэм итщ)**

## Адыгэхэм къытхужаIахэр

*Дунейпсо тхыдэм и япэ лъэбакъуэхэм къыдэбжэ лъэпкъщ черкесхэр. Абыхэм я тхыдэр апхуэдизкIэ жыжьэ къыщожьэри, ахэр Китайм, Египетым е Персием фIэкI зэбгъапщэ хъун гъуэтыгъуейщ; черкесхэм ялъытауэ адрей лъэпкъхэр тхыдэм и гъуэгуанэ кIыхьым щытехьар дыгъуасэ хуэдэщ, ныбжькIэ абыхэм къапэхъун лъэпкъ зыбжанэщ дуней псом тетыр, ахэр лъэпкъ псоми йофIэкI тхыдэм къыщакIуа гъуэгуанэмкIэ — зы лъэхъэни къэхъуакъым черкесхэр хамэ лъэпкъ гуэрым и IэмыщIэ щилъа. Зауэм къыщыхагъэщIаи, бгыхэмрэ псыхъуэ зэвхэмрэ быдапIэ ящIын хуей щыхъуаи, езыхэм бжыгъэкIэ къебэкI зэрыпхъуакIуэхэм къыщыпикIуэтаи къэхъуащ ахэр, ауэ зы щIэблэ ныбжь нэхърэ нэхъыбэкIэ ахэр хамэ унафэщI щыщIэта зэи къэхъуакъым, я бийхэм я IэмыщIэ зралъхьакъым.*

**ГЛИСОН и журнал (Лондон, 1854 гъэ)**

КъБР

**КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Елгъэр Кашиф и къалэмыпэм къыщIэкIащ зи пщIэмрэ зи мыхьэнэмрэ лъагэ тхыгъэ купщIафIэ куэд – усыгъэхэр, рассказхэр, повестхэр. Ахэр гъащIэмрэ зэманымрэ я пэжыпIэкIэ, гупсысэ куукIэ гъэнщIащ.**

## Жэщ дыгъэ



Елгъэр Кашиф Мысост и къуэр 1935 гъэм жэпуэгъуэ мазэм и 10-м Щхьэлыкъуэ къыщалъхуащ. Къуажэ еджапIэм и ужькIэ 1955 – 1960 гъэхэм Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературэ институтым (Москва) щеджащ. Ар къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр телестудием, «Ленин гъуэгу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым щылэжьащ. 1970 гъэм щегъэжьауэ 2013 гъэ пщIондэ щыIащ «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэм – абы и къудамэм и унафэщIу, жэуап зыхь секретару, редактор нэхъыщхьэу.

Елгъэрым и усэхэр дунейм къыщытехьар 1955 гъэращ - и япэ тхылъыр («Дыгъэр къыщыщIэкIым») 1958 гъэм къыдэкIащ. Абы лъандэрэ Налшыки Москваи щытрадзащ и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ 26-рэ. Апхуэдэхэм ящыщщ «Гъуэгу щхьиблыр щызэхэкIым», «ЩIэдзапIэ», «ГугъапIэ», «Псыгуэж», «Пщэдджыжь хьэщIэ», «Ухеймэ, улъэщщ», «Бгыхэм я жьауэ», «ЩIым и набдзэ», «Лъэужьхэр», «Песня у водопада», «В долине нарзанов», «Ночное солнце» тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. 1988 гъэм къыдэкIащ Елгъэр Кашиф и «Щыуагъэ» романыр. Апхуэдэу тхыгъэ мащIэ къыщIэкIакъым Кашиф и Iэдакъэм – уси, расскази, повести, романи. Абыхэм ящыщ зыи лъэужьыншэ хъуакъым, ди литературэр зыгъэбжьыфIэ, абы лъэбакъуэщIэ езыгъэча, и пщIэр лъагэ зыдэхъуа тхыгъэ купщIафIэщ ахэр.

Елгъэр Кашиф адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ нэгъуэщI лъэпкъ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ куэд. Аращ КъурIэн лъапIэмрэ Мухьэмэд бегъымбарым и гъащIэмрэ и IуэхущIафэхэмрэ теухуа тхылъымрэ адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIари. Елгъэрым и усыгъэ куэди къыдэкIащ нэгъуэщI лъэпкъхэм я бзэкIи.

— Кашиф къызыхэкIа унагъуэр Щхьэлыкъуэ нэхъ пщIэ, нэмыс щызиIахэм ящыщщ. Абы и адэ Мысост фIыуэ зымылъэгъуа ди къуажи уеблэмэ Кэнжэ, Шэджэм жылагъуэхэми дэсагъэнкъым. ЛэжьакIуэжьу, цIыху щабэрэ гуапэу, лIыжь Iущрэ чэнджэщ щхьэпэкIэ жумарту ар жылэм ягу къинащ. Абы и къуэхэри – Хьэчими Кашифи – я адэм ещхь хъужащ. Нобэ зи гугъу тщIыр Кашифщи, щхьэлыкъуэдэсхэм ар фIыуэ ялъагъу жыпIэныр мащIэ сфIощI, апхуэдизу пщIэ, нэмыс, щIыхь къыхуащIри. Езыри жылэм папщIэ и щхьэфэр лъэгущIыхь ищIынущ жыхуаIэм хуэдэщ: гуфIэгъуэ зиIэм деIэт, зи пщIантIэ нэщхъеягъуэ дэлъым дощыгъуэ, - жеIэ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Мэзыхьэ Борис.

Ди литературэм, журналистикэм, щэнхабзэм щиIэ фIыщIэм папщIэ Елгъэр Кашиф къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэхэр. «Зэныбжьэгъугъэ» орденыр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр кърататщ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ**

КъБР

## ЩIэныгъэм и гуащэ



Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Дунейпсо Адыгэ Академием и академик Бэчыжь Лейла и цIэр ди адыгэ щIыналъэми, нэгъуэщI къэралхэми щыпсэу адыгэхэм фIыуэ ящIэр. Абы и щхьэусыгъуэр нэгъуэщIкъым – адыгэ IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ джынымкIэ, ди лъэпкъ усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ я IэдакъэщIэкI тхыгъэхэм уасэ тэрэз хуэщIынымкIэ, литературэ лэжьыгъэм зэзытын зи гугъэ щIэблэщIэр гъуэгу тэрэз тегъэхьэнымкIэ а бзылъхугъэм илэжьар мащIэкъым. А псори абы щIыхуэзэфIэкIар, лъэзыгъэкIар анэдэлъхуу иIэ зэчиймрэ сыт хуэдэ гугъуехь хуэмызами къахуимыкIуэтурэ зригъэгъуэта щIэныгъэшхуэмрэщ.

Адыгэ литературэм и тхыдэтх икIи критик цIэрыIуэ, дунейпсо Къандур саугъэтым и лауреат Бэчыжь Лейла Iэбубэчыр и пхъур, 1929 гъэм и май мазэм Хьэбэз районым хыхьэ ПсэукIэ-Дахэ къуажэм къыщалъхуащ. Ди республикэм и къалащхьэ Черкесск дэт лъэпкъ еджапIэ-интернатыр къиуха нэужь, Лейла Ленинград дэт къэрал университетым и филологие факультетым щеджащ, абдеж ищхьэ щIэныгъэ игъуэту къызэригъэзэжрэ, Къэрэшей-Черкес къэхутакIуэ институтым щолажьэ, IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ я секцэм и унафэщIщ. Абы къыдэкIуэу, 1983 гъэм къыщыщIэдзауэ Къэрэшей-Черкес пединститутым и литературэ кафедрэм и профессорщ, иужьрей зэманым – ди республикэм и тхакIуэхэм я Союзым и пашэщ.

Бэчыжь Лейла и Iэдакъэм къыщIэкIыу япэ дыдэ дунейм къытехьауэ щытар «Шэрджэс литературэм и тхыдэм и напэкIуэцIхэр» тхыгъэращ. Ауэ ар тхылъ щхьэхуэу къыдэкIыным ипэкIэ, Лейла къыщигъэсэбэпауэ щытащ 1957 гъэм Мэзкуу къалэм щекIуэкIа, адыгэ литературэмрэ гъуазджэмрэ я Махуэм къыщищIа докладым.

**(КIэухыр е 2-нэ напэм итщ)**

АР

## Илъэхъан ицIыфышхуагъ

АР-м инароднэ тхакIоу, шIэныгъэлэжь-нартоведэу, АМАН-м иакадемикэу ХьэдэгъэлIэ Аскэр Мыхьамодэ ыкъор къызыхъугъэр Iоныгъом илъэс 94-рэ мэхъу. Адыгеим имызакъоу, Кавказым ыкIи Урысыем, IэкIыб къэралхэу хэхэс адыгэхэр зыщыпсэухэрэм итворческэ лэжьыгъэкIэ А. ХьэдэгъалIэр щызэлъашIагъ. ЛIыхъужъ эпосэу «Нартхэр» адыгэ лъэпкъым фиухъумагъ, ащкIэ лъэпкъ культурэр, анахьэу литературэ (фольклор) хъарзынэщыр лъэшэу ыгъэпытагъ ыкIи ыгъэбаигъ.

Аскэр цIыфышIугъ. ИгъэпсыкIэ-шIыкIи, изекIокIэхабзи шапхъэ яIагъ, гъэцэкIэгъэ Iэдэбыгъ. Зыфэсакъыжь-зыфэгумэкIыжьэу ыкIи дэхэныгъэ-къэбзагъэм сыдигъокIи дэмышъхьахэу лъыкIоу,нарт шшыкIэу, цIыфхэм шIур афигъэбагъоу, акъыл-шIэныгъэкIэ зэдиштэу хьатырышIагъ. ШэнышIуагъ, гушIубзыугъ. Аскэр нахьыжъи нахьыкIи зэфэдэу шъхьэкIафэ апигъохыщтыгъ, упчIэжьэгъу зыпшIыкIэ, къыпфэгумэкIэу, хьалэлэу къыбедеIэщтыгъ, иIэ литературэмкIэ.

Тхыгъэ ыкIи нэмыкI шIэныгъэугъоигъэхэмкIэ ыкIи игупшысэкIэ зафэу къыотэщтыгъ.

Аскэр ежь иунэ исэу, икъалэ дэмыкIэу, къин хэмылъэу тхагъэп, наукэшхор зэпыригъэзагъэп: ахэхьагъ, ахэкIыгъ. Адыгэ хэкум ит къоджэ зэфэшъхьафыбэм ащыIагъ, IорIотэIо Iазэхэм аIукIагъ, Iоф адишIагъ, къаIозэ макIэп ытхыжьыгъэр. Адыгэм ылъапэ зынэсыгъэ хэгъэгубэмэ апэрэу ащыIэгъэ шIэныгъэлэжьышху; цIыф миныбжу зичIыгужъ зынэ къыфэгъэзэгъэгъэ тилъэпкъэгъухэм агухэм игущыIэ зафэкIэ гушIуагъор, шIошъхъуныгъэр арызылъхьэгъэ губзыгъ.

«Нартъэм ямашIо орэмыкIуасэ!» - зыфиIорэ джэпсалъэ Iэтыгъэр пстэуми апэу къэзышIыгъэр ХьэдэгъэлIэ Аскэр. Сыда пIомэ нартхэм яхъишъэкIэ ышIэн ылъэкIыщтэу, къыугупшысыщтэу ащ зыгорэ къыгъэнагъэп.

ТхэкIо-усакIоу, нартоведэу, шIэныгъэлэжьышхоу, академикэу ХьэдэгъэлIэ Аскэр илъэс 94-рэ узэкIэIэбэжьмэ, Iоныгъом и 20-м, 922-рэ илъэсым тхакIор Красногвардейскэ районым ит къуаджэу Хьатикъуае къыщыхъугъ. Ытхыхэрэр 1940-рэ илъэсым къыщыублагъэу хиутыщтыгъэх. Усэхэр, поэмэхэр, усэ-повестхэр зыдэт тхылъыбэ (13) адыгабзэкIэ ыкIи урысыбзэкIэ (8) къыдигъэкIыгъ. Ахэм ащыщхэр нэмыкI лъэпкъыбзэхэмкIи зэрадзэкIыгъэх, усакIом игущыIэхэм арылъ орэдхэр тикомпозиторхэм усыгъэх.

Усэн-тхэным имызакъоу научнэ IофшIэгъэшхо Аскэр иI. 1945-рэ илъэсым къыщыублагъэу, опсэуфэ, гуманитар ушэтынхэмкIэ Адыгэ республикэ институтэу Т. КIэращэм ыцIэ зыхьырэм инаучнэ IофышIагъ, илъэсыбэрэ фольклорымкIэ иотдел ипэщагъ. Гуетныгъэ ин фыриIэу адыгэ нарт эпосым иугъоижьын, изэгъэзэфэн-зэхэфын ыкIи изэгъэшIэн адэлэжьагъ. Томибл хъурэ лIыхъужъ эпосэу «Нартхэр» (1968-1971) ыкIи эпосым фэгъэхьыгъэ тхылъхэр Москва, Мыекъуапэ къащыдигъэкIыгъэх. ЛIы гъэсагъэм иилъэсхэр, имафэ пэпчъ мы гупшысэм, тхэн зэпымычыжьымкIэ ушъэгъагъэх. Илъэпкъ фишIагъэр, фызэшIокIыгъэр бэдэд, ащ ишыхьатых щытхъуцIэ инхэу, къэралыгъо шIухьафтынхэу къыфагъэшъошагъэхэр.



ХьэдэгъэлIэ Аскэр адыгэ хъулъфыгъэм къытефэрэр зэкIэ ышIагъ, ыгъэцэкIагъ: чъыг ыгъэтIысыгъ, унэгъо дахэ ышIагъ, сабыйхэр ыпIугъ - пхъуитIурэ къуитIурэ (ыкъо нахьыжъэу Айтэч – шIэныгъэлэжьыгъ бэмышIэу идунай ыгъожьыгъ) ащ ыкъоу Нарт кIалэ хъугъэу, (ежь Аскэр цIэр зыфиусыгъэр), еджагъэу къылъэгъужьыгъ, пхъорэлъфхэми агъэгушхуагъ. Унэ шIыгъи иI, ар Аскэр икъоджэ кIасэу, охътабэ зыщигъакIощтыгъэ Хьатикъуай дэт. ЦIыф еджэгъэгъэсэгъэшхом, илъэпкъ гъунэнчъэу фэшъыпкъагъэм ар инэпэеплъ.

Лъэпкъым къыхэкIыгъэ цIыф цIэрыIо инэу ХьэдэгъэлIэ Аскэр сиамал къызэрихьэу шIукIэ сыкъытегущыIэзэ, анахь къыхэзгъэщымэ сшIоигъор ныбджэгъуныгъэ-цIыфыгъэу, гукъэбзэгъэ-хьалэлыгъэу хэлъыгъэр ары. Аскэр зекIоныр, зыплъыхьаныр икIэсагъ. ТхакIомкIэ, шIэныгъэлэжьымкIэ ахэр мэхьанэ зиIэх.

Гупшысэр а зэкIэм къызэрагъэущырэр дэгъоу ышIэщтыгъ. Шапсыгъэр икIэсагъ. Ежь шапсыгъэхэми тхэкIо акъылышIо-губзыгъэр къызэрафэщагъэр ягуапэу зыхалъхьан щыIагъэп.

**(КIэухыр е 3-нэ напэм итщ)**

*Илъэс 80-кIэ узэIэбэкIыжмэ, гъатхэпэм (мартым) и 6-м, Хьэбэз къуажэм Даурхэ Уэсмэнрэ Даурхъанрэ я унагъуэм къыщыхъуащ нобэ зи гугъу фхуэтщIыну СулътIан. Илъэс 80-м къриубыдэуи абы гукъеуи, гуфIэгъуи, зэрыжаIэу, зэблихъуурэ гъащIэм и натIэ къыхуищIащ. ГуащIэмрэ пщIантIэпсымрэ жьыуэ зыхищIэн къыхудэхуащ, гугъуехьми, хьэзабми хэплъэн хуей хъуащ. Жьыщхьэмахуэ ныбжьым нэсауэ нобэ щызэплъэкIыжкIэ, зыщ нэхъыщхьэу хилъагъуэри: ар и цIыхугъэу, щIэгъэкъуэну, ныбжьэгъуу, Iыхьлы-жэрэгъуу гъащIэм зрихьэлIа цIыхухэм я лъапIагъэращ.*

Юбилей

# ФIыщIэр и Iэдэжу

СулътIан илъэситхуи ирикъуатэкъым, Хэку Зауэшхуэр къежьэу, и адэ Уэсмэн я унагъуэм щитэджыкIам. 1941 гъэм зауэм пэрыхьэри, къигъэзэжакъым. ИужькIэ, куэди текIауэщ СулътIан щыгъуазэ щыхъуар и адэр зауэм и пэщIэдзэ дыдэм, Ростоврэ Таганрогрэ я зэхуакум щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэм, зэрыхэкIуэдауэ щытар. Арами, СулътIан и анэм, Даурхъан, зэгуэрми и щхьэ и фIэщ хуэщIакъым и щхьэгъусэр мыпсэужу. Зауэр иухыу, илъэс куэди текIыжу, езыми и ныбжьыр щыхэкIуэтами ар гугъэт Уэсмэн псэууэ, зэгуэрым къигъэзэжыну, зи хуабэ щыщIэ жьэгужьым къетIысылIэжыну. А гугъэм хэмыкIыури Даурхъан дунейм ехыжащ илъэс 90-м иту.



Ауэ, ипэ дищынкъым… Зауэ илъэсхэм, абы и ужьым цIыхухэм къахукъуэкIа зэман хьэлъэм Даурхъан пхишащ гугъапIэ закъуэу къызыщхьэщына унагъуэ цIыкIур: СулътIанрэ и шыпхъу цIыкIуитIымрэ. СулътIани и лъэ зэрытеувэу, жыг къуацэ къыпищIыкIын и къару къызэрихьу, Iэжьэм зыщIищIэри, и анэмрэ шыпхъу цIыкIуитIымрэ я щIэгъэкъуэну мэзым щIыхьащ, губгъуэм ихьащ. ЕджапIэм щыкIуэну и ныбжьыр къыщынэсами, и япэ еджэгъуэ махуэр – фокIадэм (сентябрым) и 1-р къыздригъэхьар мэзым щIэтущ, къыщыгугъ унагъуэр зэрыпщэфIэн пхъэ къуацэ къахуищыпущ.

Ноби СулътIан и нэгум щIэтщ и анэри, нэгъуэщI фызабэ куэди, яIэж мылъку тIэкIур зэщIакъуэмэ, къэзакъ станицэхэм хъуэжакIуэ зэрыдэкIуейуэ щытар. Къахъуэжыр ерыскъыт, хьэжыгъэ тIэкIут, я быныр гъаблэ илъэсхэм зэрыхапIыкIын гуэрт. А псом СулътIан къыхихар сыт жыпIэмэ, ар – и гъащIэ псом щымыгъупщэжа гуащIагъэщ, цIыху пщIэнтIэпсым пщIэ хуищIу езыгъэса хьэлщ.

Курыт еджапIэр къэзыуха щIалэм и щIэныгъэр пищэнуи хуейт, ауэ и анэр сымаджэрилэт. Ар къигъанэу, езыр еджакIуэ ежьэжыну таучэл ищIтэкъым. АрщхьэкIэ, Даурхъан тегъэчынауэ игъэбелджылащ СулътIан щIэныгъэ зэрызригъэгъуэтыпхъэр. Езыри анэм и жыIэм едэIури, Ставрополь дэт мэкъумэш институтым щIэтIысхьащ, «мэкъумэш хъызмэтхэм я механизацэ» къудамэм щеджэу щIидзащ.

Ар къеухри, СулътIан Хьэбэз районым къегъэзэж, совхозым и е 4-нэ къудамэ, Инжыдж-КIыкIун къуажэм щылэжьэн щIедзэ. Куэд мыщIэуи, совхозым и мастерскойм и унафэщIу трагъыхьэ. 1965 гъэм Новочеркасск ягъакIуэри, мэкъумэш хъызмэтым и унафэщIхэм я IэщIагъэр здыхагъахъуэ курсхэр къеух. Иужьым, 1966 гъэм, совхозым и инженер нэхъыщхьэ ящI. 1972 гъэм унафэщIым и къуэдзэ мэхъу, илъэс токIри, совхозым и парт комитетым и секретару ягъэув. Абджэи илъэс фIэкI щымылэжьауэ, 1974 гъэм, КПСС-м и Хьэбэз район комитетым и секретару ягъэув.

Иужьым, 1978 гъэм местпром къудамэм и унафэщI мэхъу. 1979 гъэм и гъатхэпэм (мартым) и 1-м Микрокомпонент заводым и унафэщI ящIри, 1998 гъэ пщIондэ абы щолажьэ, заводым и лъабжьэр быдэу егъэув, и къалэнхэр пщIэ пылъу егъэзащIэ.

— И лэжьыгъэм зэрыпэрыта жэуаплыгъэ, хьэрычэт махуэ, гуащIагъэ дахагъэм мыхъумэ, СулътIан нэгъуэщI хьэл зэгуэрми далъагъуакъым, — жеIэ СулътIан и гъащIэми, лэжьыгъэми нэгъэсауэ щыгъуазэ Арэшыкъуэ Къэнщауэ. — И нэIэ щIэт лэжьакIуэхэм сыт щыгъуи яхуэсакът, зыхуей хуигъазэт. Губгъуэ лэжьыгъэкIэ щIэгъэкъуэн, дэIэпыкъуэгъу дыхуейуэ зыхуэдгъэзауэ, зэгуэрми дыкъиущхьэкIуакъым. Сыт хуэдэ лэжьапIэ къыпэрытшыжын хуей хъуми, СулътIан къагъанэмэ зэрафIэфIыр, и лэжьэкIэ хабзэхэр ягу зэрырихьыр къыджамыIэу зэгуэрым къэнакъым. Сэ лэжьапIэм сыщыкIуэкIэ, СулътIан и завод лэжьыгъи, губгъуэ Iуэхуи иригъэжьагъэххэу, и нэIэ щIигъэувагъэххэу, псоми щыгъуазэххэу къыспежьэт. И фIыщIэри районым щыкIуэдтэкъым. Партми, администрацэми зэрыжаIэу, хуэфэщэн пщIэ къыхуащIу и лэжьыгъэм пэрытащ…

СулътIан унафэщIу щытета илъэсхэращ заводым и администрацэр зыщIэс унэр щынагъэсар, цеххэр и пIэ щрагъэзэгъар, шхапIэ, клуб, библиотекэ купсэхэр я лъэ щытрагъэувар. Абы къыдэкIуэу, СулътIан и нэIэ щIэту заводым къыщызэрагъэпэщащ медпункт, щхьэщIэщапIэ, косметическэ пэш щхьэхуэ.

— СулътIан и зы хьэл щхьэхуэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ, — жеIэ производственно-бытовой къудамэм и унафэщIу лэжьа МыкIытIэ Азэмэт. — Чэнджэщым щIэдэIуу, ар зэфIэхыжынымкIэ гъуэгу махуэ утригъыхьэу, иужьми зэрыбгъэзащIэр ткIийуэ и нэIэ зэрыщIигъэтыжрат. ЗыгуэркIэ укъуэншамэ, пхуэфащэм ухуигъэзэнут, ауэ абы и цIэкIэ къыптешхыхь зэпыту щытынутэкъым.

СулътIан лэжьэн щыщIидзам, «литейные формы» Iэмэпсымэ хэхар Учкекен къитшт. Абджэт инструментальнэ купсэр здэщыIэр. Ахэр къамышэжурэ дыщыгувэ къэхъут. СулътIан Iуэхум хэплъэри, хэкIыпIэ къигъуэтащ: заводым и инструментальнэ купсэ иухуэжащ, IэщIагъэрылажьэхэри игъэхьэзырыжащ. Куэд мыщIэуи, модульнэ цехи къыщызэдгъэпэщащ…

Апхуэдэурэ и лъэ теува заводыр, илъэс бжыгъэ нэхъ темыкIыу, лъабжьэ быдэ зыгъэтIылъа купсэ хъуат. Абы къыщIигъэкIыр зэбграшт СССР-м и хэгъуэгу куэдым, хамэ къэралхэми иращэт.

Хэти зэрищIэжщи, Совет илъэсхэм губгъуэм куэду итт хъызмэтхэм я лэжьакIуэхэр. Абыхэм зыщIагъакъуэт совхозхэм я лэжьыгъэр япщIэнымкIэ, елэжьынымкIэ, Iуахыжынымкiэ. СулътIан и нэIэ щIэт заводми а лэжьыгъэм гуащIэфI хилъхьащ: колхозри, совхозри къимыущхьэкIуу, лэжьыгъэр Iуахыжт, мэш кърахьэлIэжт, илъэс къэси гектари 100-м нэс фошыгъу жэгундэу Iуахыжт.

— IэщIэ-выщIэу 100-м нэс здыщаIыгъ хъызмэт къызэригъэпэщат заводым, — къыддогуашэ и гукъэкIыжхэмкIэ «Микрокомпонент» заводым и механик нэхъыщхьэу лэжьа Шыбзыхъуэ Жамырзэ. – Шыбэгукъуэ деж мэкъумылэ щызэдгъэпэщт. Си гуи къокIыж зы махуэ гуэр: мэкъуауэ гупым ящыгъуэзэну пщэдджыжьым СулътIан Шыбэгукъуэ дэкIат. А щIыпIэр зыцIыхум ещIэ – уфауэ, дуней зызыхъуэж зэпыту щытщ, щIыIэщ. Абы щымыгъуазэ щIалэ куэд пцIанэу дэкIати, лIыгъэм зрагъэхьми, щIыIэм зэрисхэр СулътIан къилъэгъуащ. Арати, СулътIан и шоферыр заводым къигъэкIуэжри, шэджэгъуашхэу ягъэхьэзырамрэ спирт литрэ бжыгъэрэ дригъэшащ. А махуэм щыщIэдзауи, мэкъуауэ гупыр ерыскъы пщтыркIэ ягъашхэу къызэригъэпэщащ…

1978 гъэм ухуэн яуха пионер лагерым заводым и гуащIэфI хэлъщ, аращ 1980 гъэм зи нэIэ щIагъэувэжу, илъэс куэдкIэ зезыхьари. Апхуэдэу, «Нур» сабий IыгъыпIэри, къат куэду зэтет унищи Хьэбэз зэрыдащIыхьар заводым и къарукIэщ, «очистные сооружения» къудамэри щызэбграшым заводым и гуащIэ хилъхьащ. Жьакуэ къуажэм дэта клубыжьыр конденсаторный цех ящIыжри, нэрыбги 100-м лэжьапIэ ирагъэгъуэтащ. АлиБэрдыкъуэ къуажэм дащIыхьауэ щытащ резисторхэр здагъэхьэзыр цех. Абджэи лэжьапIэ щагъуэтащ нэрыбги 150-м. Хьэбэз дэт еджапIэм «сборочный цех» къудамэ къыщызэрагъэпэщри, еджакIуэхэми ахъшэ къалэжьу ягъэпсат. Иужьым, а ныбжьыщIэхэм ящыщ куэдым ищхьэ еджапIэхэр къаухыжурэ заводым къагъэзэжт, IэщIагъэи зыщрагъэгъуэтт.

— IэщIагъэрылажьэхэр гъэхьэзырынымкIэ заводым лэжьыгъэфI щекIуэкIт, — игу къегъэкIыж IэщIагъэрылажьэхэр гъэхьэзырынымкIэ инженеру лэжьа Даур Мусэ. – Ищхьэ еджапIэхэм, Москва, Владикавказ, Черкесск дэт училищэхэм зэгурыIуэныгъэ ядищIауэ, заводым щылажьэхэр щеджэт, я IэщIагъэм щыхагъахъуэт. Апхуэдэу, нэрыбги 130-рэ иригъэджауэ щытащ.

НэгъуэщI зы Iуэхугъуи дигу къэдгъэкIыжыпхъэу къызолъытэ. А зэманым Хьэбэз райкомым и япэ секретару щылэжьа Аргун Олег и фIыгъэкIэ властыр арэзы техъуэу, Кавказ зауэжьым хэкIуэдахэм я фэеплъ сыным тет мывэр нэхъыфIкIэ зэрахъуэкIыу, иджрейр щытрагъэувэм, ар къыхэзыхари, къезышэлIари СулътIанщ. Карьер здэкIуам сыт хуэдэми, зы мывэ гуэр къыIэщIилъхьэу, къиутIыпщыжын и гугъэт. Ауэ СулътIан ткIийуэ Iуэхум пэрыхьэри, нобэ Iуащхьэм тет сыныр къишауэ щытащ.

ЖыIэпхъэуи къызолъытэ, СулътIан нэхърэ зи ныбжьыр нэхъ ин Даурхэ къытхэтми, и дзыхь кърагъэзу, ар лъэпкъым и нэхъыжьу зэрыщытыр. ГуфIэгъуэми, гукъеуэми – къетхьэжьа IуэхухэмкIэ лъэпкъыр аращ дызыбгъэдыхьэр, чэнджэщ къызыпытхыр, дяпэкIи и гупсысэ махуэм куэдрэ дыщIигъэтыну дызыщыгугъыр…

СулътIан и гуащIэм къэралри цIыхухэри къыпэджэжащ. Абы къыхуагъэфэщащ «За доблестный труд», «Ветеран труда», «За трудовое отличие» медалхэр. Илъэс 80 щрикъум техуэу, Хьэбэз муниципальнэ районым и Iэтащхьэ Арэшыкъуэ РэIуфрэ районым и депутатхэм я Советымрэ я хьэрычэткIэ, СулътIан къыхуагъэфэщащ «Почетный гражданин Хабезского муниципального района» цIэ лъапIэр. Апхуэдэ лъапIэныгъэр щыхьэт техъуащ СулътIан ноби гъащIэмрэ фIыщIэмрэ я бжьыпэр зэриIыгъыр, жьыщхьэмахуэу и гъуэгум зэрырикIуэр. Ар къыдэзыгуэш и унагъуэ дыщэм: и щхьэгъусэ Фаризэтрэ и щIалэхэу Муратрэ Долэтрэ, абыхэм я быныжхэмрэ я плъапIэу дунейм тетщ. Тхьэм дяпэкIи гъащIэ махуэ хигъаплъэ!

**БЕМЫРЗЭ Зураб.**

ЗэIущIэм къикIыу

# Iуэхугъуэ куэд къызэщIаубыдащ

*(КIэухращ. ПэщIэдзэр е 1-нэ напэм итщ).*

—Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн. Илъэси 5-кIэ узэIэбэкIыжмэ аращ ди къалэн пажэу зыхуэдгъэувыжауэ щытар. Къызэрыслъытэмкiэ, а пIалъэм къриубыдэу республикэм и социально-экономикэ зыужыныгъэм хуэунэтIауэ тщIар мащIэкъым. Социальнэ, инженер инфраструктурэр дыухуэкIэрэ, къызэднэкIащ сабий IыгъыпIэ, гъуэз, псы зэхуримыкъуныгъэ, гъуэгунш лъэпощхьэпохэр. ЗэхъуэкIыныгъэфIхэр цIыхухэм ялъагъу, зыхащIэ. Ауэ абыкIэ дыкъызэтеувыIэ хъунукъым. Гулъытэ зыхуэтщIыпхъэ лъэныкъуэ куэд къонэ иджыри. Правительствэми, щIыпIэ самоуправленэ органхэми я лэжьыгъэм щыяпэщ социальнэ политикэр. Урысейм и Президентым и «накъыгъэ» Унафэхэм щыщщ социальнэ гулъытэ хуэныкъуэ цIыхухэм дэIэпыкъуныгъэ ядгъэгъуэтыныр, и пIалъэм пенсэхэр, пособэхэр, улахуэр ттыныр. ЗыщывмыгъэгъупщэнУ сыволъэIу: властым и социальнэ пщэрылъхэр имыгъэзэщIэныр къэдгъэхъу хъунукъым, — жиIащ Темрезов Рэшид.

Хэгъуэгум и зыужьыныгъэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ экономикэм. Абы щIэгъэкъуэн егъэгъуэтыныр я лэжьыгъэ нэхъыщхьэу къызэрилъытэр къыхигъэщащ Темрезов Рэшид. КъинэмыщIауэ, жиIащ мы гъэм социальнэ, инженернэ инфраструктурэщIэхэм лэжьэн зэрыщIадзэнур. Апхуэдэщ курыт еджапIэшхуэхэр, сабий IыгъыпIэхэр, спорт, гъуэгу хъызмэт ухуэныгъэхэр. Къуажэхэмрэ жылагъуэхэмрэ псыкIэ, щIыуэпс гъуэзкIэ къызэгъэпэщын лэжьыгъэми пещэ.

Темрезов Рэшид унафэ ищIащ Правительствэм хэтхэмрэ къалэ администрацэхэмрэ районхэмрэ я IэтащхьэхэмрэухуэныгъэхэмянэIэ зэдытрагъэтыну, ахэр цIыхухэм я тыншыгъуэм хуэлэжьэным пылъыну.

ЗэIущIэм и кIэм хэгъуэгу унафэщIым лэжьыгъэм хэтахэм иджыри зэ ягу къигъэкIыжащ, власть органхэмрэ федеральнэ купсэмрэ я зэдэлэжьэныгъэм теухуа лэжьыгъэ къалэнхэр IупщIу УФ-м и Президентым и Зыхуэгъэзэныгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуар.

— Республикэм къыхуэгъэза унафэхэр зэфIэхыным хуэгъэщIа план къэтщтащ икIи ахэр текI имыIэу дгъэзэщIапхъэщ, цIыхухэм я псэукIэр едгъэфIакIуэкIэрэ. Лэжьыгъэм дыпэрывгъэхьэж,—жиIащ Темрезов Рэшид.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу.**

ФIыщIэ псалъэ

# ДызыщIэхъуэпсыр Iэрылъхьэ тхуэхъуу

Куэдрэ къохъу, щхьэусыгъуэшхуэ димыIэми, дыщытхьэусыхэ. Зэм гъащIэм арэзы дыкъищIкъым, зэми ди унагъуэ, ди щхьэ Iуэхухэр зэрекIуэкIыр дигу ирихькъым. Нэхъыбэм арэзы дызымыщIыр ди унафэщIхэм я Iуэху зехьэкIэращ.

Ауэ, угупсысэу, набдзэгубдзаплъэу ухэплъэмэ, гъащIэм узыщыгуфIыкIын зэхъуэкIыныгъэ куэд къызэрыщыхъум гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым. АтIэ, гъащIэм псори арэзы хуэщIынукъым, зэфIэхыпхъэ Iуэхуу хъуар зэуэ гъэзэщIа хъукъым. Апхуэдэщ къуажэ къэс и гъащIэр зэрекIуэкIыр…

ЗэрыжысIауэ, набдзэгубдзаплъэу дыкIэлъыплъмэ, дызыщыгуфIыкIын, дызыгъэгушхуэн зэхъуэкIыныгъэ мымащIэ махуэ къэси ди къуажэм къыщохъу. Абы теухуауэ тхыгъэ куэд иужьрей зэманым ди лъэпкъ газетым къытехуащ. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, ди къуажэм щаухуа ФАП-м, зи ухуэныгъэхэр ирагъэжьа ФОК-м ехьэлIауэ, нэгъуэщIхэри.

Ботэщейдэсхэр щымыгуфIыкIкIэ къанэкъым илъэс блэкIам ди къуажэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, уэрамхэм зэхъуэкIыныгъэу ягъуэтар. АтIэ, пщыхьэщхьэ зэрыхъуу къуажэку уэрамышхуэм тет уэздыгъэхэр къызэщIоблэ. Ар зи фIыщIэр, езыгъэщIар Шыбзыхъуэ Елмырзэ и къуэ Алибекщ.

ЕтIуанэу, кумблъэмбу, ущызекIуэнкIэ гугъумыгъуу щыта уэрамхэм асфальт тралъхьащ, тынш дыдэ хъуащ машинэкIи лъэсуи ущызекIуэну.

Къуажэ еджапIэр щащIым халъхьауэ щыта бжэхэри, щхьэгъубжэхэри, щIыхьэпIэхэри, дэкIуеипIэхэри иджырей зэманым тегъэпсыхьауэ, фIы дыдэу зэрахъуэкIащ. ЕджапIэ пщIантIэри хъаръзынэу, фэ тету, дахащэу зэгъэпэща хъуащ. ЕджапIэм и пщIантIэм дащIыхь спорт комплексышхуэр уасэншэщ. Уеблэмэ, ди къуажэ щIалэгъуалэм къыщымынэу, абы гъунэгъу къуажэхэм дэс щIэблэри къекIуэлIэфынущ. Мы спорт ухуэныгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ.

ЗэхъуэкIыныгъэшхуэ иращIылIащ къуажэм дэт сабий IыгъыпIэми. И блынхэм фIэкI къэмынэу IуэхущIапIэр зэрагъэзэхуэжащ, теплъэ дахэ къищтащ, зэтегъэпсыхьа хъуащ. Абыхэм нэмыщIу, IуэхущIапIэм къыпащIыхьа пэшхэм я сэбэпкIэ къуажэм дэс сабийуэ хъуар къызэщIаубыдэфащ. Иджы илъэс бжыгъэкIэ чэзу пэплъэжхэкъым.

Сыт хуэдэ гуфIэгъуэшхуэ ди къуажэм дежкIэ ФАП Iэхуитлъэхуит яухуар! Медицинэ дэIэпыкъуныгъэ нэс уэзыгъэгъуэтын IэщIагъэрылажьэхэм лъэкIыныгъэ ягъуэтащ пэш хуитхэм щIэсу я къалэн ягъэзэщIэну. Ныбжь зиIэхэм, сабий зыпI анэ ныбжьыщIэхэм я гур псэхужащ, медицинэ IуэхущIапIэм екIуалIэхэм зэрыхуейуэ IэщIагъэрылажьэхэр къапыкъуокIыф. АбыкIэ къуажэдэсхэр зэрагъэгуфIар пхужыIэнкъым.

Ботэщей зэхъуэкIыныгъэу къыдэхъухьым ялъэкI къамыгъанэу холэжьыхь, я акъыл, мылъку халъхьэ ди къуажэм щыщ щIалэхэм, хьэрычэт Iуэхум хэтхэм, политикэ, жылагъуэ Iуэхухэр зезыхьэхэм. Апхуэдэщ къуажэм къыдэхъухь зэхъуэкIыныгъэхэм зи гуащIэфI хэзылъхьэ, дызэрыгушхуэ Къардэн Мурат, Тамэ Чэшифрэ Шыбзыхъуэ Елмырзэрэ я щIалэхэр, Мэшыкъуэ Борис, нэгъуэщI куэд. Тхьэм я гуащIэм, IуэхуфIу ящIэм къыпэкIуэ насып дэтхэнэм и унагъуэми къарит!

Зи жылагъуэ езыгъэфIэкIуэну хуей дэтхэнэри, дауи, нэхъыщхьэу зыщIэгупсысыр, къуажэм къыдэхъухь щIэблэм и къэкIуэнур, и гъащIэр зэригъэдахэращ. Аращи, дызыщIэхъуэпсыр Iэрылъхьэ тхуэхъуу хэти Тхьэм дигъэпсэу!

**БРАТ Фатихь.**
**Ботэщей къуажэ.**

**ГъатхэмитеплъэгъуэдахэхэмзыкIиемыкIу, щIыуэпсымзэранышхуэкъыхуэзыхьIуэхухьэдэгъуэдахэм — лыгъэ дзынымщIадзэжащщIымахуэр зэрикIыу. Ди гъуэгубгъухэм, бгыщхьэхэм, тафэхэм удзыпэ щхъуантIэр щытлъагъуным ипIэкIэ, дызыIуплъэр мафIэм илыпщIа щIыгу фIыцIэ нэщIщ. Мы щIыпIэм, зауэшхуэ щекIуэкIа хьэмэрэ мафIэс шынагъуэм хэта зыри зи мылажьэ щIыгу угъурлыр, жыуегъэIэ плъагъум. ЦIыхум и IэрыкIыу фIэщ щIыгъуейщ ихъурегъякIэ щыхъэр. Жагъуэ зэрыхъунщи, аращ зэрыщытыр. И нэхъыбапIэм лыгъэхэр цIыхуIэщ къэзыгъэхъур.**

ИпэкIи мызэ-мытIэу дытепсэлъыхьащ мы Iуэхум, къуажэдэсхэми, фермерхэми зыкъытхуагъэззэурэ къэтIэтащ псалъэмакъыр. Арами, зэрытлъагъущи, лыгъэм къытрегъэззэж, къызэрымыкIуэ щIыуэпсым лей ирихыу. Ди псалъэхэр щIагъэбыдэж КъЧР-м щылажьэ Россельхознадзор Управленэм и IэщIагъэлIхэм. Лыгъэм зэран мыхъумэ сэбэп лъэпкъ къызэримыхьыр къыхощ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм къыдэкIуэу ящIа къэпщытэжыныгъэхэм.

Ди республикэр къапщтэмэ, лыгъэхэр щадзыр пIалъитIу бгуэш хъунущ: удзыр щыгъужа бжьыхьэкIэмрэ гъатхэм и пэмрэ. Гу лъытапхъэщ мыбы: гъатхэм ядз лыгъэр удзыщIэ цIыкIум и къежьэгъуэм тохуэри, щIыгум къыхэкIын хущIимыгъэхьэу, егъэкIуэдыж. Апхуэдэ лыгъэхэр тхьэмахуищ-плIыщ зэрекIуэкIыр, ауэ абы къриубыдэу псынщIэу, къаруушхуэ иIэу зедз, щIыгу Iыхьэшхуэхэр зэщIещтэри тресыкI. КъинэмыщIауэ, мафIэр псэупIэхэм, дачэхэм, хъызмэт ухуэныгъэхэм хуэлъэнкIэ зы хуэIуакъым. Апхуэдэ мафIэр бгъэужьыхыныр къызэрымыкIуэу хьэлъэщ, гъатхэ жьыбгъэри Iуэхум щыхьэжкIэ. ЩIыпIэ самоуправленэхэри власть органхэри пэщIэмыувэу, цIыхухэм я зэхэщIыкIыр икIэщIыпIэкIэ мы Iуэхум къыхуэмыушу хъунукъым.

ЩIыуэпсым, хъызмэтхэм, цIыху гъащIэмрэ узыншагъэмрэ лыгъэм зэрану къыхуихьым, абыхэм къакIэлъыкIуэнум дыщахъумэ IэщIагъэлIхэм. Куэдым къалъытэ лыгъэм щIыгу щхьэфэр игъэхуабэу, къыпылъэлъ яжьэм щIыгур щIыгъэпшэркIэ игъэнщIу, удзыр къэкIыным щхьэпэу. Апхуэдэ «мурадыфIхэм» хураджэу, лыгъэхэр зыдзи щыIэщ.

ЩIыуэпс

# Аргуэру лыгъэм къытрегъэззэж



ЩыуагъэшхуэщарМафIэсыр зыщхьэщыкIа щIыгум къытена удз щхъуантIэр къэзыхъумар мафIэм имыщта удз гъуарэщ, нэхъкIэ лыгъэ нэужьым къэкIыжаракъым. Лыгъэ мафIэм щIыгум хуабэу иритыр мащIэми, щIы щхьэфэр, абы и щIагъ щIэлъыр, хэлъ удз жылэхэр зысын къару иIэщ. ЩIыгъэпшэр хъуу жыхуаIэ яжьэм щIэуэ зыри хилъхьэкъым щIыгум. Абы къыпыкI минеральнэ пкъыгъуэхэр щIым лъагъэсынут фын щIэзыдзэ ежьужьым. КъинэмыщIауэ, азот пкъыгъуэхэр мэкIуэд. А псори зэхохьэжри, щIыгулъыр хуабжьу йокIакIуэ. Лыгъэм ес щIыгум езым зыщIишауэ, илъэс бжыгъэкIэ зэхуихьэсауэ хэлъ щIыгъэпшэр пкъыгъуэхэр. Лыгъэхэм къапиху Iугъуэм углекислэ гъуэзкIэ къызэрымыкIуэу яуцIэпI хьэуар.



Лыгъэ зыдзхэм хабзэкIэ жэуаплыгъэ къазэрытехуэри яцIыхуныр зэранкъым. АтIэ, УФ-м и КоАП-м и 8.7 Iыхьэм къызэрыщыгъэлъэгъуащи, сом 1000-м щегъэжьауэ мин 1500-м нэс тезыру тралъхьэнущ лыгъэ зыдз къызэрыгуэкI цIыхум; IэнатIэ зыIыгъ цIыхум—сом мини 2-3; юридическэ цIыхухэм — сом мин 40-50.

Догугъэ къэтхьа щапхъэхэм егупсысу, IэщIагъэлIхэм я псалъэм щIэдэIуу, цIыхухэм дерс къыхахыну, щIыуэпсым зэран ирамыхыну.

ДызытепсэлъыхьампэджэжхъыбарегъащIэщиджыблагъэ «Авиалесоохрана» федеральнэ къулыкъум къитар. Абы щыжеIэ: **Кърымым, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Черкес, Адыгей, Ищхъэрэ Осетие, Ингуш, Дагъыстан, Шэшэн республикэхэм мы гъэм гъатхэпэм и 3-4 махуэхэм мафIэс шынагъуэ щытыкIэ щыIащ. Ику ит шынагъуэ (желтый класс) зиIэхэм хуахьа мафIэсыр нэхъ зыхуэлъар мэз, щIыуэпсращ. ХэIэтыкIа шынагъуэр (оранжевый класс) щыIащ Ингуш Республикэм.**

**2012-2015 гъэхэм къриубыдэу гъатхэпэ мазэм Кърым, Ипщэ федеральнэ хэгъуэгухэм щыIащ мэз мафIэсхэр. Абыхэм я щхьэсыгъуэ нэхъыщхьэр яубзыхуащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, удз гъуар ягъэсын мурадкIэ мафIэ кIэщIадзам жьыбгъэр дэIэпыкъуэгъу хуэхъури, мэзхэм захуидзащ.**

«Авиалесоохрана» къулыкъум иджыри зэ дигу къегъэкIыж 2015 гъэм УФ-м и Правительствэм игъэува хабзэр. Абы ипкъ иткIэрэ, **удзыжьыр, ежьужьыр цIыхухэм езыру ягъэсыну хуитыныгъэ яIэкъым, хабзэкIи жэуаплыгъэ яхь. Абы къызэтригъэувыIэкъым бзаджащIэхэр. 2016 гъэм и щIышылэ (январь)-мазае (февраль) мазэхэм удзыжьыр ягъэскIэрэ, мафIэсхэр къыщагъэхъуащ Приморскэ, Краснодар крайхэм, Удмурт, Къырым республикэхэм.**

Гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ, зыщыдгъэгъупщи хъунукъым мафIэм къаруушхуэ зэриIэр, ауэ а къарур сыт щыгъуи фIым хуэлажьэкъым. МафIэсым и лъэужьыр зэхэкъутэныгъэщ, яжьэщ, нэпсщ, тхьэмыщкIагъэщ. Жьыбгъэ мащIэми мафIэр зэщIегъэст, нэхъри зрегъэубгъури хъызмэтхэр зыгъэлажьэхэм, цIыхухэм я унэхэм хуехь, и гъуэгум псори трилыпщIыкIыу. Мэзхэр, шэдхэр напIэзыпIэм зэщIещтэ мафIэм. **Дигу къэдгъэкIыжыну игъуэщ илъэс кIуам Хакасиер зыхэта гузэвэгъуэшхуэмрэ абы и щхьэусыгъуэ хъуа мафIэсым къыздихьа хэщIыныгъэмрэ.**

Дэтхэнэми тцIыхупхъэщ лыгъэ ядзам мафэс къыдэкIуэнкIэ шынагъуэ щытыкIэ къэхъуамэ, мафIэсыр щIидзамэ тщIэн хуейр.

Псом япэращи, мафIэсгъэункIыфI къулыкъум хъыбар егъэщIапхъэщ. Мэзым хуэлъэмэ — мэзыр хъумэнымкIэ къулыкъум. Ауэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым удзыр псынщIэ дыдэу зэрызэщIэнэр. Абы къыхэкIыу, ди къару къихьыр тщIэн хуейщ, мафIэсгъэункIыфIхэр къэсыхун демыжьэу. Апщыгъуэми, зыгъэункIыфI цIыху гупым я пашэу щытын хуейр мафIэр зэрагъэункIыфIыпхъэм хэзыцIыхукI, апхуэдэ Iуэху хэтаращ. МафIэр игъэужьыхынущ тхьэпэшхуэхэр зыпыт жыг къудамэхэмкIэ щIэх-щIэхыурэ ухэуэным, щыгъын Iув, ятIэ мафIащхьэм тебдзэным. МафIэр зыгъэункIыфIхэр я щхьэ хуэсакъыжыныр Iэмал зимыIэщ. Зэгъусэу мыхъумэ я закъуэу мафIэм пэщIэмыувэмэ нэхъыфIщ. МафIэр зыщхьэщыкIа щIыгум тету, мафIэм хуэкIуэурэ лажьэмэ аращ тэрэзыр. МафIэсыр гъэункIыфIыным сабий, ныбжьыщIэ хыхьэ хъунукъым. ЗыгъэункIыфI цIыхухэм ящыгъыпхъэщ мафIэм и хуабагъыр зышэчыф щыгъынхэр, лъакъуэфIэлъхьэ.

Ауэ мафIэр ину зэщIэлыбамэ, жьыбгъэ къепщэмэ, фи къарукIэ фхуэгъэункIыфIыну щымытмэ, и ужь фимыхьэ, фысакъ.

**ТУАРШЫ Ирэ.**

**Къызэралъхурэ мы илъэсым илъэсищэ ирикъуащ ди лъэпкъ тхакIуэ щэджащэхэм ящыщ, адыгэ щэнхабзэмрэ литературэмрэ жыджэру хэлэжьыхьа Шортэн Аскэрбий. И творчествэм и инагъкIи, къызэщIиубыдэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIи, художественнэ IэкIуэлъакIуагъкIи Шортэным ди литературэм езым и лъагъуэ щыхишащ. ТхакIуэр зэхуэдэу купщIафIэу литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм щылэжьащ. ЗэфIэкIрэ къарууэ иIэ псори тхакIуэм хуиунэтIащ адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыным, джыным. Шортэныр зи гъащIэри гуащIэри литературэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным хуэзунэтIа тхакIуэт, критикт, драматургт, фольклористт.**

*Шортэн Аскэрбий къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум*

# Илъэсищэ гъуэгуанэ фэеплъ



Шортэн Аскэрбий ТIэхьир и къуэр 1916 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 16-м Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм къыщалъхуащ. КъызыхэкIар мэкъумэшыщIэ унагъуэщ. Налшык къалэ дэт «ленинскэ учебнэ городок» фIэщыгъэцIэр зезыхьэ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэр къиуха нэужь, Москва дэт театр институтым и режиссер факультетым щоджэ, а лъэхъэнэм пьесэхэр етх.

Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейуэ, тхакIуэр зауэм макIуэ. Ар хэтащ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ дивизием. Шортэным зауэр иухыху лIыхъужьыгъэ къигъэлъагъуэу Советыдзэм щыIащ. ЗауэлIхэр зыгъэгушхуэ командир Iэзэу зэрыщытар, Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыхъужьыгъэр къалъытэу, абы нагъыщэ зыбжанэ къыхуагъэфэщащ.

Шортэным и творчествэм зыщиужьар зауэ нэужь лъэхъэнэращ. Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щIэныгъэ лэжьыгъэшхуэ зэрыщригъэкIуэкIам къыдэкIуэу, абы очерк, рассказ, фельетон куэд етх, и пьесэхэм елэжьым нэмыщIкIи япэу етх тхыдэ роман-тетрологие «Бгырысхэр». Нарт эпосыр зэхуэхьэсыным, ар джыным къаруушхуэ ирихьэлIащ Шортэным. Абы къыфIащащ Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэми гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэ лъапIэр. Шортэн Аскэрбий дунейм ехыжащ 1985 гъэм декабрым и 22-м.

ТхакIуэр Налшык къалэм щыщIалъхьэжащ.

Рассказ жанрым зэрыщылэжьар къапщтэмэ, абы и творчествэм темэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къызэщIеубыдэ, Iуэхугъуэ зыбжани къызэпкърех. Апхуэдэхэщ: «Балъкъ и деж», «Псэемыблэжхэм я нып», «ЛIыгъэм и вагъуэ», «Пшынауэ» рассказхэр, нэгъуэщIхэри. ИкъукIэ Iуэхугъуэ куэд къызэщIаубыдэ мы тхыгъэхэм, ахэр теухуащ Хэкур хъумэным, цIыхум и псэр зыгъэтыншын гъащIэ ухуэным, гъащIэм демыкIу цIыхухэм я дуней еплъыкIэм, гъащIэщIэм хуэмейхэм я щытыкIэ мыхъумыщIэхэм, зыкъызыфIэщIыжхэм, цIыхубзым пщIэ хуэзымыщIхэм, нэгъуэщIхэми. Апхуэдэщ, ищхьэкIэ къэтхьахэм нэмыщI, «Си Мурадин», «МацIыхъу зегъэхъу», «Хэтхэ я унэ къанжэ тес», «Бжэн лъакъуэ хъыбарым хуэмыдэу пIэрэ?», «Етур къэплъащ», «Ди гъуэлъыпIэжьитIым и хъыбар», «КъурIэнри дагъэкIуащ», нэгъуэщIхэри.

ТхакIуэм очеркхэмрэ рассказхэмрэ итхми, жылагъуэм хэлэжьыхьми, театр Iуэхур зэи зыщигъэгъупщэу щытакъым. Абы Къэбэрдей драматургием зыужьыныгъэу иIэм теухуа япэ лэжьыгъэхэр етх. ЗэрытщIэщи, драматургиер литературэм и жанр нэхъ гугъу дыдэу къалъытэ. А гугъу дыдэмкIэ къыщIидзащ Аскэрбий и лъэр адыгэ литературэм щигъэувын, икIи, пэжыр жыпIэнумэ, куэди хузэфIэкIащ. Къэбэрдей драматургиемрэ театрымрэ зэфIэувэнымкIэ Шортэным фIыщIэрэ щытхъурэ хуэфащэщ. Драматургиеми прозэми къыдэкIуэу, Шортэн Аскэрбий лъэпкъ щIэныгъэми хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. ЩIэныгъэ къэхутакIуэ институтым IуэрыIуатэмрэ литературэмрэкIэ и къудамэм и унафэщIу илъэс щэщIым нэблагъэкIэ щылэжьащ. А лъэхъэнэм къриубыдэу абы адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжынымкIэ, тхылъу къыдэгъэкIынымкIэ, щIэныгъэм и хабзэм тету джынымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ.

Ар нэхъыщхьэу яхэтащ 1949 гъэм япэу, Правительствэм и унафэкIэ, ежьа экспедицэм.

Адыгэ хабзэм щыщу Шортэныр зытетхыхьа дэтхэнэ зыри мыхьэнэ зиIэ защIэщ. Мыхэр, цIыхухэр зэгурыIуэу, зэмызауэу, IэфIагъ, гуапагъэ яку дэлъу псэуным папщIэкIэ дызэрыт зэманым Iейуэ къытхуэт, дызыхуэныкъуэщ. Шортэн Аскэрбий IуэрыIуатэ зэхуихьэсыжам и мызакъуэу, и тхыгъэхэр нэхъ гъэщIэгъуэн, нэхъ удихьэх, нэхъ купщIафIэ ищIын папщIэ къыщигъэсэбэпащ IуэрыIуатэ лIыхъужьхэм я образхэри. «Бгырысхэр» тхыдэ романым дыщыхуозэ лъэпкъ IуэрыIуатэм ижь зыщIихуа Дэбэч и образ хьэлэмэтым. Дэбэч гъукIэ Iэзэу щыдолъагъу тхыгъэм, къыдалъхуахэм сэбэп зэрахуэхъуным хущIэкъуу, езым и кIыщ иIэжрэ абы щылажьэу.

Романыр бзэ дахэкIэ гъэпсащ. Дэтхэнэ персонажми езым и псэлъэкIэрэ и хьэлщэнрэ иIэжщ. Ауэ мы романым иджыри зы хьэлэмэтагъ хэлъщ, Шортэн Аскэрбий зи пашэ гупым зэхуахьэсыжу къыдагъэкIыжа псалъэжьхэм щыщ куэд абы къыщыгъэсэбэпащ. Ахэр ауэ сытми къыгуалъэфу жаIэкъым персонажхэм, атIэ ахэр епхауэ щытщ романым щекIуэкI Iуэхугъуэхэм. Апхуэдэхэщ: «ЛIэным лIыгъэ хэлъщ», «Шэшэным и нэмрэ и къамэмрэ зэхуэдэщ», «Си пыIэкур кърихуащ», «УщыбжэкIэ ипщэкIэ къыщIэдзэ, ищхъэрэкIэ бжыгъэр щыух», «Е дылIэн, е дылIын», «Пщы зымэлъэгъуам Алыхьу фIощI», «Я псэхэр зы чысэм илът», «И хэку зыри бегъымбар щыхъуркъым», «Зы щIыпIэм щокъакъэ, нэгъуэщI щIыпIэм щокIэцI», «Ер вы бжьакъуэм къокI», «Шхэгъуэм – сабийщ, зэуэгъуэм – нартщ», нэгъуэщI куэдхэри.

Жанр цIыкIухэм щыщу романым къыщыхьахэм ящыщщ нэщэнэхэри, пщIыхьэпIэм гулъытэ лей адыгэхэм хуащIу зэрыщытари. Абыхэм романыр ягъэдахэ, образхэр нэхъ гурыIуэгъуафIэ ящI. Къэбэрдей тхакIуэшхуэм и IэдакъэщIэкI дэтхэнэ зыми мыхьэнэшхуэ иIэщ, псом япэу, гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ. ЩIэблэ къыдэкIуэтейр ирибущиину, ирибгъэсэну, щIэбгъэдэIуну уасэ зимыIэжщ Шортэным и дэтхэнэ зы лэжьыгъэри.

Шортэн Аскэрбий щхьэгъусэ ищIат и лэжьыгъэкIи IэщIагъэкIи, псалъэншэу къызыгурыIуэну, КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Хьэжмэт Даниткэ.

Зэщхьэгъусэ зэчиифIэхэм я лъагъуэм техьащ япхъу Аллэ. Балетмейстер, педагог, «Кабардинкэ» къэрал академическэ ансамблым илъэс куэдкIэ къыщыфа Шортэн Аллэ и гуащIэм къыпэкIуащ «КъБР-м и цIыхубэ артисткэ», «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ» цIэ лъапIэхэр. Аллэ и дахагъэр дунейм щызэлъащIысауэ щытащ, абы и сурэтыр зытет «Танцующая пара» кIэнфет пхъуантэр дэнэ щIыпIи щащэт.

ТхакIуэр къызэралъхурэ илъэсищэ щрикъум техуэу, мы гъэм Налшык и «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдагъэкIыжащ и тхылъиплI хъу «Бгырысхэр» роман-эпопеер. Экземпляр 300 хъу къыдэкIыгъуэм романыр зэуэ къызэщIрагъэубыдащ. Тхылъым и жинтыр ягъэдэхащ урыс усакIуэшхуэ Лермонтов Михаил Кавказ зауэм теухуа и сурэтхэм ящыщ зыкIэ.

**КЪАРЗЭДЖ Сэид**

Сочи фестивалым къикIыу

# ЛIыщIыгъуэкIэрэ мыхьэнэ иIэнущ



Сочи къалэм деж япэ дунейпсо кинофестиваль щекIуэкIащ. Зэпеуэм хэмыту, абы Адыгэ Республикэм щыщ режиссер Нэгъаплъэ Аскэрбий и «Черкешенка» фильмыр къыщагъэлъэгъуащ икIи саугъэт къыхуагъэфэщащ. Фильмыр жюрим хэтхэм хуабжьу ягу ирихьащ икIи жаIащ Нэгъаплъэ Аскэрбий и гум, и псэм хыхьэу, адыгэ лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэр къыгурыIуэу лэжьыгъэм зэрыбгъэдыхьар икIи абы зыхуигъэувыжа мурадхэр къызэрехъулIар. ЖаIащ фильмыр лъэпкъым и тхыдэ пэжым щыхьэт зэрытехъуэр, лIыщIыгъуэкIэрэ мыхьэнэ зэриIэнур, абы еплъхэр шэрджэсхэм я тхыдэм, Адыгэ Хабзэм фIыуэ зэрыщыгъуэзэнур.

КъинэмыщIауэ, 2017 гъэм фокIадэм Лондон деж «Черкешенка» фильмыр къыщагъэлъэгъуэну мурад ящIащ. Фильмым апхуэдэ гулъытэ къызэрыхуащIар и гуапэ зэрыхъуар Нэгъаплъэ Аскэрбий журналистхэм ядригъэкIуэкIа зэпсэлъэныгъэм деж щыжиIащ.

«Черкешенка» фильмым къыщыгъэлъэгъуащ адыгэ бзылъхугъэм и теплъэр, и зэфIэкIыр, дуней псом цIэрыIуэ щызыщI хьэл-щэныр. Ахэр нэгъэсауэ къехъулIэн щхьэкIэ, Нэгъаплъэм псом япэу IуэрыIуатэм зыхуигъэзэжащ. КъинэмыщIауэ, абы лIыхъужьу къыщыгъэлъэгъуащ ди лъэпкъым къыхэкIа бзылъхугъэ цIэрыIуэ Хьэгъундокъуэ Елмысхъан, 1922 гъэм Париж къэхута унагъуэм щыщ Ирен Де-Люар. Фильмым къыхэщ Iуэхугъуэхэр Урысейми, Франджми, Тырку къэралыгъуэми щытрахащ.

Сочи екIуэкIа япэ дунейпсо фестивалыр щызэхэтар дыгъэгъазэм (декабрым) и 10-16 махуэхэращ. ХьэщIэхэр еплъащ урысей, британ режиссерхэм къагъэщIа фильм зыбжанэ. Абыхэм щыщу фильм 11-р зэпеуэм хэтт, лэжьыгъэ 20-м нэсыр зэпеуэм хэмыту къагъэлъэгъуащ.

Фестивалым и Гран-прир «Коробка» фильмым къихьащ, режиссерыр Бордуков Эдуардщ. «Лучший фильм», «Лучшая режиссерская работа», «Лучшая женская роль», «Лучшая мужская роль» номинацэхэмкIэ нэхъыфIхэри къыхахащ.

Кинофестивалыр къызэзыгъэпэщар усакIуэ, сценарист, литератор, филологие щIэныгъэхэм я доктор, АМАН-м и академик Бэлагъы Любэщ. Ар Великобританием щопсэу, урысей, адыгэ щэнхабзэр хъумэнымкIэ куэд елэжь.

Гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуищIым къыхэкIыу, Бэлагъы-Къандур Любэ «Адыгэ Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и щIэныгъэрылажьэ» щIыхьыцIэр къыфIащащ.

**ЕЗАУЭ Маринэ**

*Властымрэ динымрэ*

# Дызэгъунэгъукъым, дызэдопсэу

*(КIэухращ. ПэщIэдзэр е 1-нэ напэм итщ)*

АдэкIэ псалъэ иратащ Бердиев хьэжы Исмэхьил. Абы жиIащ Урысейм и нобэрей унафэщIхэм тхыдэм дерс тэрэз къызэрыхахар.

— Урысейм и Президент Путин Владимир цIыхубэмкIэ диным мыхьэнэуэ иIэр къыгурыIуащ. КонституцэмкIэ диныр къэралым къыгуэхауэ щытми, ди къэралымкIэ фIэщхъуныгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ, диныр къэралым хэмыту хъунукъым. Абы щыхьэт тохъуэ ислъам щэнхабзэм, егъэджэныгъэм зыщIэгъэкъуэнымкIэ Фонд къызэрызэрагъэпэщар. Илъэсищэ блэкIам къэхъукъащIэ куэд къыщыхъуащ. Ди республикэми щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэми Iуэхугъуэ гуауэхэр къыхощыж. Псалъэм папщIэ, «репрессие» жыхуиIэр. Арами, ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр быдэти, дызэрубыдыжащ, зыми дызэкъуичыфакъым, — жиIащ Бердиев хьэжы Исмэхьил.

ИужькIэ къэпсэлъахэщ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутатхэу Дудкинэ Маринэрэ Ляшовэ Еленэрэ, республикэм щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэкIэ и министр Кравченко Иннэ сымэ. Абыхэм жаIащ щысабийм къыщыщIэдзауэ щIэблэм гущIэгъу яхэлъу, цIыхугъэ ябгъэдэлъу, хэкупсэ-лъэпкъыпсэу къэгъэтэджын зэрыхуейр.

Тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, «День Республики» газетым и редактор нэхъыщхьэ Кратов Евгений къытеувыIащ Рождественскэ егъэджэныгъэхэм я тхыдэм, къыхигъэщащ ахэр къэрал властымрэ динылажьэхэмрэ здызэпсалъэ федеральнэ утыку лъэщ зэрыхъуар.

— Къэралымрэ динымрэ я зэхущытыкIэм зихъуэжащ. Лъэпощхьэпо куэд щыIащ, абыхэм мы утыкум щытепсэлъыхьащ. Абы и фIыгъэкIэ еджапIэхэм «светская этика»-м и лъабжьэр яджыну хагъыхьащ, «Нравственный подвиг» темэмкIэ зэпеуэ зэхуэмыдэхэр зэхашэ. КъинэмыщIауэ, къыхэлъхьэныгъэ зэхуэмыдэхэр ящIащ икIи ахэр ягъэзэщIащ. Ди хэгъуэгум егъэджэныгъэ купсэ къыщызэрагъэпэщащ. Тхыдэр дэтхэнэми тцIыхун хуейщ, армырамэ, ди адэжь-анэжьхэм щыуагъэ ящIахэр дэри къытедгъэзэжынкIи мэхъу. Пэжщ, ди тхыдэм лъыгъажэ, гуауэ, гуфIэгъуэ напэкIуэцIхэр къыхощыж. Ахэр псори ди тхыдэм и Iыхьэщ, абы щыщ зы кIапи хэбдзыфынукъым. Ахэр ди щIэблэм яцIыхуу къэгъэтэджыпхъэщ, — жиIащ Кратовым.

Къэпсэлъэныгъэ нэужьым Къэрэшей-Черкесым щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэкIэ и Министерствэмрэ Урыс Православнэ Члисэм и Пятигорскрэ Черкесскрэ я Епархиемрэ зэгурыIуэныгъэ зэдащIащ. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, «Основы религиозных культур и светской этики» курсхэр республикэм щрагъэкIуэкIынущ.

— Ар щэнхабзэхэр зыдж предметщ. Лъэпкъхэм я щэнхабзэр хъумэнымкIэ IэмалыфIщ, — жиIащ Феофилакт.

Унафэ къызэрахьамкIэ, еджапIэхэр апхуэдэ тхылъкIэ къызэзыгъэпэщынур Епархиеращ.

**ДЗЭМЫХЬ Маринэ**

ФIыщIэ псалъэ

# Псэм и щытыкIэ

«ГъащIэм лъэ быдэкIэ хэувэн папщIэ, ди сабийм дяпэкIэ къыщхьэпэжыну сыт хуэдэ щIэныгъэ едгъэгъуэтын?» — быныр балигъыпIэм иува нэужь, мыпхуэдэ упщIэ унагъуэ къэс къахуоув. Дэ Дагъыстан Республикэм дыщопсэу. Черкесск къалэм дэт индустриально-технологическэ колледжым ифI куэдрэ зэхэтхащ. ИкIи ди къуэ нэхъыщIэр абдеж щеджэну дыунэтIыну мурад тщIащ. Къапщтэмэ, абы дыхущIегъуэжакъым. Псом хуэмыдэу, дэ, Гусейнов Рэмэзан и адэ-анэм, фIыщIэ хуэтщIыну дыхуейщ колледжым щезыгъаджэ ПэтI Асят Виктор и пхъум.

Мы бзылъхугъэ гуакIуэм псалъэ гуапэхэр хужытIэну дыхуейщ ди къуэм щIэныгъэ, гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ гулъытэ къыхуищIым папщIэ. Производственнэ егъэджэныгъэм и IэщIагъэрылажьэу ущытыныр лэжьыгъэкъым, атIэ абы укъыхуалъхуауэ, ар уи лъым хэту щытыпхъэщ. Махуэ къэс студентхэм уахуэзэныр, ахэр фIым, гуапагъэм, цIыхугъэм хуэбгъэсэныр, лэжьыгъэр фIыуэ ябгъэлъагъуныр — ар IэщIагъэкъым, ар псэм и щытыкIэщ. Сабийр нэгъуэщI хэгъуэгу щыщыIэкIэ, закъуэныгъэр зыхещIэ, гуп мыхъумыщIэ щыхэхуи щыIэщ. Апщыгъуэм деж абы къыбгъуэдэтым куэд елъытащ. Асят Викторовнэ сыт хуэдэ упщIэкIи, чэнджэщкIи зызыхуэбгъазэ хъун цIыхущ. Ахэр псори зэрыхузэфIэкIыр умыгъэщIэгъуэн плъэкIкъым. Абы студент гупиплI иIэщи, дэтхэнэми и узыншагъэм щIоупщIэ, ахэр зэреджэр, дерсхэм къызэрекIуалIэр и нэIэ щIигъэтщ.



Ди къуэм и егъэджакIуэм хуэгъэзауэ псалъэ гуапэ, фIы куэд щыжиIэкIэ, ди псэр нэхъ мэтынш.

ПэтI Асят тхьэгъэпсэу псалъэ жетIэну дыхуейщ и гу къабзагъэм, ди къуэм и гъащIэм зэрыхэлэжьыхьым папщIэ. ЦIыхугъэ хэлъым, и лэжьыгъэм зэрыхуэIэижьым къыхэкIыу фIыщIэшхуэ хуэфащэщ. Ди гум къыбгъэдэкIыу Асяти индустриально-технологическэ колледжым и лэжьакIуэ псоми дохъуэхъу узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ яIэну!

**ПщIэ къыфхуэзыщI ГУСЕЙНОВХЭ Сайфуллэрэ Сапиятрэ, Дагъыстан Республикэ**

*Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэ*

# IуэхуфIым пащэкIэрэ

**Илъэс ещанэ хъуауэ Къэрэшей-Черкес Республикэм щрагъэкIуэкI КъурIэн ЛъапIэм нэхъыфIу еджэхэм, зыцIыхухэм я зэхьэзэхуэ.**

Апхуэдэ лэжьыгъэм я гуапэу хохьэ диныр зи Iэпэгъу, еджапIэ хэхахэм дин щIэныгъэр щызэзыгъэгъуэтхэри, езыр-езыру зыджхэри. КъурIэнаджэхэр къызыхэкIа лъэпкъ елъытауэ зэрызэхуэмыдэм хуэдэ къабзэу, я ныбжькIи зэщхьэщокI. Апхуэдэу, иужьрейуэ, щакIуэгъуэм (ноябрым) Черкесск къалэм щекIуэкIа республикэпсо къурIэнаджэ зэхьэзэхуэм хэтащ илъэси 15-м къыщыщIэдзауэ илъэс 90-м нэс зи ныбжьхэр. Апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм щагъэнаIуэ фIым я нэхъыфIыжхэр, хэт нэхъ дахэу, грамматикэ и лъэныкъуэкIэ нэхъыфIу къеджэми, КъурIэныр гукIэ, азбару ищIэми, хьафизхэр. Зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщакIуэхэр сыт щыгъуи егупсысауэ Iуэхум бгъэдохьэ, абы хэта дэтхэнэми гукъинэж тыгъэхэмкIэ, номинацэ зэхуэмыдэхэм бжьыпэхэр къыщызыхьахэр саугъэт щхьэхуэхэмкIэ къыхагъэщ.

Иджыблагъэ, дыгъэгъазэм (декабрым) Учкекен дэт мыдрисэ-интернатым зэхьэзэхуэ щекIуэкIам хэтащ Ищхъэрэ Кавказым и дэнэ хэгъуэгуи къикIа лIыкIуэхэр. Республикэ мыдрисэ-интернатым и унафэщI, республикэм щыпсэу муслъымэнхэм я Духовнэ Управленэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Эркенов хьэжы Мухьэммад и гуапэу къыхегъэщ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэр япэ дыдэу ди республикэм зэрыщекIуэкIыр.

СКФО-м и къурIэнаджэ нэхъыфIхэр хэгъуэгуи 9-м къикIащ. Абыхэм ящыщщ Ищхъэрэ Кавказым, Адыгейм, Къалмыкъым щыщхэр.

Хэгъуэгу къэскIэ къыбгъэдэкIащ нэрыбги 5 зыхэт гуп зырыз. Гупым щыщу нэрыбги 4-р къурIэнаджэщ, 1-р гъэсакIуэщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ зэхьэзэхуэм хагъэхьар ипэкIэ хэгъуэгухэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм къыщыхэщахэращ.

КъурIэнаджэхэм я зэфIэкIхэр щагъэлъэгъуащ номинаци 3-м. КъурIэныр къызыхуэтыншэу, азбару зыцIыху, гукIэ дэтхэнэ сурэри, Iэятри зыщIэхэр щагъэунэхуащ «Хьафиз» номинацэм. «Киаат» номинацэм хэлэжьыхьащ дахэу КъурIэным къеджэхэр. «Таджвид» номинацэм щызэхьэзэхуащ диныр зи Iэпэгъуу, езыхэм я гурыхуагъкIэ, я гукъыдэжкIэ зыджхэр, КъурIэным итыр грамматикэ и лъэныкъуэкIэ фIыуэ къизыджыкIхэр, къэзыгъэсэбэпхэр.

Зэхьэзэхуэм и лэжьыгъэр къипщытащ хэгъуэгу къэскIэ къабгъэдэкIа муфтийхэмрэ абыхэм я къуэдзэхэмрэ зыхэта комиссэм.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, хэгъуэгу куэдым къикIа къурIэнаджэхэр зыхэта лэжьыгъэр псынщIагъуэтэкъым, абы и гущIыIужу номинацэ къэскIэ щызэхьэрхуэрэгъуахэр я ныбжькIэ хуабжьу зэщхьэщыкIыу щытащ. Псалъэм папщIэ, илъэс 35-рэ зи ныбжьи, илъэси 5 нэхъ мыхъуаи зы номинацэм хэтащ

«Хьафиз» номинацэм щызэхьэзэхуахэм етIуанэ увыпIэр къихьащ мыдрисэм и гъэсэн, илъэс 12 зи ныбжь Шарипов Умар. Бжьыпэр ихьащ Шэшэн Республикэм къикIа къурIэнаджэм.

«Кираат» зэхьэзэхуэгъуэ Iыхьэм етIуанэ увыпIэу тIу ягъэнэIуащ. Гуапэ зэрыхъущи, етIуанэ увыпIитIри къахьащ ди республикэм щыщ къурIэнаджэхэм. Япэ увыпIэр хуагъэфэщащ мыдрисэм и егъэджакIуэ Шарипов Асхьэбутдин, ещанэр — мыдрисэм и егъэджакIуэ Кур-джиев Уэсмэн.

Шэч хэлъкъым, дэтхэнэми и гум дыхьащ зэхьэзэхуэм хэта нэхъыщIэ дыдэ, мыдрисэм щеджэ, илъэси 5 нэхъ мыхъуа Азизов Анас. Комиссэм хэтахэм абы и цIэр къыхагъэщащ икIи хагъэхьащ ещанэ номинацэм бжьыпэр къыщызыхьахэм.

КъинэмыщIауэ, зэхьэзэхуэм еплъахэм ягу зэрырихьам тету щхьэхуэу къыхагъэщащ Голаев Биаслъэн.

Зэхьэзэхуэ къэскIэ бжьыпэр къыщызыхьахэм хуагъэфэщащ ахъшэ фIыщIапщIэхэр — япэ увыпIэр къэзыхьахэм сом мин плIыщI зырыз, етIуанэм — мин 25-рэ, ещанэм—мин 15, еплъахэм ягу ирихьам — мини 10.



Зэхьэзэхуэм къеблэгъа хьэщIэхэр тыншу лэжьэнми, загъэпсэхунми, шхэнми къызэгъэпэщакIуэ гупыр — Ищхъэрэ Кавказым щыпсэу муслъымэнхэм я Координационнэ Купсэм и зыгъэзащIэ комитетыр жэуаплыгъэ лъагэкIэ бгъэдыхьащ. Абы дэIэпыкъуэгъу хуэхъуащ ислъам щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ Фондыр. Гулъытэу къыхуащIар хьэщIэхэми я гуапэ мыхъуу къэнакъым.

Комитетым и тхьэмадэ Ибрагимов Ибрэхьим къыхигъэщащ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэм сэбэпу къахьыр. Ар щхьопэ ислъам дин къабзэм гъуэгу игъуэтыным, лъэпкъ зэхуэмыдэм къахэкIа цIыхухэр, дин зэхуэмыдэ зезыхьэхэр зэшэлIэным, хэгъуэгухэр зэрыгъэубыдыным, ныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ лъабжьэ быдэ хуэщIыным, щIэблэм хэкупсэ-лъэпкъыпсэ гъэсэныгъэ хэлъхьэным.

**ТУАРШЫ Ирэ**

Хьэщ1эщ

# ЩIэблэр иригушхуэну...

Абазашта

***Кхъувыжь щыщ Дзыбэ Валерэ иджыри къэс къызэрацIыхуар Урысейм и къэралкIуэцI IуэхухэмкIэ и Министерствэм илъэс 34-м щIигъукIэ къулыкъу щызыщIа, мылицэм и полковникыущ. Саратов юридическэ институтыр къэзыуха Дзыбэ Валерэ Москва къалэм и ГУВД-м лэжьапIэ яунэтIащ. 1988 гъэм, СССР-м и МВД-м и Академиер къиуха нэужь, СССР-м и МВД-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и Управленэ Нэхъыщхьэм и уполномоченнэу щытащ. 2001 гъэм къыщыщIэдзауэ Урысейм и МВД-м и Управленэ Нэхъыщхьэм шынагъуэншагъэмкIэ и къудамэу Центральнэ федеральнэ хэгъуэгум щыIэм и унафэщIу тетащ. Урысейм и МВД-м и оперативно-къэлъыхъуэныгъэ бюром и унафэщI IэнатIэм пэрыту, 2006 гъэм отставкэм кIуащ.***



Дзыбэ Алий и къуэ Валерэ щIэпхъаджагъэ нэхъ хьэлъэ дыдэхэр къызэрыщIигъэщам, и пщэ къыралъхьахэр зэригъэзэщIам къыхэкIыу ведомственнэ медалхэр, цIэрыIуэ Iэщэ кърахащ. И къулыкъу пщэрылъхэр щигъэзащIэм лIыгъэу, гуеигъэу зэрихьам папщIэ, УФ-м и Президентым и УказкIэ, «За заслуги перед Отечеством» орденым е 2-нэ нагъыщэ зиIэ медалыр къыхуагъэфэщащ, «Урысей Федерацэм къэралкIуэцI IуэхухэмкIэ и къулыкъум щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» щIыхьыцIэр къыфIащащ.

Куэд щIакъым Дзыбэ Валерэ «Абазины в войнах России XIX и начала XX века» зи фIэщыгъэцIэу и Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъ хьэлэмэтымкIэ цIэрыIуэ зэрыхъурэ. Политикэ щIэныгъэхэм я доктор, кавказыджхэм я щIэныгъэ обществэм хэт Бочарников И. зэритхымкIэ, тхылъыр тхыдэ-этнологическэ къэхутэныгъэщ, абазэ лъэпкъым и къэжьапIэмрэ зэрызиужьамрэ, XIX-XX лъэхъэнэхэм екIуэкIа зауэхэмрэ зэпэщIэтыныгъэхэмрэ Урысейм и шынагъуэншагъэр яхъумэу лъэпкъым и лIыкIуэ хэтахэмрэ къэзыгъэлъагъуэщ.

«Тхылъым и еплIанэ Iыхьэр — «Абазины на российской военной службе» жыхуиIэр и мыхьэнэкIэ хьэлэмэтыщэщ, сыту жыпIэмэ абдеж зэкIэлъыкIуэу къыщыхьащ Урысейм къулыкъу хуэзыщIа, лъэпкъым къыхэкIа пщIэ нэхъ зиIэхэр. Абыхэм ящыщщ прапорщикхэр, ротмистрхэр, подполковникхэр, карнетхэр, подпоручикхэр, поручикхэр, полковникхэр, майорхэр, штабс-капитанхэр, шууейхэр, нэгъуэщIхэри. Абазэ лъэпкъым и лIыкIуэу цIыху 300-м щIигъу списокым хэхуащ. XIX-XX лIыщIыгъуэхэм екIуэкIа зауэхэм лIыхъужьыгъэрэ хахуагъэрэ къыщызыгъэлъэгъуа абазэ 200-м щIигъум Урысей пащтыхьым и орденхэмрэ медалхэмрэ къыхуагъэфэщащ. Псом хуэмыдэу бгырысхэм пщIэ зыхуащIыр 1807 гъэм император Александр I игъэува «За храбрость» дыщэ медалрат...», — етх адэкIэ Бочарниковым.

Апхуэдэ медаль абазэ лъэпкъым щыщу нэрыбгэ 25-м щIигъум къыхуагъэфэщащ.

— Тхылъым идгъыхьа тхыгъэхэр илъэс 15-кIэ зэхуэсхьэсыжащ, — жеIэ Дзыбэ Валерэ. — Урысей къэрал военно-тхыдэ, политикэ, нэгъуэщI архивхэм щIэлъ дэфтэрхэм сыщелэжьащ. ИужькIэ тхылъым ихуэну тхыгъэхэр стхын щыщIэздзэм, тхыдэ-кавказыджхэм, тхакIуэ-тхыдэтххэм, юристхэм сайчэнджэщащ. Сэ сыхуейщ мы тхылъыр абазэ унагъуэ къэс илъыну, сыту жыпIэмэ абдеж итщ ди лъэпкъым и тхыдэр, ди адэжьхэм ятеухуа хъыбархэр.

Дзыбэ Валерэ тхылъым деж щытопсэлъыхь и адэшхуэ Дзыбэ Мустэфа. Урядник Дзыбэ Мустэфа «Дикая дивизием» хэту урыс-япон зауэм хэтащ. Абдеж лIыгъэ щызэрихьам къыхэкIыу «Святой Георгий», «Георгиевскэ Жор» орденхэмрэ медалхэмрэ кърatащ.

Нобэ Дзыбэ Валерэ тхылъ етIуанэм — «Псху-Кува» жыхуиIэм йолэжь. Ар топсэлъыхь илъэси 150-рэ ирикъуну, къызыщалъхуа Кхъувыжь къуажэм и тхыдэм. Ди фIэщ мэхъу, япэ тхылъым хуэдэу, мыбыи щIэджыкIакIуэхэр зэрикуэдынур.

**ДЗЫУЭ Iэминат**



Дэ и Республики

***СурэтыщI, пхъащIэ, тхьэнапэ зытх, альпинист — а псори ехьэлIащ мы тхыгъэм деж зи гугъу щытщIыну хъулъхугъэм. Урыс, польскэ уэркъхэу Зубатовхэ, Ястржембскэхэ, Годлевскэхэ зи адэкIэ зи Iыхьлы, и анэкIэ — промышленник Ефремовхэ зи лъым къыхыхьэм нэIуасэ фыхуэтщIынущ.***

# ИлъэситIым щыщIэдзауэ сурэт щIыным пыщIащ



Зубятов Николай и творчествэри, и гъащIэм и къекIуэкIыкIари гъэщIэгъуэнщ. Зубятовхэ, нэхъ тэрэзу жыпIэмэ, Зубатовхэ, я лъэпкъыр Урысейм щыцIэрыIуэщ. Москва къалэм XX лIыщIыгъуэм и пэщIэдзэм мы тхыгъэр зытеухуам и адэшхуэ Николай и театрыр зымыцIыху щыIэтэкъым. Адэшхуэм и унэм къеблагъэт урыс усакIуэшхуэхэу Есенин, Маяковский сымэ.

Нобэ зи гугъу тщIы Зубятов Николай Сыбырым щыIэ Кемерово къалэм къыщыхъуащ. Сабийм сурэт щIын щIидзащ и ныбжьыр илъэситIым иту. Абы хуабжьу гъэщIэгъуэн щыхъуат япэ дыдэу илъэгъуа мафIэгур. Унэм къэкIуэжа нэужь, илъэгъуар сурэту итхыжащ. Адэанэм я пащхьэ ирихьа сурэтыр хуабжьу ягъэщIэгъуащ, сыту жыпIэмэ мафIэгур геометрие и лъэныкъуэкIэ Iэзэу тхат икIи къанэ щымыIэу, бжэ цIыкIуи, щхьэгъубжи, уэнжакъи — я сабийм псоми гу лъитауэ къыщIэкIат.

Николай зызэриумысыжымкIэ, Кавказыр фIыуэ илъэгъуащ илъэс 14-м иту, икIи а фIылъагъуныгъэр и творчествэми къыщигъэлъэгъуащ.

Япэ щIыкIэ ар акварелькIэ, иужькIэ «масло» лIэужьыгъуэмкIэ тхэн щIидзащ. СурэтыщIым зэрыжиIэмкIэ, акварелым щыуагъэ «идэкъым», ауэ «масло» лIэужьыгъуэмкIэ ущыуами, утелыхьыж, щыуагъэр бгъэтэрэзыж мэхъу. Николай нэхъыбэу итхыр щIыуэпсращ. Абы и сурэтхэм хыболъагъуэ психологизмэр, реализмэр, язынықъуэхэм дежи натурализмэр.

Илъэс зыщыплIкIэ узэIэбэкIыжмэ, Николай дихьэхащ «иконопись» — тхьэнапэ тхыным и Iэмалхэм. Абы и лэжьыгъэхэр нобэ щIэлъщ Черкесск къалэм дэт Никольскэ соборым.

Абы лъандэрэ сурэт щIыныр Николай нэхъыфI дыдэу илъагъу IэщIагъэ хъуащ. Мы Iуэхур зэи IэщIыб ищIакъым: еджапIэм щеджэми, заводым щылажьэми, дзэм къулыкъу щищIами. Зубятовым къулыкъу щищIауэ щытащ хьэуа-десантыдзэм, Кавказым и бгылъэхэм мызэмытIэу парашюткIэ къыщетIысэхащ. ИужькIэ альпинизмэм дихьэхри, дибгхэр къызэхикIухьащ, Хы фIыцIэм щыщIэдзауэ Каспий пщIондэ. Мис абдеж, абы зэрыжиIэмкIэ, къыгурыIуащ Къэрэшей-Черкесым и бгыхэм хуэдэ зэрыщымыIэр, абы я дахагъэр зэрытелъыджэр.

Жыгым IэрыщIхэр къыхэбзыкIыныр, пхъэм художественнэ теплъэгъуэ етыныр — ари Николай дэзыхьэх Iуэхугъуэхэм ящыщщ. Апхуэдэу, Зубятовым и унэм куэду щыплъагъунущ пхъэм къыхэщIыкIа IэрыщIхэр, абстрактнэ теплъэ зиIэ пкъыгъуэхэр. Псом хуэмыдэу куэдщ уэздыгъалъэхэр, шынакъхэр, пхъэ бжэмышххэр, бдзэжьейм, санэ Iэрамэм ещхь дапхъэхэр, щхьэцым халъхьэ мажьэхэр... Куэдщ пщэфIапIэм ехьэлIа IэмэпсымэхэрI. Абыхэм яхыболъагъуэ урыс IуэрыIуатэм, таурыхъхэм яхэт лIыхъужьхэр. Хьэпшыпхэм зэхисыхьащ икIи Николай ар и теплъэу къелъытэ а бзаджэнаджэр зи пэшэгъухэр здэкIуэну мафIэ щIыпIэм.

СурэтыщIым и творчествэм нэхъыщхьэу къыхощ щIыуэпсым хуиIэ фIылъагъуныгъэмрэ цIыхур зэгупсысыжу псэуным къыхуеджэнымрэ. Зубятовым хуабжьу игу къоуэ Кавказым и щIыуэпс гъуэзэджэр цIыхум и зэранкIэ мыхьэнэншэ зэрыхъур. «Последнее дерево на южной окраине Черкесска» фIэщыгъэцIэр зиIэу ищIа и сурэтыр и щыхьэтщ Николай зыгъэгумэщI Iуэхум. Сурэтыр и дамыгъэщ цIыхум гушыIи яхэлъу щIащ. Апхуэдэу, шыгъулъэ цIыкIур щIащ хъумакIуэ лIым и теплъэр иIэу, и фочым шыгъу ирикIутэу. Нэм къыфIонэ мэзылIым и лъакъуэу щIа пхъуантэ цIыкIури. ГъэщIэгъунщ тутын сахуалъэри зэрыбгъэлъалъэ IэрыщIри. Ар мащэ къэтIагъащIэу щIащ, абы и щхьэмкIэ щысщ фIыцIэу хуэпа, шэмэдж зыIыгъ фызыжьыр.

Зубятовым и дэтхэнэ



лэжьыгъэри образ къудейкъым, атIэ абыхэм щхьэж езым и хьэл-щэн иIэж хуэдэщ. Апхуэдэщ, Мефистофель и теплъэу щIа IэрыщIри. Мы скульптурэр Николай къыхищIыкIащ уафэхъуэпскI зэуа жыгым. Ар щIыпIэ-щIыпIэурэ фIыцIэу зыкъимыщIэжмэ, зыхуэкIуэ мыгъуагъэм.

И гу узым игъэгуауэщхьэуэми, илъэситIкIэ узэIэбэкIыжмэ, инфаркт иIами, Николай сурэт щIыныр щигъэткъым. Пэжщ, гугъущ этюдникыр къепхьэкIыну, бгыхэм удэкIыну, ауэ абдеж щилъагъуну дахагъэм папщIэ, Николай фIыуэ илъагъу Iуэхур къигъанэкъым. Абы и щыхьэтщ иужьрейуэ итха: «У цветочного озера в Домбае», «Дочки-матери», нэгъуэщI сурэтхэри.

СурэтыщIыр щIохъуэпс езым и гъэлъэгъуэныгъэ къызэригъэпэщыну, и творчествэм жылагъуэр щигъэгъуэзэну.

**БОГАТЫРЕВЭ Шахризэ**

Къарачай

# Париж деж

***Париж щекIуэкIа XXV Дунейпсо тхылъ гъэлъэгъуэныгъэм къэрал, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къикIа, тхылъыр фIыуэ зылъагъу цIыхухэр дызэхуишэсащ. Къэрэшей-Черкесым икIауэ лIыкIуэ гуп абы дыхэтащ.***

Павильонышхуэм деж дэри ди тхылъхэр здэдгъэлъэгъуэн щIыпIэ къыщызэдгъэпэщащ. УзэрыщыгуфIыкIынщи, дэри дгъэлъэгъуэн ди мащIэкъым. Апхуэдэщ дуней дыкъэзыухъуреихьым и дахагъэр, ди лъэпкъым и тхыдэр, абы къикIуа гъуэгуанэр, гъуазджэмкIэ тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. ГъэлъэгъуапIэм тетлъхьахэм дыщыхэплъэжым, гуфIэгъуэм дызэщIиIэтащ, куэд зэрытхъумэфам папщIэ, апхуэдэуи дигъэгумэщIащ нэхъыбэжи зэрытфIэкIуэдам.

Форумым урысей тхакIуэ куэд хэтащ. Ди къэралым щыпсэу лъэпкъ цIыкIухэм щыщу зи литературэ зыгъэлъэгъуар дэращ. Абы гу къылъатащ франджы еджагъэшхуэ, зэдзэкIакIуэ Гонсалес Ханталрэ тхыдэдж, драматург Лагранж Кенлерэ икIи жаIащ дылъэпкъ мащIэми, мыпхуэдэ зэIущIэшхуэм дызэрыхэлэжьыхьам дыкъызыхэкIа лъэпкъым фIылъагъуныгъэшхуэ зэрыхудиIэр къызэригъэлъагъуэр. Къыхэдгъэщыну дыхуейщ абыкIэ ди лъэпкъэгъухэр щIэгъэкъуэн къызэрытхуэхъуар, псом хуэмыдэу фIыщIэ худощI Узденов Алибек.

Париж хуабжьу дигу ирихьащ, узэрыгушхуэн куэди щытлъэгъуащ. Дэри ди бзэр, тхыдэр, щэнхабзэр къэзыгъэлъагъуэ тхылъи 100-м нэс Франджы купсэ библиотекэм къыщыдгъэнащ. Ди лъэпкъым и къэкIуэнур тщIэкъым, ауэ, дауэ мыхъуами, ди псэм щыщ Iыхьэ лIыщIыгъуэкIэ хъума зэрыхъунур ди фIэщ мэхъу.

«Париж — дуней псом и къалащхьэ?»

Мы упщIэм и жэуап зэуэ ептыфынукъым. Ауэ сытми жаIакъым: «Хым и IэфIагъ-дыджагъыр зыхэпщIэн папщIэ, абы и лъабжьэм нэс уефэн хуейкъым» жэуэ. Париж и фIагъыр зыхэпщIэн папщIэ, унагъуэ къэс ущIыхьэн, цIыху къэс уепсэлъэн хуейкъым. КъызэрытщыхъуамкIэ, ахэр хуабжьу цIыху гуапэщ, цIыхугъэшхуэ зыхэлъщ, гуфIэрейхэщ. Я макъыр Iэтауэ зэпсалъэу зэхэпхынукъым. Апхуэдэщи, губжьауэ зы цIыхуи уахуэзэнукъым.

Апхуэдэу, цIыхухэри, къалэри дигу ирихьауэ дыкъэкIуэжащ.

**УЗДЕНОВ Альберт**

Ногай давысы

***Ахэр шахматкIэ зэпеуэ екIуэкIыу нэIуасэ зэхуэхъуащ. ЩIалэ цIыкIур — Нэгъуей районым хыхьэ Эркин – Хьэлъкъ къуажэм щылажьэ «Ферзь» шахмат клубым и гъэсэн Карасов Ислъамщ. Бзылъхугъэр — Самарэ областым шахматымкIэ и федерацэм хэт, гъэсакIуэ, шахматымкIэ хеящIэ Каретниковэ Анастасиещ. НэIуасэ зэрызэхуэхъуам гъэщIэгъуэнышэ хэлъу аракъым. Ауэ, нэхъыщхьэр я зэхуэзэныгъэм зэныбжьэгъугъэ быдэ къызэрыпэкIуаращ.***

# ЦIыхур зыгъэдахэр и ныбжьэгъурщ

Мыр къыщыхъуар Самарэ къалэм дежщ, илъэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэщ. КъЧР-м щыщ «Ферзь» клубым зыщызыгъасэ шахматист ныбжьыщIэхэр хэтт Урысейм шахматымкIэ пашагъэр щыубыдыным хуэгъэза зэхьэзэхуэм.

— Феплъыт, Къэрэшей-Черкесым къигъэлъагъуэ ехъулIэныгъэм! — къыхэгуоукIащ Самарэ областым шахматымкIэ и федерацэм и вице–президент Янушевский Станислав.

— Сыт хуэдэ ехъулIэныгъэ, Станислав Борисович, дэ иджыри зыкъызэкъуэтхын щIэддзакъым! — пэджэжащ сабийхэм я гъэсакIуэ Карасов Джанибек.

— Нобэр къыздэсым мыпхуэдэ зэхьэзэхуэм зи ныбжьыр илъэси 6-м нэхъ цIыкIу сабий хэтакъым. Фэ къэфша Карасов Ислъам илъэсиплI хъуа къудейщ! Шахмат джэгукIэ ищIэрэ езыр? — щIэупщIащ вице-президентыр.

— Флъагъункъэ ищIэрэ имыщIэрэ, — жиIэщ, Джанибек сабийм и Iэр къиубыдри, утыкум кърищащ.



Шэнтым щхьэнтэ лей трилъхьэри, абы Ислъам тригъэтIысхьащ. ЩIалэ цIыкIуми я нэхъ балигъым хуэдэу джэгун щIидзащ...

Мы махуэм Ислъам цIыкIу зыри къытекIуакъым. Утыкум къыщыхъу Iуэхугъуэхэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплът зэпеуэм и хеящIэ Каретниковэ Анастасие. ИкIи, имыгъэщIэгъуэн лъэкIакъым Ислъам къигъэлъэгъуа IэпщIэлъапщIагъыр, темызашэу, ерыщу текIуэныгъэм зэрыщIэбэнар.

Апщыгъуэращ Анастасиерэ Ислъамрэ япэу щызэIущIар. ИтIанэ, хеящIэм нэIуасэ захуищIащ «Ферзь» клубым и гъэсакIуэхэми, Ислъам и адэшхуэ-анэшхуэ — Джанибекрэ Муратхъанрэ. Абы иужькIи зэкъым зэпеуэ зэхуэмыдэхэм деж зэрыщызэрихьэлIар, уеблэмэ телефонкIэ зэпсалъэурэ къекIуэкIащ, я зэныбжьэгъугъэри апхуэдэу быдэ хъуащ.

— ГъащIэм къэхъугъэ гъэщIэгъуэнхэм урехьэлIэ, — жеIэ Джанибек. — ИлъэситIкIэ узэIэбэкIыжмэ, командэр сщIыгъуу шахматымкIэ зэпеуэ дыкIуэу, мафIэгум ис зы гупым гу ялъыстащ. Ахэри я гъэсакIуэр ящIыгъуу акробатическэ рокнроллкIэ зэпеуэм къикIыжауэ, я деж кIуэжт. Абыхэм ящыщ зы щIалэ цIыкIу шахматыр фIэгъэщIэгъуэну зэрытепсэлъыхьыр зэхэсхащ. ЩIалэ цIыкIур къызбгъэдэсшэри сеупщIащ шахмат джэгуфмэ. НыбжьыщIэм жиIащ шахматым зэрыдихьэхыр, фIыуэ зэрыджэгур, гъэсакIуэ къызэрыдэлажьэр. Абдежым щIалэ цIыкIум жесIащ си гупым яхэт зы ныбжьыщIэ къыхихыу зэдэджэгуну. Кирилл (арат щIалэ цIыкIум и цIэр) илъэс 12 хъут. Зыдэджэгуну къыхихар ди шахматист ныбжьыщIэ Ислъамт...

ГъэсакIуэм зэрыжиIэмкIэ, ныбжьыщIитIыр зыбжанэрэ зэдэджэгуащ, икIи, гугъуехь химылъагъуэу, Ислъам Кирилл текIуащ. Кирилл я деж щынэсыжым, мафIэгум ису шахмат зэрыджэгуар и гъэсакIуэу къыщIэкIа Каретниковэ Анастасие жриIэжащ.

— Настя игъэщIэгъуат и гъэсэн цIыкIум къытекIуар зыхуэдэр. ИкIи, зэпеуэ зэхуэмыдэхэм щыIэкIэрэ трихауэ щыта сурэтхэр зыдэлъ альбомыр къызэтрихри, Кирилл иригъэлъагъуу хуежьащ. Сурэтхэр здыщIиплъыкIым щIалэ цIыкIум зэуэ къицIыхужащ шахматымкIэ зэпэщIэтыныгъэм къытекIуа ныбжьыщIэр. А махуэм Настя мыпхуэдэу къысхуитхащ: «Джанибек, нобэ си гъэсэн Кирилл къызбгъэдыхьэри, мафIэгум ису къыздэкIуэжым щIалэ цIыкIуни-и-и-тIэ шахматкIэ къытекIуауэ къызжиIащ! Зэпеуэхэм щытесха сурэтхэр езгъэлъагъу пэтрэ, «игу хэзыгъэщIар» къицIыхужащ! Фи сурэтхэри сигъэлъэгъуащ. Телъыджэкъэ ар!» — жеIэ Джанибек.



Илъэс блэкIам Анастасие Къэрэшей-Черкесым щыхьэщIащ. Ди хэгъуэгум, Карасовхэ къахуеблэгъа хьэщIэр республикэм и щIыпIэ дахэхэм кърашэкIащ, Домбай, Архъыз ирагъэлъэгъуащ.

Абы къыкIэлъыкIуэу екIуэкIа зы зэпеуэм Джанибекрэ Анастасиерэ щызэIущIащ икIи бзылъхугъэм мыпхуэдэу къыжриIащ: «Сытым хуэдэу Къэрэшей-Черкесыр си гум епщIа! Фи щIыуэпсым и дахагъэр Iуэтэгъуейщ. Ауэ фи республикэм щыпсэу цIыхухэр нэхъ гуакIуэжщ, гу къабзэщ. Хъунумэ, гъэ къакIуэ си ныбжьэгъухэри сщIыгъуу сынеблэгъэну сыхуейт!»...

Джанибек и гуапэ дыдэу Анастасие ди хэгъуэгум кърригъэблэгъащ. АтIэ, нэгъуейхэм ауэ сытми жаIэкъым: «ЦIыхур зыгъэдахэр и ныбжьэгъурщ» жэуэ.

**МИЖЕВЭ Мадинэ**

Черкес хэку

# И хьэл-щэным текIкъым

**(КIэухращ. ПэщIэдзэр е 1-нэ напэм итщ)**

ЩIэныгъэм хуэпабгъэу къэтэджа щIалэр абыкIэ къэувыIакъым. 1991 гъэм Плехановым и цIэр зезыхьэ институтым экономикэмкIэ курсхэр, 1994 гъэм — Урысейм хамэкъэрал IуэхухэмкIэ и Министерствэм и Дипломатическэ Академием курсхэр, 2001 гъэм — стратегическэ шынагъуэншагъэмкIэ Европейскэ Купсэр, 2007 гъэм ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием востоковеденэмкIэ и Институтым и аспирантурэр фIы дыдэу къиухыжащ. Абы къыдэкIуэуи, Рэмэзан и гуащIэдэкI лэжьыгъэр зэпигъэуакъым. Абы гугъуехь куэд зыпыщIа Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр зэфIихын къыхудэхуащ. Апхуэдэу, Адыгэ Республикэм и Президент Джэрым Аслъэн и лъэIукIэ, хэгъуэгум и лIыкIуэу Москва къалэм щылэжьэну кIуащ. 1991-1998 гъэхэм кърриубыдэу, ар Адыгейм къыбгъэдэкIыу Урысейм и Президентым деж щыIэ Полномочнэ ЛIыкIуэм и къуэдзэу щытащ. КъинэмыщIауэ, Адыгэ Республикэм и Президентым и дэIэпыкъуэгъу пщэрылъхэр УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым деж щигъэзэщIащ.

Адыгэхэр здэпсэу Косово щIыналъэм зауэ къыщыхъеям, ди лъэпкъэгъухэр я Хэкужь къешэлIэжыным ехьэлIауэ Урысейм и Президентым лъэIукIэ зыщыхуагъэзам, апхуэдэ дунейпсо къалэн хьэлъэр Джэрым Аслъэнрэ Ельцин Борисрэ зи пщэ иралъхьар Рэмэзанщ. Ар Урысейм и лIыкIуэу Югославием кIуэри, абдеж щыпсэу адыгэхэр я адэжь щIыналъэм къешэлIэжыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр щызэфIихащ.

ИужькIэ, хамэкъэрал IуэхухэмкIэ министру политик щэджащэ Примаков Евгений щытрагъыхьэм, Рэмэзан иригъэблагъэри, абыи дэлэжьащ.

АдэкIэ, 1998-1999 гъэхэм УФ-м и ЛIыкIуэу Багдад щыIэхэм яхэтащ, Посольствэм и япэ секретару щытащ. Мыбдежми къызэгъэпэщакIуэ лъэщу зэрыщытыр къигъэлъагъуэкIэрэ, и лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ къызыкъуихри, жэуаплыгъэ зыпылъ къалэнхэр щигъэзэщIащ. США-м Иракым деж зауэ къыщиIэтым, Багдад щыIэ урысей цIыхухэр, IэщIагъэлIхэр, Посольствэм и лэжьакIуэхэр Урысейм къэшэжынымкIэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ.

ИужькIэ, 1999 гъэм ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием востоковеденэмкIэ и Институтым стратегическэ, политикэ къэхутэныгъэхэмкIэ и Купсэм и унафэщIым и къуэдзэу трагъыхьащ. Дунейпсо IуэхухэмкIэ Москва финанс Академием и ректорым и чэнджэщэгъуу щытащ. 2007 гъэм къыщыщIэдзауэ Ломоносов и цIэр зезыхьэ Московскэ Къэрал Университетым дунейпсо политикэмкIэ и факультетым и егъэджакIуэщ, деканым и къуэдзэщ.

Къэрал, щIэныгъэ, дунейпсо IуэхущIапIэхэм щылажьэми, абы къэхутэныгъэ лэжьыгъэр зэи IэщIыб ищIакъым. КъэралщIыб политикэмрэ дунейпсо шынагъуэншагъэмрэкIэ щыIэ лъэпощхьэпохэм, ислъам дунейм, СНГ-м и къэралхэм, Китайм, Азиемрэ КъуухьэпIэ Гъунэгъумрэ пыщIэныгъэ даIэм зегъэубгъуным яхьэлIа проектхэр гъэзэщIэным жыджэру хэлэжьыхьащ. Дунейпсо шынагъуэншагъэр хъумэным, экстремизмэм, терроризмэм, афияныр зезыгъакIуэхэм ебэныным ехьэлIауэ статья, брошюрэ куэд езыми, гъусэ иIэуи къыдагъэкIащ.

СССР-м, Урысейм, Адыгэ Республикэм, хамэ къэралхэм я нагъыщэ зыбжанэ иIэщ. КъинэмыщIауэ, ООН-м и Дунейпсо программэхэм я щIыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ.

Даур Рэмэзан насыпыфIэу зыкъелъытэж. Сыту жыпIэмэ, и адэ-анэр узыншэу дунейм тетщ, унагъуэ дахэ иIэщ. Абырэ и щхьэгъусэ Индирэрэ бын хьэлэмэтхэр — Анзоррэ Динарэрэ зэдапIащ.

Рэмэзан гъащIэм деж мылъку нэхъыщхьэу къелъытэ псэ къабзэу, пэжым урителъхьэу, цIыхугъэрэ лIыгъэрэ пхэлъу дунейм утетыныр. Даурым илъэс 56-рэ къигъэщIам аращ зытетар, ноби гъащIэ хабзэ хуэхъуа а хьэл-щэнхэм текIкъым.

**ЕЗАУЭ Маринэ**

Псэужамэ, илъэси 100 ирикъунут

# ВакIуэ-Жылэм ипIа ЛIыхъужь

***Хэку зауэшхуэм къыщигъэлъэгъуа гуеигъэм папщIэ «СССР-м и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къызыфIащахэм ящыщщ адыгэм къытхэкIа цIыху щыпкъэ, ВакIуэ-Жылэ къуажэм къыдэкIа лIыхъужь, псэужамэ, нобэ зи ныбжьыр илъэси 100 ирикъун хуея Къардэн Мурат Iэсхьэд и къуэр.***



Мурат 1916 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м Адыгэ-Хьэблэ районым хыхьэ ВакIуэ-Жылэ (Дохъушыкъуей) къуажэм дэс мэкъумэшыщIэ унагъуэм къихъухьащ. Баталпашинск (иджырей Черкесск къалэращ) станицэм дэта нэмыс курыт еджапIэр къиухащ. Щылэжьащ Адыгэ-Хьэблэ райвоенкоматым. 1940 гъэм КПСС-м хыхьащ.

Дзэ Плъыжьым Къардэныр 1939 гъэм ираджащ. Къулыкъу ищIащ зауэлI ухуакIуэу, щеджащ Иркутск кавалерийскэ училищэм. 1942 гъэм ар къиухри, еджэныгъэгъэсэныгъэ лэжьыгъэхэр хьэуа-десантыдзэхэм щрихьэкIащ.

1944 гъэм мэкъуауэгъуэ (июнь) мазэм 37-нэ гвардейскэ стрелковэ корпусым хэту Мурат Карельскэ фронтым Iууващ.

Советыдзэм хэту Свирско- Петрозаводскэ ебгъэрыкIуэныгъэ операцэр къызэзыгъэпэща, 301-нэ гвардейскэ стрелковэ полкым и взводым и командир, гвардии сержант нэхъыжь Къардэным и взводым IэкIуэлъакIуагъ ин хэлъу къыхуагъэува къалэныр игъэзэщIащ.

1944 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м нэмыцэдзэм я быдапIэр пхыратхъри, фашистхэм зыздыщагъэбыдауэ щыта щIыпIэм и щIылъэныкъуэр — Карельская къуажэ цIыкIур советыдзэм къыIэрыхьащ. Къардэным и нэIэм щIэт взводыр Ленинград областым хыхьэ Лодейное Поле къалэм и Iэгъуэблагъэм щыIэ Янгерэ псым зэпрыкIри, батальоныр псым икIыхункIэ — сыхьэтиткIэ абыхэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщу щIыпIэхэр я нэIэ щIагъэтащ.

Махуищ текIа нэужь, мэкъуауэгъуэм и 25-м Къардэным къылъысащ я сатырхэм хэкIа ротэм и командирым и унафэщI къалэныр. Гвардии сержант нэхъыжь Къардэным и нэIэм щIэта ротэм IэкIуэлъакIуагъ хэлъу нэмыцэдзэм яIэщIэлъа опорнэ пунктыр зыIэщIигъэхьащ. Ар Карелием щыIэ Олонецкэ районым хыхьэ Самбатукс-Пипилица къуажэхэм дежт…

СССР-м и Ищхьэ Советым и Президиумым 1944 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 21-м къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иту, гвардии сержант нэхъыжь Къардэн Мурат Iэсхьэд и къуэм «СССР-м и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр, Ленин и орденыр, «Вагъуэ Плъыжь» медалыр къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Унафэм мыпхуэдэу итщ: «*Нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэтынымкIэ къэрал унафэщIхэм къыхуагъэува къалэнхэр щапхъэ хъууэ зэригъэзэщIам, лIыгъэрэ гуеигъэрэ къызэригъэлъэгъуам папщIэ*» …

КъинэмыщIауэ, Къардэным къыхуагъэфэщащ Хэку зауэшхуэм япэ нагъыщэ зиIэ и орденыр, медаль куэд.

ЗэманыфIкIэ Мурат военнэ сымаджэщхэм щIэлъащ, зэхэуэхэм щигъуэта уIэгъэхэр, фэбжьхэр игъэхъужу.

1948 гъэм къыщыщIэдзауэ лейтенант Къардэныр запасым, иужькIэ отставкэм ягъэкIуащ. Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуагъ хэзыхауэ щытащ.

Зауэ нэужьым Мурат щыпсэуащ икIи щылэжьащ Черкесск къалэм. И ныбжьыр илъэс 71-м иту дунейм ехыжащ.

«СССР-м и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр зезыхьэ Къардэн Мурат Iэсхьэд и къуэм и пщIэр, и фэеплъыр зэрамыгъэкIуэдым и нагъыщэщ Черкесск къалэм деж щыIэ ЩIыхьым и Аллеем ди лъэпкъэгъу зауэлI щыпкъэм и фэеплъ сын къызэрыщызэIуахар.

КъинэмыщIауэ, Москва областым хыхьэ Раменское къалэм (хьэуа-десантыдзэр къыздызэрагъэпэщауэ щытам деж) и зы уэрамым лIыхъужь-десантникхэм, Мурат и цIэр яхэту, зэрехьэ.

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ**

Газетыр зыщIхэм я псалъэ

# Длэжьымрэ тщIэнумрэ

**Гъэжьыр икIыным къэнэжар сыхьэт бжьыгъэщ. ИкIи, хабзэ зэрытхуэхъуауэ, дызоплъэкIыжри гупсэхуу дыхоплъэж гъэ къызэднэкIым. Шэч хэмылъу, псоми зэрахуейуэ екIуэкIакъым ар.**

Уащхъуэдэмыщхъуэу фIы къызэхъулIаи, Iей къызыщыщIаи, гуфIэгъуэ хэплъаи, гуауэм зи гур зэхифыщIаи къытхэтщ. Ауэ ар мы дунеижьым и хьэл, Тхьэшхуэм и хабзэ зызымыхъуэж гуэрщи, зыри пхуещIэнукъым. Зэрыщытауэ пщэдджыжькIэ дыгъэр къыкъуэкIынущ, пщыхьэщхьэкIэ къухьэжынущ, гъэм и пIалъэхэм зихъуэжурэ, махуэм махуэ, гъэм гъэ къигъэщIурэ дуней шэрхъыр кIэрэхъуэнущ.

Дэри дыхоплъэж ди пщэрылъхэр зэрыдгъэзэщIам, зэпыдошэчыж къыдэхъулIамрэ тхузэфIэмыкIамрэ, догъэбелджылы мурадыщIэхэр. Ди щыуагъэ гуэрхэми гу лъыдотэж икIи лъыдагъэтэж. Дахоплъэж къыдэдгъэкIа напэкIуэцIхэм, щIыдоплъыкIыж рубрикэхэр. Бзэм, тхыдэм, хабзэм, IуэрыIуатэм, диным, узыншагъэм, литературэм, гъуазджэм…

КIэщIу жыпIэмэ, лъэпкъ узыншэу дызэрыпсэупхъэм ди лъэпкъэгъухэр нэхъри къыхуэдгъэушу, унагъуэ къэс адыгэбзэр зэрыщIэдгъэтыным дыхуолажьэ.

Ди гуапэ зэрыхъущи, дыкъызыгурыIуэр, гу къабзэу я гупсысэкIэ къыддэгуашэр мащIэкъым. Нобэ къэралым къыдит дэIэпыкъуныгъэр зыIэщIэдгъэкI зэрымыхъунур, абы пщIэ хуэтщIу дылэжьэн зэрыхуейр къыддэзыIыгъхэр нэхъыбэжщ. АтIэ, дощIэ Урысейм деж къыщинэмыщIа зы къэралми и мылъкукIэ лъэпкъ цIыкIухэм я бзэкIэ газет къазэрыхудамыгъэкIыр. ИкIи уи бзэр, уи хабзэр, уи щэнхабзэр ирипхъумэжыну апхуэдэ IэмалыфI къэралым къыуитрэ, ар къыумыгъэсэбэпмэ, апщыгъуэкIэ е умыхэкупсэ-лъэпкъыпсэу е у акъыл кIэщIу гурыщхъуэ уегъэщI. Лъэпкъ Iуэхур зытетыр кууэ зымыщIэм, абы IэхъуэгъуэтегъэкIыу фIэкIа емыгупсысым къыгурымыIуэнкIи мэхъу газетым илэжьым и къэухьыр. Ауэ, зэрыжытIауэ, а къызыгурыIуэхэр мащIэкъым икIи ахэр щIэгъэкъуэн мэхъу адыгэбзэкIэ ди хэгъуэгум къыщыдэкI газет закъуэр унагъуэ нэхъыбэм яIэрыхьэу гъэпсынымкIэ. Псалъэм папщIэ, адыгэ къуажэхэм я тхьэмадэхэу Шыбзыхъуэ Мурат, Иуан Руслан, Сидакъ Азэмэт, Зэубыд Рустам, Амирокъуэ Альберт, Мэчэр Азэмэт, Тхьэгъэпсэу Гарий, Разэ Алибэч, Дзэмыхь Руслан, Джэрджэ Руслан, Кхъуэнэ Ахьмэд, Лафыщ Аслъэн, Аспуа къуажэм и унафэщI Лъыс Арзэдин сымэ, хьэрычэтыщIэ икIи политик цIэрыIуэ Аргун Олег, сыт щыгъуи газетым къытпыщIа Акъбащ Фатимэ, нэгъуэщIхэми газет щIэзыдзыну лъэкIыныгъэ зимыIэхэм папщIэ, езыхэм я мылъку мы Iуэхум сыт щыгъуи халъхьэ. ЗэрыжаIэщи, уи гум пыкIыр къыпокIэж. Тхьэм игъэпсэу! ЯхэщIар хуэдэ мелуанкIэ бэгъуауэ Тхьэм къахигъэхъуэж! Абыхэм я фIыщIэкIэ илъэсыщIэ къихьэм хэхъуащ газетыр зыIэрыхьэнухэм я бжыгъэм.

ЗэрыжаIэщи, удын зэхэдзэ нэхърэ акъыл зэхэдзэ! Ди лъэпкъэгъухэм, газетым еджэхэм дащогугъ я чэнджэщхэр къыдахьэлIэну. Ини цIыкIуи зэрыжаIэу, акъыл зэхэдзэ тщIымэ, ди газетыр зэрефIэкIуэнум, ди лъэпкъми, ди республикэм щыпсэу псоми нэхъри сэбэп яхуэхъуу зэрыдгъэпсыфынум шэч къытетхьэкъым.

Ди лъэпкъэгъухэми, ди республикэм щыпсэухэми дывохъуэхъу ИлъэсыщIэмкIэ! Узыншагъэ быдэ фиIэу, мылъку фыщымыщIэу, гъащIэ кIыхьу, бынным фагъэгуфIэу Тхьэм фигъэпсэу! ИлъэсыщIэ угъурлы Тхьэм фхуищI! Фи унагъуэм зэгурыIуэрэ берычэтрэ Тхьэм щIимыхкIэ!

**«Черкес хэку» газетым и лэжьакIуэхэр**

Хьэбэз районым къикIа хъуэхъухэр

**IЭЗЭ Мухьэмэд, Али-Бэрдыкъуэ къуажэ:**

— Дэтхэнэ лъэпкъми, цIыхуми я гуращэфIхэр ирапх къихьэну ИлъэсыщIэм. Сэри сохъуэхъу си лъэпкъэгъухэм, республикэм, къэралым цIыху щыпсэум къытхуеблагъэ 2017 гъэр илъэс угъурлы тхуэхъуну!

Хэхъуэр ди куэду, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр нэхъри быдэ хъуну, узыншагъэ диIэну, хъерымрэ гуфIэгъуэмрэ ди унагъуэхэм имыкIыну, зыхуэныкъуэншэу, гукъыдэж диIэу, ди уафэр сыт щыгъуи нэхуу, дунейр мамыру, ИлъэсыщIэ дызэрыхьэр гуфIэгъуэкIэ зэпытчыну Тхьэм солъэIу!

**ЛАХЪУ Мухьэмэд, Беслъэней къуажэ:**

— Къытхуоблагъэ дэтхэнэри фIыкIэ зыщыгугъ ИлъэсыщIэр! Беслъэней къуажэдэсхэм, муслъымэну хъуам сывохъуэхъу къытхуихьэну ИлъэсыщIэр фIыгъуэ куэдкIэ гъэнщIауэ щытыну!

Узыншагъэ дыщымыщIэу, ди бынхэм гу ящытхуэу, нэхъыжьхэм я жьауэм дыщIэту, я чэнджэщхэм дытету дигъэпсэу!

КъытщIэтаджэ щIалэгъуалэр акъылыфIэу, цIыхугъэ яхэлъу, Iейм пэIэщIэу къытхуигъэхъу!

Псом нэхъыщхьэжыр аращи, мамыр гъащIэ Тхьэм къыдит!

**ШЫБЗЫХЪУЭ Барэсбий, Ботэщей къуажэ:**

— Си лъэпкъэгъу лъапIэхэ!

ЛIыщIыгъуищэхэм зи тхыдэр яIуэтэж си адыгэ! Дунейм и дэтхэнэ къуапэм къыщымыхутами, дэтхэнэ уи бынми къелъытэ нобэ илъэсыщIэ хъуэхъукIэ зыкъыпхуигъэзэну. Дэтхэнэ зы сабийми, балигъми я гур егъапхъэ, егъэпIейтей ИлъэсыщIэм. Дэтхэнэ зы унагъуэми и бжэщхьэIум къебэкъуэну къыIутщ ИлъэсыщIэр.

Си лъэпкъэгъу лъапIэхэ, си адыгэ! Сывохъуэхъу гуфIэгъуэр къыфхуихьауэ, узыншагъэ быдэр къывиту, насып мыкIуэщIыр къыфхущIихьэу ИлъэсыщIэр фи бжэщхьэIум къебэкъуэну, фи жьэгу пащхьэм ныдыхьэу къыфхэтIысхьэну!

Си лъэпкъэгъу лъапIэхэ! Дэ дыадыгэщ! ИугъащIэ адыгагъэм! ВгъэгуфIэ дэтхэнэри гулъытэкIэ, гукъэкIкIэ! Вгъэгушхуэ нэхъыщIэхэр, вгъэгуфIэ нэхъыжьхэр. Сывохъуэхъу, си лъэпкъэгъу лъапIэхэ, мурадыфIу, хъуэпсапIэу фиIэр къывэхъулIэну!

*Черкесск къалэм* къикIа хъуэхъухэр

**ДЖЭТАУЭ Iэмин:**

— ИлъэсыщIэм гукъыдэжыр къыдэушу, берычэтыр ди унэм илъу, ди лъэр жану, ди жьэгу пащхьэр хьэщIэ кIуапIэу, нэмыс, хабзэм я зекIуапIэу, къакIуэр фIыкIэ къытхуеблагъэу, ди щIыхьыр ину, ди пщIэр лъагэу, мы дунейм фIыгъуэу тетым дыщымыщIэу, цIыхуу дунейм тетыр Тхьэм дигъэузыншэ, къытхуеблагъэ 2017 гъэр ИлъэсыщIэ угъурлы тхухъу!

**ДАУР Жэхьфэр:**

— Сэ редакцэм сызэрыщылэжьа илъэсхэм мэкъумэшымкIэ и къудамэр си нэIэм щIэтащи, фIыуэ сыщыгъуазэщ мэкъумэшыщIэхэм ехъулIэныгъэу яIамрэ къаймыхъулIамрэ. Мы илъэсыр къапщтэмэ, абыхэм хуабжьу дагъэгуфIащ. Зэи къэхъуакъым мэкъумэшыщIэхэм мы гъэм хуэдэу лэжьыгъэ бэв къагъэкIауэ. Гектарым гъавэу центнер 40-м щIигъу кърахащ. СемышкIэр, нартыхур, фошыгъупхъэ жэгундэр зэрахуэбэгъуам жыдегъыIэ дяпэкIи зэфIэкIышхуэ зэраIэнур. Абыхэм я лэжьэкIэфIым и фIыщIэкIэ, Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэм зыхащIакъым нэгъуэщI къэралхэр зэкъуэувэу ди къэралыр дакъузэну зэрыпылъар. МэкъумэшыщIэхэм фIыщIэ яхудощI ерыскъыхэкIхэмкIэ хуабжьу дыкъызэрызэрагъэпэщам папщIэ икIи дохъуэхъу ИлъэсыщIэм нэхъри ехъулIэныгъэфIхэр яIэну, ахэр зэрызыIэрагъэхьэну узыншагъэрэ гукъыдэжрэ щымыщIэну!

*Къэрэшей* районым къикIа хъуэхъу

**ДЫГЪУЖЬ Барэсбий, Хъумэрэ къуажэ:**

— ЗэгурыIуэныгъэщ цIыхур зэзышалIэр, зэзыпхыр, зы гъуэгу тезышэр, а гъуэгур зэдазыгъэкIур, жьыщхьэмахуэ зэдэзыщIыр. ШыIэныгъэращ, зэхуэгъэкIуэтэныгъэращ зэгурыIуэныгъэм и лъабжьэр.

Тхьэуэ зи нэIэм дыщIэтым долъэIу ИлъэсыщIэ къытхуеблагъэм унагъуэхэм, лъэпкъхэм, къэралыгъуэхэм я зэдэпсэуныгъэм и тегъэщIапIэ шыIэныгъэр, зэхуэгъэкIуэтэныгъэр зэрагъэбыдэн акъылрэ къарурэ къаритыну!

*Адыгэ – Хьэблэ* районым къикIа хъуэхъухэр

***Адыгэ – Хьэблэ къуажэ,***
**зи ныбжьыр илъэс 90-м ит МЭЗУКЪЭБЗ Темэз:**

— «ИлъэсыщIэ — гугъапIэщIэ» — жаIэ сыт щыгъуи. Сыхуейщ къытхуихьэну ИлъэсыщIэр дэтхэнэми угъурлыуэ къыхуэкIуэну, абы хуиIэ и гугъапIэхэр къыдэхъуну! Узыншагъэм дыщымыщIэу, гукъеуэ дымылъагъуу, ди гъащIэр тыншрэ зэIузэпэщу, ди щIэблэм дагъэгуфIэ зэпыту Тхьэм дигъэпсэу!

Адыгэхэр дызэгурыIуэу, акъыл зиIэм и унафэм дыщIэту, дызэлъыкъуэту, зызэщIэдгъакъуэу, фэрыщIыгъэ тхэмылъу ди лъэпкъ Iуэхур зыгъэкIуэтэн лъэпкъылIхэр Тхьэм куэд тхуищI!

Дызыщыпсэу щIыналъэм мамырыгъэр щытепщэу, лъэпкъхэр зэлъыкъуэту дигъэпсэу!

**МУДАР Хьэж-Бэчыр, ВакIуэ-Жылэ къуажэм и ефэнды:**

—Илъэсыжьым IуэхуфIи Iеи дыхэплъащ. Мис, иджы дыдэ къэхъуа насыпыншагъэр сытым хуэбгъэдэн. Ауэ сыт хуэдэ Iуэхуми дэ цIыхугъэ къыткъуэкIыу дыбгъэдыхьэпхъэщ. Дадощыгъуэ икIи я гуауэр ядыдоIыгъ зи унагъуэ апхуэдэ гуауэ къихъухьахэм.

Шэчыншэу, иджырей дунейр зэхэтхъуащ. Арами, ди щIэблэр зыщIэтпIыкIын хуейр фIыращ, мыхъумыщIагъэхэм пэIэщIэу къэдгъэтэджыпхъэщ. Апхуэдэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэр зи пщэрылъ хъур балигъхэращи, дэтхэнэми дяпэкIи къыдэлъытар тщIэнущ ди сабийхэр Iейм щытхъумэнымкIэ.

Адыгэ лъэпкъыр къэрал куэдым щикъухьащ, псом хуэмыдэу нобэ хьэзаб куэд ятелъщ Щамым (Сирием) щыпсэу адыгэхэм. Адыгэу дунейм тетым ящыщу зигу Хэкужьым къеIэу хъуам я хъуэпсапIэр къайхъулIэн Тхьэм ищI! Адыгэу дуней псом тетым шыIэныгъэ, псэ быдагъэ, зэкъуэтыныгъэ Тхьэм къыдит! ИлъэсыщIэ къихьэм лъэпкъым и Iуэхур нэхъри ефIэкIуауэ дигъэлъагъу!

«Псалъэр» зыгъэлажьэ адыгэ газетым и лэжьакIуэхэми, республикэм щыпсэу лъэпкъхэми узыншагъэ быдэрэ зэIузэпэщыныгъэрэ ИлъэсыщIэм фыщимыгъащIэкIэ!

**ЖАНЭ Зое, Эрсакон къуажэ:**

— Гуапэу догъэкIуэтэж 2016 Илъэсыжьыр. ГуфIэгъуэкIэ, гугъапIэфIхэмкIэ дыпожьэ 2017 ИлъэсыщIэм. Сэ Хэку зауэшхуэ лъэхъэнэм зи сабиигъуэр хиубыда, гъаблэмрэ зэхуримыкъуныгъэмрэ зыхэзыщIахэм сащыщщ. А зэманым изогъапщэри, жысIэну сыхуейщ, иджырей гъащIэ дахэм сытри тхурикъуу, зэIузэпэщу дызэрыпсэур. Ауэ тIэпыхуащ пщIэ зэхуэщIыныгъэр, лъэпкъхэм яку дэлъ фIылъагъуныгъэ иныр, зэкъуэтыныгъэм дытету дыпсэужкъым. Зэныбжьэгъугъэм лъэмыкIын щыIэкъым. Аращ дяпэкIи дызыхущIэкъупхъэр.

Унагъуэр быдэмэ — къэралри быдэщи, дэтхэнэ унагъуэми зэгурыIуэныгъэ илъу, хэти и гуращэхэр къыдэхъуну ИлъэсыщIэм сахуохъуахъуэ!

# ИлъэсыщIэ тыгъэ

***КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и унафэкIэ, федеральнэ купсэм и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу, Къэрэшей-Черкес Республикэм и районхэмрэ къалэхэмрэ щыIэ сымаджэщхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ ИлъэсыщIэм ехъулIэу тыгъэ хьэлэмэтхэр къаIэрыхьащ: дэIэпыкъуэгъу псынщIэ машинэ 11-рэ еджапIэхэм папщIэ машинэ 20-рэ.***

— Къэрэшей-Черкесым и къуажэхэр нэхъыбэу бгылъэ щIыпIэщ щыпсэур. Абы къыхэкIыу, социальнэ IуэхущIапIэхэм ягъэбыдылIа машинэхэр щIэх жьы мэхъу, зэхурикъукъым. Апхуэдэ щытыкIэм щызгъэгъуэзауэ щытащ УФ-м и Правительствэм и Тхьэмадэ Медведев Дмитрий. Ди псалъэр федеральнэ купсэм зэрызэхихам и щыхьэтщ къытIэрыхьа машинэхэр. Ахэр новигацэ IэмалхэмкIэ, техникэ, оборудованэщIэхэмкIэ зэщIэузэдащ.

Псоми сывохъуэхъу ИлъэсыщIэ къихьэм и цIэкIэ. Узыншагъэ, хуабагъэ, зэIузэпэщыныгъэ унагъуэ къэскIэ! — жиIащ Темрезов Рэшид, къызэхуэсахэм захуигъазэкIэрэ.

ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ машинэхэм я IункIыбзэхэр сымаджэщхэм я унафэщIхэм яритащ КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ Уэз Аслъэн.

«ЕджапIэ автобус» программэм ипкъ иту, республикэм и курыт еджапIэхэм иратащ машинэ зэгъэпэщахэр. Зы къуажэм къикIыу нэгъуэщIым кIуэ, жыжьэ къикIыу еджапIэм кIуэн къызыхудэхуэ еджакIуэхэр къэрашэкIынущ абыхэмкIэ.

Хьэбэз район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Iэмин дыщигъэгъуэзащ дэIэпыкъуэгъу псынщIэ машинэм и щытыкIэхэм.

— Апхуэдэ зы машинэ ди сымаджэщым иIэххэщ. Ауэ нэгъуэщI районхэми ди хуэIухуэщIэ ядгъэгъуэту, сосудистэ купсэ Хьэбэз район сымаджэщым щылажьэ зэрыхъурэ, зы машинэр къыдэмэщIэкI хъуащ. КъинэмыщIауэ, мы машинэхэр медицинэ оборудованэкIэ нэхъ лъэрыхьу зэщIэузэдащ. Ахэр тегъэпсыхьащ щытыкIэ хьэлъэм, хьэлъэ дыдэм ит сымаджэм сыт хуэдэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэри едгъэгъуэтыным. Мы машинэхэр къызэрымыкIуэщ, хьэкъыпIэкIэ. Шэч хэлъкъым, абы дыхуэныкъуапэщ икIи район сымаджэщым и дэIэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ ар хэхъуэшхуэщ, — жиIащ Мэкъуауэ Iэмин.

**ТУАРШЫ Ирэ**



# Къэрал нагъыщэхэр

*(КIэухращ. ПэщIэдзэр е 1-нэ напэм итщ)*

— СощIэ, нагъыщэ папщIэкIэ фи лэжьыгъэм, Iуэхум фызэрыпэрымытыр.

Ауэ блэжьым пщIэ къыщыхуащIкIэ, абы нэхъри уегъэгушхуэ, нэхъри зыуегъэужь. Сывохъуэхъу дяпэкIи фи лэжьыгъэм пщIэ къыхуащIу фыпсэуну. ИлъэсыщIэ угъурлы дэтхэнэми фхухъу! — жиIащ Темрезов Рэшид.

Мы махуэм нагъыщэ лъагэкIэ, КъЧР-м и Iэтащхьэм и СаугъэткIэ цIыху 43-рэ къыхагъэщащ. Абыхэм ящыщщ ди лъэпкъэгъухэри. Апхуэдэщ «Заслуженный артист КЧР» цIэ лъапIэр къызыхуагъэфэща, Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ



адыгэ драмэ театрым и лэжьакIуэ - ПщыхуэфI Земфирэ.

«Заслуженный врач КЧР» хъуащ медицинэ щIэныгъэхэм я доктор Даур Борис.

«Заслуженный работник культуры КЧР» фIэщыгъэцIэкIэ къыхагъэщащ Хьэбэз муниципальнэ районым хыхьэ Беслъэней къуажэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм и унафэщI Ныр Владимиррэ Хьэбэз къуажэм щыщ «Ашэмэз» цIыхубэ къэфакIуэ ансамблым и балетмейстер Уэзрокъуэ Зурабрэ.

«Заслуженный учитель КЧР» фIэщыгъэцIэр къыхуагъэфэщащ Черкесск къалэм дэт зи №17 гимназием пэщIэдзэ классхэм и егъэджакIуэ Ещэр Фатимэрэ Черкесск къалэм дэт сабий макъамэ еджапIэм и педагог-психолог Мамыжь Анжелэрэ.

Гъуазджэмрэ литературэмрэ ятеухуа Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэм и Саугъэтыр зыхуагъэфэщахэм ящыщщ Бэчыжь Лейларэ («Литература в потоке времени», «Бытиё Слова» тхылъхэм папщIэ) Къантемыр Тыркубийрэ («Пата – легенда мудрости Кавказа» тхылъым папщIэ).

**ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ**

*Сессием къикIыу*

# Илъэсым и иужьрей зэхуэсыр

**(КIэухращ. ПэщIэдзэр е 1-нэ напэм итщ)**

— Фи щхьэкIи, фи лэжьыгъэкIи, фи унагъуэкIи фефIэкIуэну сывохъуэхъу, ИлъэсыщIэ угъурлы фытригъыхьэ! Шэч зыхэмылъу, ипэкIи куэдрэ жысIащи, зыгъэзащIэ власть къудамэм нэгъэсауэ фызэрыдэлажьэм куэдкIэ елъытащ республикэми абы щыпсэухэми я псэукIэр. Апхуэдэ пщэрылъхэр нэгъэсауэ мы илъэсым вгъэзэщIауэ къысщохъури, дяпэкIи Iуэху узыншэ зэдэдгъэкIуэтэну сывохъуэхъу! —жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

**БЕМЫРЗЭ Зураб**

# Утыку нэхъыщхьэм и гуфIэгъуэхэр

*(КIэухращ. ПэщIэдзэр е 1-нэ напэм итщ)*

Дыгъэгъазэм (декабрым) и 27-м ИлъэсыщIэ махуэщIхэм щыпащащ республикэ драмтеатрым щагъэува Псейм. Абыхэм хэтащ Къэрэшей-Черкесым и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ къикIа, унагъуэ зэхуэмыщIахэм къахэкIа, гъащIэм щытыкIэ хьэлъэм иригъэува, социальнэ къулыкъущIапIэхэм, еджапIэ хэхахэм я гъэсэнхэр.

Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIыу сабийхэм яхъуэхъуащ республикэм социальнэ зыужьыныгъэмрэ гуащIэдэкIымрэкIэ и министр КIэм Мурадин.

— Фэ насыпыфIэу фыщытыным, фIыуэ феджэным щхьэпэ IуэхугъуэфI куэд республикэм щыдогъэзащIэ. Насып, угъурлыгъэ, узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ фиIэну, фи хъуэпсапIэхэр къывдэхъуну сывохъуэхъу! — жиIащ министрым.

Сабийхэр а махуэм хэтащ джэгу, къафэ гъэщIэгъуэн куэдым. Абыхэм я гуIэфIтещIэжу щытащ КъЧР-м и Iэтащхьэм и цIэкIэ псоми хуагъэфэща илъэсыщIэ саугъэтхэр. КъинэмыщIауэ, сабийхэр ирагъэплъащ «Стойкий оловянный солдатик» зи фIэщыгъэцIэ спектакльтаурыхъым.

КъыкIэлъыкIуэ махуэми илъэсыщIэ джэгухэр щекIуэкIащ драмтеатрым щагъэува Псей лъабжьэм. Абыхэм хэтащ гъащIэм щытыкIэ хьэлъэм иригъэува сабий 638-рэ. КъинэмыщIауэ, зи узыншагъэкIэ дагъуэ зиIэ сабийхэри гулъытэншэу къагъэнакъым. Апхуэдэу, сабий 1200-м я унагъуэхэм щыIэрагъэхьащ илъэсыщIэ хъуэхъухэмрэ саугъэтхэмрэ. Апхуэдэ къабзэу, класс нэхъыщIэ дыдэхэм хэсхэмрэ сабий ибэ цIыкIухэмрэ хуагуэшащ илъэсыщIэ IэфIыгъэкIэхэр зэрылъ сэмб 8500-рэ. Псори зэхэту мы гъэм сабий мин 11-м тыгъэхэр Iэрагъэхьэнущ. Ахэр зи жэрдэмыр КъЧР-м и Iэтащхьэращ.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ**

*Илъэс 80-кIэ узэIэбэкIыжмэ, гъатхэпэм (мартым) и 6-м, Хьэбэз къуажэм Даурхэ Уэсмэнрэ Даурхъанрэ я унагъуэм къыщыхъуащ нобэ зи гугъу фхуэтщIыну СулътIан. Илъэс 80-м къриубыдэуи абы гукъеуи, гуфIэгъуи, зэрыжаIэу, зэблихъуурэ гъащIэм и натIэ къыхуищIащ. ГуащIэмрэ пщIантIэпсымрэ жьыуэ зыхищIэн къыхудэхуащ, гугъуехьми, хьэзабми хэплъэн хуей хъуащ. Жьыщхьэмахуэ ныбжьым нэсауэ нобэ щызэплъэкIыжкIэ, зыщ нэхъыщхьэу хилъагъуэри: ар и цIыхугъэу, щIэгъэкъуэну, ныбжьэгъуу, Iыхьлы-жэрэгъуу гъащIэм зрихьэлIа цIыхухэм я лъапIагъэращ.*

Юбилей

# ФIыщIэр и Iэдэжу

СулътIан илъэситхуи ирикъуатэкъым, Хэку Зауэшхуэр къеж ьэу, и адэ Уэсмэн я унагъуэм щитэджыкIам. 1941 гъэм зауэм пэрыхьэри, къигъэзэжакъым. ИужькIэ, куэди текIауэщ СулътIан щыгъуазэ щыхъуар и адэр зауэм и пэщIэдзэ дыдэм, Ростоврэ Таганрогрэ я зэхуакум щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэм, зэрыхэкIуэдауэ щытар. Арами, СулътIан и анэм, Даурхъан, зэгуэрми и щхьэ и фIэщ хуэщIакъым и щхьэгъусэр мыпсэужу. Зауэр иухыу, илъэс куэди текIыжу, езыми и ныбжьыр щыхэкIуэтами ар гугъэт Уэсмэн псэууэ, зэгуэрым къигъэзэжыну, зи хуабэ щыщIэ жьэгужьым къетIысылIэжыну. А гугъэм хэмыкIыури Даурхъан дунейм ехыжащ илъэс 90-м иту.

Ауэ, ипэ дищынкъым… Зауэ илъэсхэм, абы и ужьым цIыхухэм къахукъуэкIа зэман хьэлъэм Даурхъан пхишащ гугъапIэ закъуэу къызыщхьэщына унагъуэ цIыкIур: СулътIанрэ и шыпхъу цIыкIуитIымрэ. СулътIани и лъэ зэрытеувэу, жыг къуацэ къыпищIыкIын и къару къызэрихьу, Iэжьэм зыщIищIэри, и анэмрэ шыпхъу цIыкIуитIымрэ я щIэгъэкъуэну мэзым щIыхьащ, губгъуэм ихьащ. ЕджапIэм щыкIуэну и ныбжьыр къыщынэсами, и япэ еджэгъуэ махуэр – фокIадэм (сентябрым) и 1-р къыздригъэхьар мэзым щIэтущ, къыщыгугъ унагъуэр зэрыпщэфIэн пхъэ къуацэ къахуищыпущ.

Ноби СулътIан и нэгум щIэтщ и анэри, нэгъуэщI фызабэ куэди, яIэж мылъку тIэкIур зэщIакъуэмэ, къэзакъ станицэхэм хъуэжакIуэ зэрыдэкIуейуэ щытар. Къахъуэжыр ерыскъыт, хьэжыгъэ тIэкIут, я быныр гъаблэ илъэсхэм зэрыхапIыкIын гуэрт. А псом СулътIан къыхихар сыт жыпIэмэ, ар – и гъащIэ псом щымыгъупщэжа гуащIагъэщ, цIыху пщIэнтIэпсым пщIэ хуищIу езыгъэса хьэлщ.

Курыт еджапIэр къэзыуха щIалэм и щIэныгъэр пищэнуи хуейт, ауэ и анэр сымаджэрилэт. Ар къигъанэу, езыр еджакIуэ ежьэжыну таучэл ищIтэкъым. АрщхьэкIэ, Даурхъан тегъэчынауэ игъэбелджылащ СулътIан щIэныгъэ зэрызригъэгъуэтыпхъэр. Езыри анэм и жыIэм едэIури,



Ставрополь дэт мэкъумэш институтым щIэтIысхьащ, «мэкъумэш хъызмэтхэм я механизацэ» къудамэм щеджэу щIидзащ.

Ар къеухри, СулътIан Хьэбэз районым къегъэзэж, совхозым и е 4-нэ къудамэ, Инжыдж-КIыкIун къуажэм щылэжьэн щIедзэ. Куэд мыщIэуи, совхозым и мастерскойм и унафэщIу трагъыхьэ. 1965 гъэм Новочеркасск ягъакIуэри, мэкъумэш хъызмэтым и унафэщIхэм я IэщIагъэр здыхагъахъуэ курсхэр къеух. Иужьым, 1966 гъэм, совхозым и инженер нэхъыщхьэ ящI. 1972 гъэм унафэщIым и къуэдзэ мэхъу, илъэс токIри, совхозым и парт комитетым и секретару ягъэув. Абдежи илъэс фIэкI щымылэжьауэ, 1974 гъэм, КПСС-м и Хьэбэз район комитетым и секретару ягъэув.

Иужьым, 1978 гъэм местпром къудамэм и унафэщI мэхъу. 1979 гъэм и гъатхэпэм (мартым) и 1-м Микрокомпонент заводым и унафэщI ящIри, 1998 гъэ пщIондэ абы щолажьэ, заводым и лъабжьэр быдэу егъэув, и къалэнхэр пщIэ пылъу егъэзащIэ.

— И лэжьыгъэм зэрыпэрыта жэуаплыгъэ, хьэрычэт махуэ, гуащIагъэ дахагъэм мыхъумэ, СулътIан нэгъуэщI хьэл зэгуэрми далъагъуакъым, — жеIэ СулътIан и гъащIэми, лэжьыгъэми нэгъэсауэ щыгъуазэ Арэшыкъуэ Къэнщауэ. — И нэIэ щIэт лэжьакIуэхэм сыт щыгъуи яхуэсакът, зыхуей хуигъэзэт. Губгъуэ лэжьыгъэкIэ щIэгъэкъуэн, дэIэпыкъуэгъу дыхуейуэ зыхуэдгъэзауэ, зэгуэрми дыкъиущхьэкIуакъым. Сыт хуэдэ лэжьапIэ къыпэрытшыжын хуей хъуми, СулътIан къагъанэмэ зэрафIэфIыр, и лэжьэкIэ хабзэхэр ягу зэрырихьыр къыджамыIэу зэгуэрым къэнакъым. Сэ лэжьапIэм сыщыкIуэкIэ, СулътIан и завод лэжьыгъи, губгъуэ Iуэхуи иригъэжьагъэххэу, и нэIэ щIигъэувагъэххэу, псоми щыгъуазэххэу къыспежьэт. И фIыщIэри районым щыкIуэдтэкъым. Партми, администрацэми зэрыжаIэу, хуэфащэн пщIэ къыхуащIу и лэжьыгъэм пэрытащ…

СулътIан унафэщIу щытета илъэсхэращ заводым и администрацэр зыщIэс унэр щынагъэсар, цеххэр и пIэ щрагъэзэгъар, шхапIэ, клуб, библиотекэ купсэхэр я лъэ щытрагъэувар. Абы къыдэкIуэу, СулътIан и нэIэ щIэту заводым къыщызэрагъэпэщащ медпункт, щхьэщIэщапIэ, косметическэ пэш щхьэхуэ.

— СулътIан и зы хьэл щхьэхуэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ, — жеIэ производственно-бытовой къудамэм и унафэщIу лэжьа МыкIытIэ Азэмэт. — Чэнджэщым щIэдэIуу, ар зэфIэхыжынымкIэ гъуэгу махуэ утригъыхьэу, иужьми зэрыбгъэзащIэр ткIийуэ и нэIэ зэрыщIигъэтыжрат. ЗыгуэркIэ укъуэншамэ, пхуэфащэм ухуигъэзэнут, ауэ абы и цIэкIэ къыптешхыхь зэпыту щытынутэкъым.

СулътIан лэжьэн щыщIидзам, «литейные формы» Iэмэпсымэ хэхар Учкекен къитшт. Абдежт инструментальнэ купсэр здэщыIэр. Ахэр къамышэжурэ дыщыгувэ къэхъут. СулътIан Iуэхум хэплъэри, хэкIыпIэ къигъуэтащ: заводым и инструментальнэ купсэ иухуэжащ, IэщIагъэрылажьэхэри игъэхьэзырыжащ. Куэд мыщIэуи, модульнэ цехи къыщызэдгъэпэщащ…

Апхуэдэурэ и лъэ теува заводыр, илъэс бжыгъэ нэхъ темыкIыу, лъабжьэ быдэ зыгъэтIылъа купсэ хъуат. Абы къыщIигъэкIыр зэбграшт СССР-м и хэгъуэгу куэдым, хамэ къэралхэми иращэт.

Хэти зэрищIэжщи, Совет илъэсхэм губгъуэм куэду итт хъызмэтхэм я лэжьакIуэхэр. Абыхэм зыщIагъакъуэт совхозхэм я лэжьыгъэр япщIэнымкIэ, елэжьынымкIэ, IуахыжынымкIэ. СулътIан и нэIэ щIэт заводми а лэжьыгъэм гуащIэфI хилъхьащ: колхозри, совхозри къимыущхьэкIуу, лэжьыгъэр Iуахыжт, мэш кърахьэлIэжт, илъэс къэси гектари 100-м нэс фошыгъу жэгундэу Iуахыжт.

— IэщIэ-выщIэу 100-м нэс здыщаIыгъ хъызмэт къызэригъэпэщат заводым, — къыддогуашэ и гукъэкIыжхэмкIэ «Микрокомпонент» заводым и механик нэхъыщхьэу лэжьа Шыбзыхъуэ Жамырзэ. – Шыбэгукъуэ деж мэкъумылэ щызэдгъэпэщт. Си гуи къокIыж зы махуэ гуэр: мэкъуауэ гупым ящыгъуэзэну пщэдджыжьым СулътIан Шыбэгукъуэ дэкIат. А щIыпIэр зыцIыхум ещIэ – уфауэ, дуней зызыхъуэж зэпыту щытщ, щIыIэщ. Абы щымыгъуазэ щIалэ куэд пцIанэу дэкIати, лIыгъэм зрагъэхьми, щIыIэм зэрисхэр СулътIан къилъэгъуащ. Арати, СулътIан и шоферыр заводым къигъэкIуэжри, шэджэгъуашхэу ягъэхьэзырамрэ спирт литрэ бжыгъэрэ дригъэшащ. А махуэм щыщIэдзауи, мэкъуауэ гупыр ерыскъы пщтыркIэ ягъашхэу къызэригъэпэщащ…

1978 гъэм ухуэн яуха пионер лагерым заводым и гуащIэфI хэлъщ, аращ 1980 гъэм зи нэIэ щIагъэувэжу, илъэс куэдкIэ зезыхьари. Апхуэдэу, «Нур» сабий IыгъыпIэри, къат куэду зэтет унищи Хьэбэз зэрыдащIыхьар заводым и къарукIэщ, «очистные сооружения» къудамэри щызэбграшым заводым и гуащIэ хилъхьащ. Жьакуэ къуажэм дэта клубыжьыр конденсаторный цех ящIыжри, нэрыбги 100-м лэжьапIэ ирагъэгъуэтащ. Али-Бэрдыкъуэ къуажэм дащIыхьауэ щытащ резисторхэр здагъэхьэзыр цех. Абдежи лэжьапIэ щагъуэтащ нэрыбги 150-м. Хьэбэз дэт еджапIэм «сборочный цех» къудамэ къыщызэрагъэпэщри, еджакIуэхэми ахъшэ къалэжьу ягъэпсат. Иужьым, а ныбжьыщIэхэм ящыщ куэдым ищхьэ еджапIэхэр къаухыжурэ заводым къагъэзэжт, IэщIагъэи зыщрагъэгъуэтт.

— IэщIагъэрылажьэхэр гъэхьэзырынымкIэ заводым лэжьыгъэфI щекIуэкIт, — игу къегъэкIыж IэщIагъэрылажьэхэр гъэхьэзырынымкIэ инженеру лэжьа Даур Мусэ. – Ищхьэ еджапIэхэм, Москва, Владикавказ, Черкесск дэт училищэхэм зэгурыIуэныгъэ ядищIауэ, заводым щылажьэхэр щеджэт, я IэщIагъэм щыхагъахъуэт. Апхуэдэу, нэрыбги 130-рэ иригъэджауэ щытащ.

НэгъуэщI зы Iуэхугъуи дигу къэдгъэкIыжыпхъэу къызолъытэ. А зэманым Хьэбэз райкомым и япэ секретару щылэжьа Аргун Олег и фIыгъэкIэ властыр арэзы техъуэу, Кавказ зауэжьым хэкIуэдахэм я фэеплъ сыным тет мывэр нэхъыфIкIэ зэрахъуэкIыу, иджрейр щытрагъэувэм, ар къыхэзыхари, къезышэлIари СулътIанщ. Карьер здэкIуам сыт хуэдэми, зы мывэ гуэр къыIэщIилъхьэу, къиутIыпщыжын и гугъэт. Ауэ СулътIан ткIийуэ Iуэхум пэрыхьэри, нобэ Iуащхьэм тет сыныр къишауэ щытащ.

ЖыIэпхъэуи къызолъытэ, СулътIан нэхърэ зи ныбжьыр нэхъ ин Даурхэ къытхэтми, и дзыхь кърагъэзу, ар лъэпкъым и нэхъыжьу зэрыщытыр. ГуфIэгъуэми, гукъеуэми – къетхьэжьа IуэхухэмкIэ лъэпкъыр аращ дызыбгъэдыхьэр, чэнджэщ къызыпытхыр, дяпэкIи и гупсысэ махуэм куэдрэ дыщIигъэтыну дызыщыгугъыр…

СулътIан и гуащIэм къэралри цIыхухэри къыпэджэжащ. Абы къыхуагъэфэщащ «За доблестный труд», «Ветеран труда», «За трудовое отличие» медалхэр. Илъэс 80 щрикъум техуэу, Хьэбэз муниципальнэ районым и Iэтащхьэ Арэшыкъуэ РэIуфрэ районым и депутатхэм я Советымрэ я хьэрычэткIэ, СулътIан къыхуагъэфэщащ «Почетный гражданин Хабезского муниципального района» цIэ лъапIэр. Апхуэдэ лъапIэныгъэр щыхьэт техъуащ СулътIан ноби гъащIэмрэ фIыщIэмрэ я бжьыпэр зэриIыгъыр, жьыщхьэмахуэу и гъуэгум зэрырикIуэр. Ар къыдэзыгуэш и унагъуэ дыщэм: и щхьэгъусэ Фаризэтрэ и щIалэхэу Муратрэ Долэтрэ, абыхэм я быныжхэмрэ я плъапIэу дунейм тетщ. Тхьэм дяпэкIи гъащIэ махуэ хигъаплъэ!

**БЕМЫРЗЭ Зураб.**

*(КIэухращ. ПэщIэдзэр е 1-нэ напэм итщ).*

—Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн. Илъэси 5-кIэ узэIэбэкIыжмэ арищ ди къалэн пажэу зыхуэдгъэувыжауэ щытар. КъызэрыслъытэмкIэ, а пIалъэм къриубыдэу республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэунэтIауэ тщIар мащIэкъым. Социальнэ, инженер инфраструктурэр дыухуэкIэрэ, къызэднэкIащ сабий IыгъыпIэ, гъуэз, псы зэхуримыкъуныгъэ, гъуэгуншэ лъэпощхьэпохэр. ЗэхъуэкIыныгъэфIхэр цIыхухэм ялъагъу, зыхащIэ. Ауэ абыкIэ дыкъызэтеувыIэ хъунукъым. Гулъытэ зыхуэтщIыпхъэ лъэныкъуэ куэд къонэ иджыри. Правительствэми, щIыпIэ самоуправленэ органхэми я лэжьыгъэм щыяпэщ социальнэ политикэр. Урысейм и Президентым и «накъыгъэ» Унафэхэм щыщщ социальнэ гулъытэ хуэныкъуэ цIыхухэм дэIэпыкъуныгъэ ядгъэгъуэтыныр, и пIалъэм пенсэхэр, пособэхэр, улахуэр ттыныр.

ЗэIущIэм къикIыу

# Iуэхугъуэ куэд къызэщIаубыдащ

Зыщывмыгъэгъупщэну сыволъэIу: властым и социальнэ пщэрылъхэр имыгъэзэщIэныр къэдгъэхъу хъунукъым, — жиIащ Темрезов Рэшид.

Хэгъуэгум и зыужьыныгъэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ экономикэм. Абы щIэгъэкъуэн егъэгъуэтыныр я лэжьыгъэ нэхъыщхьэу къызэрилъытэр къыхигъэщащ Темрезов Рэшид. КъинэмыщIауэ, жиIащ мы гъэм социальнэ, инженернэ инфраструктурэщIэхэм лэжьэн зэрыщIадзэнур. Апхуэдэщ курыт еджапIэшхуэхэр, сабий IыгъыпIэхэр, спорт, гъуэгу хъызмэт ухуэныгъэхэр. Къуажэхэмрэ жылагъуэхэмрэ псыкIэ, щIыуэпс гъуэзкIэ къызэгъэпэщын лэжьыгъэми пещэ.

Темрезов Рэшид унафэ ищIащ Правительствэм хэтхэмрэ къалэ администрацэхэмрэ районхэмрэ я Iэтащхьэхэмрэ ухуэныгъэхэм я нэIэ зэдытрагъэтыну, ахэр цIыхухэм я тыншыгъуэм хуэлэжьэным пылъыну.

ЗэIущIэм и кIэм хэгъуэгу унафэщIым лэжьыгъэм хэтахэм иджыри зэ ягу къигъэкIыжащ, власть органхэмрэ федеральнэ купсэмрэ я зэдэлэжьэныгъэм теухуа лэжьыгъэ къалэнхэр IупщIу УФ-м и Президентым и Зыхуэгъэзэныгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуар.

— Республикэм къыхуэгъэза унафэхэр зэфIэхыным хуэгъэщIа план къэтщтащ икIи ахэр текI имыIэу дгъэзэщIапхъэщ, цIыхухэм я псэукIэр едгъэфIакIуэкIэрэ. Лэжьыгъэм дыпэрывгъэхьэж,—жиIащ Темрезов Рэшид.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу.**

ФIыщIэ псалъэ

# ДызыщIэхъуэпсыр Iэрылъхьэ тхуэхъуу

Куэдрэ къохъу, щхьэусыгъуэшхуэ димыIэми, дыщытхьэусыхэ. Зэм гъащIэм арэзы дыкъищIкъым, зэми ди унагъуэ, ди щхьэ Iуэхухэр зэрекIуэкIыр дигу ирихькъым. Нэхъыбэм арэзы дызымыщIыр ди унафэщIхэм я Iуэху зехьэкIэращ.

Ауэ, угупсысэу, набдзэгубдзаплъэу ухэплъэмэ, гъащIэм узыщыгуфIыкIын зэхъуэкIыныгъэ куэд къызэрыщыхъум гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым. АтIэ, гъащIэм псори арэзы хуэщIынукъым, зэфIэхыпхъэ Iуэхуу хъуар зэуэ гъэзэщIа хъукъым. Апхуэдэщ къуажэ къэс и гъащIэр зэрекIуэкIыр…

ЗэрыжысIауэ, набдзэгубдзаплъэу дыкIэлъыплъмэ, дызыщыгуфIыкIын, дызыгъэгушхуэн зэхъуэкIыныгъэ мымащIэ махуэ къэси ди къуажэм къыщохъу. Абы теухуауэ тхыгъэ куэд иужьрей зэманым ди лъэпкъ газетым къытехуащ. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, ди къуажэм щаухуа ФАП-м, зи ухуэныгъэхэр ирагъэжьа ФОК-м ехьэлIауэ, нэгъуэщIхэри.

Ботэщейдэсхэр щымыгуфIыкIкIэ къанэкъым илъэс блэкIам ди къуажэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, уэрамхэм зэхъуэкIыныгъэу ягъуэтар. АтIэ, пщыхьэщхьэ зэрыхъуу къуажэку уэрамышхуэм тет уэздыгъэхэр къызэщIоблэ. Ар зи фIыщIэр, езыгъэщIар Шыбзыхъуэ Елмырзэ и къуэ Алибекщ.

ЕтIуанэу, кумблъэмбу, ущызекIуэнкIэ гугъумыгъуу щыта уэрамхэм асфальт тралъхьащ, тынш дыдэ хъуащ машинэкIи лъэсуи ущызекIуэну.

Къуажэ еджапIэр щащIым халъхьауэ щыта бжэхэри, щхьэгъубжэхэри, щIыхьэпIэхэри, дэкIуеипIэхэри иджырей зэманым тегъэпсыхьауэ, фIы дыдэу зэрахъуэкIащ. ЕджапIэ пщIантIэри хьарзынэу, фэ тету, дахащэу зэгъэпэща хъуащ. ЕджапIэм и пщIантIэм дащIыхь спорт комплексышхуэр уасэншэщ. Уеблэмэ, ди къуажэ щIалэгъуалэм къыщымынэу, абы гъунэгъу къуажэхэм дэс щIэблэри къекIуэлIэфынущ. Мы спорт ухуэныгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ.

ЗэхъуэкIыныгъэшхуэ иращIылIащ къуажэм дэт сабий IыгъыпIэми. И блынхэм фIэкI къэмынэу IуэхущIапIэр зэрагъэзэхуэжащ, теплъэ дахэ къиштащ, зэтегъэпсыхьа хъуащ. Абыхэм нэмыщIу, IуэхущIапIэм къыпащIыхьа пэшхэм я сэбэпкIэ къуажэм дэс сабийуэ хъуар къызэщIаубыдэфащ. Иджы илъэс бжыгъэкIэ чэзу пэплъэжхэкъым.

Сыт хуэдэ гуфIэгъуэшхуэ ди къуажэм дежкIэ ФАП Iэхуитлъэхуит яухуар! Медицинэ дэIэпыкъуныгъэ нэс уэзыгъэгъуэтын IэщIагъэрылажьэхэм лъэкIыныгъэ ягъуэтащ пэш хуитхэм щIэсу я къалэн ягъэзэщIэну. Ныбжь зиIэхэм, сабий зыпI анэ ныбжьыщIэхэм я гур псэхужащ, медицинэ IуэхущIапIэм екIуалIэхэм зэрыхуейуэ IэщIагъэрылажьэхэр къапыкъуокIыф. АбыкIэ къуажэдэсхэр зэрагъэгуфIар пхужыIэнкъым.

Ботэщей зэхъуэкIыныгъэу къыдэхъухьым ялъэкI къамыгъанэу холэжьыхь, я акъыл, мылъку халъхьэ ди къуажэм щыщ щIалэхэм, хьэрычэт Iуэхум хэтхэм, политикэ, жылагъуэ Iуэхухэр зезыхьэхэм. Апхуэдэщ къуажэм къыдэхъухь зэхъуэкIыныгъэхэм зи гуащIэфI хэзылъхьэ, дызэрыгушхуэ Къардэн Мурат, Тамэ Чэшифрэ Шыбзыхъуэ Елмырзэрэ я щIалэхэр, Мэшыкъуэ Борис, нэгъуэщI куэд. Тхьэм я гуащIэм, IуэхуфIу ящIэм къыпэкIуэ насып дэтхэнэм и унагъуэми къарит!

Зи жылагъуэ езыгъэфIэкIуэну хуей дэтхэнэри, дауи, нэхъыщхьэу зыщIэгупсысыр, къуажэм къыдэхъухь щIэблэм и къэкIуэнур, и гъащIэр зэригъэдахэращ. Аращи, дызыщIэхъуэпсыр Iэрылъхьэ тхуэхъуу хэти Тхьэм дигъэпсэу!

**БРАТ Фатихь.**
**Ботэщей къуажэ.**

**Гъатхэм и теплъэгъуэ дахэхэм зыкIи емыкIу, щIыуэпсым зэранышхуэ къыхуэзыхь Iуэху хьэдэгъуэдахэм — лыгъэ дзыным щIадзэжащ щIымахуэр зэрикIыу. Ди гъуэгубгъухэм, бгыщхьэхэм, тафэхэм удзыпэ щхъуантIэр щытлъагъуным ипIэкIэ, дызыIуплъэр мафIэм илыпщIа щIыгу фIыцIэ нэщIщ. Мы щIыпIэм, зауэшхуэ щекIуэкIа хьэмэрэ мафIэс шынагъуэм хэта зыри зи мылажьэ щIыгу угъурлыр, жыуегъэIэ плъагъум. ЦIыхум и IэрыкIыу фIэщ щIыгъуейщ ихъурегъякIэ щыхъэр. Жагъуэ зэрыхъунщи, аращ зэрыщытыр. И нэхъыбапIэм лыгъэхэр цIыхуIэщ къэзыгъэхъур.**

ЩIыуэпс

# Аргуэру лыгъэм къытрегъэзэж

ИпэкIи мызэ-мытIэу дытепсэлъыхьащ мы Iуэхум, къуажэдэсхэми, фермерхэми зыкъытхуагъэзэурэ къэтIэтащ псалъэмакъыр. Арами, зэрытлъагъущи, лыгъэм къытрегъэзэж, къызэрымыкIуэ щIыуэпсым лей ирихыу. Ди псалъэхэр щIагъэбыдэж КъЧР-м щылажьэ Россельхознадзор Управленэм и IэщIагъэлIхэм. Лыгъэм зэран мыхъумэ сэбэп лъэпкъ къызэримыхьыр къыхощ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм къыдэкIуэу ящIа къэпщытэжыныгъэхэм.

Ди республикэр къапщтэмэ, лыгъэхэр щадзыр пIалъитIу бгуэш хъунущ: удзыр щыгъужа бжьыхьэкIэмрэ гъатхэм и пэмрэ. Гу лъытапхъэщ мыбы: гъатхэм ядз лыгъэр удзыщIэ цIыкIум и къежьэгъуэм тохуэри, щIыгум къыхэкIын хущIимыгъэхьэу, егъэкIуэдыж. Апхуэдэ лыгъэхэр тхьэмахуищ-плIыщ зэрекIуэкIыр, ауэ абы къриубыдэу псынщIэу, къаруушхуэ иIэу зедз, щIыгу Iыхьэшхуэхэр зэщIещтэри тресыкI. КъинэмыщIауэ, мафIэр псэупIэхэм, дачэхэм, хъызмэт ухуэныгъэхэм хуэлъэнкIэ зы хуэIуакъым. Апхуэдэ мафIэр бгъэужьыхыныр къызэрымыкIуэу хьэлъэщ, гъатхэ жьыбгъэри Iуэхум щыхыхьэжкIэ. ЩIыпIэ самоуправленэхэри власть органхэри пэщIэмыувэу, цIыхухэм я зэхэщIыкIыр икIэщIыпIэкIэ мы Iуэхум къыхуэмыушу хъунукъым.

ЩIыуэпсым, хъызмэтхэм, цIыху гъащIэмрэ узыншагъэмрэ лыгъэм зэрану къыхуихьым, абыхэм къакIэлъыкIуэнум дыщахъумэ IэщIагъэлIхэм. Куэдым къалъытэ лыгъэм щIыгу щхьэфэр игъэхуабэу, къыпылъэлъ яжьэм щIыгур щIыгъэпшэркIэ игъэнщIу, удзыр къэкIыным щхьэпэу. Апхуэдэ «мурадыфIхэм» хураджэу, лыгъэхэр зыдзи щыIэщ.





Щыуагъэшхуэщ ар. МафIэсыр зыщхьэщыкIа щIыгум къытена удз щхъуантIэр къэзызыхъумар мафIэм имыщта удз гъуаращ, нэхъкIэ лыгъэ нэужьым къэкIыжаракъым. Лыгъэ мафIэм щIыгум хуабэу иритыр мащIэми, щIы щхьэфэр, абы и щIагъ щIэлъыр, хэлъ удз жылэхэр зысын къару иIэщ. ЩIыгъэпшэр хъуууэ жыхуаIэ яжьэм щIэуэ зыри хилъхьэкъым щIыгум. Абы къыпыкI минеральнэ пкъыгъуэхэр щIым лъагъэсынут фын щIэзыдзэ ежьужьым. Къинэмыщ Iауэ, азот пкъыгъуэхэр мэкIуэд. А псори зэхохьэжри, щIыгулъыр хуабжьу йокIакIуэ. Лыгъэм ес щIыгум езым зыщIишауэ, илъэс бжыгъэкIэ зэхуихьэсауэ хэлъ щIыгъэпшэр пкъыгъуэхэр. Лыгъэхэм къапиху Iугъуэм углекислэ гъуэзкIэ къызэрымыкIуэу яуцIэпI хьэуар.

Лыгъэ зыдзхэм хабзэкIэ жэуаплыгъэ къазэрытехуэри яцIыхуныр зэранкъым. АтIэ, УФ-м и КоАП-м и 8.7 Iыхьэм къызэрыщыгъэлъэгъуащи, сом 1000-м щегъэжьауэ мин 1500-м нэс тезыру тралъхьэнущ лыгъэ зыдз къызэрыгуэкI цIыхум; IэнатIэ зыIыгъ цIыхум—сом мини 2-3; юридическэ цIыхухэм — сом мин 40-50.

Догугъэ къэтхьа щапхъэхэм егупсысу, IэщIагъэлIхэм я псалъэм щIэдэIуу, цIыхухэм дерс къыхахыну, щIыуэпсым зэран ирамыхыну.

Дызытепсэлъыхьам пэджэж хъыбарегъащIэщ иджыблагъэ «Авиалесоохрана» федеральнэ къулыкъум къитар. Абы щыжеIэ: **Кърымым, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Черкес, Адыгей, Ищхъэрэ Осетие, Ингуш, Дагъыстан, Шэшэн республикэхэм мы гъэм гъатхэпэм и 3-4 махуэхэм мафIэс шынагъуэ щытыкIэ щыIащ. Ику ит шынагъуэ (желтый класс) зиIэхэм хуахьа мафIэсыр нэхъ зыхуэлъар мэз, щIыуэпсращ. ХэIэтыкIа шынагъуэр (оранжевый класс) щыIащ Ингуш Республикэм.**

**2012-2015 гъэхэм къриубыдэу гъатхэпэ мазэм Кърым, Ипщэ федеральнэ хэгъуэгухэм щыIащ мэз мафIэсхэр. Абыхэм я щхьэсыгъуэ нэхъыщхьэр яубзыхуащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, удз гъуар ягъэсын мурадкIэ мафIэ кIэщIадзам жьыбгъэр дэIэпыкъуэгъу хуэхъури, мэзхэм захуидзащ.**

«Авиалесоохрана» къулыкъум иджыри зэ дигу къегъэкIыж 2015 гъэм УФ-м и Правительствэм игъэува хабзэр. Абы ипкъ иткIэрэ, **удзыжьыр, ежьужьыр цIыхухэм езыр езыру ягъэсыну хуитыныгъэ яIэкъым, хабзэкIи жэуаплыгъэ яхь. Абы къызэтригъэувыIэкъым бзаджащIэхэр. 2016 гъэм и щIышылэ (январь)-мазае (февраль) мазэхэм удзыжьыр ягъэскIэрэ, мафIэсхэр къыщагъэхъуащ Приморскэ, Краснодар крайхэм, Удмурт, Кърым республикэхэм.**

Гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ, зыщыдгъэгъупщи хъунукъым мафIэм къарyушхуэ зэриIэр, ауэ а къарур сыт щыгъуи фIым хуэлажьэкъым. МафIэсым и лъэужьыр зэхэкъутэныгъэщ, яжьэщ, нэпсщ, тхьэмыщкIагъэщ. Жьыбгъэ мащIэми мафIэр зэщIегъэст, нэхъри зрегъэубгъури хъызмэтхэр зыгъэлажьэхэм, цIыхухэм я унэхэм хуехь, и гъуэгум псори трилыпщIыкIыу. Мэзхэр, шэдхэр напIэзыпIэм зэщIещтэ мафIэм. **Дигу къэдгъэкIыжыну игъуэщ илъэс кIуам Хакасиер зыхэта гузэвэгъуэшхуэмрэ абы и щхьэусыгъуэ хъуа мафIэсым къыздихьа хэщIыныгъэмрэ.**

Дэтхэнэми тцIыхупхъэщ лыгъэ ядзам мафэс къыдэкIуэнкIэ шынагъуэ щытыкIэ къэхъуамэ, мафIэсыр щIидзамэ тщIэн хуейр.

Псом япэраци, мафIэсгъэункIыфI къулыкъум хъыбар егъэщIапхъэщ. Мэзым хуэлъэмэ — мэзыр хъумэнымкIэ къулыкъум. Ауэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым удзыр псынщIэ дыдэу зэрызэщIэнэр. Абы къыхэкIыу, ди къару къихьыр тщIэн хуейщ, мафIэсгъэункIыфIхэр къэсыхун демыжьэу. Апщыгъуэми, зыгъэункIыфI цIыху гупым я пашэу щытын хуейр мафIэр зэрагъэункIыфIыпхъэм хэзыцIыхукI, апхуэдэ Iуэху хэтаращ. МафIэр игъэужьыхынущ тхьэпэшхуэхэр зыпыт жыг къудамэхэмкIэ щIэх-щIэхыурэ ухеуэным, щыгъын Iув, ятIэ мафIащхьэм тебдзэным. МафIэр зыгъэункIыфIхэр я щхьэ хуэсакъыжыныр Iэмал зимыIэщ. Зэгъусэу мыхъумэ я закъуэу мафIэм пэщIэмыувэмэ нэхъыфIщ. МафIэр зыщхьэщыкIа щIыгум тету, мафIэм хуэкIуэурэ лажьэмэ аращ тэрэзыр. МафIэсыр гъэункIыфIыным сабий, ныбжьыщIэ хыхьэ хъунукъым. ЗыгъэункIыфI цIыхухэм ящыгъыпхъэщ мафIэм и хуабагъыр зышэчыф щыгъынхэр, лъакъуэфIэлъхьэ.

Ауэ мафIэр ину зэщIэлыбамэ, жьыбгъэ къепщэмэ, фи къарукIэ фхуэгъэункIыфIыну щымытмэ, и ужь фимыхьэ, фысакъ.

**ТУАРШЫ Ирэ.**

КъБР

# Гум къиIукI макъ

***Хэкур зрагъэлъагъуну, бзэр зрагъэщIэну гукъыдэж яIэу Тыркум къикIри ныбжьыщIэ гуп адэжь щIыналъэм щыIащ. Ахэр я нэIэм щIэтащ а къэралым щыIэ адыгэ хасэхэм ящыщ зым ди анэдэлъхубзэр щезыгъэдж ЩIэжокъуэ Зафэр. «Гум къыпыткIухэр», «Сэ иджыри сы-ИстамбылакIуэщ» зыфIища и усэ тхылъхэмкIэ доцIыху ЩIэжокъуэр. ХамэщI къыщыхъуам и гум къиIукI макъым Iэмал имыIэу гумащIэ уещI.***

«Бзэр зыдж гупым» (апхуэдэущ Зафэр кърищэжьа сабийхэм зэреджэр) хэтащ КIуащ Огъуз, Шыкъ Гурай, Тыкъуэхэ Iэлыфрэ Алъпэрэнрэ, Нэгуэр Синэжан, Бэхъунэ Жансет, КIэрэф Ридадэ, ЩIэжокъуэ Мазэ, Чыл Екъуб, Алътуд Сэтэней, Дэгъубы Нэхунэ сымэ. Абыхэм я ныбжьыр илъэс 16 – 21-рэ мэхъу. Гупыр къыщежьэм япэ щIыкIэ къыщызэтеувыIащ Адыгей щIыналъэм. Абы махуэ бжыгъэкIэ щыIа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым къихьащ. КъэкIуэжахэм ирагъэлъэгъуащ ди щIыпIэ дахэхэр, я нэгу зрагъэужьащ. ЩIэныгъэлI Къардэн Мусэдин КъБКъУ-м адыгэбзэмкIэ дерс купщIафIэхэр махуэ къэскIэ щадригъэкIуэкIащ. ФIыщIэ хуэфащэщ и Iэнэгур сыт щыгъуи берычэту абыхэм яхуэзэIузыха Куэцэ Лейла икIи, пэж дыдэу, а бзылъхугъэр ныбжьыщIэхэм ящхьэщытащ анэ гумащIэм хуэдэу.

Хэкум и дахагъми, абы щыIэ псэукIэми, нэгъуэщI куэдми кIэлъыплъащ ныбжьыщIэхэр мыбы щыIэхукIэ. Ялъэгъуа псори ягу зэрырихьари, жаIэжын зэрамымащIэри ябзыщIакъым.

Лъэпкъ Iуэхум иригузавэ, ныбжьыщIэхэр адыгагъэм къыхуигъэушыну хущIэкъу, къызыхэкIа лъэпкъым зи гур сыт щыгъуи хуэмыгъуэ ЩIэжокъуэм зыхуэдгъэзащ, ар нэхъ гъунэгъуу зэдгъэцIыхуну ди мураду.

**— Зафэр, хэкурысхэм укъызэрацIыхур усакIуэущ. Усэныр сыт къызыхэкIыр?**

— Си сабиигъуэм къысхуихьауэ къысщохъу усэныр. СыкъызыдэкIа ЩIэжыкъуей къуажэм еджапIэ сыщыщIагъэтIысхьам щыгъуэ тыркубзэр сщIэтэкъым. Сэ схуэдабзэу си гъусэхэми ящIэтэкъым хамэбзэр. Сыщыуэнукъым тыркубзэр баштекъуэзэкIэ дагъэщIащ, жысIэмэ. Зэныбжьэгъу цIыкIухэр зэзэмызэ адыгэбзэкIэ дызэпсалъэу зэхахмэ, къытхуадэтэкъым. Уи анэдэлъхубзэм урипсэлъэныр къыпаубыдыныр гугъу дыдэт, дызэрысабийуи зыхэтщIэт ар, ауэ сыт тщIэнт, тыркубзэр пщIэныр зэрыIэмалыншэр псоми къыдгурыIуэти, зыри жытIэфыртэкъым.

ЕджапIэр къэзухыу университетым сыщыщIэтIысхьэм, къуажэри сыбгынэн хуей хъуащ. Адыгэ защIэу дызэхэсу десауэ, къалэм еджакIуэ дыщагъакIуэм, къысщыхъуащ аргуэру IэмалыншагъэкIэ къуажэри дагъэбгынауэ.

Къуажэм дыкъыдэкIа нэужь, хуэм-хуэмурэ адыгэбзэр тIэщIэхужу, уеблэмэ, тыркубзэкIэ дыгупсысэу хуежьащ. Апхуэдэ щытыкIэм сыщихьам щыгъуэщ лъэпкъ Iуэхум сегупсысу щыщIэздзэжар. Университетым сыщыщIэса илъэсхэм Хасэми сыхэтти, си ныбжьэгъу гупыр си гъусэу адыгэ Iуэхум теухуауэ тыркубзэкIэ театрхэр дгъэувырт. Лъэпкъ Iуэху зезыхуэну гукъыдэж зиIэ щIалэгъуалэри мащIэтэкъым. Адыгэбзэ тхылъхэм деджэрт газеткIэ е нэгъуэщI зыгуэрхэмкIэ щIэтхъумэурэ - нэгъуэщIу къытхуадэнутэкъым. Мис абы щыгъуэщ си гум къиIукI макъыр усэу зэхэслъхьэу сыщыхуежьар. КIуэ пэтми нэхъ зыхэсщIэрт лъэпкъ Iуэхур.

**— Фи дзэр мышу лъэпкъ, бзэ Iуэхухэр зефхуэну хуитыныгъэ сыт щыгъуэ щывгъуэтар?**

— Нэхъ иужьыIуэкIэ ди бзэкIэ дытхэну, дыпсэлъэну хуитыныгъэ къыщыдатым, 1992 гъэм «Маржэ» жыхуиIэ журналыр къыдэдгъэкIыу щIэддзащ. Дэ адыгэбзэкIи тыркубзэкIи къытхуэтхэрт лъэпкъ Iуэхум иригузавэхэр. А зэманым адыгэбзэкIэ тхэуэ мащIэт щыIэр, я нэхъыбапIэм ар яIэщIэхужыпат, къэнар ирипсэлъэф къудейт. Абы къыхэкIыу журналыр зы илъэскIэщ зэрылэжьэфар. Мыбдеж дэри Iуэхум жыджэру дыбгъэдэтакъым. Апхуэдэу щIэхъуам и зы щхьэусыгъуэщ дызыхэс лъэпкъым я зэхэтыкIэм зыдедгъэкIун хуей зэрыхъуари.

ИужькIэ, 2006 гъэм, Тыркум ит хасащхьэхэм хэтхэм Iэмал къахукъуэкIащ адыгэбзэр нэхъ кууэ зрагъэщIэну. Абы щеджа гупыр зыщыщ хасащхьэхэм екIуэлIэжри, бзэр зэзыгъэщIэну гукъыдэж зиIэхэм ядэлажьэу щIадзащ, ноби зэпыуакъым а Iуэху щхьэпэр. Хасащхьэм и гъэсэнхэри зэхуэдэкъыми, абыхэми гупитIу дадолажьэ: адыгэбзэр зыщIэу еджэн-тхэным хуэдгъасэ нэхъыжьхэмрэ бзэр зэзыгъэщIэну гукъыдэж зиIэ ныбжьыщIэхэмрэ. Нобэ сызыдэлажьэ гупым сыщогугъ бзэр екIуу зрагъэщIэжыну.

**— Зи гугъу пщIы дерсхэр гувауэ къыпщыхъуркъэ? Адыгэбзэм Тыркум гъащIэ щиIэ?**

— Гуват, шэч лъэпкъ хэмылъу. Тыркум щыпсэу лъэпкъ зыбжанэм, псом хуэмыдэу курдхэм, зыкъаIэтащ я бзэр яджыжыну хуейуэ, апхуэдэ щIыкIэкIэ дэри хуитыныгъэ диIэ хъуащ.

НобэкIэ я бзэр яджыжынымкIэ Iэмал ярет къэралым - тхьэмахуэм сыхьэтитI яхухех. ЦIыхуипщI нэхърэ мынэхъ мащIэу щытын хуейщ гупым щIэсхэм я бжыгъэри. Мыбдежи зы Iуэхугъуи къытлъыкъуокI: сабийхэм ядэлэжьэну егъэджакIуэхэри гъэхьэзырын хуейкъэ? Тыркум щыIэкъым апхуэдэ IэщIагъэлIхэр, щрагъаджэ икIи хасэхэм хэтхэм ящыщхэр е езыр-езыру адыгэбзэр зэзыгъэщIэжахэр ирагъэблагъэу аращ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ адыгэбзэр зэбгъэщIэфыну къысщыхъуркъым — ар унагъуэхэм щыIуу, абы ирипсалъэу, адыгэбзэкIэ тха тхылъхэр щIаджыкIыу щытын хуейщ.

Ауэ сызыгъэгушхуэ зы Iуэху щыIэщ: щIалэгъуалэ куэд дахуозэ адыгэбзэр ямыщIэу, ауэ зэрыадыгэм ирипагэу, адыгэгу якIуэцIылъу. Си гугъэщ а ныбжьыщIэхэр адыгэбзэр зэгъэщIэжыным пэлъэщыну.

**— Бзэр нобэ зэрыт щытыкIэ гугъур къэплъытэмэ, лъэпкъыр сыт дызэзышэлIэфынур, Зафэр?**

— 2008 гъэм Иорданием щекIуэкIащ адыгэхэм я дунейпсо зэIущIэ. Абы зыкъэрагъэхьэлIат къэрал зэхуэмыдэхэм я хасащхьэхэм, еджагъэшхуэхэм, щIэныгъэлIхэм, нэгъуэщI куэдми. Къызэхуэсахэр псори адыгэт, ауэ дезыгъэблэгъа Иорданием щыщ гупыр къызэрыдэпсэлъар инджылызыбзэкIэт. КърихьэлIахэм хуабжьу ди жагъуэ хъуауэ щытащ зэIущIэр ди бзэкIэ зэремыкIуэкIар. Хэбгъэзыхьмэ, Иорданием адыгэбзэкIэ щрагъаджэ колледж нэгъунэ дэтщ.

ИлъэсипщIкIэ сызэIэбэкIыжынщи, Анкара адыгэбзэ щыщезгъэджу щыщIэздзам щыгъуэ, си дерсым нэхъыбэу къакIуэр Джылахъстэней къуажэм къыдэкIахэрат. Узун-Йайла щыпсэухэм я унагъуэхэм адыгэбзэр нэхъ щызекIуэти, я сабийхэр къафэхэм хуагъасэрт. А зэманым къэмыкIуахэм я бынхэращ си дерсым нэхъыбэу иджыпсту къекIуалIэхэр. Бзэр мыхъумэ, адыгэр зэзышэлIэжыфын нэгъуэщI Iэмал гуэри щыIэу си фIэщ хъуркъым.

Зэгуэр адыгэгур къызэрыгъуэтыжынущ, ауэ гури гъэнщIын хуейщ. Иджыпсту къыдэкIуэтей щIэблэм адыгэ Iуэхум ехьэлIауэ еплъыкIэщIэ гуэрхэр къащтащи, нэхъыжьхэм ди къалэнщ абыхэм бзэр зрагъэщIэжыным, хэкум ягъэзэжыным ахэр тедгъэгушхуэну.

Нобэ адыгэм и Iуэхур лъэмыж икIыпIэм нэсауэ къысщохъу. Гугъэр зэи дгъэкIуэд хъунукъым. Сыщогугъ лъэпкъри бзэри къэтIэтыжыфыну.

**— Сыт абы щхьэкIэ щIэн хуейр?**

— Псори зы бзэкIэ дызэпсэлъэн хуейщ. Абы къизгъэкIыр адыгэбзэкIэ дызэпсэлъэнракъым, атIэ абы дынэмыс щIыкIэ, гупсысэбзэкIэ дызэрыщIэнращ. Гупсысэбзэм къикIыр сыт? Илъэсым и кIуэцIкIэ хэкум тIэу сыкъокIуэж, КIахэми Къэбэрдейми ис адыгэ куэдым сахуозэ, Хьэжрэтхэми саIущIащ. Фи фIэщ фщIы - хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ ди гупсысэкIэр, ди гъащIэ еплъыкIэр зэтемыхуэ. Ди лъэпкъ Iуэхухэм ятеухуауэ ди пщэ дэтлъхьэжа къалэнхэр дгъэзащIэми дымыгъэзащIэми хъууэ апхуэдэщ.

Адыгэр хэкужьым зэрытхузэфIэкIкIэ щызэрыдгъэгъуэтыжыфмэ, хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ дызэпхауэ, къэзымыгъэзэжыфхэми зы хэку зэраIэр зыщамыгъэгъупщэу къакIуэу, Iуэху щащIэу хуежьэмэщ, кIэщIу жыпIэмэ, зы еплъыкIэ яIэ хъуа нэужьщ, ди акъылри, ди гупсысэри щызэтехуэнур. Тхьэм а махуэхэр дигъэлъагъу!

**— Ди къэкIуэнум къыдит гупсысэрауэ къыщIэкIынщ сабийхэр я адэжь хэку къыщIэпшар?**

— Хэкур едгъэлъагъуну, адыгэбзэмкIэ дерсхэр еттыну гуп къафшэ, жаIэри нытхуаIуэхуащ. ГъэщIэгъуэнракъэ, ныбжьыщIэхэм а псалъэмакъыр щахуэсIуэтэжым, дыкIуэфын-дымыкIуэфын упщIэр къэувакъым, атIэ «дапщэщ дыщежьэну махуэр» жаIащ. Я адэ-анэхэм я арэзыныгъэ къыIахри, цIыхуипщI къыздесшэжьащ. Адыгэбзэ зыщIэ гуэрхэри къысхухэхынут, ауэ гукъыдэж зиIэхэращ къесшэжьар. Псалъэ дыгъэли фэрыщIагъи хэмылъу хэкурысхэм ялъагъумэ сфIэфIщ ди Iуэху зыIутыр. ЛъэныкъуитIми ди якум пэжагъращ дэлъын хуейр.

ЦIыхур зыщIэхъуэпсын хуейр егъэлъагъупхъэщ. АбыкIэ жысIэну сызыхуейращи, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр къакIуэурэ адэжь щIыналъэр зыхуэдэр зрагъэлъагъун, хэкурысхэм я псэукIэм кIэлъыплъын, анэдэлъхубзэр зэхахын хуейщ. АдыгэбзэкIэ дызэпсалъэу дызэбгъэдэсмэ, тыкуэнхэм, къэувыIэпIэхэм, еджапIэхэм, IуэхущIапIэхэм бзэр щызэхахмэ, итIанэщ ахэр я щIыналъэм къагъэзэжыным щытегушхуэнури, бзэр щызрагъэщIэжыфынури.

**— Упсэу, Зафэр. Уи хъуэпсапIэхэр нахуапIэ хъуну Тхьэм жиIэ.**

**Епсэлъар ТАБЫЩ Динарэщ.**

Си лэжьыгъэр щыщIэздзэм, хьэкъыу спхыкIауэ си фIэщ хъурт бгырыс Iэлыр гурыщIэ телъыджэм - гъащIэм и нэхугъэ IэфIым - щIэныгъэм къызэрыщIэтэджэнур; щIэныгъэмрэ тхыбзэмрэ ди гур къыщауIэн зэман дэр папщIи къэсынщ.

Сэ сымылъагъункIи хъунщ а дакъикъэ IэфIыр - си лъахэм щIэныгъэншагъэр IэщIыб щищIыну лъэхъэнэр; сыт хуэдиз гухэхъуэгъуэ зыхэсщIэнт сэ абы щыгъуэ!..

СлъэкIым хуэдиз сщIащ сэ, фIыгъуэ зэрызлэжьыным сыхуэпсэуащ. Ухыгъэмрэ Къэхъугъэр зи Iэмырымрэ солъэIу анэдэлъхубзэм хузиIа лъагъуныгъэр здэзыгуэшын щIэблэ си ужь къихъуэну!

**НЭГУМЭ Шорэ.**

**Хьэбэздэс Даур Еленэ ящыщщ зи гуащIи, зи пси и анэдэлъхубзэм хуэзыгъэтIылъ цIыхухэм, зэгуэр къыхиха Iуэхум икъураррэ напэ къабзэрэкIэ бгъэдэта, илъэс куэд хуэзыгъэтIылъа егъэджакIуэхэм.**

КъЧР

# Бзэм и IэфIагъыр зыхащIэмэ...

А бзылъхугъэр пенсэм тIысыжами, зы махуи дэкIкъым анэдэлъхубзэкIэ тхыгъэ гуэр щIимыджыкIыу, и хамэкъым усэ тхынри. Абыхэм я щыхьэту, ди пащхьэ кърелъхьэ илъэс зэхуэмыдэхэм итхахэр, бзэм ехьэлIауэ зэхуихьэса щIэныгъэ лэжьыгъэхэр, тхылъхэр. Ахэращ Еленэ нобэ и псэхугъуэр, толъкъуну зэтрикIэу блэжа илъэсхэм я гукъэкIыж нэхухэмрэ угъурлыхэмрэ зэрызахуигъэзэжыр икIи и фIэщ мэхъу адыгэбзэр зэгуэрми зэрымыкIуэдынур.

Еленэ ноби IупщIыбзу и нэгум къыщIохьэж 1958 гъэр. Курыт еджапIэр къыщиухам пщащэр еджакIуэ здэкIуэнур къыхихыным гугъу дехьакъым. АтIэ, куэд щIат абы зэрытриубыдэрэ кууэ и анэдэлъхубзэр иджыным. «Си гъащIэ псор си бзэ телъыджэр — анэдэлъхубзэр зджыным, абы сабийхэр хуезгъэджэным тезухуэнрат си хъуэпсапIэр», — игу къегъэкIыж Еленэ. Апхуэдэу, ар щIыхьауэ щытащ Къэрэшей-Черкес къэрал пединститутым (иджы университетым). Пщащэм бзэм хуиIэ фIылъагъуныгъэр нэхъри зэщIагъаблэ и егъэджакIуэ лъэрыхьхэм: Пщыбий Инал, Тамбий БэтIал, Дзасэжь Хьэсанш, нэгъуэщIхэми. Апщыгъуэращ и япэ усэ сатырхэри къыщигъэщIар. Даур Еленэ и лэжьэкIэм, и щIэныгъэмрэ и гуащIэдэкI ехъулIэныгъэхэмрэ мызэ-мытIэу гу къылъатащ КъЧР-м егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм здыхагъахъуэ институтми, езыр зыщеджа ищхьэ еджапIэми, лэжьакIуи ираджащ. Ауэ зэи къыхиха гъуэгум текIакъым, IэнатIэшхуи хущIэкъуакъым, къыхуагъэтIыгъуами дихьэхакъым.

Шэч хэлъкъым илъэс бжыгъэкIэ щIэблэр анэдэлъхубзэм хуезыгъэджа егъэджакIуэм бзэм ехьэлIа гупсысэ куу зэрыбгъэдэлъым, анэдэлъхубзэр нобэ зэрыт щытыкIэм, и ехъулIэныгъэхэми, и щыщIагъэхэми зэпэшэчауэ зэрытепсэлъыхьыфым. Абы дыщыгъуазэкIэрэ, анэдэлъхубзэм и Махуэм ехъулIэу, и псалъэ дыщIэдэIумэ ди гуапэу, зыхуэдгъэзащ Даур Еленэ.



**— Зы щIэблэкъым уи дерсхэм дебгъэхьэхын плъэкIар, бзэр зыгъэшэрыуэфу ебгъэсар. Дауи, уи дерс тыкIэм уи щэху гуэр хэплъхьэу къыщIэкIынт.**

— Дерсым сыт хуэдэ купщIэ имыIами, унэ лэжьыгъэр щIыжынти, тхылъ еджэнти, тхэнти жэуэ къыщIэздзэтэкъым. Хуэмурэ еджакIуэхэр дерсым и купщIэм щызгъэгъуазэурэ хэсшэт. Дджынур, псалъэм и жыIэгъуэкIэ, тхакIуэ, усакIуэ гуэрмэ, абы теухуауэ тхылъым итым нэмыщI зэражесIэным сыпылът, абы и IэдакъэщIэкIхэм дриплъэжт. Ди хэкуэгъу тхакIуэхэм, усакIуэхэм, бзэ щIэныгъэлIхэм къинэмыщIауэ, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм яйхэри зэрайзгъэцIыхуным сыпылъащ. Тхылъым итым дыблэIэбыкIыу язгъэцIыхур мащIэтэкъым: адыгэ хабзэр, IуэрыIуатэр, адыгагъэ, цIыхугъэ, цIыху хэтыкIэ, жылагъуэ зэхущытыкIэ, нэгъуэщI куэди. И лъэпкъым пщIэ хуищIу, и бзэр игъэлъапIэу, нэхъыбэ зэрицIыхуным упылъу сабийр ебгъэджэн хуейщ. Гуапэ зэрыхъунщи, еджакIуэхэм яфIэгъэщIэгъуэну хэлэжьыхьт дерсхэм, егъэзыныгъэ, текъузэныгъэ хэмылъу. АтIэ, дерсыр зыхаубыдэнымкIэ ар куэд и уасэщ.

**— Курыт еджапIэхэм деж иджыпсту анэдэлъхубзэм сыхьэт бжыгъэу къыхухагъэкIыр мащIэщ. Уэ щебгъаджэми апхуэдэу щыта? Уэ дауэрэ а пIалъэм уизагъэрэт?**

— Уи анэдэлъхубзэр бджынымкIэ дапщэ сыхьэту къыуамытми, ар къомэщIэкIынущ. Ауэ къыуатар щыаракIэ, абы зибгъэзагъэу, уи дерсыр гъэщIэгъуэн зэрыпщIыным къарууэ уиIэр епхьэлIэн хуейщ. МащIэми, сыхьэтитIыр, лэжьыгъэкIэ бгъэнщIыфынущ ахэри. Ауэ, пэжыр жыпIэнумэ, еджакIуэхэм я бзэр яджыным хуаIэу щыта гукъыдэжыр хуабжьу ужьыхащи, ди зэманым дебгъэхьэхыныр куэдкIэ нэхъ гугъу хъуащ. ЩыапхуэдэкIэ, дерсыр кIуэмэ аращ жэуэ Iуэхум ухущыткIэ сэбэп къихьынукъым. Къыхэпхыфын хуейщ иджыпсту щIалэгъуалэр нэхъ зыдихьэх кIуэрабгъу, дерсым нэхъ зэрыхэбгъэдэIуэфын псалъэмакъхэр. ЩIалэгъуалэр и лъэпкъым, къызыхэкIам, зыщыщым, и лъахэм, тхыдэм, пасэрей хъыбарыжьхэм нэхъ дехьэхри, мис ар къэдгъэсэбэпу, абыхэмкIэ, нэгъуэщIу яфIэгъэщIэгъуэн псалъэмакъхэмкIэ дерсхэм хэдгъэлэжьыхьын хуейщ. Я бзэм нэхъри дихьэхыным и зы Iэмалщ ари. И лъэпкъым и гъащIэ гъуэгуанэм щымыгъуазэ щIэблэр и бзэм пхудегъэхьэхынукъым, и IэфIагъи, и купщIи къыпхуегъэхутэнукъым.

**— ЩIэблэм анэдэлъхубзэр IурылъхьэнымкIэ жэуаплыгъэ псори курыт еджапIэхэм я закъуэу ятеплъхьэныр тэрэз дыдэу къыщIэкIынкъым. А фIылъагъуныгъэр унагъуэ кIуэцIым, сабий IыгъыпIэхэм къыщежьэн хуейкъэ?**

— Ар Iэмал зимыIэщ. КъызыщIэхъуэ лъэпкъым и бзэм фIылъагъуныгъэ хуиIэу сабийр къэтэджын хуейщ. Гущэкъу уэрэдым щегъэжьауэ, уи унагъуэ кIуэцIым сабийм уи бзэкIэ уемыпсэлъэжыныр ауэми къэбгъэхъу мыхъун, ауэ ди зэманым куэдрэ дызрихьэлIэ хъуа щытыкIэщ. Анэ-адэр и быным анэдэлъхубзэкIэщ зэрепсэлъэн хуейр. Сабийр гурыхуэу, щIэныгъэр псынщIэу къиубыдыфу гъэпсащи, нэгъуэщI бзэхэр сабий IыгъыпIэми, курыт еджапIэми хьэлэмэту къыщиубыдыжынущ. IэщIэкIынур и анэбзэращ.

Ауэ сабий IыгъыпIэхэми жэуаплыгъэшхуэ яхь. Гуапэ зэрыхъунщи, ди адыгэ къуажэ сабий IыгъыпIэ куэдым, анэдэлъхубзэр курыт еджапIэм зэрыщаджым еплъыт хъуну щрагъэдж. Абы и щапхъэщ Хьэбэз къуажэм дэт «Нур» сабий IыгъыпIэр. ГъэсакIуэхэр сабийхэм я анэдэлъхубзэкIэ япсалъэу, ядэлажьэу щытмэ, еджапIэ кIуэгъуэм ехъулIэу сабийхэм бзэм фIылъагъуныгъэ хуаIэу, адэкIи щIэуэ зыгуэр къацIыхуным хуэпабгъэу япэ классым йокIуалIэ. Абдежми и япэ егъэджакIуэм куэд елъытащ сабийм къыхуэушын щIэзыдза и гукъыдэжыр мыужьыхыжынымкIэ.

Ди адыгэ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я гупэ нэхъ хуагъазэми хъунут сабий тхыгъэхэм, усэхэм. ЗыкIэ сабийхэм яхуэгъэзауэ къыдэкI тхылъыр мащIэ дыдэщ. Абы и гущIыIужу, ахэр зэрытха бзэр, и нэхъыбапIэм балигъхэмкIи хьэлъэщ, сабийр щыгъэтыжауэ. СабиибзэкIэ тхэным нэхъ гулъытэ хуащIын хуейуэ солъытэ.

**— Ущылэжьа илъэсхэр, иджырейхэр, жыпIахэр къэппщытэжкIэрэ, адыгэбзэр нобэ сыт хуэдэ щытыкIэм ит?**

— Жагъуэ зэрыхъунщи, пхужыIэнукъым анэдэлъхубзэр кууэ яджу. Хуэфащэ пщIэ хуамыщIыж хъуащ. ЩIэблэр и лъэпкъым и блэкIами, и нобэми фIыуэ щыгъуазэмэ, апщыгъуэращ и бзэр кууэ щиджынури, ар Iурымылъыныр емыкIуу зэрыщытыр хьэкъыу къыщыгурыIуэнури.

**ТУАРШЫ Ирэ.**

## Бзэ къулей

А бзэм (адыгэбзэм) и макъхэр апхуэдизкIэ телъыджэщ, зэмыфэгъуэщи, жыбгъэр зэрыфийр, пщIащэр зэрыщхъыщхъыр, псы уэрым и даущыр, щIыр зэрыбауэр, псым хэлъ мывэджейхэр зэрызэнтIэIур, гур къызэреуэр, бзур зэрыбзэрабзэр зыхыбощIэ, абы ирипсалъэу щызэхэпхкIэ. Ар щыхьэт зытехъуэр зыщ: адыгэбзэр хуэгъэщIащ дунейм и къэхъугъэ псори кърипIуэтэным.

**ТРУБЕЦКОЙ Николай, урыс щIэныгъэлI. 1827 гъэ.**

## Адрейхэм дахагъэкIэ къащхьэщокI

Пасэрей кавказ лъэпкъыжь дыдэхэм ящыщщ адыгэхэр. Абыхэм я бзэр адрей кавказыбзэхэм псалъэкIи ухуэкIэкIи къащхьэщокI, я макъхэр апхуэдизкIэ къэпсэлъыгъуейщи, сэ сызыщыгъуазэ алфавитхэм псори къыпхуигъэтIэсэнукъым. Дэтхэнэ макъми къэпсэлъыкIэ зыбжанэ иIэщ, зы европеи бгъуэтынукъым ахэр къыхуэпсэлъыну.

**БЛАРАМБЕРГ Иоганн, нэмыцэ генерал. 1834 гъэ.**

АР

# Лъэпсэпкъ пытэу лъэкIуатэ

*(КIэухращ. ПэщIэдзэр е 1-нэ напэм итщ).*

Зэо ужым адыгэ литературэм ипшъэрылъхэми нахь зыкъагъэнэфагъ, Хэгъэгур пыижъ техакIоу фашизмэм щызыухъумэгъэ цIыфхэм яобраз зэрифэшъуашэм тетэу къыIотыкIыгъэныр, къэгъэлъэгъогъэныр, хэгъэгур, чIыгур, советскэ цIыфхэм псэм фагъадэу, зэрэпсэемыблэжьыгъэхэр, советскэ дзэкIолIхэм ялыгъэ-цIыфыгъэ яхьылIэгъэ произведениехэр тхыгъэнхэр лъэшэу мы лъэхъаным ищыкIэгъагъ ыкIи мы Iофышхом яшъыпкъэ рахьылIэгъагъ СССР хэгъэгушхом и ТхакIохэм ямызакъоу, нэмыкI цIыф лъэпкъхэм ялитературэхэм ятхакIохэми.

Зэоужым (1945): Еутых Аскэр ирассказхэр зыдэт тхылъэу «Возвращение» (1945), иновеллэхэр дэтхэу «Священная ...» (1946), иусэ тхылъэу «Насып». Андырхъое Хъусен иусэхэр зыжэт тхылъэу «Сэ сиорэд» (1946) зыфиIорэр. Зэоуж апэрэ илъэсхэм заом итемэ адыгэ литературэм ианахь темэ шъхьаIэу щытыгъ. Ар джы къызнэсыгъэм темэ инэу къэнэжьы. Ащ готэу, мамыр щыIакIэм икъэгъэлъэгъон нахь зыфагъазэ. Адыгэ щыIэкIэпсэукIэр, цIыф зэхэтыкIэзэфыщытыкIэхэр, шэн-хабзэхэр шъыпкъагъэ хэлъэу къэтыгъэнхэм Iофышхо дашIэ, хэгъэгуми ащ осэшхо къыфашIыгъ.

Адыгэ литературэм жанрэу романыр щыпхырищыгъэ мэхъу. Зэо илъэсхэми, зэо ужыми КIэрэщэ Тембот зэпымыоу романэу «Щамбул» Iоф дишIагъ. 1947-рэ илъэсым хэгъэхъонхэр, зэхъокIыныгъэхэр иIэу адыгабзэкIэ романэу къыдэкIыгъ. 1948-м урысыбзэкIэ «Дорога к счастью» ыIоу къыхаутыгъ. Мы романымкIэ тхакIоу КIэрэщэ Тембот СССР-м и Къэралыгъо премие къыфагъэшъошагъ.

Я 50-рэ илъэсхэм творческэ кIочIакIэхэр, нэужым литературэр лъагэу зыIэтыщт ныбжьыкIэхэу МэщбэшIэ Исхьакъ, Iэшъынэ Хьазрэт, Тэрэтэрэ Хьамед къыхэхьагъэх. Яхудожественнэ амал инхэр мыхэм эпическэ произведениехэмкIэ къыраIотыкIыгъ. МэщбэшIэ Исхьакъ иапэрэ тхылъэу «ЦIыф лъэшхэр» (1953): - поэм, Iэшъынэ Хьазрэт иапэрэ тхылъэу «Ныбджэгъу шъыпкъ» ыкIи Бэрэтэрэ Хьамидэ иапэрэ тхылъэу «Нэфылъ» къыдэкIыгъэх. Илъэс 60-м ехъугъэу адыгэ литературэм щылэжьэрэ тхэкIошхоу МэщбэшIэ Исхьакъ зэпыуи, зэпычи имыIэу игупшысэ мэшэсы, поэзиеми, прозэми ащытэмабгъу, тарихъ романыр пытэу зэтыригъэуцуагъ, творческэ лъэгапIэм тет.

Литературэм хахъо фэзышIыгъэх мы илъэсхэм ЯхъулIэ Сэфэр, Шъхьаплъэкъо Хьисэ, ХьэдэгъэлIэ Аскэр, Цуекъо Джахьфар, Павел Резниковыр, Мамый Ерэджыб, Шэуджэн Аюб, Джагъупэ Джамболэт.

Я 60-рэ илъэсхэм охътэ лъэбэкъукIэхэр творчествэмкIэ щызышIыгъэхэм ащыщых Бахъукъо Ерэджыбэ, КъумпIыл Къалырбэч, Кощбэе Пщымафэ, Къуекъо Налбый, Нэхэе Руслъан, Бэгъ Нурбый, Пэнэшъу Сэфэр, Хъунэго Нуриет, Цуекъо Юныс, Мамый Руслъан, Теуцожь Хьабибэ.

Я 70 - 90-рэ илъэсхэми кIочIакIэхэр литературэм къыхэхьэх, зеубгъу, хэхъо. Гъэхъагъэхэр ашIых ыкIи хэти илъагъо къэнафэ. Ахэр – Емыж МулиIэт, Хьалыщ Сэфэрбый, Мэхъош Руслъан, ЛIыхэсэ Мухьдин, Хъурмэ Хъусен, Хъунэго Саид, Къуикъо Шыхьамбый, Ергъукъо-ЩэшIэ Щамсэт, нэмыкIхэри. Ахэм къакIэлъыкIуагъэх Дэрбэ Тимур, Мамрыкъо Фатимэ, ГутIэ Санят, Лъэцэр Вячеслав, Хьакъунэ Заремэ.

Адыгэ художественнэ-литературнэ критикхэри литературэм къыхэуцо.

Апэрэ критическэ тхыгъэхэр пасэу, я 20 - 30-рэ илъэсхэм Хьаткъо Ахьмэд, Кобл Билъэустан, ыужым Еутых Аскэр, Кэстэнэ Дмитрие (я 30 - 50-рэ илъэсхэм анэсэу) ыкIи я 50 - 60-рэ илъэсхэм къащегъэжьагъэу, джы къынэсыжьэу, Къуныжъ Мыхьамэт, ЩэшIэ Казбек, ЛъэпцIэрышэ Хьалидэ, Мамый Руслъан, Цуекъо Тыркубый, (щыIэжьхэп лIитIур), Пэнэшъу Уцужьыкъо, нэмыкIхэми лъагъэкIотагъ.

Джырэ уахътэу, цIыфыр зыщышъхьафитэу, мамыр огур тишъхьагъэу, рэхьатныгъэ щыIэкIэ дахэу тызыхэтым ныбжьыкIабэм ягупшысэ щэIорышIэ. Къыхэзгъэщымэ сшIоигъу джыри зы лъэныкъо гъэнэфагъэ: нэмыкI сэнэхьатхэмкIэ Iоф зышIэхэрэ зыныбжь икъугъабэр, яадыгабзэ зэрапэблагъэр, лъэпкъыбзэм, лъэпкъ гупшысэм ежь яIахь ин халъхьэмэ ашIоигъоу, тхэным яшъыпкъэу зэрэпэуцуагъэхэр ары. Ахэр - юристых, псэолъэшIых, къулыкъушIэ журналистых, сурэтышIэх, врач ыкIи кIалэегъаджэх. Къадэхъури макIэп, щыкIагъэ горэхэр яIэхэми. Щэч зыхэмылъыр, лъэпсэпкъ пытэ зыгъотыгъэ адыгэ литературэр ыпэкIэ зэрэлъыкIуатэрэр, адыгабзэр, литературабзэр зэралэжьырэр, адыгэ лексикэм ибаиныгъэ ин ахэм япроизведение зэфэшъхьафыбэм хахъо фашIэу зэралъагъэкIуатэрэр ары. Уемызэщэу уетIэ зэпытымэ, чIым анахь куоу чIэлъ шIагъори къычIэщыщт. Ащ фэд литературэу лъэпкъ гупшысэ иныр зылъапсэри, ар щыIэм амалым фэшIушIэрэ бзэжъ ин лъачIэу адыгабзэри щыI, зие лъэпкъым фэIорышIэ, хэхъо, зеукэбзы, лъапсэ зиIэм, шъхьапэ дахи егъоты хабзэба.

**МАМЫРЫКЪО Нуриет.**

КъБР

# Ди адыгэбзэу лъапIэ, анэдэлъхубзэу IэфI

*(КIэухращ. ПэщIэдзэр е 1-нэ напэм итщ).*

Хъуран Батий зэхигъэува алыфбейр адыгэхэм илъэс бжыгъэкIэ яхуэлэжьащ. Ар щахъуэжар 1936 гъэращ. Абы щыгъуэ адыгэбзэр урыс хьэрфылъэм и дамыгъэхэмкIэ къэгъэлъэгъуэн щIадзэжауэ щытащ, иджыри абы тетщ. Мы зэманым псалъэмакъ гуэрхэр йокIуэкI ди алыфбейм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ. ЩIэныгъэлIхэр, къэхутакIуэхэр, адыгэбзэр щIэблэм езыгъэдж, абы ирилажьэ IэщIагъэлIхэр, анэдэлъхубзэм и къэкIуэнум иригузавэ нэгъуэщIхэри хущIокъу ар ирагъэфIэкIуэну адыгэ псоми зэдай, ди зэхуэдэ хьэрфылъэ зэхалъхьэну. ЗэкIэ Iуэхур зыми теубыда хъуакъым, ауэ къэунэхуащ ар нэхъ тыншу сабийхэм зэребгъэдж хъуну методикэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Абыхэм я нэхъыфIхэм гъуэгу етын хуейщ.

Адыгэбзэр хъумэным елэжьыр щIэныгъэлIхэм, къэхутакIуэхэм, егъэджакIуэхэм я закъуэкъым – абы ирогузавэ къэрал унафэщIхэри. Ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэр хъумэным, абыхэм адэкIи зегъэужьыным хуэунэтIа унафэ зэмылIэужьыгъуэхэр КъБР-м и Парламентым къищтащ. Апхуэдэу илъэс зыбжанэ лъандэрэ республикэм и еджапIэхэм ящыщ куэдым пэщIэдзэ классхэр адыгэбзэкIэ щрагъаджэ. Ди анэдэлъхубзэр къэкIуэну щIэблэхэм яхуэхъумэнымкIэ ари зы хэкIыпIэщ, зы Iэмалщ.

Дуней псом щызэлъыщIыса Интернетми нобэ щыдиIэщ адыгэ сайтхэр. Ди анэдэлъхубзэкIэ къыдэкI газетхэми, адыгэбзэкIэ укъыщеджэфынущ, ущыпсэу щIыналъэрэ къэралрэ емылъытауэ. ФIыгъуэшхуэщ тауэ цIэрыIуэхэм ящыщ куэдым хэт, ди сабийхэм фIыуэ ялъагъу лIыхъужьхэри адыгэбзэкIэ «зэрагъэпсэлъар», нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэу щытми, лъэпкъыбзэу щыIэхэм я нэхъыжьхэм хабжэ ди адыгэбзэм и Iуэхуми узыгъэпIейтей куэд хэтщ. Абы и щыхьэтщ Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН-м) бзэхэм елэжь и къудамэм иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр. Абыхэм къагъэлъагъуэ адыгэбзэр зызыужь, ефIакIуэ бзэхэм зэращымыщыр. Уеблэмэ, ар зыхэт абхъаз-адыгэ бзэ гупым хыхьэхэм ящыщ гуэрхэр Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм я Тхылъ Плъыжьым иратхащ.

Лъэпкъым и блэкIари и нобэри къэзыгъэлъагъуэу, и тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр къэкIуэну щIэблэхэм яхуэзыхъумэу щыIэр тхыбзэращи, абы сыт щыгъуи гулъытэ хуэщIыпхъэщ.

«Ухыгъэмрэ къэхъугъэмрэ зи Iэмырым солъэIу анэдэлъхубзэм хузиIа лъагъуныгъэр здэзыгуэшын щIэблэ си ужь къихъуэну», – адыгэбзэр и псэм щыщ Iыхьэу зэрыщытыр гум къиIукI апхуэдэ псалъэхэмкIэ къигъэлъэгъуауэ щытащ адыгэ еджагъэшхуэ Нэгумэ Шорэ. Лъэпкъым хуэгъэпса апхуэдэ хъуэпсапIэ дэтхэнэ адыгэми дигу илъын хуейщ, бзэр тIэщIэкIмэ, лъэпкъкIуэдыр къытхуэкIуэнкIэ зэрыхъунур тщIэжу.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ,**
***«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и къудамэм и унафэщI.***

*Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и зэхуэшэсыгъуитIым я депутат, еджагъэшхуэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, бэдаущ-политикэ, жылагъуэ Iуэхузехьэ цIэрыIуэ Акъбащ Борис Хьэжмырзэ и къуэр Хьэбэз районым хыхьэ ПсэукIэ-Дахэ къуажэм къыщыхъуащ.*

## Нобэр къыздэсым гур поплъэ

КъЧР

Черкесск къалэм дэт лъэпкъ еджапIэ-интер-натым щеджащ. Областым япэ дыдэ еджапIэр дыщэ медалкIэ къэзыухар аращ. Абы къегъэлъагъуэ Акъбащым зэчийуэ, щIэныгъэу, акъылу бгъэдэлъар. ИужькIэ щIэныгъэлI IэщIагъэр мэкъумэш хъызмэтыр механизацэ щIынымкIэ Iуззэв-ХыфIыцIэ ищхьэ еджапIэм щызэригъэгъуэтащ.

Лэжьэн иригъэжьащ ПсэукIэ-Дахэ машинно-Iэщхъуныгъэ станцым и инженеру. Хьэбэз зэгъэзэхуэжакIуэ-техникэ станцым и унафэщIу лэжьащ. ИлъэситхукIэ и нэIэм щIэтащ «Черкес» совхозыр. IэпщIэлъапщIагъэ ин хэлъу, хьэрэчэтыфIэу и щIэныгъэхэмрэ и лъэкIыныгъэхэмрэ къигъэсэбэпащ мэкъумэшхъызмэт техникэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ. Абы и ехъулIэныгъэхэр щэнейрэ фIыкIэ къыхагъэщащ. Апхуэдэу, Борис СССР-м и ВДНХ-м и медалищ къыхуагъэфэщащ.

И гъащIэм и лъэхъэнэщIэм и къыщIэдзапIэ хъуащ Акъбащ Борис Хьэбэз райисполкомым и тхьэмадэу щылэжьар. Абы къыкIэлъыкIуэу ар КПСС-м и Адыгэ-Хьэблэ район комитетым и япэ секретарщ. ИужькIэ трагъэхьэ Къэрэшей-Черкес облисполкомым и тхьэмадэм и къуэдзэу. Абы и нэIэм щIэту областым щаухуащ мыхьэнэшхуэ зиIэ социально-щэнхабзэ IуэхущIапIэ куэд.

И гъащIэм и къыкIэлъыкIуэ Iыхьэ хъуащ щIэныгъэ IэнатIэм зыщритар. 1974 гъэм, Ставрополь политехническэ институтым и къудамэу Черкесск дэтым илъэситIкIэ унафэщIу щыIауэ, Москва япэу къыщызэрагъэпэща, СССР-м МэкъумэшымкIэ и Министерствэм и IэщIагъэлIхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ еджапIэ нэхъыщхьэм и ректору ягъэув. ИужькIэ, ар Промышленнэ Академие ящIыжри, пенсэм кIуэху Акъбащыр пщIэшхуэ зиIэ мы ищхьэ еджапIэм илъэс 20-м зэрынэхьэскIэ и ректору мэлажьэ. А илъэсхэм IупщI дыдэ хъуащ Акъбащ



Борис зэфIэкIышхуэ зэриIэр — щIэныгъэм зиужьыным папщIэ ар и къаруи и гуащIи зы махуэ щысхьакъым. Ар сыт щыгъуи щапхъэ хъут и жыджэрагъкIэ, зыбгъэдэт IэнатIэм хуиIэ щытыкIэмкIэ, и цIыхугъэмрэ гуп хэтыкIэмрэкIэ.

А зэманым абы дунейм къытригъэхьащ экономикэмрэ хыхьэхэкI Iуэхумрэ ятеухуа щIэныгъэ лэжьыгъэ зэхуэмыдэу 50-м щIигъу. Ар ехъулIэныгъэ иIэу Германием щеджащ икIи абдеж къыщратащ ищхьэ нагъыщэ зиIэ менеджер дипломыр. Къэралым и еджагъэшхуэ-IуэхущIэхэм яхыхьа нэужь, IуэхуфI куэд зэфIихащ Урысейм, цIыхухэм я зыужьыныгъэм хуэунэтIауэ. Апхуэдэ и хэлъхьэныгъэр къэралым гулъытэншэу къигъэнакъым. Абы «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр тIэунейрэ къратащ, «ЛэжьэнкIэ къызэрыхэжаныкIам папщIэ», «ЩIыщIэхэр къызэраIэтам папщIэ», «ГуащIэдэкI хахуэм папщIэ» медалхэмрэ РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъхэмрэ къыхуагъэфэщащ.

1995 гъэм Акъбащым и хэкум къигъэзэжащ икIи жыджэру хыхьащ КъЧР-м и жылагъуэ-политикэ гъащIэм. Ар лэжьащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице-президенту, иужькIэ президенту, Адыгэ Хасэ республикэ зэщIэхъееныгъэм и тхьэмадэу, Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и зэхуэшэсыгъуитIым я депутату.

БзищкIэ —урысыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ, тыркубзэкIэ — дунейм къытохьэ «Черкесский мир» журналыр, ДАХ-м и IV Конгрессым деж къыщоIу Акъбащым и жэрдэмкIэ уэрэдус цIэрыIуэ Даур Аслъэн зэхилъхьа Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гимныр. Борис и фIыгъэкIэ дунейм къытохьэ «Адыгэ хабзэ», «Пэжым и гъуэгу гугъухэр» тхылъ гъуэзэджэхэр. Абы и фIыгъэ хэлъщ Иорданым и пащтыхьыкъуэ Алий бен Хъусен зи пашэ шууей гупыр адыгэ щIыналъэхэм къызэрыкIуам…

**ЕЗАУЭ Маринэ**

АР

## Бырсыр Батырбый Мыхьамодэ ыкъор

Краснодар краимкIэ Шэуджэн районым ит къуаджэу Хьакурынэхьаблэ 1939-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 6-м къыщыхъугъ, къызэрыхъухьагъэр мэкъумэщышIэ унагъу. 1946-рэ илъэсым Мамхыгъэ гурыт еджапIэм чIахьи, 1956-рэ илъэсым дэгъу дэдэу къыухыгъ. Илъэсрэ яколхоз щылэжьагъ. 1957-рэ илъэсым Адыгэ къэралыгъо кIэлэегъэджэ институтым чIэхьагъ. 1959-рэ илъэсым Тбилиси икъэралыгъо университет ифилологическэ факультет (кавказскэ отделением) агъэкIуи, 1963-рэ илъэсым къыухыгъ. 1963-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу 1966-рэ илъэсым нэс гурыт еджапIэм урысыбзэмрэ нэмыцыбзэмрэ ащаригъэхьыгъ, директорым игуадзэу щытыгъ. 1966-рэ илъэсым Адыгэ къэралыгъо кIэлэегъэджэ институтым адыгабзэмрэ литературэмрэкIэ икафедрэ икIэлэегъаджэу Iоф ышIэу ригъэжьагъ. 1965-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу 1969-рэ илъэсым нэс Грузинскэ ССР-м шIэныгъэхэмкIэ и Академие бзэшIэныгъэмкIэ и Институт изаочнэ аспирантурэ щеджагъ. 1969-рэ илъэсым «Сложные глаголы в адыгейском языке» зыфиIорэмкIэ кандидат диссертациер къыгъэшъыпкъэжьыгъ. 1973-рэ илъэсым



адыгабзэмрэ литературэмрэкIэ кафедрэм идоцент хъугъэ.

ЕтIуанэу, сборникым ихуар езы авторым хэплъыхьауэ къыхиха и IэдакъэщIэкIхэращ. АтIэ, тхылъым иригъэувар иужьрей илъэси 2-3-м и Iэдакъэ къыщIэкIахэращ. Авторым къелъытэ дэтхэнэ усакIуэри, тхакIуэри и поэзием пщIэ зэрыхуищIым къыдэкIуэу, и творчествэм ткIийуэ бгъэдыхьэн хуейуэ.

Поэзиер — щIэджыкIакIуэмрэ усакIуэмрэ я зэхуэзэ-



ныгъэ, зэпсэлъэныгъэ Iэмалу къэплъытэмэ, мы сборникым и напэкIуэцIхэм фызыщыIущIэну авторым и дуней еплъыкIэр зэрыкъулейм, гъэщIэгъуэну зэрыгъэпсам дыщыгъуэзэнущ. Гу зылъытапхъэщи, тхылъым ихуа, Зураб урысыбзэкIэ итха и IэдакъэщIэкIхэр адыгэбзэм итауэ зэридзэкIыжа усэкъым, атIэ авторым урысыбзэкIэ къигъэщIа защIэщ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, адыгэ тхылъеджэм папщIи авторым адыгэбзэкIэ къигъэщIа усэхэри.

Тхылъыр зи IэдакъэщIэкIым и усэхэр зытриухуар, зэпкърихар къеттхэкIынкъым. ЖытIэныр зыщ: нэхъыщхьэр — авторыр и усэмкIэ тхылъеджэм шэщIауэ зэрепсалъэращ. Шэчыншэу, дэтхэнэ и усэми къару ин кIуэцIылъщ, щIэджыкIакIуэм игу нэсынущ, гурыщIэ дахэхэри къыхуигъэушынущ.

Бемырзэ Зураб и усэхэм хыболъагъуэ авторым и псалъэм, и макъым я къабзагъэр, и гур кууэ зыгъэпIейтейр. Мыпхуэдэу жаIэ хабзэщ: «Поэзиер — ар зомыдзэкIыфращ» («Поэзия – то, что не переводится»). Зураб и усэхэми а жыIэгъуэр хуэбгъэзэфынущ. АтIэ, и усэхэр гъащIэм и бзэмкIэ зэбдзэкIын хуейкъым, ахэр езыхэр гъащIэр къэзыгъэлъагъуэщ. УсакIуэм и гъащIэр и поэзиемкIэ утыку кърелъхьэ. ИкIи, дэ къыдэлъытар авторым и гупсысэм щэхуу дыщIэдэIуныр, къыджиIэну зыхуейр зыхэтщIэн тлъэкIынращ.

Апхуэдэ псалъэхэр хужыпIэфынущ Зураб и прозэми. «Хьэжрэтхэр» зыфIища и повестыр — Кавказ зауэм и напэкIуэцI фIыцIэхэм хуэгъэза тхыдэ рассказщ, нэхъ щхьэихауэ жыпIэмэ, адыгэ лъэпкъыр дуней хъурейм щIикъухьа хъуам хуэгъэза упщIэхэр къыздигъэувщ.

ПовестымкIэ авторым а лъэхъэнэ хьэлъэм уасэ иритыкъым е ар иджырей гъащIэм къыхипщэу аракъым. АтIэ, мыр авторыр блэкIам зэрыхуеплъэкIыжыр къэзыгъэлъагъуэщ. Зауэм и теплъэр къызэIуихкIэрэ, авторым щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ ирелъхьэ лIыщIыгъуэкIэ екIуэкIа зауэжьым щыщ, къэхъугъэ куэдкIэ гъэнщIа зы теплъэгъуэ. ДызэреплъымкIэ, авторым повестым кIэух пыухыкIа щIримытар — къыкIэлъигъэкIуэн мурад зэриIэрагъэнщ...

Повестым деж авторым тхыдэ пэжыр дэфтэрхэмкIэ къегъэлъагъуэ. Арами, авторым «реализм» щытыкIэр художественнэ псалъэм и щхьэ игъакIуэкъым. Абы къыхэкIкIэ, «Хьэжрэтхэр» художественнэ тхыгъэщ, атIэ тхыдэ очерккъым. Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ Бемырзэ Зураб игуэщIа архив лэжьыгъэр. Повестым деж къыхелъытэ Кавказ зауэ лъэхъэнэр зи нэгу щIэкIа цIыху куэдым я еплъыкIэхэри.

Авторым и бзэр дэфтэрхэмкIэ гъэщыпкъэжауэ художественнэ кууагъ зыкIуэцIылъщ. ДызэреплъымкIэ, мыбдежым Зураб дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуар тхакIуэ Iэзагъым къыдэкIуэу, икIи езыр Iуэху зэхэщIыкI ин зыбгъэдэлъ журналисту зэрыщытращ. Уеблэмэ а щытыкIэр IупщIу хыболъагъуэ «Старая сказка» новеллэмикI, «Цветы диаспоры» очеркми.

Тхылъыр щыщIэбджыкIкIэ, нэхъыщхьэу зыхэпщIэр — Iуэху зэхэщIыкI ин зыбгъэдэлъ, гъащIэм фIыуэ хэзыщIыкI усакIуэ, тхакIуэ къызэропсалъэращ...

## Рыбжэ

*ГъащIэр Iыхьэншэщ.*
*ЛIыгъэр уасэншэщ.*
*Псэр си уанэгущ.*
*Си махуэ къакIуэм*
*И шылъэ макъыр*
*НобэкIэ дэгущ.*
*Дыгъэ къысхуихьэм*
*Лъыр къытрипхъауэ-*
*Напэ уэгушщ.*
*Нобэ си лъэпкъым*
*Срикъуэ закъуэщ,*
*Сритхьэгъуишщ.*
*Сяпэ ищахэр*
*Ахърэт дзэ фIыцIэу*
*Си щIыб къыдэтщ.*
*Я нэщхъ зэхэлъым*
*Мэз зэщIэкIауэ*
*Ажалыр щIэтщ.*

*Сэ сыкъемылым,*
*Уэ укъемылым-*
*Напэр къелынщ.*
*Ди щIыб къыдэтхэр*
*Дэ ди кIуэдыкIэм*
*Нобэ къеплъынщ.*
*Рыбжэр ежьамэ*
*Псатхьэм уемыджэ,*
*Къомыгъэзэж.*
*Уяпэ ищахэр*
*Къызомыгъажьэу*
*ЯкIэщIыхьэж.*
*ЛIыгъэм и гъусэу*
*Уи цIэр жегъыIи*
*ГъащIэр ущэху.*
*Уэ уадыгэщ.*
*Уи адэр -дыгъэщ.*
*Уи ужьыр- нэхущ.*

## ЖэщырыкIуэ

*Шу фIыцIэр къыдохьэ*
*ди псыхъуэм,*
*И жьакIэр бэяукIэ иIащи*
*МафIэсым и нэгур*
*елыпцIыр.*
*Ардэщ ибгынахэр*
*къилъыхъуэу,*
*Инжыдж жэщырыкIуэу*
*ежьащи*
*Ирожэ теджэным и*
*тхыцIэм.*

*Мы жэщым гупсысэм*
*уемыджэ —*
*Ар Iусщ ди жьэгужьым*
*и бгъафэм,*
*ШэрыпIу, еуорэр и махуэу.*
*Уи нитIым къеуасэ*
*хы ужьджэм*
*Сытрехьэ уи нэкIум*
*я тафэм*
*Хыуейм къихьыжа*
*псыхьэлъахуэу.*

## Пэж

*"Уделэм — цIыхухэм*
*Iущ уащIынущ", —*
*ХужиIэт дядэм, игу*
*еуам.*
*Сэ жесIэт: "ПыIэ*
*хуэгъэтIылъи,*
*КъыблэкI делагъэ*
*къозыщIам!"*

*Ди адэм сын*
*къыщхьэщыкIэжри,*
*Си "пэжым" натIэр*
*еуэжащ:*
*Делагъэм пыIэ*
*хуезгуэшэкIри,*
*Сэ щхьэпцIэ къарэу*
*сыкъэнащ.*

## Зэгуэрэм

*Зэгуэрэм, щIымахуэу, къэгъагъэмэ дыгъэр,*
*ЛIыжьыпсэу, щIалэгъуэм дунейр хуеплъэкIыжмэ,*
*Мэлыхъуэ чы пыIэу, пшагъуэхур щхьэрыгъыу,*
*Пщэдджыжьыр бжэн лъагъуэкIэ*
*бгыкIэм къехыжмэ,*
*Уи адэм и джанэ къэнар пхурадыкIыу,*
*И гугъэ шагъди емылыджым ушэсмэ,*
*Уи анэр жэщыкум уэр щхьэ къыхэщтыкIыу,*
*Бжьэхуцу, гупсысэ Iэрамэхэм хэсмэ,*
*Гъуэмылэу уиIар лъагъуэ ныкъуэм щыбухыу,*
*Хъуржыныр быунэщIыу, гущIагъым уиIэбэм,*
*Шу закъуэ къыпхуэзэм и къамэр кърихыу,*
*Сэро и сэхыдзэу хисэжмэ къухьэпIэм,*
*Уи усэу птхъыжар нартыхущхьэу бгъэлъалъэу,*
*Хьэрф зэрызыхэу, жылапцIэу хэпсэжмэ,*
*Уи псалъэ хэхэсыр зыжепIэм техьэлъэу,*
*Цыджан хьэхэбасэу зэгуэрэм ежьэжмэ -*
*Тхьэр уэ къопщIыхьащ.*

## Мырамысапхъэ

*Си мазэр нобэ*
*цыджан тхьэгъущ,*
*Лэгъуп Iубам*
*кIэрижьыхьауэ.*
*Си усэр нобэ псалъэ*
*хьэхущ,*
*Гухэлъ ланыстэм*
*къищыхьауэ.*
*Гупсысэхэр*
*сфIэхъуащи кIэщI*
*Сатыр гъаблэгур*
*схуригъэкъукъым.*
*ЩакIуэгъуэщ.*
*Бжьыхьэщ.*
*Дыгъужь жэщщ.*
*Си гум*
*уэр фIэкIи*
*къиущэкIукъым.*
*Ахъшэм даущым*
*зеIэтыж*
*Ихьэжу уафэм*
*жэщырыкIуэу.*
*И быныр*
*Бжьыхьэм*
*епIытIыж*
*Жыг щIагъ*
*абгъуэжьым*
*кIэщIэмыхуэу.*
*НэгъуэщI ищIэжкъым*
*мы дунейм*
*ЩыIауэ, псэууэ е*
*къэхъуну.*
*Мэзыш егъэвыр*
*уэздыгъейм.*
*Пшэ гуартэр*
*йолъэр*
*щIым и гъунэм.*
*АдрыщI мэз лъапэм*
*Тхьэхэр щIэсщ*
*Дэпыжьэм дзажэр*
*ирагъэууэ.*
*Мэрамысапхъэу*
*къосыр уэс.*
*ШкIэ кIасэу, гъэр*
*жэщ шхуэлым*
*хоуэ.*
*СыхьэщIэщ.*
*Си дунейри хьэхущ,*
*Зэгуэр жэщтеуэу*
*сепщIыхьауэ.*
*Си мазэри уи*
*дыжьын тхьэгъущ,*
*Гу сIубыжам*
*кIэрижьыхьауэ.*

*Арэш ипхъу кIасэу махуэхэр мэкIуасэр,*
*Гъэужьым хокIри уэсым хоувэж.*
*Акъужьым къихь щхьэц тхъугъэхэм*
*и уасэу*
*Си адэм хуэдэу, сэри соусэж.*
*Гъэ миным къыхэIукI шуудзэ макъыу*
*Адыгэ «Маржэ»-р жэщым къыхосыкI,*
*Си лъэпкъым хуитыныгъэр и*
*бэракъыу*
*И тхыдэмрэ езымрэ зэроукI.*
*КъыфIэхумэ мыжурэпэм, лыгъэм*
*хэпкIэу,*
*Къэхъуржмэ – лIэуэ, лъэпкъым*
*зыкъещIэж.*
*Зытет хэкущIым къупщхьэхэмкIэ*
*хэкIэу,*
*Джэлахэм я пIэ щIэблэр къоувэж.*
*Лъэпкъыпс IэмыщIэр псыдзэ*
*яфIэхъужу*
*КъибырыгъукIмэ, яхуэмыхъуу уэм,*
*Псэхэхым я шагъдийхэр дагъэуджу,*
*Уэркъыжь апщийхэм гъащIэр*
*ящI Iумпэм.*

## Хэкужь

*Абыхэм я сэшхуэдзэм садилъыну*
*Жэщ някъуэм си кIий макъым*
*сегъэуш,*
*Жырыдзэ гъадэм щтаблэу иудыну*
*Мы си щхьэр лъэпкъ гупсысэм и*
*тхьэгъушщ.*
*Си адэри яхэтщ а сэшхуэрыжэм,*
*Адэжьхэм задищIауэ гъусэ пэж,*
*И сэблэу, лъыпцIэрыжэр*
*къызыпыжым,*
*Къалэму щытыгъауи имыщIэж,*
*Биидзэм щхьэмыгъазэу ходзэкъыхьыр,*
*ЯукIыр хущIэмыхьэу щIалъхьэжын...*
*Уэ пщIэрэ, сэри сыкъэнэнщ а*
*пщIыхьым*
*Зэгуэрэм, сщыгъупщэжмэ сыушын.*
*Си адэми, адэжьми я шу гъусэу,*
*Псэхэхым сыдэуджу сежьэжынщ,*
*Уи тхыдэм хьэдзагъейкIэ сыхуэусэу,*
*Хэкужьу, къупщхьэ Iус сызыщIыжын.*

## Лашын

*СынэкIуэжмэ уэлбанэ*
*хъунущ*
*жыгхэм я щхьэр*
*зэриудэкIыу*
*къыхэщтыкIмэ си анэр*
*си цIэр*
*къыIэпыхурэ псыкъуийм*
*фIилъадэу*
*сынэкIуэжмэ аскъалэ*
*дыуэр*
*фIалъэ ижькIэ*
*джэдум дилъэнущ*
*лыншэ нэкIум ипхъа*
*и пащIэм*
*афэрымыр*
*ирилъэщIэхыу*
*щIылъэр зэлъэу*
*щомыцIыхужым*
*хьэцыбанэу хэкIэжу*
*гущIэм*
*зауэ губгъуэм*
*икIуадэ лъэпкъыр*
*мащэ хьэхукIэ*
*щыщIалъхьэж пIалъэм*
*сынэкIуэжмэ*
*си саур сэшхуэм*
*фIэсщыжынущ*
*«Лашыни»*
*пабжьэм*
*дыжьыныблэу*
*хэзутIыпщхьэнущ*
*си гупсысэр*
*хэмыхьэжыну*

## Пщыхьэщхьэ

*Тхьэхэм сеплъу сыщIэст кхъужьей щIагъым.*
*Си гупсысэр хэкIэжырт щIым.*
*ЦIыху гъуэгуанэ къэскIуам и кIыхьагъым*
*Тезэшыхьурэ гъащIэр дымт.*
*Си Iэгуфэхэр слъагъуурэ зэлъэт,*
*Кхъужьей тхьэмпэхэм псэр яущIт,*
*Гъатхэ дыгъэр уафэкIэм хуэщхьэлъэм,*
*И щхьэ гъуэжьыр нэзыпс щихущIт.*
*Мы дунейми зэгуэр сытетауэ,*
*Зы шэч гуэр хьэулейуэ схэтт.*
*ГукъэкIыжри, унэхьэ есауэ,*
*КъекIуэлIэжти, си деж щыгъуэлът.*
*Хуэмышынэу дунейм и инагъым,*
*ХъумпIэцIэджыр хэплъызэт псым...*
*Тхьэхэм сеплъу сыщIэст кхъужьей щIагъым.*
*Си гупсысэр хэкIэжу щIым.*

## Ахърэт бзу

*КъоувыIэр сигури, зэм йожьэж,*
*Йожьэж – къоувыIэ.*
*Гъэмахуэм хуабэ имыIэж,*
*щIымахуэм – щIыIэ.*
*ЦIыхугъэр ящэу здащэхуж дуней*
*гъейрэтыр*
*ЩIодэIури, гъыбзэу еусыж пхуэстха*
*уэрэдыр.*
*Къоушри щIылъэр, мэжеиж.*
*Мэжей-къоушыр.*
*Зэблахыр махуэм щыгъуэщIыж,*
*гупсысэм – жэщыр.*
*КъуэкIыпIэр дыгъэм егъэбий зэримыпэсу,*
*Уэлбанэу, гуауэм хуоулъий уи*
*кхъащхьэдэсэр.*

*Сыт уасэу иIэр къэзгъэщIам?*
*Сыт уасэу иIэр?*
*Си псалъэ,*
*бжьэуэ къыпхуэпщIар,*
*ихьыжмэ щIыIэм;*
*ЩIымахуэ дыгъэм идия*
*сызыщIэпщэжым;*
*Си фэеплъ матэ пхуезхьэжьам*
*Гупсысэ щIэжым.*
*Шыугъэу жьыбгъэм къегъэзэж*
*Дыжьын уэзджынэу.*
*Сабийуэ дыгъэр йотIысхьэж*
*уафэку хъыринэм.*
*Дунейм щетIагъэ джанэ хужь,*
*зэм – джанэ фIыцIэр.*
*Гъэмахуэ бзууэ йогъуэщыхь*
*мы си гум уи цIэр.*

*ЩIымахуэ щыхъур – зыри*
*щымыхъужырщ:*
*Лъэужьыр къанэу, гъуэгур*
*щыкIуэдыжщ;*
*Гъатхэпсу къежьэу, уи гум*
*щыбгъэщтыжыр*
*Уи нитIым мылу щызэгуэудыжщ.*
*ЩIымахуэ щыхъур – зыри*
*щымыхъужырщ:*
*Къеплъыхыр кIуэду, уэ ущыдэплъейщ;*
*Хьэрф зэпыщIэу уи сатырэ*
*птхыжыр*
*Лъэужьу, дыгъужь хужьым*
*къыщибзейщ.*
*ЩIымахуэ щыхъур – зыри*
*щымыхъужырщ:*
*Уи джэшу ядзыр мывэу щыщэщэжщ;*
*Уи бжьыхьэ усэу, гъатхэм*
*хуэбусыжым*
*Уи гур ишхыжу, псэм щыхуэнэпсейщ.*

## Хъугъэ

*ЩIымахуэ щыхъур – зыри*
*щымыхъужырщ:*
*Уи шурылъэсыр щащIыжарщ*
*кIэн джэгу;*
*Уи къамэм лъымэ гуащIэр IэщIэхужу,*
*Къайгъэншэ щIакхъуэ хужьым*
*щиудзэгущ.*
*ЩIымахуэ щыхъур – зыри*
*щымыхъужырщ:*
*Уанэшыр уи пхъэIэщэм щыщIэпщIарщ;*
*Хьэзырхэр бгъэ къабзийуэ зыхэпчыжу,*
*Уи бгъэгум цIуугъэнэ щиплъхьэжарщ.*
*ЛIэныгъэр – лIыгъэм зыкIи*
*памыщIыжу,*
*ПIэхуабэрылъу жьыгъэм щынэсам -*
*Сыт уэ щIымахуэр, жыIэт,*
*зэрыпщIынур-*
*Уи псалъэр хъууэ, бжьыхьэм пыхужам?..*

## ЩIышылэ

*Уэсым уэсыр и ужьщ.*
*Жэщым жэщыр и*
*плъапIэщ.*
*Си гупсысэри хужьщ,*
*зэпыщэщу зы щабэщ.*
*Жэщ кIыфIыгъэ*
*къехам хэгъуэщэнкIэ*
*шынауэ,*
*Уэсым уэсыр и ужь къох*
*я лъагъуэ хашауэ.*
*Къолъэлъэхри*
*мэгъуэлъыр щIышылэ*
*хьэжыгъэу...*
*Дапщэм я гур ягъэсрэ*
*ныщхьэбэ уэздыгъэу?*
*Тэрэзэм тралъхьауэ*
*я гъащIэ IыхьитIыр,*
*Дапщэм гъэхэм*
*пашэчрэ закъуагъэм*
*и нитIыр?*

*Хэт абы яупщIар*
*щIытехьамкIэ*
*щыхупIэм?*
*ЩIэгъуэлъыжым жэщ*
*къэскIэ гупсысэр я*
*гупэу?*
*Кърy закъуэу я*
*уафэм къина*
*гукъэкIыжыр*
*Кърагъэлу закъуагъэм,*
*езым щIаукIыжым?..*
*Уэ абы хэпщIыкIынт уи*
*гъэмахуэм ухэплъу?—*
*ГъащIэ ныбэ бгъэфIам*
*уегугъужрэ Iэ дэплъэу,*
*Уи дзэдэнэ дэпхыжым*
*ебгъэщхьу,*
*я гупсэм*
*УдэтIыхьу щебгъэзкIэ:*
*"Къэгъуэт гъащIэ гъусэ".*

*Сабий усэхэр*

## Дэжэду

*КIущэ, КIущэ,*
*КIущэ бзаджэ,*
*Джэдуунэ,*
*Унэрыс,*
*Цыс нэIуцэ,*
*ПащIэтIей,*
*Щхьэнтэм тесу*
*согъэжей.*

*Лъабэ щабэ,*
*ЩабэрыкIуэ,*
*КIущэнауэ*
*Щхьэнтэрыс,*
*Шатэр ешхри,*
*Лыри ешхри,*
*И пырхъ макъым*
*дегъэсыс.*

## Мыщэ

*Мыщэ, мыщэ бэлацэжь,*
*Мыщэ, мыщэ*
*гъумытIэжь,*
*Хэт и матэ*
*къэпхъунщIар?*
*Хэт зи фо*
*зыфIэпшхыжар?*
*Уи лъэужьым*
*бжьэр ищIауэ*
*Дэнэ ужэрэ губжьауэ?*
*Фо матэжьыр*
*щыбгъэджалэм*

*ПщIакъэ бжьэхэр*
*зэрыбзаджэр?*
*Мис иджы угужьеящ,*
*Пхъэгулъейм*
*удэпщеящ,*
*Ауэ бжьэхэм уаукIыпэ*
*Хъуакъым ари*
*зыгъэпщкIупIэ,*
*Жэи псым*
*зыщIэгъэмбрыуэ,*
*Бжьэхэм псыр*
*ялъагъукъым фIыуэ.*

## Топ цIыкIу

*Топ цIыкIу, джэгурей,*
*Укъоух, удоуей,*
*КъыбопкIыхь,*
*ущIопхъуэж,*
*КъакIуи лъабэмкIэ*
*къэкIуэж.*

*Сэ уи джабэм сынеуэнщ,*
*Псыхьэлыгъуэм*
*упрысхунщ,*
*Зэ сыноуэм, тIоу*
*сыноуэм –*
*ЦIапIу джэгурей сыхъунщ.*

## Хьэ цIыкIу

*Сэ хьэ цIыкIу къысхуащэхунущ,*
*Згъашхэурэ инышхуэ хъунущ,*
*Хьэуэ хъуар игъэшынэнущ,*
*Къысщыхьахэм едзэкъэнущ.*

## Адакъэ

*Ди адакъэр зэрэ Iуащ!*
*Ди адакъэр тIорэ Iуащ!*
*Ди адакъэр щэрэ щыIуэм,*
*Дыгъэ жейр*
*къигъэушащ!*

*Ди адакъэр плIэрэ Iуащ!*
*Ди адакъэр тхуэрэ Iуащ!*
*Ди адакъэр хэрэ щыIуэм,*
*Дыгъэр губжьри*
*къыкъуэкIащ!*

*Ди адакъэр блэрэ Iуащ!*
*Ди адакъэр йерэ Iуащ!*
*Ди адакъэр*
*бгъуэрэ щыIуэм,*
*Нанэ «Хъер, Алыхь»*
*жиIащ.*

## Дыщэрыдэ

*ЦIу, цIу,*
*ЦIуугъэнэ,*
*Мастэм икIыу,*
*Iэпэм дэнэ,*
*Дыщэрыших,*
*Лъагъуэрыд,*
*Рыдэ и къуэ,*
*Къуэ зыщIыж,*
*Еуэ ижьым,*
*И сэмэгум,*
*Уафэ джабэм,*
*ЩIыкъатиблым,*
*Дэшей, ешэх,*
*Iуданиблыр зэблэх,*
*Блэ и лъагъуэу,*
*Данэ благъуэу,*
*ЗызышэщIу,*
*Iуфэ хэшу,*
*Нанэ и IэкIэ зэблэшу,*
*Дыщэрыдэу,*
*Рыдэ нэхуу,*
*Пщэкъеижьу,*

*ЗызэфIишу,*
*Гъуэжьырышэр*
*ЩэкIым пхишу,*
*Сабиигъуэм сыхишэжу,*
*ЩIымахуэпэу,*
*УаещIэжу,*
*Жыгхэр хадэм*
*кIэкуэкуэжу,*
*Уэсым лъагъуэ*
*схухэшыж,*
*ГъащIэ гъуджэм -*
*Ди щхьэгъубжэм*
*НакIуи зэ*
*сыдэгъэплъыж:*
*Мес ди жьэгур,*
*МафIэ бзэгур,*
*Жэщ анэгур,*
*Нэху псэгъадэр,*
*Машхэ дадэ,*
*Нанэ мадэр,*
*Сэри хъыбарыжь*
*соIуатэр.*

**НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар**
**АБИДОКЪУЭ Люсанэщ**

# Ди бзэр хэутэн дывмыгъэщI!



КъЧР

**Гъатхэпэм (мартым) и 14-м – адыгэбзэм и Махуэм ирихьэлIэу, дыIущIащ Черкесск къалэм дэт зи № 8 курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэкIэ и егъэджакIуэ Мырзей Светланэ.**

Светланэ псэемыблэжу, и лэжьыгъэм и гур хэлъу илъэс 24-рэ хъуауэ адыгэбзэр ярегъащIэ лъэпкъыр зыщыгугъ щIэблэм, бзэм фIылъагъуныгъэ хуаIэу къегъэтэдж.

Езанэ классым къыщыщIэдзауэ епщыкIузанэм хэсхэри Светланэ бзэм хурегъаджэ. Дерсыр щригъэкIуэкIкIэ, егъэджакIуэр хущIокъу гъэсэныгъэ дахэ сабийхэм яхилъхьэным, еджакIуэм и гурыщIэхэр, гупсысэр адыгэбзэкIэ къиIуэтэфу игъэсэным.

ЕгъэджакIуэм насыпыфIэу зелъытэж. АтIэ, абы адыгэ сабийхэм я жьэрыIуатэбзэм зрегъэужь, анэдэлъхубзэм, адыгэ гупсысэкIэм ахэр пэгъунэгъуу къегъэтэдж.

Адыгэбзэм и Махуэм и щIыхькIэ егъэджакIуэм упщIэ нэхъыщхьэу еттар къалэм деж лъэпкъыбзэр езыгъэджхэм яIэ гукъеуэхэмрэ я лэжьыгъэм хэлъ лъэпощхьэпохэмрэ теухуауэ щытащ.

— Зэман жыжьэхэм къыщыщIэдзауэ цIыху цIэрыIуэ куэд тетхыхьащ адыгэхэм. Абыхэм яфIэгъэщIэгъуэнт, яфIэдахэт ди фащэри, ди къафэри, ди хабзэри, ди бзэри. Ди тхыдэр бейщ, куущ. Ауэ абы хэткъым адыгэхэр сыт хуэдэу лъэщу щымытами, нэгъуэщI лъэпкъым езыхэр теуэу, езауэу щытауэ. Ари и нэщэнэщ яIэу щыта дуней еплъыкIэм, гупсысэ лъагэм.

Нобэр къыздэсым ди лъэпкъым хузэфIэкIащ зэман жыжьэхэм, зауэ-банэхэм къыпхахыу бзэр ихъумэну. Ауэ нобэрей щытыкIэм срогузавэ. Къэрал унафэ щхьэхуэм ипкъ иткIэ, щхьэж и бзэр иджыжын хуейуэ щагъэувым, адыгэбзэр Iумпэм зыщIа куэд къахэкIащ, – жеIэ Светланэ.

ЕгъэджакIуэм къызэрилъытэмкIэ, сабийхэм бзэр яфIэзыгъэкIуэдыр адэ-анэхэращ. Светланэ жеIэ анэдэлъхубзэр зымыщIэ сабийхэр куэд зэрыхъуар. ИкIи абы къыхэкIкIэ анэдэлъхубзэ дерсхэр хьэлъэу къащохъу сабийхэми, абыхэм я адэ-анэхэми.

— «Бзэ Iей щыIэкъым, бзэр Iейуэ зыщIэ мыхъумэ» псалъэжьым къыдэкIуэу, куэдым ди адыгэ псалъэ дахэхэр, купщIафIэхэр Iэщыб ящI. Къалэм щеджэ сабийхэм яхэтщ адыгэбзэм нэхърэ инджылызыбзэм гулъытэ нэхъыбэ хуэзыщIхэр. «Адыгэбзэм нэхърэ урысыбзэр бджыныр нэхъ тынш» жызыIэхэри къахокI. Апхуэдэ псалъэхэм икъукIэ сагъэпIейтей. Апхуэдэ гупсысэ зыбгъэдэлъ адэ-анэхэм ягу къэзгъэкIыжыну сыхуейщ усакIуэ гъуэзэджэ КIыщокъуэ Алим и сатырхэр: «Адыгэбзэр зэзмыгъащIэу, урысыбзэр сщIэн слъэкIакъым».

Урыс псалъалъэ цIэрыIуэр зэхэзылъхьа Даль жиIащ: «ЦIыхум и анэдэлъхубзэр зэрыгупсысэ бзэращ». ХамэбзэкIэ угупсысэ щыхъукIэ, уи бзэм ущелъэпэуэжкIэ – лъэпкъым ущыщыжкъым, – къыхегъэщ егъэджакIуэм.

Светланэ зэреплъымкIэ, къалэм дэс сабийм адыгэбзэр ищIэнымкIэ жэуаплыгъэр куэду зыхьыр адэ-анэращ.

— Адэ-анэм я быным я бзэр Iурамылъхьэмэ, абы къокI я быныр адыгэ лъэпкъым хатхыкIыжауэ. Унагъуэм къыщемыжьэ, абы щызэрамыхьэ бзэр анэдэлъхубзэ зэи хъукъым. Япэм дытхьэусыхэт «тхылъ диIэкъым» жытIэти. Иджы тхылъри тхурокъу, жьыми щIэми диIэщ, ауэ сабийхэр псалъэкъыми, аращ Iуэхур. Алыфбейри ядогъащIэ, икIи тхылъи йоджэ, ауэ упщIэ ястмэ, жэуап къатыжыфкъым. Анэдэлъхубзэр нэхъыбэм зэраджыр хамэбзэ инджылызыбзэм хуэдэущ, — жеIэ егъэджакIуэм.

Светланэ и жагъуэу къыхегъэщ, мы илъэсым курыт еджапIэм къыщIэтIысхьа адыгэ сабий 28-м щыщу, 20-р адыгэбзэкIэ зэрымыпсалъэр. Апхуэдэ классхэм деж Светланэ къыщегъэсэбэп аудированэ Iэмалыр. ЗэрыхъумкIэ, дерсхэр бзитIымкIи - урысыбзэрэ адыгэбзэрэкIэ йокIуэкI. Абы зэрыжиIэмкIэ, дерсхэм къекIуалэ сабийхэм псалъи 2-3 адыгэбзэкIэ зрагъэщIауэ я деж кIуэжмэ, егъэджакIуэхэр абыи щогуфIыкI.

КъинэмыщIауэ, сабийм и адэ-анэм ящыщ зыр нэгъуэщI лъэпкъым къыхэкIами, зыр адыгэмэ, дерсхэм къыщагъакIуэ щыIэщ.

— Апхуэдэм деж анэр щыщIэлъэIукIэ «хьэуэ» жытIэкъым, дапэрыуэкъым. Бзэр сабийм IурытлъхьэнымкIи тлъэкI къэдгъанэкъым, – жеIэ Светланэ.

Мырзейм къызэрыхигъэщымкIэ, адэ-анэхэми зэрыжаIэмкIэ, сабий IыгъыпIэр хуабжьу зэран мэхъу лъэпкъыбзэр ягъэщIэнымкIэ. АтIэ, адыгэбзэкIэ псалъэу сабийр садым кIуар пIалъэ докIри, урысыбзэкIэ фIэкI мыпсэлъэж мэхъу. Адыгэбзэр къыгурыIуэми, абыкIэ иримыпсалъэу къонэ.

Светланэ къыхегъэщ адэ-анэхэм я щIэгъэкъуэн егъэджакIуэхэр зэрыхуэныкъуэр.

— Ди бзэр хэутэн дывмыгъэщI! Адыгэбзэм и лъэр быдэу увыжу, и лъагапIэр игъуэтыжын папщIэ, анэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэхэри адэ-анэхэри мы Iуэхум псэемыблэжу телэжьэн хуейщ, – жеIэ егъэджакIуэм.

Догугъэ илъэс мин бжыгъэкIэ ди лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуа бзэр фэрыщIагъым къыхэкIыу, ямыгъэкIуэдыжыну.

**ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ.**

*Абхъаз-адыгэбзэхэм я гуащIэр, я дахагъэр хыболъагъуэ а бзэм хэлъ зы гъэщIэгъуэнагъым: гупсысэр кърипIуэтэну гъуэзэджэу, урипсэлъэну шэрыуэу, уригушыIэну гухэхъуэу, хъуэхъу ирипIэтыну хуэдэ зэрыщымыIэмкIэ.*

**ШИНКУБЭ Бэгърэт,**
**Абхъазым и цIыхубэ усакIуэ,**
**Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ.**
**1983 гъэ.**

# "ПIурылъу зы бзэ, узэдису зыщI..."

КъБР

Лъэпкъым и къэкIуэнур къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ абы и анэдэлъхубзэм хуищI пщIэм. Гулъытэ хэха зыхуамыщI, зыхуэмысакъ бзэр зезыхьэхэр хуэм-хуэмурэ зыщIашэ нэхъ лъэпкъ лъэрызехьэхэм, ауэрэ хошыпсыхьыж. Анэдэлъхуу Тхьэр къызэрытхуэупса ди адыгэбзэр хъума хъунымкIэ лэжьыгъэ купщIафIэ зэфIыдох Аруан районым и курыт еджапIэхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджхэм.

ЕгъэджакIуэм и зэфIэкIыр, псом япэрауэ, езыгъэлъагъужыр, и лэжьыгъэм и хъерыр къызэрилъытэр и предметымкIэ и гъэсэнхэм яIэ щIэныгъэращ. Дэ абыкIэ гушхуэныгъэ къытхэзылъхьэн ехъулIэныгъэхэр диIэщ. Ди районым и гъэсэнхэм дапщэщи хэтщ адыгэбзэмкIэ республикэм щекIуэкI олимпиадэхэм. Къэхъуркъым абыхэм увыпIэфIхэр къыщыдмыхьу. Апхуэдэу ди егъэджакIуэхэри еджакIуэ цIыкIухэри жыджэру хэтщ икIи зэфIэкI лъагэхэр щагъэлъагъуэ илъэс 15-м щIигъуауэ ди щIыналъэм щекIуэкI «Си – бзэ, си псэ, си дуней» республикэ фестиваль-зэпеуэм. Ди еджакIуэхэр мызэ-мытIэу пэрыт щыхъуащ зэпеуэм и унэтIыныгъэхэм ящыщу «Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ», «Лъахэдж» жыхуиIэхэм япэ, ещанэ увыпIэхэр къыщахьащ. Фестивалым щызэпеуа курыт еджапIэхэмрэ гъэсапIэ IэнатIэхэмрэ уахэплъэмэ, абыи дызыгъэгушхуэ, дызыгъэгуфIэ Iуэхугъуэхэр щыдолъагъу. ЕджапIэхэм, гъэсапIэхэм я зэхьэзэхуэм ехъулIэныгъэ лъагэ къыщызыхьа IуэхущIапIэхэри ди мащIэкъым.

Адыгэбзэр езыгъэджхэр, ди ныбжьыщIэхэр ди гъусэу, жыджэру дыхэтщ куейми республикэми щекIуэкIа литературэ къеджэныгъэхэм, зэпеуэхэм, зэфIэкI хъарзыни къыдогъэлъагъуэ. Апхуэдэу дыхэлэжьыхьащ анэдэлъхубзэр къэIэтыжыным, адэкIи зегъэужьынымрэ ехьэлIауэ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и Министерствэм къызэригъэпэщ Iуэхугъуэхэм, ди щIыпIэми апхуэдэ зэхыхьэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къыщызыдогъэпэщ. Адыгэбзэр езыгъэджхэр иужьрейуэ дызыхэтахэм ящыщщ Адыгэхэм (шэрджэсхэм), Адыгэ фащэм я дунейпсо махуэхэр гъэлъэпIэным епха мазэ лэжьыгъэм. Ди егъэджакIуэхэми гъэсэнхэми зэфIэкI куэд ирахьэлIащ «Хабзэр Iэт, лъэпкъым къуэт!» къыхуеджэныгъэм щIэту Старэ Шэрэдж (Дохъушыкъуей) къуажэм дэт курыт еджапIэм щекIуэкIа районпсо зэпеуэр къызыхуэтыншэу екIуэкIыным. Къыхэзгъэщынщи, а зэхыхьэм жыджэ-ру хэтащ Аруан районым и егъэджэныгъэ IэнатIэм къы-зэщIиубыдэ курыт еджапIэ 20-м я лIыкIуэхэр. «Сэ сыадыгэщ, ар ину жызоIэ!» зи фIэщыгъэцIэ гъэлъэгъуэныгъэм купщIафIэу, лъэныкъуэ куэд къызэщIиубыдэу къызэгъэпэща хъуным районым и еджапIэхэр хуабжьу егугъуащ. Нэхъыщхьэжыpати, нэрылъагъут ныбжьыщIэхэр зэрыадыгэм зэрыригушхуэр, нэхъыжьхэри абыхэм хуабжьу ядэгуфIэрт, апхуэдэ щIэблэ лъэпкъым къызэрытщIэхъуэм я гур хигъахъуэу, я лъэр жан ищIу. «Уадыгэным къикIыр» Бемырзэ Мухьэдин и усэ шэрыуэмкIэ къызэхуэсахэр Iуэхум хашат ныбжьыщIэхэм.



*Адыгэу нобэ*
*ущытыныр гугъущ,*
*Адыгэу нобэ упсэуныр*
*хьэлъэщ.*
*Зэманыр жырри*
*зыгъэщащэ гухъущ,*
*— Абы екъутэр цIыхум*
*и щэн-хьэлыр.*
*... ЕщIыфыр япэ*
*къэсым хэутэн,*
*Лъэпкъыбзэу илъэс*
*минхэм я уэсятыр,*
*ПлъэмыкIыу бгъэшынэн*
*е бгъэукIытэн,*
*Адыгэ щIыхьыр*
*пфIыхаутэ ятIэм.*
*... Адыгэу нобэ*
*щытыныр гугъущ,*
*Ауэ сыт щыгъуэт*
*щыщытар ар тыншу,*
*Къэвгъуэтыт тхыдэм*
*зэ щищIыж ди гугъу,*
*Ди гъащIэр тхьауэ*
*дэ къэзэуатыншэу!*
*... АрщхьэкIэ,*
*хуэмызами сыт махуей,*
*Абы игъэпудакъым*
*зыкIи и щхьэр,*
*И Хэкур къигъэнэн*
*щыхъуами хуей,*
*Яхуэувакъым ар*
*лъэгуажьэмыщхьэу.*
*... ПIурылъу зы бзэ,*
*узэдису зыщI*
*Хьэлэлу къыщытепсэкIэ*
*зы дыгъэ*
*Адыгэу упсэуным*
*къикIыр зыщ —*
*Уадыгэну*
*къыпкъуэкIынырщ*
*лIыгъэ.*

Адыгэ тхыбзэм и Махуэм ирихьэлIэу Нарткъалэ щедгъэкIуэкIащ Адыгэ щэнхабзэм и фестиваль. *«Дызэкъуэтмэ, дылъэщщ!», «Сэ сыадыгэщ, ар ину жызоIэ!», «Си бзэ – си псэ, си дуней!», «Фарзщи адыгагъэм фемыIусэ, ар псэунщ, бэуэхукIэ зы адыгэ», «Утыку зэрихьэр лъапэщи, къызэрикIыжыр напэщ!», «ФифI фымыгъэпуд, фи Iей фымыгъэпщкIу», «Хабзэр лъэпкъым и набдзэщ»* хэкупсэ къыхуеджэныгъэхэр ди гъуазэу зэхэтшащ а гуфIэгъуэр. Абы хэтащ районым ит еджапIэхэм я лIыкIуэхэр. НыбжьыщIэхэм жаIащ хэкупсэ уэрэдхэр, къеджащ адыгэбзэм теухуа усэхэм, къэфащ, джэгуащ.

Фестивалым и утыку кърахьащ нэгъуэщI лэжьыгъэхэри. Артист цIыкIухэм ягъэуват адыгэ хабзэм щыгъуазэ ухуэзыщI теплъэгъуэхэр. Апхуэдэт, къапщтэмэ, Iэнэм щызекIуэ, бзылъхугъэм кIэлъызэрахьэ, щIопщакIуэ хабзэхэр къэгъэлъэгъуэныр. Сабийхэм дагъэлъэгъуа дэтхэнэ лэжьыгъэми нэрылъагъу пщащI ди районым и курыт еджапIэхэм хэкупсэ гъэсэныгъэ купщIафIэ зэрыщызэфIахыр. Лъэпкъым и щIыхьыр, и пщIэр зыIэт «Зэ уадыгэну сыт и уасэ!» уэрэдымкIэ зэхуэтщIыжащ ди фестивалыр. Абы и псалъэхэм гур хагъахъуэрт, илъэс мин куэд къэзыкIуа лъэпкъ уардэм узэрыщыщым папщIэ.

*Уи адэжьхэм я бзэм*
*урипсалъэу,*
*Я хъыбарыжь Iущхэр уи*
*пшыналъэу,*
*Хъуэхъум я нэхъыфIыр*
*зыхыуагъэхыу,*
*Ху махъсымэ фалъэр*
*зэIэпыпхыу,*
*Зэ адыгэну сыт и уасэ!*
*Уи къурш лъапэм*
*псынэпс къыщыкъуалъэр*
*Уи бын и быныжхэм*
*къыщIагъалъэу,*
*Уи Iэщ хъушэм хъупIэхэр*
*яуфэбгъуу,*
*Мо Iуащхьэмахуэшхуи*
*къыбдалъагъуу,*
*Зэ уадыгэну сыт и*
*уасэ!*
*Уи нэмыс, уи фащэ,*
*уи джэгукIэм*
*Уи щIэблэщIэ уардэр*
*щыгуфIыкIыу,*
*УщIэпсалъэр,*
*узэпсалъэр пщIэжу,*
*Уи Хэку лъапIэр*
*тыгъэкIэ бгъэпэжу,*
*Зэ уадыгэну*
*сыт и уасэ!*

Апхуэдэу купщIафIэу икIи гъэщIэгъуэну щыдоIэт Аруан районым лъэпкъпсо махуэшхуэхэр. Егъэджэныгъэм, гъэсэныгъэм, щIэблэр адыгэ хабзэм щIэпIыкIыным, анэдэлъхубзэм и къулеягъыр, къабзагъэр зыхащIэу къэгъэтэджыным пыщIа къалэнхэм дяпэкIи екIуу дыпэлъэщыну ди мурадщ.

Ди нэхъыжьыфIхэрирегушхуэ къытщIэхъуэ щIэблэмкIэ! Лъэпкъ узыншэу куэдрэ Тхьэм дыкъигъэгъуэгурыкIуэ!

**ХЪУЭСТ ФатIимэ,**
***Аруан районым адыгэбзэр щезыгъэджхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщI, егъэджакIуэ-методист.***

Адыгэхэм я бзэр дуней псом щынэхъ пасэрей дыдэхэм, гъэщIэгъуэныщэхэм, купщIафIэхэм ящыщ зыщ. Шэч хэмылъу, а зырауэ щытынкIэ мэхъу Азие Ипщэм щыIауэ кIуэдыжа бзэхэм я щэхухэр къэхутэнымкIэ «IункIыбзэIух» хъуфынури. Зэгуэр лъэщ дыдэу щыта бзэ зэлъэпкъэгъухэм я зы пыудахуэ абхъаз-адыгэхэм я бзэм къыпкърыкI къарум къуегъащIэ ахэр зыхэпсэукI дунейр зэхэзыщIыкIыфынур акъылкIэ даIуэ цIыхурауэ зэрыщытыр.

**МЕССАРОШ Лайош,**
**мэжэр щIэныгъэлI. 1839 гъэ.**

* * *

Кавказым, Къэбэрдейм джэгуакIуэ екIуэлIапIэншэхэм уащрихьэлIэу зэрыщытрэ куэд щIакъым. Мис абыхэм ящыщ зым и псалъэм и къарур здынэсыр къызэригъэлъэгъуар: «Сэ зы псалъэкIэ къэрабгъэр хахуэ, хэкум и хъумакIуэ сощIыж, дыгъум и хьэлыр зыхызогъанэ; си пащхьэ къиувэфынкъым цIыху бзаджэр, сэ цIыхугъэншагъэм, икIагъэм срабийщ».

**ГОРЬКИЙ Максим.**
**1933 гъэ.**

# Адыгабзэмрэ уахътэм къыздихьырэ упчIэхэмрэ

АР

1853-рэ илъэсым гъэтхапэм и 14-м араб графикэм тетэу апэ дэдэ адыгабзэм ибукварь Бэрсэй Умар къалэу Тифлис къыщыдигъэкIыгъагъ.Илъэси 150-м ехъу тешIагъэми, непэ а мафэр адыгабзэмрэ тхыбзэмрэ я Мафэ хъугъэу тырыгушхоу хэтэгъэунэфыкIы.

Непэ тиныдэлъфыбзэ къэрэлыгъабзэу щыт. Адыгабзэм фэлэжьагъэу ыкIи фэлажьэу шIэныгъэлэжь цIэрыIохэр тиIэх: КIэрэщэ Зэйнаб, Даур Хьазрэт, Шъаукъо Аскэр, Бырсыр Батырбый, Тхьаркъохъо Юныс, Гъыщ Нухь ыкIи нэмыкIыбэхэр.

Адыгабзэр кавказыбзэхэм ащыщ, ныбжьышхо иI. Абхъаз-адыгэ бзэ купым хэхьэ. Кавказыбзэхэм язэгъэшIэн чIыпIэшхо щеубыты. Адрэ бзэхэм яфонетикэ, ялексикэ, ягъэпсыкIэ япхыгъэу щыт, арышъ бзэхэр зэрагъапшэзэрэ зэрагъэшIэнымкIэ мэхьанэшхо иI. ИгъэпсыкIэ – шIыкIэ ашIогъэшIэгъонэу IэкIыб къэралхэм арыс шIэныгъэлэжь тимылъэпкъэгъу цIыф гъэсэгъэшхохэми адыгабзэр зэрагъашIэ, къылъэплъэх ыкIи рыгущыIэн алъэкIы. Ахэм зыцIэ къепIон плъэкIыщтхэр Францием щыщэу Жорж Дюмезиль, Германием - Моника Хелиг, Америкэм - Джулия.

Адыгэ бзэшIэныгъэр инэу ыпэкIэ лъыкIотагъэу щыт,хэхъоныгъэшхохэр ышIыгъэх. ТиIэх шIэныгъэлэжьхэри, бзэшIэныгъэр ыпэкIэ лъызгъэкIотэн зылъэкIыщт ныбжьыкIэхэри, амалхэри щыIэх, хэхъоныгъэ гъэнэфагъэхэри щыIэх, ау ащ емылъытыгъэу непэрэ зэманэу тызыхэтым упчIабэ къыздехьы, гумэкIыгъохэри къыдакIох. Адыгэ бзэшIэныгъэр зэрэгушхорэ КIэрэщэ Зэйнаб хигъэунэфыкIыгъагъ: «...Лъэпкъым ищыгъын зэблихъоуи мэхъу, идин зэблихъуни ылъэкIыщт, ихэку ыхъожьэу нэмыкI чIыпIэ кощэуи къыхэкIы, ау ыбзэ къыухъумэмэ, иорэдышъохэр щымыгъупшэмэ лъэпкъыр къызэтенэжьы. Ау уфэмысакъмэ, умыгъашIомэ, бзэр гъэретынчъэ мэхъу, зэшIокIэу иIэми къыщэкIэ".

Уахътэм къэуцу имыIэу нахьи нахь псынкIэу ыпэкIэ лъэкIуатэ. Ащ елъытыгъэуи щыIэныгъэм зэхъокIыныгъэу хэхъухьэрэр бэдэд. Илъэс зыбгъупшIкIэ узэкIэIэбэжьмэ, хэта зышIошъ хъущтыгъэр уиунэ уисэу дунэешхом узфэе къуапэм мобильнэ телефонкIэ угущыIэныр е компьютеркIэ узэрэлъэгъоу узэдэгущыIэныр, е интернетым ухэхьанышъ узыфэе информациер къыбгъотэныр? Ахэр зэкIэ тисабыйхэм зэуи къащымыхъоу непэ агъэIорышIэ.

Зы лъэныкъомкIэ материальнэ щыIэкIэшIоу тиIэ хъугъэм ущыгушIукIынэу щыт. ЩыIакIэр нахь IэшIэх хъугъэ. Наукэмрэ прогрессымрэ къытфахьыгъэр гугъуехь зыхэмылъ щыIакI, тхъэгъо щыIакI. Ау нэмыкI лъэныкъомкIэ моральнэ-этическэ нормэхэр бэрэ зыщаукъорэ,цIыфхэр нахь зэпэчыжьэ зыщыхъурэ уахът тызхэтыр.

Унэгъо ныбжьыкIэхэм анахьыбэр къалэм псэупIэкIэ макIох. Чылэм сабыеу дэсыр мэкIэ дэдэ хъугъэ. Илъэс 15 - 20-м къакIоцI а пчъагъэр фэдитIукIэ нахь макIэ хъугъэ. Къыдэнагъэхэри нахьыпэм фэдэу зэрэгъэджэгухэу ураммэ зэрэтетыщтыгъэхэм фэдэжьэп. Нахьыбэр яунэмэ къарымыкIэу компютер, планшет, телефон зыфэпIощтхэмкIэ мэджэгух. Анахь цIыкIухэр мультфильмэмэ акIэрысых.

Урысыбзэр къызгурымыIоу зымышIэу ахэтыр мэкIэ дэд. Илъэси 3 - 5 хъугъэхэм ор-сэрэу урысыбзэр агъэщэрыо. Ар дэгъу, сыда пIомэ сабыим ицIыкIугъом нахь псынкIэу бзитIу-щы нэмыIэмэ къемыхьылъэкIэу зэригъэшIэн зэрилъэкIыщтыр шIэныгъэлэжьхэм хагъэунэфыкIы. Ау ащ дихьыхыщэхэу къэмыуцужьышъухэр арых тызгъэгумэкIхэр. «Адэ адыгабзэмкIэ ушэтынхэр атыжьхэрэп, ЕГЭ-м хэтыхэп, зэрэгущыIэн тIэкIу ашIэмэ хъугъэба», - зыIохэр нахьыбэ мэхъу зэпытых. Ау а «зэрэгущыIэн тIэкIур» урысыбзэкIэ езгъэкIокIырэр нахьыб.

Илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьмэ еджапIэм иублэпIэ классхэм адыгабзэкIэ хьисапым фыраджэщтыгъэх. Джы непэ предметхэр зэкIэ урысыбзэ закIэх. ФГОС-м адыгабзэм изэгъэшIэн чIыпIэ мэкIэ дэд щиубытыгъэр. Гурыт классхэмрэ апшъэрэ классхэмрэ адыгабзэу яIэр нахь мэкIэжь. Адыгэ литературэм дэт текстхэр лексикэу кIалэмэ аIулъыр зэрэмакIэм къыхэкIэу гурыIогъуае къащэхъу, къяхьылъэкIы.

*(КIэухыр е 6-нэ напэм итщ).*

*(КIэухращ. ПэщIэдзэр е 1-нэ напэм итщ).*

**— <u>ДыхуэкIуэнщ бзэр ягъэджынымкIэ методикэм. Сыт абы нэхъыщхьэу хэлъыр?</u>**

— Япэрауэ, ебгъаджэ предметыр фIыуэ пцIыхумэ, методикэкIэ гугъу уехьынукъым. Псом хуэмыдэу мы зэманым. Ауэ методикэр ябгъэджын папщIэ, анэдэлъхубзэмкIэ, грамматикэмкIэ пэщIэдзэ классхэр зэреджэ тхылъхэм, ябыхэм ярыт материалхэм студентхэр фIыуэ щыгъуазэу щытын хуейщ.

Грамматикэр зэкIэлъыхьауэ – нэгъуэщIу жыпIэнумэ, «линейно-ступенчатэ» Iэмалым тету додж. КъыщIэдзапIэр абдежращ. МыдэкIэ щIэныгъэм зедгъэужьын, дгъэбыдэжын хуейуэ аращ.

Фи фIэщ фщIы, е 3-4 классым ит программэр, псалъэм и жыIэгъуэкIэ, щхьэ преффиксхэм я тхыкIэр, и кIэм нэс зымыцIыхуу къытхуэкIуэ къахокIкIэ.

Методикэр къэбгъэсэбэпыфынущ, уи акъылыр бгъэлажьэмэ. Псоми къежьапIэ яхуэхъур щIэныгъэ гъэтIылъыгъэу цIыхум бгъэдэлъращ, бзэр щызригъащIэм лъабжьэ хуэхъуаращ. СыщогуфIыкI нобэ япэ курсым хэс студентхэм. МыIейуэ бзэр ягъэшэрыуэ. АбыкIи фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ абыхэм ящыщ куэд езыгъэджа Шыбзыхъуэ Барэсбий. НэгъуэщI къуажэхэр къапщтэмэ, Хъумэрэныжь къикIыу къытхуэкIуэр мащIэ дыдэщ. Ауэ Малокурганнэ жылагъуэм щезыгъаджэ Хьэту Анетэ адыгэбзэмкIэ щIэныгъэфI еджакIуэхэм ябгъэделъхьэ.

**— <u>Практикэ лэжьыгъэр къыщызэвгъэпэщкIэ сыт хуэдэ лъэпощхьэпохэм фыпэщIэхуэрэ?</u>**

— Лъэпощхьэпо нэхъыщхьэр сабийхэм бзэр зэраIурымылъращ. Къызэрапщытэ дерсхэр ди студентхэм къалэм дежщ здатри, дерсыр езыгъэкIуэкI егъэджакIуэм бзитIкIи псэлъэн къыхудохуэ. АдыгэбзэкIэ жеIэ, итIанэ урысыбзэкIэ зэредзэкIыж. Ар хуабжьу хьэлъэщ сабийхэми, егъэджакIуэм дежкIи.

ИпэкIэ ди колледжым деж мыпхуэдэ Iэмал къэдгъэсэбэпу щытащ. Адыгэбзэм щыгъуазэ зыхуэзыщIхэм папщIэ факультатив хуащIти, итIанэ бзэр зыгъэшэрыуэхэм я программэм хэдгъэхьэжт. Солъытэ еджапIэм дежи апхуэдэ бгъэдыхьэкIэ щыIэн хуейуэ. Мыхъумэ, бзэр зыцIыхур зымыцIыхум докIуэд.

ЕтIуанэ гугъуехьыр тхылъ Iуэхуращ. Пэжщ, дызэрыщыгуфIыкIыну, пэщIэдзэ классхэм я тхылъхэр зэрагъэзэхуэжри къыдагъэкIыжащ. Ныкъусаныгъэ хэмылъу пхужыIэнукъым. Ауэ тхылъхэр Iейкъым. Лъэпощхьэпор — методическэ апаратхэр зэрыщIымыгъуращ.

Нэхъ зи щытыкIэ Iейр класс нэхъыжьхэр зэреджэ тхылъхэращ. Хым хуэдэщ – ухыхьэмэ укъыхэкIыжыфынукъым, тхылъым итым еджакIуэр дихьэхкъым. А тхылъхэр зыщIар пщIэ зыхуэсщI цIыхушхуэхэщ. Арами, ахэр бджынкIэ хьэлъэ дыдэщ. Ауэ, мыбдежым нэхъыщхьэр, щIэблэр зэредгъаджэ тхылъхэр ФГОС-м дэщIын зэрыхуейращ. Пэжыр жысIэнщи, мы зэманым адыгэбзэмкIэ пэщIэдзэ классхэр езыгъаджэхэм, класс нэхъыжьхэм я егъэджакIуэхэм фIыщIэ яхуэфащэщ.

**— <u>АтIэ, бзэр егъэджыным сыт хуэдэ лъэпощхьэпо нэхъыщхьэ хэплъагъуэрэ?</u>**

— Псом нэхъыщхьэр, бзэр джыным хухаха сыхьэт бжыгъэр мащIэ дыдэ зэрахъуращ. Къэбэрдей-Балъкъэрым деж хьэкум Iуэху ящIри, сыхьэт тхурытхур зэфIагъэувэжащ. Я насыпышхуэщ. Къару яIэщ, а IуэхумкIэ хэгъуэгу унафэщIхэм я дэIэпыкъуныгъэ ягъуэт.

СызэреплъымкIэ, классщIыб лэжьыгъэм Iейуэ зыдедгъэхьэхащ. Пэжщ, сабийм уэрэд жиIэни, къэфэни, хабзэхэр къигъэлъэгъуэфыни хуейщ. Ауэ щIэныгъэ нэс щамыгъуэткIэ, бзэр яхуэгъэшэрыуэнукъым, яIэщIэхунущ.

Дэ адыгэбзэр щедгъэджкIэ щIэныгъэ лъабжьэ етту, тегъэщIапIэ тщIыуэ, зэдгъапщэр урысыбзэрат. Ауэ а тегъэщIапIэ тщIын хуей урысыбзэри зымыцIыхухэр нэхъыбэжщ. Ар хуабжьу гухэщIщ. Абы къыхэкIкIэ, ди лэжьыгъэм деж ипэкIэ дыкIуатэкъым.

Урысыбзэм и пщIэр езудыхкъым. Ауэ нобэ урысыбзэмкIэ сыхьэт бжыгъэхэр къайлыжу, фIэщыгъэцIэ зэхуэмыдэхэр иратауэ, ирагъэдж. Лъэпкъыбзэхэм я Iуэхур нэхъри нэхъыкIэ ящI. «Оптимизацэ» фщIын хуейщ жаIэмэ, сыхьэт бжыгъэр зыкIэраудыр лъэпкъыбзэхэращ. Псалъэм папщIэ, къэпщытэжыныгъэ дерс зэратынум сыхьэтих хухахыу щытати, сыхьэтищыр кIэраудащ. Абы сигъэпIейтейуэ ди унафэщIхэм си еплъыкIэр щабгъэдэсхьэм, сыхьэти 4-р къытхуагъанэри, тIур къыдатыжакъым.

**— <u>АтIэ, бзэм и Iуэхур гужьеигъуэу, щытыкIэ хьэлъэм иту плъытэрэ?</u>**

— Ди бзэм и Iуэхур щытыкIэ хьэлъэм зэритыр хэткIи щэхукъым. Ауэ абы и къежьапIэ нэхъыщхьэу слъытэр къэралращ. Бзэм къэкIуэн имыIэу къагъанэ. Псалъэмэ, лъэпкъыбзэхэм заужьын папщIэ IуэхуфIхэр зэфIахыу жаIэ, ауэ псалъэм Iуэху щIагъуэ къыпэкIуэкъым. ЖысIэну сызыхуейр аращи, бзэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ имыIэу зиужьынукъым, и Iуэхур нэхъри екIэкIуэнущ мыхъумэ.

АдреймкIэ, си жагъуэ мэхъу адыгэбзэм и пщIэр дэр дэру зэредудыхыжыр. Щхьэихауэ жысIэнщи, ар кIэрыху-бжьэрыхухэм храгъэубыдэ. Сыт абы къизгъэкIыр? Псалъэм папщIэ, классыр есэпымкIэ къыкIэрыхурэ — адыгэбзэ дерсыр ящтэнущи, лъэщIагъэхьэжынущ. УрысыбзэмкIэ къыкIэрыхурэ – анэдэлъхубзэ дерсыр е физкультурэ сыхьэтыр къагъэсэбэпынущ. ЕгъэджакIуэм адыгэбзэм хуиIэ бгъэдыхьэкIэр еджакIуэм щилъагъукIэ, а дерсым пщIэ хуищIыжкъым. Нэхъ ди студент жьэнахуэ гуэрым жиIэу зэхэсхащ: «дэ адыгэбзэмкIэ апхуэдизрэ ди щхьэр ягъэузтэкъым» жэуэ. Абы къегъэлъагъуэ адыгэбзэ дерсым куэдым фэ зэрырамыплъыр.

Пэжщ, классщIыб лэжьыгъэр дэгъуэу къаIэтыжащ. Срогушхуэ, сыщогуфIыкIыпэ Хьэбэз районым щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм. Ауэ классщIыб лэжьыгъэ закъуэкIэ бзэр хъума хъунукъым.

**— <u>Сыт хуэдэ бгъэдыхьэкIэ хуаIэ ди лъэпкъэгъухэр здэпсэу республикэхэм деж анэдэлъхубзэр хъумэным?</u>**

— Сэ зэкъым къуэш республикэхэм деж щекIуэкI, бзэм епха лъэпощхьэпохэм, абы и зыужьыныгъэм теухуа конференцхэм, семинархэм сызэрыхэтар. Шэчыншэу, псалъэм папщIэ, Къэбэрдей - Балъкъэрым деж, бзэр нэхъ убгъуауэ щадж. ИщхьэкIэ зэрыщыжысIауэ, сыхьэт бжыгъэу бзэр джыным хуэфащэр абыхэм къыдахыжащ. Дэ апхуэдэ Iуэху ди хэгъуэгум деж щытхузэфIэкIкъым. Абыхэм я деж адыгэбзэ дерсым пщIэ зэрыхуащIыр нэрылъагъущ. Уеблэмэ, адыгэ зэхуэсым нэгъуэщI лъэпкъым къыхэкIа къеблэгъащ жэуэ, адыгэбзэкIэ мыпсэлъэн къагъэнэнукъым.

Тхылъ къыдэгъэкIынкIэ, бзэр хъумэнымкIэ лъэкIыныгъэфIхэр яIэщ. АбыкIи, хэгъуэгум и унафэщIхэм я дэIэпыкъуныгъэ ин бзэр зыгъэлажьэхэм ягъуэт. Лъэпкъыбзэм и Iуэхум къэрал IэнатIэшхуэхэм щытопсэлъыхь, абы епха лъэпощхьэпохэри икъукIэ ехъулIэныгъэ хэлъу зэфIахыф.

Ди деж, жагъуэ зэрыхъущи, игури и псэри етауэ лъэпкъ Iуэху зыщIэр мащIэ дыдэщ. ЗыщIэ закъуэтIакъуэми дэIэпыкъуныгъэ нэс ягъуэткъым, гъуэгу кърат-къым. НэгъуэщIу, сэ си щхьэкIэ зыкъэсщтэжынщи, лъэпкъым хуэсщIэфын хуейм и Iыхьэ пщIанэ хуэсщIакъым. Псалъэм папщIэ, гугъуехь хэмылъу методичкэ къыдэзгъэкIыфыну лъэкIыныгъэ сиIащ. Ахэр бзэм елэжьхэм къайлыжу яхурикъунут. Ауэ а лэжьыгъэр сщIакъым...

**— <u>АтIэ, ди къарукIэ сыт тщIэфынур бзэр дымыгъэкIуэдын папщIэ?</u>**

— Зыщ мыбдеж жысIэнур: фэрыщIыгъэ тхэмылъу лъэпкъым хуэгъэза сыт хуэдэ Iуэхури гу къабзэкIэ зедывгъыхьэ! ИтIанэщ ипэкIэ дыщыкIуэтэнур, ди лъэпкъыбзэми зыщиужьынур, ар щIэблэм нэгъэсауэ щигъэшэрыуэфынур.

# КIэрыху-бжьэрыхум храгъэубыдэ

КъЧР

**Епсэлъар**
**ЩОХЪУЖЬ Люсанэщ.**

КъЧР

# Дунейпсо утыкум фIыкIэ зыщигъэIуащ



Зи щIэныгъэр IэщIагъэ къыхихам хуэзунэтIу, зи гуащIэкIэ къэралым хуэлажьэ цIыхухэм ящыщщ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, УФ-м и Правительствэм и нэIэ щIэту лажьэ Москва дэт Финансовэ университетым и ректор Есчындар Мухьэдин.

Мухьэдин лъэпкъкIэ Къэрэшей-Черкесым щыщ Беслъэней къуажэм и зы къуэпсщ, Есчындар Абдурэхьмэн и къуэщ, 1951 гъэм щакIуэгъуэм (ноябрым) и 15-м къэхъуащ. ЩIалэм щIэныгъэм нэгъэсауэ зритри, къэралым и еджапIэшхуэ нэхъ цIэрыIуэхэм, аспирантурэхэм Iэзагъэ нэс зригъэгъуэтащ.

Апхуэдэу, 1976 гъэм къиухащ Москва дэт финанс институтым и кредит-экономикэ къудамэр, «экономист» щIэныгъэми хуеджащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм мы институт дыдэм и аспирантурэм и щIэныгъэм щыпещэ. 1981 гъэм къыщыщIэдзауэ, IэнатIэ зыбжанэ зэрихъуэкIащ: институтым и кафедрэм и ассистенту, финанс-экономикэ къудамэм и деканым и къуэдзэу, егъэджакIуэ нэхъыжьу, кадрхэмкIэ къудамэм и унафэщIу, «Факультет международных экономических отношений» къудамэм и декану игъэтIылъащ гуащIэ узыншэ.

АдэкIэ, Адеснкэ университетым (Йемен щыIэм) щылажьэ совет егъэджакIуэ гупым я унафэщIу щытщ, егъэджэныгъэ лэжьыгъэмкIэ проректор пажэщ, дунейпсо экономикэмрэ валютэ кредит зэхущытыкIэхэмрэкIэ кафедрэм и профессорщ. 2002-2006 гъэхэм Урысей Федерацэм и Правительствэм и нэIэ щIэту лажьэ финанс академием и проректор пажэщ, 2006 гъэм щыщIэдзауэ ар дыдэм и ректорщ. 2010 гъэм щыщIэдзауэ, Правительствэм и нэIэ щIэту лажьэ финанс университетым и ректорщ.

ИгуэщIа лэжьыгъэ Iыхьэм къыпэкIуэу, Мухьэдин къыхуагъэфэщащ фIыщIэ нагъыщэ куэд: «Почётный работник высшего профессионального образования Российской Федерации», «Заслуженный деятель науки Российской Федерации» цIэ лъапIэхэр, Урысейм и Президентым, Урысейм и Правительствэм «Лучший менеджер 2001 года», «Финансист года» саугъэтхэр зэрехьэ, «Орден Дружбы» нагъыщэр къыхуагъэфэщащ, Къалмыкъым, Ингушым, Къэрэшей-Черкесым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Бурятие, Адыгэ республикэхэм щIыхь зиIэ я щIэныгъэрылажьэщ.

Абы къыщымынэу, къудамэ куэдымкIэ фIыщIэ тхылъхэр, медалхэр кърахащ, хамэ къэрал куэдми зи цIэр фIыкIэ ягъэлъэпIа щIэныгъэрылажьэщ.

**БЕМЫРЗЭ Зураб**

---

**Лъэпкъ къэс иIэщ зэрыгушхуэ, и тхыдэр зыгъэбжьыфIэу къыхэнэ къуэ пажэхэр. Апхуэдэхэм ящыщщ лъэпкъ тхыдэм зи цIэр мыкIуэдыжыну къыхэна, лъэужь дахэ къэзыгъэна Хъупсырокъуэхэ зэадэ-зэкъуэу Хъызыррэ Назиррэ.**

# Лъэпкъым и къуэ пажэхэр

КъЧР



Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэр къэзыхута, зыджа, адыгэ лъэпкъым къыхэкIа тхакIуэ зэчиифIэ Хъупсырокъуэ Хъызыр Хьэжбэчыр и къуэр къыздалъхуа Къэрэшей-Черкесым, Ищхъэрэ Кавказым къыщымынэу, къэрал псоми щыцIэрыIуэщ. АтIэ, Хъупсырокъуэ Хъызырщ адыгэ филологием и лъэныкъуэгъазэщIэр — адыгэ литературэхэр зэгъусэу, зыуэ къэхутэным япэу иужь ихьар. Абы и лэжьыгъэхэм лъабжьэ хуэхъуащ адыгейхэм, къэбэрдейхэм, черкесхэм зы духовнэ щIэин зэраIэр. Зы этническэ лъэпкъыу зэрыщытыр къигъэлъэгъуащ. Псалъэм папщIэ, «Некоторые вопросы развития адыгских литератур», «Пути развития адыгских литератур» монографиехэм а лъэныкъуэгъазэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.

ЩIэныгъэлIым и иужьрей монографиер къыгуэпх мыхъуну епхащ авторым и педагогикэ лэжьыгъэм. АтIэ, урыс, хамэ къэрал литературэхэмкIэ кафедрэм и профессор Хъупсырокъуэм илъэс пщIы бжыгъэкIэ Къэрэшей-Чер-



кес къэрал университетым XIX лIыщIыгъуэм и урыс литературэмрэ теориемрэ щригъэджу лэжьащ. ЕгъэджакIуэм и лекцэхэр сыт щыгъуи гъэнщIат езым и къэхутэныгъэхэмкIэ, Кавказ хэгъуэгум Пушкин А., Лермонтов М., Толстой Л., Бестужев-Марлинский сымэ зэрыщыIам, XIX лIыщIыгъуэм кърихубыдэу адыгэ, урыс тхакIуэ-узэщIакIуэхэм яку дэлъа зэпыщIэныгъэм. Мы темэр хуабжьу купщIафIэ хъуащ Хъупсырокъуэм и щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм дежи. Абы щыхьэт тохъуэ тхылъ мини 5 хъууэ Москва къалэм къыщыдэкIа «Пушкин и Черкесия» жыхуиIэр. ЖыIэпхъэщ, усакIуэ телъыджэм и творчествэм триухуа мы тхылъыр авторым зэрыщыту зэригуэшар, библиотекэхэм, еджапIэхэм, щIэныгъэлIхэм, усакIуэм и творчествэр фIыуэ зылъагъухэм тыгъэ зэрахуищIар.

Хъызыр 1930 гъэм гъатхэпэм и 18-м Хьэбэз къуажэм къыщалъхуащ, мыбдежми курыт еджапIэр къыщиухащ. КъыкIэлъыкIуэу Черкесск къалэм дэт педагогическэ училищэм щеджащ, итIанэ Ставрополь къэрал пединститутым и филологие факультетыр диплом плъыжькIэ къызэринэкIащ. Абы къы-



кIэлъыкIуащ Москва къалэм дэт СССР-м щIэныгъэхэмкIэ и Академием епха, Горький М. и цIэр зезыхьэ Дунейпсо литературэмкIэ институтым деж аспирантурэмрэ докторантурэмрэ щеджэнри.

СССР-м щыпсэу лъэпкъхэм я литературэхэм я къэхутакIуэ цIэрыIуэ Ломаидзе Г. и унафэм щIэту, Хъызыр и кандидат диссертацэр зэрыпхигъэкIам къыщымынэу, Москва къалэм дэт, пщIэшхуэ зиIэ институтым и щIэныгъэрылажьэу къагъэнэжащ. ЩIэныгъэхэмкIэ Академием и ищхьэ институтым илъэситIкIэ щылэжьа нэужь, педагогическэ институтым Хъупсырокъуэм и гуащIэдэкI илъэс 20-м щIигъу щихьащ. Абы щылажьэкIэрэ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, «УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и Iуэхузехьэ» цIэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ.

ИужькIэ Хъупсырокъуэ Хъызыр къыхуагъэфэщащ егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм здыхагъахъуэ институтым бзэмрэ литературэмрэкIэ и кафедрэм и унафэщI IэнатIэр, иужьым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и унафэщI ящIащ.

ТхакIуэ и лъэныкъуэкIэ Хъупсырокъуэм зыкъыщызэкъуихар нэхъ кIасэущ. Арами, мыбдежми ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьащ. Рассказ, повесть пщIы бжыгъэ урысыбзэкIи, адыгэбзэкIи и Iэдакъэ къыщIэкIащ.

ТхакIуэм и хьэл-щэн нэхъыщхьэу хэлъын хуейр — зытепсэлъыхь зэманым и щытыкIэхэр пэжагъ хэлъу къэгъэлъэгъуэныр, икъукIэ нэгъэсауэ Хъупсырокъуэм и IэдакъэщIэкIхэм щызэпкърихащ.

ЦIыху насыпыфIэм иIэн хуейуэ къалъытэм хуэгъэзауэ, абы къыщIэхъуащ къэрал IуэхущIакIуэшхуэ хъуа щIалэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидатыцIэ къэзылъэща ипхъу Заремэ, Хъызыр игъэтIысащ пхъэщхьэмыщхьэ жыг хадэшхуэ, унэ телъыджэ ищIащ.

Хъызыр и къуэ Назир и гъащIэр абдж зэхэпщIыпщIэм хуэдэу, сыт хуэдэ лъэныкъуэри къищу щытащ. ЩыIэкъэ цIыху, зыгуэрым къыкIэрыхум хуэдэу псэууэ? Апхуэдэт Назир.

*(КIэухыр е 6-нэ напэм итщ)*

---

АР

КРАСНОДАР краимкIэ Адыгэ автоном хэкум хэхьэрэ Октябрьскэ районым ит къуаджэу Псэйтыку къыщыхъугъ. Мурат опсэуфэ икъоджэ гупсэ ыпсэ хэтIэгъагъ.

Краснодар политехническэ институтыр сэнэхьатэу «инженер-псэолъэшI» зыфиIорэмкIэ 1983-рэ илъэсым къыухыгъ.

Техническэ шIэныгъэхэмкIэ кандидат.



# Ахэджэго Мурат Казбек ыкъор

Участкэм имастерэу, ипрорабэу, ипащэу Кропоткин щылэжьагъ. 1996-рэ илъэсым АООТ ПМК-19-м игенеральнэ директорэу агъэнафэ. 1996-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу 2001-рэ илъэсым нэс Кропоткин икъэлэ Совет итхьамэтагъ.

Краснодар краим и Хэбзэгъэуцу ЗэIукIэ хадзынэу 1998-рэ илъэсым ишэкIогъу мазэ общественнэ объединениеу «Яблоко» ащ икандидатурэ къыгъэлъэгъогъагъ. ПэшIорыгъэшъ хэдзын Iофтхьабзэхэр зыщызэрахьэщтыгъэ лъэхъаным Президентэу Борис Ельциныр иIэнатIэ Iугъэкlыгъэным фэгъэхьыгъэу цIыфхэм яIэпэкIадзэхэм яугъоин игъэкIотыгъэу хэлэжьагъ. Хэдзынхэм ащытекIуагъэп. 1999-рэ илъэсым «Яблоко» икъутамэу Краснодар краим щыIэм итхьамэтагъ. 2001-рэ илъэсым партиеу «Яблоко» ифедеральнэ совет ибюро хадзыгъ.

2001-рэ илъэсым итыгъэгъэзэ мазэ Краснодар краим иадминистрацие иполномочнэ лIыкIоу краим и Хэбзэгъэуцу ЗэIукIэ щыIэнэу ыкIи краим иадминистрацие СМИ-м, печатым, телерадиовещанием яIофхэмкIэ, зэлъыIэсыкIэ амал жъугъэхэмкIэ идепартамент игенеральнэ директорэу агъэнэфагъ.

СМИ-м иIофхэмкIэ департаментым игенеральнэ директор IэнатIи къыфагъанэзэ, Краснодар краим иадминистацие ипащэ краим и Хэбзэгъэуцу ЗэIукIэ дэлэжьэгъэнымкIэ игуадзэу 2002-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 22-м агъэнэфагъ.

2003-рэ илъэсым ишышъхьэIу мазэ къыщегъэжьагъэу Краснодар краим иадминистрацие ипащэ IэкIоцI политикэм иIофыгъохэмкIэ игодзагъ. Краим иадминистрацие иIофышIэ анахь чанхэм ащыщыгъ, кадрэ Iофхэм, информационнэ политикэм афэгъэзэгъагъ, хэбзэухъумэкIо органхэм, СМИ-хэм Iоф зэрашIэрэм, хабзэр политическэ партиехэмрэ общественнэ организациехэмрэ зэрадэлажьэрэм гъунэ алъифыщтыгъ.

2004-рэ илъэсым игъэтхапэ М. Ахэджагор кадрэ реформэм кIэщакIо фэхъугъэхэм зэу ащыщыгъ. А реформэр зырагъажьэм краим иадминистрацие ипащэхэр зэкIэ яIэнатIэхэм аIуагъэкIыгъагъэх. Кадрэ потенциалэу щыIэм изэгъэшIэнкIэ комиссие зэхащэгъагъ. М. Ахэджагомрэ апэрэ вице-губернаторэу А. А. Ремезковымрэ а комиссием ипащэу агъэнэфэгъагъэх. Комиссием гъэцэкIэкIо хабзэм гъэпсыкIакIэу иIэщтыр къыхихи, аухэсыным пае краим и Хэбзэгъэуцу ЗэIукIэ ар рихьылIэгъагъ. Ащ диштэу вице-губернаторхэм япчъагъэ нахь макIэ ашIыгъ, ахэр 9 хъущтыгъэмэ, 7-м нэсэу япчъагъэ къырагъэIыхыгъ, гъэIорышIэпIэ, комитет, отдел 68-рэ хъущтыгъэмэ, 45-рэ ашIыжьыгъ. ГъэцэкIэкIо хабзэм гъэпсыкIэу иIэщтыр аухэсыгъ. Кадрэ реформэм илъэхъан администрацием ипащэхэм ащыщхэр зэблахъугъагъэх. Ахэджагом вице-губернатор IэнатIэр къызэрэфагъэнэжьыгъэм нэмыкIэу хэбзэухъумэкIо органхэм адэлэжьэгъэнымкIэ ыкIи кадрэ политикэмкIэ департаментым ипащэуи агъэнэфагъ.

2005-рэ илъэсым имэлылъфэгъу «Единэ Россием» икъутамэу Краснодар краим щыIэм иполитсовет исекретарь игуадзэу хадзыгъ.

ЫгъэцэкIэгъэ IэнэтIэ зэфэшъхьафхэм анэмыкIэу ар Краснодар краим административнэ реформэ щышIыгъэнымкIэ комиссием итхьаматэ игуадзэу щытыгъ. 2007-рэ илъэсым Къэралыгъо Думэм хэтыщтхэр хэдзыгъэнхэмкIэ ыкIи 2008-рэ илъэсым президент хэдзынхэм апэрэ вице-премьерэу Д. А. Медведевыр ащыхэдзыгъэнымкIэ «Единэ Россием» икрай штабхэм пэщэныгъэ адызэрихьагъ. 2010-рэ илъэсым цIыфхэм якIэтхыкIыжьын Урысыем щызэхэщэгъэнымкIэ Краснодар краим икомиссие итхьамэтагъ.

Пшызэ шъолъыр IофшIэнымкIэ и ЛIыхъужъыцIэ дунаим ехыжьыгъэу къыфагъэшъошагъ.

---

# Илъэхъан ицIыфышхуагъ

АР

*(КIэухращ. ПэщIэдзэр е 1-нэ напэм итщ)*

Мыщ фэдэ зэIукIэгъузэхахьэхэм анах шъхьапэ хъурэ зэрэщымыIэм бгъуитIум гу лъатэщтыгъ. Шапсыгъэ щыщ нахьыжъ губзыгъэхэм, лIы Iуш инхэм, лIыхъужъхэм, лъэпкъ гумэкIыр зэхэзышIэу Iоф зышIэрэ кIэлэегъаджэхэм, IэзакIохэм, IэпэIасэхэм ар нэIуасэ афэхъугъагъ. Аскэр иамал къызэрихьэу хэти джэуапэгъу фэхъущтыгъ, жъи, кIи ыгъэгушхощтыгъ. Я XX-рэ лIэшIэгъум ыкIэм ХьэдэгъалIэм охътабэ Шапсыгъэ щегъакIо, щызэхащэрэ Iофтхьтабзэхэм ахэлажьэ. Тыдэ щыIэ адыги ятарихъ лъапсэ ашIэным, нартхэр зилIэужыгъо лъэпкъыр агурыгъэIогъэным а зэкIэ фэлажьэщтыгъ.

Мы лъэныкъомкIэ гъэзагъэу ежь Аскэри зэрилъэкIэу а уахътэм (къызыдырегъаIэхэзэ) Iофышъо ешIэ. АщкIэ Шапсыгъэ щыриIэ ныбджэгъухэм лъэшэу яшIуагъэ къырагъэкIыгъ - Пшызэ шъолъыр изаслуженнэ журналистэу Хъущт Аслъан бай, зэлъашIэрэ кIэлэегъэджэ-этнографэу ЛIыф Хъалидэ. Ежь Аскэри ныбджэгъухэм афэзэфагъ, афэхьалэлыгъ.

ЛIыф Хъалидэ Къалэ ыкъор лIы еджэгъэ-гъэсэгъагъ, лIы дэгъугъ. Адыгэхэм якультурэ ышIэу ыкIи къыгъэгъунэу, зэлъашIэрэ этнографыгъ. Хъалидэ къуаджэу Тхьагъапшъэ щыщыгъ, дэсыгъ ыкIи щагъэтIылъыжьыгъ (1926-1998). Хэгъэгу зэошхом илъэхъан илъэс 17 мыхъугъэу дзэ къулыкъум ащи, апэрэ зэо плъыр инэу «Голубая линия» зыфиIоу Пшызэ щыкIуагъэм хэлэжьагъ. Тамань шъхьафит зышIыжьыгъэ тидзэхэм ахэтыгъ, зэо лъэхъаным дзэ училищым агъакIуи, лейтенантыцIэр иIэу дэгъоу къыухыгъ. Советскэ дзэ къулыкъум 1954-м нэс хэтыгъ. Зэо ужым Краснодар дэтыгъэ кIэлэегъэджэ институтыр къыухыгъ, урысыбзэмрэ литературэмрэкIэ ыкIи тарихъымкIэ Псышlопэ районым игурыт еджэпIэ зэфэшъхафхэм ыкIи къалэу Шъачэ ащыригъэджагъэх, ЛIыф Хъалидэ сыд Iоф фагъэзагъэми (заоми, нэмыкIыми), дэгъу дэдэу ыгъэцакIэщтыгъ. ЦIыф зафэу, хьалэлэу гъэпсыгъагъэ. ЦIыфышIугъ, цIыфхэр ыкIи природэр икIэсагъэх, ныбджэгъуныгъэм мэхьанэ ритыщтыгъ, тхэщтыгъ. Гъэзетхэу «Шапсугия», «Черноморская здравница» зыфиIохэрэм ытхыхэрэр къарыхьэщтыгъ. Ау ыкIуачIэ изэу, мурадыбэм зылъащэрэ ЛIыф Хъалидэ илъэс 72-м итэу идунай ыхъожьыгъ. ЗышIэщтыгъэхэм ар лъэшэу гу къеуагъ, ХьэдэгъалIэри ахэм ащыщыгъ.

Джащыгъум ХьэдэгъэлIэ Аскэррэ Хъущт Аслъанбыйрэ яшулъытэкIэ, яныбджэгъушIоу ЛIыф Хъалидэ ихудожественнэ тхыгъэхэр – повесть ыкIи рассказхэр зыдэт тхылъ зэдеIэжьхи, хэутыным фагъэхьазыри къыдагъэкIыгъ. «Прости меня, Родина» («ЕмыкIоу къысфэмылъэгъу, сихэку» адыгабзэкIэ зэреджагъэхэр), сурэтэу мы тхылъым дэтхэр зышIыгъэр Хьапыщт Айсэр ары. Шапсыгъэ Адыгэ Хасэм имылъку IэпыIэгъукIэ тхылъыр къыдагъэкIыгъ. Этнографэу, лъэпкъ фольклорым иугъоекIо инэу, Тхьагъапшъэ щыщ ЛIыф Хъалидэ Къалэ ыкъор къызыхъугъэр илъэс 75-рэ зэрэхъурэм ар фагъэшъошагъ. Тхылъым ижъырэ адыгэхэм ядунэететыкIагъэр, къэзыIотэрэ произведение зэфэшъхьафи 6 къыдэхьагъ, ахэр къаIуатэрэмкIи ягъэпсыкIэкIи куух, баих. ХьэдэгъалIэмрэ Хъущтымрэ яшIуагъэкIэ тхылъыр къыдигъэкIыгъ ежь авторыр зыщымыIэжь уж. Ауми адыгэ тарихъ лъапсэр зымыгъэкIодыщт тхылъэу къэнэжьы. ХьэдэгъэлIэ Аскэр ихьатыркIэ тхылъыр щыIэ хъугъэ. Ныбджэгъу шъыпкъэм епIожьын имыщыкIагъэу уилъэгъун ышIэн ыкIи зэшIуихын зэрилъэкIыщтым ар ищыс.

ХьэдэгъэлIэ Аскэр адыгэхэм ябгъэшIэжьынэу щымыт гъэсагъ, лъэхъаным ицIыфышху. СитхыгъэкIэ сэ анахь кIэзгъэтхъымэ сшIоигъуагъэр, тхэкIошхом, шIэныгъэлэжьышхом илIыгъэцIыфыгъэ зынэсыщтыгъэр - игъэпсыкIагъэр, игупшысэкIагъэр, ицIыфышIугъагъ ары. ЯлъапI ыкIи якIас ао илэгъу-ныбджэгъухэу, иIофшIэгъухэу, илъэс 60 Iэпэ-цыпэм зыхэтыгъэхэу АР-м гуманитар ушэтынэмкIэ институт иIофышIэхэм. СэгъэшIагъо творческэ кIочIэ ин Аскэр зэрэхэлъыгъэр, усэ-повестэу «Адыгэм ыпхъу» нахь ХьэдэгъалIэм ымытхыгъагъэми, икъущтыгъ. Ау Хэгъэгум, лъэпкъым, чIыгум, цIыфым, Адыгеим ичIыопс джэнэт ядахэ ыIоным, афэусэным Аскэр езэщыщтыгъэп, усэ тхылъыбэ къыдигъэкIыгъ. ШIэныгъэ хасэми лэжьыгъэшхо щыриI, цIыфыгъэ хабзэри зыкIи щыгъупшагъэп.

ИкIэсагъ Аскэр сабыйхэр, еджэкIо цIыкIухэр, ахэм бэ афитхыгъэр, дунаир мамырыным (заор ынэ зэрэкIэкIыгъэр мыгъуащэу) къыфаджэщтыгъ, чIыгур гъэбэжъулъэным кIэхъопсыщтыгъ. Ежь иуахътэ ымакъэ зэхихэу, илъэхъан зэхишIыкIэу ыкIи дыригъаштэу, ХьэдэгъэлIэ Аскэр шIур ылэжьыгъ, иилъэсхэр гъэшIэгъоных, баих, ышъхьэ закъо паеу щымытэу, лъэпкъым пае щыIагъ, Аскэр илъэхъан ицIыфышхуагъ.

**МАМЫРЫКЪО Нуриет**

---

**Тыншу щытакъым Джэду Iэниуар спортым зэрыхыхьа щIыкIэр. Езыр щалъхуа Псыгуэнсу къуажэм и адэ къуэш Анатолэ дригъэщIыхьа бэнакIуэ пэшым япэу щыкIуам и Iэр къутауэ къыщIэкIыжащ. Ирикъунут ар спортым гущыкI ирихуэпщIыну. АрщхьэкIэ ехъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьэфыр ерыщыращ.**

# Аслъэным хуагъадэ Джэду Iэниуар

КъБР

Япэ фэбжьым кърикъэкIуэтакъым Iэниуар икIи и хъуэпсапIэм лъагъуэ хухишащ. Лъэбакъуэ зырызурэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам ираджэным хуэкIуащ. Апхуэдэ дзыхь къезыгъэзахэри щIегъуэжакъым. 2010 гъэм щегъэжьауэ абы ди къэралми лъэпкъми я пщIэр иIэт зэпытурэ екIуэкIащ. А зэманым кърихубыдэу Джэдум Дунейпсо кубокыр зыIэригъэхьащ, тIэунейрэ Европэм и чемпион хъуащ, Европей джэгухэм щытекIуащ, дунейпсо чемпионатым жэз медалыр къыщихьащ, нэгъуэщI зэпеуэ куэдми щыпашащ.

Бразилием кIуэнухэр кIэухыу щызэхагъэкIа Урысей Федерацэм и чемпионатри Iэниуар къехъулIащ. БэнэкIэ хуитымкIэ килограмм 74-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм адыгэ щIалэм псори щытридзащ, Олимп джэгухэм жэз медалыр къыщызыхьа, дуней псом щэнейрэ и чемпион Царгуш Дениси яхэту.

ШыщхьэIум (августым) и 19-м и мэрем пщыхьэщхьэм адыгэ лIыхъужь цIэрыIуэхэм иджыри зы къахэхъуащ. Ар Джэду Iэниуарщ. Рио-де-Жанейрэ дыщэ медалыр къыщылъымысами, дуней псор абы и лIыгъэм итхьэкъуащ икIи щытхъу псалъэ куэд къилэжьащ.

Пасэу ирагъэкIуэкIа пхъэидзэм ипкъ иткIэ, Джэду Iэниуар пэщIэтын хуейт нэхъапэм къыхэзыгъэщIауэ щыта, 2012 гъэм Лондон щекIуэкIа Гъэмахуэ Олимп джэгухэм я чемпион, дуней псом щэнейрэ щытекIуа, Дунейпсо Кубокыр тIэунейрэ къэзыхьа Барроуз Джордан. США-м и бэнакIуэр мы спорт лIэужьыгъуэм щынэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр наIуэт икIи зыри темыкIуэфыну куэдым къащыхъурт. Джэду Iэниуаррэ абырэ я зэпэщIэтыныгъэм сыт хуэдэ зэхьэзэхуэми и кIэухыр игъэдэхэфынут. АрщхьэкIэ ахэр финалым и Iыхьэ плIанэм щызэхуэзат икIи тIум язым текIуэтын хуейт. Лъэныкъуэ езар Барроуз цIэрыIуэращ.

Финалым хуэзышэ гъуэгур Iэниуар хуабжьу къехьэлъэкIащ. Азербайджаным щыщ Гасанов ДжэбрэIил дунейм щынэхъ лъэщхэм ящымыщми, Барроуз хуабжьу иригъэзэша Джэдур хигъэзызыхьащ икIи фэбжь къридзащ.

Финалым къыщыпэщIэува Язданишариати Хьэсэн Ираным щыщт. БэнэкIэм а къэралым ижь-ижьыж лъандэрэ гулъытэ хэха щегъэт икIи абы япэ ирагъэщ спорт лIэужьыгъуэ щыIэкъым.

Джэду Iэниуар кIэух зэIущIэм къихьащ и хьэрхуэрэгъур псынщIэ-псынщIэу хигъэщIэн зэрыхуейр къыгурыIуэу, армыхъумэ и фэбжьхэм зыкърагъэщIэнут. 6:0-у япэ щищам зы шэчи къытрихьэжыртэкъым адыгэ щIалэр чемпион зэрыхъунум. АрщхьэкIэ и нэщIащэм къыщиуда лъыр яхуэмыгъэувыIэу зи щхьэри зи пщэри кърапхэкIауэ бэуапIэрэ гупсысапIэрэ зымыгъуэт Iэниуар и хьэрхуэрэгъум бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжыфащ икIи иужьу очко къызэрихьам япэ ирагъэщащ. Лъыпсыр къызыпыж ди лъахэгъум къы-



Iэрыхьар дыжьын медалращ, ауэ IэщIагъэлIхэми абы кIэлъыплъахэми къызэралъытамкIэ, ар дыщэ кудым нэхърэ нэхъ лъапIэщ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

---

# Топджэгум и лъагъуэхэш Iэпщэ Александр

КъБР

Адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ шыгъажэм, бэнэкIэм, бжы дзыным, шабзэ гъэуэным, нэгъуэщI спорт лIэужьыгъуэхэми хэмыхьэ, ауэ иужьрей илъэсищэм Дуней псом зи лъэр щызыгъэбыда топджэгум ди лъэпкъэгъухэм я деж зыщиужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ иIащ блэкIа лIыщIыгъуэм и 30 гъэхэм и кIэухым Къызбрун Езанэ (иджы ХьэтIохъущыкъуей) къуажэм къыщалъхуа Iэпщэ Александр. Ар къэралым щекIуэкI зэхьэзэхуэм хэтын папщIэ 1959 гъэм япэ дыдэу ди республикэм къыщызэрагъэпэща «Спартак» (Налшык) футбол командэм хагъэхьахэм ящыщщ.

Iэпщэ Александрщ зэи къэмыхъуауэ дэ тщыщу Совет Союзым и чемпион хъууэ 1964 гъэм «СССР-м спортымкIэ и мастер» цIэр къызыфIащар. Аращ Налшык и «Спартак»-м и пашэу щытар къыкIэлъыкIуэ 1965 гъэм япэ дыдэу ди командэр Урысей Федерацэм и чемпион щыхъуам.

Iэпщэ Александр къыхуихуащ Совет Союзым и футболист цIэрыIуэхэм я гъусэу джэгун. Абы и гъусэу Мэзкуу и «Динамо»-м и фащэр ящыгъыу джэгупIэ губгъуэм къихьэрт дуней псом пщIэшхуэ щызиIэ гъуащхьэтет Яшиныр, къэралым и командэ къыхэхам хэтхэу Соловьёвыр, Царёвыр, Кесаревыр, Чисденко сымэ. ИужькIэ ар гъусэ яхуэхъуащ куржы футболист гъуэзэджэхэу Месхи, Метревели, Сечинавэ, Баркая, Яманидзе, нэгъуэщIхэми. Сыт хуэдэ гуп хэхуами абы и пщIэр лъагэу, къызыхэкIа лъэпкъыр щымыгъупщэу ирихьэкIащ. Совет футболым и тхыдэм Iэпщэр къыхэнащ топыр IэкIэ нэхъ жыжьэ дыдэу къыдэзыдзыфу. Абы теухуа тхыгъэхэр куэду дунейм къытехьащ икIи топджэгу ныбжьыщIэхэр щагъэхьэзыр еджапIэхэм а Iэмалыр щрагъащIэ хъуащ, зэрагъасэ тхылъхэм иратхэри.

Футболым къыхэкIыжа иужькIэ Iэпщэ Александр Налшык и «Спартак» командэм и тренер нэхъыщхьэ хъуащ. АдэкIэ илъэс куэдкIэ сабийхэм ядэлэжьащ. А IэнатIэхэми ехъулIэныгъэфIхэр щиIащ икIи «Къэбэрдей-Балъкъэр Рес-



публикэм физическэ культурэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Iэпщэ Александр къызэрытхэмытыжрэ илъэс зыбжанэ дэкIами, абы и фэеплъ нэхур цIыхухэм ящыгъупщэкъым. Къыщалъхуа ХьэтIохъущыкъуей къуажэм я уэрамхэм ящыщ зым, къызэригъэпэща икIи зи унафэщIу щыта Налшык дэт, топджэгум щыхуагъасэ сабий-ныбжьыщIэ спорт еджапIэ хэхам абы и цIэр зэрахьэ, ягу къагъэкIыжу илъэс къэс зэхьэзэхуэ инхэр зэхаублэ.

**ХЬЭТАУ Ислъам**

## ПЯТНИЦА 11

**ПЕРВЫЙ**

5.00 Телеканал "Доброе утро".
9.00, 12.00, 15.00 Новости
9.20 Контрольная закупка.
9.50 "Жить здорово!" (12+)
10.55 Модный приговор
12.15 "Пусть говорят" (16+)
13.25 "Таблетка" (16+)
13.55 "Время покажет" (16+)
15.15 "Время покажет" (16+)
16.00 "Мужское / Женское" (16+)
17.00 "Жди меня".
18.00 Вечерние новости (с субтитрами)
18.45 "Человек и закон" с Алексеем Пимановым (16+)
19.50 "Поле чудес" (16+)
21.00 "Время"
21.30 "Голос. Дети"
23.20 "Вечерний Ургант" (16+)
0.00 Фильм Марка Франкетти. "Большой Вавилон"
1.45 Комедия Роберта Олтмена "Свадьба" (16+)
4.05 Модный приговор
5.05 Контрольная закупка

**РОССИЯ+КЧГТРК**

5.00 Утро России
08.07, 08.35, 11.35, 14.30, 17.30, 19.35 Вести КЧР
9.00, 11.00, 14.00, 17.00, 17.50, 20.00 Вести
9.15 Утро России
9.55 "О самом главном". Ток-шоу.
11.55 Т/с "ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ".
14.50 Вести. Дежурная часть
15.00 Т/с "ГЮЛЬЧАТАЙ". (12+)
18.45 «Давно не виделись»
21.00 Премьера. "Петросян-шоу".
23.00 Фильм "МЕТЕЛЬ". 2010 г.
2.50 "Заговор против женщин"

**НТВ**

5.00 Сериал "СУПРУГИ" (16+)
6.00 "Новое утро"
9.00 Сериал "ВОЗВРАЩЕНИЕ МУХТАРА" (16+)
10.00, 13.00, 16.00, 19.00 Сегодня
10.20 Премьера. Остросюжетный сериал "СВЕТ И ТЕНЬ МАЯКА" (16+)
12.00 Суд присяжных (16+)
13.20 Обзор. Чрезвычайное происшествие
14.00 "Место встречи"
15.00 Премьера. "Зеркало для героя"
16.20 Сериал "УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ" (16+)
18.00 "Говорим и показываем"
19.45 "ЧП. Расследование" (16+)
20.15 Премьера. Детектив "ПАСЕЧНИК" (16+)
22.10 Сериал "БОМБИЛА. ПРОДОЛЖЕНИЕ" (16+)
23.10 "Большинство"
0.20 "Пасечник. Послесловие" (16+)
1.20 "Место встречи" (16+)
2.20 Сериал "ОДИН ПРОТИВ ВСЕХ" (16+)

**КУЛЬТУРА**

6.30 "Евроньюс"
10.00 Новости культуры
10.20 Шедевры старого кино. "ЗАКОН ЖИЗНИ". Х/ф
12.15 Мировые сокровища. "Тонгариро. Священная гора"
12.30 "Александр Тихомиров. И внутрь души направлю взгляд".
13.10 "Правила жизни"
13.35 "Письма из провинции". Клин
14.05 "Острова". Вера Марецкая
15.00 Новости культуры
15.10 "Семейная комедия. Георгий Гачев и Светлана Семенова"
16.30 Билет в Большой
17.10 Мировые сокровища. "Порто - раздумья о строптивом городе" Д/ф
17.30 Коллекция Евгения Марголита. "МАЛЬЧИК И ДЕВОЧКА". Х/ф
18.50 Музыкальный фестиваль "Crescendo"
19.30 Новости культуры
19.45 Смехоностальгия
20.15 "Искатели". "Загадка исчезнувшей императрицы"
21.05 К 75-летию Андрея Смирнова. "ОСЕНЬ". Х/ф
22.35 "Под говор пьяных мужичков". Д/ф
23.30 Новости культуры
23.45 Худсовет
23.50 Портрет поколения. Премьера в России. "СПАСЕНИЕ". Х/ф

**ТНТ**

7.00 "Черепашки-ниндзя". "В лесу" (12+). М/с
7.25 "Холостяк". 3 сезон (16+)
9.00 "Дом-2. Lite" (16+)
10.30 "Школа ремонта" (12+)
11.30 "ГДЕ МОЯ ТАЧКА, ЧУВАК?" (12+). Комедия
13.15 "Комеди клаб. Лучшее" (16+)
14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00 "Комеди Клаб" (16+)
19.00, 19.30 "Комеди клаб. Лучшее"
20.00 "Импровизация" (16+)
21.00 "Комеди Клаб" (16+)
22.00 "БОРОДАЧ". "Глюки" (16+)
22.30 "БОРОДАЧ". "Рок на Волге" (16+)
23.00 "Дом-2. Город любви" (16+)
0.00 "Дом-2. После заката" (16+)
1.00 "Не спать!" (16+)
2.00 "ПОВОРОТ НЕ ТУДА-2: ТУПИК" (18+). Ужасы
3.55 "Даффи Дак: Охотники за чудовищами" (12+). М/ф
5.25 "ПРИГОРОД-2".

**МАТЧ-ТВ**

6.30 Обзор Лиги Европы
7.00 Новости
7.05 Все на Матч!
9.00 Новости
9.05 "Ты можешь больше!" Ежедневное шоу о здоровом образе жизни (16+)
10.05 Новости
10.10 Биатлон. Чемпионат мира. Индивидуальная гонка. Мужчины. Трансляция из Норвегии
12.00 Новости
12.05 Футбол. Лига Европы. 1/8 финала. "Атлетик" - "Валенсия".
14.05 Новости
14.10 "Континентальный вечер"
15.00 Документальный фильм "Павел Буре. Русская ракета"
16.00 "Биатлон. Live" (16+)
16.30 Новости
16.35 Все на Матч!
17.20 Биатлон. Чемпионат мира. Эстафета. Женщины. Прямая трансляция из Норвегии
19.25 Хоккей. КХЛ. 1/2 финала конференции "Запад". Прямая трансляция
22.10 "Дублер" (12+)
22.40 Баскетбол. Евролига. Мужчины. "Барселона" (Испания) - ЦСКА (Россия)
0.35 Все на Матч!
1.20 Лыжный спорт. Ски-тур "Канада-2016". Мужчины. 20 км. Свободный стиль
2.20 Лыжный спорт. Ски-тур "Канада 2016". Женщины. 10 км. Свободный стиль

## *Дохъуэхъу*

## Бемырзэ Зуретэ Аслъэн-Джэрий и пхъум

**илъэс 55-рэ зэрырикъумкIэ!**

*ГъащIэр къыпхуэгумащIэу,*
*Хъерыр уи унэ лъащIэу,*
*Уи быным я IэфIыр зыхэпщIэу,*
*Пхъурылъхухэр уи гу гъэфIэну,*
*Хъуэхъуу къыбжаIэр къыплъысу,*
*Тхьэхэр насыпкIэ пхуэусэу,*
*Тхьэм илъэсищэкIэ уигъэпсэу!*

**Бемырзэхэ, Уэкъыжьыкъуэхэ, Уэзрокъуэхэ.**

## Сывохъуэхъу бзылъхугъэхэм я МахуэмкIэ!

*унагъуэмрэ сабийхэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэ ягъэгъуэтынымкIэ «Надежда» реабилитацэ купсэм епха «Островок Надежды» къудамэм и унафэщI* ***АТАБИЕВЭ Марие Мухьэрбий и пхъум,*** *психолог* ***Урчыкъуэ Зулетэ,*** *гъэсакIуэхэу* ***Аслъэныкъуэ Сетланэ, Алёхинэ Еленэ, Крафин Оксанэ*** *сымэ.*

*Дэ, сабийхэм, гуапэу фыкъызэрытхущытыр, дызэрывгъэгушхуэр, ди сабиигъуэр зэрытхуэвгъэдахэр дэтхэнэми насыпу къывитыж! Узыншагъэ фиIэу, гукъыдэжымрэ дахагъэмрэ фыщымыщIэу фигъэпсэу!*

**ПщIэ къыфхуэзыщI БОТАШЕВ Рустам.**

*Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр*



**"Ашэмэз" ансамблым хэта пщащэхэр**

## СУББОТА 12

**ПЕРВЫЙ**

6.00, 10.00, 12.00, 15.00 Новости
6.10 Детектив "Предварительное расследование".
8.00 "Играй, гармонь любимая!".
8.45 "Смешарики. Новые приключения"
9.00 Умницы и умники (12+)
9.45 "Слово пастыря"
10.15 Смак (12+)
10.55 Премьера. "Владимир Гостюхин. "Она его за муки полюбила..." (12+)
12.15 "Идеальный ремонт"
13.15 "Теория заговора" (16+)
14.15 "ДОстояние РЕспублики: Александр Зацепин"
15.15 "ДОстояние РЕспублики: Александр Зацепин". Продолжение
16.25 Премьера. К 90-летию Александра Зацепина. "Мне уже не страшно..." (12+)
17.30 Чемпионат мира по биатлону. Эстафета. Мужчины.
19.15 Комедия "Любит не любит"
21.00 "Время"
21.20 "Сегодня вечером" (16+)
23.00 "Подмосковные вечера" (16+)
23.55 Премьера. "Версаль". Фильм
2.00 Фильм "Хоффа" (16+)
4.35 "Модный приговор"

**РОССИЯ+КЧГТРК**

4.30 Детектив "СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ". "Он где-то здесь"
6.15 "Сельское утро"
6.45 Диалоги о животных
8.00, 11.00, 14.00 Вести
***8.10 «Будем здоровы». Антибиотики: за и против***
***8.30 «Память сердца». Хор ветеранов войны и труда г. Черкесска***
9.15 Премьера. "Правила движения".
10.10 Премьера. "Личное. Анастасия Волочкова". (12+)
11.20 Людмила Курепова, Антон Макарский, Елена Захарова, Александр Пороховщиков и Александр Лазарев-мл. в фильме "КОГДА ЦВЕТЁТ СИРЕНЬ". 2010 г. (12+)
13.15 Олеся Грибок, Тимофей Каратаев и Пётр Кислов в фильме "ЖИЗНЬ РАССУДИТ". 2013 г. (12+)
14.30 Олеся Грибок, Тимофей Каратаев и Пётр Кислов в фильме "ЖИЗНЬ РАССУДИТ". Продолжение.
17.00 Премьера. "Один в один. Битва сезонов". (12+)
20.00 Вести в субботу
21.00 Сделано в России. Премьера. Фильм "СТАРШАЯ ЖЕНА" (12+)
1.00 Фильм "РАЙСКИЙ УГОЛОК".
3.00 Ночной сеанс. Т/с "МАРШ ТУРЕЦКОГО". (12+)
4.25 Комната смеха

**НТВ**

5.05 "Хорошо там, где мы есть!"
5.35 Сериал "УЧАСТКОВЫЙ" (16+)
7.25 Смотр (0+)
8.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00 Сегодня
8.15 "Жилищная лотерея Плюс"
8.45 "Готовим с Алексеем Зиминым"
9.20 Кулинарный поединок (0+)
10.20 Главная дорога (16+)
11.00 "Еда живая и мёртвая". Научно-популярный цикл Сергея Малозёмова (12+)
11.55 Квартирный вопрос (0+)
13.20 "Я худею" (16+)
14.20 "Поедем, поедим!" (0+)
15.10 Своя игра (0+)
16.20 Сериал "КОДЕКС ЧЕСТИ"
18.00 Следствие вели... (16+)
19.00 "Центральное телевидение"
20.00 "Новые русские сенсации"
21.00 Ты не поверишь! (16+)
22.00 Комедия "МУЖ ПО ВЫЗОВУ"
23.55 Сериал "УЧАСТКОВЫЙ" (16+)
1.50 Дикий мир (0+)
2.20 Сериал "ОДИН ПРОТИВ ВСЕХ"

**КУЛЬТУРА**

6.30 "Евроньюс"
10.00 Библейский сюжет
10.35 "МАЛЬЧИК И ДЕВОЧКА". Х/ф
11.50 Пряничный домик. "Звери и птицы"
12.20 "На этой неделе... 100 лет назад. Нефронтовые заметки"
12.45 Вспоминая Григория Горина. "Больше, чем любовь"
13.25 "ОВОД". Х/ф
16.40 Мировые сокровища. "Вальпараисо. Город-радуга". Д/ф
17.00 Новости культуры с Владиславом Флярковским
17.30 Вечер-посвящение Евгению Колобову
18.45 "Татьяна Лиознова. Дожить до светлой полосы". Д/ф
19.35 "ВОЛГА-ВОЛГА". Х/ф
21.15 "Больше, чем любовь". Игорь Ильинский и Татьяна Битрих-Еремеева
21.55 "Романтика романса". "Есть только миг... Вечер с композитором Александром Зацепиным"
22.50 "Белая студия". Пьер Ришар
23.30 Кино на все времена. "РЭЙ". Х/ф (16+)
1.55 "Искатели". "Сибирский НЛО-экспресс"
2.40 Мировые сокровища. "Фьорд Илулиссат. Там, где рождаются айсберги" Д/ф

**ТНТ**

7.00, 7.30 "Comedy Club. Exclusive"
8.00, 8.30 "ТНТ. MIX" (16+)
9.00, 9.30 "САШАТАНЯ"" (16+). Комедия
10.00 "Дом-2. Lite" (16+)
11.00 "Школа ремонта" (12+)
12.00 "Комеди клаб. Лучшее" (16+)
12.30 "Такое кино!" (16+)
13.00 "Comedy Woman" (16+)
14.00 "ОСТРОВ". "В Москву! В Москву!" (16+)
14.35 "ОСТРОВ". "Маячок" (16+)
15.05 "ОСТРОВ". "Ссора" (16+)
15.40 "ОСТРОВ". "Шторм" (16+)
16.15 "ОСТРОВ". "Кастинг" (16+)
16.50 Большое кино по субботам: "ЧУЖОЙ ПРОТИВ ХИЩНИКА" (12+). Фантастика
19.00, 19.30, 20.00 "Экстрасенсы ведут расследование"
21.30 "Холостяк"
23.00 "Дом-2. Город любви" (16+)
0.00 "Дом-2. После заката" (16+)
1.00 "Такое кино!" (16+)
1.30 "ПОВОРОТ НЕ ТУДА-3" (18+).
3.20 "ОСВОБОДИТЕ ВИЛЛИ" (12+).
5.30 "ПРИГОРОД-2". "Мяуапокалипсис" (16+). Комедия
6.00 "НИЖНИЙ ЭТАЖ-2" (12+).
6.30 "ВЫЖИТЬ С ДЖЕКОМ". "Это заставит вас попотеть" (16+). Комедия

**МАТЧ-ТВ**

6.30 "Вся правда про..." (12+)
7.00 Новости.
7.05 "Рожденные побеждать. Валерий Попенченко" (16+)
8.05 Новости.
8.10 "1+1" (16+)
8.55 Новости
9.00 Специальный репортаж "Победный лед" (12+)
9.30 Шорт-трек. Чемпионат мира
12.05 Новости
12.10 "Анатомия спорта с Эдуардом Безуглым" (16+)
12.40 "Дублер" (12+)
13.10 Новости
13.15 Все на Матч!
14.00 Хоккей. КХЛ. 1/2 финала конференции "Восток"
16.45 Росгосстрах Чемпионат России по футболу. "Спартак" (Москва) - "Амкар" (Пермь)
19.00 Новости.
19.05 Росгосстрах Чемпионат России по футболу. "Ростов" - ЦСКА
21.30 Новости.
21.35 Все на Матч!
22.25 "Культ тура" (16+)
22.55 Лыжный спорт. Ски-тур "Канада-2016". Гонка преследования. Женщины. 10 км
23.55 Лыжный спорт. Ски-тур "Канада-2016". Гонка преследования. Мужчины. 15 км
0.45 Все на Матч!

## ВОСКРЕСЕНЬЕ 13

**ПЕРВЫЙ**

Воскресенье, 13 марта.
5.35 Детектив "Барханов и его телохранитель" (12+)
6.00, 10.00, 12.00, 15.00 Новости
6.10 Детектив "Барханов и его телохранитель". Продолжение (12+)
8.10 "Армейский магазин" (16+)
8.45 "Смешарики. ПИН-код"
8.55 "Здоровье" (16+)
10.15 Премьера. "Открытие Китая".
10.50 "Непутевые заметки" с Дм. Крыловым (12+)
11.10 "Пока все дома"
12.20 Фазенда
12.55 "Гости по воскресеньям"
13.50 Премьера. "Ирина Алферова. "С тобой и без тебя..." (12+)
15.00 Чемпионат мира по биатлону. Масс-старт. Женщины
15.45 Премьера. "Черно-белое" (16+)
16.50 "Голос. Дети"
18.00 Вечерние новости (с субтитрами)
18.10 "Голос. Дети". Продолжение
18.50 "Клуб Веселых и Находчивых". Высшая лига (16+)
21.00 Воскресное "Время"
23.00 ПремьераФильм "Саранча"
1.00 Фильм "Он ушел в воскресенье" (16+)
2.50 Фильм "Скудда-у! Скудда-эй!"

**РОССИЯ+КЧГТРК**

Воскресенье, 13 марта
5.00 Детектив "СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ". "Он где-то здесь"
7.00 Мульт утро
7.30 "Сам себе режиссёр"
8.20 "Смехопанорама" Евгения Петросяна
8.50 Утренняя почта
9.30 "Сто к одному". Телеигра
***10.20 «Вести Карачаево-Черкесия. События недели»***
11.00, 14.00 Вести
11.10 Премьера. "Смеяться разрешается"
13.05 Фильм "БРАТСКИЕ УЗЫ". 2014 г.
14.00 Вести
14.20 Фильм "БРАТСКИЕ УЗЫ". Продолжение. (12+)
17.30 Премьера. "Танцы со звёздами". Сезон - 2016.
20.00 Вести недели.
22.00 "Воскресный вечер с Владимиром Соловьёвым". (12+)
0.30 "ПО ГОРЯЧИМ СЛЕДАМ".

**НТВ**

Воскресенье, 13 марта
5.05 Сериал "УЧАСТКОВЫЙ" (16+)
7.00 "Центральное телевидение"
8.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00 Сегодня
8.15 Лотерея "Русское лото плюс" (0+)
8.50 Их нравы (0+)
9.25 Едим дома (0+)
10.20 "Первая передача" (16+)
11.00 "Чудо техники" (12+)
11.55 "Дачный ответ" (0+)
13.20 "НашПотребНадзор". Не дай себя обмануть! (16+)
14.20 "Поедем, поедим!" (0+)
15.10 Своя игра (0+)
16.20 Фильм "Я ШАГАЮ ПО МОСКВЕ" (12+)
18.00 Следствие вели... (16+)
19.00 "Акценты недели"
20.00 Фильм "КРИМИНАЛЬНОЕ НАСЛЕДСТВО" (16+)
23.55 Сериал "УЧАСТКОВЫЙ" (16+)
1.40 "Наш космос" (16+)
2.40 Дикий мир (0+)
3.10 Остросюжетный сериал "ОДИН ПРОТИВ ВСЕХ" (16+)

**КУЛЬТУРА**

Воскресенье, 13 марта
6.30 "Евроньюс"
10.00 "Обыкновенный концерт с Эдуардом Эфировым"
10.35 К 90-летию со дня рождения Георгия Юматова. "НЕ ЗАБУДЬ... СТАНЦИЯ ЛУГОВАЯ". Х/ф
11.55 "Больше, чем любовь". Георгий Юматов и Муза Крепкогорская
12.35 "Россия, любовь моя!""Традиции и культура хантов"
13.05 "Дельфины - гепарды морских глубин". Документальный фильм (Испания)
13.55 Гении и злодеи. Иван Черский
14.25 "Что делать?" Программа В. Третьякова
15.10 К юбилею Ольги Яковлевой. "Тихим голосом". Документальный фильм
15.50 "ТАНЯ". Х/ф
17.45 Вспоминая Виталия Вульфа. "Линия жизни"
18.40 "Пешком..." Москва авангардная
19.10 "Начало прекрасной эпохи"
19.25 Двойной сеанс. "КРАЖА". Х/ф
21.30 "САМАЯ КРАСИВАЯ ЖЕНА". Х/ф
23.20 Мировые сокровища. "Бордо. Да здравствует буржуазия!" Д/ф
23.35 "НЕ ЗАБУДЬ... СТАНЦИЯ ЛУГОВАЯ". Х/ф
0.55 "Дельфины - гепарды морских глубин". Д/ф

**ТНТ**

Воскресенье, 13 марта
7.00 "Comedy Club. Exclusive"
7.30 "Comedy Club. Exclusive"
8.00 "ТНТ. MIX" (16+)
8.30 "ТНТ. MIX" (16+)
9.00 "САШАТАНЯ" (16+). Комедия
9.30 "САШАТАНЯ" (16+). Комедия
10.00 "Дом-2. Lite" (16+)
11.00 "Перезагрузка" (16+)
12.00 "Подставь, если сможешь" (16+)
13.00 "Импровизация" (16+)
14.00 "Комеди Клаб" (16+)
15.00 "ЧУЖОЙ ПРОТИВ ХИЩНИКА" (12+). Фантастика, боевик
17.00 Кино по воскресеньям: "ЧУЖИЕ ПРОТИВ ХИЩНИКА: РЕКВИЕМ" (16+). Фантастика
19.00, 19.30 "Комеди клаб. Лучшее" (16+)
20.00 "Где логика?" (16+)
21.00 "Однажды в России" (16+)
22.00 "Stand Up" (16+)
23.00 "Дом-2. Город любви" (16+)
0.00 "Дом-2. После заката" (16+)
1.00 Открытый показ: "ГРЯЗЬ" (Filth). (18+). Криминальная драма.
2.55 "ЗАТЕРЯННЫЕ В КОСМОСЕ" (Lost in Space). (16+). Фантастика, боевик
5.25 "ПРИГОРОД-2". "Бродячие собаки" (16+). Комедия
5.55 "СТРЕЛА-3". "Самоубийственные тенденции" (16+). Фантастический сериал

**МАТЧ-ТВ**

Воскресенье, 13 марта
6.30 "Март в истории спорта" (12+)
6.40 Д/ф "Спорт, спорт, спорт" [6+].
8.30 Новости
8.35 "Диалоги о рыбалке" (12+)
9.05 Шорт-трек. Чемпионат мира
12.00 Новости
12.10 Биатлон. Чемпионат мира. Эстафета. Мужчины
14.00 Новости
14.05 Все на Матч!
14.45 Баскетбол. Единая лига ВТБ. "Химки" - УНИКС (Казань)
16.50 Новости
17.00 Хоккей. КХЛ. 1/2 финала конференции "Запад"
19.20 Росгосстрах Чемпионат России по футболу. "Зенит" (Санкт-Петербург) - "Рубин" (Казань)
21.30 "После футбола с Георгием Черданцевым"
22.30 Биатлон. Чемпионат мира. Масс-старт. Мужчины
23.30 Все на Матч!
0.15 Горнолыжный спорт. Кубок мира. Супергигант. Мужчины
1.15 Х/ф "ЖРЕБИЙ" (18+)
3.00 Горнолыжный спорт. Кубок мира. Альпийская комбинация. Женщины


**ТРЕБУЮТСЯ**

* помощник руководителя,
* офисные сотрудники с опытом и без опыта.

Тел. 8-960-439-30-54

**ПРЕДЛАГАЮ РАБОТУ**

3-4 часа в день. Офис.

Тел. 8-963-170-87-87

Фестивалым къикIыу

# Лъэпкъ фащэм и щIыхькIэ

**«... Уэ адыгэпкъым ухуадами, зэры-Кавказу уахуэхъуащ» — мыпхуэдэ псалъэхэр ди лъэпкъым къыхэкIа тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ Мэшбащ!э Исхьэкъ зыхужиIар дуней псом яфIэтелъыджэу щызэIэпах хъуа адыгэ фащэращ.**

Иджыблагъэ адыгэ лъэпкъ фащэм и фестиваль, къапщтэмэ, зыхуэбгъадэ мыхъун зэхыхьэ гъэщIэгъуэн, Къэрэшей-Черкесым и къалащхьэм щекIуэкIащ.

Абы къекIуэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Черкес, Адыгэ республикэхэм цIыхубэ лъэпкъ IэпщIалъапщIагъым зыужьыныгъэ езыгъэгъуэт IэщIагъэрылажьэхэр, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа къэфакIуэ, уэрэджыIэ гупхэр.

Япэрауэ, жыIэпхъэщи, мы лъэпкъ щэнхабзэ фестивалыр къызэгъэпэщыным лъабжьэ хуэхъуащ «Гармонизация межнациональных отношений и этнокультурное развитие народов Карачаево-Черкесской Республики на 2014-2017 годы» программэр.

ЕтIуанэу, адыгэ фащэм теухуа фестивалыр къызэригъэпэщащ республикэм и Адыгэ щIалэгъуалэ Хасэм, Жу Тимур зи пашэм.

Ещанэу, фестивалыр зи мылъкукIэ къызэзыгъэпэщар Къэрэшей-Черкес Республикэм лъэпкъ Iуэхухэмк!э, цIыхубэ коммуникацэхэмрэ печатымрэкIэ и Министерствэращ. АтIэ, Министерствэм къызэригъэпэща программэмкIэ къыхагъэщар Адыгэ щIалэгъуалэ Хасэращ. ИкIи, щIалэгъуалэм и проектым къэрал мылъку хуаутIыпщри адыгэ фащэм теухуа лъэпкъ-щэнхабзэ фестивалыр зэхашащ.

Фестивалым и къызэгъэпэщакIуэм зэрагъэнэIуамкIэ, абы и мурад, къалэн нэхъыщхьэр адыгэ фащэр хъумэныр, абы и пщIэр къэIэтыжыныр, щIалэгъуалэр дегъэхьэхынращ.

Зэуэ жытIэнщи, мыпхуэдиз Iуэху къызэщIэзыубыда лъэпкъ зэхыхьэ куэд щIат ди хэгъуэгум зэрыщемыкIуэкIрэ. Къапщтэмэ, лъэпкъхэм ябгъэдэлъ щэнхабзэр хъумэн папщIэ, мыпхуэдэ фестивалхэр щIэхщIэхыу зэхэшэныр мыбдеж къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ.

Гу зылъытапхъэщи, фестивалыр Iыхьит!у гуэшауэ екIуэкIащ. Япэр — лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм, цIыхубэ IэпщIэлъапщIагъ зыбгъэдэлъхэм я IэрыкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэрат.

— Лъэпкъхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадекIуэкI цIыхубэ IэпщIэлъапщIагъым: дыщэидэ, дыжьыным елэжьыр, Iэщэ щIыныр, фащэ дыныр ди къуэш республикэхэм деж — Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгэ республикэм нэхъ щолэжь. Абыхэм щIалэгъуалэр, ди цIыхухэр щыдгъэгъуэзэн, дедгъэхьэхын мурадкIэ мы гъэлъэгъуэныгъэр, фестивалыр къызэдгъэпэщащ, — къыддэгуэшащ и гупсысэхэмкIэ Адыгэ щIалэгъуалэ Хасэм и тхьэмадэ Жу Тимур.

Адыгэ унагъуэм щызэрахьэу щыта, пхъэм къыхэщIыкIа гущэхэр, лъэпкъ IэмэпсымэхэР Мейкъуапэ къришри фестивалым щигъэлъэгъуащ IэпэIэсагъ ин зыбгъэдэлъ Гуэстокъуэ Руслан.

Дыщэм, дыжьыным, гъуаплъэм къыхэщIыкIа бзылъхугъэ бгырыпххэр, бгъэIулъхэр, тхьэкIумэрылъхэр, дыжьын дамыгъэхэмкIэ гъэдэха сэхэр фестивалым къришэлIащ Налшык къалэм щыщ Брай Ратмир.

— Хуэм-хуэмурэ, хэт и фIыщIэми, Тхьэм и шыкуркIэ, къоблэгъэж ди щэнхабзэр, ди адыгэ цIыхубэ IэщIагъэхэр къащтэж, дэри абы дрогушхуэ, дроин, тхузэфIэкI дощIэ, — жиIащ Брай Ратмир.

Дизайнер Iэзэ, «Кабардинкэ» къэфакIуэ гупым я щыгъынхэр къэзыгупсыс, яхуэзыд Хъурей Жаннэ и IэдакъэщIэкIхэм и дахагъыр утыкум кърахьащ Налшык къалэм къикIа адыгэ щауэхэмрэ пщащэхэмрэ. Ахэр фестивалым къекIуэлIащ лъэпкъ фащэхэмкIэ зэщыхуэпыкIауэ.

— Адыгэ фащэм нэхърэ нэхъ щыгъын екIу дунейм къагупсысауэ си фIэщ хъукъым. Хъулъхугъэм — лIыфэ къытрегъауэ, пщащэр — бзылъхугъэ гуакIуэ ещI. Гуапэ зэрыхъущи, иужьрей зэманым ди лъэпкъ фащэм иIа пщIэр къаIэтыж. ЩIалэгъуалэр нэхъ къэфэрей хъуащ. Псалъэм папщIэ, Къэбэрдейм къыщыунэхуащ къэфакIуэхэр IэпщIэлъапщIагъ ин хэлъу зыгъасэ, лъэпкъыпсэ зыхэлъ IэщIагъэрылажьэ гъэщIэгъуэнхэр. Абыхэм я фIыщIэкIэ адыгэ фащэри зэрахьэным хуэпабгъэу щIалэгъуалэр къотэдж. Фащэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр халъхьауи, пасэрейхэм зэрахьэу щытахэм хуэдэуи утыкум кърахьэ. Ауэ мыбдеж нэхъыщхьэр, фащэр къызэрыунэхужыр, ар ди утыку къызэрырахьэжращ. Апхуэдэ щытыкIэм дыщымыгуфIыкI хъунукъым, — жиIащ НакIэ Аслъэн.

Гъуаплъэм къыхэщIыкIа и IэдакъэщIэкIхэр утыкум щигъэлъэгъуащ Соснакъ Мухьэмэд. Илъэс зыбжанэ хъуащ мы щIалэр Щамым и Хьэлэб къалэм къиIэпхъукIыу Налшык къызэрыдэтIысхьэжрэ. Мухьэмэд зэлэжьыр адыгэ цIыхухъу, бзылъхугъэ фащэхэр зэрагъэдахэ хьэпшыпхэращ. Къапщтэмэ, узыфIэмыкIыжыну дахэщ, икIи гъэлъэгъуэныгъэм къекIуэлIахэм яфIэтелъыджэу зэпаплъыхьащ. Мухьэмэд зэрыжиIэмкIэ, и IэдакъэщIэкIхэр къегъэщI адыгэ тхыпхъэщIыпхъэхэм темыкIыу.

Гъэлъэгъуэныгъэм зи лэжьыгъэ телъыджэхэр утыку щизыхьахэм ящыщщ Хьэбэз дэт щэнхабзэмкIэ Унэм къыбгъэдэкIа, Шэрджэс Iэминатрэ Дзэгъэщтокъуэ Изабеллэрэ. Абыхэм дыщэидэкIэ ягъэщIэрэщIа я хьэпшып гъэщIэгъуэнхэм фестивалыр ягъэдэхащ.

Адыгэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуа щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр, цIыхубэ IэпщIэлъапщIагъыр зыгъэлъагъуэ хьэпшып куэд утыкум кърахьащ Даур Аслъэн и цIэр зезыхьэу Черкесск къалэм дэт, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэкIэ колледжым. НобэкIэ абдеж зыщызыгъасэ ныбжьыщIэ IэпэIэсэхэм я IэрыкIхэр: арджэнхэр, упщIэм къыхэщIыкIа щыгъынхэр, дыщэ, дыжьын IуданэкIэ IэпщIэлъапщIэу хэдыкIа Iупхъуэхэр, ятIагъуэм къыхэщIыкIа хьэпшыпхэр, адыгэм хъугъуэфIыгъуэу иIэр утыкум кърахьащ.

Мы фестивалым и къызэгъэпэщакIуэхэм зэрагъэнэIуамкIэ, ягъэлъэгъуа экспонатхэм я бжыгъэр 300-м щIигъут.

ЗэрыжытIауэ, лъэпкъ щэнхабзэ фестивалыр IыхьитIу гуэшауэ щытащ икIи етIуанэ Iыхьэм утыкум итар адыгэ щэнхабзэм и дахагъымрэ и лъагагъымрэ къэзыгъэлъэгъуа уэрэджыIэ цIэрыIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэщ.

Концертыр къызэIуихкIэрэ, псалъэ гуапэ абы къекIуэлIахэм яхужиIащ КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ Уэз Аслъэн.

— Мыпхуэдэ фестиваль гъэщIэгъуэн, Iуэхугъуэ дахэ зэхэзыша, ар къызэгъэпэщыным зи гуащIэ хэзылъхьахэм фIыщIэ ин фхузощI. Согугъэ, мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр егъэкIуэкIыныр хабзэ хъууэ, гъэ къэси къызэрагъэпэщыну. Нэхъыщхьэр, Къэрэшей-Черкесым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгэ республикэм щыщ адыгэ щIалэгъуалэр мыпхуэдэ щэнхабзэ IуэхуфIхэмкIэ нэхъыбэрэ зэхыхьэныр, лъэпкъым и щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ кууэ зыщагъэгъуэзэнращ, — жиIащ Уэз Аслъэн. ИкIи, фестивалым и къызэгъэпэщакIуэхэм адыгэ фащэм теухуа тхылъ телъыджэ тыгъэ яхуищIащ.

Иужьым, утыкур яIэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Кабардинкэ», Къэрэшей-Черкесым къафэмкIэ и театр къэфакIуэ гупхэм. Псом хуэмыдэу, Iэгуауэ иныр зэпымычу хуаIэтащ концерт программэ ин утыкум къизыхьа, дуней псом щыцIэрыIуэ, Адыгэ Республикэм щыщ «Ислъэмей» уэрэджыIэ-къэфакIуэ гупым.

Фестивалыр къызэгъэпэщыным зи гуащIэ, къару, мылъку хэзылъхьа дэтхэнэми фIыщIэ яхуищIу, лъэпкъ фащэм теухуа зэхыхьэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр къигъэлъагъуэу утыкум гуапэу къыщыпсэлъащ республикэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Аслъэнхэ Алий. Тхьэгъэпсэу яхужиIащ концерт телъыджэ утыкум къизыхьа «Ислъэмей»-м и артистхэм, къэфакIуэ гупхэм.

**ЩОХЪУЖЬ Люсанэ**















# Еджэныгъэм къърикIуар

***ЗыгъэпсэхупIэхэм деж цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхугъуэр нэхъыщхьэщ. Жыджэрагъым куэд елъытащ — цIыхур къегъэлыным нэхъ щIэх иужь уихьэмэ, абы и гъащIэри, и узыншагъэри нэхъ хъума хъунущ. Республикэм и унафэщIхэм, мы Iуэхугъуэр зи нэIэ щIэт къулыкъущIапIэхэм абы гулъытэ хуащI. Апхуэдэу, дыгъэгъазэм и 12-м Романтик жылагъуэм Къэрэшей-Черкесым мафIэсым пэщIэт къулыкъум, МВД-мрэ МЧС-мрэ я къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупхэм, республикэм туризмэмкIэ, курортхэмрэ щIалэгъуалэ политикэмрэкIэ и Министерствэм, Зеленчук районым и экстреннэ къулыкъум я лэжьакIуэхэм зэгъусэу егъэджэныгъэ ирагъэкIуэкIащ.***



«Къызэрагупсысам» тету, «Вертикаль» хьэщIэщым и ещанэ къатым тет зы пэшым мафIэс къыщыхъуащ. Апхуэдэ «хъыбарым» IуэхущIапIэм и администрацэм Архъыз жылагъуэм зи № 9 мафIэсгъэункIыфIкъегъэлакIуэ частым и диспетчерыр щигъэгъуэзащ. Дакъикъэ бжыгъэ нэхъ темыкIыу, мафIэс къыздэхъуа щIыпIэм къынэсащ Зеленчук мафIэсгъэункIыфI-къегъэлакIуэ гарнизоным, дэIэпыкъуэгъу псынщIэм, электросетымрэ щIыуэпс гъуэз къулыкъумрэ я лэжьакIуэхэр. Абыхэм зэгъусэу мафIэр ягъэункIыфIыжащ, пкIэлъейр къагъэсэбэпри, мафIэр къыздэхъуа пэшым къыщIэна цIыхур псынщIэу къыщIахри, медицинэм и лэжьакIуэхэм иратащ.

Егъэджэныгъэм и етIуанэ Iыхьэм къагъэсэбэпащ «Барс» къегъэлакIуэ гупыр. Абыхэм къагъэлъэгъуащ гъущIкIапсэ гъуэгур къэувыIэмэ, абы ис зыгъэпсэхуакIуэхэр къызэрырагъэлыным зэрыхуэхьэзырыр. ГъущIкIапсэ гъуэгур щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ къэувыIэнкIи мэхъу. Апхуэдэ къэхъункIэ мэхъу электрокъарур зэрыкIуэ кIапсэр щIыпIэ гуэрым деж щызэпычмэ е дунейм и къэхъукъащIэ зэхумыдэхэм къахэкIыу. Абы папщIэ, къегъэлакIуэхэр зэгурыIуэу, гъэхуауэ мы Iуэхум бгъэдыхьэн хуейщ. Апхуэдэщ егъэджэныгъэми къызэрыщагъэлъэгъуар. Абыхэм «косынки» Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпкIэрэ, цIыхухэр "кърагъэлащ", иужькIэ ахэр медицинэ пунктым яшэри, абдежми зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэ щагъуэтащ.

Ещанэ Iыхьэм хэтащ Урысейм и МЧС-м и Къэрэшей-Черкес къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупым и лэжьакIуэхэр. Абыхэм уэс куум къыхэна зыгъэпсэхуакIуэхэр лъэрыжэкIэ къыхашыжащ. Мыбдеж «къызэрагупсысамкIэ» уэсукхъуэм цIыхуитI щIиубыдащ. КъегъэлакIуэхэм кинологхэмрэ «зондирование» Iэмалымрэ къагъэсэбэпкIэрэ, ахэр къагъуэтри икIи "кърагъэлащ".

Еджэныгъэм хэта дэтхэнэми я мурадыр зыт — насыпыншагъэ къызылъыса цIыхур щIэх къэгъуэтауэ, къегъэлынрат.

ИужькIэ «Романтик» жылагъуэм и администрацэм деж зэIущIэ щрагъэкIуэкIащ. Абдеж комиссэм хэтхэм еджэныгъэм хэтахэм къагъэлъэгъуа лэжьыгъэр къапщытэжащ. КъинэмыщIауэ, ахэр тепсэлъыхьащ зыгъэпсэхупIэр бгы-лъэрыжэ пIалъэм зэрыхуэхьэзырым.

**Зыгъэхьэзырар ЕЗАУЭ Маринэщ**

***Хьэбэз районым хыхьэ Куэш-Хьэблэ къуажэм нобэ зэманым тегъэпсыхьа щэнхабзэмкIэ Унэ дахащэ къыдэувэнущ. Абы метр зэбгъузэнатIэ 2400-рэ иубыдынущ.***

# ЩэнхабзэмкIэ Унэ – Куэш-Хьэблэ къуажэм

Апхуэдэ унафэр къихьауэ щытащ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид икIи «Устойчивое развитие сельских территорий на 2014-2017 годы и на период до 2020 года» программэм IуэхущIапIэр хагъыхьат. Программэм ипкъ иту, ар ухуэным республикэ бюджетым ахъшэ къыхагъэкIынущ.

НобэкIэ къуажэм дэт, къатиплIу зэтет щэнхабзэмкIэ Унэжьыр зэрагъэзэхуэжын щIадзащ. Абы метр зэбгъузэнатIэ 36-рэ зыубыд IуэхущIапIэ къыпащIыхьыж. Абдеж котельнэщIэр щIэтынущ. Мыбдеж щIагъэувэнущ мы зэманым тегъэпсыхьа хьэкухэмрэ вентиляцэ зэращI оборудованэрэ.

ЩэнхабзэмкIэ Унэм и Iэхэлъахэри ягъэдэхэнущ. КъинэмыщIауэ, IуэхущIапIэм хэт, цIыху 400-м ятегъэпсыхьа пэшышхуэр, шэнтхэр, сценэр зэрагъэзэхуэжынущ. КъинэмыщIауэ, электромонтаж лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIынущ, лъэгухэр, бжэхэр зэрахъуэкIынущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, нобэкIэ Абазэ, Къэрэшей районхэм хиубыдэ Псыжь, Хъурзыгу къуажэхэм щэнхабзэмкIэ Унэхэр щаухуэ.

**Ди корр.**

# Дэфтэр нэхъыщхьэр

**Урысей Федерацэм и хабзэ нэхъыщхьэм—Конституцэм и Махуэм—дыгъэгъазэм (декабрым) и 12-м хабзэфI хъуауэ, республикэм и районхэм, къалэхэм щыпсэу, зи ныбжьыр нэса щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ ират Урысейм зэрыщыщым и щыхьэт дэфтэр нэхъыщхьэр — паспортыр.**

Дыгъэгъазэм и 12-м, Черкесск къалэм дэт курыт еджапIэхэм я еджакIуэ нэхъыфI 38-м хуагъэфэщащ паспортхэр. Iуэхугъуэр Черкесск къалэм щыпсэу щIалэгъуалэр хэкупсэ-лъэпкъыпсэу гъэсэнымкIэ Купсэм и музейм щекIуэкIащ. Урысейм и МВД-м и къудамэу Черкесск къалэм щыIэм и унафэщI Корниенко Владимир паспортхэр зейхэм яхуигъэфэща нэужь, гукъинэж псалъэхэмкIэ захуигъэзащ:

—Урысейм щыпсэу дэтхэнэ цIыхумкIи дэфтэр нэхъыщхьэр нобэ фхуэдгъэфэщауэ аращ. А къэхъукъащIэм фекIуэлIащ ехъулIэныгъэфIхэмкIэ. Абыхэм фыкъыщымыувыIэну, лъагапIэщIэхэм фынэсыну сывохъуэхъу! Урысей Федерацэм хуэфащэ цIыхуу фыщыт, — жиIащ унафэщIым.

НыбжьыщIэхэм ущие, хъуэхъу псалъэхэмкIэ зыхуагъэзащ Черкесск къалэ МВД-м, ОФМС-м я лэжьакIуэхэм, ветеранхэм я Советым хэтхэм, анэ-адэхэм, ныбжьэгъухэм.

ГуащIэдэкIым, зауэм и ветеранхэм я Советым и тхьэмадэ Бурулев Дмитрий ныбжьыщIэхэм захуигъазэкIэрэ, къыхигъэщащ къэралым и цIыхуу зэрыщытыр хэткIи зэрыгушхуапIэр, абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр, къэралым и хъумакIуэу щытыным къызэрыхуриджэр.

Паспортхэр зырата ныбжьыщIэхэм жаIащ а махуэр гукъинэж зэрахуэхъунур, Урысей къэрал уардэм и цIыхуу зэрыщытым гушхуэныгъэ къазэрыхилъхьэр.

Конституцэм и Махуэм Урысейм и цIыхуу зэрыщытым и щыхьэтлыкъ дэфтэрхэр дыгъэгъазэм и 12-м иратащ Адыгэ-Хьэблэ районым щыпсэу еджакIуэхэми. КъинэмыщIауэ, гукъинэж саугъэтхэри щIагъужащ абыхэм.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ**

Редактор нэхъыщхьэ
ТХЬЭГЪЭПСЭУХЭ Увжыкъуэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
Езауэ Маринэ, жэуап зыхь секретарь Абидокъуэ Люсанэ, отделхэм я редактору Бемырзэ Зураб, Туаршы Ирэ.

РЕДАКЦЭ СОВЕТЫМ ХЭТХЭР:
Шэрджэс Алий, КIыщмахуэ Мадинэ, Молэ Рэшид, Аслъэн Алий, Хъупсырокъуэ Алий.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъыныкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ.
ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ЧЕРКЕС ХЭКУ
КъЧР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газет
1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым)

Фщ!эн папщ!э

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.

Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы тезухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.

Ди хэщIапIэр





Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,
Черкесск къалэ,
КировкIэ зэджэ
утыку, № 23,
Печатым и Унэ,
е 3-нэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым - 26-36-27,
операторым-26-34-50,
бухгалтерием-26-36-29.

E - mail:
Cherkes-Haku@yandex.ru

Ди сайтыр:
www.cherkes-heku.ru

Газетыр щытрадзащ "Кавказская здравница" ОАО, Минеральные Воды къалэ, Октябрым и илъэс 50 уэрам, 67 унэ.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 20-04-13.

Индексыр 54044-щ.
КъыдэкI бжыгъэр 2948-щ.
Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ: редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЕЗАУЭ Маринэ, корректорхэу МУСЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня, оператор ГЪУЭЗДЖЭШ Залинэ.

"Доступная среда"

# Жылагъуэ гъащIэм — гугъуехь хэмылъу


Зи нэм имылъагъухэм я Урысейпсо жылагъуэ организацэу КъЧР-м щыIэм и тхьэмадэ Дубовик Сергей

***Никъуэдыкъуагъ зиIэ цIыхухэр къэралым и жылагъуэ гъащIэм щызу хэлэжьыхьыфу гъэпсын, апхуэдэхэр лъэпощхьэпоуншэу, гугъуехь пымылъу псэуфын папщIэ, «Доступная среда» Iэмалыр абыхэм яхуэгъэзауэ нэгъэсауэ къызэгъэпэщыным мыхьэнэшхуэ иIэщ.***

АтIэ, цIыху никъуэдыкъуэхэр гугъу емыхьу сыт хуэдэ IуэхущIапIэми екIуэлIэфыныр, сыт хуэдэ хъыбарри къаIэрыхьэфу, щIэныгъэ зрагъэгъуэтыфу я гъащIэр зэтегъэпсыхьыныр — социальнэ гъащIэм и фIагъым и лъабжьэщ.

Къэрэшей-Черкес Республикэм деж «Доступная среда» къэрал программэр щыгъэзэщIэным илъэс зыбжанэ хъуауэ хэгъуэгур купщIафIэу холэжьыхь. ЖыIэпхъэщи, лэжьыгъэфI гуэщIа хъуащ. АтIэ, кIуэ пэтми цIыху никъуэдыкъуэхэм ятегъэпсыхьауэ къызэрагъэпэщ социальнэ ухуэныгъэхэм я бжыгъэм хохъуэ.

Мы упщIэм хуэгъэзауэ КъЧР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIа зэIущIэм деж республикэм гуащIэдэкIымрэ социальнэ зыужьыныгъэмрэкIэ и Министерствэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, 2016 гъэм кърибыдэу къэрал программэм ахъшэу сом 27593,91-рэ трагъэкIуэдэну ябзыхуащ.

Лэжьыгъэ купщIафIэ йокIуэкI хэгъуэгум ит, цIыхухэр социальнэу хъумэным, абыхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэным, щэнхабзэм, физкультурэмрэ спортымрэ, транспорт инфраструктурэм епха ухуэныгъэ 50-м зэрынэхьэсым цIыху никъуэдыкъуэхэр лъэпощхьэпоуншэу екIуэлIэфыным тегъэпсыхьын папщIэ.

Урысейм и хабзэм къызэригъэувымкIэ, цIыху никъуэдыкъуэхэм яхуэгъэза «безбарьерная среда» Iэмалыр — ар къалэм е жылагъуэм деж дэт ухуэныгъэхэр пандус – къэIэтыпIэхэмкIэ, нэгъуэщIу, цIыху никъуэдыкъуэм сэбэп къыхуэхъуфын IэмалхэмкIэ къызэгъэпэщын закъуэракъым зэхьэлIар. АтIэ, нэхъыщхьэр, «социальнэ адаптацэ» жыхуиIэ лэжьыгъэм цIыху никъуэдыкъуэхэр къыхэшэнращ. Абы къокI апхуэдэ цIыхухэм яхузэфIэкI, я къарум къихь лэжьыгъэ ягъэзэщIэныр, щэнхабзэ, зыдихьэх IуэхугъуэмкIэ заужьыныр.

Лъэпощхьэпо хэмылъу цIыху никъуэдыкъуэхэм папщIэ «безбарьерная среда» щытыкIэр къызэбгъэпэщыныр хабзэ зыбжанэм утету бгъэзэщIэн хуейщ. Апхуэдэщ, цIыху никъуэдыкъуэр ухуэныгъэм тыншу екIуэлIэфыныр, здэкIуар шынагъуэншэу щытыныр. Апщыгъуэращ цIыху никъуэдыкъуэхэр жылагъуэ Iуэхухэм щыхэлэжьыхьыфынур, езыхэм ябгъэдэлъ зэчийми зыужьыныгъэ щигъуэтынур.

АтIэ, щIэтплъыкIынщ ди хэгъуэгум зи нэм щIагъуэ имылъагъу, зымылъагъуххэхэм папщIэ щыIэ республикэ библиотекэр «Доступная среда» программэмкIэ къызэрызэгъэпэщар.

Япэрауэ, библиотекэр къызэрагъэпэщауэ щытащ 1994 гъэм. Мыр зи нэм имылъагъухэм яхуэгъэза щэнхабзэ IуэхущIапIэщ. Мыбдеж еджэн Iуэхум пыщIащ, щIэныгъэ щызрагъэгъуэт, щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ зыщагъэпсэху, заужь цIыху никъуэдыкъуэхэм.

— ЖысIэнщи, илъэсищкIэ узэIэбэкIыжмэ, ди библиотекэр зыщIэтар зыкIи къытемыгъэпсыхьа хэщIапIэт. Мыбы дыкъэкуэшыжыныр зи фIыщIэр ди хэгъуэгум и Iэтащхьэращ. Библиотекэм тегъэпсыхьа хэщIапIэ диIэн зэрыхуейр ди лъэIум иту ди республикэм и Iэтащхьэм зыхуэдгъэзат. Темрезов Рэшид Iуэхум зыщигъэгъуазэри, мы унэм дыкъагъэкуэшыжащ, — къыддогуашэ зи нэм щIагъуэ имылъагъухэм, зымылъагъуххэхэм папщIэ щыIэ республикэ библиотекэм и библиограф нэхъыщхьэ Лобановэ Маринэ.

Библиотекэм иубыда щIыпIэр метр зэбгъузэнатIэ 180-рэ мэхъу. Абы и фондым хэлъщ щIэныгъэ зэхуэмыдэхэм яхьэлIа тифлоIэмэпсымэхэр: рельеф-точечнэ тхылъхэр, кассетэм тет, макъкIэ псалъэ тхылъхэр, дискхэр, флеш-картэхэр, плоско-печат къыдэкIыгъуэхэр, мащIэу зылъагъухэм папщIэ хьэрфышхуэкIэ тха тхылъхэр.

КъинэмыщIауэ, библиотекэм и лэжьакIуэхэр зи унэ щIэс цIыхухэм ядолэжьэф Интернет IэмалкIэ. Зэджэну зыщIэхъуэпс тхыгъэхэр ИнтернеткIэ зыгъэнаIуэхэм я деж библиотекэм и лэжьакIуэхэр йокIуалIэ, зыхуэныкъуэри хурахьэлIэ.

Библиотекэм къекIуалIэхэм яхэтщ дэIэпыкъуэгъуншэу компьютеркIэ лэжьэфхэри. Апхуэдэхэм папщIи IуэхущIапIэр сыткIи зэтегъэпсыхьащ.

ЖыIэпхъэщ, хэщIапIэм и щIыхьэпIэм къыщегъэжьауэ, и кIуэцIым дежи «безбарьерная среда» щытыкIэр икъукIэ къызэрызэгъэпэщар. Япэрауэ, IуэхущIапIэм къекIуэлIа цIыху никъуэдыкъуэм иIыгъ башыр здыфIилъхьэн щIыпIэр гъэбелджылащ. АдэкIэ лъэгум илъщ тактильнэ плиткэр, узырикIуэну лъэныкъуэр къэзыгъэлъагъуэ пкъыгъуэхэр цIыхум и лъэгумкIэ зыхещIэ, Брайль тхэкIэмкIэ уздэкIуэну щIыпIэхэм ущызыгъэгъуазэ тхыгъэхэр IэкIэ бубыдыну пкъыгъуэхэми, блынхэми тедзащ.

ЗытхьэщIыпIэ, сантехническэ Iуэхухэм хуэгъэзауэ пэшри икъукIэ фIыуэ зэтегъэпсыхьащ: цIыхур етIысэхыу, е и щхьэ унэзамэ, е дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ хъуамэ, библиотекэм и лэжьакIуэр кърихьэщ кIапсэм къекъукIэрэ, макъ иригъэщIкIэрэ. Аращи, пэш кIуэцIхэр «Доступная среда» программэм къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэгъэпсащ. Ауэ, Лобановэ Маринэ зэрыжиIэмкIэ, иужьрей илъэсищым библиотекэм цIыхуу къекIуалIэм куэдкIэ хэщIащ.

— ИпэкIэ ди библиотекэр здэщыIа щIыпIэм ихъуреягъкIэ зи нэм имылъагъухэм я жылагъуэ организацэр, апхуэдэхэр зыщыпсэу унэхэр щытти, никъуэдыкъуагъ зиIэхэр тыншу, жыжьэ мыкIуэу ди библиотекэм къекIуалIэт.


Библиограф нэхъыщхьэ Лобановэ Маринэ

Иджы, ди хэщIапIэр тIэкIу япэжыжьэ хъуащи, цIыхуу къыдэкIуалIэм фIыуэ хэщIащ. Махуэм нэрыбгэ 25-рэ нэхъыбэ къыдэкIуэлIэжыфкъым. Абы и щхьэусыгъуэр гъуэгур кIыхь зэрыхъуар, ар зи нэм имылъагъу цIыху никъуэдыкъуэм зэрытемыгъэпсыхьаращ.

Пэжщ, ди хэщIапIэри, абы и бжэIупэри зи нэм имылъагъухэм сыткIи тегъэпсыхьащ. Ауэ, Демиденко е Международнэ уэрамхэр къызэпачу, ди библиотекэр зытет уэрамым къагъазэмэ, адэкIэ къэкIуэжыфкъым. ТелефонкIэ къытхуащI, дапожьэри, къыдыдошэ, — жеIэ библиографым.

— НобэкIэ мы библиотекэм зи нэм имылъагъу цIыхур къекIуэлIэныр Iуэху хьэлъэу къонэ. ИкIи, дэ ди къару, тхузэфIэкI къэдгъанэкъым а лъэпощхьэпор IугъэкIуэтынымкIэ. Зэрыфлъагъущи, библиотекэм и щIыхьэпIэм къыщегъэжьауэ и кIуэцIымкIи цIыху никъуэдыкъуэм тегъэпсыхьауэ, нэгъуэщIу жытIэнщи, «доступнэу» щытщ. Ауэ мыбы цIыху никъуэдыкъуэр къынэсын папщIэ къызыхэкIыну гъуэгур тыншкъым. Ар Iуэхум къыхэтлъытэкIэрэ, Черкесск къалэ мэрием лъэIукIэ зыхуэдгъэзащ цIыху зымылъагъур библиотекэм къызэрекIуэлIэфын лъэсырызекIуэ гъуэгур тхузэтрагъэпсыхьэну.

Гуапэу къыхэзгъэщынщи, Черкесск къалэ мэрием, абы и пашэ Тамбиев Руслан ди лъэIум гулъытэ къыхуащIащ, уеблэмэ лэжьыгъэр ирагъэжьащ. Пэжщ, нобэкIэ уэс ин къесам лэжьыгъэр къызэтригъэувыIащ, — къыддогуашэ зи нэм имылъагъухэм я Урысейпсо жылагъуэ организацэу КъЧР-м щыIэм и тхьэмадэ Дубовик Сергей.

Библиотекэм екIуалIэ гъуэгур зэтегъэпсыхьа зэрыхъуным хуэгъэзауэ Черкесск къалэ мэрием ЖКХ-мкIэ и къудамэм дыщигъэгъуэзащ, зи нэм имылъагъухэм я хэгъуэгу организацэм къыбгъэдэкIа лъэIур гъэзэщIэным иужь зэрихьар. КъыджаIащ, абыхэм папщIэ Черкесск къалэм Демиденко уэрамым къыщегъэжьауэ республикэ библиотекэм хуэкIуэу фIагъ лъагэ зиIэ лъэсырызекIуэ гъуэгу зэрытралъхьэныр. Лэжьыгъэр муниципальнэ эксплуатационнэ предприятэм и къарукIэ къызэрагъэпэщынущ. Гъуэгум иIэнущ бордюрхэри. Мэрием и ЖКХ къудамэм дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, нобэкIэ лэжьыгъэр ирагъэжьагъэххэщ. ИкIи, жаIащ, мы Iуэхур Черкесск къалэ мэриеми, республикэ унафэщIхэми я нэIэм зэрыщIэтыр.

ЖыIэпхъэщи, Урысейпсо цIыхубэ фронтым и Къэрэшей-Черкес хэгъуэгу къудамэми илъэс зыбжанэ хъуауэ щIеплъыкI «Доступная среда» къэрал программэр ди хэгъуэгум деж зэрыщагъэзащIэр.

Я щIэплъыкIыныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, зи нэм никъуэдыкъуагъ зиIэ цIыхур Демиденко, е Международнэ уэрамым икIыу зыгуэр къыщымыщIу, библиотекэм нэсыфынукъым.

— НобэкIэ зи нэм имылъагъухэм папщIэ щыIэ автобус къэувыIэпIэм къикIыу, Международнэ уэрамым тет, зи № 5, 7 унэхэм хуэкIуэ лъэсырызекIуэ гъуэгур къызэгъэпэщащ, Iэрубыд пкъыгъуэхэри иIэщ. Ауэ гъуэгум и никъуэм деж апхуэдэ «хуэгъэкIуэтэныгъэхэм» еух. Iэрубыдхэм язынихъуэхэр пахащ, гъуэгум и кIыхьагъкIэ кумб-лъэмбщ, асфальт телъкъым. Библиотекэм хуэкIуэ гъуэгум бгъэза иужь, лъэсырызекIуэ гъуэгур хэплъэгъуэжкъым, абы пэмыжыжьэу хьэрткъурт идзыпIэщ, лъэр зыфIэнэн хьэрткъурт мащIэкъым гъуэгум телъыр. Уеблэмэ никъуэдыкъуагъ зимыIэри хэкIыфынукъым апхуэдэ зекIуапIэм, — мыпхуэдэ щIэплъыкIыныгъэхэр къигъэлъэгъуауэ щытащ Урысейпсо цIыхубэ фронтым и Къэрэшей-Черкес хэгъуэгу къудамэм…







Дыпэплъэнщ Iуэхур зэрызэнагъэсым. АдреймкIэ, нобэ къэтIэта упщIэм мыхьэнэ нэхъыщхьэу хэлъыр — гъащIэм зи щхьэфэм Iэ къызыдимылъа цIыху никъуэдыкъуэхэм я псэукIэр, я дуней тетыкIэр нэхъыфI зэрытщIыным дэтхэнэри дыхущIэкъун зэрыхуейращ.

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ**

# Рейд ирагъэкIуэкIащ

***2016 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м Усть-Жэгуэтэ районым и суд приставхэмрэ «Карачаево-Черкесскэнерго» АО-м и лIыкIуэхэмрэ Усть-Жэгуэтэ къалэм рейд щрагъэкIуэкIащ.***

Мы гъэр къызэрихьэрэ районым и суд приставым ягъэзэщIэну Iуэхугъуи 130-рэ къаIэрыхьащ. Абы щыщу унагъуэ 51-м щIыхуэр къыIрахыжащ. Абыхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, районым щыпсэухэм электрокъару къагъэсэбэпам и уасэу сом мелуан 1,9-рэ щIыхуэу ятыжын хуейщ.

Апхуэдэу, рейдым хэтахэр къалэм щыпсэу, электрокъару къагъэсэбэпам и уасэр и пIалъэм зымыта унагъуэхэм деж щыIащ. Пэжщ, суд приставхэм абыхэм щIыхуэ ятелъыр псори къыIрахыжыфакъым, ауэ щIыхуэм и никъуэр зрагъэпшыныжахэри яхэтщ. КъинэмыщIауэ, апхуэдэ щIыхуэр зэрателъыр ямыущэхуу, ауэ ар зытезыгъэкIыжыну лъэкIыныгъэ зимыIэ унагъуэхэри къахэкIащ. Апхуэдэхэм «Карачаево-Черкесскэнерго» АО-м и лIыкIуэм яхуигъэуващ предприятэм къекIуалIэу ахъшэ къатенар мазэ къэс тIэкIу-тIэкIуурэ зэратыжынумкIэ зэгурыIуэныгъэ зэдащIыну. Унагъуэ ямыгъуэтахэм районым и суд приставым екIуэлIэн зэрыхуеймкIэ хъыбар зэрырагъащIэ тхылъхэр къыхуагъэнащ.

**КъЧР-м и суд приставхэм и пресс-къулыкъу**

Къуэш хэгъуэгухэм

# Илъэсыщlэ тыгъэ

**Адыгэ Республикэ.** Сабий зеиншэу 108-м ИлъэсыщIэм ирихьэлIэу фэтэрыщIэхэр иратынущ. Фэтэр куэду зэхэт унэхэм ящыщу 2-р Мейкъуапэ, ещанэр республикэм и Мейкъуапэ районым щаухуэ.

2016 гъэм псэупIэхэмкIэ къызэрагъэпэщыну хуитыныгъэ ягъуэтащ сабий зеиншэ 376-м. Абыхэм ящыщу 108-м зыщыпсэун иратынущ мы гъэм. Къат куэду зэтет унищым текIуэдэну сом мелуан 98-м щыщу мелуан 80-р республикэ бюджетым, мелуан 18-р федеральнэ мылъкум къыхэкIащ. Дызыхыхьэ 2017 гъэм а Iуэхум трагъэкIуэдэнущ сом мелуани 100.

# Абхъазым нэхъ дехьэх

**Абхъаз Республикэ.** Урысейм икIыу хамэ къэралхэм зыгъэпсэхуакIуэ кIуэхэр нэхъ мащIэ хъуащ. Иджы ахэр нэхъ дэзыхьэхыр Абхъазымрэ ди къэралым и щIыпIэ нэхъ дахэхэмрэщ.

Росстатым къызэритымкIэ, зыплъыхьакIуэ-зыгъэпсэхуакIуэр щынэхъыбэщ Абхъазым икIи абы япэ увыпIэр иIыгъщ. 2016 гъэм Абхъазым щыIащ Урысейм и цIыху мелуани 3,5-рэ, нэгъабэ елъытауэ мин 400-кIэ нэхъыбэ.

# Хэт нэхъыфIу ищIэрэ?

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм.** КъБкъУ-м информатикэмкIэ, электроникэмрэ компьютер технологиехэмрэкIэ и институтым хъыбарегъащIэ технологиехэмрэ экономикэмрэкIэ и колледжым (КИТиЭ) УФ-м и Конституцэм и Махуэр щагъэлъэпIащ. Абы хуэгъэпсауэ еджапIэм къыщызэрагъэпэщащ «УФ-м и Конституцэм теухуауэ» джэгу-зэпеуэр. Зэхьэзэхуэм и мурад нэхъыщхьэр ди къэралым и Хабзэ Нэхъыщхьэм студентхэр нэхъыфIу щыгъэгъуэзэнращ, щIэныгъэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэм дегъэхьэхынращ.

Конституцэр зым нэхърэ адрейм нэхъыфIу зэращIэр къагъэлъэгъуэну утыкум къихьащ цIыху плIырыплI зыхэт гупитху: «Red Star», «Волна», «Прикладники», «Афродиты», «Патриоты». НыбжьыщIэхэр зэхьэзэхуащ унэтIыныгъэ зыбжанэкIэ: конституцэ ухуэныгъэм и лъабжьэр, цIыхум и хуитыныгъэхэмрэ къалэнхэмрэ, федеративнэ ухуэныгъэр, УФ-м и Президентыр.

Джэгу-зэпеуэм къикIуахэр къапщытэжа нэужь, япэ увыпIэр лъагъэсащ «Патриоты» гупым. ЕтIуанэ хъуащ «Афродиты», ещанэр «Прикладники» гупым хуагъэфэщащ. Зэпеуэм хэтахэм щIыхь тхылъхэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ иратащ.

**Ди корр.**

Спорт

# Дыщэ медалыр

**Дыгъэгъазэм (декабрым) и 9-11 махуэхэм Кипр къэралым хыхьэ Никосия къалэм студентхэр зыхэта, самбокIэ Дунейпсо чемпионат щекIуэкIащ.**



Спортсменхэр зэпэщIэтащ хьэлъагъ зэхуэмыди 8-кIэ. Зэпеуэм хэтащ Белоруссием, Куржым, Болгарием, Кипрым, Урысейм, Узбекистаным, Украинэм, Литвам, Македонием, Сербием, Къэзахъстаным, Ермэлым (Арменнием), Германием, Азербайджаным, Израилым, Франджым, Молдовэм къикIа спортсмен лъэрыхьхэр.

Мы зэхьэзэхуэм дыщэ медалыр къыщилъэщащ къуэш Адыгэ Республикэм къыбгъэдэкIа Надюков Беслъэн. Абы зыкъыщигъэлъэгъуащ зи хьэлъагъыр килограмм 74-рэ хъу гупым яхэту.

Финал зэпэщIэтыныгъэм деж Беслъэн зытекIуар Болгарием къыбгъэдэкIа самбистщ — Мартиросян Ашотщ.

Спорт

**«AIBA»-м щIыхь зиIэ и президенту щыта Никифиров-Денисов Н. и фэеплъу, абы хуэгъэза Кубокыр къэлъэщыным ехьэлIауэ, боксымкIэ Урысейпсо спорт зэхьэзэхуэ Санкт-Петербург къалэм щекIуэкIащ.**

# Ди хэкуэгъу ныбжьыщIитIым

Зэпеуэм къекIуэлIащ Урысейм и хэгъуэгуу хъуам къабгъэдэкIа боксерхэр. ИкIи, мы зэхьэзэхуэм зыкъыщагъэлъэгъуащ КъЧР-м щыщ спортсменхэм.

И зэпэщIэтыныгъэхэр хуабжьу лъэрыхьу иригъэкIуэкIащ, дыщэ медалри зыIэригъэхьащ ди республикэм щыщ, Европэм тIэунейрэ и чемпион хъуа Цамбэ Эдгард. НэгъуэщI ди хэкуэгъу боксерым — Барэ Альберт, ещанэ увыпIэр къилъэщащ.



Къагъэлъэгъуа ехъулIэныгъэхэр къыхалъытэкIэрэ, ди хэкуэгъу боксеритIри УФ-м боксымкIэ и щIалэгъуалэ командэ къыхэхам хагъыхьащ.

Спортсменхэр «ЦСП КЧР»-м къыбгъэдэкIащ. Ахэр зыгъасэр КъЧР-м боксымкIэ и командэ къыхэхам и гъэсакIуэ нэхъыщхьэ Гъуэнщокъуэ Щэмилрэ гъэсакIуэ Евгъэмыкъуэ Маратрэщ.

Спорт

**Мы махуэхэм Краснодар крайм хыхьэ Лабинск къалэм алыдж-урым бэнакIуэхэр зыхэта край зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ.**

Ди хэгъуэгум къыбгъэдэкIауэ а зэпеуэм хэтащ Маху Аслъэн и цIэр зезыхьэ СДЮСШОР-м и гъэсэн ныбжьыщIэхэр.

Спортсмен ныбжьыщIэхэр утыкум IэкIуэлъакIуэу итащ, бэнэкIэ екIу, я къару здынэс, удэзыхьэх техникэ къагъэлъэгъуащ.

Дыщэ медалыр зыIэрагъэхьащ Тхьэкъуахъуэ Тимуррэ ЩакIуэ Асчэррэ. Дыжьын медалыр къалъэщащ КIэдэкIуей Елдаррэ Хьэщпакъ Динуррэ. ЩIыхь зыпылъ ещанэ увыпIэр, домбеякъ медалыр ДыщэкI Азэмэт, Козаев Тамерлан, Къуныжь Беслъэн сымэ къахьащ.

**ЩОХЪУЖЬ Люсанэ**

# Бэнакlуэхэм я ехъулlэныгъэр



Редактор нэхъыщхьэ
ТХЬЭГЪЭПСЭУХЭ Увжыкъуэ
РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Езауэ Маринэ, жэуап зыхь секретарь Абидокъуэ Люсанэ, отделхэм я редактору Бемырзэ Зураб, Туаршы Ирэ.
РЕДАКЦЭ СОВЕТЫМ ХЭТХЭР:
Шэрджэс Алий, КIыщмахуэ Мадинэ, Молэ Рэшид, Аслъэн Алий, Хъупсырокъуэ Алий.
Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ.
ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.
ЧЕРКЕС ХЭКУ
КъЧР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газет
1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым)

Фщlэн папщlэ
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.

Ди хэщlапlэр

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР, Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым - 26-36-27,
операторым-26-34-50,
бухгалтерием-26-36-29.
E - mail:
Cherkes-Haku@yandex.ru
Ди сайтыр:
www.cherkes-heku.ru

Газетыр щытрадзащ “Кавказская здравница” АО, Минеральные Воды къалэ, Октябрым и илъэс 50 уэрам, 67 унэ.
Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 20-04-13.
Индексыр 54044-щ.
КъыдэкI бжыгъэр 2948-щ.
Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ: редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЕЗАУЭ Маринэ, корректорхэу МУСЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня, оператор ГЪУЭЗДЖЭШ Залинэ.

*Щэнхабзэ*

# Уэтей Хьэзэм и ехъулIэныгъэр



**Гуапэщ Сирием, Тыркум къиIэпхъукIыжа ди лъэпкъэгъухэр хуэмурэ къызэрытхэзэгъэжыр, республикэм щекIуэкI Iуэхухэм жыджэру зэрыхэтыр. Абы и щапхъэщ Дунейпсо Артийскэ комитетым и вице-президент Бетыгъуэн Iэуес къэфакIуэхэмрэ уэрэджыIэхэмрэ папщIэ иджыблагъэ къызэригъэпэща «Созвездие дружбы» III Дунейпсо зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр къыщызыхьа, мы тхыгъэр зытеухуа уэрэджыIэ ныбжьыщIэ Уэтей Хьэзэм.**

ИлъэсипщI хъу Хьэзэм макъамэмрэ уэрэд жыIэнымрэ дахьэх. Илъэс зыбжанэ и пэкIэ, и унагъуэм щIыгъуу ар Сирием къиIэпхъукIыжауэ КъБР-м хыхьэ Благовещенкэ къуажэм щопсэу. Хьэзэм ящыщщ къызыхэкIам яхуэфащэу къыдэкIуэтей, гугъэфIхэр уэзыгъэщI щIэблэм. Абы и адэ Амир куржы-абхъаз зауэм хэтащ. И адэ къуэш Умар иракыдзэм и кхъухьлъатэзехуэти, абхъаз зауэр къызэрыхъеям и хъыбарыр щызэхихым къэкIуэжри, зи щхьэхуитыныгъэм щIэзэу и къуэшхэм якъуэуващ. Хьэзэм и адэшхуэ ФуIэди лъэпкъ Iуэху дэзыгъэкI, адыгэбзэр, адыгэ хабзэр хъума хъуным хэлэжьыхьхэм ящыщщ. Ар жыджэру яхэтащ Сирием Адыгэ ФIыщIэ Хасэр къыщызэзыгъэпэщахэм.

Хьэрыпыбзэ фIэкIа зымыщIэу Хэкум къэIэпхъуэжа щIалэ цIыкIум пIалъэ кIэщIым къриубыдэу адыгэбзэри урысыбзэри уэрсэру зригъэщIащ. Хьэзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым сабий творчествэмкIэ Унэм уэрэд жыIэнымрэ шыкIэпшынэ еуэнымкIэ щыIэ гупжьейхэм макIуэ. Ар я гъэсэнщ Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щIыхь зиIэ я артист, Ищхъэрэ Кавказым гъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэкIэ и колледжым и къудамэм и унафэщI Даур Иринэрэ сабий творчествэмкIэ республикэ унэм ныбжьыщIэхэр шыкIэпшынэм щыхуэзыгъасэ Шэджыхьэщ Iэ Зуриетрэ.

— Илъэсит I сыщыхъум си адэм и жып телефоным хьэрыпыбзэкIэ тет уэрэдыр зэзгъэщIауэ щытащ. ИужькIэ курыт еджапIэм сыкIуэу «Смуглянка» уэрэдыр зэзгъэщIащ, — жеIэ Хьэзэм. — Сирием къикIыжа Джудирэ сэрэ Благовещенкэ къуажэм дыкъикIыурэ тхьэмахуэм зэ Налшык дыкъокIуэ. Иджыпсту зызогъащIэ «Адыги на земле своей живут» уэрэдыр. Макъамэр IэщIагъэ схуэхъуну сыщIохъуэпс…

Хьэзэм «Смуглянка» уэрэдыр жиIэу Интернетым кърaлъхьа видеор цIыху минищым нэблагъэм ягу дыхьэри, Iэ щIадзащ икIи абы цIэрыIуэ ирихъуащ. Апхуэдэу «Си бзэ» проектым и гъэлъэгъуэныгъэ пшыхьым уэрэджыIэ ныбжьыщIэр ирагъэблэгъащ. Нэхущ Чэрим игъэзащIэ «Си дахэ», «Две души» уэрэдхэр абы зэрыщыжиIами куэдым я гур хигъэхъуащ.

Уэтей Хьэзэм и зэфIэкIыр игъэунэхуну иджыблагъэ Iэмал иIащ. КъэфакIуэхэмрэ уэрэджыIэхэмрэ я «Созвездие дружбы» Дунейпсо зэхьэзэхуэм Хьэзэм етIуанэ увыпIэр къыщихьащ, абы игъэзэщIащ уэрэдытх, артист цIэрыIуэ Думэн Мурадин итха «Си дахащэ» уэрэдыр. Дуней псом и щIыналъи 130-м къикIа ныбжьыщIэ 500-м щIигъу зыхэта зэпеуэм етIуанэ ущыхъуныр, дауи, ехъулIэныгъэшхуэщ. Хьэзэм зэпеуэм и дыщэ медалымрэ щIыхь тхылъымрэ къыхуагъэфэщащ. «Жьэгу» жылагъуэ зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкIыу Хьэзэм саугъэт лъапIэ тыгъэ къыхуащIащ. Зыщыпсэу Благовещенкэ къуажэм дэсхэр, адыгэ лъэпкъыр абы зэригъэгуфIамрэ зэригъэгушхуамрэ къэIуэтэжыгъуейщ.

Зэпеуэм Хьэзэм зэрыхэтыну фащэм щIыгъужын хуей хьэзырхэмрэ бгырыпхымрэ Мэржэхъу Мэчрэ Iил тыгъэ къыхуищIащ. Лъэпкъ фащэр щIалэгъуалэм хурагъэдащ. Адыгэ пыIэр уэрэдус, уэрэджыIэ Джэдгъэф Хъусен хуищIри, кърищащ. КъинэмыщIауэ, Германием щыпсэу ди лъэпкъэгъу Темыркъан Заур мылъкукIэ зыкъыщыщIигъакъуэм, абыкIэ шыкIэпшынэ къащэхуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Черкес, Адыгэ, Ингуш республикэхэм я цIыхубэ артист, уэрэджыIэ цIэрыIуэ Нэхущ Чэрим Хьэзэмхэ я унагъуэм щыхьэщIам жиIащ щIалэ цIыкIум удэлажьэрэ и зэфIэкIхэм зебгъэужьмэ, уэрэджыIэ Iэзэ къызэрыхэкIынур.

Къыхэгъэщыпхъэщи, Хьэзэм жыджэрщ, куэдым зрепщыт, щIэм тогушхуэ, и щIэныгъэм, зэфIэкIым хегъахъуэ. Абы къыхэкIкIэ, ерыщу зи хъуэпсапIэхэр зэзыгъэхъулIэным хущIэкъу щIалэ жыджэрыр уэрэджыIэ цIэрыIуэ хъуауэ Тхьэм дигъэлъагъу!




КХЪУЭХЪУ Тал

## ЩIымахуэ



*ЩIыIэ щхьэкIи*
*Мышынауэ,*
*ЦIыкIухэр Iуащхьэм*
*Зэрыдох.*
*Тетщ лъэрыжэхэм*
*Гъэщхъауэ,*
*Бгъэ лъэтэным*
*Хъуахэу ещхь.*
*Хэт мыIэбэр*
*IэкIуэлъакIуэу:*
*ЯщI хъыдэзхэм*
*ГуащэмащIэ,*
*УэскIурийкIи –*
*МэзылI дадэ…*
*Хэти унэ,*
*Хэт бгы задэ.*
*Къыщышынэ*
*ЩыфIэмыщIым,*
*Борэныжьри*
*Сабыращ.*
*КъуакIэм уэсу*
*Щызэрихьэм,*
*Дунеишхуэр*
*Зэщхь фIэхъуащ.*
*И чэзууэ*
*КъыщыкIуакIэ,*
*Кърес уэсри*
*Нэуэжь Iулъхьэу*
*Зэфэзэщри*
*Езэгъынущ,*
*ЩIыгум, гуауэ*
*Къытлъимыхьэм.*

# Пщащэ зэчиифIэ

**Мы тхыгъэр зытеухуар Зеикъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэм е 4-нэ «Б» классым щеджэ Къэзэнокъуэ Ларинэщ.**

Япэрауэ, пщащэ цIыкIур хуабжьу фIыуэ йоджэ. Абы и щыхьэту, зи Iущагъымрэ акъылыфIагъымрэкIэ къахэжанык I цIыкIухэм яхэту и сурэтыр еджапIэм и блыным кIэрылъщ.

Ларинэ зэрыжиIэмкIэ, еджапIэм щадж предметхэр зэхуэдэу фIэфIщ, зэхидзкъым, ауэ анэдэлъхубзэр, урысыбзэр, инджылызыбзэр зыпищIын щыIэкъым.

Еджэным фIыуэ зэрыхэзагъэм къыдэкIуэу, пщащэ цIыкIур лъэпкъ къафэмкIи зегъасэ. Адыгэ къафэм и щэхухэм нэхъри зыщигъэгъуэзэн папщIэ, Ларинэ къуажэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм щрагъэкIуэкI кружокым макIуэ.

КъинэмыщIауэ, пщащэм сурэт щIынри, пластилиным хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр къыхэщIыкIынри икъукIэ фIы дыдэу къыдохъу. АтIэ, сурэт щIынымкIэ тху мыхъумэ къихькъым.

Пщащэ цIыкIур зыдихьэххэм ящыщщ дэн-бзэн Iуэхури. Абы здыхуагъасэ кружокыр зыми пищIкъым. Абдежым «бисер», «пайеткэ» пкъыгъуэхэмкIэ хьэпшып гъэщIэгъуэнхэр ещI, лъэпкъ тхыпхъэщIыпхъэхэм йолэжь.

Ларинэ олимпиадэ, зэпеуэ зэхуэмыдэхэм хэт зэпытщ, ехъулIэныгъэфIхэри зыIэрегъэхьэ. Апхуэдэу, Черкесск къалэм щекIуэкIа «Детство без границ» республикэ зэпеуэми щIыхь тхылъ къыщыхуагъэфэщащ.

КъинэмыщIауэ, еджапIэм щрагъэкIуэкI зэпеуэхэми жыджэру холэжьыхь. Псалъэм папщIэ, «Осенняя поделка», «Зимняя поделка» зи фIэщыгъэцIэ зэпеуэхэм и IэрыкIхэр къыщыхагъэщ. Мис, мы махуэхэм «Мастерская Деда Мороза» темэмкIэ еджапIэм щызахаша зэпеуэм Ларинэ и IэрыкIыр нэхъыфIу къалъытащ.

Мы пщащэ цIыкIур икIи гу щабэщ. АтIэ, абы апхуэдизымкIэ псэущхьэхэр фIыуэ елъагъури, унагъуэм щаIыгъ псэущхьэ къэс цIэ яфIещ, ахэр гъэшхэнымкIэ, зыхуей хуэгъэзэнымкIэ и къару къихь ещIэ, япыщIащ.

Ларинэ балигъ гъащIэм хыхьэмэ, IэщIагъэ хуэхъунур къыхихагъэххэу жеIэ. Пщащэр щIохъуэпс дохутыр IэщIагъэм хуеджэну, абыкIи дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм защIигъэкъуэну. Тхьэм къыдигъэхъу!



**ДгъэкIуатэ илъэсым — 2016 гъэм, Къэрэшей-Черкес Республикэм щыпсэу сабий ибэ, анэ-адэншэу къэна ныбжьыщIэ 21-м зыщыпсэуну унэ къалъысащ, я фэтэр IункIыбзэхэри кърaтыжащ.**

## Къэрал нэIэм щIагъэкIкъым

Сабий ибэхэм, анэ-адэншэу къэнахэм ди хэгъуэгум деж гулъытэ зэрыщрагъэгъуэтым и щапхъэщ ахэр акъылбалигъ хъуа нэужь, псэупIэкIэ къызэрызэрагъэпэщыр. Апхуэдэщи, дэтхэнэми фэтэр хуагъэфащэ…

Мы IуэхуфIыр, сабий ибэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыныр «О дополнительных гарантиях прав детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, лиц из числа детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей на жилое помещение в Карачаево-Черкесской республике» республикэ Хабзэм ипкъ иту ягъэзащIэ

Фигу къэдгъэкIыжынщи, нэгъаби ныбжьыщIэ 21-м Хабзэм тету псэупIэ къалъысауэ щытащ.

**Адыгэ-Хьэблэ къуажэм дэт пэщIэдзэ еджапIэм деж лажьэ, «Жезл» фIэщыгъэцIэр зезыхьэ ЮИД-р (инспектор ныбжьыщIэхэр зыхэт гуп) иджыблагъэ щыхьэщIащ мы жылагъуэм дэт «Светлячок» сабий IыгъыпIэм.**

Инспектор ныбжьыщIэхэм къызэрагъэпэща макъамэ пшыхьыр теухуауэ щытащ гъуэгу шынагъуэншагъэм.

Къапщтэмэ, мы Iуэхугъуэр гъэхьэзырынымкIэ ЮИД-м хэтхэм зыщIагъэкъуащ район ОГИБДД-м и инспекторхэмрэ ныбжьыщIэ гупым я унафэщI Дэхъу Лилэрэ.

Инспектор ныбжьыщIэхэм я дежкIи, сабий IыгъыпIэм щаIыгъхэм яхуэгъэзауи мыр гъуэгу шынагъуэншагъэмкIэ я япэ практическэ дерсу щытащ.

"ЮИД"-м хэтхэм сабий цIыкIухэр щагъэгъуэзащ, ягу къагъэкIыжащ гъуэгум узэрыщызекIуэн хуейр, ПДД хабзэхэм утекI зэрымыхъунур, гъуэгу нагъыщэхэм теухуа къуажыхьхэр къащIащ, «Что такое ПДД?» уэрэд цIыкIур жаIащ.

*Гъуэгу шынагъуэншагъэ*

## Мыхьэнэшхуэ зиIэ дерс

КъызэрыщIэкIамкIэ, сабий IыгъыпIэм щIэс цIыкIухэри фIы дыдэу щыгъуазэт гъуэгум щызекIуэ хабзэхэм. Абы щыхьэт техъуэуи, сабийхэр усэ къеджащ, уэрэд жаIащ.

КъинэмыщIауэ, мы Iуэхугъуэм хэта, районым и ОГИБДД-м пропагандэмкIэ и инспекторыр сабийхэм щагъэгъуэзащ я анэ-адэхэм ящIыгъуу машинэкIэ щежьэкIэ, ягъэзащIэ хабзэхэм, уэс телъу, IэжьэкIэ къажыхьыну уэрамым щытехьэкIэ, гъуэгум шынагъуэншэу зэрытетхэм.

ЗэIущIэм и къызэгъэпэщакIуэхэм къалъытащ ЮИД-м хэт ныбжьыщIэхэмрэ сабий IыгъыпIэм щIэсхэмрэ зыхэта Iуэхугъуэр сэбэп къэзыхьу, мыхьэнэшхуэ зиIэу.





## «Дызэмыщхьми, дызэщIыгъущ, зэхуэдэ хуитыныгъи диIэщ»

**Мыпхуэдэ гупсысэм тету, «Толерантность» темэм теухуауэ иджыблагъэ дерс зэIуха щекIуэкIащ Хьэбэз районым хыхьэ Малый Зеленчук къуажэм дэт курыт еджапIэм.**

«Толерантность» псалъэм и мыхьэнэм «шыIэныгъэ, шыIэныгъэ зыхэгъэлъын» жэуэ къокI. ЖытIэнщи, иужьрей зэманым мы псалъэр куэдрэ къагъэсэбэп хъуащ. ИкIи, шэчыншэу, лъэпкъ куэд зыщыпсэу ди хэгъуэгум дежкIэ, шыIэныгъэ пхэлъыным мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Псом хуэмыдэу, «толерантнэ» псалъэм и мыхьэнэм щыгъэгъуэзэн хуейр щIалэгъуалэращ. АтIэ, къэкIуэну гъащIэр зыухуэну щIалэгъуалэр хущIэкъун хуейщ лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэр гъэбыдэным. Абдежми шыIэныгъэ пхэлъу узэхущытыным мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Дерсым и мыхьэнэ, къалэн нэхъыщхьэу ар езыгъэкIуэкIахэм зыхуагъэувар ныбжьыщIэхэм яхэлъ цIыхугъэм, псэ къабзагъэм зегъэужьынращ.

Iуэхугъуэр зэхишащ икIи е 5-нэ классыр къыхишэкIэрэ, хъарзынэу иригъэкIуэкIащ еджапIэм и егъэджакIуэ-библиотекарь Хьэбэч Iэминат.

НыбжьыщIэхэр дерсым жыджэру хэлэжьыхьащ, упщIэ гъэщIэгъуэнхэри къабгъэдэкIащ. Нэхъыщхьэр, «дызэмыщхьми, дызэщIыгъущ, зэхуэдэ хуитыныгъи диIэщ» гупсысэм ахэр зэрыхуэкIуаращ.

*ФщIэрэ фэ?*







*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар АБИДОКЪУЭ Люсанэщ*

Редактор нэхъыщхьэ
ТХЬЭГЪЭПСЭУХЭ Увжыкъуэ
РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Езауэ Маринэ, жэуап зыхь секретарь Абидокъуэ Люсанэ, отделхэм я редактору Бемырзэ Зураб, Туаршы Ирэ.
РЕДАКЦЭ СОВЕТЫМ ХЭТХЭР:
Шэрджэс Алий, КIыщмахуэ Мадинэ, Молэ Рэшид, Аслъэн Алий, Хъупсырокъуэ Алий.
Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъыныммкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ.
Зэрыщlатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.
ЧЕРКЕС ХЭКУ
КъЧР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газет
1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым)

ФщIэн папщIэ
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы техуха жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.

Ди хэщIапIэр

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР, Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым - 26-36-27,
операторым-26-34-50,
бухгалтерием-26-36-29.
E - mail:
Cherkes-Haku@yandex.ru
Ди сайтыр:
www.cherkes-heku.ru

Газетыр щытрадзащ "Кавказская здравница" АО, Минеральные Воды къалэ, Октябрым и илъэс 50 уэрам, 67 унэ.
Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 20-04-13.
Индексыр 54044-щ.
КъыдэкI бжыгъэр 2948-щ.
Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ: жэуап зыхь секретарь АБИДОКЪУЭ Люсанэ, корректорхэу МУСЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня, оператор ГЪУЭЗДЖЭШ Залинэ.

Лъэпкъ Iуэху

# Дыгъэгъазэр ягъэлъэпIащ

***«Нарт Хэку» щIалэгъуалэ Хасэм хэтхэм Налшык къалэм деж «Дыгъэгъазэ» махуэщIыр щагъэлъэпIащ. Пшыхьым и къызэгъэпэщакIуэхэм абы лъабжьэ хуащIар адыгэ хабзэжьхэращ.***





Созрэшым теухуауэ щIэныгъэ ин къэнауэ пхужыIэнукъым. Лъэпкъым куэд фIэкIуэдащ. Ауэ а къэнэжамкIэ пшыхьыр псыхьа хъуным пэрытащ хасэм хэтхэр.

Зэхуэсым кърихьэлIат Инжыдж, Псыжь Iуфэ къикIа ди къуэшхэмрэ ди шыпхъухэмрэ. Псоми къалъыс тIысыпIэр яубыда иужь хьэмкIутIей башыр къыщIахьэщ, хъуэхъу тражыIыхьщ, къудамиблым фIэлъ шэху уэздыгъэхэр щIагъанэри, гупым нэхъыщIэу хэт пщащэм дэлэныр зэпиупщIащ. Абы иужькIэ хьэмкIутIей башыр утыкум ирахыжщ, жьантIэр увыпIэ хуащIри дэлэн зэпаупщIар зэхуэсым кърихьэлIахэм я Iэнэхэм хутрагуэшащ.

Дыгъэгъазэ пщыхьэщхьэм къеблэгъащ Хьэгъундыкъуей (Али-Бэрдыкъуэ) къуажэ щыщ усакIуэ, журналист Бемырзэ Зураб. Абы мы махуэхэм къыдигъэкIа и тхылъым ит усэ зыбжанэм къызэхуэсахэр щIигъэдэIуащ.

Япэу хьэщIэр къызэджар Дыгъэгъазэм теухуауэ итхауэ щыта хъуэхъуращ. АдэкIэ Къэбэрдейм щыщ тхакIуэ Щомахуэ Залинэ Бемырзэ Мухьэдин и «Уадыгэным къикIыр» жыхуиIэ усэмкIэ щIалэгъуалэм захуигъэзащ. Залинэ усэм къыщеджэм шыкIэпшынэкIэ и Iуэхур дигъэпсынщIащ хасэм хэт Шэджыхьэщ Iэ Зурьят.

АдэкIэ пщыхьэщхьэр гъэнщIауэ щытащ адыгэ пшыналъэхэмкIэ, уэрэдыжьхэмкIэ. Адыгэм и сыт хуэдэ гуфIэгъуэ Iуэхум хуэдэуи Дыгъэгъазэр адыгэ джэгу екIукIэ иухыжащ.

Адыгэм хабзэ дахэ куэд иIэщ. ИIащ жытIэну дыхуейкъым. Тхьэм жиIэмэ, иIэщ, икIи дяпэкIи иIэнущ. Хабзэр бзэгупэкIэ зэрахьэкъым, хабзэм тетщ, хабзэр ягъэлъагъуэ, хабзэр зыхагъэлъ, хабзэр ягъафIэ, хабзэм пщIэ хуащI. Ар ди лъэпкъэгъухэм зэхащIыкIыну дыхуейт.

«Нарт Хэку» щIалэгъуалэ Хасэм хэтхэм адэкIи я къарум, щIэныгъэм, къэухьым, зэхэщIыкIым, зэфIэкIым къыхэкIыу мыпхуэдэ Iуэхухэр зэрахьэн я мурадщ.

Иджыри зэ адыгэу дунейм тету хъуам Дыгъэгъазэмкiэ дывохъуэхъу! Махуэр, Тхьэм и фIыщIэкIэ, текIуащи, ди къэкIуэнури тхуэмахуэну Тхьэм жиIэ!

ИугъащIэ, адыгэ лъэпкъ!

**«Нарт Хэку» щIалэгъуалэ Хасэ, Налшык къалэ**




Дохъуэхъу

Езауэ Данэ Руслан и пхъум

илъэсиплI зэрырикъуамкIэ!

*Ди гъащIэ дыгъэ,*
*Ди сабий нэху,*
*Псэр зыгъэIэфIу,*
*Гур зыгъэпсэху.*
*Ущалъхуа махуэм*
*Дэ дынохъуэхъу,*
*Ди насып шыру,*
*Тхьэм укъигъэхъу!*



**Уи анэшхуэмрэ адэ шыпхъухэмрэ**


КъыдэкIыгъуэщIэ

# «Бгырысхэм» аргуэру къагъэзэж



«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и «Адыгэ литературэм и лъагапIэхэр» Iыхьэр мы тхылъымкIэ къызэIуех. Экземпляр 300 хъу къыдэкIыгъуэм къызэщIрагъэубыдащ тхылъиплI хъу романыр. Тхылъым и жинтыр ягъэдэхащ урыс усакIуэшхуэ Лермонтов Михаил Кавказ зауэм теухуа и сурэтхэм ящыщ зыкIэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Бгырысхэр» романым и япэ тхылъыр – 1954 гъэм, еплIанэр 1988 гъэм дунейм къытехьащ. Ар теухуащ Урыс-Кавказ зауэжьым Ищхъэрэ Кавказым щекIуэкIа Iуэхугъуэхэм.

Зи щIэблэр адыгэбзэ шэрыуэм, къулейм щIэзыпIыкIыну, тхыдэм нэхъ кууэ хэзыгъэгъуэзэну зи мурадхэм я дежкIэ Шортэн Аскэрбий и романыр IэмалыфIщ икIи уасэншэщ.

IуэхуфI

# ТелефонкIэ ягъэгуфIащ

***Къэрэшей-Черкесым щыпсэу, зи нэм имылъагъу цIыху ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ мобильнэ телефон 76-рэ республикэм зыIэригъэхьащ.***

Иджыблагъэ зи нэм имылъагъухэм я Урысейпсо жылагъуэ организацэу КъЧР-м щыIэм и хэщIапIэм къеблэгъащ республикэм гуащIэдэкIымрэ социальнэ зыужьыныгъэмрэкIэ и министрым и къуэдзэ Хубиевэ Фатимэ.



Министрым и къуэдзэр жылагъуэ организацэм хэтхэм ИлъэсыщIэм и щIыхькIэ яхъуэхъуащ, икIи ныкъуэдыкъуагъ зиIэхэм телефон «псалъэхэр» тыгъэ яхуищIащ.

Хубиевэ Фатимэ зэригъэбелджыламкIэ, телефонхэр республикэм зыIэригъэхьащ «Доступная среда» в Карачаево-Черкесской республике на 2016-2020 годы» къэрал программэм ипкъ иту. Мы программэр зэрагъэзащIэр КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и нэIэм щIэтщ.

Iэмэпсымэхэр — зи нэм фIыуэ имылъагъухэм ятегъэпсыхьащ. Кнопкэхэри, абы тедза бжыгъэхэри инщ, цIыху зымылъагъум IэпэкIэ зэрызэхищIыкIыфыным хуэдэу.

Телефоным игъэзащIэ лэжьыгъэу хъуар макъкIи зэхыбох, аудиоинструкцэ иIэщ зыри зымылъагъухэм яхуэгъэзауэ.

**ЩОХЪУЖЬ Люсанэ**

# СтанцыщIэр яутIыпщащ

***(КIэухращ. ПэщIэдзэр е 1-нэ напэм итщ)***

КъинэмыщIауэ, электростанцыщIэхэр абы къызэрыкIэлъыкIуэнури жиIащ. Апхуэдэхэр щаухуэнущ Ику ит Аксаут, Красногоркэ Ипщэ, Красногоркэ Ищхъэрэ ГЭС-хэм.

— Шэч хэлъкъым, акъылышхуэ къакъуэкIащ Зеленчук ГЭС-р ухуэн зэрыхейр къызыгурыIуэу Iуэхур къезыхьэжьа ди нэхъыжьыфIхэм. Абыхэм кърагъэжьар пызыща энергетикхэми тхьэгъэпсэу яхуэфащэщ, — жиIащ республикэм и Iэтащхьэм икIи узыншагъэ быдэ, гуащIэдэкI ехъулIэныгъэ щымыщIэну дэтхэнэми ехъуэхъуащ.

«РусГидро»-м и Iэтащхьэ Шульгинов Николай и къэпсэлъэныгъэм къыщыхигъэщащ лэжьэххэ Зеленчук ГЭС-м иращIылIэжа станцыщIэм къыдэкIуа ГЭС-ГАЭС-р къызэрымыкIуэ ухуэныгъэу зэрыщытыр, абы хэгъуэгумкIи, къэралымкIи мыхьэнэшхуэ зэриIэр. ФIыкIэ и цIэ ириIуащ ГАЭС-м и ухуэныгъэм зи гуащIэфI хэзылъхьа инженер, экономист нэхъуса Алексеев Анатолий, «РусГидро»-м и унафэщIхэр.

Богуш Борис и къэпсэлъэныгъэм зэрыщыжиIащи, Ищхъэрэ Кавказым и куэдщ гидрокъару. Республикэм и унафэщIхэм я дэIэпыкъуныгъэкIэ ахэр къэгъэсэбэпа зэрыхъунум, станцыщIэхэр зэраухуэнум шэч къызэрытримыхьэри къыхигъэщащ.

Шишкин Андрей жиIащ КъЧР-м щыпсэухэм я сэбэп, фIыгъуэ зыхэлъ ухуэныгъэу станцыщIэр къызэрилъытэр, Ищхъэрэ КавказымкIэ ухуэныгъэщIэр къызэрымыкIуэ къэхъукъащIэу зэрыщытыр.

СтанцыщIэр къызэрызэIуахам и фэеплъу Темрезов Рэшид, Шишкин Андрей, «РусГидро» ПАО-м и къудамэм и унафэщI Кравченко Петр сымэ Богуш Борис фэеплъ тыгъэхэр яхуигъэфэщащ.

Станцыр ухуэным зи гуащIэфI хэзылъхьахэм, энергетикым и Махуэм ехъулIэныгъэ лъагэхэмкIэ екIуэлIахэм, илъэс куэд а къудамэм езытахэм я цIэираIуащ, щIыхь нагъыщэхэмкIэ къыхагъэщащ.

«Къэрэшей-Черкес Республикэм щIыхь зиIэ и энергетик» щIыхьыцIэ лъагэр а махуэм хуагъэфэщащ нэрыбгищым: «Федеральная гидрогенерирующая компания РусГидро»-и и инженер пашэ Даур Щэмел, инженер Шепенев Александр, монтер Эбзеев Руслан сымэ.

КъЧР-м и Iэтащхьэм и ФIыщIэ тхылъкIэ къыхагъэщащ капитальнэ ухуэныгъэмкIэ унафэщIым и къуэдзэ Овчинников Дмитрий. «Гидроэнергетикэм и ветеран» щIыхьыцIэр инженер нэхъыщхьэ Прыганов Сергей хуагъэфэщащ.

Я гуащIэдэкI ехъулIэныгъэхэм, псэемыблэжыныгъэм, энергетикым и Махуэм я щIыхькIэ «РусГидо»-м, «УК ГидроОГК» АО-м къабгъэдэкIыу ЩIыхь тхылъхэмкIэ къыхагъэщащ лэжьакIуэ нэхъыфIхэр.

**ТУАРШЫ Ирэ**

Спорт

# ЕхъулIэныгъэхэр къызэщIакъуэжу

<u>**ИлъэсыщIэм ипэ къихуэу Куэш-Хьэблэ къуажэм Iуэхугъуэ дахэ щекIуэкIащ. Нэхъыщхьэу ар зыхуэгъэзауэ щытар мы гъэм губгъуэ лэжьыгъэхэр хэщIыныгъэншэу къызэрырахьэлIэжар, а лъэныкъуэмкIэ ехъулIэныгъэфIхэр зэрызыIэрагъэхьаращ.**</u>

Мы Iуэхугъуэ дахэм и щIыхькIэ, къуажэм дэс щIалэгъуалэр спорт зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэмкIэ махуитIым кърихубыдэу зэпеуащ. Япэ махуэм къызэрагъэпэщащ шашкэкIэ, дартскIэ, баскетболкIэ зэпеуэхэр. ЕтIуанэ махуэм ныбжьыщIэхэм волейболкIэ зызэрапщытащ.

КомандэкIэ къапщтэмэ, «Адыгэ»-м — япэ увыпIэр, етIуанэр — «Шагъдий»-м, ещанэ, еплIанэ увыпIэхэр — «Мамлюк»-мрэ «Хьэт»-мрэ зыIэрагъэхьащ.

Къыхагъэщащ спорт лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ къыхэжаныкIа ныбжьыщIэхэри. Апхуэдэу зи цIэ кърайуахэм ящыщщ Къуршэ Олег, Къантемыр Тимур, Гундэхъу Артур, ПIапIшухэ Анзор, Владимир, Аслъэн, Борэныкъуэхэ Азэмэтрэ Щэмилрэ.

ЖыIэпхъэщи, къуажэм спорт зэхьэзэхуэ щегъэкIуэкIыным сыт щыгъуи мылъкукIэ хэлъхьэныгъэ хуащI мы жылагъуэм дэс, къыдэкIа цIыху хьэрычэтыщIэхэм. Мы спорт Iуэхугъуэри къызэзыгъэпэщар къуажэм щыщ щIалэ жумартхэращ.

Зэпеуэр, мы Iуэхугъуэр зэхэшэныр зи жэрдэмыр мы къуажэм деж сыт хуэдэ спорт Iуэхугъуэри къызэзыгъэпэщ, футболымкIэ гъэсакIуэ Къантемыр Беслъэнщ. Абы дэIэпыкъуащ республикэ «Адыгэ Хасэ — Черкесский Парламент» жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм хэт Борэныкъуэ Мыхьэмэт.

Зэпеуэхэм къыхэжаныкIа ныбжьыщIэхэр, щIыхь тхылъхэмкIэ къыхагъэща нэужь, нэгъуэщI зы Iуэхугъуэфи мы махуэм ирагъэкIуэкIащ. АтIэ, щIалэгъуалэр зыхэт спорт Iуэхугъуэхэм мылъкукIэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщIхэр мы махуэм фIыщIэ тхылъкIэ къыхагъэщащ.

Апхуэдэу, республикэ Адыгэ Хасэм къыбгъэдэкIа фIыщIэ тхылъхэр, хъуэхъу псалъэ гуапэхэр жылагъуэ организацэм и тхьэмадэ Аслъэнхэ Алий хьэрычэтыщIэхэм яхуигъэфэщащ. Зи цIэ гуапэу ираIуахэм ящыщщ «Гундэхъу», «Мусэхэ А.», «Куэшбий М.» ИП-хэр, «Борэныкъуэ», «Къантемыр» КФХ-хэр, «Агуей» ИПКФХ-р, «ПIатIэ» СПК-р.

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ**



***Къэрэшей-Черкес Республикэм 2012 гъэм щегъэжьауэ 2020 гъэм нэгъунэ теухуа къэрал программэр щхьэмыпэкIэ къанэкъым къуажэхэм я зыужьыныгъэм, мэкъумэш хъызмэтым япэу зи Iуэху щезыгъажьэ, унагъуэ хъызмэт къызэзыгъэпэщ мэкъумэш IуэхущIэхэм.***

Абыхэм ящыщ зыщ Адыгэ-Хьэблэ къуажэм щылажьэ Дзыбэ Рэмэзан. Абы 2015 гъэм сом мин 500 къэрал гранту къылъысащ. Рэмэзан зыхыхьар зи Iуэху япэу езыгъажьэ фермерхэм ятеухуа программэращ. Зи ужь ихьэну Iуэхум, и мурадхэм, и бизнес-планым зыщагъэгъуэза нэужь, комиссэм хэтхэм къалъытащ дэIэпыкъуныгъэ иратмэ зызыужьынкIэ гугъапIэ псори къозыт Iуэху гъэщIэгъуэну.

Мис апхуэдэу, илъэскIэ узэIэбэкIыжмэ, Дзыбэм иригъэжьащ къаз хъуныгъэ Iуэхур. Япэ щIыкIэ къаз 1200-рэ къищэхури, абыкIэ и Iуэхур иригъэжьащ. Республикэм мэкъумэш хъызмэтымкIэ и Министерствэм и IэщIагъэлIхэм иджыблагъэ щIаплъыкIащ хъызмэтыр икIи къалъытащ ар гуащIафIэу илъэсым лэжьауэ, дзыхь хуащIа ахъшэр фейдэ хэлъу къигъэсэбэпауэ. КъинэмыщIауэ, къаз 1200-м фIыуэ кърагъэхъуащ.

Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм Iэщ хъуныгъэр,

Мэкъумэш хъыбархэр

# ДяпэкIи – мурадыфIхэр

щIыгум елэжьыныр нэхъыбэу я IуэхущIафэу зэрыщытым тепщIыхькIэрэ, Рэмэзан зызыриищыта къаз хъуныгъэр щIэщыгъуэщ, умыгъэщIэгъуэнкIи Iэмал иIэкъым. АтIэ, Рэмэзан а Iуэхур иригъэжьэным и пэ къихуэу лъэныкъуэ куэдым егупсысащ, зэпилъытащ, къыхилъытащ къаз зыщэр зэрымащIэр, зэрыхъугъуафIэр, бэгъуэгъуафIэу зэрыщытыр. Апщыгъуэми, джэдкъазым уз зэрыцIалэ къахыхьэмэ, къазыр псоми я нэхъапэу узым ихьынкIэ шынагъуэщ. Гуапэ зэрыхъущи, иджыкIэ апхуэдэ хэщIыныгъэ Дзыбэм и хъызмэтым къылъэIэсакъым.

КъинэмыщIауэ, Рэмэзан иIэщ псыгуэнитI. Абыхэм щехъу ди щIыпIэхэм, дунейм, щIыIэми хуабэми езэгъ бдзэжьей лIэужьыгъуэхэр: удзыхъу, бдзафэ, сазан. Уеблэмэ, иджыпстуи, дунейм и щIыIэгъуэм, псыгуэнхэм бдзэжьейр щыкуэдщ. Псы гущIыIум щос къазхэр.

ДяпэкIи мурадыфIхэр иIэщ Дзыбэ Рэмэзан. Иджыри зы программэ: унагъуэ фермер жыхуиIэм хыхьэну хуейщ.

—Ар къыздэхъумэ, Iэщ згъэхъун щIэздзэнущ. КъинэмыщIауэ, къазхэм я хъупIэхэм, щIэтыпIэхэм, Iусыпхъэ хъумапIэхэм зезгъэубгъунущ, зэзгъэзэхуэнущ. Шэч хэлъкъым къэрал дэIэпыкъуныгъэр си хъызмэтым и зыужьыныгъэм зэрыщхьэпам, ипэкIэ сызыгъэаплъэ мурадхэм сызэрытригъэгушхуам,— жеIэ Рэмэзан.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Развитие села до 2020 года» зи фIэщыгъэцIэ къэрал программэр гуащIафIэу щолажьэ ди республикэм. 2012-2016 гъэхэм къриубыдэу, грантыр ялъысащ мэкъумэш IуэхущIапIэ 628-м. Абы щыщу 131-р—мы гъэм зи Iуэху япэу езыгъэжьахэращ.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ**

Гъуэгу шынагъуэншагъэ

# ГъащIэмрэ узыншагъэмрэ хъумэным

***ЦIыхухэр автобускIэ шынагъуэншэу къешэкIыныр егъэфIэкIуэн мурадкIэ мы гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 19-25 махуэхэм Прикубан районым и щIыналъэм «Безопасный маршрут» операцэр щрагъэкIуэкIащ.***



Къапщтэмэ, мы гъэм и мазибгъум районым деж автобус зыхэт зэжьэхэуэныгъэ къыщыхъуакъым. Операцэр щрагъэкIуэкIым гулъытэ нэхъ хуащIащ «Д» нагъыщэ зиIэ водителхэм я автобусхэр зэрызэтегъэпсыхьам, сабийхэр къезышэкI транспортхэр зезыгъакIуэхэм гъуэгу хабзэхэр зэрагъэзащIэм. КъинэмыщIауэ, абыхэм инструктаж драгъэкIуэкIащ.

Прикубан районым и ОГИБДД-м цIыху зезышэ водителхэм фигу къегъэкIыж гъуэгу фыщытехьэнум деж транспортым и щытыкIэр фIыуэ щIэфплъыкIыну, псом хуэмыдэу, тормозым, рулым фыкIэлъыплъ, аптечкэ, мафIэсгъэункIыфI Iэмэпсымэ илъмэ феплъ, Iэмал имыIэу медицинэм и лэжьакIуэм деж тест щевгъэкIуэкI.

Иужьрей зэманым, хабзэм емызэгъыу, автобусхэм тIысыпIэ щхьэхуэхэр ирагъэувэ, «ПРОПАН» щIыдагъэ баллонхэр къагъэсэбэп.

Операцэм ипкъ иту, техническэ щIэплъыкIыныгъэмкIэ къэрал инспекторхэм цIыху зезышэ автопредприятэхэм я унафэщIхэм, гъуэгу шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ жэуаплыгъэ зыхьхэм щыгъэгъуэзэныгъэ лэжьыгъэ, водителхэм профилактическэ зэпсэлъэныгъэ драгъэкIуэкIащ. Псом хуэмыдэу антитеррор лъэныкъуэм гулъытэ хуащIащ.

Лъэмыжхэм, гъущIгъуэгу зэпырыкIыпIэхэмкIэ кIуэ автобусхэр щIаплъыкIащ, нагъыщэхэр щытмэ зрагъэлъэгъуащ.

Къэрал автоинспекцэм я лэжьыгъэм сурэттех, видео Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпащ. Операцэр зэрекIуэкIа махуитхум къриубыдэу, Прикубан районым и ОВД-м и ГИБДД-м цIыху зезышэ водителхэм хабзэкъутэныгъэ къагъэхъуауэ Iуэхугъуи 7 къыщIагъэщщ.

**ПщIэ зыхуэтщI водителхэ!**

Прикубан районым и инспекторхэм зыфхудогъазэ, зыщывмыгъэгъупщэ автобусым нитIысхьэ цIыхухэм я гъащIэри узыншагъэри дзыхь къызэрыфхуащIыр, ахэр здежьа щIыпIэм тыншу нэвгъэсыну къызэрыфщыгугъыр.

ЦIыхухэр зезышэ транспортхэм я Iуэхутхьэбзэр къэзыгъэсэбэпхэм дыволъэIу, водителым гъуэгу хабзэхэр икъутамэ е зрикIуэн хуей гъуэгум текIамэ, Прикубан районым и ОГИБДД-м мыпхуэдэ телефонымкIэ хъыбар къыдэвгъэщIэну: **887-874-4-16-05.**

**ДЖАТЭЖЬ З., Прикубан район ОГИБДД-м и унафэщI**


Редактор нэхъыщхьэ ТХЬЭГЪЭПСЭУХЭ Увжыкъуэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Езауэ Маринэ, жэуап зыхь секретарь Абидокъуэ Люсанэ, отделхэм я редактору Бемырзэ Зураб, Туаршы Ирэ.

РЕДАКЦЭ СОВЕТЫМ ХЭТХЭР:
Шэрджэс Алий, КIыщмахуэ Мадинэ, Молэ Рэшид, Аслъэн Алий, Хъупсырокъуэ Алий.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъыныкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ.
ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ЧЕРКЕС ХЭКУ
КъЧР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газет
1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым)



ФщIэн папщIэ

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.

Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.



Ди хэщIапIэр



Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:

369000, КъЧР, Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР:

приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым - 26-36-27,
операторым-26-34-50,
бухгалтерием-26-36-29.

E - mail:
Cherkes-Haku@yandex.ru

Ди сайтыр:
www.cherkes-heku.ru



Газетыр щытрадзащ "Кавказская здравница" АО, Минеральные Воды къалэ, Октябрым и илъэс 50 уэрам, 67 унэ.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 20-04-13.

Индексыр 54044-щ.
КъыдэкI бжыгъэр 2948-щ.
Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ: жэуап зыхь секретарь АБИДОКЪУЭ Люсанэ, корректорхэу МУСЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня, оператор ГЪУЭЗДЖЭШ Залинэ.

**Зеикъуэ къуажэ,**
**УРЫМ Алий:**

ПщIэ зыхуэсщI «Черкес хэку» газетым и лэжьакIуэхэ!

*Сывохъуэхъу Илъэсыщlэ къихьэм узыншагъэ быдэ фиIэну, фи бынхэм я быныжхэм я хъер флъагъуну, бын, унагъуэ гукъеуэ фимыIэу, фызэрымылъагъумэ фызэхуеззэшу, зыр зым чэнджэщэгъу фыхуэхъуу, фи тхыгъэхэм щIэджыкIакIуэхэр нэхъри дихьэхыу фызэдэлэжьэну!*

*«Гуп зыгъэгупыр гуп и уасэщ», — жеIэ псалъэжьым. Абы и мыхьэнэр фи редактор нэхъыщхьэм и деж щызолъагъури, узыншагъэ быдэ иIэу куэдрэ Алыхьым фи пащхьэ иригъэт!*

*Сывохъуэхъу фи гум илъ IэфIыгъэхэр къывэхъулIэу мы дуней нэхум куэдрэ гу щызыхуэнум ящыщ Алыхьым фищIыну!*

*Къапщтэмэ, си щхьэкIэ, фи тхыгъэхэр псори щIызоджыкI икIи Iуэхугъуэ куэдым нэIуасэ сахуещI. Ар зимыуасэ щыIэкъым.*

*Адыгэу зыплъытэмэ, анэдэлъхубзэкIэ къыдэкI лъэпкъ газетыр уи унагъуэм сыт щыгъуи къихьэн хуейщ икIи зэрысхузэфIэкIкIэ абы къыхузоджэ дэтхэнэ зыри.*

## ГЪУЭЗДЖЭШ Хъызыр

## ЩIыIэ Дадэ

*ЩIыIэ Дадэ,*
*ЩIыIэ Дадэ,*
*Дадэу щыIэм*
*Я тхьэмадэ,*
*ПащIэ хужьу*
*ЖьакIэ уэс,*
*УкъытхуокIуэр*
*Уэ гъэ къэс.*
*УкъэкIуэхукIи*
*Дыпхуоусэ.*
*Уэри, мис,*
*Укъытхуоупсэ:*
*БерычэткIэ*
*Гъэр бгъэбжьыфIэу,*
*ЩIыкIухэр псори*
*ДыбгъэгуфIэу,*
*ХъугъуэфIыгъуэр*
*Къытхубохь.*



***«Ди щIыналъэмрэ дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсымрэ дунейм и налкъутналмэсщ. Ар нэхъри нэрылъагъу тхуэхъуащ Домбай жылагъуэм дэт «Виктория» зыгъэпсэхупIэ лагерым си ныбжьэгъухэмрэ сэрэ дыщыхьэщIам», — жэуэ итщ иджыблагъэ Хьэбэз къуажэм дэт Хъупсырокъуэ Е. и цIэр зезыхьэ лицей-интернатым е 11-нэ классым и еджакIуэ Туаршы Беллэ и тхыгъэ къытIэрыхьам.***

ФIыщIэ

# Тыгъэ гуапэ

Апхуэдэу Сэнэшокъуэ Тинэ, Арчэл Азнаур, Байчорэ Щэмил, Хъупсырокъуэ Дианэ сымэ къытхуатха тхыгъэ кIэщI цIыкIумкIэ къаIуатэ зэныбжьэгъухэм хьэлэмэтыщэу зэрызагъэпсэхуар. ЗыгъэпсэхуакIуэ здэщыIам ныбжьыщIэ цIыкIухэр нэхъри зэпищIащ, я кум дэлъ зэныбжьэгъугъэр игъэбыдащ. Абыхэм махуитIым еш ямыщIэу, я нэгум зрагъэужьащ, зыгъэпсэхупIэ лагерым къыщызэрагъэпэща джэгукIэ зэхуэмыдэхэм хэтащ. КъинэмыщIауэ, егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ зэпсэлъэныгъэ зэдрагъэкIуэкIащ.

— Бгы абрагъуэхэм ятелъ уэс хужьхэм ущеплъкIэ гур зэщIиIэтэт, дэрэжэгъуэ къыпхилъхьэт, — жеIэ Арчэл Азнаур.

Тхыгъэр къэзытха еджакIуэ ныбжьыщIэхэмрэ егъэджакIуэ Хъупсырокъуэ Иринэрэ фIыщIэ хуащI апхуэдэ нэгузыужь махуэ хьэлэмэтхэр къахузэзыгъэпэща, абыкIэ дэIэпыкъуэгъу къахуэхъуа, Къэрэшей-Черкесым гуащIэдэкIымрэ социальнэ зыужьыныгъэмрэкIэ и министр КIэм Мурадинрэ Министерствэм и лэжьакIуэхэмрэ. КъинэмыщIауэ, псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъазэ анэ-адэхэмрэ лицей-интернатым и унафэщIхэмрэ.

— ЗыгъэпсэхуакIуэ, нэгузыужь дыздэщыIар гукъинэж тхуэхъуащ. Хуабжьу дахуэарэзыщ апхуэдэ теплъэгъуэ дахащэр къытхузэзыгъэпэща министр КIэм Мурадинрэ и лэжьэгъухэмрэ. «Нэм илъагъур щхьэм и уасэщ», — жеIэ адыгэ псалъэжьым. Дэри ди гъащIэ гъуэгуанэм и къыщIэдзапIэ дахэу къыдолъытэ ар. АтIэ, республикэм и Министерствэм щIэблэм къытхуищIа гулъытэмкIэ зыхыдощIэ ди къэралымрэ ди хэгъуэгумрэ я Iэтащхьэхэм къытхуаIэ фIылъагъуныгъэр, — жаIащ ныбжьыщIэ цIыкIухэм.

Къапщтэмэ, апхуэдэ гулъытэр еджэнымкIэ къахэжаныкIа ныбжьыщIэхэм Илъэсыщlэм тыгъэ гуапэ яхуэхъуащ.

# Ди зэхуэдэ махуэшхуэ

***Дунейм лъэпкъыу тетым къадекIуэкI махуэшхуэхэм ящыщщ Илъэсыщlэр. Сыт хуэдэ ныбжьым уимытми, нэхъыфIым ущызыгъэгугъ, щIэ гуэркIэ узыгъэхъуапсэ, телъыджэ щыIэу уи фIэщ зыщI махуэщIщ ар. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм хабзэ гъэщIэгъуэн куэд къадокIуэкI Илъэсыщlэм епхауэ. Адыгэхэм ди Илъэсыщlэр гъатхэращ къыщихьэр, абы пыщIа Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр иджыри къыздэсым догъэлъапIэ, ауэ европей Илъэсыщlэ къегъэблэгъэкIэри куэд щIауэ хабзэ тхуэхъуащ.***

Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм ди Илъэсыщlэ къегъэблэгъэкIэр куэдкIэ зэтохуэ. ЩхъуэкIэплъыкIэу зэщIэбла псей щхъуантIэхэр сабийхэм яхудогъэув, тыгъэ цIыкIуфэкIухэмкIэ дызэхуоупсэ, Iэнэшхуэр къыдощтэ, зыр адрейм хъуэхъуакIуэ дыхуокIуэ.

Илъэсыжьым мыхъумыщIэрэ нэщхъеягъуэу хэлъахэр «зэрызыкIэрагъэкI» Iэмалыр Эквадорым щыпсэухэм зыхалъагъуэр псы зэрыт стэчанхэр щхьэгъубжэхэм къыдадзурэ якъутэнращ. Швецием Илъэсыщlэ жэщым унэ кIуэцIхэми уэрамхэми уэздыгъэхэр нэху щыху щагъэункIыфIкъым. Колумбием щыпсэухэм я хабзэмкIэ, гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм я «лIыхъужь нэхъыщхьэр» Илъэсыжьращ. Абы, ажэгъафэ щIыкIэу хуэпауэ, баш кIыхьхэм тету къекIухьри уэрамхэм дэтщ, сабийхэм шыпсэ яжриIэу, балигъхэр игъэдыхьэшхыу.

Илъэсыщlэр къегъэблэгъэным нэхъ Iэуэлъауэ нэхъыбэ дыдэ езыщIэкIыр Панамэм щыпсэухэращ. Дуней псом хабзэ щыхъуа хьэрэкIытIэ зэмыфэгъухэр гъэлъэтэным и мызакъуэу, ахэр тхьэгъушхэм йоуэ, заводышхуэхэм я уэзджынэхэмрэ автомашинэ сигналхэмрэ ягъаджэ, цIыкIухэри инхэри я макъ къызэрихькIэ мэкIий, къапэщIэхуэу хъуам теуIуэурэ Iэуэлъауэшхуэ къызэщIаIэтэ. Венгрхэр Илъэсыщlэм и япэ дакъикъэхэм кIэфий йопщэ, зытехьэ гъэщIэми, я псэупIэми апхуэдэ щIыкIэкIэ бзаджэнаджэхэр зэран къыхуамыгъэхъун, хъерымрэ гуфIэгъуэмрэ кърашэлIэн я гугъэу. Махуэшхуэ Iэнэр щагъэхьэзыркIи зыщагъэгъупщэкъым Илъэсыщlэм къыхуащтэ ерыскъым нэщыпхъуэ къару иIэнкIэ зэрыхъунур: джэшым Iэпкълъэпкъымрэ псэмрэ епсыхь, мыIэрысэм дахагъэмрэ лъагъуныгъэмрэ зэтреIыгъэ, дэм шынагъуэм ущехъумэ, бжьыныхум узыншагъэр нэхъ быдэ, фом — гъащIэр нэхъ IэфI ящI. Японием зэрыщыхабзэмкIэ, илъэсыщlэ пщэдджыжьым цIыхухэр жыуэ я унэхэм къыщIокI, дыгъэ къыкъуэкIым пежьэн, зыр зым гуапэу ехъуэхъун щхьэкIэ.

Сыт хуэдэу щымытми, Илъэсыщlэр гъэлъэпIэныр зи махуэшхуэри абы нэхъыбэу игъэгуфIэри сабийхэращ. ЦIыкIухэм я гуфIэгъуэр тIуащIэ зыщIыр абыхэм я фIэщхъуныгъэр фэрыщIагъ хэмылъу зэрыкъабзэращ. Псоми я фIэщ мэхъу ЩIыIэ Дадэр зэрыщыIэр. Ар илъэсым зэщ къызэрыкъуэкIыр, апщыгъуэми тыгъэ гъэщIэгъуэнхэр иIыгъыу цIыхухэм къахохьэ. Дэтхэнэ лъэпкъми иIэжщ езым и ЩIыIэ Дадэ.

Дызыщыщ лъэпкъым емылъытауэ, цIыхухэм зэхуэдэ нэщэнэ тхуэхъуар Илъэсыщlэр къызэридгъэхьэм хуэдэу екIуэкIыну къызэрытлъытэращ. Аращи, 2017 гъэм дахэу IущIэфын, ар гуфIэгъуэрэ хъеркIэ езыхьэкIын фыхъуну, ехъулIэныгъэрэ хэхъуэрэ фиIэу етIанэгъэ пIалъэ фынэсыну дывохъуэхъу!

## Дохъуэхъу

## Джэтауэ Виктор Абдулыхь и къуэм

**илъэс 70 зэрырикъуамрэ Илъэсыщlэ махуэщIымрэкIэ!**

*Гъатхэ дыгъэу гъащIэр къыпхуэгуапэу,*
*IуэхуфI блэжьым нэхъри уигъэлъапIэу,*
*Узи лажьи-зым уи гугъу къамыщIу,*
*Узыншагъэм зы мэскъал хэмыщIу,*
*Iуэхуу къыппыкъуэкIым упэлъэщу,*
*Тхьэм къыуит иджыри насыпищэ,*
*КъэбгъэщIам хуэдизи къыпхупищэ!*



**МЫЖЕЙХЭ Хьэсанэ, Рэшид, СулътIан сымэ**

## Дохъуэхъу

## Мерэмхэ Беслъэнрэ Радмилэрэ я къуэ Эмир

***къыщалъхуа махуэмкIэ!***



*Узыншагъэр уи бащэу,*
*Уи гухэлъыр Тхьэм пищэу,*
*Уи Iыхьлым уаридыгъэу,*
*ГъащIэу уиIэри бзыгъэу,*
*Зы гухэщI умыщIауэ*
*Илъэсищэм унигъэс!*

**Дадэ Зэхьид, нанэ Фаризэт, уи анэш нанэм и анэ НэфIыцIэ, анэ шыпхъухэу: Фатимэ, Ларисэ, Мадинэ**

**КIУШТЭ (Акъ) Динэ,**
**Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ адыгэ театрым и унафэщI:**

*— ПщIэ зыхуэсщI си хэкуэгъухэ!*

*Сывохъуэхъу Илъэсыщlэ къихьэмкIэ!*

*Ноби хуэдэу дяпэкIи ди лъэпкъым и зэкъуэтыныгъэр тхъумэфу, лъэпкъ хабзэхэм дахуэсакъыфу, дызыщыпсэу щIыналъэр нэхъ лъэщ, дахэ, къарууфIэ, зызыужьхэм ящыщ зыуэ куэдрэ щытыну сыхуохъуахъуэ!*

*Ди республикэм щыпсэу дэтхэнэми илъэсыщlэ къихьэм фи унагъуэхэм насып, мамырыгъэ, фIыгъуэ, ефIэкIуэныгъэ фиIэну си гуапэщ. Хэти фи лэжьыгъэр кIуатэу, фи гуащIэм и хъер флъагъуу, фи унагъуэ жьэгур хуабэу куэдрэ узыншэу фигъэпсэу!*

**Черкесск къалэ,**
**МОЛЭ Рэшид:**

*— Си лъэпкъэгъухэ! Илъэсыщlэм фIыкIэ дыщогугъ! Ауэ, Тхьэм зэрыжиIауэ: «Уэ – хьэрычэт, сэ – берычэт». Сывохъуэхъу хьэрычэтышхуэ къыфкъуэкIыу, фи унагъуэм берычэт къихьэну! Уи унэм нэмыс, кIухьэн, зэхущытыкIэ дахэ илъмэ, фи бынкIи фыузыншэмэ, аращ насыпышхуэри, Тхьэшхуэм а псори къыфлъигъэс икIи фыкъихъумэ!*

# Илъэсыщlэ гушыIэхэр

ЗэныбжьэгъуитI зэхуэзати, зыр адрейм йоупщI:

— Илъэсыщlэр дауэ къибгъэхьа?

— Уэлэхьи сымыщIэж, иджыри зыри къызжаIэжакъым...

* * *

И ныбжьэгъум хэкIэпсауэри:

—Фи деж щIыIэ Iейуэ жаIэри, пэж?—йоупщI.

— Хьэуэ апхуэдизу щIыIэкъым. Градус 20-м нос, минусу...

— Иджыпсту радиом къызэритамкIэ, градус 50-м минусу фи деж щыIэщ.

—Ара жыхуэпIэр? Ар щIыбым щыщыIэращ зытепсэлъыхьыр...

* * *

Сабийр хуабэу пхуэпэн хуейуэ жаIэ. Абы текIуэдэнур къиздзати, щIымахуэ мазищми Таиландым бгъакIуэмэ нэхъ фейдэщ.

* * *

— Уэс Дадэр дэнэ деж здэпсэур?

— Къихь саугъэтхэмкIэ Китайрауэ хузогъэфащэ.

* * *

— Си къуэрылъхум илъэсыщlэм ехъулIэу бэрэбан къыхуэсщэхуащ, ар абы зыуэ щыгуфIыкIати! Ди гъунэгъу дадэр къыдэижри къеупщIащ:

— А бэрэбаным и кIуэцIым илъыр пцIыхурэ? —жери.

* * *

— Уи щхьэгъусэм сыт къыхуэпщэхунур илъэсыщIэм?

— Алыхь мыращ жэуэ сымыщIэ. Сэ сызыхуэныкъуэу хъуар иIэщ.

* * *

— Илъэсыщlэр Iейуэ уефауэ къибгъэхьащ,—жи ныбжьэгъум.

—Сыт хэпцIыхукIрэ?

— Iуданэр лэныстэм ибуну упылъти, пхузэфIэкIакъым.

* * *

— Илъэсыщlэм пIалъэ къызэзыта пщащэм сыкъыдинэри, фIыуэ слъагъу си ныбжьэгъум дэкIуащ,—мэгуфIэ щIалэр.

— Ар дауэ? Хэт а щIалэр?

— Хэт щыщуи сщIэкъым, ауэ нобэ щыщIэдзауэ ар си ныбжьэгъу пэжщ, абы пэсщIыни щыIэкъым.

* * *

Илъэсыщlэм пщыхьэщхьэкIэ дыпожьэри, пщэдджыжьышхэкIэ къыдогъэхьэ.



# Илъэсыщlэм и нэщэнэхэр

Номин цIыкIум гуфIэу и Iэ цIыкIухэр къытхуищIыжынущи и пщэрылъхэр Адакъэ Плъыжьым хуит хуищIынущ. Къапщтэмэ, апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэр зэуэ зэхэтщIэнукъым, сыту жыпIэмэ абыхэм я плъыфэмрэ 2016-2017 гъэхэм дунейм къыщыхъу къэхъукъащIэхэмрэ зэщхьщи. Илъэсым и пэм Адакъэ цIыкIум щэхуу, сакъ-сакъыу Iэдэб зригъэIэнуми, гъатхэм къызэрыкIынущ, и дамэ зэмыфэгъухэр зэщIигъэтэджэнущи, Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ дигъэгуфIэнущ.

Нэхъыщхьэр аращи, гъащIэм и сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэми тыншу, умыгужьейуэ убгъэдыхьэн хуейщ. Адакъэр унагъуэм япщщ. Жьыуэ къотэджри, и Iуэхухэр зэрегъэзахуэ икIи абы уэри удекIуу щытыпхъэщ. Апхуэдэу щхьэх зымыщIэ цIыху лэжьакIуэхэм Илъэсыщlэм IуэхугъуэфI куэд къапоплъэ. Къапщтэмэ, 2017 гъэм къыпхукъуэкIа лэжьыгъэхэм ухэплъэу нэхъыфIыр къыхэпхыпхъэщ, дяпэкIэ уи сэбэп зэрыхэлъыным хуэдэу.

Адреймкlэ, Адакъэм фIэфIщ сыт щыгъуи гулъытэ къыхуащIыну, бжьыпэр иIыгъыну. Аращи, фи теплъэкIэ фызыкIэлъыплъыж, зыфхъуэж зэпыт, а псор Адакъэм и гуапэ хъунущ. Апхуэдэу «уи нэр здэплъэм, уи Iэр лъэIэсын папщIэ» псэр зыхуеIэм хущIэкъу, хуэлажьэ, Адакъэм и илъэсым абыкIэ зыкъыпщIигъэкъуэнущ. «Апхуэдэу ящIэкъым, ар нэгъуэщIым ищIэу слъэгъуакъым» жэуэ щхьэусыгъуэ къыхуомыгъуэту, Iуэхум ерыщу убгъэдыхьэмэ, къыбдэхъунущ. Гороскопым зэрыжиIэмкIэ, зы Iуэхугъуэр къыздэхъуакъым жэуэ мы илъэсым ущIэгужьейн щыIэкъым, абы нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ уигъэгуфIэжынущ.

2017 гъэр гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ гулъытэ щыхуащIынум и илъэсщ. Узыншагъэ и лъэныкъуэкIэ, дэтхэнэри зыкIэлъыплъыжыпхъэщ. Узыр хомыгъэтIасхъэу и зэманым медицинэ дэIэпыкъуныгъэ зэбгъэгъуэтыпхъэщ.

Мылъку и лъэныкъуэкIэ, Адакъэм и Илъэсым зэпымыууэ хэхъуэ диIэнущ. Нэхъыщхьэу узыщIэджэнур езы ахъшэракъым, атIэ уи Iуэхур къыбдэхъунращ. АтIэ Адакъэ цIыкIур сыт хуэдэ щIыналъэ йомыутIыпщхьэми, и гуэдз Iыхьэрэ хьэпIацIэрэ къызэригъуэтыфынум хуэдэу, дэ сыт щыгъуи ди лэжьапщIэм къинэмыщIауэ, сом къыздэдлэжьыфынум дыхуиунэтIынущ, абы дыхущIэкъу къудеймэ.

2017 гъэм зыгъэпсэхугъуэ зэманыр зэрыбгъэкIуэнум къэмысауэ уемыгупсысмэ нэхъыфIщ, уи мурадхэм зихъуэжынущ. Илъэсым и пащтыхьым езым пхузэтригъэпсыхьэнущ.

Адакъэр хуабжьу гумахэщ, пэжым и телъхьэщ, и гур къыхауэ псоми яхущытщ. Апхуэдэу 2017 гъэм куэдым я насып къыщIэкIынущ, унагъуи зэтраухуэнущ. Унагъуэ зыщIагъэххэри езэшынукъым. Илъэсыщlэм, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, гъэщIэгъуэн куэд къэхъуурэ ирикIуэнущ. Мы илъэсым къэхъу сабийхэр ехъулIэныгъэфIхэм хунэсынущ.

Илъэсыщlэм и плъыфэ нэхъыщхьэу щытынур — плъыжьымрэ дыщафэ, гъуэжьыфэмрэщ. Къапщтэмэ, Адакъэр хужьыфэми арэзы тохъуэ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, Адакъэм и жэгъуэгъущ джэдумрэ пащIэ зытет псэущхьэ дэтхэнэмрэ. Абы щхьэкIэ, идэнукъым леопардымрэ къаплъэнымрэ я зэхэлъыкIэ зыхэлъ щыгъынхэр.

Iэнэр къэбгъэщIэрэщIэфынущ лыхэкIхэмрэ бдзэжьейрэкIэ. МафIэ лыгъэм щыгъэхьэзыра а шхыныгъуэхэм Адакъэ цIыкIур арэзы техъуэнущ. ЩыгуфIыкIынущ, унагъуэми берычэтыр илъынущ гуэдз лIэужьыгъуэхэр тевгъэувэмэ. Имыдэнухэм ящыщщ джэдхэкI Iэнэм тету. АдреймкIэ Iэнэр егъэлеяуэ гъэфэрыщIар къригъэкIукъым. ПщIэ хуомыщIу идэнукъым, хъер унагъуэм илъын папщIэ, мащIэу, IэфI щIэлъу гъэдэха Iэнэр нэхъ тэрэзу къелъытэ. СтIолтепхъуэхэмрэ Iэлъэщlхэмрэ дыщафэ гуэрхэр хэлъу, езыр плъыжьми фIэфIынущ.

Тхьэм дэтхэнэми угъурлыуэ мы илъэсыр къытхуригъэхьэ! Хъерымрэ берычэтымрэ ди куэду!



НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар БЫРСЕЙ Людмилэщ

Газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэр щIышылэм (январым) и 12-ращ

Редактор нэхъыщхьэ
ТХЬЭГЪЭПСЭУХЭ Увжыкъуэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Езауэ Маринэ, жэуап зыхь секретарь Абидокъуэ Люсанэ, отделхэм я редактору Бемырзэ Зураб, Туаршы Ирэ.

РЕДАКЦЭ СОВЕТЫМ ХЭТХЭР:
Шэрджэс Алий, КIыщмахуэ Мадинэ, Молэ Рэшид, Аслъэн Алий, Хъупсырокъуэ Алий.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ.
ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ЧЕРКЕС ХЭКУ
КъЧР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газет
1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым)

## ФщIэн папщIэ

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.

Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.

## Ди хэщIапIэр



Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,
Черкесск къалэ,
КировкIэ зэджэ
утыку, № 23,
Печатым и Унэ,
е 3-нэ къат.

## ТЕЛЕФОНХЭР:

приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым - 26-36-27,
операторым-26-34-50,
бухгалтерием-26-36-29.

E - mail:
Cherkes-Haku@yandex.ru

Ди сайтыр:
www.cherkes-heku.ru

Газетыр щытрадзащ "Кавказская здравница" АО, Минеральные Воды къалэ, Октябрым и илъэс 50 уэрам, 67 унэ.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 20-04-13.

Индексыр 54044-щ.
КъыдэкI бжыгъэр 2948-щ.
Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ: жэуап зыхь секретарь АБИДОКЪУЭ Люсанэ, корректорхэу МУСЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня, оператор ГЪУЭЗДЖЭШ Залинэ.

# Адыгэ Республикэ

## Джарымэ Аслъан Алый ыкъор



АдыгеимкIэ Кощхьэблэ районым хэхьэрэ къуаджэу Еджэркъуае 1939-рэ илъэсым шэкIогъум и 7-м къыщыхъугъ. 1964-рэ илъэсым Кубанскэ мэкъумэщ институтыр къызеухым агрономэу, мэкъумэщымкIэ Кощхьэблэ район гъэIорышIапIэм иэкономист шъхьаIэу, етIанэ мэкъумэщымкIэ Адыгэ хэку гъэIорышIапIэм ипланověэ-экономическэ отдел ипащэу щытыгъ. Iоф ышIэзэ Кубанскэ мэкъумэщ институтым иаспирантурэ щеджагъ. 1980-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу 1984-рэ илъэсым нэс КПСС-м и Адыгэ хэку комитет исекретарыгъ. 1989-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу 1992-рэ илъэсым нэс КПСС-м и Адыгэ хэку комитет иапэрэ секретарэу щытыгъ, Адыгэ автоном хэкум инароднэ депутатхэм я Совет итхьамэтагъ.

1992-рэ илъэсым ищылэ мазэ Адыгэ Республикэм и Президентэу агъэнэфагъ.

1997-рэ илъэсым щылэ мазэм и 12-м хэдзакIохэм япроцент 57,80-мэ амакъэ фати, ятIонэрэ пIалъэкIэ Адыгэ Республикэм и Президентэу хадзыгъ.

2002-рэ илъэсым щылэ мазэм и 13-м Адыгеим и Президент изичэзыу хэдзынэу щыIагъэм хэдзакIохэм япроценти 10-мэ амакъэ щыфатыгъ, хэдзакIохэм япроцент 68-мэ амакъэ зыфатыгъэ Шъэумэн Хьазрэт ащ къытекIуагъ.

2002-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу 2003-рэ илъэсым нэс Урысые Федерацием и Президент и Полномочнэ лIыкIоу Къыблэ федеральнэ шъолъырым щыIэм игодзагъ.

2003-рэ илъэсым Урысые Федерацием игенеральнэ консулэу къалэу Варна (Болгарием) щыIагъ. Джыдэдэм Мыекъуапэ щэпсэу ыкIи щэлажьэ.

Урысые Федерацием и Федеральнэ ЗэIукIэ ФедерациемкIэ и Совет щылэжьагъ.

Экономическэ шIэныгъэхэмкIэ доктор.

ИнформатизациемкIэ Дунэе академием, шIэныгъэхэмкIэ Урысые Академием иэкологическэ академие ахэт, шIэныгъэхэмкIэ Дунэе Адыгэ Академием ипочетнэ член.

Республикэ экономикэм иIофыгъохэм афэгъэхьыгъэ тхылъхэу «Адыгея: от автономии к республике» (1995), «Регион в едином рыночном пространстве России» (1995), «Рыночная трансформация экономического пространства и включенность в него регионов» (1995), «Диагностика региональной динамики и рыночной адаптации экономики региона» зыфиIохэрэр ыкIи статья зэфэшъхьафхэр къыхиутыгъэх. Имонографиеу «Регион в едином рыночном пространстве России» зыфиIорэм ыкIи нэмыкI научнэ статья заулэмэ Урысыемрэ демократическэ зэхъокIыныгъэхэу хэгъэгум щыкIуагъэхэм апкъ къикIыкIэ зэхащэгъэ республикэ ныбжьыкIэхэмрэ ярынкэхэр зэрэгъэпсыгъэщт шIыкIэр къащыхихыгъ, социальнэ Iофыгъохэм атегъэпсыхьэгъэ рыночнэ экономикэм изэхэщэнкIэ къэралыгъом мэхьанэу иIэр, лъэпкъхэм язэдэлэжьэныгъэ епхыгъэ Iофыгъохэр къащызэхифыгъэх.

Адыгэ Республикэм исоциальнэ-экономикэ Iофхэм язытет къыпкъырыкIызэ, мыщ фэдэ IофшIагъэхэм республикэм иэкономикэ апэрэ чэзыоу ыкIи ыужкIэ зэхъокIыныгъэу фэшIыгъэн фаехэр ащигъэнэфагъэх. Предпринимательствэм ахэм чIыпIэшхо ащиубытыгъагъ. Iофтхьабзэу къыхахыгъэмэ ащыщыбэхэр щыIэныгъэм щыпхыращыгъэх.

А. А. Джарымэм орденэу «Знак Почета» зыфиIорэр (1973), ЗэныбджэгъуныгъэмI иорден (1995) къыфагъэшъошагъэх.

Физическэ культурэмрэ спортымрэ апыщагъ. СамбэмкIэ спортым имастер. Художественнэ литературэм еджэныр икIас. Игуапэу пхъэшъхьэмышъхьэ чъыгхэм къадекIокIы, хатэм щэлажьэ. АдыгабзэкIи урысыбзэкIи дэгъоу мэгущыIэ.

## КъумпIыл Мурат Къэралбый ыкъор



Адыгэ РеспубликэмкIэ Красногвардейскэ районым хэхьэрэ къуаджэу Улапэ 1973-рэ илъэсым мэзаем и 27-м къыщыхъугъ.

Улэпэ гурыт еджапIэу №9-м щеджагъ.

Сэнэхьатэу «предприятиехэм яэкономикэрэ предпринимательскэ IофшIэнымрэ» зыфиIорэмкIэ народнэ хъызмэтымкIэ институтэу Ростов-на-Дону дэтыр 1994-рэ илъэсым къыухыгъ.

1993-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу 1994-рэ илъэсым нэс М. Къ. КъумпIылыр къалэу Ростов-на-Дону иассоциациеу «Промагрос» инженерэу Iоф щишIагъ.

1994-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу КъумпIыл Мурат Федеральнэ казначействэм и Красногвардейскэ къутамэ иревизор-контролер шъхьаIэу щытыгъ.

1997-рэ илъэсым иIоныгъо казначействэм и Красногвардейскэ район къутамэ ипащэу агъэнэфагъ.

1998-рэ илъэсым ичъэпыогъу къыщегъэжьагъэу М. Къ. КъымпIылыр Федеральнэ казначействэм Адыгэ РеспубликэмкIэ и ГъэIорышIапIэ и Красногвардейскэ район къутамэ ипащэу агъэнэфагъ.

1999-рэ илъэсым иIоныгъо Урысые Федерацием хьакъулахьхэмкIэ ыкIи хэбзэIахьхэмкIэ и Министерствэ Красногвардейскэ районымкIэ иинспекцие ипащэу агъэнэфагъ.

2002-рэ илъэсым ищылэ мазэ къыщегъэжьагъэу ФНС-м Адыгэ РеспубликэмкIэ имежрайоннэ инспекциеу №1-м ипащэ игуадзэу, 2002-рэ илъэсым итыгъэгъазэ къыщегъэжьагъэу ащ ипащэу щытыгъ.

2008-рэ илъэсым имэлылъфэгъу М. Къ. КъумпIылыр Адыгэ Республикэм и Премьер-министрэ игуадзэ ипшъэрылъхэр ыгъэцэкIэнэу агъэнэфагъ.

2008-рэ илъэсым жъоныгъуакIэм и 12-м къыщегъэжьагъэу Адыгэ Республикэм и Премьер-министрэ ипшъэрылъхэр ыгъэцэкIагъэх.

2008-рэ илъэсым жъоныгъуакIэм и 28-м КъумпIыл Мурат Къэралбый ыкъор Адыгэ Республикэм и Премьер-министрэу агъэнэфагъ.

### Адыгэхэм къытхужаIахэр

*Адыгэм деж еблэгъа хьэщIэр къыщIыхэщтыкIын щыIэкъым — ар быдапIэм ис пэлъытэщ: и хьэщIэр ихъумэурэ, бысымым и гъащIэр итыфынущ. ЩригъэжьэжкIэ, шу гъусэ хуимыщIауэ бысымым хьэщIэр гъуэгу тригъэхьэжынукъым. Гъуэгу тригъэхьэжа хьэщIэм зыгуэр къыщыщI хъужыкъуэмэ, абы илъ имыщIэжауэ, адыгэр етIысэхынукъым.*

**Паллас Петр-Симон.**
**Германие. 1793 гъэ**

* * *

*Зауэм щыIухьэкIэ, адыгэхэм и Iэщэ-фащэ нэхъыфI дыдэмкIэ зызэщIаузадэ. И Iэщэрэ и фащэкIэ ар лъэпкъ куэдым къахощ, Азием дэнэ къэна, Европэми щыслъэгъуакъым шэрджэсым и Iэщэмрэ и фащэмрэ нэхъ дахэрэ нэхъ Iэрыхуэрэ.*

**Хъан-Джэрий.**
**1840 гъэ**



## МэщбэшIэ Исхьакъ Шыумафэ ыкъор



Краснодар краимкIэ Успенскэ районым ит къуаджэу Шъхьащэфыжь 1931-рэ илъэсым жъоныгъуакIэм и 28-м къыщыхъугъ.

1951-рэ илъэсым Адыгэ кIэлэегъэджэ училищэр, 1957-рэ илъэсым М. Горькэм ыцIэкIэ щыт Литературнэ институтэу Москва дэтыр, 1962-рэ илъэсым Апшъэрэ партийнэ еджапIэу КПСС-м и ЦК дэжь щызэхэщагъэм печатымкIэ, телевидениемкIэ ыкIи радиовещаниемкIэ иIофышIэхэм яотделение къыухыгъ.

1956–1959-рэ илъэсхэм хэку гъэзетэу «Социалистическэ Адыгеим» иотдел ипэщагъ.

1959-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу КПСС-м и Адыгэ хэку комитет илектор куп ипэщагъ.

1962–1970-рэ илъэсхэм Адыгэ тхэкIо организацием иответственнэ секретарэу щытыгъ.

1970–1983-рэ илъэсхэм адыгабзэкIэ къыдэкIырэ журналэу «Зэкъошныгъэм» иредактор шъхьаIэу щытыгъ.

1983-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу Адыгеим итхакIохэм я Союз иправление итхьамат.

КПСС-м и Адыгэ хэку комитет, и Краснодарскэ край комитет ахэтыгъ, СССР-м инароднэ депутатэу щытыгъ, СССР-м и Апшъэрэ Совет хэтыгъ.

ШIэныгъэхэмкIэ Дунэе Адыгэ Академием иакадемик, СССР-м итхакIохэм я Союз хэт, Урысыем итхакIохэм я Союз иправление итхьамэтэгъу, тхэкIо Союзхэм ядунэе сообществэ игъэцэкIэкIо комитет итхьаматэ игуадз, Адыгэ Республикэм къэралыгъо наградэхэмкIэ и Комиссие итхьамат, Абхъазым шIэныгъэхэмкIэ и Академие иакадемик, АКъУ-мрэ МКъТУ-мрэ япочетнэ доктор, Урысые Федерацием и Общественнэ палатэ хэт.

Къалэу Мыекъуапэ ицIыф гъэшIуагъ.

1949-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу итхыгъэхэр къыхауты, тхылъ 60-м ехъу къыдигъэкIыгъ, дунаим щагъэфедэрэ бзабэхэмкIэ ипроизведениехэр зэрадзэкIыгъэх. МэщбэшIэ Исхьакъ ипроизведениехэм и Родинэ шIулъэгъоу фыриIэр къахэщы, ипрозаическэ, ипоэтическэ произведениехэм ягеройхэр ныбжьыкIэхэмкIэ щысэтехыпIэу щытых, шIум, щэIагъэ ахэлъыным, Хэгъэгум яшъыпкъэу фэлэжьэнхэм ахэр къыфэджэх. Ипроизведениехэм Iофыгъо къызэрымыкIохэр къащеIэты, ясабыйхэм, я Хэгъэгу къарыкIощтым лъэшэу ыгъэгумэкIырэ цIыфхэм язэфыщытыкIэхэр къащегъэлъагъо.

Орэдыбэ зэхилъхьагъ. А. С. Пушкиным и «Слово о полку Игореве», «Медный всадник», «Скупой рыцарь», «Моцарт и Сальери», М. Ю. Лермонтовым и «Беглец», Н. А. Некрасовым и «Железная дорога», А. А. Блок и «Двенадцать», С. А. Есениным и «Анна Снегина», В. В. Маяковскэм и «Облако в штанах» зыфиIохэрэр адыгабзэм рилъхьагъэх.

Адыгэ Республикэм и Гимн ытхыгъ.

Адыгэ Республикэм итхакIохэм я Союз итхьамат.

Адыгеим, Къэбэртэе-Бэлъкъарым, Къэрэщэе-Щэрджэсым янароднэ тхакIу.

МэщбэшIэ Исхьакъ Лъэпкъхэм язэныбджэгъуныгъэ иорден, орденэу «Хэгъэгум ыпашъхьэ гъэхъагъэхэр зэрэщыриIэхэм фэшI» зыфиIоу я IV-рэ степень зиIэр, дышъэ медалэу «Мамырныгъэм ибэнакIу» зыфиIорэр къыфагъэшъошагъэх.

СССР-м, Урысыем, Адыгеим я Къэралыгъо премиехэм, Урысые литературнэ премиеу М. А. Шолоховым ыцIэкIэ щытым, Дунэе Адыгэ Хасэм ипремие ялауреат.

ПхъуитIурэ зы къорэ ыпIугъ.

## Шъэумэн Хьазрэт Мэджыдэ ыкъор



РСФСР-мкIэ Азовэ-Черноморскэ краим хэхьэрэ Адыгэ автоном хэкум и Хьахъурэтэ район (джыдэдэм Адыгэ РеспубликэмкIэ Тэхъутэмыкъоe районым) ит къуаджэу Афыпсыпэ 1937-рэ илъэсым жъоныгъуакIэм и 1-м къыщыхъугъ.

Шапсыгъ. Хы ШIуцIэ флотым офицерэу къулыкъур щихьыгъ. Ленинградскэ горнэ институтыр къыухыгъ. Техническэ шIэныгъэхэмкIэ доктор.

1956-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу 1958-рэ илъэсым нэс Краснодар и Октябрьскэ район культурэмкIэ иотдел имеханикэу Iоф ышIагъ. 1961-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу Чукоткэ, Магаданскэ хэкум, Красноярскэ краим иарктическэ шъолъыр (хыгъэхъунэу Большевик) водителэу ыкIи бульдозерым имашинистэу ащылэжьагъ. 1962–1963-рэ илъэсхэм Хабаровскэ краимкIэ Аяно-Майскэ районым культурэмкIэ иотдел ипэщагъ. 1963-рэ илъэсым дышъэ къычIэзыхырэ артелэу «Восход» итхьаматэ игуадзэу хадзыгъ. 1966-рэ илъэсым Магаданскэ хэкумкIэ дышъэ къычIэзыхырэ артелэу «Союзым» (СССР-мкIэ анахь артель иныгъэм) итхьаматэ игуадзэу хадзыгъ, 1969-рэ илъэсым ащ ипащэу агъэнэфагъ. 1980-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу Красноярскэ краимкIэ артелэу «Полюс» пэщэныгъэ дызэрихьагъ. Артелыр ЗАО «ДышъэкъычIэх компаниеу «Полюс» зашIыжьым мы компанием ипрезидентыгъ.

2002-рэ илъэсым щылэ мазэм и 13-м Хь. Шэумэныр Адыгэ Республикэм и Президент ихэдзын щатекIуагъ, хэдзакIохэм амакъэхэм япроцент 69,74-м ехъу ащ фатыгъ. Партиеу «Единэ Россием» и Апшъэрэ Совет хэт.

Ащ пэщэныгъэ зыщызэрихьэгъэ лъэхъаным республикэм иправительствэ Премьер-министри 7, мэкъу-мэщымкIэ министри 6, печатымкIэ министри 5 щызэблахъугъ.

Орденэу «Хэгъэгум ыпашъхьэ гъэхъагъэхэр зэрэщыриIэхэм фэшI» зыфиIоу я II-рэ степень зиIэр, орденэу «Хэгъэгум ыпашъхьэ гъэхъагъэхэр зэрэщыриIэхэм фэшI» зыфиIоу я III-рэ степень зиIэр, орденэу «Знак Почета» зыфиIорэр, орденэу «Честь и слава» зыфиIоу а I-рэ степень зиIэр (Абхъазиер), орденэу «Слава и Честь» зыфиIорэр (2012), Урысые Федерацием и Президент ирэзэныгъэ тхылъ къыфагъэшъошагъэх.

2002-рэ илъэсым мэзаем и 8-м къыщегъэжьагъэу 2007-рэ илъэсым щылэ мазэм и 13-м нэс Адыгэ Республикэм ия 2-рэ Президентыгъ.

Мыекъуапэ, Северо-Енисейскэ районым, Красноярскэ, Красноярскэ краим яцIыф гъэшIуагъ.

Шъэумэным ыцIэ афаусыгъ:

«Джырэ медицинэ гупчэу Хь. М. Шъэумэным ыцIэкIэ щытым – я XXI-рэ лIэшIэгъум иклиникэ» – Адыгэ РеспубликэмкIэ Тэхъутэмыкъоe районым икъуаджэу Афыпсыпэ щагъэпсыгъэм ыкIи Хь. М. Шъэумэным иахъщэкIэ зэтырагъэпсыхьагъэм;

Хь. М. Шъэумэным ыцIэкIэ щыт кIэлэцIыкIу унэ-лицееу Красноярскэ щагъэпсыгъэм ыкIи Хь. М. Шъэумэным иахъщэкIэ зэтырагъэпсыхьагъэм;

Адыгэ РеспубликэмкIэ Тэхъутэмыкъоe районым икъуаджэхэу Афыпсыпэ, Псэйтыку, Тэхъутэмыкъуае, Пэнэхэс, АдыгеякIэм яурамхэм;

Адыгэ РеспубликэмкIэ Тэхъутэмыкъоe районым икъуаджэу Пэнэхэс ипереулки 4-мэ;

Адыгэ РеспубликэмкIэ Кощхьэблэ районым икъуаджэу Кощхьаблэ иурам.

Шъэумэн Хьазрэт общественнэ шIушIэ фондэу Хь. М. Шъэумэным ыцIэкIэ щытыр зэхищагъ.

Мы цIыфыр зыфэдэм непи Адыгеим бэрэ щырэгущыIэх. Промышленникыр, меценатыр, зиIофхэр дэгъоу зэпыфэщтыгъэ бизнесменыр шъыпкъэныгъэ зыхэлъ цIыф гупцIанэу, хьэрамыгъэнчъэу щытыгъ, сентиментальнэгъэ тIэкIуи хэлъыгъ пIоми хъущт. Ар ошIэ-дэмышIэу политикэм хахьи, джащ фэдэ къабзэу ошIэ-дэмышIэуи ащ хэкIыжьыгъ. Хэхъоныгъэ ышIыным пае ар ичIыгу гупсэ деIэ шIоигъуагъ, кIуачIэу, зэчыеу, амалэу иIэр зэкIэ зыщигъэфедэщтым лъыхъущтыгъ, зыфэегъэ закъор Iофышхо зыгъэцакIэ фэдэу зыкъэзымыгъэлъэгъорэ, цIыфхэм яфедэ пае яшъыпкъэу лэжьэрэ иакъылэгъухэр къыготынхэр, къыкъотынхэр ары.

## Шъхьэлахъо Аскэр Асхьад ыкъор



1955-рэ илъэсым шышъхьэIум и 6-м къэхъугъ. 1972-рэ илъэсым Шэуджэнхьэблэ гурыт еджапIэу №2-р къызеухым Советскэ Дзэм къулыкъу щихьыгъ.

Апшъэрэ гъэсэныгъэитIу иI, сэнэхьатэу «инженер-механик» зыфиIорэмкIэ 1982-рэ илъэсым Кубанскэ мэкъумэщ институтыр къыухыгъ.

ЯтIонэрэ апшъэрэ гъэсэныгъэр 2001-рэ илъэсым зэригъэгъотыгъ, сэнэхьатэу «къэралыгъо, муниципальнэ гъэIорышIэныр» зыфиIорэмкIэ къэралыгъо къулыкъум и Темыр-Кавказ академие гъэхъагъэ хэлъэу къыухыгъ.

ОАО-у «Адыгсельстроим» игенеральнэ директорэу щытыгъ.

2001–2006-рэ илъэсхэм, 2006–2011-рэ илъэсхэм Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет – Хасэм идепутатэу хадзыгъ.

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет – Хасэм и Щытхъу тхылъ, Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет – Хасэм и Щытхъу тамыгъэу «Закон. Пшъэрылъ. ЦIыфыгъ» зыфиIорэр къыфагъэшъошагъэх.

ЩытхъуцIэу «Урысые Федерацием изаслуженнэ псэолъэшI» зыфиIорэр иI.

2011-рэ илъэсым гъэтхапэм и 31-м Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэ ышIыгъэ УказымкIэ Адыгэ Республикэм лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет итхьаматэу агъэнэфагъ.

## Министрэ къодыягъэп...



СицIыкIугъом епхыгъэ гукъэкIыжьхэм Хьанэхъу Адамэ зыщыпсэурэ фэтэрыр шIукIэ къахэнагъ. А лъэхъаным ар фыжьышъор къебэкIэу, хъоо-пщаоу дэхэ дэдэу къысшIошIыщтыгъ. Ащ апэрэу щыслъэгъугъ Адамэ ишъхьэгъусэу Асыет.

ЕтIанэ сигукъэкIыжьхэр а унэ чIэхьагъум илъэоянэхэм анэсых. Сятэрэ сэрырэ Хьанэхъу Адамэ тигъусэу щагум тыкъыдахьэ, республикэм ипрезидентэу тиунэ чIэсыгъэр къэзыгъэгъунэрэ купыр ащ щысэлъэгъу. А лъэхъаным сыцIыкIугъэми, Хьанэхъу Адамэ цIыф къызэрыкIоу зэрэщымытым гу лъыстэщтыгъ, сятэ Iоф зыдишIэрэ «дядя» хьалэлым Iофышхо зэришIэрэр къызгурыIощтыгъ.

Культурэм епхыгъэ пэпчъ цIыф къызэрыкIоу Адамэ зэрэщымытыр, зыфэгъэзэгъэ Iофым хэшIыкIышхо зэрэфыриIр ышIэщтыгъ. Сыныбжь зекъум бэмэ къаIоу зэхэсхыгъ зыгорэкIэ уелъэIунэу ащ дэжь учIэхьаныр Iоф псынкIэу зэрэщымытыр. ЦIыфхэм афэмыягъэу, е чIимыгъахьэщтыгъэхэкIэ арэп, Iоф зиIэу министрэм дэжь къэкIуагъэм хэкIыпIэ къыгъотыгъэу Адамэ дэжь къычIэкIыжьыщтыгъ. Министрэр икабинет имыкIэу хэкIыпIэр ащ къыфигъотыщтыгъ. Ар пэщэ дэгъум ишэн, Адамэ цIыфэу къыфэкIуагъэм лъэIуакIоу зилъытэжьыщтыгъэп, хэкIыпIэр ежь къыгъотыгъэу къышIошIызэ къычIэкIыжьыщтыгъ.

Адамэ чиновник къодыягъэп, ар IэпэIэсэныгъэшхо зыхэлъ музыкантыгъ, культурэр мэхьанэшхокIэ зыушъэрэ цIыфыгъ. Ар охътэ макIэу зэминистрэм къыкIоцI камернэ театрэу непэ Адамэ ыцIэ зыхьырэр щыIэ хъугъэ, ежь икIэщакIоу оркестрэу «Русская удаль» зыфиIорэр зэхащагъ, «Налмэсым» академическэ статус иIэ хъуи, Игорь Маисеевым иансамблэ кIэхьагъ.

ЗымышIэрэм Адамэ зэкIэри псынкIэу, къин химылъагъоу къыдэхъоу къышIошIыщтыгъ. Ау культурэм имэхьанэ къэIэтыгъэным ащ кIочIэшхо хилъхьагъ, ащ иIофыгъохэм къэралыгъом гу къылъаригъэтэным Iофышхо дишIагъ. Москва къакIо къэс а зыр ары зыпылъыгъэр – Адыгеим икультурэ зыкъегъэIэтыгъэным, ащкIэ Iофыгъохэм язэшIохын ренэу ыуж итыгъ. Коллективхэм апае музыкальнэ Iэмэпсымэхэр ыщэфын ылъэкIыгъэмэ, Адамэ игушIогъошхуагъ, республикэм иансамблэхэм хэхъоныгъэ ашIыным пае Iахьтедзэу ахъщэ къатIупщыныр ыпшъэ ифагъэмэ, Адыгеим дунэе фестивальхэр щызэхащэхэмэ насыпышхъоу зыфилъытэжьыщтыгъ.

Дэгъоу къэсэшIэжьы нэмыкI чIыпIэхэм къарыкIыгъэ хьакIэхэу Мыекъуапэ къэкIуагъэхэм къалэм икультурнэ щыIакIэ зэрагъэшIагъощтыгъэр, «Джыри тыкъэкIощт!» зэраIощтыгъэр. Ахэр джыри къэкIох. Арышъ Адыгеим икультурэ лъэныкъо тэрэзкIэ хэхъоныгъэхэр ешIых.

*Iуэху еплъыкIэ*

КъБР

# Дэнэ деж къыщежьэрэ гуныкъуэгъуэр?

**Ди къэралым щIэблэ гъэса, псэ къабзэ къыщIэтэджэн папщIэ зэрылъэпкъыу анэдэлъхубзэ псалъэм и къарур нэсу къигъэсэбэпын хуейщ, анэбзэм и мыхьэнэр апхуэдизу куущ, цIыхум и зыузэщIыныгъэм епхащи. Зи цIыху бжыгъэр мащIэ лъэпкъхэм яIурылъ бзэхэм заужьынымкIэ мыхьэнэ ин иIэщ «Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм ятеухуауэ» Хабзэм. А хабзэращ нобэ къэралыр бзэм теухуауэ зытет политикэм и лъабжьэр.**

Апхуэдэу мыхьэнэшхуэ яIэщ КъБР-м и Парламентым къыдигъэкIа «Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэр», «Щэнхабзэм теухуауэ» жыхуиIэ хабзэхэм, «Щрагъаджэ IуэхущIапIэхэр тхылъхэмкIэ ирикъуу къызэгъэпэщын» программэм, нэгъуэщIхэми. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ КъБР-м и Правительствэм къиштат «НэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъухэм защIэгъэкъуэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэфIигъэкIынухэм я унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр». Абы щыубзыхуащ ди щIэблэр адыгэбзэкIэ егъэджэным ехьэлIа Iуэхугъуэ куэд.

Зэрынэрылъагъуущи, адыгэбзэр сыт и лъэныкъуэкIи гъэлэжьэным теухуауэ унафэ тэмэмхэр, унэтIыныгъэ куухэр, программэ купщIафIэхэр къыдэкIауэ, зэхалъхьауэ щыIэщ. Ахэр къэрал IуэхукIэ, адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я жэрдэмкIэ щIэгъэбыдэным хуэлажьэхэр мащIэкъым. АтIэ дэнэ деж къыщежьэр анэдэлъхубзэр нэсу хъума, щIэблэм бгъэдэлъхьа зэрымыхъум къыхэкI гуныкъуэгъуэр?

Ар къыщожьэ анэдэлъхуу Iурылъ бзэм езы лъэпкъым пщIэрэ щIыхьу хуимыщIым зэрыкIэрыхум. Лъэпкъыр цIыху зырызу зэхэтщ. Балигъ хъуа дэтхэнэ зы адыгэми ди бзэмрэ ди щэнхабзэмрэ я мыхьэнэр къагурымыIуэмэ, къагурыIуэнуи гукъыдэж ямыIэмэ, сыт хуэдэ унафэми программэми сэбэпу яIэнур мащIэщ.

Ди бзэр, ди щэнхабзэр лъэпкъым и цIыху куэдым къащIыфIэмыIуэхур щхьэусыгъуэ зыбжанэм къыхэкIащ. Социальнэ психологие и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, абы и лъабжьэр куущ. XIX лIыщIыгъуэм икухэм къыщыщIэдзауэ XX лIыщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, 1917 гъэм нэсыху, Урысей пащтыхьым цIыхубэр егъэджэнымкIэ и Министерствэм къилъытэу щытащ къэралым щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэм я бзэхэр литературэбзэм хуэбгъэкIуэныр, тхыгъэ лъабжьэ етыныр, щIэблэр а бзэхэмкIэ егъэджэныр делагъэм и делагъэжу. Тхыдэм и мардэкIэ къапщтэмэ, лъэпкъым и «лъым хыхьа» апхуэдэ мыхъумыщIагъэр щIэх хэкIыжыркъым: дыхуей-дыхуэмейми, а блэкIам ижь ноби къытщIеху. ИпэжыпIэращи, Жэпуэгъуэ революцэр къэмыхъуамэ, ди бзэри тфIэкIуэдауэ, дэри, дэ тхуэдэ адрей лъэпкъ мащIэхэри лъэпкъышхуэхэм дахэшыпсыхьыжауэ нобэ дыкъыщIидзынкIи хъунт. 1927 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр радиор лъэпкъыбзэхэмкIэ псалъэу щыщIидзам, ди нэхъыжьхэм яхэтт радио кIапсэм «зэрырикIуэн къару» адыгэбзэм иIэу зи фIэщ мыхъухэр, апхуэдизкIэ къехуэхати абы и пщIэр. Аращ адыгэ усакIуэшхуэ ЩоджэнцIыкIу Алий 20-30 гъэхэм публицист лэжьыгъэм зыщIритар, ди бзэр джыныр япэ щIригъэувар: абы и тхыгъэхэу «Ди бзэр зэфIэгъэувэжыгъуей хъунукъым», «Тырку ложэ», «Иванрэ адыгэбзэмрэ» жыхуиIэхэми, нэгъуэщIхэми программэ мыхьэнэ ин яIэщ.

Лъэпкъыбзэр еудыха щыхъуа зэманыращ «Адыгэбзэм КъалэкIыхьым унигъэсыну аращ» жыхуиIэ псэлъафэри къыщежьар.

Ноби ди бзэм щхьэкIэ ущIэгузэвэн щхьэусыгъуэхэр мащIэкъым. Адыгэбзэр, адрей бзэхэм хуэдэу, щIыщыIэр ар зыIурылъ цIыхуращ, абы и щIэблэращ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр къапщтэмэ, абы и 76-нэ статьям щыжеIэ: «Къэралыбзищри зэгъусэу, зэхуэдэ хуитыныгъэ яIэу республикэм и дэтхэнэ къэрал IуэхущIапIэми къыщагъэсэбэпын хуейщ». Ауэ а IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм яхэтщ псэлъамэ, адыгэу, адыгэ къуажэ къыдэкIахэу, щапIахэу, щеджахэу, ауэ, уакIэлъыплъыжамэ, адыгэбзэм мыхьэнэ ирамыту. Конституцэм иратхар, гува-щIэхами, гъэзэщIа хъунщ, иджыкIэ нэхъ гугъуу къалъытэм – Iуэху псори бзэхэмкIэ зехьэным – дыхунэсынщ, зи гугъу фхуэтщIа IуэхущIэкъулыкъущIэхэм хуэдэхэми я гупсысэм хуэм-хуэмурэ зихъуэжынщ. Хъуэжыгъуей хъунущ щхьэзакъуэ мылъку психологием къигъэщIу, иужьрей илъэс пщыкIутхутIощIым адыгэ гъащIэм къыхыхьа дуней тетыкIэр, мылъку угъуеиныр зи нэхъуейхэр, кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъур, кризисым къихь Iэужь мыщхьэпэхэр. Ауэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым къэралыр щытыкIэ мытыншым щиткIэ, абы ис дэтхэнэ лъэпкъыми, дэтхэнэ унагъуэми абы ижь къыщIимыхункIэ Iэмал зэримыIэр, экономикэм зиужьыжыным упэплъэу щэнхабзэр егъэфIэкIуэныр къэбгъэувыIэ зэрымыхъунур.

Бзэр лъэпкъым и псэу лIыщIыгъуэкIэрэ къызэрекIуэкIыр езы бзэм хэт нэхъри нэхъыфIу, нэхъ гурыIуэгъуэу къыбжеIэ. Дривгъаплъэт 1999 гъэм Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ купсэм гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къыдигъэкIа «Адыгэбзэ псалъалъэм». «Бзэ» псалъэр тхылъым щызэпкърихащ «зэрызэпсалъэ, зэрызэгурыIуэ» жиIэу. Мыбдежым «псалъэр» «псэр зэрылъ» мыхьэнэм къыщожьэри «псэхэри» зэрызэгурыIуэ жыхуиIэм хуокIуэж. «Псэр» цIыхум гъащIэ иIэнир зэпха, абы и псэуныгъэм и хэкIыпIэщ. Анэдэлъхубзэм и кууупIэм къыхэкIауэ, и псалъитIым ехьэлIа, бзэм и IэфIагъыр цIыхум бгъэдэзылъхьэ псалъэу идиомэу, псалъэжьу тхылъым итыр 35-рэ мэхъу!

АтIэ яхуэфащэкъэ лъэпкъым къыбгъэдэкIыу фIыщIэ яхуэтщIыну, гущIэгъу яхуэфащэкъэ адыгэбзэр зыгъэбзэрабзэ тхакIуэхэм, журналистхэм, щIэныгъэлIхэм, егъэджакIуэхэм? Шэч хэмылъу! Мыбдежым псом япэ итыну зыхуэфащэр «Адыгэ псалъэ» газетырауэ къызолъытэ. Адыгэ тхыбзэм и махуэм хэIэтыкIауэ къыхэгъэщыпхъэщ ар, КъБР-м и мызакъуэу, Ипщэ федеральнэ щIыналъэм къыщыдэкI лъэпкъ газет нэхъыфI дыдэхэм зэрахэтыр, абы и лэжьакIуэхэм я гуащIэр лъэпкъым и къэкIуэнум зэрыхуэгъэпсар.

(КIэухыр е 6-нэ напэм итщ).

---

Адыгеибзэрэ къэбэрдеибзэкIэ зэджэр адыгэбзэм, нэгъуэщI лъэпкъхэр шэрджэсыбзэкIэ зэджэм, и къэпсэлъыкIитIу щытуращ, бзэ зэпэщхьэхуэу плъытэнри щыуагъэщ.

Абхъаз-абазэбзэмрэ убыхыбзэмрэ я лъапсэгъуэщ адыгэбзэр. Зы лъэхъэнэм мыхэр зы бзэу щыташ, нэхъ иужьыIуэкIэ а бзэм ирипсалъэхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэр яфIэкIуэда щхьэкIэ.

А бзэхэм емылэжьым и дежкIи нэрылъагъуэщ абыхэм зы лъабжьэ зэраIэр, зы гупсысэм къызэригъэщIар.

**ХЕЛИГ Моникэ,**
**нэмыцэ щIэныгъэ лэжьакIуэ.**
**1988 гъэ.**

---

АР

КIЭМЭЩ Жанн

## Сиадыгабз

Сыкъызэрэхъоу сиадыгабзэ
Сигъатхъэу Тхьэм къысIуилъхьагъ.
Быдзщыщэу синыдэлъфыбзэ
Слъынтфэмэ къарылъэдагъ

Сэ сыбзэу сиадыгабзэ
ШIу слъэгъоу сэгъэбзэрабзэ.
СикIасэу адыгэ жабзэм
КъырысэIуатэ тихабзэ.

ПсынэкIэчъ къаргъом ижабзэу,
Ташъхьагъэрэ огу шхъонтIабзэу
Къысщэхъу синыдэлъфыбзэ,
Дэхащэу сиадыгабзэ.

Уфэсэгъадэ гукIэгъум,
Уфэсэгъадэ шIулъэгъум,
Уфэсэгъадэ ныбджэгъум,
Гъунджэм фэдэу гъунэгъум.

ГъэшIэрэ жабзэу сыбзэ,
Орырэ сэрырэ тызэу
ТырэкIо хъишъэ чIыналъэм,
Тятэжъмэ аIогъэ псалъэм.

## Адыгабз

Огу шхъуантIэр —
адыгабз.
ЧIыгу гъэебжъур —
адыгабз.
ПсынэкIэчъэу
мэбзэрабзэ,
Тыгъэ фабэу ар
къытфепсы,
Ощхы шъабэу
мэIушъашъэ.

Сыдэу фэд адыгэ
пшъашъэм!
КъэгущыIэ лIыжъ
губзыгъэу,
Нарт тхыдэжъ
тыщегъэгъуазэ.
Адыгабзэр —
тилъэпкъыбз,
Адыгабзэр —
тилъэпкъыпс.




---

КъЧР

# Лъэпкъыбзэр – сымаджэ хьэлъэмэ...

*(КIэухращ. ПэщIэдзэр е 1-нэ напэм итщ).*

Лъэпкъ мащIэхэм я анэдэлъхубзэмрэ щэнхабзэмрэ пщIэ хуищIыпхъэр къызыкъуихыну къэралым и пщэм илъщ. Нэхъыщхьэжыр аращи, адыгэм къыхэкIауэ, лъэпкъым и быну, къулыкъу зэхуэмыдэхэр зыIыгъхэм лъэпкъыбзэм и мыхьэнэр къагурыIуэу, нэгъэсауэ пщIэ ирату, ирипсэлъэн мыукIытэу щытмэщ зыгуэр дыщыгугъ щыхъунур. АтIэ, журналистхэр, псом хуэмыдэу телевиденэм щылажьэхэр, наIуэ дыдэу дыщыгъуазэщ лъэпкъыбзэр тхьэмыщкIагъуэ зэрыхуам. Ди лъэпкъэгъу къулыкъущIэ, IуэхущIакIуэ дызыбгъэдыхьэхэм я пщэрылъыр, мурадыр, гупсысэр я анэдэлъхубзэмкIэ къабзэу къыщыбжамыIэжыфкIэ, абы куэдым урегъэгупсыс.

Телевиденэм пыщIа лэжьыгъэ дгъэкIуэтэну дыщежьэ къэси гупсысэ хьэлъэхэм дыхохуэ: «Къэдгъэпсэлъэну гуэр дгъуэтыну? Зи бзэр лъэщIауэ, жиIэнур адыгэбзэкIэ къытхуэзыIуэтэфыну къэтлъыхъуэфыну?» жытIэу дызоупщIыж. Гу зэрылъыстащи, ди бзылъхугъэхэм я бзэр нэхъ лъэщIауэ, къабзэу къызэтенащ. Ди цIыхухъухэм я анэдэлъхубзэр пагуэ хъуащ.

Тхьэгъэпсэу яжесIэну сыхуейт лъэпкъыбзэр нобэ къабзэу къызыIурына ди егъэджакIуэхэм. Псом хуэмыдэжу, ди къуажэдэс нанэхэм фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт. Уи гур ягъэтIысу абыхэм я гупсысэхэр анэдэлъхубзэкIэ къызэраIуатэр куэд и уасэщ. Абыхэм яхуэмэфащ я лъэпкъыбзэр, зыщыщри, къызыхэкIари ямыгъэгъуащэу жьыщхьэмахуэ ныбжьым нэсащ. Ахэращ нобэ диIэр ди бзэм и чысэ къабзэу, анэдэлъхубзэр здызэхуэхьэса дыщэ пхъуантэу.

**— Гукъеуэм къигъэуша гупсысэр дымыгъэныщкIуу, сыт хуэдэ бгъэдыхьэкIэ дызыхуэкIуапхъэу къэплъытэр?**

— Сэ къызэрысщыхъумкIэ, гупсысэм жэщ-махуэ имыIэу диIыгъыу, хэкIыпIэ Iэмал дылъыхъуэу, дегузэвэкIын хуейуэ къызолъытэ. Ди хэгъуэгум щыпсэу лъэпкъхэми уахэплъэмэ, адыгэхэм хуэдэу зи бзэм нэхъ пщIэ хуэзымыщIыж, фэ езымыплъыж яхэмыту къыщIэкIынщ. Абы шэч лъэпкъ къыщIытепхьэни щыIэкъым. Ди гъусэу лъэпкъэгъухэм зэ уахыхьэмэ, я псэлъэкIэмрэ анэдэлъхубзэ къуалъхьэжамрэ плъагъумэ, нобэ жысIэм хэти щыхьэт техъуэнущ. Къэрэшеи, абази, нэгъуеи зэрыжаIэу, ар хуеймэ къуажэдэс е къалэдэс ирехъу – я быныр я лъэпкъыбзэмкIэ ягъэпсалъэу, утыкум ихьэмэ я лъэпкъыбзэмкIэ «иракъутыхьу» иту долъагъу. Пэжщ, адыгэхэми къахокI зыгуэр зыщIэ, зи гур лъэпкъыбзэм хуэгузавэ, ауэ и нэхъыбэм мы Iуэхум бгъэдыхьэкIэ хуаIэм укъегъэуIэбжь.

Сэ куэдрэ жысIащ: бзэм бгъэдыхьэкIэ къыхуэдгъуэтынымкIэ щапхъэ тхуэхъупхъэу къэслъытэр Журтейм я бгъэдыхьэкIэращ. Абыхэм я сабийхэр анэдэлъхубзэм зэрыхурагъаджэр, къызэрыхуагъэушыр, лъэпкъыбзэр зэрыIуралъхьэр ди дежкIэ нэIурыт Iуэхущ.

Мыбдеж сигу къэзгъэкIыжынуи сыхуейщ, Бемырзэ Мухьэдин тхьэмыщкIэм адыгэбзэкIэ 1-4 классхэр зэреджэну Iэмалхэр зэригъэпэщу, лъабжьэ ириту, экспериментальнэу къызэрызэригъэпэщауэ щытар. АтIэ, а зэманым Мухьэдин а гупсысэр щIиукъуэдиям, ерыщу и ужь щIитам, ауэ ар зэрызэхамыхам нобэ щIэрыщIэу дегупсысыжыпхъэщ. А гупсысэм мыхьэнэ хуабжь иIэщ. Ар зэхэтщIыкIмэ, куэд къыдгурыIуэнущ.

Мис а гъуэгу дыдэрауэ къысщохъу журтхэр зытетри. Абы щыпсэу адыгэ къуажитIым я еджапIэм анэдэлъхубзэ зыIурымылъ сабий ящтэнукъым. Зи анэдэлъхубзэр лъабжьэ зыхуэхъуа сабийхэм журтыбзэри, инджылызыбзэри, хьэрыпыбзэри къабзэу ящIэу, нэгъуэщI лъэпкъыбзэхэми хэщыпыхьыфу ягъасэ. Абы ехьэлIа щыхьэтлыкъхэм дэ куэдрэ дыпэщIэхуащ Журтейм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм дахуэзэкIэрэ, дайпсалъэкIэрэ, я Iуэху зытетыр къэдгъэIуатэкIэрэ.

Езы Журтейм и хабзэр, и бгъэдыхьэкIэр абы щыпсэу адыгэхэми къащтэу, езыхэми зэраукъуэдияр ди дежкIэ щапхъэу къызолъытэ. Абы я бгъэдыхьэкIэм елъытауэ, дэ ди Iуэху зехьэкIэр узыфIэмыкIыжыну тхьэмыщкIагъуэщ. Лъэпкъыбзэм и жьауэм щIэкIам, абы елъэпэуэжам и дунейри зэрымыузыншэжым сэ шэч къытесхьэкъым. Сыту жыпIэмэ, ар сыт хуэдэ лъэпкъми яхэгъэтIысхьи, зэрызадригъэкIуным пылъынущ. Уи литератури, щэнхабзи зэрызехьапхъэр уи бзэщ.

Сэ хуабжьу сызыгъэгужьейр ди сабийхэм анэдэлъхубзэ яIурылъу сабий IыгъыпIэм кIуэуэ, мазэ бжыгъэкIэ зэраIурыхужращ. Къалэдэс анэ-адэ гуэрхэри хьийм икIауэ, я лъэпкъыбзэм хуэмеижу, я быным ирагъэджыну хуэмейуэ, уеблэмэ лъэIу тхылъ еджапIэхэм щIалъхьэу – гужьеигъуэщ дызэрыт зэманыр. Абыхэм къагурымыIуэр зыщ: уи лъэпкъыбзэм щIэныгъэм хегъахъуэ, армыхъу хигъэщIкъым. Абы и щыхьэту къэсхьыну сыхуейщ сэ сцIыху дыдэу, къалэдэс Брат Валерэ и къуэ Станислав. Абы къиухар къалэ еджапIэщ, ауэ и анэдэлъхубзэр уэрсэру Iурылъу ищхьэ еджапIэм кIуэри, дунейм щынэхъ гугъуу къалъытэ китаибзэри зэригъэщIащ.

Китайхэм я Iуэху къыщыхэдгъэщакIэ, жысIэнщи: хьэрф минийм нэс зезыхьэ, къэзыгъэсэбэп, зи лъэпкъыбзэм хэзымыгъэкIуэдыкI, зи сабийхэм езыгъэцIыху лъэпкъым нэхърэ ситкIэ дынэхъыкIэ?! Апхуэдэу дыщIыщытым и щхьэусыгъуэм дылъыхъуэн щIэддзэмэ, сэ ар нобэ нэхъыбэу зи лажьэу къэслъытэр ди бзылъхугъэхэращ – анэхэращ. Унагъуэм унафэ Iыхьэ къыщащтам и гъусэу, жэуаплыгъэ Iыхьи къызэращтар къагурыIуауэ слъытэкъым абыхэм: лъэпкъым, гъэсэныгъэм, лъэпкъыбзэм хуэгъэза жэуаплыгъэр.

**— Мусэлы, лъэпкъыбзэр нобэ сымаджэ хьэлъэу ди нэгу къыщIэдгъыхьэмэ, къеуэлIа узым къелыну къэплъытэрэ? Къезыгъэлыну хущхъуэуи сыт плъагъур?**

— Ди зэпсэлъэныгъэр къызэредгъэжьа упщIэм сыхуэкIуэжынщи, ди бзэр тIэщIэхужмэ, лъэпкъыр дыхэкIуэдэжауэ аращ. Лъэпкъыбзэр и лъэ теувэжыным си гугъэр хэсхыну сыхуейкъым. А гугъэр сIэщIэкIмэ, дунейм сыщIытет щхьэусыгъуэри сIэщIэкIыну къысщохъу. Нобэ лъэпкъым къеуэлIа узыр идмыщIыкIмэ, дыпэщIэмыувэмэ, ди гугъэри кIуэсэнущ. Абы и Iэмалу слъагъур унагъуэращ. Унагъуэм щызэдэпсэу зэщхьэгъусэхэр зэкъуэувэу, лъэпкъым и дунейр яхъумэу езыхэри, я бынхэри утыкум ирагъэхьэн хуейщ. Шэч хэмылъуи, къэралым и бгъэдэхьэкIэми зихъуэжын хуейуэ къызолъытэ. Сыту жыпIэмэ, лъэпкъ узыншэ зэрымыс къэралри узыншэнукъым.

**Епсэлъар**
**БЕМЫРЗЭ Зурабщ.**

---

КъЧР

**Iуэху еплъыкIэ**

# Анэдэлъхубзэр дяпэкIи щыIэну дыхуеймэ

Дэ допсэу дунейпсо цIыхубэм и Iуэхухэр кIуэ пэтми къыщыбатэ, лъэпкъышхуэхэм я бзэхэр, псом япэуи инджылызыбзэр, дунейпсо Iуэхухэр зезыгъакIуэхэр, лъэпкъ цIыкIухэм къащытегуплIэ лъэхъэнэм. Дуней псом деж цIыхубэм я Iуэху зэрыкIуатэм, зэрыпсэум ехьэлIа къэхъукъащIэхэм я зэгъэуIупIэ, зэбгырыкIыпIэ Интернетым, зэрыжаIэщи, цIыкIуи ини зэщIеIулIэ, абы зэману хухахым кIуэ пэтми хохъуэ. Мыбы дэщIыгъупхъэщ телевизорыр, компьютер, телефон джэгукIэхэр. А псоми цIыхум, нэхъыщхьэр арaщи, щIалэгъуалэм, Iуэхум къыдэхуэ сыхьэтхэр Iырах къудейкъым, атIэ я акъылыр ягъэутхъуэ, гупсысэхэр елъахъэ, зэхэщIыкIыр егъэужьых, анэдэлъхубзэр лъэныкъуэ ирегъэз. НобэкIэ ди къуажэхэм, гуфIэгъуэ, нэщхъеягъуэ зэхыхьэхэм я деж адыгэбзэ къабзэ, шэрыуэ щызэхэпхыжкъым. Пэжщ, а Интернет дыдэмкIэ къэрал куэдым щипхъыхьа адыгэхэм я щIалэгъуалэр зэрощIэ, я езэш тырагъэу. Ауэ абы къикIкъым адыгэбзэкIэ Iуэху зэрахьэу, абы зырагъэужьу, кууэ иризэпсалъэу. Иужьрей илъэс 30-40-м къагъэува а лъэпощхьэпо инхэм я лъахъэм къикIыныр икъукIэ гугъущ, дящыщ дэтхэнэми къыкъуэкIын хуейщ, жыпIэнумэ, лIыгъэрэ ерыщыгъэ инрэ. Ярэби ар тхузэфIэкIыну пIэрэ нэхъыжьхэм, и лъэпкъым хуэмыгунэфхэм?

Ди бзэр къызэтенэнымкIэ псом хуэмыдэу куэд дыдэ ялъытащ махуэ къэс ар зыгъэIурыщIэ, зыгъэлажьэ журналистхэм. ЖыIэн хуейщ, куэдым лъэпкъ газетыр къыщIыщIатхыкIыр ди хэгъуэгум, дунейм къыщыхъухэм я хъыбархэр, зэрыжаIэщи, «жьэражьэу», Iуданэм къызэрыпачауэ япэу абы къыраджыкIыну щыгугъыу аракъым. Абы хуолажьэ электрон СМИ-хэр. АтIэ абыхэм газетым щалъагъуну хуейщ анэдэлъхубзэ шэрыуэм, псалъэ гъэхуам, ди нобэм къигъэув, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа лъэпощхьэпохэм бзэр зэрыпагъэлъэщым, гупсысэщIэ къызэрыкI псалъэщIэхэр абы къызэригъэщIыфым я щапхъэхэр, ди тхыдэм, щIэнхабзэм, хабзэхэм яхьэлIа тхыгъэ купщIафIэхэр. Журналистхэм куэд дыдэ къыдэлъытащ анэдэлъхубзэкIэ еджэхэм я бжыгъэм хэхъуэнуми хэщIынуми. ЩIэджыкIакIуэм зыхещIэ ди Iэпэ зыщIэлъ тхыгъэм делIэлIами, Iэхъуэгъуэ тегъэкIыу ди пщэрылъ сатыр бжыгъэр иридгъэкъуами. Псом хуэмыдэу ар яхуэгъэзащ зи лэжьыгъэм пэрыува къудейхэм. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абыхэм зыхуей IэкIуэлъакIуагъ тхэным хуаIэу, ящIапхъэ псори ящIэу щыткъым, абыкIи емыкIу яхуэпщI хъунукъым. Ауэ губгъэн яхуэфащэщ анэдэлъхубзэкIэ тхылъ емыджэхэм, абы хуэщхьэххэм, бзэр нэсу зэгъэщIэным хущIэмыкъухэм. Апхуэдэхэм IэнатIэ къыхахыр фIыуэ ямылъагъуу, ягу хуемыкIуащэу аращ, абыкIэ ауэ сытми я щIакхъуэ Iыхьэ кърaлэжьу. Зи гур Iуэхум хуэпабгъэ журналистым и тхапIэм, Iэбэмэ къиштэну, телъыпхъэщ псалъалъэ зэхуэмыдэхэр, урысыбзэм ейхэри хэту. Ар зэIумыбз Iуэхухэм щIэупщIэу, нэхъыжьхэм захуигъэзэфу щытын хуейщ. Арыншэу зэрылажьэ Iэмэпсымэу щыт бзэр кууэ ищIэнукъым, и пщэрылъ инми пэлъэщынукъым.

Иужьрей гупсысэм и щапхъэ гуэрхэр, урысыбзэм щыщ псалъэхэмрэ жыIэкIэхэмрэ ди бзэм къызэрыхэдгъэхьэ щIыкIэм ехьэлIауэ. Мыр япэ дыдэу къэтIэту аракъым, илъэс 40-50-кIэ узэIэбэкIыжмэ абы зыхуагъазэ зэпыту щытащ. Псалъэм папщIэ, адыгэбзэм хамэбзэ псалъэхэр къызэрегъэщтэн хуей щIыкIэм, ди тхыбзэм и ухуэкIэм зэрызегъэужьыпхъэм ятеухуащ Мамрэш Кимрэ Балъкъэр Бубэрэ я тхыгъэ убгъуахэр, 1954 гъэм къыдэкIа Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ къэхутакIуэ институтым и тхыгъэ зэхуэхьэсахэм яхэтхэр. Абыхэм къыщыIэта Iуэхугъуэ зэIумыбзэхэм ящыщ мымащIэ ди нобэми къэсащ анэдэлъхубзэм и лъэкIыныгъэхэм нэмыплъ ирату, и зыужьыныгъэр ялъахъэу, зыхуэмыныкъуэ псалъэхэр абы къыхалъафэу. Пэжу, а мыхъумыщIэхэм я зыныкъуэм щхьэусыгъуэ иIащ-апщыгъуэм къэралым и политикэр ткIийт, щыуагъэ зыIэщIэкIа редакцэ лэжьакIуэр, ауэ сытми етхьэкъуэ къудей мыхъуу, ягъэтIыст. Апщыгъуэми бзэм и лэжьакIуэ пэрытхэм зыжьэу жаIэт зыхуэныкъуэ хамэбзэ псалъэхэм анэдэлъхубзэр зэригъэбейр, икIи дыщIагъужт дэтхэнэ бзэми зиужьынымкIэ Iэмал нэхъыщхьэу щытыр езым и лъэкIыныгъэхэр зэрыарар.

Ауэ жыIапхъэщ ищхьэкIэ дгъэнэIуа пIалъэм хамэбзэ псалъэхэм я къэщтэкIэр, къащта псалъэм и тхыкIэр зэрефIэкIуар. Абы и щапхъэ гуэрхэр: «Ящик» псалъэр япэу бзэм къызэрыхагъэхьар «ящик» жэуэщ, пIалъэ текIри абы и жыIэкIэри тхыкIэри нэгъуэщI хъуащ — «ашыч». «Комиссия» жыIэкIэр «кIэмис» жэуэ къыхэхьэри иужькIэ «чэмисым» хуэкIуащ, ауэ иужьрей илъэсхэм ятхыу упэщIохуэ «комиссэ» жэуэ. Иджы дыхуэкIуащ а жыIэкIэм и теплъэм (фащэм) дыпыкIыу и купщIэр ди бзэкIэ жыIэным – «гупжьей» жэуэ. «Учитель» псалъэм и бгъэдыхьэкIэ хъуари ардыдэщ – «учитилу» бзэм къыхэхьами, пIалъэ токIри и мыхьэнэр анэдэлъхубзэм и фащэм йоувэ «егъэджакIуэ» жэуэ, «преподавателым» и мыхьэнэри къиIуатэу. Ди бзэм и лъэкIыныгъэхэр нэгъэсауэ зэрыдмыщIэм, абы и псалъэ гъэтIылъыгъэхэм фIыуэ дызэрыщымыгъуазэм и щапхъэщ «металл» псалъэр, и тхыкIэри щIыгъуу, адыгэбзэм къэдгъэщтэну дызэрыпылъыр. ДиIэщ а латин псалъэу нэмыцэбзэм къыхахыу урысыбзэм хагъэхьам ипIэ дахащэу, нэхъ шэрыуэу иува жыIэкIэ-«гъу». Ауэ ар и закъуэу къэтлъагъуфкъым, нэгъуэщI гъунэгъу псалъэхэм яхэжыхьауэ къызэрыкIуэм папщIэ: гъуаплъэ, гъуху, гъущI, гъуджэ (гъуджафэ, гъэджэфа), гъукIэ. Гу лъытэгъуейкъым мы псалъэ псоми я зэхуэдэ Iыхьэу щыт «гъу-м» ( и закъуэмэ «гъу») «металл» мыхьэнэ зэриIэм. Абы егъэнаIуэ урысыбзэм къищта псалъэ псори нэуфIыцIщхьэрыуэу ди бзэм къыхэгъэхьэн зэрыхуэмейр. Ди бзэм пщIэ зэрыхуэдмыщIым къыпокIуэ абы къыхэпIиикIыу ерыщагъэ тхэлъу «килограмм» псалъэр зэрыттхыр, ар куэдкIэ нэхъ кIэщIу, шэрыуэу «чил» жэуэ бзэм къызэрищтэрэ илъэс 70-м нэсами.

Нобэ сытым тет ди бзэр гъэбеин, абы хамэбзэ псалъэщIэхэр къыхэгъэхьэн Iуэхур?

Ар зэIубз щIын хьисэпкIэ (мурадкIэ) дыриплъэнщ ди адыгэ газетым и иужьрей къыдэкIыгъуэхэм, ди нэр «зыфIэна» гуэрхэм дыкъытеувыIэнщ псалъэр зэпыдмышыщэу. Нэгъабэ къыдэкIа (№80-81,24.9.2015) «Черкес хэкум» и нэхъыбэр япэ напэм, нэм зыкъыщIадзэу тхыгъэ зэхуэмыдэхэм яхыболъагъуэ: Конгресс, комиссэ, конференц, форум, семинар, инвестицэ, субсидие, кредит, нэгъуэщI хамэ псалъэхэми. Мыхэр къызыхэкIа урысыбзэм езым къигъэщIауэ зы яхэткъым, псори латиныбзэм къыхахащ. ЖызыIэн къыкъуэкIынкIэ хъунщ: а псалъэхэр урысыбзэм къыщищтакIэ, слIожь, ди бзэр нэхъ бей, дэри щхьэ къэдмыщтэрэ, жэуэ. Мис ар икъукIэ Iуэхум и щыуагъэ бгъэдыхьэкIэщ. Шэч къытехьэн хуейкъым урысыбзэр зыпэмылъэщ гупсысэ гуэрхэр адыгэбзэм зэриIэм, псалъэм папщIэ, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа «гъуы»-р.

Сыт «Конгресс» псалъэм къикIыр? Езы латиным деж абы щиIэ мыхьэнэр «зэIущIэ», «зэхуэс» жыхуиIэщ.

Ар дунейпсо къэралыбзэ лъэщхэм (инджылызыбзэм, франджыбзэм, нэмыцэбзэм, испаныбзэм, урысыбзэм) щыхагъэхьэм къикI мыхьэнэр нэхъ ин ящIащ – «къэралыбэ зэхуэсышхуэ» жэуэ. ИтIанэ а жыIэкIэм нэгъуэщI мыхьэнэи иратащ, апхуэдэу йоджэ США-мрэ Латин Америкэмрэ я хабзэкъэгъэщI къулыкъухэм.

Дэ а псалъэм и фащэр, теплъэр къэдмыщтэу и купщIэр ди бзэмкIэ жытIэн хуейуэ собж: «ДАХ-м и зэхыхьэ (е зэхуэс)» — жэуэ, къэхъукъащIэм теухуа тхыгъэм и щхьэщIэдзапIэм зэрыхэтым хуэдэу. «ЗэIущIэ», е зэхуэскIэ» зэпхъуэкI хъунущ «форум» жыхуаIэри. «Конференция», «научно- практическая конференция» жыхуаIэхэм япэуву къэлъытапхъэщ «щIэнIуатэ зэхуэс» жыIэкIэр, илъэс бжыгъэ гуэркIэ узэIэбэкIыжмэ Мейкъуапэ щыIа апхуэдэ зэхуэсым деж зэрагъэнэIуам тету. ИщхьэкIэ и гугъу зэрытщIам тету «Комиссэ», «Комитет» жыIэкIэхэм япIэ «гупжьей» («гупжьей хаха») жэуэ дытхмэ ди бзэм дыщхьэпэу аращ. Апхуэдэу дапыкъуэкIыпхъэщ къэдбжэкIа адрей хамэбзэ псалъэхэми.

Дагъыстаным и къалэ Дербент и гугъу здащI тхыгъэм щыжыIащ «античнэ лIыщIыгъуэм» жэуэ. Япэрауэ, «лIыщIыгъуэр» мыбдежым и мыхьэнэкIэ екIущэкъым, нэхъ тэмэмыр «лъэхъэнэщ» ди жыIэкIэм екIуу йоувэр- «иужьрей Алыджымрэ Урымымрэ я лъэхъэнэм» — жэуэ, илъэс мин бжыгъэкIэ узэIэбэкIыжмэ адыгэхэм я къэралхэм хуаIа зэпыщIэныгъэхэм дазэрыщыгъуазэр дгъэнаIуэу.

«... Къеблэгъащ Адыгэ-Хьэблэ мунипальнэ район администрацэм и Iэтащхьэ...» Нэм къыщIэпыджэ, узэгуэзыгъэп жыIэкIэщ. Мыбдежым «Iэтащхьэм» къинэмыщIа, адрей псалъэхэр мыхъумыщIэу урысыбзэм халъэфахэм ящыщщ, псом хуэмыдэу жагъуэ хъур «муниципальнэ» — жыхуиIэращ. Абы къикIыр «муниципалитетым ехьэлIа» жэуэщ, и мыхьэнэ нэхъыщхьэр – «къалэ». АтIэ, гу лъытэгъуей а псалъэм ди бзэр зэрызэщигъэкъум, гуемыIуу тхыгъэм къызэрыхэпIиикIым? «Адыгэ-Хьэблэ куей хъукъумэтым и Iэтащхьэ...» жэуэ тхатэмэ куэдкIэ нэхъ къекIут, урысыбзэм къинэмыщIауэ къызыхэтх хъуну нэгъуэщI бзэи зэрыщыIэр дгъэнаIуэу.

Мыпхуэдэ щапхъэхэр щыгъунэжщ газетым и дэтхэнэ къыдэкIыгъуэми. Абыхэм дызыхуашэ гупсысэр зыщ: хамэбзэм щыщ псалъэ, жыIэкIэ къэтщтэным ипэ быдэу дегупсысын хуейщ – дахуэныкъуэ абыхэм, ди бзэкIэ жыдмыIэфыну пIэрэ ахэр?

Игъуэ хъуащ «топ» псалъэр зыхэт спорт джэгукIэхэм я цIэхэр адыгэбзэкIэ жытIэну: «футбол» - «лъэтоп», «баскетбол»- «матэтоп», «гандбол»- «Iэтоп», «волейбол»- «топзэхуэдз». Ахэр жыIэгъуафIэщ, инджылызыбзэ жыIэкIэхэм къарыкI мыхьэнэми къыкIэрыхукъым. «Лъэтопыр» ди бзэм екIупсу хоувэ, «футболыр» инджылызыбзэм къызэрыщыкIуэм емыфIэкIмэ зы мащIэкIи къыкIэрымыхуу. Адрей фIэщыгъэцIэхэми я IукIэм ди тхьэкIумэр, я тхыкIэм ди нэр псынщIэу есэнущ.

Адыгэ газетхэм куэд яхузэфIэкIынущ бзэм зегъэужьынымкIэ, псом хуэмыдэу бзитIыр зэгъунэгъу щIынымкIэ. АбыкIэ, япэрауэ, адыгэбзэми, къэбэрдей-черкесыбзэми къахыхьэ псалъэщIэхэм я тхыкIэр, IукIэр зэхуэдэн хуейщ, бзитIми зыуэ зэдыхыхьэу. КъинэмыщIауэ, щIыпIэцIэхэм, къэралыцIэхэм я жыIэкIэри тхыкIэри зэхуэдэн хуейщ. Ахэр псори зы мурад убзыхуам темыкIыу зэлэжьын хуей Iуэхугъуэ пажэу къэлъытапхъэщ.

**БРАТ Хьэсин,**
**Къэрэшей - Черкесым щIыхь зиIэ и журналист,**
**филологие щIэныгъэхэм я кандидат.**
**мартым и 1-м 2016 гъэ.**

**Ди къэралым щIэблэ гъэса, псэ къабзэ къыщIэтэджэн папщIэ зэрылъэпкъыу анэдэлъхубзэ псалъэм и къарур нэсу къигъэсэбэпын хуейщ, анэбзэм и мыхьэнэр апхуэдизу куущ, цIыхум и зыузэщIыныгъэм епхащи. Зи цIыху бжыгъэр мащIэ лъэпкъхэм яIурылъ бзэхэм заужьынымкIэ мыхьэнэ ин иIэщ «Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм ятеухуауэ» Хабзэм. А хабзэращ нобэ къэралыр бзэм теухуауэ зытет политикэм и лъабжьэр.**

Iуэху еплъыкIэ

КъБР

# Дэнэ деж къыщежьэрэ гуныкъуэгъуэр?

Апхуэдэу мыхьэнэшхуэ яIэщ КъБР-м и Парламентым къыдигъэкIа «Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэр», «Щэнхабзэм теухуауэ» жыхуиIэ хабзэхэм, «Щрагъаджэ IуэхущIапIэхэр тхылъхэмкIэ ирикъуу къызэгъэпэщын» программэм, нэгъуэщIхэми. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ КъБР-м и Правительствэм къищтат «Нэгъуэщ I къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъухэм защIэгъэкъуэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэфIигъэкIынухэм я унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр». Абы щыубзыхуащ ди щIэблэр адыгэбзэкIэ егъэджэным ехьэлIа Iуэхугъуэ куэд.

Зэрынэрылъагъуущи, адыгэбзэр сыт и лъэныкъуэкIи гъэлэжьэным теухуауэ унафэ тэмэмхэр, унэтIыныгъэ куухэр, программэ купщIафIэхэр къыдэкIауэ, зэхалъхьауэ щыIэщ. Ахэр къэрал IуэхукIэ, адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я жэрдэмкIэ щIэгъэбыдэным хуэлажьэхэр мащIэкъым. АтIэ дэнэ деж къыщежьэр анэдэлъхубзэр нэсу хъума, щIэблэм бгъэдэлъхьа зэрымыхъум къыхэкI гуныкъуэгъуэр?

Ар къыщожьэ анэдэлъхуу Iурылъ бзэм езы лъэпкъым пщIэрэ щIыхьу хуищIым зэрыкIэрыхум. Лъэпкъыр цIыху зырызу зэхэтщ. Балигъ хъуа дэтхэнэ зы адыгэми ди бзэмрэ ди щэнхабзэмрэ я мыхьэнэр къагурымыIуэмэ, къагурыIуэнуи гукъыдэж ямыIэмэ, сыт хуэдэ унафэми программэми сэбэпу яIэнур мащIэщ.

Ди бзэр, ди щэнхабзэр лъэпкъым и цIыху куэдым къащIыфIэмыIуэхур щхьэусыгъуэ зыбжанэм къыхэкIащ. Социальнэ психологие и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, абы и лъабжьэр куущ. XIX лIыщIыгъуэм икухэм къыщыщIэдзауэ XX лIыщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, 1917 гъэм нэсыху, Урысей пащтыхьым цIыхубэр егъэджэнымкIэ и Министерствэм къилъытэу щытащ къэралым щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэм я бзэхэр литературэбзэм хуэбгъэкIуэныр, тхыгъэ лъабжьэ етыныр, щIэблэр а бзэхэмкIэ егъэджэныр делагъэм и делагъэжу. Тхыдэм и мардэкIэ къапщтэмэ, лъэпкъым и «лъым хыхьа» апхуэдэ мыхъумыщIагъэр щIэх хэкIыжыркъым: дыхуей-дыхуэмейми, а блэкIам ижь ноби къытщIеху. ИпэжыпIэрацщи, Жэпуэгъуэ революцэр къэмыхъуамэ, ди бзэри тфIэкIуэдауэ, дэри, дэ тхуэдэ адрей лъэпкъ мащIэхэри лъэпкъышхуэхэм дахэшыпсыхьыжауэ нобэ дыкъыщIидзынкIи хъунт. 1927 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр радиор лъэпкъыбзэхэмкIэ псалъэу щыщIидзам, ди нэхъыжьхэм яхэтт радио кIапсэм «зэрырикIуэн къару» адыгэбзэм иIэу зи фIэщ мыхъухэр, апхуэдизкIэ къехуэхати абы и пщIэр. Аращ адыгэ усакIуэшхуэ ЩоджэнцIыкIу Алий 20-30 гъэхэм публицист лэжьыгъэм зыщIритар, ди бзэр джыныр япэ щIригъэувар: абы и тхыгъэхэу «Ди бзэр зэфIэгъэувэжыгъуей хъунукъым», «Тырку ложэ», «Иванрэ адыгэбзэмрэ» жыхуиIэхэми, нэгъуэщIхэми программэ мыхьэнэ ин яIэщ.

Лъэпкъыбзэр еудыха щыхъуа зэманыращ «Адыгэбзэм КъалэкIыхьым унигъэсыну аращ» жыхуиIэ псэлъафэри къыщежьар.

Ноби ди бзэм щхьэкIэ ущIэгузэвэн щхьэусыгъуэхэр мащIэкъым. Адыгэбзэр, адрей бзэхэм хуэдэу, щIыщыIэр ар зыIурылъ цIыхуращ, абы и щIэблэращ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр къапщтэмэ, абы и 76-нэ статьям щыжеIэ: «КъэралыбзищIри зэгъусэу, зэхуэдэ хуитыныгъэ яIэу республикэм и дэтхэнэ къэрал IуэхущIапIэми къыщагъэсэбэпын хуейщ». Ауэ а IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм яхэтщ псэлъамэ, адыгэу, адыгэ къуажэ къыдэкIахэу, щапIахэу, щеджахэу, ауэ, уакIэлъыплъыжамэ, адыгэбзэм мыхьэнэ ирамыту. Конституцэм иратхар, гува-щIэхами, гъэзэщIа хъунщ, иджыкIэ нэхъ гугъуу къалъытэм – Iуэху псори бзэхэмкIэ зехьэным – дыхунэсынщ, зи гугъу фхуэтщIа IуэхущIэкъулыкъущIэхэм хуэдэхэми я гупсысэм хуэм-хуэмурэ зихъуэжынщ. Хъуэжыгъуей хъунущ щхьэзакъуэ мылъку психологием къигъэщIу, иужьрей илъэс пщыкIутхутIощIым адыгэ гъащIэм къыхыхьа дуней тетыкIэр, мылъку угъуеиныр зи нэхъуейхэр, кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъур, кризисым къихь Iэужь мыщхьэпэхэр. Ауэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым къэралыр щытыкIэ мытыншым щиткIэ, абы ис дэтхэнэ лъэпкъми, дэтхэнэ унагъуэми абы ижь къыщIимыхункIэ Iэмал зэримыIэр, экономикэм зиужьыжыным упэплъэу щэнхабзэр егъэфIэкIуэныр къэбгъэувыIэ зэрымыхъунур.

Бзэр лъэпкъым и псэу лIыщIыгъуэкIэрэ къызэрекIуэкIыр езы бзэм хэт нэхъри нэхъыфIу, нэхъ гурыIуэгъуэу къыбжеIэ. Дривгъаплъэт 1999 гъэм Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ купсэм гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къыдигъэкIа «Адыгэбзэ псалъалъэм». «Бзэ» псалъэр тхылъым щызэпкърихащ «зэрызэпсалъэ, зэрызэгурыIуэ» жиIэу. Мыбдежым «псалъэр» «псэр зэрылъ» мыхьэнэм къыщожьэри «псэхэри» зэрызэгурыIуэ жыхуиIэм хуокIуэж. «Псэр» цIыхум гъащIэ иIэныр зэпха, абы и псэуныгъэм и хэкIыпIэщ. Анэдэлъхубзэм и кууупIэм къыхэкIауэ, и псалъитIым ехьэлIа, бзэм и IэфIагъыр цIыхум бгъэдэзылъхьэ псалъэу идиомэу, псалъэжьу тхылъым итыр 35-рэ мэхъу!

АтIэ яхуэфащэкъэ лъэпкъым къыбгъэдэкIыу фIыщIэ яхуэтщIыну, гущIэгъу яхуэфащэкъэ адыгэбзэр зыгъэбзэрабзэ тхакIуэхэм, журналистхэм, щIэныгъэлIхэм, егъэджакIуэхэм? Шэч хэмылъу! Мыбдежым псом япэ итыну зыхуэфащэр «Адыгэ псалъэ» газетырауэ къызолъытэ. Адыгэ тхыбзэм и махуэм хэIэтыкIауэ къыхэгъэщыпхъэщ ар, КъБР-м и мызакъуэу, Ипщэ федеральнэ щIыналъэм къыщыдэкI лъэпкъ газет нэхъыфI дыдэхэм зэрахэтыр, абы и лэжьакIуэхэм я гуащIэр лъэпкъым и къэкIуэнум зэрыхуэгъэпсар.

(КIэухыр е 6-нэ напэм итщ).

Адыгеибзэрэ къэбэрдеибзэкIэ зэджэр адыгэбзэм, нэгъуэщI лъэпкъхэр шэрджэсыбзэкIэ зэджэм, и къэпсэлъыкIитIу щытуращ, бзэ зэпэщхьэхуэу плъытэнри щыуагъэщ.

Абхъаз-абазэбзэмрэ убыхыбзэмрэ я лъапсэгъущ адыгэбзэр. Зы лъэхъэнэм мыхэр зы бзэу щытащ, нэхъ иужьыIуэкIэ а бзэм ирипсалъэхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэр яфIэкIуэда щхьэкIэ.

А бзэхэм емылэжьым и дежкIи нэрылъагъущ абыхэм зы лъабжьэ зэраIэр, зы гупсысэм къызэригъэщIар.

**ХЕЛИГ Моникэ,**
**нэмыцэ щIэныгъэ лэжьакIуэ.**
**1988 гъэ.**

АР

КIЭМЭЩ Жанн

## Сиадыгабз

Сыкъызэрэхъоу сиадыгабзэ
Сигъатхъэу Тхьэм къысIуилъхьагъ.
Быдзщыщэу синыдэлъфыбзэ
Слъынтфэмэ къарылъэдагъ

Сэ сыбзэу сиадыгабзэ
ШIу слъэгъоу сэгъэбзэрабзэ.
СикIасэу адыгэ жабзэм
КъырысэIуатэ тихабзэ.

ПсынэкIэчъ къаргъом ижабзэу,
Ташъхьагърэ огу шхъонтIабзэу
Къысщэхъу синыдэлъфыбзэ,
Дэхащэу сиадыгабзэ.

Уфэсэгъадэ гукIэгъум,
Уфэсэгъадэ шIулъэгъум,
Уфэсэгъадэ ныбджэгъум,
Гъунджэм фэдэу гъунэгъум.

ГъэшIэрэ жабзэу сыбзэ,
Орырэ сэрырэ тызэу
ТырэкIо хъишъэ чIыналъэм,
Тятэжъмэ аIогъэ псалъэм.

## Адыгабз

Огу шхъуантIэр —
адыгабз.
ЧIыгу гъэзбэжъур —
адыгабз.
ПсынэкIэчъэу
мэбзэрабзэ,
Тыгъэ фабэу ар
къытфепсы,
Ощхы шъабэу
мэIушъашъэ.

Сыдэу фэд адыгэ
пшъашъэм!
КъэгущыIэ лIыжъ
губзыгъэу,
Нарт тхыдэжъ
тыщегъэгъуазэ.
Адыгабзэр —
тилъэпкъыбз,
Адыгабзэр —
тилъэпкъыпс.




КъЧР

# Лъэпкъыбзэр – сымаджэ хьэлъэмэ...

*(КIэухращ. ПэщIэдзэр е 1-нэ напэм итщ).*

Лъэпкъ мащIэхэм я анэдэлъхубзэмрэ щэнхабзэмрэ пщIэ хуищIыпхъэр къызыкъуихыну къэралым и пщэм илъщ. Нэхъыщхьэжыр аращи, адыгэм къыхэкIауэ, лъэпкъым и быну, къулыкъу зэхуэмыдэхэр зыIыгъхэм лъэпкъыбзэм и мыхьэнэр къагурыIуэу, нэгъэсауэ пщIэ ирату, ирипсэлъэн мыукIытэу щытмэщ зыгуэр дыщыгугъ щыхъунур. АтIэ, журналистхэр, псом хуэмыдэу телевиденэм щылажьэхэр, наIуэ дыдэу дыщыгъуазэщ лъэпкъыбзэр тхьэмыщкIагъуэ зэрыхуам. Ди лъэпкъэгъу къулыкъущIэ, IуэхущIакIуэ дызыбгъэдыхьэхэм я пщэрылъыр, мурадыр, гупсысэр я анэдэлъхубзэмкIэ къабзэу къыщыбжамыIэжыфкIэ, абы куэдым урегъэгупсыс.

Телевиденэм пыщIа лэжьыгъэ дгъэкIуэтэну дыщежьэ къэси гупсысэ хьэлъэхэм дыхохуэ: «Къэдгъэпсэлъэну гуэр дгъуэтыну? Зи бзэр лъэщIауэ, жиIэнур адыгэбзэкIэ къытхуэзыIуэтэфыну къэтлъыхъуэфыну?» жытIэу дызоупщIыж. Гу зэрылъыстащи, ди бзылъхугъэхэм я бзэр нэхъ лъэщIауэ, къабзэу къызэтенащ. Ди цIыхухъухэм я анэдэлъхубзэр пагуэ хъуащ.

Тхьэгъэпсэу яжесIэну сыхуейт лъэпкъыбзэр нобэ къабзэу къызыIурына ди егъэджакIуэхэм. Псом хуэмыдэжу, ди къуажэдэс нанэхэм фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт. Уи гур ягъэтIысу абыхэм я гупсысэхэр анэдэлъхубзэкIэ къызэраIуатэр куэд и уасэщ. Абыхэм яхъумэфащ я лъэпкъыбзэр, зыщыщри, къызыхэкIари ямыгъэгъуащэу жьыщхьэмахуэ ныбжьым нэсащ. Ахэращ нобэ диIэр ди бзэм и чысэ къабзэу, анэдэлъхубзэр здызэхуэхьэса дыщэ пхъуантэу.

**— Гукъеуэм къигъэуша гупсысэр дымыгъэныщкIуу, сыт хуэдэ бгъэдыхьэкIэ дызыхуэкIуапхъэу къэплъытэр?**

— Сэ къызэрысщыхъумкIэ, гупсысэм жэщ-махуэ имыIэу диIыгъыу, хэкIыпIэ Iэмал дылъыхъуэу, дегузэвэкIын хуейуэ къызолъытэ. Ди хэгъуэгум щыпсэу лъэпкъхэми уахэплъэмэ, адыгэхэм хуэдэу зи бзэм нэхъ пщIэ хуэзымыщIыж, фэ езымыплъыж яхэмыту къыщIэкIынщ. Абы шэч лъэпкъ къыщIытепхьэни щыIэкъым. Ди гъусэу лъэпкъэгъухэм зэ уахыхьэмэ, я псэлъэкIэмрэ анэдэлъхубзэ къуалъхьэжамрэ плъагъумэ, нобэ жысIэм хэти щыхьэт техъуэнущ. Къэрэшеи, абази, нэгъуеи зэрыжаIэу, ар хуеймэ къуажэдэс е къалэдэс ирехъу – я быныр я лъэпкъыбзэмкIэ ягъэпсалъэу, утыкум ихьэмэ я лъэпкъыбзэмкIэ «иракъутыхьу» иту долъагъу. Пэжщ, адыгэхэми къахокI зыгуэр зыщIэ, зи гур лъэпкъыбзэм хуэгузавэ, ауэ и нэхъыбэм мы Iуэхум бгъэдыхьэкIэ хуаIэм укъегъэуIэбжь.

Сэ куэдрэ жысIащ: бзэм бгъэдыхьэкIэ къыхуэдгъуэтынымкIэ щапхъэ тхуэхъупхъэу къэслъытэр Журтейм я бгъэдыхьэкIэращ. Абыхэм я сабийхэр анэдэлъхубзэм зэрыхурагъаджэр, къызэрыхуагъэушыр, лъэпкъыбзэр зэрыIуралъхьэр ди дежкIэ нэIурыт Iуэхущ.

Мыбдеж сигу къэзгъэкIыжынуи сыхуейщ, Бемырзэ Мухьэдин тхьэмыщкIэм адыгэбзэкIэ 1-4 классхэр зэреджэну Iэмалхэр зэригъэпэщу, лъабжьэ ириту, экспериментальнэу къызэрызэригъэпэщауэ щытар. АтIэ, а зэманым Мухьэдин а гупсысэр щIиукъуэдиям, ерыщу и ужь щIитам, ауэ ар зэрызэхамыхам нобэ щIэрыщIэу дегупсысыжыпхъэщ. А гупсысэм мыхьэнэ хуабжь иIэщ. Ар зэхэтщIыкIмэ, куэд къыдгурыIуэнущ.

Мис а гъуэгу дыдэрауэ къысщохъу журтхэр зытетри. Абы щыпсэу адыгэ къуажитIым я еджапIэм анэдэлъхубзэ зыIурымылъ сабий ящтэнукъым. Зи анэдэлъхубзэр лъабжьэ зыхуэхъуа сабийхэм журтыбзэри, инджылызыбзэри, хьэрыпыбзэри къабзэу ящIэу, нэгъуэщI лъэпкъыбзэхэми хэщыпыхьыфу ягъасэ. Абы ехьэлIа щыхьэтлыкъхэм дэ куэдрэ дыпэщIэхуащ Журтейм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм дахуэзэкIэрэ, дайпсалъэкIэрэ, я Iуэху зытетыр къедгъэIуатэкIэрэ.

Езы Журтейм и хабзэр, и бгъэдыхьэкIэр абы щыпсэу адыгэхэми къащтэу, езыхэми зэраукъуэдияр ди дежкIэ щапхъэу къызолъытэ. Абы я бгъэдыхьэкIэм елъытауэ, дэ ди Iуэху зехьэкIэр узыфIэмыкIыжыну тхьэмыщкIагъуэщ. Лъэпкъыбзэм и жьауэм щIэкIам, абы елъэпэуэжам и дунейри зэрымыузыншэжым сэ шэч къытесхьэкъым. Сыту жыпIэмэ, ар сыт хуэдэ лъэпкъми яхэгъэтIысхьи, зэрызадригъэкIуным пылъынущ. Уи литератури, щэнхабзи зэрызехьапхъэр уи бзэщ.

Сэ хуабжьу сызыгъэгужьейр ди сабийхэм анэдэлъхубзэ яIурылъу сабий IыгъыпIэм кIуэуэ, мазэ бжыгъэкIэ зэраIурыхужращ. Къалэдэс анэ-адэ гуэрхэри хьийм икIауэ, я лъэпкъыбзэм хуэмеижу, я быным ирагъэджыну хуэмейуэ, уеблэмэ лъэIу тхылъ еджапIэхэм щIалъхьэу – гужьеигъуэщ дызэрыт зэманыр. Абыхэм къагурымыIуэр зыщ: уи лъэпкъыбзэм щIэныгъэм хегъахъуэ, армыхъу хигъэщIкъым. Абы и щыхьэту къэсхьыну сыхуейщ сэ сцIыху дыдэу, къалэдэс Брат Валерэ и къуэ Станислав. Абы къиухар къалэ еджапIэщ, ауэ и анэдэлъхубзэр уэрсэру Iурылъу ищхьэ еджапIэм кIуэри, дунейм щынэхъ гугъуу къалъытэ китаибзэри зэригъэщIащ.

Китайхэм я Iуэху къыщыхэдгъэщакIэ, жысIэнщи: хьэрф минийм нэс зезыхьэ, къэзыгъэсэбэп, зи лъэпкъыбзэм хэзымыгъэкIуэдыкI, зи сабийхэм езыгъэцIыху лъэпкъым нэхърэ сыткIэ дынэхъыкIэ?! Апхуэдэу дыщIыщытым и щхьэусыгъуэм дылъыхъуэн щIэддзэмэ, сэ ар нобэ нэхъыбэу зи лажьэу къэслъытэр ди бзылъхугъэхэращ – анэхэращ. Унагъуэм унафэ Iыхьэ къыщащтам и гъусэу, жэуаплыгъэ Iыхьи къызэращтар къагурыIуауэ слъытэкъым абыхэм: лъэпкъым, гъэсэныгъэм, лъэпкъыбзэм хуэгъэза жэуаплыгъэр.

**— Мусэлы, лъэпкъыбзэр нобэ сымаджэ хьэлъэу ди нэгу къыщIэдгъыхьэмэ, къеуэлIа узым къелыну къэплъытэрэ? Къезыгъэлыну хущхъуэуи сыт плъагъур?**

— Ди зэпсэлъэныгъэр къызэредгъэжьа упщIэм сыхуэкIуэжынщи, ди бзэр тIэщIэхужмэ, лъэпкъыр дыхэкIуэдэжауэ аращ. Лъэпкъыбзэр и лъэ теувэжыным си гугъэр хэсхыну сыхуейкъым. А гугъэр сIэщIэкIмэ, дунейм сыщIытет щхьэусыгъуэри сIэщIэкIыну къысщохъу. Нобэ лъэпкъым къеуэлIа узыр идмыщIыкIмэ, дыпэщIэмыувэмэ, ди гугъэри кIуэсэнущ. Абы и Iэмалу слъагъур унагъуэращ. Унагъуэм щызэдэпсэу зэщхьэгъусэхэр зэкъуэувэу, лъэпкъым и дунейр яхъумэу езыхэри, я бынхэри утыкум ирагъэхьэн хуейщ. Шэч хэмылъуи, къэралым и бгъэдэхьэкIэми зихъуэжын хуейуэ къызолъытэ. Сыту жыпIэмэ, лъэпкъ узыншэ зэрымыс къэралри узыншэнукъым.

**Епсэлъар**
**БЕМЫРЗЭ Зурабщ.**

КъЧР

Iуэху еплъыкIэ

# Анэдэлъхубзэр дяпэкIи щыIэну дыхуеймэ

Дэ допсэу дунейпсо цIыхубэм и Iуэхухэр кIуэ пэтми къыщыбатэ, лъэпкъышхуэхэм я бзэхэр, псом япэуи инджылызыбзэр, дунейпсо Iуэхухэр зезыгъакIуэхэр, лъэпкъ цIыкIухэм къащытегуплIэ лъэхъэнэм. Дуней псом деж цIыхубэм я Iуэху зэрыкIуатэм, зэрыпсэум ехьэлIа къэхъукъащIэхэм я зэгъэуIупIэ, зэбгырыкIыпIэ Интернетым, зэрыжаIэщи, цIыкIуи ини зэщIеIулIэ, абы зэману хухахым кIуэ пэтми хохъуэ. Мыбы дэщIыгъупхъэщ телевизорыр, компьютер, телефон джэгукIэхэр. А псоми цIыхум, нэхъыщхьэр аращи, щIалэгъуалэм, Iуэхум къыдэхуэ сыхьэтхэр Iырах къудейкъым, атIэ я акъылыр ягъэутхъуэ, гупсысэхэр елъахъэ, зэхэщIыкIыр егъэужьых, анэдэлъхубзэр лъэныкъуэ ирегъэз. НобэкIэ ди къуажэхэм, гуфIэгъуэ, нэщхъеягъуэ зэхыхьэхэм я деж адыгэбзэ къабзэ, шэрыуэ щызэхэпхыжкъым. Пэжщ, а Интернет дыдэмкIэ къэрал куэдым щипхъыхьа адыгэхэм я щIалэгъуалэр зэрощIэ, я езэш тырагъэу. Ауэ абы къикIкъым адыгэбзэкIэ Iуэху зэрахьэу, абы зырагъэужьу, кууэ иризэпсалъэу. Иужьрей илъэс 30-40-м къагъэува а лъэпощхьэпо инхэм я лъахъэм къикIыныр икъукIэ гугъущ, дящыщ дэтхэнэми къыкъуэкIын хуейщ, жыпIэнумэ, лIыгъэрэ ерыщыгъэ инрэ. Ярэби ар тхузэфIэкIыну пIэрэ нэхъыжьхэм, и лъэпкъым хуэмыгунэфхэм?

Ди бзэр къызэтенэнымкIэ псом хуэмыдэу куэд дыдэ ялъытащ махуэ къэс ар зыгъэIурыщIэ, зыгъэлажьэ журналистхэм. ЖыIэн хуейщ, куэдым лъэпкъ газетыр къыщIыщIатхыкIыр ди хэгъуэгум, дунейм къыщыхъухэм я хъыбархэр, зэрыжаIэщи, «жьэражьэу», Iуданэм къызэрыпачауэ япэу абы къыраджыкIыну щыгугъыу аракъым. Абы хуолажьэ электрон СМИ-хэр. АтIэ абыхэм газетым щалъагъуну хуейщ анэдэлъхубзэ шэрыуэм, псалъэ гъэхуам, ди нобэм къигъэув, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа лъэпощхьэпохэм бзэр зэрыпагъэлъэщым, гупсысэщIэ къызэрыкI псалъэщIэхэр абы къызэригъэщIыфым я щапхъэхэр, ди тхыдэм, щIэнхабзэм, хабзэхэм яхьэлIа тхыгъэ купщIафIэхэр. Журналистхэм куэд дыдэ къыдэлъытащ анэдэлъхубзэкIэ еджэхэм я бжыгъэм хэхъуэнуми хэщIынуми. ЩIэджыкIакIуэм зыхещIэ ди Iэпэ зыщIэлъ тхыгъэм делIэлIами, Iэхъуэгъуэ тегъэкIыу ди пщэрылъ сатыр бжыгъэр иридгъэкъуами. Псом хуэмыдэу ар яхуэгъэзащ зи лэжьыгъэм пэрыува къудейхэм. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абыхэм зыхуей IэкIуэлъэкIуагъэ тхэным хуаIэу, ящIапхъэ псори ящIэу щыткъым, абыкIи емыкIу яхуэпщI хъунукъым. Ауэ губгъэн яхуэфащэщ анэдэлъхубзэкIэ тхылъ емыджэхэм, абы хуэщхьэххэм, бзэр нэсу зэгъэщIэным хущIэмыкъухэм. Апхуэдэхэм IэнатIэ къыхахыр фIыуэ ямылъагъуу, ягу хуемыкIуащэу аращ, абыкIэ ауэ сытми я щIакхъуэ Iыхьэ къралэжьу. Зи гур Iуэхум хуэпабгъэ журналистым и тхапIэм, Iэбэмэ къиищтэну, телъыпхъэщ псалъалъэ зэхуэмыдэхэр, урысыбзэм ейхэри хэту. Ар зэIумыбз Iуэхухэм щIэупщIэу, нэхъыжьхэм захуигъэзэфу щытын хуейщ. Арыншэу зэрылажьэ Iэмэпсымэу щыт бзэр кууэ ищIэнукъым, и пщэрылъ инми пэлъэщынукъым.

Иужьрей гупсысэм и щапхъэ гуэрхэр, урысыбзэм щыщ псалъэхэмрэ жыIэкIэхэмрэ ди бзэм къызэрыхэдгъэхьэ щIыкIэм ехьэлIауэ. Мыр япэ дыдэу къэтIэту аракъым, илъэс 40-50-кIэ узэIэбэкIыжмэ абы зыхуагъазэ зэпыту щытащ. Псалъэм папщIэ, адыгэбзэм хамэбзэ псалъэхэр къызэрегъэщтэн хуей щIыкIэм, ди тхыбзэм и ухуэкIэм зэрызегъэужьыпхъэм ятеухуащ Мамрэш Кимрэ Балъкъэр Бубэрэ я тхыгъэ убгъуахэр, 1954 гъэм къыдэкIа Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ къэхутакIуэ институтым и тхыгъэ зэхуэхьэсахэм яхэтхэр. Абыхэм къыщыIэта Iуэхугъуэ зэIумыбзэхэм ящыщ мымащIэ ди нобэми къэсащ анэдэлъхубзэм и лъэкIыныгъэхэм нэмыплъ ирату, и зыужьыныгъэр ялъахъэу, зыхуэмыныкъуэ псалъэхэр абы къыхалъафэу. Пэжу, а мыхъумыщIэхэм я зыныкъуэм щхьэусыгъуэ иIащ апщыгъуэм къэралым и политикэр ткIийт, щыуагъэ зыIэщIэкIа редакцэ лэжьакIуэр, ауэ сытми етхьэкъуэ къудей мыхъуу, ягъэтIыст. Апщыгъуэми бзэм и лэжьакIуэ пэрытхэм зыжьэу жаIэт зыхуэныкъуэ хамэбзэ псалъэхэм анэдэлъхубзэр зэригъэбейр, икIи дыщIагъужт дэтхэнэ бзэми зиужьынымкIэ Iэмал нэхъыщхьэу щытыр езым и лъэкIыныгъэхэр зэрыарар.

Ауэ жыIапхъэщ ищхьэкIэ дгъэнэIуа пIалъэм хамэбзэ псалъэхэм я къэщтэкIэр, къащта псалъэм и тхыкIэр зэрефIэкIуар. Абы и щапхъэ гуэрхэр: «Ящик» псалъэр япэу бзэм къызэрыхагъэхьар «ящик» жэуэщ, пIалъэ текIри абы и жыIэкIэри тхыкIэри нэгъуэщI хъуащ — «ашыч». «Комиссия» жыIэкIэр «кIэмис» жэуэ къыхэхьэри иужькIэ «чэмисым» хуэкIуащ, ауэ иужьрей илъэсхэм ятхыу упэщIохуэ «комиссэ» жэуэ. Иджы дыхуэкIуащ а жыIэкIэм и теплъэм (фащэм) дыпыкIыу и купщIэр ди бзэкIэ жыIэным – «гупжьей» жэуэ. «Учитель» псалъэм и бгъэдыхьэкIэ хъуари ардыдэщ – «учитилу» бзэм къыхэхьами, пIалъэ токIри и мыхьэнэр анэдэлъхубзэм и фащэм йоувэ «егъэджакIуэ» жэуэ, «преподавателым» и мыхьэнэри къиIуатэу. Ди бзэм и лъэкIыныгъэхэр нэгъэсауэ зэрыдмыщIэм, абы и псалъэ гъэтIылъыгъэхэм фIыуэ дызэрыщымыгъуазэм и щапхъэщ «металл» псалъэр, и тхыкIэри щIыгъуу, адыгэбзэм къэдгъэщтэну дызэрыпылъыр. ДиIэщ а латин псалъэу нэмыцэбзэм къыхахыу урысыбзэм хагъэхьам ипIэ дахащэу, нэхъ шэрыуэу иува жыIэкIэ-«гъу». Ауэ ар и закъуэу къэтлъагъуфкъым, нэгъуэщI гъунэгъу псалъэхэм яхэжыхьауэ къызэрыкIуэм папщIэ: гъуаплъэ, гъуху, гъущI, гъуджэ (гъуджафэ, гъэджэфа), гъукIэ. Гу лъытэгъуейкъым мы псалъэ псоми я зэхуэдэ Iыхьэу щыт «гъу-м» ( и закъуэмэ «гъу») «металл» мыхьэнэ зэриIэм. Абы егъэнаIуэ урысыбзэм къищта псалъэ псори нэуфIыцIщхьэрыуэу ди бзэм къыхэгъэхьэн зэрыхуэмейр. Ди бзэм пщIэ зэрыхуэдмыщIым къыпокIуэ абы къыхэпIиикIыу ерыщагъэ тхэлъу «килограмм» псалъэр зэрыттхыр, ар куэдкIэ нэхъ кIэщIу, шэрыуэу «чил» жэуэ бзэм къызэрищтэрэ илъэс 70-м нэсами.

Нобэ сытым тет ди бзэр гъэбеин, абы хамэбзэ псалъэщIэхэр къыхэгъэхьэн Iуэхур?

Ар зэIубз щIын хьисэпкIэ (мурадкIэ) дыриплъэнщ ди адыгэ газетым и иужьрей къыдэкIыгъуэхэм, ди нэр «зыфIэна» гуэрхэм дыкъытеувыIэнщ псалъэр зэпыдмышыщэу. Нэгъабэ къыдэкIа (№80-81,24.9.2015) «Черкес хэкум» и нэхъыбэр япэ напэм, нэм зыкъыщIадзэу тхыгъэ зэхуэмыдэхэм яхыболъагъуэ: Конгресс, комиссэ, конференц, форум, семинар, инвестицэ, субсидие, кредит, нэгъуэщI хамэ псалъэхэми. Мыхэр къызыхэкIа урысыбзэм езым къигъэщIауэ зы яхэткъым, псори латиныбзэм къыхахащ. ЖызыIэн къыкъуэкIынкIэ хъунщ: а псалъэхэр урысыбзэм къыщищтакIэ, слIожь, ди бзэр нэхъ бей, дэри щхьэ къэдмыщтэрэ, жэуэ. Мис ар икъукIэ Iуэхум и щыуагъэ бгъэдыхьэкIэщ. Шэч къытехьэн хуейкъым урысыбзэр зыпэмылъэщ гупсысэ гуэрхэр адыгэбзэм зэриIэм, псалъэм папщIэ, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа «гъуы»-р.

Сыт «Конгресс» псалъэм къикIыр? Езы латиным деж абы щиIэ мыхьэнэр «зэIущIэ», «зэхуэс» жыхуиIэщ.

Ар дунейпсо къэралыбзэ лъэщхэм (инджылызыбзэм, франджыбзэм, нэмыцэбзэм, испаныбзэм, урысыбзэм) щыхагъэхьэм къикI мыхьэнэр нэхъ ин ящIащ – «къэралыбэ зэхуэсышхуэ» жэуэ. ИтIанэ а жыIэкIэм нэгъуэщI мыхьэнэи иратащ, апхуэдэу йоджэ США-мрэ Латин Америкэмрэ я хабзэкъэгъэщI къулыкъухэм.

Дэ а псалъэм и фащэр, теплъэр къэдмыщтэу и купщIэр ди бзэмкIэ жытIэн хуейуэ собж: «ДАХ-м и зэхыхьэ (е зэхуэс)» — жэуэ, къэхъукъащIэм теухуа тхыгъэм и щхьэщIэдзапIэм зэрыхэтым хуэдэу. «ЗэIущIэ», е зэхуэскIэ» зэпхъуэкI хъунущ «форум» жыхуаIэри. «Конференция», «научно- практическая конференция» жыхуаIэхэм япэуву къэлъытапхъэщ «щIэнIуатэ зэхуэс» жыIэкIэр, илъэс бжыгъэ гуэркIэ узэIэбэкIыжмэ Мейкъуапэ щыIа апхуэдэ зэхуэсым деж зэрагъэнэIуам тету. ИщхьэкIэ и гугъу зэрытщIам тету «Комиссэ», «Комитет» жыIэкIэхэм япIэ «гупжьей» («гупжьей хаха») жэуэ дытхмэ ди бзэм дыщхьэпэу аращ. Апхуэдэу дапыкъуэкIыпхъэщ къедбжэкIа адрей хамэбзэ псалъэхэми.

Дагъыстаным и къалэ Дербент и гугъу здащI тхыгъэм щыжыIащ «античнэ лIыщIыгъуэм» жэуэ. Япэрауэ, «лIыщIыгъуэр» мыбдежым и мыхьэнэкIэ екIущэкъым, нэхъ тэмэмыр «лъэхъэнэщ» ди жыIэкIэм екIуу йоувэр-«иужьрей Алыджымрэ Урымымрэ я лъэхъэнэм» — жэуэ, илъэс мин бжыгъэкIэ узэIэбэкIыжмэ адыгэхэм я къэралхэм хуаIа зэпыщIэныгъэхэм дазэрыщыгъуазэр дгъэнаIуэу.

«... Къеблэгъащ Адыгэ-Хьэблэ мунипальнэ район администрацэм и Iэташхьэ...» Нэм къыщIэпыджэ, узэгуэзыгъэп жыIэкIэщ. Мыбдежым «Iэташхьэм» къинэмыщIа, адрей псалъэхэр мыхъумыщIэу урысыбзэм халъэфахэм ящыщщ, псом хуэмыдэу жагъуэ хъур «муниципальнэ» — жыхуиIэращ. Абы къикIыр «муниципалитетым ехьэлIа» жэуэщ, и мыхьэнэ нэхъыщхьэр – «къалэ». АтIэ, гу лъытэгъуей а псалъэм ди бзэр зэрызэщигъэкъум, гуемыIуу тхыгъэм къызэрыхэпIиикIым? «Адыгэ-Хьэблэ куей хъукъумэтым и Iэташхьэ...» жэуэ тхатэмэ куэдкIэ нэхъ къекIут, урысыбзэм къинэмыщIауэ къызыхэтх хъуну нэгъуэщI бзэи зэрыщыIэр дгъэнаIуэу.

Мыпхуэдэ щапхъэхэр щыгъунэжщ газетым и дэтхэнэ къыдэкIыгъуэми. Абыхэм дызыхуашэ гупсысэр зыщ: хамэбзэм щыщ псалъэ, жыIэкIэ къэтщтэным ипэ быдэу дегупсысын хуейщ – дахуэныкъуэ абыхэм, ди бзэкIэ жыдмыIэфыну пIэрэ ахэр?

Игъуэ хъуащ «топ» псалъэр зыхэт спорт джэгукIэхэм я цIэхэр адыгэбзэкIэ жытIэну: «футбол» - «лъэтоп», «баскетбол»- «матэтоп», «гандбол»- «Iэтоп», «волейбол»- «топзэхуэдз». Ахэр жыIэгъуафIэщ, инджылызыбзэ жыIэкIэхэм къарыкI мыхьэнэми къыкIэрыхукъым. «Лъэтопыр» ди бзэм екIупсу хоувэ, «футболыр» инджылызыбзэм къызэрыщыкIуэм емыфIэкIмэ зы мащIэкIи къыкIэрымыхуу. Адрей фIэщыгъэцIэхэми я IукIэм ди тхьэкIумэр, я тхыкIэм ди нэр псынщIэу есэнущ.

Адыгэ газетхэм куэд яхузэфIэкIынущ бзэм зегъэужьынымкIэ, псом хуэмыдэу бзитIыр зэгъунэгъу щIынымкIэ. АбыкIэ, япэрауэ, адыгэбзэми, къэбэрдей-черкесыбзэми къахыхьэ псалъэщIэхэм я тхыкIэр, IукIэр зэхуэдэн хуейщ, бзитIми зыуэ зэдыхыхьэу. КъинэмыщIауэ, щIыпIэцIэхэм, къэралыцIэхэм я жыIэкIэри тхыкIэри зэхуэдэн хуейщ. Ахэр псори зы мурад убзыхуам темыкIыу зэлэжьын хуей Iуэхугъуэ пажэу къэлъытапхъэщ.

**БРАТ Хьэсин,**
**Къэрэшей - Черкесым щIыхь зиIэ и журналист,**
**филологие щIэныгъэхэм я кандидат.**
**мартым и 1-м 2016 гъэ.**

# ГъащІэм фыдэбжьыфІэрэ фыдэщІэращІэу!

**Гъатхэ дыгъэпс хуабэхэм щІыуэпсыр къызэрыдэушым, зэрыгъагъэмрэ нэр зэрагъэгуфІэмрэ ещхьщ сабиипсэ цІыкІухэм угъурлыгъэм, гу хуабагъэм зыхуашийуэрэ, гъащІэ фІылъагъуныгъэмрэ цІыхугъэмрэ и дерсхэр зэрызыщІашэр. Дыкъэзыухъуреихь дунейр къыщахутэм, къыщацІыхум сабиипсэ зэмыпцІа цІыкІухэмкІэ жэуаплыгъэшхуэ яхь балигъхэм. Жэуаплыгъэм щІыгъужщ егъэджакІуэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ яхь къалэнышхуэри. Сабийр фІыуэ зымылъагъур щытыфынукъым гъэсакІуэу е егъэджакІуэу.**

## ГукІи псэкІи сыт щыгъуи — сабийхэм

Черкесск къалэм дэт е 2-нэ курыт еджапІэм и унафэщІ Дэкумэ Рэбихьэт егъэджакІуэ ІэщІагъэр къыхихауэ щытащ пасэу икІи иджы нэгъуэщІу щытынкІэ хъуну и нэгум къыхущІэгъэхьэкъым, сыту жыпІэмэ и гъащІэм и Іыхьэ хъуащ сабийхэм къапыкІ гуфІэгъуэмрэ гушхуэу кърагъэз я дзыхьымрэ, дэтхэнэми и хьэл-щэн зэхуэмыдэр, зэпсэлъэныгъэхэр. А псоми Рэбихьэт дэрэжэгъуэ кърат, и лэжьыгъэм и купщІэри зыхилъагъуэр аращ. Илъэс куэдкІэ сабийхэр хамэбзэхэм сабийхэр хуригъаджэкІэрэ, егъэджакІуэм сабийхэр хамэ къэралхэм щишаи щыІэщ. Португалием, Испанием, Германием, Чехием, Франджым, Данием... Дэнэ къыщымыхутами, абыкІэ зэрызэпсалъэ бзэхэм хуэкъулейт, зыщеджа ищхьэ еджапІэм щызэригъэгъуэта щІэныгъэм и фІыщІэкІэ. Илъэс куэд хъуауэ Рэбихьэт и унафэм щІэту лажьэ егъэджакІуэ гупыр зи ІэщІагъэм хуэкъулейщ, зэгурыгъэІуауэ мэлажьэ. Рэбихьэт и гуапэщ икІи иригушхуэу топсэлъыхь егъэджакІуэ къэскІэ и ехъулІэныгъэхэм, щІыхьыцІэхэм. Езым ехьэлІауэ унафэщІым хужыпІэни куэдыкІейщ. Апхуэдэщи, Дэкумэ Рэбихьэт егъэджэныгъэ щІэныгъэхэм я кандидатщ, «УФ-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІыхьыцІэр зэрехьэ, «2009 гъэм егъэджэныгъэмкІэ пашэ» зэхьэзэхуэм текІуэныгъэр къыщихьащ, 2010, 2012 гъэхэм щыІа егъэджакІуэхэм я съездхэм республикэм къыбгъэдэкІа лІыкІуэу хэтащ. Псори зэхэту егъэджакІуэ гуащІэдэкІ илъэсу 35-рэ иІэщ. Илъэс зэхуэмыдэхэм къыхуагъэфэщащ республикэм и Правительствэм, егъэджэныгъэмкІэ и Министерствэм, къалэ мэрием къабгъэдэкІа ЩІыхь тхылъхэр. И щІэныгъэм щыхигъэхъуащ къалэ зэхуэмыдэхэм: Москва, Санкт-Бытырбыху, Дон-Іут-Ростов деж. Абыхэми къыщыхагъэщащ ЩІыхь тхылъхэмкІэ.

— ЕгъэджэныгъэмкІэ урысей Министерствэм къызэрытхуигъэувым пкъ иткІэрэ, ди лэжьыгъэм къыщыдогъэсэбэп щІэныгъэр хэзыгъахъуэ, гъэсэныгъэр езыгъэфІакІуэ технологиещІэхэр. ЕджапІэр къызэгъэпэщащ оборудованэщІэкІэ, классхэм щІэтщ компьютерхэмрэ иджырей доскахэмрэ. Сабийхэм лъэкІыныгъэ яІэщ Интернетым ирилэжьэну. ДиІэщ спорт, медицинэ пэшхэр, шхапІэшхуэ, фондыщІэкІэ зэщІэузэда библиотекэ, кабинет узэдахэр, — жеІэ унафэщІым, и лэжьыгъэм и гугъу ищІкІэрэ.



КІуэаракъэ, еджапІэ гъащІэр хуабжьу гъэнщІащ Іуэхугъуэ гъэщІэгъуэнхэмкІэ, щІэщыгъуэхэмкІэ. ЕджакІуэхэр жыджэру холэжьыхь олимпиадэ зэхуэмыдэхэм, зэхьэзэхуэхэм хэт зэпытщ, спортым хуэкъулейщ, лъэпкъыпсэ-хэкупсэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ. Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэр къыщахьа и юбилейм хуэкІуэу зэпсэлъэныгъэ, зэІущІэ мащІэкъым зыхэтар. Мыхьэнэ хэха ират афияным еджакІуэхэр щыхъумэным. Рэбихьэт зэрыжиІэмкІэ, афияным пэщІэтынымкІэ зэІущІэхэм, зэпсэлъэныгъэхэм еджакІуэхэр хэлэжьыхькІэрэ, фІыуэ щыгъуазэ хъуащ абы къихь зэраным, шынагъуэу пылъым. МахуэщІ пшыхь ирагъэкІуэкІхэм ящыщщ иужьрейуэ, гъатхэпэм и 8-м хуагъэхьэзырар. Хуабжьу егугъуу абы хэлэжьыхьащ щІалэ цІыкІухэр.

УнафэщІу ущытыныр гугъу? А упщІэм ехьэлІауэ Дэкумэ Рэбихьэт къызэрыджиІащи, псом япэрауэ, ар жэуаплыгъэшхуэщ.

Жэуаплыгъэ ехь зыдэлажьэ гупымкІэ, еджакІуэхэмкІэ, балигъ гъащІэм куэд мыщІэу хэбэкъуэну ныбжьыщІэхэмкІэ, абыхэм къапэщылъ экзамен гъэунэхуныгъэхэмкІэ. Рэбихьэт къыхиха ІэщІагъэм хуиІэ щыпкъагъэращ, лэжьыгъэ фІылъагъуныгъэращ а псори хуэзыгъэлъэкІыр, лъэпощхьэпохэр къызэринэкІыным хунэзыгъэсыр.

— Си лэжьыгъэкІэ куэдрэ захузогъазэ егъэджакІуэ гъуэзэджэу щытахэм: Макаренко Антон, Лихачев Дмитрий сымэ, нэгъуэщІхэми. Абыхэм нэсу къагурыІуэт сабийм щІэныгъэ игъуэтынымкІэ, гъэсэныгъэ зыхилъхьэнымкІэ егъэджакІуэм ихь къалэныр. Лихачев Дмитрий и псалъэхэр щапхъэу къэсхыну сыхуейт: «ЕгъэджакІуэу ущытыныр—тхакІуэм, макъамэтхым и гуащІэм ебэкІ щэнхабзэ къулеягъщ, хьэлъэщ икІи жэуаплыгъэшхуэ зыпылъщ. Композиторым – макъамэкІэ, сурэтыщІым – сурэткІэ цІыхупсэм зыхуигъазэмэ, егъэджакІуэм дэлэлыншэу зэуэ зыхуегъазэ псэм. И щхьэ щапхъэкІэ, и щІэныгъэкІэ, фІылъагъуныгъэкІэ, дуней еплъыкІэкІэ егъасэ сабийр».

Сабийхэм и фІылъагуныгъэ гъунэншэкІэ ядэгуашэкІэрэ, Дэкумэ Рэбихьэт абыхэм яретыф гуфІэгъуэ, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ.

— Си пщэдджыжьыр, си лэжьэгъуэ махуэр щІедзэ къызбгъэдэлъадэ сабийхэмкІэ. Дэтхэнэми ІэплІэ хузощІ. Абыхэм я нэжэгужагъыр, я макъ жьгъырур — аракъэ езыри ди гъащІэм хуабжьу дызыхущыщІэ гушхуэныгъэр, гуфІэгъуэр къызыпыкІыр? Абы уи псэр догуфІэ.

Бзылъхугъэхэм я махуэщІым ехъулІэу си лэжьэгъухэми, анэхэми, пщащэ цІыкІухэми сайхъуэхъуну сыхуейщ гукъыдэжкІэ, я мурадхэр къадэхъуну, гъатхэ удз гъэгъахэм хуэдэу я гъащІэр щІэрэщІэну, — жеІэ Дэкумэ Рэбихьэт.

Дэри къыдбгъэдэкІ хъуэхъухэр щІыдогъуж Дэкумэ Рэбихьэт жиІам. Дохъуэхъу унафэщІми, егъэджакІуэ гупми узыншагъэ быдэ, ехъулІэныгъэщІэхэр, гъащІэ насып яІэну!

**ДЭБАГЪУЭ Катя.**

ШОРЭ Хьэсин

### Анэ телъыджэ

*Дунейм и махуэщІэр къытехьауэ*
*ЦІыхухэм щыгуфІыкІыу ирехьэкІ,*
*Анэхэм я хъуэхъухэр къахуихьауэ*
*ШыкІэпшынэ дыгъэ бзийхэм къокІ.*
*Хэт жиІами гуапэу анэ псалъэр*
*И пщІэм дамэ лъэщкІэ кърехьэкІ,*
*Анэ лъагъуныгъэм къыщІигъалъэу*
*Нэхущ вагъуэу уэгум къолыдыкІ.*
*Хуосакъ быныр, анэр къагъэушкъым*
*Ар пщІыхь ІэфІым хэту ягъэжей,*
*И лэгъунэм Іэуэлъауэ щІэткъым,*
*Саугъэт хуащІащ гъатхэм и дунейр,*
*Анэм и гур бынкІэ дыгъэ - мазэщ,*
*Лъагъуныгъэ гъащІэм къегъэунэху,*
*Шылэ мазэр гъатхэу зэпегъазэр*
*Дэ догуфІэ, дохъуэхъу утлъагъуху.*
*Анэ, уи гур дахэщ гъатхэ тхьэпэу,*
*Уи нэр жыжьэрыплъэ, гунэмысщ,*
*Бынхэр зэхуэбгъадэу, уахуэгуапэу*
*Бзэ пІурылъыр бжьэматэжь фоупсщ.*
*Фыпсэу, фыузыншэу анэ хъуахэр.*
*Фэ телъыджэ защІэу фызэхэлъщ,*
*Дунейм дахэу, ІэфІу къигъэщІахэр*
*ЗэІущауэ фи Іэпкълъэпкъым хэлъщ.*



*ХЬЭБЭЗ къуажэм дэт «Нур» сабий ІыгъыпІэм и гъэсакІуэхэмрэ я гъэсэн цІыкІухэмрэ илъэс къэскІэ анэхэм, анэшхуэхэм йохъуэхъу гъатхэпэм и 8, бзылъхугъэм и махуэщІым и щІыхькІэ, хуагъэхьэзыр махуэщІ пшыхь гъэщІэгъуэнхэр. Адыгэ фащэр екІупсу ящыгъыу я бынхэр утыкум къыщихьэкІэ, балигъхэм хуабжьу ягу хохъуэ, хьэкъыу зыхащІэ а цІыкІухэм я хъуэхъу псалъэхэр, я къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ махуэщІ тыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэри зэрефагъуэкІыр.*

***Хъупсырокъуэ Екатеринэ и цІэр зезыхьэ, Хьэбэз къуажэм дэт лицей-интернатыр ныбжьыщІэхэм щІэныгъэ куу къыздыщІах егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэщ. Ди республикэм къыщымынэу, лицейр ди къэралым деж цІэрыІуэ щыхъуащ мыбдеж щылажьэ егъэджакІуэ-гъэсакІуэхэм я ІэщІагъэ ІэпщІэлъапщІагъкІэ, щрагъаджэхэм ябгъэдэлъ щІэныгъэ куумкІэ.***

ЩІыхь лъагэ

## Зэманым декІу унафэщІ



Лицейр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 24-м зэрынохьэсри, абы щІэныгъэфІ зыбгъэдэлъ щІэблэ къыщІигъэкІащ, абыхэм ящыщ куэд къэрал ІуэхущІапІэ инхэм ІэнатІэшхуэхэр щаІыгъыу щолажьэ.

Егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэм и унафэщІхэми, абы щылажьэ егъэджакІуэхэми, щрагъаджэ ныбжьыщІэхэми Урысей щІэныгъэ утыкум щІыхь куэд къыщалъэщ. Абы и иужьрей щапхъэщ илъэс блэкІам «Урысейм и еджапІи 100 нэхъыфІхэр» къэпщытэжыныгъэм Хьэбэз лицейр зэрыхэхуар, абы и унафэщІ Сидакъ Жаннэ «Директор года – 2015» Урысейпсо зэхьэзэхуэм текІуэныгъэр къызэрыщихьар. Мы ехъулІэныгъэхэм, дауи, наІуэ къащІ Жаннэ бгъэдэлъ унафэщІ ІэпщІэлъапщІагъыр, къызэгъэпэщакІуэ лъэрыхьу зэрыщытыр, лицейм деж еджакІуэхэм щІэныгъэфІ зэрыбгъэдалъхьэр.

Жаннэ мы ІуэхущІапІэм и унафэщІ ІэнатІэм зэрыпэрытрэ илъэси 6-м зэрынохьэс. Зэуэ жытІэнщи, езым япэ ита унафэщІым лицейм и лэжьыгъэр егъэфІэ



кІуэнымкІэ илэжьа ІуэхуфІхэм пищащ Жаннэ. Зыпэрыт ІэнатІэм хуэІэижьщ, зытелажьэ Іуэхум хуабжьу хэзыщІыкІ ІэщІагъэрылажьэщ, зэманым дэкІуатэ, творческэ зэчий зыбгъэдэлъ, зи пашэ егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэм къыхуэув къалэнхэр Іэмал гъэщІэгъуэнхэмкІэ зэфІэзыхщ, гупыр къызэзыгъэпэщыф унафэщІщ.

УвыІэгъуэ имыІэу зи педагогическэ щІэныгъэм хэзыгъахъуэ унафэщІым «Молодой директор школы» зэпеуэм и лауреат фІэщыгъэцІэр къыхуагъэфэщащ.

Абы къинэмыщІауэ, Жаннэ зи лэжьыгъэм иджырей хъыбарегъащІэ технологиехэр къыщызыгъэсэбэп ІэщІагъэрылажьэщ. Абы и щІыхькІэ «Учитель цифрового века» сертификатри къыхуагъэфэщащ.

Къыдэлажьэхэм зэрагъэнаІуэмкІэ, Жаннэ «менеджер-пашэ», «менеджер-унафэщІ» зыхужыпІэфынухэм ящыщщ. Абы щыхьэт тохъуэ лицейм и унафэщІыр Урысейпсо зэхьэзэхуэм «Менеджер в образовании» номинацэмкІэ текІуэныгъэр къызэрыщихьам. Къызэригъэпэщ, зи пашэ егъэджакІуэ гупращи: жыджэрщ, жэуаплыгъэ ин яхьу дэтхэнэри и ІэнатІэм пэрытщ. Апхуэдэу, зэдэлажьэ гупыр зэгуроІуэ, абы къыпокІуэ лицей-интернатым и ехъулІэныгъэхэри. Зэкъым мы егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэм «Эрудиты планеты», «Познание и творчество», «Молодежные предметные чемпионаты», «Шаг в будущее» Дунейпсо, Урысейпсо, республикэ зэхьэзэхуэхэм текІуэныгъэр къызэрыщахьар, зэпеуэхэм я лауреат зэрыхъуар.

КъинэмыщІауэ, Жаннэ егъэджакІуэхэм я сыт хуэдэ жэрдэмри ядеІыгъ, уеблэмэ дрегъэхьэх пщІэ лъагэ зиІэ зэпеуэхэм хэтыным. Сыт щыгъуи я щІыхьыр лъагэу, увыпІэфІхэр къыщалъэщу «Учитель года» республикэ, хэгъуэгупсо зэпеуэхэм зыкъыщагъэлъагъуэ.

Лицейм и егъэджакІуи 7-м ПНПО-м текІуэныгъэр къыщахьащ, «Наставник будущих ученых» номинацэмкІэ Урысейпсо егъэджакІуэ зэпеуэм: биологиемкІэ, химиемкІэ, есэпымкІэ, физикэмкІэ бжьыпэр щаубыдащ. ИкІи, мыбдежхэм мыхьэнэшхуэ иІэщ лицейм и унафэщІ Жаннэ егъэджакІуэхэм зэрызащІигъакъуэм, я творчествэр къызэкъуахынымкІэ лъэкІыныгъэ зэраригъэгъуэтым, я къарур я фІэщ хъууэ утыку зэрихьэфым.

Лицейм щеджэхэм щІэныгъэ ябгъэдэзылъхьэ егъэджакІуэхэм я ІэщІагъэ ІэпщІэлъапщІагъым, абыхэм зэрырагъэджэну программэ нэхъ купщІафІэхэр, егъэджэныгъэ план нэхъусахэр гъэхьэзырыным гулъытэ ин иІэу егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэм и унафэщІым къызэрыхихым, ныбжьыщІэхэм я къэкІуэнум зэрыригузавэм къыдэкІуэу, Жаннэ мыхьэнэшхуэ ирет еджакІуэхэр узыншэу къэгъэтэджыным, щэнхабзэ и лъэныкъуэкІи заужьыным.

Лицейм щеджэхэр спорт зэхьэзэхуэу зыхэмыт бгъуэтынкъым. Апхуэдэщ: республикэ, Урысейпсо спорт зэпеуэхэр, Спартакиадэхэр. Дэнэ дежи щыпашэщ. Предмет Олимпиадэхэр къапщтэмэ, муниципальнэ утыкум деж иужьрей илъэситхум лицейм быдэу япэ увыпІэр щиІыгъщ. Апхуэдэщи, унафэщІым лицейм и лэжьакІуэхэри, абы щеджэхэри икъукІэ нэгъэсауэ къызэрызэригъэпэщым и фІыщІэу егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэр лъагапІэфІхэм нос. Жаннэ — ищхьэ квалификацэ нагъыщэ зиІэ ІэщІагъэрылажьэщ.

Инновационнэ егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэу щыткІэрэ, егъэджакІуэ гупыр купщІафІэу, зыужьыныгъэшхуэ ирагъэгъуэту толэжьыхь «Использование современных образовательных технологий в формировании ключевых компетенций учащихся» темэм. Лицейм и унафэщІым гулъытэшхуэ хуещІ егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэм и къэрал-жылагъуэ управленэм зегъэужьынми. Апхуэдэу, лицейм жыджэру щолажьэ Попечительскэ Советыр, класс нэхъыжьхэм я Советыр, егъэджакІуэ гупым пыщІэныгъэ зыхуаІэ анэ-адэ комитетыр. Лицейм и унафэщІ Жаннэ Хьэбэз къуажэм деж бзылъхугъэхэм я Советым и пашэщ.

Лицейм и унафэщІым игуэщІа, бгъэдэлъ педагогическэ щІэныгъэфІым къэралми, республикэ власть къулыкъухэми уасэшхуэ къыхуащІащ. Япэрауэ, Жаннэ Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ. Зэкъым КъЧР-м и ЦІыхубэ ЗэІущІэм (Парламентым), «Зыуэ щыт Урысей» бэдауэщ партым, «Школа цифрового века» Урысейпсо проектым къабгъэдэкІа ЩІыхь, ФІыщІэ тхылъхэмкІэ зэрагъэлъэпІар.

Зи лэжьыгъэм зи псэр хэлъ, зыужьыныгъэм хуэпабгъэ зэпыт унафэщІым гуращэ куэд иІэщ. Шэчыншэу, ахэр зыхуэгъэзар зыдэлажьэ гупым нэхъри заужьынымрэ лицейм и лэжьыгъэр егъэфІэкІуэнымрэщи, Тхьэм унафэщІ емышыж Жаннэ и гуращэр къыдигъэхъу!

**ЩОХЪУЖЬ Люсанэ.**

**Зеикъуэ къуажэдэс Къэзэнокъуэхэ Іэбубэчыррэ Эммэрэ я бынунагъуэр зэгъэуІуауэ, псори унагъуэм исц бгъуэтыныр Іуэху псынщІэкъым. АтІэ, зэщхьэгъуситІыр, я быни 9-р щхьэж и къалэнрэ пщэрылърэ ицІыхужу, дэтхэнэми и махуэр ІуэхукІэ гъэнщІащ. Хэти къэтщ, хэти мэлажьэ, хэти унагъуэщ. Къэзэнокъуэхэ дыщеблэгъа махуэр щэбэтми, апхуэдэрыххэщи, Іуэхуншэ яхэткъым. Эммэ-унэгуащэр, зэрыригушхуэри нэрылъагъуу, и гуапэу къыджиІащ и къуэ нэхъыщІэ дыдэр нобэ лэжьапІэ кІуауэ къуажэ кІуэцІым деж уней хъызмэт гуэрым зэрыщылажьэр. «Іуэху щІэн щхьэкІэ къикІуэтынукъым зыри. Мис нобэ хъызмэтыр дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэу щызэхихым, кІуащ икІи сигъэгуфІэну къызжиІащ махуэм сом 500 къызэрилэжьынур...»,—къыддогуашэ бзылъхугъэр.**

# Бын куэдыр хъерщ

Къэзэнокъуэхэ я унагъуэр зы адыгэ унагъуэ зэрыхуэфэщэну мэпсэу: пщІантІэр зэлъэІухащ, Іэхуитлъэхуитщ, унэшхуэр дэтщ, джэдкъазымрэ Іэщымрэ я куэдщ. Іэбубэчыррэ Эммэрэ а псоми я нэр теплъызэурэ ягу къагъэкІыж къызэрыщІадзауэ щытар. 1981 гъэм унагъуэ зэдащІащ. ИлъэсихкІэ щылэжьащ Тюмень. Иужьым къызыщалъхуа я хэкум къагъэзэжри, щетІысэхащ Іэбубэчыр и адэм къыщІэна хапІэм. ХапІэ нэщІт ар, уни жьэгуи имыту. Арами, лэжьэным еса зэщхьэгъусэхэр гужьеякъым, ябг щІакъузэри и ужь ихьащ я псэупІэ жьэгур яухуэным. ИкІи яхузэфІэкІащ ар. Зыр зым и ужь иту дагъэува псэуалъэхэм къинэмыщІауэ, сабий жьгъыру макъхэр къыдэІукІащ, гъащІэщІэм и нэщэнэу, псэ къыІуагъэкІэжащ адэжь хапІэм. Япэ къахуэхъуа щІалэм, Артур, нобэ и ныбжьщ илъэс 32-рэ. Бынунагъуэщ. Адэ-анэр игъэгуфІащ къуэрылъху цІыкІукІэ. Нэхъыжьым кІэлъыкІуэ пхъуитІри унагъуэщ, бынхэр къащІэхъуащ. Муклъимэтрэ Муслъимэтрэ зэтІолъхуныкъуэщ. Иужьрейр унагъуэ ихьауэ хьэлэмэту мэпсэу. Я къуитІ зэгъусэу къулыкъум дагъэкІати, я унафэщІхэм къыбгъэдэкІа щытхъу псалъэхэр зэрыт тхыгъэхэр анэ-адэм къыхурагъэхьу, дзэ къулыкъу къалэнхэр ягъэзащІэри къагъэзэжащ. Зи унагъуэ щІэгъуэхэм я насып къыщыкъуэкІыным анэ-адэр темыпыІэжу поплъэ. «Илъэс бжыгъэфІ дэкІащ нэхъыжьхэм я хъер дызэрыхагъаплъэрэ. СыткІи дыхуэхьэзырщ абыхэм къакІэлъыкІуэхэм я насып къэкІуэгъуэм, дытемыпыІэжу дожьэ»,— зыжьэу зэдыжаІэ зэщхьэгъусэхэм.

Іэбубэчыррэ Эммэрэ я гъэрэтым къыпэкІуащ я нобэрей гъащІэ тыншыгъуэр. Абы и лъабжьэр тІуми зыщалъагъур мылъкукъым, ахъшэкъым. Бынращ фІыгъуэри хъерыгъуэри зыхалъагъуэр. Сабийхэр цІыкІухункІэ гугъу ехьами, къагъэтэджыфащ адыгэ лъэпкъым хуэфэщэн щІэблэу: щэныфІэхэщ, гуащІафІэхэщ, цІыху хэтыкІэ ящІэ. Я къуажэгъухэми жаІэ Къэзэнокъуэхэ я бынхэр зэрылэжьакІуэр, зэрыгъэсар. «И нэхъыбэм къащохъу бынышхуэр зэхуэмыщІауэ, зэгурымыІуэу псэууэ. Мис апхуэдэ гупсысэкІэ къыдэмыщэным хущІэкъуу, щапхъэгъэлъагъуэу зэрыпсэуным хущІокъу быныр сыт щыгъуи. Абы и фІыгъуэщ нобэ анэ-адэм къыдэкІыр. Зы цІыху ди куэбжэм къыІухьакъым ди быным игу къебгъауэ. Уэрамым ефауэ, зауэу-банэу теткъым. Сыт и лъэныкъуэкІи ди щІэгъэкъуэнщ. Дэтхэнэ анэри и быным ирогушхуэ, щотхъу жыфІэнкІэ мэхъу. Ари пэжщ, ауэ быным кІэрымылъ фІыгъуэ кІэрыплъхьэкІэ нэхъыфІ хъунукъым, сэхъуджэнущ мыхъумэ. Хьэлъэщ, шэч хэлъкъым, бын куэдыр къэпІэтыныр, ауэ абыхэм я хъерым, я ехъулІэныгъэхэм, къуэрылъху-пхъурылъху цІыкІухэм уащыхэплъэкІэ, псори пщагъэгъупщэж. Езыри, бынышхуэр зэрыфІыр араци, нэхъыжьхэм нэхъыщІэхэр я нэІэ щІэтурэ, зэдэІэпыкъужурэ, къызэроІэт. СызэреплъымкІэ, бын мащІэм нэхърэ бынышхуэр нэхъ пІыгъуафІэщ», — къыддогуашэ Эммэ.

ЖыпІэнуракъэ, Эммэрэ Іэбубэчыррэ зэи шэч къытрахьакъым бынунагъуэшхуэу зэрыпсэуным. Иджы куэдрэ зэрыхъум хуэдэу, я Іыхьлыхэми зэгуэрми ягъэщІэгъуакъым зэщхьэгъусэхэм сабий дыгъэ-щыгъэ цІыкІухэр зыр зым къыкІэлъыкІуэу къазэрыхуэхъуар. АтІэ, езы тІури къызэрыхъухьар бынибэти, есэжат жэщ мыжейми, сабий гъы макъми. ТІури щІогуфІыкІри зы жьэу зэдыжаІэ: «Гъунэгъу сабийхэри дыдейм хуэдэу долъагъу, ди быным къалъхужар щыгъэтыжауэ». Абы гурыІуэгъуэ къытщещІ Къэзэнокъуэ зэщхьэгъусэхэмкІэ сабий лей, хамэ зэрыщымыІэр.

Эмми къызэрыджиІащи, быныр нэхъыбэ пэтми, нэхъ зэгурыІуэу, зэдэІэпыкъуныгъэ хьэл-щэныр яхэлъу къотэдж, нэхъыжьхэр нэхъыщІэхэм ядоІэпыкъу, зым Іэпыхур къызэдащтэж.

КъинэмыщІауэ, Эммэ и анэ къалэнхэр игуэщІыфыным, и бынымкІэ гу псэхугъуэ иІэным щхьэмыпэкІэ къэнакъым и щхьэгъусэр щІэгъэкъуэнышхуэ къызэрыхуэхъуар. Езыр унагъуэм щІэкІын хъуами, Іуэху гуэр ищІэн хъуами, Іэбубэчыр и нэІэм сыт щыгъуи сабийхэр быдэу щІэтащ.

Адэ-анэм я быныр зыщІапІыкІа дерсхэм, ущиехэм захуэбгъэзэнри лейкъым. АтІэ, Эммэрэ Іэбубэчыррэ быным я гъэсэныгъэм зэгуэрми хагъэхьакъым текъузэныгъэ Іэмал. Іуэхур я зэхуэдэу, щхьэж ищІэнур наІуэу зэрыщытым и фІыгъэкІэ нобэ унагъуэ я Іуэхур псоми зэдагъэкІуатэ. Пщащэхэр хуэІэрыхуэщ бзылъхугъэ ІэщІагъэхэм, щІалэхэм адэр я щапхъэ хьэлэмэтщ, лІы Іуэхур напІэзыпІэм зэфІауд. Гъунэгъухэми, къэзыцІыхухэми жаІэ Къэзэнокъуэхэ я пщІантІэм хьэргъэшыргъэ, зэрыгъэгуо-зэрыгъэкІий макъ къыдэІукІыу зэгуэрми зэрызэхамыхар. АтІэ, хъуэпсэгъуэщ мо бынышхуэр, зы хами къахэмыхьэу, пэрыувэрэ я Іуэхур псынщІэу зэдагъэкІуатэу плъагъуныр. «Тхьэм иригъэфІакІуэ, хущІигъэхьэ!» — апхуэдэ псалъэхэр къыхужаІэ зэпыт Къэзэнокъуэ унагъуэшхуэм.

Хэти насыпыр зэхуэмыдэу къыгуроІуэ, ар зыхалъагъуэри щхьэж и гупсысэ къызэрихьщ. Эммэрэ Іэбубэчыррэ фІыгъуэу щыІэм хагъэдами, зыми пащІынукъым къакІуа гъуэгуанэр, яшэча хьэлъэр, ягуэщІа лэжьыгъэр. ИкІи, Тхьэм ирещІи, нэгъуэщІ гъащІэ гъуэгу къыхахыну къыщІэкІынтэкъым. Сыту жыпІэмэ, а псори зэпхар я бынращ, абыхэм къыхуахь гуфІэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэщ. Аращ езыри я насыпыр зыхалъагъуэр. Сыт и уасэ зэрыппІа уи гугъуехьыр быным къыгурыІуэныр?! Арагъэнщ езыри цІыхур щІэпсэур, Эммэрэ Іэбубэчыррэ я быным къыжраІэ псалъэхэм хуэдэхэр зэ закъуэ нэхъ нэмыІэми зэхахыным папщІэ: «Мамэ дыщэ, ди адэ, фэ къытхуэфщІар, ди балигъ хъугъуэм дызэфшэлІа псэукІэр зи фІыщІэр фэращ, адэмрэ анэмрэщи, фІыщІэу фхуэтщІыр гъунэншэщ». АпщІондэхункІэ анэмрэ адэмрэ щыз яхуохъуэ, я гъащІэр мыхьэнэншэ зэрымыхъуар нэхъри зыхащІэ.

**ТУАРШЫ Ирэ**

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ

## Тхыдэм къыхэна цIэхэр

ОрдениплI зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэралыгъуэ зэригъуэтрэ блэкIа илъэсхэр IуэхугъуэшхуэхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ.

Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэщи, Совет властыр зэрыуву, ди щIыналъэр зыужьыныгъэм и гъуэгум техьащ. ПсэукIэщIэм хуэжыджэрти, жэщ-махуэ ямыIэу цIыхубэр абы телажьэрт. Индустриализацэм республикэм и теплъэм къыпхуэмыцIыхужыну зригъэхъуэжат. Япэ илъэситхум и закъуэ предприятэщIэу 44-рэ ирагъэжьат, автоном областым и къэрал промышленностым псори зэхэту продукцэу къыщIигъэкIым и процент 85,5-р абыхэм хуэзэрт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш IэнатIэми ехъулIэныгъэфIхэр щиIэт. 1933 гъэм и мазаем колхозхэтхэм я япэ Союзпсо зэIущIэ екIуэкIати, автоном областым и цIэр къэралым щыпашэхэм яхэту къыщраIуат. Ди щIыналъэр лэжьэкIэ пэрытым и еджапIэ хъуати, нэгъуэщI щIыпIэ куэдым я лIыкIуэхэм я щIэныгъэм ди деж щыхагъахъуэрт. 1934 гъэм япэ дыдэу Ленинным и орденыр зратахэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ. Ар къыхуагъэфэщат колхозхэр къызэгъэпэщыным, гъэбэгъуэным щиIэ ехъулIэныгъэ инхэм папщIэ. Абы щыгъуэ областым и гъавэгъэкIрэ Iэщыхъуэу мин 17,7-м щIигъур лэжьыгъэм щыпашэти, зэхьэзэхуэр зэщIэплъэ зэпытт. 1935 гъэм щакIуэгъуэм и 4-м Ищхъэрэ Кавказ крайисполкомымрэ ВКП(б)-м и Ищхъэрэ Кавказ крайкомымрэ унафэ къащтауэ щытащ колхоз нэхъыфIхэр ягъэгушхуэну, пашэхэм я зэфIэкIыр ягъэлъэгъуэну. Абы щыгъуэм Кировым и цIэр зезыхьэ (Зеикъуэ къуажэ), Андреевым и цIэр зезыхьэ (Кэнжэ), Къалмыкъым и цIэр зезыхьэ (Шэджэм Ищхъэрэ), «Псыгуэнсу», «Ленинцы» (Ново-Ивановскэ) колхозхэр крайм и ЩIыхь пхъэбгъум иратхауэ щытащ. А илъэс дыдэм и дыгъэгъазэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и колхозхэт 27-м къэрал дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ.

1949 гъэр Зеикъуэ къуажэм хуэугъурлыт. ЯпэкIи иужькIи къэхъуауэ къыщIэкIынкъым зы жылэм щыщ икIи зы IэнатIэм пэрыт цIыхуищым зэуэ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыщыфIаща. Ахэр Бырс Анзор, Щоджэн ТIэлашэ, Къалмыкъ Хьэжмурат сымэщ.

Къущхьэхъу жыжьэм зэман кIыхькIэ щаIыгъыну шы гуартэхэр зэрежьэнум зэрыхуэхьэзырыр къэзыпщытэ республикэ комиссэм Кировым и цIэр зезыхьэ колхозыр дапщэщи щапхъэу игъэлъагъуэрт. Абы дэплъеину адрейхэр къыхуриджэрт.

1949 гъэм мэкъуауэгъуэм и 27-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкIэ колхозым и тхьэмадэ Бырс Анзор, шы фермэм и унафэщI Щоджэн ТIэлашэ, шыхъуэ нэхъыжь Къалмыкъ Хьэжмурат сымэ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ. А зэманым хуэзэу хозяйствэм и шы гуартэм хуэдищкIэ хэхъуат. Зеикъуэдэсхэм я къуажэгъуищым еплIанэу 1959 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м Бгъэжьнокъуэ Хьэчим, ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ колхозым и тхьэмадэм, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Апхуэдиз лэжьыгъэшхуэ зыгъэхъея, зи зэфIэкIыр къэралпсо утыкум къыщалъыта а цIыху щыпкъэхэм я цIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэ къулейм дыщэпскIэ хатхащ икIи абыхэм я IуэхущIафэу щытар щIэблэм гъуазэу яIэнущ.

**НЭГЪУЕЙ КIэмыш**

### Адыгэхэм къытхужаIахэр

*Кавказым ис лъэпкъ псоми зэрахьэ хъуа адыгэ фащэр дахэщ, зекIуэ ежьам, шум дежкIэ абы нэхъ фащэфI щыIэкъым. Ар фащэ яхуэхъуащ къэзакъхэми. Кавказым къулыкъу щызыщIэ урыс офицерхэми.*

**Де Бес Жан-Шарль.**

*Лъэпкъ дахэщ черкесхэр, цIыху екIухэщ. Я цIыхухъухэр Iэчлъэчщ, къуэгъущ, къамылыфэщ, гуапэхэщ, я щхьэм пщIэ хуэзыщI защIэщ, уардэхэщ, плIабгъуэхэщ, бгы псыгъуэхэщ.*

**Клапрот Генрих-Юлиус.**

*А лъэпкъ хахуэм (черкесхэм) къэралыгъуэ лъэщ яухуэфынут зи акъыл зэтемыхуэ пщыхэм я IэмыщIэ имылъатэмэ. ЛIыфIыгъэ зэримыгъахуэурэ, зэныкъуэкъу зэпытщ ахэр, ди насыпщи, абы и фIыгъэкIэ нэхъ шынагъуэншэ мэхъу а лъэпкъ хахуэр.*

**Паллас П.-С.**

## Гъуазэ

ТхущI гъэхэм я пэщIэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и жэмышхэм зэхаублауэ щыта зэхьэзэхуэм куэдым я цIэр жыжьэ щигъэIуащ, пщIэрэ щIыхьрэ къахуихьащ. Абыхэм ящыщщ зи гъащIэ псор лэжьыгъэшхуэрэ цIыхугъэ лъагэрэкIэ гъэнщIауэ къэгъуэгурыкIуа, зыпэрыта IэнатIэм и зыужьыныгъэм зи гуащIэр хьэлэлу езыта Пащты Салимэ Мэзан и пхъур.

ЩIалэ дыдэу 1930 гъэм хыхьащ Салимэ езыр щалъхуа Куба къуажэм щызэхэт колхозым икIи абы щыгъуэ къыхихауэ щыта жэмыш IэщIагъэр зы махуи къигъэнакъым, и къарум къихьыхункIэ хуэпэжу къекIуэкIащ.

1943 гъэм и щхьэгъусэр Харьков деж зэрыщыхэкIуэдам и хъыбар гуауэр зэхихами, абы къигъэшакъым, и бгыр щIикъузэри, я къуэ закъуэр зэрипIыжыным, жылэм къакIэрымыхуу и Iуэху Iыхьэ зэрищIэным и акъылыр триухуащ. Мис апхуэдэу ар техьащ лIыхъужьыгъэм хуэзыша гъуэгум.

Республикэм и жэмышхэм я зэхьэзэхуэм зиубгъу зэпытт. Псом хуэмыдэу, ар зэщIэплъат Къэбэрдейр Урысейм зэрыхыхьэрэ илъэс 400 щрикъу 1957 гъэм. Жэмыш пашэхэм къызэдащтат гъэшу къалэжьым процент 35-кIэ хэгъэхъуэным теухуа къыхуеджэныгъэр. Абыхэм я зэпеуэм дихьэхыу кIэлъыплъырт республикэм и унафэщIхэри, мэкъумэш хъызмэтхэм я IэщIагъэлIхэри. Жэмыш пашэхэу Къаскъул Муслъимэт, Жамборэ Уэс, Ало Башир, АфэщIагъуэ Нащхъуэ, КIыщ Чэзим, Пащты Салимэ сымэ, нэгъуэщIхэми я цIэр дэнэ щIыпIи щызэIэпахырт. Абы щыгъуэ дэтхэнэми илъэсыр иухащ зыхуигъэувыжа къалэным щIригъэгъуауэ.

1958 гъэм Пащты Салимэ къыхилъхьащ Сталинград областым и Iэщыхъуэхэм я щапхъэм тету, яIыгъ жэм къэс хуэзэу махуэм шэ пут къыщIашыну. Абы зезыпщытыфынур зи къарум щыгугъыж, зи IэщIагъэм хуэIэижь, Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI гумызагъэхэрат. ИкIи, куэд дэмыкIыу, республикэм и жэмыш пщIы бжыгъэхэм я гъунапкъэщIэр къащтащ. Пащты Салимэ игурэ и щхьэрэ зэтелът, нэгъуэщIхэр зылъэщIигъэхьэртэкъым. А илъэс дыдэм дэтхэнэ жэмми хуэзэу килограмм 6035-рэ, къыкIэлъыкIуэ гъэм килограмм 6329-рэ къишащ. КъызэрыгуэкI къуажэдэс цIыхубзым дежкIэ ар ехъулIэныгъэшхуэт. Салимэ и жэрдэмыщIэхэр республикэм и Iэщыхъуэхэм гъуазэ яхуэхъуати, я гуапэу къыдащтащ. Салимэ и зэфIэкIымрэ и гуащIэшхуэмрэ гулъытэншэ хъуакъым - ЦIыхубзхэм я дунейпсо зэщIэхъееныгъэр илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу, 1960 гъэм гъатхэпэм и 7-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкIэ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ. Къэралым и нагъыщэ нэхъыщхьэхэр - Ленин орденымрэ «Гъубжэрэ Уадэрэ» дыщэ медалымрэ Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Куба къуажэм Сталиным и цIэкIэ щызэхэт колхозым и жэмыш пашэм Кремлым къыщратыжащ. Апхуэдэу «ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь» орденыр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ, Совет зэхуэмыдэхэм я депутату хахащ.

Пащты Салимэ и цIэр Куба къуажэм и уэрамхэм ящыщ зым зэрехьэ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик**



## Лъэпкъ гупсысэ телъыджэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист, Абхъаз Республикэмрэ Урысей Федерацэмрэ гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Даур Аслъэн и уэрэдхэр дунейм къызэрытехьэрэ цIыхум фIыуэ ялъэгъуауэ нобэр къыздэсым йокIуэкI. Композиторым лъэпкъ музыкэм зригъэужьащ, и IэдакъэщIэкIхэм псори щIыдихьэхар пэжагърэ езы Аслъэн и гу къабзагъэрэ яхилъхьащи arащ. КъинэмыщIауэ, абы и лэжьыгъэхэр адыгэ лъэпкъ уэрэдыжьхэм пэгъунэгъу дыдэщ.



Куэдрэ дигу къыдогъэкIыж Ленин саугъэтыр зыхуагъэфэща композитор цIэрыIуэ Свиридов Георгий зэгуэрым жиIауэ щытар: «Даур Аслъэн и уэрэдхэмрэ макъамэхэмрэ къабзэщ, гуакIуэщ икIи Iущыгъэ яхэлъщ». Абы и псалъэхэр пэж дыдэт.

Даурым и IэдакъэщIэкIхэм я нэхъыбэр Москва къыщыдэкIащ. Композиторым и творчествэм щыгъуазэ зищIа нэужь, Тухманов Давид жиIащ: «Лъэпкъ гупсысэ телъыджэкIэ къащхьэщокI Даур Аслъэн и лэжьыгъэхэр адрейхэм. И макъамэбзэр къызэрыгуэкIыу, тыншу къыпщыхъу щхьэкIэ, уэрэдусым и IэдакъэщIэкIхэм щызыхыбощIэ езым и гурыщIэрэ гупсысэ куурэ. Апхуэдэ макъамэхэм ухуэкIэ, къэIуэтэкIэ хьэлэмэт яIэщ. Нэхъыщхьэращи, абыхэм цIыхум ягу зэрыдыхьэн лъагъуэ къагъуэтын яхузэфIокI. Ахэр фIыуэ щалъагъу композиторым и хэкум. Апхуэдэуи гуфIэгъуэ махуэхэм, хьэгъуэлIыгъуэхэм щыжаIэ, и нэхъыбэм ахэр цIыхубэ уэрэду ялъытэу».

1991 гъэм «Бгырыс симфоние къафэхэр» зыфIища и лэжьыгъэм къыхуагъэфэщащ УФ-м и Къэрал саугъэтыр. Ар композиторым къритыжат Урысейм и Президент Ельцин Борис.

Даур Аслъэн лъэныкъуэ куэдкIэ узэщIат. Илъэс куэдкIэ ехъулIэныгъэхэр иIэу ар УФ-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм Ставрополь крайм щиIэ и къудамэм и правленэм и унафэщIу лэжьащ. Музыкэм и мызакъуэу, абы фIэхьэлэмэтт щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIынри. Абы адыгэхэм я IуэрыIуатэр иджурэ, ар лъабжьэ зыхуищIа лэжьыгъэ зыбжанэ дунейм къытригъэхьащ. Абыхэм ящыщщ «Пшынауэ Ерыжь Зули», «Тхьэбысым Умар», «Къэрэшей-Шэрджэсым и макъамэ щэнхабзэр», нэгъуэщIхэри. Ахэр псори Москва къыщыдэкIащ. Зэгуэр Щедрин Родион зэрыжиIащи, «Даур Аслъэн и IэщIагъэмкIэ зэфIэкI ин зиIэ цIыхущ, музыкант, композитор, дирижер Iэзэщ». Апхуэдэущ ар нобэ ди нэгу зэрыщIэтри.

**КЪАРДЭН Юлэ, музыковед**

## Адыгэ къафэм и гуащэ

Дэтхэнэ зы лъэпкъми, ар хэтми кърипцIыхуу езым и лъэпкъ фащэ зэриIэжым ещхьу, иIэжщ и уэрэди, и пшыналъи. Ахэр къэзыгъэщI, макъамэр зи IэдакъэщIэкI композиторхэм, пшыналъэхэр, макъамэ гуакIуэхэр зи Iэпэгъу музыкантхэм, уэрэдхэр жьгъырууэ зыгъэIу уэрэджыIакIуэхэм зы цIыху гъащIэкъым, дэ къызэрытфIэщIымкIэ, яIэр – гъащIитI мэхъу. Зыр иухми, адрейр кIэух зимыIэщ. Апхуэдэ насып зи натIэ хъуахэм ящыщ зыщ Къуэшыркъуей (Кэнжэ къуажэм) къыщыхъуа адыгэ пшынауэ цIэрыIуэ, РСФСР-ми КъБАССР-ми я цIыхубэ артисткэ Къашыргъэ КIурацэ.

Тамбий Исмэхьил ипхъу КIурацэ зыхалъхуар музыкальнэ Iэмэпсымэ зэрымылъа мэкъумэшыщIэ унагъуэщ. КIурацэ илъэсибгъу щыхъум пшынауэкIэ зрегъащIэ. Куэд дэмыкIыу хъыджэбз гурыхуэ цIыкIур пшынауэ Iэзэ мэхъу, щIэхыу къожэпхъри унагъуэ йохьэ. 1929 гъэм колхозым хохьэ. А гъэ дыдэм къызэIуахауэ щыта радиостудием ирагъэблагъэри, пшынауэу щолажьэ. 1931 гъэм Налшык щекIуэкIа япэ олимпиадэм бжьыпэр щеубыдри, щытхъу тхылъ кърат. Абы нэмыщIауэ гъуазджэ зыгъэлъэгъуэныгъэмкIэ Ищхъэрэ Кавказ щIыналъэ олимпиадэм хэтыну ягъакIуэ. Дон Iут Ростов щекIуэкIа олимпиадэми япэ увыпIэр къыщихьащ.

Архивым хэлъ справкэхэм ящыщ зым зэритымкIэ, Къашыргъэ КIурацэ 1929 гъэм и фокIадэм щыщIэдзауэ 1933 гъэр иухыхукIэ Радио купсэм пшынауэу щылэжьащ. Абы иужькIэ 1934 гъэм Уэрэдхэмрэ къафэхэмрэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал ансамблым пшынауэу икIи къэфакIуэу хэтащ.

«Къафэ», «Удж», «Ислъэмей», нэгъуэщI макъамэ зэмылIэужьыгъуэу Къашыргъэ КIурацэ и пшынэм къригъэкIыу 23-м я цIэ къэрал архивым, 31-рэ радиом и архивым пленкэм тратхауэ хэлъщ. Езым уэрэду итхауэ къэрал архивым 13, радиом ейм 12 хэлъщ. Абы къинэмыщIауэ, япэ дыдэу «Къэбэрдей вальс» зытхари Къашыргъэ КIурацэщ.

Къашыргъэ КIурацэ дэлэжьахэм ящыщ зыщ КъБАССР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Мыд Хьэжмусэ. Абы игу къигъэкIыжу гуапэу жиIэжырт КIурацэ теухуауэ:

— Ди лъэпкъ музыкальнэ щэнхабзэм, къафэхэм фIыгъэу яхэлъыр наIуэу зыгъэлъэгъуахэм я пашэщ КIурацэ. Пшынауэ IэщIагъэм дэщIыгъуу, КIурацэ солисткэу къафэуи щытащ. Адыгэ цIыхубзым нэмысрэ щэныфIагъыу, Iэдэбу хэлъыр абы IупщIу щигъэлъагъуэрт гъащIэми сценэми. КIурацэ и къэфэкIэр адрей цIыхубз къэфакIуэхэм я дежкIи щапхъэт. Къашыргъэ КIурацэ фIыгъэу бгъэдэлъахэм ящыщу мыри жысIэну сыхуейт: абы и гъусэу ансамблым щылэжьа цIыхубзхэм я ныбжь елъытакIэ ар ани шыпхъуи яхуэхъуфырт. Псоми гулъытэшхуэ яхуищIу, чэнджэщэгъу яхуэхъуу, езыр зыщыгъуазэхэр зымыщIэхэм яригъащIэу ядэIэпыкъу зэпытт.

1948–1957 гъэхэм къриубыдэу Къашыргъэ КIурацэ зэхилъхьауэ, ди лъэпкъ музыкэ щэнхабзэм и тхыдэр зытхыжа композитор-теоретик цIэрыIуэ Трувор Шейблер нотэм иригъэзэгъауэ уэрэд куэдрэ къафэ зыбжанэрэ мыкIуэдыжыну дунейм къытенащ. Абыхэм щIэлъ псалъэхэри езым зэхилъхьэжырт. Ар зи гурыхуагъэрэ зи акъыл жанрэкIэ лъэпкъ усэ гъэпсыкIэм и хабзэхэр къэзыгъэIурыщIэфа япэ адыгэ цIыхубз усакIуэщ.

КIурацэ гурэ псэрэкIэ зыхищIэрт икIи къыгурыIуэрт уэрэд макъамэмрэ абы щIэлъ псалъэхэмрэ зэнэзэпсэрэ зэпсэгъуитIу, зэпэхъуу, зэкIужу щытын зэрыхуейр. Арат абы макъамэри псалъэри зэщIыгъуу щIызэхилъхьэр. Ди адыгэ лъэпкъым и уэрэд зэхэлъхьэкIэм и нэщэнэ дыдэщ ар.

Къашыргъэ КIурацэ уэрэдус-усакIуэм и мызакъуэу, адыгэ къафэм и усакIуэщ, и композиторщ. Музыкэр цIыхубэм яйщ, жаIэу къафэ зэмылIэужьыгъуэ куэд дунейм къытехьащ КIурацэ зэхилъхьауэ. Абы къигъэщIа макъамэ дахэхэр ди нобэ гъащIэми къыддощIэращIэ, ди лъэпкъым и пшыналъэ мыкIуэщIщ, мыужьыхыжщ, уедаIуэ пэтми зызыщумыгъэнщIщ.

Пшынауэ Iэзэм и Iэзэж Къашыргъэ КIурацэ и пшынэм ислъэмей, удж, къафэ зэмылIэужьыгъуэ куэд кърригъэкIыу щытащ. Абы къинэмыщIауэ, езым зэхилъхьа «Ислъэмейр», «Уджыр», «Удж пыхур», «Уджхэшыр», «Иджырей къафэр», «Къафэжьыр», нэгъуэщIхэри нотэкIэ тхауэ, езым игъэзащIэу магнитнэ пленкэм, пластинкэм тратхауэ къэнауэ щыIэщ. Ахэр псори ди адыгэ музыкэ щэнхабзэм и хэлъхьэныгъэ мыкIуэдыжщ.



Зэгуэрым Налшык щыпсэуа композиторышхуэ Авраамов Арсений и фIыгъэкIэ ди музыкэм марш къыхыхьауэ щытащ. А жанрыщIэм и мэсхьэбым иту, Къашыргъэ КIурацэ итхащ «ЩIалэгъуалэ маршымрэ» «КъБАССР-р илъэс 39-рэ щрикъум и щIыхькIэ маршымрэ». ТIури уедэIуэнкIэ удихьэхыу, дахэу, гуакIуэу зэхэлъхьащ, укъызэщIэзыIэтэ гуфIэгъуэкIэ гъэнщIащ.

КIурацэ зэхилъхьа макъамэхэм лъабжьэшхуэ яIэщ. Къашыргъэ КIурацэ ди цIыхухэм гуфIэгъуэ езыт пшынауэ Iэзэт, хуэфащэу «маэстро» гъафIэ псалъэр зыхужыпIэ хъуну музыкант телъыджэт.

Къашыргъэ КIурацэ псэухукIэ пщIэ къыхуащIащ, и щхьэри ягъэлъэпIащ. Абы щIыхь, щытхъу тхылъу, диплому Iэджэ кърэтащ. «Знак Почета» орден къыхуагъэфэщащ, КъБАССР-мрэ РСФСР-мрэ я цIыхубэ артисткэ цIэ лъапIэхэр къыфIащащ.

**КIУРАШЫН БетIал**

## Iуэхушхуэхэм япсыхьа



Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Ахъуэхъу Анатолэ и гъащIэр Iуэхушхуэхэмкiэ гъэнщIауэ къекIуэкIащ. И IэнатIэм зэфIэкI щиIэт, жэрдэмщIакIуэт, къызэгъэпэщакIуэ Iэзэт, унафэщI губзыгъэт. И ерыщагъым, Iуэхум хуиIэ бгъэдыхьэкIэм адрейхэм къахигъэщырт. Къэрал пщэрылъхэм къадэкIуэу, лэжьакIуэхэм я зэIузэпэщыныгъэми гулъытэшхуэ хуищIырт, IэщIагъэлIхэр фIыуэ илъагъурт, зыхуэныкъуэхэм щыгъуазэти, зэпымыууэ защIигъакъуэрт.

Лъабжьэ быдэ зиIэ лъэпкъым къыхэкIа щIалэр къэзылъхуахэм яхуэфащэу къыщIэкIащ. Абы и щыхьэтщ къызэринэкIа гъуэгуанэшхуэм къыщихьа пщIэмрэ щIыхьымрэ. А псори и IуэхущIафэм, и дуней тетыкIэ дахэм и гъуджэщ, къилэжьыжа фIыщIэм и дамыгъэщ.

Ахъуэхъу Анатолэ и гъащIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностымрэ и экономикэмрэ я зыужьыныгъэм къыгуэхыпIэ имыIэу пыщIащ. Абы щIэдзапIэ хуэхъуащ еджапIэ нэужьым инженеру здагъэкIуа Тырныауз бгы щагъэбатэ комбинатыр. Техникэм и зыужьыкIэм кууэ хэгъуэза щIалэр жыджэрти, куэдым хунэсырт. ЗэфIэкI зэриIэм, къызэгъэпэщакIуэфIу зэрыщытым гу лъатэри, комбинатым и механик нэхъыщхьэу ягъэув. А зэманым телемеханикэ Iэмэпсымэхэр къыщыщIагъэкIын завод Налшык къыщызэIуахат, IэнатIэщIэр къэIэтын, лъэ быдэкIэ гъэувын хуейти, Ахъуэхъур абы и унафэщIу ягъакIуэ. Телемеханикэ комплексхэр зэхэлъхьэным икIи къыщIэгъэкIыным теухуа лэжьыгъэшхуэм щыщIидзари аращ.

Телемеханикэ аппаратурэхэм мыхьэнэшхуэ яIэт: цIыхубэ хъызмэтым и IэнатIэхэм я лэжьыгъэм кIэлъыплъынымкIэ, я технологиер унэтIынымкIэ, егъэфIэкIуэнымкIэ IэмалыфI къызэрагъэпэщырт. ИкIи, абыхэм я фIыгъэкIэ, хъыбархэр зэрызэIэпах телекомплексхэр къэралым щагъэхьэзыру, промышленностым къыщагъэсэбэпу щIадзэ. Полупроводник Iэмэпсымэхэр зи лъабжьэ телемеханикэ пкъыгъуэхэр къыщIагъэкIыу зэрызэтраублар Анатолэ и зэфIэкIым куэдкIэ и фIыгъэт. Инженер Iэзэр жыжьаплъэт. Абы и жэрдэмкIэ, программэ IэмалхэмкIэ Iуэхур яунэтIу, есэпыр зи лъабжьэ езырылажьэ телекомплексыщIэхэр ягъэхьэзыру хуожьэ. КъинэмыщIауэ, хъыбархэр зэрызэхуагъакIуэ, зэрызэIэпах щIыкIэр, моделхэр, субкомплексхэр Анатолэ и унафэм щIэту зэхалъхьэу щIадзэ, автоматизированнэ системэхэм я конструктор бюро щхьэхуэ къызэIуах. Телемеханикэм и Iэмалхэр зэхэлъхьэным, къыщIэгъэкIыным теухуауэ къэралым щекIуэкI Iуэхухэм конструктор бюрор кIэлъыплъырт. Абы епхауэ къызэIуахауэ щытащ щIыдагъэм пыщIа щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр (Баку къ.), автоматикэмрэ телемеханикэмрэ я союзпсо институтыр (Киев къ.), промышленностым зегъэужьыным, телемеханикэ Iэмэпсымэщiэ дыдэхэр къыщIэгъэкIыным, информатикэм, электрон IэмалхэмкIэ ягъэпс машинэхэр зэхэлъхьэным телажьэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр (Мэзкуу къ.). Конструктор бюром и Iуэху псори зыунэтIыр Анатолэт. Къызэралъытэ-зэрызэпабж техникэм къыщагъэсэбэп Iэмалхэр промышленностым папщIэ ягъэхьэзыру зэрыщIадзари Ахъуэхъум и фIыгъэщ. Абы щхьэкIэ «Телеавтоматика» заводыщIэ Нарткъалэ щаухуат.

«Севкавэлектронмаш» производственнэ зэгухьэныгъэ иныр 1965 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэтрагъэуващ. ЦIыху мин 17 щылажьэ а IэнатIэшхуэм и Iуэхур зыгъэпсыр Ахъуэхъу Анатолэт. Абы и унафэм щIэту, технологие Iэмэпсымэхэр, уэгум ягъэлъатэ спутникхэм я приборхэр, хъыбархэр щызэхуагъакIуэ купсэхэр, промышленнэ предприятэ инхэм я лэжьыгъэр зэраунэтI программэ Iэмалхэр къыщIагъэкIыу зэтраублащ. КIэщIу жыпIэмэ, «Севкавэлектронмаш» зэгухьэныгъэр электроникэм лъэщу зыщиужьа къэралхэм я предприятэхэм ехьэехуэу лажьэрт.

Мы зэгухьэныгъэр и лъабжьэу, 1995 гъэм «Телемеханика» ОАО-р къыщызэрагъэпэщым, Ахъуэхъур абы и тхьэмадэу хахащ, «Севкавэлектронмаш»-м и щIэныгъэ-техникэ купсэм и унафэщI къалэнри ирихьэкIащ.

Анатолэ и гуащIэм пщIэшхуэ къыпэкIуащ: ВДНХ-м и Дыщэ, Дыжьын медалышхуэхэр кърэтащ, «РСФСР-м щIыхь зиIэ и машинэухуэ» цIэр къыфIащащ, СССР-м щIыхь зиIэ и радистщ, СССР-м приборхэр гъэхьэзырынымкIэ и отличникщ, РСФСР-м цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и отличникщ, «Октябрь Революцэ», «Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь», «ЩIыхьым и Дамыгъэ», «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» орденхэр зэрехьэ. 1986 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкIэ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ, Ленин орденри етIуанэу кърэтащ.

ЦIыхум и псэр Iуэхушхуэхэмкiэ псыхьамэ, и мурадхэр къохъулIэ. Ахъуэхъу Анатолэ къикIуа гъуэгуанэр цIыху нэсым и щапхъэщ, лъэпкъым, республикэм я къуэ пэжым и лъапIэныгъэщ. Аращ абы и цIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм дыщэпскIэ щIыхатхар.

**МЫСОСТ Алий**

### Адыгэхэм къытхужаIахэр

*Къэбэрдейхэм, шапсыгъхэм, Псыжь адрыщI щыпсэу адрей адыгэ лъэпкъхэм я шуудзэм ебгъапщэ хъун зыщIыпIи щыслъэгъуакъым.*

**ТОРНАУ Ф.**

* * *

*Абыхэм (черкесхэм) къапэлъэщын щыIэнутэкъым, зэгурыIуэрэ зы дзэпщым и унафэм щIэувэтэмэ.*

**БАРБАРО Иосафат (Венеция), 1441 гъэ.**

# Лъэпкъыр зыIэтыр и бзэращ

КъЧР



Хэти зэрищIэщи, лъэпкъыбзэр IэфIщ, анэбзэр гуакIуэщ. Абы и IэфIагъыр сабийхэм захедгъэщIэн папщIэ, адыгэбзэ къабзэкIэ дерсхэр зэредгъэкIуэкIыным дыпылъщ. Абы и дахагъыр еджакIуэхэм гу лъадгъэтэн мурадкIэ, Iэмал зэхуэмыдэхэр къыдогъэсэбэп. Апхуэдэу, анэдэлъхубзэр адрей лъэпкъыбзэхэм идопх, щIыдогъэдэIу жьабзэ дахэм, пшынэбзэм ещхь усэбзэкIэ догъэбзэрабзэ. Проект лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэр адыгэбзэкIэ ядогъэгъэзащIэ. Бзэр кIуэ пэтми нэхъ едгъэфIэкIуэн мурадкIэ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр идогъэкIуэкI, лъэпкъ тхыдэм ирыдогъаплъэ, щыгъуазэ дощI, тестхэр къадогъэщI, зэпеуэ зэхуэмыдэхэр идогъэкIуэкI. Дерс къэскIэ цIыкIухэм гукIи псэкIи захыдогъащIэ — «Адыгэу зыббжыжмэ, пIурырелъ адыгэбзэр. ЕгъэфIакIуэ, зегъэужь анэбзэм!»

Адыгэбзэр лъэпкъым и псэщ, и бзэщ. Абы уещI хэкупсэ, укъегъэхъу лъэпкъыпсэу. Хьэгъундыкъуей къуажэр шэрджэс усыгъэм и гущапIэу ябж. Мы къуажэм къыдэкIащ адыгэ тхакIуэу, усакIуэу 16. Ахэр къуажэм я напщIэтелъщ, я гушхуапIэщ. Ар щапхъэгъэлъагъуэу зэрыримыкъу щыIэкъым, абыхэм я лъэужь уиувэныр пщIэшхуэ зыпылъ Iуэхугъуэщ. Абы къыхэкIкIэ, еджапIэм иIэщ «Псынэ» литературэ кружок. Абдеж сабийхэм я япэ усэхэр щагъэIу, я гурыщIэхэр, я гущIагъщIэлъ хъуэпсапIэхэр усэбзэкIэ къатIэщIу зрагъасэ, адыгэбзэм къыхэщыпыкIа псалъэ дахэхэр зэрагъэкIу, зэпащIэ. Аращ усакIуэ хъуныр къызэрежьэри, усыгъэм и лъагъуэ нэхум теува дэтхэнэ сабийр догъэгушхуэ. Ди сабийхэр адыгэбзэкIэ зэпеуэ зэхуэмыдэхэм хэтщ, сочиненэхэр ятхыфу, я гум илъыр къатIэщIыфу идогъасэ.

Дерсыр классым ущIэсу ебгъэкIуэкIыныр Iуэху щхьэхуэщ. Ауэ сабийр бгыщхьэм дэпшрэ, хэт бгыпэм тесу, хэт мывэшхуэм кIэрысу, хэти бгы гъуанэжьым къиплъу я къуажэм тепсэлъыхьу сочиненэ щатхкIэ, ар нэгъуэщI Iуэхущ. Сабийм и гурыщIэм щIэлъыр къыщитIэщIыр абдежщ, и адыгэбзэри нэхъ дахэу, нэхъ шэрыуэу къыздигъэIурыщIэри а дакъикъэхэращ.

Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэр фIы дыдэу къагурыдогъаIуэ дэтхэнэ сабийми, аращ адыгэбзэм пщIэ хэха щIыхуащIыр, увыпIэ лъагэ щIратыр. Аращ а гупсысэ узыншэхэр еджакIуэхэм я хьэлщэнми, я зэхэщIыкIыми хэтпщэну дыщIыпылъыр. ИкIи а Iуэхугъуэ щхьэпэр тыншу зэфIэха хъунымкIэ тлъэкI къэдгъанэкъым. Дерсхэр методикэ, гъэсэныгъэ я лъэныкъуэкIи зэщIэIулIауэ ядот, Iэмал зэхуэмыдэхэмкIэ доузэд, лъэкIыныгъэу дгъуэтыр идохьэлIэ. Шэрыуэу псэлъэфу, жьабзэ дахэ яIурылъу, я гупсысэр адыгэбзэкIэ къаIуэтэфу идогъасэ дэтхэнэри. ЯфIэгъэщIэгъуэну кружок зэхуэмыдэхэм езы цIыкIухэри къокIуэ, тхыдэм епха лэжьыгъэхэр ягъэзащIэ, IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыным и ужь итщ.

«Дыщэр хыфIэдзи уи бзэр къэщтэж», — жиIащ пасэрейм. Лъэпкъыр зыIэтыр и бзэщ, бзэр лъэпкъ дамыгъэщ, щIэблэм и дамэщ. Ар анэшэм щIыгъуу къыппкъырохьэри, уи бзэр кIэрэхъуэху уи гъусэщ, уи гужьыдэгъэкIщ, уи гупсысэр сэтей къэзыщIщ, гъащIэ Iэпэгъуу уи гъуэгугъэлъагъуэщ. Бзэр пIурыхуамэ, уи дунейр бгъунлъауэ, уеблэмэ быухауэ аращ. Абы къыхэкIыу, адыгэбзэкIэ езыгъаджэ дэтхэнэ егъэджакIуэми ди лэжьыгъэр, а Iуэху еплъыкIэр доухуэ. Адыгэбзэр джыныр егъэфIэкIуэным мыхьэнэ пыухыкIа ириту мэлажьэ Хьэбэз районым и методкабинетри, абы и унафэщI Къуныжь Раи. Илъэс къэс еджапIэхэм деж щрагъэкIуэкI район семинархэр, «Iэнэ хъурейхэр», дерс зэIухахэр, щIэныгъэ-практическэ конференцхэр, класс щIыб лэжьыгъэхэр, мастер-классхэр. Абыхэм псоми ди сабийхэр жыджэру хэтщ. Сабийхэр гушхуэу утыку ихьэфу, зыкъагъэлъэгъуэфу, зыхуейр жаIэфу, утыкум дахэу зыщаIыгъыфу идогъасэ. Ар куэд и уасэщ.

Лъэпкъым яIурылъ бзэ дахэм, щIэблэр зэрагъасэ бзэ гуакIуэм, тхыдэ хъыбархэр къызэраIуэтэж бзэ хэплъыхьам хуэныкъуэщ ди сабийхэр. Ахэр егъэсэн хуейщ лъэпкъ уэрэдыжьхэр щашэщIкIэ, гум хыхьэ псалъэхэр къыщIагъалъэрэ я гущIэм лъэIэсу, лъэпкъ хъуэхъу щIэращIэхэр къыщаупсэлъкIэ, жьабзэ дахэр жыгъырууэ зыхащIэу, лIыхъужь уэрэдхэр щаукъуэдийкIэ, ныбжьрей ежьукIэ пэджэжрэ адыгэбзэр джэрпэджэжу зэIэпахыу, зэрылъэпкъыу щIэдэIуу, зэрылъахэу зэлъащIысу.

Лъэпкъым и купщIэщ адыгэбзэр. Ар ди адэжьхэм лIыщIыгъуэхэм къыпхырахащ, яхъумэфащ. Адыгэбзэ дерсхэм деж цIыкIухэм яжыдоIэ ди нэхъыжьхэм бзэр зэрахъумар, зэрамыгъэкIуэдар, зауэ мафIэ лыгъейм къызэрыпхырахыфар. ИкIи ягурыдогъаIуэ бзэм и зехьакIуэу адэхэм я ужь езыхэр зэриувэнур. Бзэм и къуэпсхэр къызыхэкIыр цIыхубэращ, бзэр къэзыгъэщIыр лъэпкъращ. Абы къыхэкIыуи бзэм и зехьакIуэу дэтхэнэ цIыхури лъэпкъым хэтын хуейщ. Бзэм зиужьын, хъума хъун, ефIэкIуэн папщIэ зэрыадыгэ лъэпкъыу я зэфIэкIи, я къаруи, я мылъкуи щымысхьу зызэщIагъэкъуэн хуейщ. Апхуэдэ гупсысэхэм еджакIуэ цIыкIухэр щIыдогъэдэIу, гукъинэж зэрахуэхъуным дыхущIокъу.

Дэ лъэпкъыбэ хэгъуэгум дыщопсэу. Лъэпкъэхэр бзэ зэщымыщкIэ мэпсалъэ. Ахэр зэзышалIэр урысыбзэращ. Абы къыхэкIыу, урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ зэпыщIауэ идогъэдж. Адыгэ литературэмрэ урыс литературэмрэ зыдопх, зэпыдощIэ, тхакIуэхэм я тхыгъэхэр зыдолъыт. БзитIымкIи идогъэкIуэкI дерсхэр, ауэ бзэ зэхэпхъакIэ сабийр бгъэпсэлъэну Iэмал иIэкъым. Бзэм и къабзагъэм укIэлъыплъын, ар сабийхэм ядэпIыгъын хуейщ. Сыту жыпIэмэ, бзэ зэхэпхъам сабийхэр адыгэ ныкъуэ – урыс къуагуэу къигъэнэнущ. АдыгэбзэкIэ упсалъэрэ – къабзэу псалъэ, урысыбзэ къыхомыгъахуэу. Ар сыт щыгъуи ягъэзэщIэн хуейщ.

**КЪУЩХЬЭ Мадинэ,**
**Али-Бэрдыкъуэ къуажэм дэт езанэ курыт еджапIэм адыгэбзэмкIэ и егъэджакIуэ.**

***Лъэпкъым нэхъ Iей дыдэу къыщыщIынкIэ хъунур зэкъуэхунрати, адыгэхэм а шынагъуэр къалъыIэсри, дуней псом щикъухьа хъуащ. Ауэ а псори зэзышэлIэж, къызыхэкIар ящызымыгъэгъупщэ зы къару щыIэщ — ар ди адыгэбзэращ.***

# «СИ БЗЭ» проектыр

КъБР



Бзэм зегъэужьын, къыдэкIуэтей щIэблэм ар яIурылъу къэгъэтэджын мурадкIэ къызэрагъэпэщащ, Налшык къалэм деж Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм зи презентацэр иджыблагъэ щекIуэкIа «СИ БЗЭ» проектыр.

Зэхуэсым кърихьэлIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Тау Ритэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Щоджэн Iэминат, КъБР-м Граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и Управленэм и унафэщIым и къуэдзэ Гергоков Жэмбулэт, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей–Балъкъэр институтым и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор БакIуу Хъанджэрий, КъБКъУ-м Ищхъэрэ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я литературэмкIэ и кафедрэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор ТIымыжь Хьэмыщэ, «Жьэгу» зэгухьэныгъэм и унафэщI Борэ Аслъэн, «Гу къабзэхэр» зэгухьэныгъэм хэт КIарэ Ратмир, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ псапащIэ фондым и тхьэмадэ ЩоджэнцIыкIу Леонид, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и урысыбзэ, адыгэбзэ, балъкъэрыбзэ кафедрэхэм я егъэджакIуэхэр, студентхэр, артистхэр, тхакIуэхэр, бзэм жыджэру елэжьхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Иджыпсту сайтыр бзищкIэ мэлажьэ: урысыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ, тыркубзэкIэ. Иджыри хьэрыпыбзэкIэ «къагъэпсэлъэну» яужь итхэщ. Проектым и къызэгъэпэщакIуэхэм адыгэ хъыбарыжьхэр, таурыхъхэр, псысэхэр, тхыдэм къыщыхъуа гуэрым и хъыбархэр фильм цIыкIуурэ ящIауэ абыи ущеплъ хъунущ. Абыхэм къинэмыщIауэ, порталым къыщыбгъуэтынущ адыгэбзэ алфавитыр зэрызэбгъащIэ хъуну мультимедийнэ программэ, электроннэ тхылъхэр, лъэпкъ уэрэдыжьхэр, таурыхъхэр, хъыбарыжьхэр, псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Проектыр ехьэжьа зэрыхъуамрэ къешэлIа зэрыхъуамрэ тепсэлъыхьащ абы и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ Хьэмдэхъу Анзор. Абы къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжар къызэрехъулIам зэрыригушхуэри жиIащ.

— «СИ БЗЭ» интернет порталыр 2005 гъэм къэунэхуауэ щытащ «Адыгэбзэ» фIэщыгъэцIэр иIэу. Ар сэрэ Джэрыджэ Аслъэнбэчрэ ди жэрдэмкIэ къызэдгъэпэщащ, — жиIащ абы. — 2006 гъэм «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и грамматикэ» тхылъым и «Фонетикэ» Iыхьэр и лъабжьэу адыгэ алфавитым хуезыгъаджэ мультимедийнэ программэ зэхэтлъхьэри дутIыпщащ. ИужькIэ проектым елэжьыным къыхыхьащ КъБКъУ-м адыгэбзэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Къардэн Мусэдин. ЩIэрыщIэу къэдгъэщIэрэщIэжщ, урыс-адыгэ псалъэ зэпэдзыж къызэдгъэпэщри, ар етIуанэу дутIыпщащ. Ауэ проектым теплъэщIэ щигъуэтар 2013 гъэм ди лэжьыгъэм программист Евгъэжьыкъуэ Тимур къыхыхьа нэужьщ. Абы игъэлъэщри, «псэщIэ» хилъхьащ порталым, смартфонхэм требгъатхэ хъуну къызэригъэпэщащ гуэдзи.

ФIыщIэшхуэ худощI ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ псапащIэ фондым и унафэщI ЩоджэнцIыкIу Леонидрэ КъБР-м Граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и Управленэм и унафэщI КIурашын Анзоррэ ди Iуэхур къыддаIыгъыу, дытрагъэгушхуэу къызэрыткъуэтым щхьэкIэ»...

«СИ БЗЭ» сайтым япэу къыщызэрагъэпэща интернет зэпеуэр мы махуэм зэхуащIыжри, текIуахэм я цIэхэр кърaIуащ. Апхуэдэу, япэ увыпIэр къихьащ Хьэмокъуэ Ислъам, етIуанэ хъуащ Щохъужь Iэминат, ещанэр Тэнащ Миланэщ.

Ахэр ягъэлъэпIэну утыкум кърагъэблэгъат Сэхъурокъуэ Хьэутий, Щоджэн Iэминат, ЩоджэнцIыкIу Леонид, Гергоков Жамбулэт, КIарэ Ратмир, Борэ Аслъэн сымэ. Абыхэм зэпеуэм щытекIуахэм фIыщIэ, щытхъу тхылъхэмрэ гукъинэж ящыхъун саугъэтхэмрэ иратащ.

— Нобэ къэфIэта Iуэхугъуэм и мыхьэнэр псоми нэсу къагурымыIуэнкIэ хъунущ, ауэ мы зэIущIэм зи цIэ куэдрэ щраIуа Къэзэнокъуэ Жэбагъы зэрыжиIащи, «Зэманым декIур лIыфIщ». Зэманым къихьа технологиехэм, абыхэм хуитыныгъэу, лъэкIыныгъэу цIыхум къаритар ди лъэпкъым, ди бзэм, ди хабзэм, ди щIэныгъэм ятеухуауэ къэбгъэсэбэп зэрыхъунур нобэ наIуэ къащIащ. Ди бзэр адрейхэм къыкIэрамыгъэхуу, ар къытщIэхъуэ щIэблэм къагъэсэбэпыфын, лъэпкъыр зэрыщIэн щхьэкIэ екIуэкI мы Iуэхум и пщIэр къэлъытэгъуейщ. Тхьэр арэзы къыфхухъу мыр къызэзыгъэпэща щIалэхэми, абыхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуахэми. АдэкIи фи зэфIэкIым хэхъуэу, ди бзэр адэкIи зыгъэкIуэтэн Iуэхугъуэ куэд Тхьэм къывигъэхъулIэ!»

ЗэIущIэр ягъэдэхащ уэрэджыIэхэу Къанкъул Ислъам, Насып Азэмэт, Сирием къикIыжа щIалэщIэ Ует Хьэмзэт сымэ.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**




*Iуэху еплъыкIэ*

# Дэнэ деж къыщежьэрэ гуныкъуэгъуэр?

КъБР

**(КIэухращ. ПэщIэдзэр е 5-нэ напэм итщ).**

Газетым щIэджыкIакIуэм и гущIэм нехьэс бзэр лъэпкъым и псэу зэрыщытыр. Ди хабзэри, зэбгъэщхь хъун щымыIэ адыгагъэри, лIыщIыгъуэхэм къапхыкIа ди эпосри, IуэрыIуатэри, уэрэдыжьхэри - псори зи фIыщIэр бзэращи, лъэпкъыу дунейм дыкъытенэну дыхуеймэ, ар тхъумэныр, едгъэфIэкIуэныр, щIэблэм яIурытлъхьэныр къалэн лъапIэщ. Апхуэдэ гупсысэ къэзымыIуатэ газетым и къыдэкIыгъуэхэм куэд яхэткъым.

Лъэпкъыбзэр хъумэным лъабжьэу иIащ жьэрыIуатэ псалъэр: блэкIа лIыщIыгъуэм и 20 гъэхэм щIидзэри ар радиоэфирым тепщэ щыхъуащ.

Иужьрей илъэсхэм, гъащIэм къыдэунэху гугъуехьхэм щхьэкIэ къэмынэу, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом лъэныкъуэ куэдкIэ зиужьурэ къекIуэкIащ. Радиом и адыгэ редакцэм бзэм теухуа и нэтынхэр ящыщщ лъэпкъ щэнхабзэм и лъапIэныгъэхэм. Радиожурналистхэм щхьэж иIэжщи Iэху еплъыкIэ, программэхэр зэрагъэхьэзыр щIыкIэ яIэжщ, ауэ абыхэм я гупсысэр зэтезыгъахуэ, зы лъагъуныгъэ я гум илъщ – ар лъэпкъым и псэ анэдэлъхубзэращ. А гупсысэр щIэбгъэбыдэн папщIэ щапхъэ куэд къыпхуэхьынущ. Абыхэм фIыуэ щыгъуазэщ радиом едаIуэхэр, абы и ныбжьэгъуфIу илъэс куэд хъуауэ къекIуэкIхэр.

ЦIыху куэд толажьэ анэдэлъхубзэр яIурылъу щIэблэр къыдэкIуэтеиным. ИкIи, дэ дызэреплъымкIэ, ди бзэм и зыужьыныгъэми гугъэр хихыжауэ, плъапIэ гуэри имыIэжу тепсэлъыхьым, шэч хэмылъу, ирегъэлей. Апхуэдэу жыпIэну фIэщхъуныгъэ къыпхелъхьэ республикэм и сабий садхэм, еджапIэхэм я нэхъыбэм адыгэбзэр джыным и Iуэхур къэрал программэм тету къыщызэгъэпэщауэ зэрекIуэкIым, ди щIэблэм адыгэбзэр «къаIурылъэлъу» усэ къеджэу, уэрэд жаIэу махуэ къэси зэрыплъагъум, адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэдж егъэджакIуэ гумызагъэ куэд зэрыдиIэм.

Ауэ, Iуэхум и пэжыпIэращи, ди бзэр зэрылажьэр, зэраджыр, къытщIэхъуэ щIэблэм пщIэрэ щIыхьу абы хуащIыр къыупщытэмэ, абы иджыри мымащIэу хэтщ гуныкъуэгъуэ къыдэзытхэр. Ди анэдэлъхубзэм и Iуэхур егъэфIэкIуэныр къэралым е адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я закъуэкъым зи пщэ къыдэхуэр. Нэхъыбэр зэлъытар дэращ – лъэпкъращ. Дэтхэнэ зы адыгэри зэупщIыжын хуейщ: «Си бзэр, си анэдэлъхубзэр ефIэкIуэн папщIэ сыт сэ злэжьыр?» жиIэу.

**БЖЭНЫКIЭ Мухьэб,**
**КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, социолог.**

**КЪУЩХЬЭ Нэдим**

## Ди бзэр дэ ди псэщ

*Лъэпкъым и щIалэу зи бзэр кIуэда,*
*Щхьэ мыгъуэ пщIэншэу укъагъэна?*
*Щхьэ уянэ-уядэу уэ узыпIахэм*
*Уи адыгэбзэр къыпIуамылъхьа?*

*Щхьэ уи лъэпкъ и бзэр пIурачу*
*НэмыщI бзэ хьэхухэм укъыхуэна?*
*Iэджэ щхьэ нэщIхэм нобэ къыджаIэр:*
*«Сыт адыгэбзэ зи гугъу къытхуэфщIыр,*

*Ди щIакхъуэр зейхэрщ нобэ дэ ди бзэр,*
*СыткIэ ди щхьэпэ анэдэлъхубзэр?»*
*Ар щызэхэсхым, си гур къекIуащ,*
*Бзэр умыщIэжмэ, хамэ ухъуащ.*

*ЩIыхь яхузощIыр дэ дянэ-дядэм,*
*Ди адыгэбзэр къытIурызылъхьахэм,*
*Адыгэ напэу дахэу, ди шыпхъухэ,*
*Фыпсэу ди нэхухэу сэтэней бынхэ!*

*Ди цIыкIухэм я бзэр къызэтевгъанэ,*
*Вагъуэплъхэр бзагуэу къытхуэвмыгъанэ*
*Анэдэлъхубзэр ящымыгъупщэм,*
*Къытхуэфхъумащи, быныфI тхуэхъунщ.*

*Сабийхэу зи бзэр зыIурылъ нэхухэр*
*Ди жэнэт бзущи, Iэджэ я уасэщ.*
*Ди бзэр дэ ди псэщ, ар зыфIэкIуэдхэр*
*Мы хамэ щIыпIэм лIапIэ щихуахэщ.*

*Адыгэбзэр адрейхэм куэдкIэ къащхьэщокI. Абы иропсалъэ Къэбэрдеишхуэмрэ Джылахъстэнеймрэ щыпсэухэмрэ Лабэ Iуфэ Iус беслъэней лIакъуэмрэ.*

*— Псыжь адрыщIкIэ щегъэжьауэ хы Iуфэм нэс щыпсэу адрей адыгэ лIакъуэхэм я псэлъэкIэр абы мащIэу къыщхьэщокI. А бзэмрэ абы и диалект зыбжанэмрэ хэтщ макъ пIытIахэр, жьгъыжьгъхэр, бзэгупэмрэ бзэгу лъэдакъэмрэ къыщыхъу макъхэр. Абыхэм бзэр нэхъ къулей, дахэ ящI, ауэ хамэ лъэпкъ щыщхэм я дежкIэ къэпсэлъыгъуейщ. Сэ къэхутэныгъэ пыухыкIа гуэри схуэщIакъым а бзэ телъыджэм ехьэлIауэ, ауэ сощIэ абыхэм къызэрыгуэкI, псоми зэдащIэ псэлъэкIэм нэмыщIи «щакIуэбзэ» (щIагъыбзэ) зэраIэр.*

**КЛАПРОТ Генрих,**
**урыс академик.**
**1807 гъэ.**

# Адыгабзэмрэ уахътэм къыздихьырэ упчIэхэмрэ

АР

**(КIэухращ. ПэщIэдзэр е 3-нэ напэм итщ).**

Сабыим шэн-хабзэу къыздиштэщтыр унэгъо кIоцI закъор арэп зэпхыгъэр. Ар социальнэу зыхэтми елъытыгъ. Сабыир къызхэхъухьэрэ дунаир ары лъэпкъ шIэжьри, ичIыгу шIулъэгъуныгъэу фыриIэри, ишэнхабзи къызхихыщтыр. Чылэр бзэмрэ адыгэ хабзэмрэ икушъэу сыдигъокIи щытыгъ. ЗэлъашIэрэ тхакIоуи, усакIоуи, шIэныгъэлэжьэуи, цIыф цIэрыIоуи тиIэхэр зэкIэ пIоми хъунэу къыздэхъухьагъэр, зыщапIугъэр, яакъыл зыщыуцугъэр чылэр ары. Ау тыбзэ непэ чылэми къыщызэтемынэным ищынагъо къэуцу.

Зиныдэлъфыбзэ шIу дэдэ зылъэгъоу, ар лъэпкъым ыпсэу, ылъапсэу зэрэщытыр къызгурыIорэ цIыфхэри макIэхэп. КIэлэегъаджэхэу, цIыф гъэсагъэхэу, ныбжьыкIэхэу ягумэкIхэр къизыIотыкIэу тиIэхэри бэкIай. Ахэмэ ащыщых Мамрыкъо Нуриет, Ожъ Аскэрбый (щыIэжьэп), Пэнэшъу Сэфэр, МэщфэшIу Нэджэт, Хьэлэщтэ Мос, студент ныбжьыкIэхэр ыкIи нэмыкIхэр. Бзэм икъызэтенэнрэ иухъумэнрэ ахэр егъэгумэкIых, къытегущыIэх.

Джырэ уахътэм, тэ тишIошIкIэ, адыгабзэм пэшIуекIорэ IофыгъуитIу макIо. Зыр къызщежьэрэр унэгъо кIоцIыр ары. « ХьамлашкIо къызэрыкIырэм IупшIэ фешIы « зыфаIорэм фэд. Ны - тыхэу джыдэдэм щыIэхэм анахыыбэм нэмыкI еплъыкI, нэмыкI фыщытыкI пIуныгъэ — гъэсэныгъэм фыряIэр. Тафэдэу зашIми ябынхэм ЕГЭ — хэр арагъэтыныр, апшъэрэ еджапIэ чIагъэхьаныр — мурад шъхьаI. Ащ епхыгъ щыIэкIэ — псэукIэр. Адыгабзэм а Iофыгъохэм чIыпIэ зыпари щиубытырэп, зыми хэтэп. Адыгабзэм истатус къеIыхыгъ. ИмыщыкIэгъэжь фэдэу къащэхъу. Нэбгырэ заулэмэ аIокIэ, е шIэныгъэлэжьхэм аIокIэ мы гумэкIыгъор къызэтебгъэуцожьын плъэкIынэу щытэп. Мыр къэрэлыгъо Iоф хъун фае.

ЯтIонэрэ Iофыгъоу зыфасIорэм тэ тыбзэ изакъоп, нэмыкIыбзэхэри хэщагъэу щыт. Бзэр зы чIыпIэ итэп, зэхъокIыныгъэхэр ренэу хэхъухьэ. ГущыIэ горэхэр хэзыжьых, нэмыкI горэхэр къыхэхьэх. Мары урысыбзэм пылъ шIэныгъэлэжьхэми аIо, урысыбзэм мы аужырэ илъэсхэм псынкIэ дэдэу нэмыкIыбзэмэ, анахьэу инджылыбзэм къыхэкIыгъэу гущыIэ бащэ къызэрэхэхьагъэр. Ащ фэдэ гущыIэхэм бзэри, тхьакIумэри псынкIэу есэрэп, ау уахътэ заулэ зытекIыкIэ зэкIэ зэгурэIожьы. Ащ фэдэ Iофыгъом упэшIуекIон умылъэкIынэу ары урысыбзэм ишIэныгъэлэжьэу М. А. Кронгауз зэрыхигъэунэфыкIырэр. Ащ зэриIорэмкIэ, тIэкIу-тIэкIузэ урысыбзэр зыпкъ иуцуожьыщт, баланс иIэ хъужьыщт.

Урысыбзэм гумэкIыгъоу иIэм нахьи нахь ин адыгабзэм иIэр. Сыда пIомэ тэ ащ фэдизэу тылъэпкъ инэп. Илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, Тыркуем къикIыгъэ сабый 20 тичылэ щыхьэкIагъэх. Ахэмэ ащыщэу нэбгырэ зытIущ ныIэп адыгабзэкIэ тIэкIу гущыIашъоу ахэтыгъэр. Лъэпкъышхом лэпкъ цIыкIур хэкIуадэу хъишъэм бэрэ къыхэкIыгъ. Бзэр щымыIэжь зыхъукIэ, лъэпкъри щыIэжьэп. ГущыIэм пае, убыхыбзэр.

«Емынэм къелыгъэр тхъумбылым ехьыжьы» зыфаIорэр къытэхъулIэпэна? Илъэс минитфым къехъугъэу урым ыкIи рим цивилизациехэм апэжькIэ щыIагъэхэу адыгэ лъэпкъым къыхэкIыгъэ хеттхэмрэ хаттхэмрэ якъэбар дунэе хъишъэм хэт. Ащ фэдиз гъогу къэзыкIугъэ адыгабзэр, адыгэ хабзэр, хъишъэр, культурэр дгъэкIодмэ, тауж къэкIощтхэм сыд къытаIона?

Мы тхыгъэр Фэдз гурыт еджапIэу N 11 икIэлэеджакIоу ГъукIэпшъокъо Белэ ытхыгъэ сочинением щыщ пычыгъокIэ къэтыухы тшIоигъу: «Непэ тыбзэ тымыгъэлъапIэу, тыбзэкIэ тхылъхэм, гъэзетхэм, журналхэм тямыджэу, къыдэтымыгъэкIыхэмэ тыкIодыжьынба, бжыхьэ пкIашъэу тытэкъожьынба, лъэпсэнчъэ пхъэтэкъэжъэу тыкъэнэжьынба?!

Сиадыгабзэ зышIоIаер ерэдэIу «Хьатх я КъокIасэ иорэд», къерэIу МэщбэшIэ Исхьакъ иусэхэр. Зыбзэ хъатэ пэзымыхьырэр янэ игущыIэ фабэ, янэжъ икушъэ орэд акIэрэдэIу, Ятэ ынэ кIэрэплъ, ятэжъ итхыдэжъхэм ахэрэдаIу. Зыбзэ пыдзы зышIырэ адыгэ цIыфыр орэуцуи ерэплъ тикъушъхьэ лъагэхэу лIэшIэгъумэ ятэмыгъэхэм, къерэкIухь тигубгъо шхъуантIэхэр, зыщырегъэпскI типсыхъо къаргъохэм... Ахэм къыраIощт адыгэ цIыфым адыгабзэр зыкIищыкIагъэр, зэхырагъэшIэщт ныдэлъфыбзэм ыкIуачIэ, иIэшIугъэ, идэхагъэ, ибаигъэ».

**КIЭМЭЩ Жанн.**
**КIэлэегъэджэ IофшIэным иветеран.**
**Къу. Блащэпсын.**

Редактор нэхъыщхьэхэр:
«Черкес хэкум» — ТХЬЭГЪЭПСЭУХЭ Увжыкъуэ,
«Адыгэ псалъэм» — ХЬЭФIЫЦIЭХЭ Мухьэмэд,
«Адыгэ макъым» — ДЭРБЭХЭ Тимур.

Фщlэн папщlэ
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.

Ди хэщIапIэр



369000, КъЧР,
Черкесск къалэ,
КировкIэ зэджэ утыку, № 23,
Печатым и Унэ,
е 3-нэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: приемнэм — 26-36-00, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14, жэуап зыхь секретарым - 26-43-29.
ОТДЕЛХЭМ: социальнэ Iуэхухэмрэ политикэмрэкIэ-26-36-27; экономикэмкIэ, къуажэ гъащIэмрэ промышленностымрэкIэ-26-51-02; щэнхабзэмкIэ, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ, хъыбархэмрэ спортымрэкIэ, щIыуэпсымрэ узыншагъэмрэ хъумэнымрэкIэ-26-36-36; зэдзэкIакIуэхэм-26-41-87; корректорхэм-26-36-25; операторхэм-26-34-50; бухгалтерием-26-36-29.
E - mail: Cherkes-Haku@yandex.ru
www.cherkes-heku.smi09.ru

Газетыр щытрадзащ "Кавказская здравница" ОАО тедзапIэм, Минеральные Воды къалэ, Октябрым и илъэс 50 уэрам, 67 унэ.
Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 20-04-13.
Индексыр 54044-щ.
КъыдэкI бжыгъэр 2999-щ.
Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ: жэуап зыхь секретарь АБИДОКЪУЭХЭ Люсанэ, корректорхэу ДЭХЪУНЭХЭ Розэ, Гундэхъу Аня, оператору Гъуэзджэш Залинэ.

# Жэуаплыгъэр зи лэжьэкIэ гъуазэ



ЦIыхур зы лэжьапIэм илъэс куэд хъуауэ щыIуткIэ, къыхиха Iуэхум хуэщыпкъэу щыпсэукIэ, ари ирокъу абы и хьэл-щэныр, и цIыхугъэр, жэуаплыгъэу хэлъыр кърибгъэлъэгъуэну.

Республикэм нэхъ ныбжьышхуэ зиIэу ит сабий IыгъыпIэхэм ящыщщ Черкесск къалэм дэт, зи №3, «Алёнушка» зи фIэщыгъэцIэр. Ар 1937 гъэм яухуащ. Абы лъандэрэ IыгъыпIэм унафэщI мащIэкъым зэрихъуэкIар, ауэ нэхъыщхьэр, зэгуэрми сабиинш зэрымыхъуарщ. Нобэ сабий IыгъыпIэм сабии 145-рэ ирашалIэ. И унафэщIыр Хилько Ольгэ Александровнэщ.

Хилько Ольгэ илъэс 24-рэ хъуауэ махуэ къэс сабий IыгъыпIэм лэжьапIэ къокIуэ и унагъуэ дыдэм екIуэлIэжым хуэдэу.

«Алёнушка» сабий IыгъыпIэм и лэжьэкIэфIым къэралым гу лъимытэкIэ къэнакъым. Абы щылажьэхэмкIи, и унафэщIымкIи гушхуэныгъэщ Урысейм и сабий IыгъыпIэ нэхъыфIи 100-м ящыщ зыуэ лъэпкъ реестрым зэрыратхар, абы и щыхьэт къэрал нагъыщэри къызэрыхуагъэфэщар. Къинэмыщ Iауэ, Хилько Ольгэ къыхуагъэфэщащ «Урысейм и унафэщI нэхъыфIи 100-м ящыщ» бгъэхэIур.

Зэрылажьэрэ, илъэс зэхуэмыдэхэм Ольгэ ЩIыхь тхылъу къыхуагъэфэщахэм ит тхыгъэхэм къаIуатэ мы бзылъхугъэм и IэщIагъэм хуиIэ щыпкъагъэмрэ икъурымрэ. «И гуащIэдэкI илъэс куэдым папщIэ…», «Лэжьыгъэм хилъхьэ технологиещIэхэм папщIэ», «И псэемыблэж лэжьэкIэм папщIэ», «Лэжьыгъэ бгъэдыхьэкIэщIэм папщIэ»…, —итщ абыхэм. Ауэ езым и дежкIэ нэхъыщхьэр — сабийхэм зыкъызэрыхуашийращ, сабийуэ и пащхьэм ита, балигъ хъуахэр уэрамым къыщыхуэзэкIэ сэлам гуапэкIэ къызэрыпежьэращ.

**— Илъэс дапщэ хъуауэ сабийхэм уадэлажьэрэ? Дэнэ къыщежьэрэ уи лэжьыгъэ фIылъагъуныгъэр?**

— Курыт еджапIэм сыщIэс щIыкIэ сыхъуапсэт сабийхэм садэлэжьэну. Апщыгъуэм тцIыхур арати, сыхуейт егъэджакIуэ сыхъуну. КъинэмыщIауэ, сехъуапсэт телъыджэу къэслъытэ геолог, журналист IэщIагъэхэми. Дауэми, курыт еджапIэ нэужьым къыхэсхащ сабийхэм садэлэжьэныр икIи курыт еджапIэм кIуэным и пэ къихуэу сабийхэм щIэныгъэ ягъэгъуэтынымкIэ еджапIэр къэзухри си гуащIэдэкI гъуэгуанэр щезгъэжьауэ щытащ сыздаунэтIа, Мало-Къэрэшей районым. Абы щегъэжьауэ сахэтщ сабийхэм. Псори зэхэту илъэс 30-м зэрынэхьэсауэ сахэтщ сабийхэм.

**— Апхуэдиз илъэс бжыгъэ хъуауэ цIыкIухэм уадэлажьэкIэрэ, ущытезаши, щыбужэгъуи къыпхуихуагъэнщ?**

— Сабийхэр фIыщэу умылъагъуу уахэтыфынукъым. ГъэсакIуэхэми аращ къалэн пажэу яхуэзгъэувыр: угъурлыуэ щытын. Абы къыдэкIуэнущ махуэ еным дзыхь къытхуащIу къытхуагъэна цIыкIум и гур ихъумэнри, бзэ IэфI къыхуигъуэтынри. Арыншэу хъунукъым ди лэжьыгъэм деж. Си щхьэкIэ зыкъэсщтэжынщи, апхуэдизымкIэ цIыкIухэм сайсащи, сужэгъу дэнэ къыщына ди зыгъэпсэхугъуэ пIалъэхэми сахуозэш. Я макъ жьгъыру цIыкIухэр си тхьэкIумэм итщ, я гупсысэм сыхэкIкъым. ФэрыщIыгъэ лъэпкъ хэслъхьэкъым. Хадэм, пщIантIэм сыщымыIэуэлъауэмэ, апхуэдэхэм деж зэшыгъуэ дыдэ схуохъу зэманыр. ФIыуэ сытрегъэу усэ тхынми. Ари сызыдихьэх Iуэхухэм щыщщ.

**— Лэжьэн щыщIэбдзамрэ иджырэ зэплъытмэ, дауэрэ захъуэжа сабийхэм я гупсысэкIэм, я хьэл-щэным?**

— Иджырей сабийхэр хуабжьу гурыхуэщ, щIэм зыхуаший, нэхъыбэ къызэрацIыхуным хуэгъэщIащ. Техникэ, электроникэ, компьютер, телефон жыхуэпIэхэр фIы дыдэу зэрагъэзахуэ. Ар къыхэтлъытэурэ ди лэжьыгъэри доухуэ. Зэрыджэгу хьэпшыпхэр нэхъ гъэщIэгъуэну, зэхэщIыхьауэ къызэрытщтэным дыпылъщ, джэгукIэхэр нэгъуэщIщ. Хуабжьу гулъытэ хэха идот лъэпкъхэм я тхыдэм сабийхэр щыдгъэгъуазэу нэхъыфIу зэрыдгъэцIыхуным. Сабий IыгъыпIэм къигъэув пэщIэдзэ щIэныгъэ мардэр ягуэщIыфу курыт еджапIэм худогъэхьэзыр. Мыбдеж къыхэзгъэщыну сыхуейщ ди гъэсэн цIыкIухэм курыт еджапIэхэр хуабжьу къазэрыпэплъэр, сыту жыпIэмэ яцIыху ахэр япэ классым фIы дыдэу хуэхьэзыру зэрекIуэлIар.

Захъуэжащ анэ-адэхэми. Гуапэ зэрыхъунци, куэдым я сабийхэр кружок, еджапIэ, зыузэщI зэхуэмыдэхэм яшэ, сабий IыгъыпIэм щIэс щIыкIэ щIадзэри. Ари сабийм и зыужьыныгъэм и Iыхьэщ. Ауэ мыпхуэдэ лъэныкъуэми гу лъытапхъэщ: анэ-адэхэм къахокI сабий IыгъыпIэм и къалэнхэр къызыгурымыIуэу, тщIэм нэхъыбэж тщIэн хуейуэ къытхуэзыгъэувхэр, я сабийм щхьэхуэу дыпылъын хуейуэ къэзылъытэхэр. Ауэ абыхэм къэзэуат къидгъэкIыу, дызэрыгъу-зэрышхыу дызэхэткъым. СэркIэ нэхъыщхьэр зэпсэлъэныгъэ узыншэращ. И нэхъыбэм абыкIэ дызэфIокI, щхьэж и псалъэ дыщIодэIури дызэгуроIуэж. КъинэмыщIауэ, сабийхэм я нэхъыбэр къытхуашэ я унагъуэхэм деж зыхуейр ирагъащIэу, жиIар ирагъэшхыу ирагъэсауэ, уеблэмэ къэзылъхуа дыдэхэр пэмылъэщыжу. Анэ-адэхэм къыщыджаIэ щыIэщ я сабий сэхъуа цIыкIур жыпхъэ гуэрым идгъэувэжынымкIэ къызэрытщыгугъыр. Ари къыдохъулIэ. АтIэ, сабийр зыхэтхэм ядэплъейуэрэ, ящIэр ядищIэурэ анэ-адэр зыщIэлъэIуа щапхъэм тоувэри, иужькIэ тхьэгъэпсэу къыджаIэ.

Мис апхуэдэу анэ-адэхэми, егъэджакIуэхэми я зэхэщIыкIыныгъэ, фIыщIэ псалъэ гуапэхэр къыщыдахьэлIэкIэ, езы сабий цIыкIухэм зыкъыщытхуашийкIэ, нэхъри дэрэжэгъуэ согъуэт икIи срогушхуэ слэжь Iуэхум цIыхухэр зэрыхуэныкъуэм, сэбэп къызэрысхьым.

**— Апхуэдизу зи къалэнхэм жэуаплыгъэкIэ бгъэдыхьэ уэ, зыхуэбгъэувыжу къыщIэкIынщ узытемыкI лэжьэкIэ мардэхэри?**

— Шэч хэлъкъым. Сгъэлажьэ гъэсакIуэ, нэрыбгэ къэскIэ къалэн зэрахуэзгъэувым хуэдэщ си щхьи сызэрыбгъэдыхьэр. Нэхъыщхьэр — гуапагъэ, зэхэщIыкI. КъинэмыщIауэ, сэркIэ мыхьэнэ хэха иIэщ лэжьэгъуэ махуэр щIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн гуэркIэ сгъэнщIыным. Ауэ сытми си лэжьапIэ пэш сыкъекIуалIэу, сытIысыжу сыщIэсыфынукъым. Махуэм тщIэ псори сабийхэр зыхуэныкъуэу, яфIэгъэщIэгъуэну щытын хуейщ. Ар къыдэхъулIамэ, апщыгъуэращ си лэжьэгъуэ махуэр IуэхукIэ сгъэнщIыфауэ къыщыслъытэр.

**— Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ нэхъ пажэу иджыкIэ къыфпэщылъыр?**

— НобэкIэ сабии 145-рэ къытхуашэ. А цIыкIухэм язых дэтхэнэри махуэ къэс арэзыуэ, къыкIэлъыкIуэ махуэм темыпыIэжу пэплъэу дэдгъэкIыжыныр сыт щыгъуи ди къалэн пажэщ. Мы гъэм 25-нэ щIэгъэкIыгъуэ диIэнущ, курыт еджапIэхэм япэ классхэм дгъэкIуэнущ. Ари жэуаплыгъэшхуэщ дэркIэ икIи, сыт щыгъуи хуэдэу, егъэджакIуэхэр къытхуэарэзыуэ, я пащхьэ идгъэхьэ ди гъэсэн цIыкIухэр Iущыцэ цIыкIуу къыщIэкIыжыным дыхуолажьэ.

Илъэс къакIуэ ди IыгъыпIэр илъэс 80 ирикъунущ. Ар хэIэтыкIа махуэщIышхуэщ дэркIэ. Иджы щегъэжьауэ абы зыхуэдгъэхьэзырынущ. Гу зылъытапхъэу, зэлэжьыпхъэу щыIэр мащIэкъым. Нэхъыщхьэу къызолъытэ сабий IыгъыпIэр къызэрыхухьа бжыхьыр зэхъуэкIыныр. Ар лъахъшэ дыдэщи, сабийхэм я шынагъуэншагъэ мардэхэм зыуи тегъэпсыхьакъым. ИкIэщIыпIэкIэ мис абы делэжьыну къытпэщылъщ. Адрей псоми дыпэлъэщынущ ди къарукIэ.

**— Тхьэм сабииншэ имыщIкIэ IыгъыпIэр, фи гуащIэм и хьер а цIыкIухэм я ехъулIэныгъэхэм хывигъэлъагъуэ!**

ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ.

Фестивалым къикIыу

# ЦIыхубэ гъуазджэм и теплъэ

**Адыгэ-Хьэблэ муниципальнэ районым щэнхабзэмкIэ и Унэм деж мы махуэхэм Iуэхугъуэ дахэ щекIуэкIащ. Хабзэ зэрыхъуауэ, илъэс къэс республикэм щрагъэкIуэкI цIыхубэ гъуазджэм и фестивалыр мыбдежым щызэхашащ.**



Фестивалым «Мой горный край благословенный!» фIэщыгъэцIэр иIащ.

Зэрыхабзэу, гъэлъэгъуэныгъэм ипкъ иту, ди хэгъуэгум хыхьэ районхэм къэпщытэжыныгъэ концертхэр ирагъэкIуэкI. Районхэм я творческэ гупхэм зыкъагъэлъэгъуа нэужь, текIуар жюрим егъэбелджылы.





Къэпщытэжыныгъэ концертхэр щIаплъыкI цIыхубэ щэнхабзэмкIэ республикэ Купсэм (РЦНК) и лэжьакIуэхэм.

Адыгэ-Хьэблэ щекIуэкIа концертыр ягъэдэхащ районым хыхьэ къуажэхэм къабгъэдэкIа артист зэчиифIэхэм. Абыхэм яхэтащ ныбжьыщIэ цIыкIухэри, цIэрыIуэ хъуа нэхъыжьхэри. Апхуэдэщ: «Ридадэ», «Черкесия», «Марамыз», «Горянка», «Звёздочка» къэфакIуэ, уэрэджыIэ гупхэр.

Фестивалым хэтащ номер гъэщIэгъуэн щхьэхуэхэр зыгъэхьэзырахэри. Апхуэдэт Спартэ къуажэм щыщ пщащэ зэчиифIэр. Абы игъэлъэгъуащ «Лъэпкъ къафэхэм я попурри» теплъэгъуэр.

Зи макъ дахэкIэ концертыр зыгъэбжьыфIахэм ящыщщ КIуж Юрэ, Вечера Алексей, Киринэ Иринэ, Муратхэ Мурат, Щхьэгуэш Абазат, Блимготов Марат, Мижевэ Мадинэ, нэгъуэщIхэри.

Дауи, сыт хуэдэ гуфIэгъуэ Iуэхугъуэри адыгэм пшынэншэу зэрихьэ хабзэкъым. Адыгэ лъэпкъ макъамэ дахэхэм къеблэгъахэр щIагъэдэIуащ пшынауэ Iэзэхэу Хьату ФатIимэтрэ Аджыр Белэрэ.

ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ.



Спорт

# СКФО-м щыпашэхэр



**МахуитIым къриубыдэу Ищхъэрэ Кавказ федеральнэ хэгъуэгум зыщызыгъэсэ дзюдоист 200-м щIигъу (пщащэхэри щIалэхэри) щIэбнащ хэгъуэгум пашагъэр щыубыдыным.**

Абдеж зыкъыщагъэлъэгъуащ Ищхъэрэ Кавказ хэгъуэгум хыхьэ щIыналъэхэм зыщызыгъэсэ, зи ныбжьыр илъэс 23-м ит спортсменхэм.

Ди хэгъуэгум къекIуэлIа спортсменхэр псалъэ гуапэкIэ кърягъэблэгъащ зэхьэзэхуэм щыIа, КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.

— Олимп спорт лIэужьыгъуэу щыт дзюдор хуабжьу щыцIэрыIуэщ Ищхъэрэ Кавказым, абы ныбжьыщIэ куэд дехьэх. Дызэрыгушхуэну, ди спорт еджапIэгъэсапIэхэм къыщIагъэкIащ Дунейпсо, Урысейпсо утыкухэм цIэрыIуэ щыхъуа дзюдоист лъэрыхьхэр, къэрал



Ныпыр щIыхь хэлъу къезыгъэIэтхэр, пщIэ ин зиIэ зэхьэзэхуэхэм бжьыпэр щызыубыдхэр.

Ди спортсменхэм я ехъулIэныгъэхэр епхащ абыхэм къадэлажьэ гъэсакIуэхэм къыбгъэдалъхьэ гуащIэ иным. Емышу гъэсакIуэхэм ягъэхьэзыр бэнакIуэ лъэрыхьхэр, я нэхъыбэр фIыуэ ялъагъу я IэнатIэм ягурэ я псэрэ халъхьэу, я зэчий ирахьэлIэу иролажьэ.

Дэтхэнэми мы утыкум ехъулIэныгъэ щызыIэрывгъэхьэну сывохъуэхъу! Нэхъ лъэрыхьым я лъэрыхьыжыр тырырекIуэ!— жиIащ Темрезов Рэшид спортсменхэм захуигъазэкIэрэ.

КъыкIэлъыкIуэу, зэхьэзэхуэм и хеящIэ нэхъыщхьэ, СКФО-м и хеящIэ гупым и тхьэмадэ ЕмкIуж Мыхьэмэтрэ зэхьэзэхуэм и хеящIэ нэхъыщхьэ Эльдарханов Абдурэхьимрэ спортсменхэм зыхуагъазэкIэрэ пэжагъ хэлъу зэпэщIэтыныгъэ дахэ къагъэлъэгъуэну яхъуэхъуащ.

Къапщтэмэ, ди хэгъуэгум къыбгъэдэкIа спортсменхэм мыIейуэ зыкъагъэлъэгъуащ. Апхуэдэу, зи хьэлъагъыр килограмм 52-рэ хъухэм деж текIуэныгъэр къэзыхьар Буняевэ Сэлимэщ. Зи хьэлъагъыр килограмм 70 хъухэм яхэта Быж Ксение дыжьын медалыр къилъэщащ. Биджиевэ Залинэ зи хьэлъагъыр килограмм 48-рэ хъухэм деж ещанэ увыпIэр зыIеригъэхьащ, килограмм 66-рэ хъухэм ди хэкуэгъу Кумуков Хьэжы ещанэ хъуащ.

Зи хьэлъагъыр килограмм 90 хъухэм яхэта Айбазов Сэлис домбеякъыр зыIеригъэхьащ. Урысейм пашагъэр къыщыхьыным хуэгъэза зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыубыда, зи хьэлъагъыр килограмми 100 хъухэм щыбэна Малсуйгенов Рэмэзан мыбдежми и IэпщIэлъапщIагъ щигъэлъэгъуащ. Ищхъэрэ Осетие-Аланием къикIа спортсменым финалым деж дригъэкIуэкIа зэпэщIэтыныгъэр зэхьэзэхуэр зыгъэдэхахэм ящыщщ. Рэмэзан мыбдеж екIуу бжьыпэр иубыдащ. Зи хьэлъагъыр килограмми 100 нэхърэ нэхъыбэ хъу гупым яхэта Чотчаев Азэмэти зэхьэзэхуэм чемпион щыхъуащ.

Мы зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыубыдахэм къапэщылъщ Урысейм пашагъэр къыщыхьыным здыщIэбэныну зэпеуэм зыкъыщагъэлъэгъуэну.

Спорт

# Бжьыпэр иубыдащ



**Мазаем (февралым) и 16-21 махуэхэм Черкесск къалэм дэт «Купол» ФОК-м «Буревестник» РСCC-м и къызэгъэпэщыныгъэкIэ боксымкIэ Урысейм пашагъэр щыубыдыным хуэгъэза зэпеуэ щекIуэкIащ.**

Спорт зэхьэзэхуэр Совет Союзым и ЛIыхъужь Богатырев Хьэрун и фэеплъу къызэрагъэпэщащ. Абы хэтащ 2000-2001 гъэхэм къалъхуа боксер ныбжьыщIэхэр.

Гуапэ зэрытщыхъуну, мы спорт зэпеуэм зыкъыщигъэлъэгъуащ Хьэбэз районым къыбгъэдэкIа, Хьэгъундыкъуей къуажэм деж гъэсакIуэ Иуан ХьэзрэIил и нэIэщIэт Хьэщкъуей Сэлим. Ди лъэпкъэгъу боксерыр хэтащ зи хьэлъагъыр килограмм 63-рэ хъу гупым икIи финал зэпэщIэтыныгъэм деж бжьыпэр щиубыдащ.

Сэлим зэпэщIэтыныгъитI иригъэкIуэкIащ. ЕтIуанэм, финал зэпеуэм деж, Хьэщкъуейм къыпэщIэтар хигъащIэкIэрэ, хухаха дакъикъэ бжыгъэр имыух щIыкIэ, текIуэныгъэр зыIэщIигъэхьащ.

ИджыкIэ боксер ныбжьыщIэм зыхуегъэхьэзыр Урысейм пашагъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ мэлыжьыхьым (апрелым) и 1-м Иркутск къалэм щекIуэкIыну зэпеуэм.

АБИДОКЪУЭ Люсанэ.

Адыгэм и псэупIэр къабзэу, зэлъыIухауэ щытыным сыт щыгъуи гулъытэ хэха хуищIу щытащ. Ноби а хабзэм текIкъым. Абы щыхьэт тохъуэ Хьэбэз муниципальнэ районым деж зэман-зэманкIэрэ гъэкъэбзэныгъэ щIыхьэхухэр къызэрызэрагъэпэщыр.

ЩIыхьэху

# Гъэкъэбзэныгъэ щIыхьэху

Мис, иджыблагъэ районым купщIафIэу, зэгъэуIуауэ щрагъэкIуэкIащ уэрамхэр, утыкухэр, паркхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я хъуреягъыр гъэкъэбзэным ехьэлIа щIыхьэхушхуэ.

Хуабжьу мы Iуэхум жыджэру хэтащ, уеблэмэ щапхъэ ягъэлъагъуэу, жэуаплыгъэ яхэлъу я лэжьыгъэм бгъэдыхьащ район, къуажэ администрацэхэм я лэжьакIуэхэр. Абыхэм гуп-гупу, бригадэу загуэшри, къуажэ уэрамхэм дэлъ хьэрткъуртыр зэщIакъуащ, гъуэгубгъухэр ягъэкъэбзащ. Хуабжьу хьэрткъуртыр куэду щызэтрихьат район псом пхыкI автотранспорт гъуэгум.

Социальнэ IуэхущIапIэхэм щылажьэхэм ягъэкъэбзащ я къулыкъущIапIэхэм и хъуреягъыр. Гуапэ зэрыхъущи, къуажэдэс гумызагъэхэри щIыхьэхум къыхыхьащ, жыджэруи пщIантIэхэр гъэкъэбзэным хэлэжьыхьащ.

ЖыпIэнурамэ, Хьэбэз районым щыпсэухэм яхь граждан жэуаплыгъэр зыгъэщыпкъэу щыта щIыхьэхум цIыху куэд хэтащ. Къапщтэмэ, зэщIакъуам и инагъыр гектар пщIы бжыгъэм нос, хьэрткъурту къызэщIакъуар тонн 30-м зэрынэхьэсащ. Мыбдежым лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ хьэрткъурт идзыпIэу щымыт щIыпIэхэр гъэкъэбзэным хуэгъэзауэ.

Ди корр.



Газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэр гъатхэпэм (мартым) и 12-ращ.

Редактор нэхъыщхьэ
ТХЬЭГЪЭПСЭУХЭ Увжыкъуэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Езауэ Маринэ, жэуап зыхь секретарь Абидокъуэ Люсанэ, отделхэм я редактору Бемырзэ Зураб, Туаршы Ирэ.

РЕДАКЦЭ СОВЕТЫМ ХЭТХЭР:
Шэрджэс Алий, КIыщмахуэ Мадинэ, Молэ Рэшид, Аслъэн Алий, Хъупсырокъуэ Алий.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ.
ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ЧЕРКЕС ХЭКУ
КъЧР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газет

Фщ Iэн папщIэ

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.

Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы тeухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.

Ди хэщIапIэр



Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,
Черкесск къалэ,
КировкIэ зэджэ
утыку, № 23,
Печатым и Унэ,
е 3-нэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР:

приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм
и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым - 26-36-27,
операторым-26-34-50,
бухгалтерием-26-36-29.

E - mail:
Cherkes-Haku@yandex.ru

Ди сайтыр:
www.cherkes-heku.smi09.ru

Газетыр щытрадзащ "Кавказская здравница" ОАО, Минеральные Воды къалэ, Октябрым и илъэс 50 уэрам, 67 унэ.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 20-04-13.

Индексыр 54044-щ.
КъыдэкI бжыгъэр 2985-щ.
Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ: жэуап зыхь секретарь АБИДОКЪУЭ Люсанэ, корректорхэу ГУНДЭХЪУ Аня, МУСЭ Зуридэ, оператор ГЪУЭЗДЖЭШ Залинэ.

# Жэуаплыгъэр зи лэжьэкIэ гъуазэ



ЦIыхур зы лэжьапIэм илъэс куэд хъуауэ щыIуткIэ, къыхиха Iуэхум хуэщыпкъэу щыпсэукIэ, ари ирокъу абы и хьэл-щэныр, и цIыхугъэр, жэуаплыгъэу хэлъыр кърибгъэлъэгъуэну.

Республикэм нэхъ ныбжьышхуэ зиIэу ит сабий IыгъыпIэхэм ящыщщ Черкесск къалэм дэт, зи №3, «Алёнушка» зи фIэщыгъэцIэр. Ар 1937 гъэм яухуащ. Абы лъандэрэ IыгъыпIэм унафэщI мащIэкъым зэрихъуэкIар, ауэ нэхъыщхьэр, зэгуэрми сабииншэ зэрымыхъуащ. Нобэ сабий IыгъыпIэм сабии 145-рэ ирашалIэ. И унафэщIыр Хилько Ольгэ Александровнэщ.

Хилько Ольгэ илъэс 24-рэ хъуауэ махуэ къэс сабий IыгъыпIэм лэжьапIэ къокIуэ и унагъуэ дыдэм екIуэлIэжым хуэдэу.

«Алёнушка» сабий IыгъыпIэм и лэжьэкIэфIым къэралым гу лъимытэкIэ къэнакъым. Абы щылажьэхэмкIи, и унафэщIымкIи гушхуэныгъэщ Урысейм и сабий IыгъыпIэ нэхъыфIи 100-м ящыщ зыуэ лъэпкъ реестрым зэрыратхар, абы и щыхьэт къэрал нагъыщэри къызэрыхуагъэфэщар. Къинэмыщiауэ, Хилько Ольгэ къыхуагъэфэщащ «Урысейм и унафэщI нэхъыфIи 100-м ящыщ» бгъэхэIур. Зэрылажьэрэ, илъэс зэхуэмыдэхэм Ольгэ ЩIыхь тхылъу къыхуагъэфэщахэм ит тхыгъэхэм къаIуатэ мы бзылъхугъэм и IэщIагъэм хуиIэ щыпкъагъэмрэ икърарымрэ. «И гуащIэдэкI илъэс куэдым папщIэ...», «Лэжьыгъэм хилъхьэ технологиещIэхэм папщIэ», «И псэемыблэж лэжьэкIэм папщIэ», «Лэжьыгъэ бгъэдыхьэкIэщIэм папщIэ»..., —итщ абыхэм. Ауэ езым и дежкIэ нэхъыщхьэр — сабийхэм зыкъызэрыхуашийращ, сабийуэ и пащхьэм ита, балигъ хъуахэр уэрамым къыщыхуэзэкIэ сэлам гуапэкIэ къызэрыпежьэращ.

**— Илъэс дапщэ хъуауэ сабийхэм уадэлажьэрэ? Дэнэ къыщежьэрэ уи лэжьыгъэ фIылъагъуныгъэр?**

— Курыт еджапIэм сыщIэс щIыкIэ сыхъуапсэт сабийхэм садэлэжьэну. Апщыгъуэм тцIыхур арати, сыхуейт егъэджакIуэ сыхъуну. Къинэмыщiауэ, сехъуапсэт телъыджэу къэслъытэ геолог, журналист IэщIагъэхэми. Дауэми, курыт еджапIэ нэужьым къыхэсхащ сабийхэм садэлэжьэныр икIи курыт еджапIэм кIуэным и пэ къихуэу сабийхэм щIэныгъэ ягъэгъуэтынымкIэ еджапIэр къэзухри си гуащIэдэкI гъуэгуанэр щезгъэжьауэ щытащ сыздаунэтIа, Мало-Къэрэшей районым. Абы щегъэжьауэ сахэтщ сабийхэм. Псори зэхэту илъэс 30-м зэрынэхьэсауэ сахэтщ сабийхэм.

**— Апхуэдиз илъэс бжыгъэ хъуауэ цIыкIухэм уадэлажьэкIэрэ, ущытезаши, щыбужэгъуи къыпхуихуагъэнщ?**

— Сабийхэр фIыщэу умылъагъуу уахэтыфынукъым. ГъэсакIуэхэми аращ къалэн пажэу яхуэзгъэувыр: угъурлыуэ щытын. Абы къыдэкIуэнущ махуэ еным дзыхь къытхуащIу къытхуагъэна цIыкIум и гур ихъумэнри, бзэ IэфI къыхуигъуэтынри. Арыншэу хъунукъым ди лэжьыгъэм деж. Си щхьэкIэ зыкъэсщтэжынщи, апхуэдизымкIэ цIыкIухэм сайсащи, сужэгъу дэнэ къыщына ди зыгъэпсэхугъуэ пIалъэхэми сахуозэш. Я макъ жьгъыру цIыкIухэр си тхьэкIумэм итщ, я гупсысэм сыхэкIкъым. ФэрыщIыгъэ лъэпкъ хэслъхьэкъым. Хадэм, пщIантIэм сыщымыIэуэлъауэмэ, апхуэдэхэм деж зэшыгъуэ дыдэ схуохъу зэманыр. ФIыуэ сытрегъэу усэ тхынми. Ари сызыдихьэх Iуэхухэм щыщщ.

**— Лэжьэн щыщIэбдзамрэ иджырэ зэплъытмэ, дауэрэ захъуэжа сабийхэм я гупсысэкIэм, я хьэл-щэным?**

— Иджырей сабийхэр хуабжьу гурыхуэщ, щIэм зыхуаший, нэхъыбэ къызэрацIыхуным хуэгъэщIащ. Техникэ, электроникэ, компьютер, телефон жыхуэпIэхэр фIы дыдэу зэрагъэзахуэ. Ар къыхэтлъытэурэ ди лэжьыгъэри доухуэ. Зэрыджэгу хьэпшыпхэр нэхъ гъэщIэгъуэну, зэхэщIыхьауэ къызэрытщтэным дыпылъщ, джэгукIэхэр нэгъуэщIщ. Хуабжьу гулъытэ хэха идот лъэпкъхэм я тхыдэм сабийхэр щыдгъэгъуазэу нэхъыфIу зэрыдгъэцIыхуным. Сабий IыгъыпIэм къигъэув пэщIэдзэ щIэныгъэ мардэр ягуэщIыфу курыт еджапIэм худогъэхьэзыр. Мыбдеж къыхэзгъэщыну сыхуейщ ди гъэсэн цIыкIухэм курыт еджапIэхэр хуабжьу къазэрыпэплъэр, сыту жыпIэмэ яцIыху ахэр япэ классым фIы дыдэу хуэхьэзыру зэрекIуэлIар.

Захъуэжащ анэ-адэхэми. Гуапэ зэрыхъунщи, куэдым я сабийхэр кружок, еджапIэ, зыузэщI зэхуэмыдэхэм яшэ, сабий IыгъыпIэм щIэс щIыкIэ щIадзэри. Ари сабийм и зыужьыныгъэм и Iыхьэщ. Ауэ мыпхуэдэ лъэныкъуэми гу лъытапхъэщ: анэ-адэхэм къахокI сабий IыгъыпIэм и къалэнхэр къызыгурымыIуэу, тщIэм нэхъыбэж тщIэн хуейуэ къытхуэзыгъэувхэр, я сабийм щхьэхуэу дыпылъын хуейуэ къэзылъытэхэр. Ауэ абыхэм къэзэуат къидгъэкIыу, дызэрыгъу-зэрышхыу дызэхэткъым. СэркIэ нэхъыщхьэр зэпсэлъэныгъэ узыншэращ. И нэхъыбэм абыкIэ дызэфIокI, щхьэж и псалъэ дыщIодэIури дызэгуроIуэж. Къинэмыщiауэ, сабийхэм я нэхъыбэр къытхуашэ я унагъуэхэм деж зыхуейр ирагъащIэу, жиIар ирагъэшхыу ирагъэсауэ, уеблэмэ къэзылъхуа дыдэхэр пэмылъэщыжу. Анэ-адэхэм къыщыджаIэ щыIэщ я сабий сэхъуа цIыкIур жыпхъэ гуэрым идгъэувэжынымкIэ къызэрытщыгугъыр. Ари къыдохъулIэ. АтIэ, сабийр зыхэтхэм ядэплъейуэрэ, ящIэр ядищIэурэ анэадэр зыщIэлъэIуа щапхъэм тоувэри, иужькIэ тхьэгъэпсэу къыджаIэ.

Мис апхуэдэу анэ-адэхэми, егъэджакIуэхэми я зэхэщIыкIыныгъэ, фIыщIэ псалъэ гуапэхэр къыщыдахьэлIэкIэ, езы сабий цIыкIухэм зыкъыщытхуашийкIэ, нэхъри дэрэжэгъуэ согъуэт икIи срогушхуэ слэжь Iуэхум цIыхухэр зэрыхуэныкъуэм, сэбэп къызэрысхьым.

**— Апхуэдизу зи къалэнхэм жэуаплыгъэкIэ бгъэдыхьэ уэ, зыхуэбгъэувыжу къыщIэкIынщ узытемыкI лэжьэкIэ мардэхэри?**

— Шэч хэлъкъым. Сгъэлажьэ гъэсакIуэ, нэрыбгэ къэскIэ къалэн зэрахуэзгъэувым хуэдэщ си щхьи сызэрыбгъэдыхьэр. Нэхъыщхьэр — гуапагъэ, зэхэщIыкI. Къинэмыщiауэ, сэркIэ мыхьэнэ хэха иIэщ лэжьэгъуэ махуэр щIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн гуэркIэ сгъэнщIыным. Ауэ сытми си лэжьапIэ пэш сыкъекIуалIэу, сытIысыжу сыщIэсыфынукъым. Махуэм тщIэ псори сабийхэр зыхуэныкъуэу, яфIэгъэщIэгъуэну щытын хуейщ. Ар къыдэхъулIамэ, апщыгъуэращ си лэжьэгъуэ махуэр IуэхукIэ сгъэнщIыфауэ къыщыслъытэр.

**— Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ нэхъ пажэу иджыкIэ къыфпэщылъыр?**

— НобэкIэ сабии 145-рэ къытхуашэ. А цIыкIухэм языхэз дэтхэнэри махуэ къэс арэзыуэ, къыкIэлъыкIуэ махуэм темыпыIэжу пэплъэу дэдгъэкIыжыныр сыт щыгъуи ди къалэн пажэщ. Мы гъэм 25-нэ щIэгъэкIыгъуэ диIэнущ, курыт еджапIэхэм япэ классхэм дгъэкIуэнущ. Ари жэуаплыгъэшхуэщ дэркIэ икIи, сыт щыгъуи хуэдэу, егъэджакIуэхэр къытхуэарэзыуэ, я пащхьэ идгъэхьэ ди гъэсэн цIыкIухэр Iущыцэ цIыкIуу къыщIэкIыжыным дыхуолажьэ.

Илъэс къакIуэ ди IыгъыпIэр илъэс 80 ирикъунущ. Ар хэIэтыкIа махуэщIышхуэщ дэркIэ. Иджы щегъэжьауэ абы зыхуэдгъэхьэзырынущ. Гу зылъытапхъэу, зэлэжьыпхъэу щыIэр мащIэкъым. Нэхъыщхьэу къызолъытэ сабий IыгъыпIэр къызэрыхухьа бжыхьыр зэхъуэкIыныр. Ар лъахъшэ дыдэщи, сабийхэм я шынагъуэншагъэ мардэхэм зыуи тегъэпсыхьакъым. ИкIэщIыпIэкIэ мис абы делэжьыну къытпэщылъщ. Адрей псоми дыпэлъэщынущ ди къарукIэ.

**— Тхьэм сабиинш имыщIкIэ IыгъыпIэр, фи гуащIэм и хъер а цIыкIухэм я ехъулIэныгъэхэм хывигъэлъагъуэ!**

ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ.

Фестивалым къикIыу

# ЦIыхубэ гъуазджэм и теплъэ

**Адыгэ-Хьэблэ муниципальнэ районым щэнхабзэмкIэ и Унэм деж мы махуэхэм Iуэхугъуэ дахэ щекIуэкIащ. Хабзэ зэрыхъуауэ, илъэс къэс республикэм щрагъэкIуэкI цIыхубэ гъуазджэм и фестивалыр мыбдежым щызэхашащ.**



Фестивалым «Мой горный край благословенный!» фIэщыгъэцIэр иIащ.

Зэрыхабзэу, гъэлъэгъуэныгъэм ипкъ иту, ди хэгъуэгум хыхьэ районхэм къэпщытэжыныгъэ концертхэр ирагъэкIуэкI. Районхэм я творческэ гупхэм зыкъагъэлъэгъуа нэужь, текIуар жюрим егъэбелджылы.





Къэпщытэжыныгъэ концертхэр щIаплъыкI цIыхубэ щэнхабзэмкIэ республикэ Купсэм (РЦНК) и лэжьакIуэхэм.

Адыгэ-Хьэблэ щекIуэкIа концертыр ягъэдэхащ районым хыхьэ къуажэхэм къабгъэдэкIа артист зэчиифIэхэм. Абыхэм яхэтащ ныбжьыщIэ цIыкIухэри, цIэрыIуэ хъуа нэхъыжьхэри. Апхуэдэщ: «Ридадэ», «Черкесия», «Марамыз», «Горянка», «Звёздочка» къэфакIуэ, уэрэджыIэ гупхэр.

Фестивалым хэтащ номер гъэщIэгъуэн щхьэхуэхэр зыгъэхьэзырахэри. Апхуэдэт Спартэ къуажэм щыщ пщащэ зэчиифIэр. Абы игъэлъэгъуащ «Лъэпкъ къафэхэм я попурри» теплъэгъуэр.

Зи макъ дахэкIэ концертыр зыгъэбжьыфIахэм ящыщщ КIуж Юрэ, Вечера Алексей, Киринэ Иринэ, Муратхэ Мурат, Щхьэгуэш Абазат, Блимготов Марат, Мижевэ Мадинэ, нэгъуэщIхэри.

Дауи, сыт хуэдэ гуфIэгъуэ Iуэхугъуэри адыгэм пшынэншэу зэрихьэ хабзэкъым. Адыгэ лъэпкъ макъамэ дахэхэм къеблэгъахэр щIагъэдэIуащ пшынауэ Iэзэхэу Хъату ФатIимэтрэ Аджыр Белэрэ.

ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ.



Спорт

# СКФО-м щыпашэхэр





**МахуитIым къриубыдэу Ищхъэрэ Кавказ федеральнэ хэгъуэгум зыщызыгъасэ дзюдоист 200-м щIигъу (пщащэхэри щIалэхэри) щIэбнащ хэгъуэгум пашагъэр щыубыдыным.**

Абдеж зыкъыщагъэлъэгъуащ Ищхъэрэ Кавказ хэгъуэгум хыхьэ щIыналъэхэм зыщызыгъасэ, зи ныбжьыр илъэс 23-м ит спортсменхэм.

Ди хэгъуэгум къекIуэлIа спортсменхэр псалъэ гуапэкIэ къригъэблэгъащ зэхьэзэхуэм щыIа, КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.

— Олимп спорт лIэужьыгъуэу щыт дзюдор хуабжьу щыцIэрыIуэщ Ищхъэрэ Кавказым, абы ныбжьыщIэ куэд дехьэх. Дызэрыгушхуэну, ди спорт еджапIэгъэсапIэхэм къыщIагъэкIащ Дунейпсо, Урысейпсо утыкухэм цIэрыIуэ щыхъуа дзюдоист лъэрыхьхэр, къэрал Ныпыр щIыхь хэлъу къезыгъэIэтхэр, пщIэ ин зиIэ зэхьэзэхуэхэм бжьыпэр щызыубыдхэр.

Ди спортсменхэм я ехъулIэныгъэхэр епхащ абыхэм къадэлажьэ гъэсакIуэхэм къыбгъэдалъхьэ гуащIэ иным. Емышу гъэсакIуэхэм ягъэхьэзыр бэнакIуэ лъэрыхьхэр, я нэхъыбэр фIыуэ ялъагъу я IэнатIэм ягурэ я псэрэ халъхьэу, я зэчий ирахьэлIэу иролажьэ.

Дэтхэнэми мы утыкум ехъулIэныгъэ щызыIэрывгъэхьэну сывохъуэхъу! Нэхъ лъэрыхьым я лъэрыхьыжыр тырырекIуэ!— жиIащ Темрезов Рэшид спортсменхэм захуигъазэкIэрэ.

КъыкIэлъыкIуэу, зэхьэзэхуэм и хеящIэ нэхъыщхьэ, СКФО-м и хеящIэ гупым и тхьэмадэ ЕмкIуж Мыхьэмэтрэ зэхьэзэхуэм и хеящIэ нэхъыщхьэ Эльдарханов Абдурэхьимрэ спортсменхэм зыхуагъазэкIэрэ пэжагъ хэлъу зэпэщIэтыныгъэ дахэ къагъэлъэгъуэну яхъуэхъуащ.

Къапщтэмэ, ди хэгъуэгум къыбгъэдэкIа спортсменхэм мыIейуэ зыкъагъэлъэгъуащ. Апхуэдэу, зи хьэлъагъыр килограмм 52-рэ хъухэм деж текIуэныгъэр къэзыхьар Буняевэ Сэлимэщ. Зи хьэлъагъыр килограмм 70 хъухэм яхэта Быж Ксение дыжьын медалыр къилъэщащ. Биджиевэ Залинэ зи хьэлъагъыр килограмм 48-рэ хъухэм деж ещанэ увыпIэр зыIэригъэхьащ, килограмм 66-рэ хъухэм ди хэкуэгъу Кумуков Хьэжы ещанэ хъуащ.

Зи хьэлъагъыр килограмм 90 хъухэм яхэта Айбазов Сэлис домбеякъыр зыIэригъэхьащ. Урысейм пашагъэр къыщыхьыным хуэгъэза зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыубыда, зи хьэлъагъыр килограмми 100 хъухэм щыбэна Малсуйгенов Рэмэзан мыбдежми и IэпщIэлъапщIагъ щигъэлъэгъуащ. Ищхъэрэ Осетие-Аланием къикIа спортсменым финалым деж дригъэкIуэкIа зэпэщIэтыныгъэр зэхьэзэхуэр зыгъэдэхахэм ящыщщ. Рэмэзан мыбдеж екIуу бжьыпэр иубыдащ. Зи хьэлъагъыр килограмми 100 нэхърэ нэхъыбэ хъу гупым яхэта Чотчаев Азэмэти зэхьэзэхуэм чемпион щыхъуащ.

Мы зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыубыдахэм къапэщылъщ Урысейм пашагъэр къыщыхьыным здыщIэбэныну зэпеуэм зыкъыщагъэлъэгъуэну.

Спорт

# Бжьыпэр иубыдащ



**Мазаем (февралым) и 16-21 махуэхэм Черкесск къалэм дэт «Купол» ФОК-м «Буревестник» РССС-м и къызэгъэпэщыныгъэкIэ боксымкIэ Урысейм пашагъэр щыубыдыным хуэгъэза зэпеуэ щекIуэкIащ.**

Спорт зэхьэзэхуэр Совет Союзым и ЛIыхъужь Богатырев Хьэрун и фэеплъу къызэрагъэпэщащ. Абы хэтащ 2000-2001 гъэхэм къалъхуа боксер ныбжьыщIэхэр.

Гуапэ зэрытщыхъуну, мы спорт зэпеуэм зыкъыщигъэлъэгъуащ Хьэбэз районым къыбгъэдэкIа, Хьэгъундыкъуей къуажэм деж гъэсакIуэ Иуан ХьэзрэIил и нэIэ щIэт Хьэщкъуей Сэлим. Ди лъэпкъэгъу боксерыр хэтащ зи хьэлъагъыр килограмм 63-рэ хъу гупым икIи финал зэпэщIэтыныгъэм деж бжьыпэр щиубыдащ.

Сэлим зэпэщIэтыныгъитI иригъэкIуэкIащ. ЕтIуанэм, финал зэпеуэм деж, Хьэщкъуейм къыпэщIэтар хигъащIэкIэрэ, хухаха дакъикъэ бжыгъэр имыух щIыкIэ, текIуэныгъэр зыIэщIигъэхьащ.

ИджыкIэ боксер ныбжьыщIэм зыхуегъэхьэзыр Урысейм пашагъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ мэлыжьыхьым (апрелым) и 1-м Иркутск къалэм щекIуэкIыну зэпеуэм.

АБИДОКЪУЭ Люсанэ.

Адыгэм и псэупIэр къабзэу, зэлъыIухауэ щытыным сыт щыгъуи гулъытэ хэха хуищIу щытащ. Ноби а хабзэм текIкъым. Абы щыхьэт тохъуэ Хьэбэз муниципальнэ районым деж зэман-зэманкIэрэ гъэкъэбзэныгъэ щIыхьэхухэр къызэрызэрагъэпэщыр.

ЩIыхьэху

# Гъэкъэбзэныгъэ щIыхьэху

Мис, иджыблагъэ районым купщIафIэу, зэгъэуIуауэ щрагъэкIуэкIащ уэрамхэр, утыкухэр, паркхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я хъуреягъыр гъэкъэбзэным ехьэлIа щIыхьэхушхуэ.

Хуабжьу мы Iуэхум жыджэру хэтащ, уеблэмэ щапхъэ ягъэлъагъуэу, жэуаплыгъэ яхэлъу я лэжьыгъэм бгъэдыхьащ район, къуажэ администрацэхэм я лэжьакIуэхэр. Абыхэм гуп-гупу, бригадэу загуэшри, къуажэ уэрамхэм дэлъ хьэрткъуртыр зэщIакъуащ, гъуэгубгъухэр ягъэкъэбзащ. Хуабжьу хьэрткъуртыр куэду щызэтрихьат район псом пхыкI автотранспорт гъуэгум.

Социальнэ IуэхущIапIэхэм щылажьэхэм ягъэкъэбзащ я къулыкъущIапIэхэм и хъуреягъыр. Гуапэ зэрыхъущи, къуажэдэс гумызагъэхэри щIыхьэхум къыхыхьащ, жыджэруи пщIантIэхэр гъэкъэбзэным хэлэжьыхьащ.

ЖыпIэнурамэ, Хьэбэз районым щыпсэухэм яхь граждан жэуаплыгъэр зыгъэщыпкъэу щыта щIыхьэхум цIыху куэд хэтащ. Къапщтэмэ, зэщIакъуам и инагъыр гектар пщIы бжыгъэм нос, хьэрткъурту къызэщIакъуар тонн 30-м зэрынэхьэсащ. Мыбдежым лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ хьэрткъурт идзыпIэу щымыт щIыпIэхэр гъэкъэбзэным хуэгъэзауэ.

Ди корр.



Газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэр гъатхэпэм (мартым) и 12-ращ.

Редактор нэхъыщхьэ
ТХЬЭГЪЭПСЭУХЭ Увжыкъуэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Езауэ Маринэ, жэуап зыхь секретарь Абидокъуэ Люсанэ, отделхэм я редактору Бемырзэ Зураб, Туаршы Ирэ.

РЕДАКЦЭ СОВЕТЫМ ХЭТХЭР:
Шэрджэс Алий, КIыщмахуэ Мадинэ, Молэ Рэшид, Аслъэн Алий, Хъупсырокъуэ Алий.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ.
ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ЧЕРКЕС ХЭКУ
КъЧР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газет

Фщlэн папщlэ

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.

Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.

Ди хэщIапIэр



Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,
Черкесск къалэ,
КировкIэ зэджэ
утыку, № 23,
Печатым и Унэ,
е 3-нэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым - 26-36-27,
операторым-26-34-50,
бухгалтерием-26-36-29.

E - mail:
Cherkes-Haku@yandex.ru

Ди сайтыр:
www.cherkes-heku.smi09.ru

Газетыр щытрадзащ "Кавказская здравница" ОАО, Минеральные Воды къалэ, Октябрым и илъэс 50 уэрам, 67 унэ.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 20-04-13.

Индексыр 54044-щ.
КъыдэкI бжыгъэр 2985-щ.
Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ: жэуап зыхь секретарь АБИДОКЪУЭ Люсанэ, корректорхэу ГУНДЭХЪУ Аня, МУСЭ Зуридэ, оператор ГЪУЭЗДЖЭШ Залинэ.

**Адыгэ лъэпкъым къыхэкIа цIыхушхуэхэщ ди гъуазэу, урысей къэрал политикэм хэта, къэрал IуэхущIакIуэшхуэ Дер зэкъуэшхэр.**

**Зэкъуэшхэм я нэхъыжь Станислав къыдэгъуэгурыкIуа цIыхухэм ямыщхь, къызэрымыкIуэ IэкIуэлъакIуагъ зыбгъэдэлъ IуэхущIакIуэт, политик нэст, псэ хьэлэл зиIэт. ЖыпIэнурамэ, къызыхэкIа лъэпкъым щхьэузыхь зыхуищIыну сыт щыгъуи хуэхьэзырт. Станислав хуэдэхэращ щIыжаIар: «Илъэсищэм деж зэщ апхуэдэ цIыху дунейм къызэрытехъуэр» жэуэ. Адыгэм и псэр хузэIухауэ хуэлэжьащ, къызыхэкIа лъэпкъым игъуэ нэмыс хъухункIэ щыпкъагъ ин хэлъу хуэпсэуащ, и псалъэм Iуэхур къыпэкIуэу дунейм тетащ.**





# Лъэпкъ щIыхьыр зыгъэщыпкъэ Дер зэкъуэшхэр

КъЧР

1990 гъэ зэхэтхъуахэм хыхьэхэкI Iуэхум и лъэныкъуэкIэ зи лъэ увын щIэзыдза, акъылышхуэ зыбгъэдэлъа, ипэкIэ плъэфу щыта Станислав и лэжьыгъэм хуиIа фIылъагъуныгъэ иным и щыхьэтщ къигъэщIа, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа «Меркурий» фирмэр. ЦIыху мащIэ лэжьапIэ IэнатIэкIэ къызэрагъэпэщакъым Станислав я пашэу, и къуэшхэри къыкъуэту къызэIуаха заводхэм.

Хэкум и пащхьэ къилъэща фIыщIэм папщIэ Станислав къыхуагъэфэщащ ещанэ нагъыщэ зиIэ «Орден Орла», «Благословление за усердные труды во славу Святой Церкви» орденыр, «За духовное единение» медалыр. Станислав и гъащIэр, и дуней тетыкIар, Iуэху бгъэдыхьэкIэу, цIыху хэтыкIэу щытар къигъэлъагъуэу езыр дунейм зэрехыжрэ илъэс щрикъум, 2007 гъэм, дунейм къытехьащ «Памятник первопроходцу» тхылъыр.

Станислав и гъащIэм увыпIэшхуэ щаубыдт Къэрэшей-Черкесым и жылагъуэ, политикэ Iуэхухэм. 1997 гъэм Черкесск къалэ администрацэм и Iэтащхьэ хъури, илъэсищым къриубыдэу къомыцIыхужыну къалэм и теплъэм зригъэхъуэжат, цIыхухэм илъэс куэдкIэ ямылъэгъуа хуэгъэкIуэтэныгъэхэр яIэ хъужат. Республикэм, Черкесск къалэм щыпсэухэм IуэхущIакIуэ емышыжым фIылъагъуныгъэ ин зэрыхуаIам и щыхьэтт Станислав къыхуагъэфэща, «Черкесск къалэм щIыхь зиIэ и цIыху» щIыхьыцIэ лъапIэр. КъинэмыщIауэ, КъЧкъУ-м, КъЧТУ-м деж «ЩIыхь зиIэ я доктор», Урысейм и гуманитар институтым и къудамэу Черкесск къалэм дэтым и «Почётный доктор» цIэ лъапIэхэр зэрихьэт. Станислав ди республикэм нэхъыбэж хуищIащ 2004 гъэхэм УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм Федерацэмкlэ и Советым КъЧР-м къыбгъэдэкIа сенатору щыщыIами.

Лъэпкъхэм яку политикэ зэпэщIэтыныгъэ къыщыдэхуам Станислав и фIыщIэщ республикэм деж лъы зэрамыгъэжар, уеблэмэ Ищхъэрэ Кавказыр щытыкIэ хьэлъэм зэримыувар. Адыгэхэм я политик, жылагъуэ пашэу щыт Дерым и псалъэм лъэпкъыр ебэкъуакъым, «ди Стас жиIэр ди унафэщ!» жаIэри. Абы къегъэлъагъуэ Дерым и псалъэм лъэпкъым и пащхьэм щиIа пщIэр. Лъэпкъым зыми пимыщIу иIа и Стас игъуэнэмысу и дунейр ахърэткIэ ихъуэжащ.

Къуэш нэхъыжьыр зыпэрыта IуэхуфIхэм адэкIэ пащэ Станислав и шынэхъыщIэхэу Вячеславрэ Хьэж-Муратрэ. ЗэкъуэшитIым я гъащIэр епхащ «Меркурий», «Дервейс» фирмэ щэджащэхэм. Дэтхэнэми хэлъхьэныгъэшхуэ хуещI адыгэм и зыужьыныгъэм, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэIузэпэщыныгъэр егъэфIэкIуэным.

Вячеслав илъэс бжыгъэкIэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым КъЧР-м къыбгъэдэкIа сенатору хэтащ. Лъэпкъ Iуэхум пыщIащ. Нобэ зыпэрыт лэжьыгъэм къыдэкIуэу, Вячеслав адыгэш лъэпкъыр къэгъэщIэрэщIэжыным йолэжь.

Хьэж-Мурат «Дервейс» фирмэ щэджащэр Урысейм, Дунейпсо утыкум и лъагапIэ инхэм щыувыным хуолажьэ. Къапщтэмэ, зэкъуэшитIми я цIэр къыгуэпх мыхъуну псапэ щIэным епхащ, а Iуэхум мылъкушхуэ трагъэкIуадэ. ТIури гу къабзэу зи Iуэхухэр зылэжь, лъэпкъыр, цIыхухэр тыншыгъуэ яIэу псэуным, лъэпкъхэр зэгурыгъэIуэным къаруушхуэ езыхьэлIэщ.

Станислав дунейм тетыху зэрыпсэуар аращ, и къуэшитIри — Вячеслави, Хьэж-Мурати, зэрыпсэур аращи — нобэрей щIэблэр зыдэплъей хэкупсэ-лъэпкъыпсэ адыгэлI нэсхэщ!

**ЩОХЪУЖЬ Люсанэ**

АР

**Джа гупшысэр сыдигъуи къыздырихьакIыгъ непэ зигугъу къэтшIыщт врач IэпэIасэу Маканай Юсыф. Ар Иорданием къыщыхъугъ, щапIугъ, ау ихэкужъ къызэригъэзэжьыщтым ицыхьэ телъыгъ. СигущыIэгъу удэгущыIэныр псынкIэ, гъэшIэгъоны ыкIи апэрэ фэзгъэзагъэхэм ащыщ врач сэнэхьатыр къыхихынэу зэрэхъугъэр.**

# «Адыгэ лъэпкъым сызэрэщыщыр сщыгъупшэу къыхэкIыгъэп»

Юсыф къызэрэсфиIотагъэмкIэ, я 5-рэ классым щеджэрэ кIэлэеджакIохэм сэнэхьатэу къыхахынэу зыфаехэмкIэ кIэлэегъаджэр къяупчIыгъ. Сабый цIыкIухэм янэм фэдэу алъытэрэ бзылъфыгъэр гухэлъ шъэфэу яIэхэм щагъэгъозагъ. Маканай Юсыф чэзыур къызынэсым къэтэджыгъ, бэрэ емыгупшысэуи зэрылэжьэнэу зыкIэхъопсырэ сэнэхьатым классым исхэр щигъэгъозагъэх.

— ЦIыфхэм сяIэзэнэу, ахэм сишIуагъэ язгъэкIынэу сыфай. Иорданием сыкъыщыхъугъ нахь мышIэми, силъэпкъэгъухэр зыщыпсэурэу, сичIыгужъэу Адыгеим сисыным, ащ Iоф щысшIэным сыкIэхъопсы, — къыIуагъ шъэожъые цIыкIум.

Еджэгъу илъэсхэр Юсыф зэринэкIыгъэх, ау гухэлъэу ышIыгъэр зэблихъужьыгъэп. Ежь зыщыпсэущтыгъэ Иорданием, нэмыкI къэралыгъохэми адэт апшъэрэ еджапIэхэм ачIэхьан амал иIагъ. А уахътэм шъэожъыехэр зэкIэ зыкIэхъопсыщтыгъэ летчик сэнэхьатыр зэригъэгъотыни ылъэкIыщтыгъ, ау ицIыкIугъом къыщегъэжьагъэу къыхихыгъэм феджэнэу теубытэгъэ пытэ ышIыгъ.

— ЗэгурымыIоныгъэу къэралыгъохэм азыфагу илъым къыхэкIэу Адыгеим фэгъэхьыгъэ къэбархэр Иорданием щызэхэтщыщтыгъэп. Нахьыбэрэм зигугъу къашIыщтыгъэр Къэбэртэе-Бэлкъар республикэр ары, — игукъэкIыжьхэмкIэ къыддэгуащэ Юсыф. — Сыдигъуи сэ Адыгэ Республикэр нахь къыспэблэгъагъ, адыгэ лъэпкъым сызэрэщыщыр сщыгъупшэу зы такъикъи къыхэкIыгъэп. Сихэгъэгужъэу Адыгеим сыкъэкIожьыныр сицIыкIугъом къыщегъэжьагъэу гухэлъ анахь шъхьаIэу сиIагъэхэм ащыщыгъ.

1982 илъэсым врач сэнэхьатыр зэригъэгъотынэу Маканай Юсыф Урысыем къэкIо ыкIи Ростов-на-Дону дэт медицинэ академием чIэхьэ. Ар къызиухырэ уж Адыгэ республикэ клиническэ сымэджэщым хирургиемкIэ интернатурэ, нэужым травмотологиемкIэ ординатурэ Москва щикIугъэх.

— 1991 илъэсым щылэ мазэм и 21-м Iоф сшIэнэу езгъэжьагъ. А уахътэм къыщегъэжьагъэу Адыгэ республикэ клиничекэ сымэджэщым итравмотологическэ отделение сыщэлажьэ, — къеIуатэ Юсыф. – Адыгеим къызэрэзгъэзэжьыгъэмкIэ сыкIэгъожьэу сыдигъуи къыхэкIыгъэп. КъысэуалIэрэ цIыфхэм гуфэбэныгъэ афысиIэу сапэгъокIы, амалэу сиIэмкIэ сишIуагъэ ясэгъэкIы.

Юсыф янэ-ятэхэу Яхьярэ Ламаашрэ ясабыйхэр Иорданием щапIугъэх нахь мышIэми, адыгабзэмрэ, шэн-хэбзэ дахэу тилъэпкъ иIэхэмрэ арагъэшIагъэх. Зыщыщхэ адыгэхэм ятарихъ, хъишъэу апылъ къэбархэр сыдигъуи кIэлэцIыкIухэм къафаIуатэщтыгъ. Маканай зэшъхьагъусэхэм унэгъо зэкIужь ашIагъ, сабыибл зэдапIугъ. Ахэм шъхьэкIэфэныгъэрэ гуфэбэныгъэрэ цIыфхэм афыряIэу агъэсагъэх.



— Илъэс 25-рэ хъугъэ республикэ сымэджэщым сызщылажьэрэр, ау мы сэнэхьатыр къызэрэхэсхыгъэмкIи Адыгеим къызэрэзгъэзэжьыгъэмкIи сыкIэгъожьэу зы такъикъ къыхэкIыгъэп, — къеIо тигущыIэгъу. — СицIыкIугъом гухэлъэу сшIыгъагъэр къызэрэздэхъугъэмкIэ сэгушхо.

ИIофшIэн зырегъажьэм зишIогъэшхо къезыгъэкIыгъэ ЖэнэлI Заурбий, Болэкъо Махьмуд, Тлепсук Руслъан, непэ Iоф зыщишIэрэ отделением ащылажьэхэрэ специалистхэм зэрафэразэр Маканай Юсыф игущыIэ къыщыхигъэщыгъ. Ахэм шIэныгъэу, IэпэIэсэныгъэу рагъэгъотыгъэр гъунэнчъэу къыщэхъу. Щысэ зытепхын специалистхэм Iоф зэрадишIагъэм, ахэм гущыIэгъу зэрафэхъугъэм тигущыIэгъу мэхьанэшхо реты.

Зэрылэжьэрэ сэнэхьатыр цIыфым ыгукIэ къыхихыгъэмэ псынкIэу къыбгурэIо. Ащ иIофшIэн сыдигъуи фэчэфэу, гуфэбэныгъэ хэлъэу егъэцакIэ. Юсыф ыпэкIэ къэтIогъэ гущыIэхэр фэдгъэзэнхэ тлъэкIыщт. Ащ цIыфыныгъэ, гукIэгъуныгъэшхо хэлъ. ИщыкIагъэмэ сэмэркъэу гущыIэхэмкIэ е нэмыкI къэIуакIэкIэ сымаджэхэм адэгущыIэщт. ЗэряIазэрэм имызакъоу агу къызэрэдищэещтым, гущыIэ дахэ зэрариIощтым дэшъхьахырэп. Специалист IэпэIасэм гъэхъагъэу иIэр макIэп, ау пстэуми анахь лъапIэу — цIыфхэм яшIулъэгъу, яшъхьэкIэфэныгъэ ащ къылэжьыгъ.

Маканай Юсыф врач IэпэIасэу зэрэщытым имызакъоу унэгъо дахэ ышIагъ. Ишъхьэгъусэу Светланэрэ ежьыррэ кIалэрэ пшъашъэрэ зэдапIугъ. Ахэм апшъэрэ гъэсэныгъэр зэрагъэгъотыгъ, щыIэныгъэм къыщыхахыгъэ лъэгъо занкIэм тетэу рэкIох.

**ГЪОНЭЖЬЫКЪО Сэтэнай,**
**Сурэтыр Iэшъынэ Аслъан тырихыгъ.**



# БлэкIам и щэхур къихутэу

КъЧР



*Лъэпкъ щIыхьым и псэр*
*шэпэIудз хуэзыщIу,*
*ЯукIыхункIэ бийм*
*хуимыкIуэтахэм,*
*Хьэжрэту мыжурэпэм*
*ирихужьэу,*
*ИстамбылакIуэ гъуэгум*
*текIуэдахэм*
*Щана псэ нэхухэм я фэеплъщ*
*мы сынри,*
*ЦIыхуцIэ зиIэ, къэувыIи,*
*хуэгумэщI!*

УсакIуэ цIэрыIуэ Бемырзэ Мухьэдин и Iэдакъэм къыщIэкIа мы усэ сатырхэр зытет, Али-Бэрдыкъуэ къуажапщэм щыт, Кавказ зауэм хэкIуэда ди нэхъыжьхэм я фэеплъ сыным къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ икIи адыгэ лъэпкъым и тхыдэм мыкIуэдыжыну къыхэнащ а къуажэм щыщ Хутэ Михаил и цIэр.

Михаил цIыху къызэрыкIуэщ, адыгагъэрэ цIыхугъэрэ зыхэлъщ, къуажэдэсхэми пщIэшхуэ зыхуащIщ. Ауэ дэ нобэ зи гугъу тщIынур абы и цIыхугъэракъым, атIэ и лIыгъэмрэ къызыхэкIа лъэпкъым хуиIэ фIылъагъуныгъэмрэщ...

Куэдым зэращIэщи, илъэс 28-рэ мэхъури, дуней псом адыгэу тетым я щыгъуэ махуэм — накъыгъэм (майм) и 21-м апхуэдэ фэеплъ сынхэм я пащхьэм пэкIухэр щрагъэкIуэкI. Алибэрдыкъуэдэсхэр фIыуэ щыгъуазэщ икIи ящIэж 1989 гъэм и зы жэщ кIыфIым, зыри щымыгугъагъэххэу, къуажапщэм узэрыхэкIыу, узыIуплъэ Iуащхьэ закъуэм мывэшхуэ къызэрытеувар. «1763-1864 гъэхэм екIуэкIа кавказ зауэм хэкIуэда черкесхэм я фэеплъу... ЩIылъэм и цIыхухэ, уи щIыгур зэрыпхъумэжыну щIыкIэмкIэ черкес лъэпкъым щапхъэ къытефх. Маркс К.» — псалъэхэр IупщIу тетхат а мывэм. Ауэ куэдым ящIэтэкъым а сыныр а Iуащхьэм зэрынэса щIыкIэр. Зипкъ къикIами зырыз дыдэт щыгъуазэр...

Хутэ Михаил дзэ къулыкъум щыIэу, зауэлI библиотекэм щIыхьауэ щытащ. Абдеж абы къыIэрыхьат кавказ зауэм теухуа, «Буйный Терек» тхылъыр. Адыгэ щIалэм езыр къызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэм кIэгъуасэ фIыцIэу къытена зауэжьым ехьэлIауэ зыщымыгъуазэ куэд апщыгъуэм къицIыхуат. Ар хуабжьу къигъэуIэбжьат пащтыхьыдзэм гущIэгъуншагъэу зэрихьам, абы залымыгъэу игъэхъамрэ и лъэпкъым гуауэ ишэчамрэ. Залымзехьэхэм лъэужьу къагъэнат адыгэ къуажэ зэхагъэсыхьахэм я сахуэхэмрэ Iугъуэм зэщIищта мэзхэмрэ...

Абы лъандэрэ илъэс бжыгъэ текIыжащ. Ауэ Михаил и лъэпкъым бэлыхьу ишэчар игу хуигъэхутэкъым, и нэгум къыщIэувэт лажьи хьэкъи ямыIэу, зи адэжь щIыналъэр зырагъэбгынэ бзылъхугъэхэр, лIыжьфызыжьхэр, сабийхэр, егъэзыпIэ яхуэхъуну щыгугъыпэу здепIэщIэкIа хы ФIыцIэ Iуфэм ахэр зэрыIулIыхьар. Абыхэм Михаил гупсэхугъуэ къраттэкъым икIи къыгурыIуащ ди адэжь-анэжьхэм я фэеплъыр уахътыншэ щIын зэрыхуейр. «Я щхьэхуитыныгъэм щIэбэна адыгэхэм я лIыгъэм и фэеплъыр Iэмал имыIэу хъумэн хуейщ», — апхуэдэ гугъэкIэ Хутэ Михаил мурад быдэ ищIат псоми здалъагъун щIыпIэм фэеплъ сын щыгъэувын хуейуэ. Апхуэдэ гуращэкIэ Iуащхьэм и нэIэр тридзагъэххэти, ныбжьрей бгыжьхэм хуэфэщэн мывэ къыщигъуэтри, и пщIантIэм тракторкIэ дилъэфащ. Жырым къыхэщIыкIа пластинэм тетхар нэхъ пасэу езым и IэкIэ игъэхьэзырагъэххэти, мывэм кIэригъэзэгъащ. Арати, кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я япэ фэеплъ сыныр пщэдджыжьым Iуащхьэм тету нэху къекIащ. Абы кърикIуэнкIэ хъунум Михаил фIыуэ щыгъуазэти, зыхуигъэхьэзыращ. ЩIыпIэ унафэщIхэм апхуэдэ сыныр зэрагъэувар шэ фIыцIэу къатехуат. Абыхэм я дежкIэ «блэкIар къэбгъэбэтэжыныр» къемызэгът, — партым, совет тетыгъуэм иригъэкIуэкI политикэм и гуэгъутэкъым. Абы щыщIэдзауэ «органхэм я цIыхухэр» Михаил къыхуеблагъэ хъуащ. «Мывэр Iуащхьэм къыумылъэфэхыжмэ, фIы къыпхудэкIуэнукъым», — жаIэт. Iуэхур партым и обкомым, краикомым, адэкIэ Москва нэсащ. Лъэпощхьэпо куэдым Iууащ а зэманым Хутэр. ИкIи абыхэм ерыщу япэщIэуващ. АрщхьэкIэ «Зы мывэр къалэкъым» жыхуаIэрати, Михаил зылъыкъуигъэуващ езым и гукъеуэр зи гукъеуэ, пэжыр и гущIыIу хъуным хуэпабгъэ гуп. Тетыгъуэр зыIыгъхэм я унафэкIэ мывэр мызэмытIэу Iуащхьэм кърალъэфэхыжащ, ауэ Хутэм и ныбжьэгъухэр и гъусэу, жэщкIэ мывэр и пIэм ирагъэзэгъэжт. Михаил къикIуэтыну и пщIыхьи къыхигъахуэтэкъым. Езыми ерыщу мывэр Iуащхьэм дрилъэфеижт. Мазэ бжыгъэкIэ зэпэщIэтауэ, пэжыр текIуэ пщэ хъуащ, фэеплъ сынри лъагэу Iэтауэ Iуащхьэм къытенэжащ.

Михаил илэжьар езым лIыгъэу къилъытэжу, и щхьэм пхутрилъхьэнукъым.

— Ар лъапсэрыхыр къызыхуахьа ди адэжь-анэжьхэм я пащхьэ щытхь жэуаплыгъэщ. Дэ ди пщэ илъщ абыхэм я фэеплъыр тхъумэну, ахэр ди гум идгъэлъыну, — аращ кIэщIу жэуапу абы и IуэхукIэ езым щыдгъуэтар.

Уи лъэпкъыр псэм нэхърэ нэхъ бгъэлъэпIэн хуейщ а псори хэIущIыIу пщIын, щIэблэм и пащхьэ иплъхьэн щхьэкIэ. Ар хузэфIэкIащ Iуащхьэм и щэхур къэзыхута Хутэ Михаил.

**ЕЗАУЭ Маринэ**



# Ди адэжьхэр зыгъэгуфIа Къардэн Мурат

КъБР

Илъэс минитIым щIигъуащ олимп зэпеуэхэр къызэрежьэрэ. ПIалъэ гуэрым ар зэпагъэуауэ щытами, тхыдэм къыхэтэджыкIыжащ икIи дунейм къытехъуа зэхьэзэхуэ нэхъ удэзыхьэххэм я деж жьантIэр щиIыгъщ. ДиIащ, диIэщ икIи диIэнущ абы адыгэ лъэпкъыр щызыIэта щIалэ ахъырзэманхэр. 1948 гъэм Великобританием и къалащхьэ Лондон щекIуэкIа XIV Гъэмахуэ Олимп джэгухэм дыщэ медалыр къыщызыхьа Догу (ГъукIэ) Яшар хиша лъагъуэ дахэм иужькIэ ирикIуащ Къаплъэн (КIыкIы) Хьэмидрэ (1956 гъэ) Аталай (Нагъуэ) Хьэмидрэ (1968 гъэ). Ди жагъуэ зэрыхъущи, зи гугъу тщIа бэнакIуэ телъыджэхэр тхыдэм зэрыхыхьар тырку чемпионхэущ, урыскавказ зауэжьым иужькIэ къыщыхута къэралыгъуэм зыщыщ адыгэ лъэпкъыр щрагъэбзыщIурэ зэман кIыхькIэ къызэрекIуэкIам къыхэкIыу.

Илъэс 44-рэ хъууэ аращ адыгэр зэрыадыгэу олимп утыку къызэрихьэрэ. Тхыдэм и дежкIэ а зэман кIэщIым ди лъэпкъым ехъулIэныгъэ инхэр къыхудэкIуащ – дэ диIэ хъуащ Олимп чемпиону 6! Ахэр псори ди дежкIэ лъапIэщ, ауэ ижь-ижьыж лъандэрэ ди адэжьхэм пщIэ лей зыхуащIурэ къэгъуэгурыкIуа бэнэкIэ спорт лIэужьыгъуэмкIэ 2000 гъэм Австралием и Сидней къалэм щекIуэкIа Олимп джэгухэм пашэныгъэр щызыубыда Къардэн Мурат щытхъу хэха хуэфащэщ.

1971 гъэм ар Зэрэгъыж къуажэм къыщалъхуащ. Физическэ щэнхабзэмкIэ Краснодар дэт къэрал институтыр къиухащ. Тренер цIэрыIуэ Къалмыкъ Юрэ и деж алыдж-урым бэнэкIэмкIэ зыгъэсэн щыщIидзащ. Дунейпсо кубокым щэнейрэ (1992, 1995, 1997 гъэхэм) щытекIуащ, Европэм и чемпионщ (1998 гъэ). АрщхьэкIэ и лъагапIэ нэхъыщхьэр XXVII Гъэмахуэ Олимпиадэм (2000 гъэ) дыщэ медалыр къызэрыщихьаращ.

Мурат Сидней зэрыкIуэнур щызэхэкIар Олимп джэгухэм щIадзэным махуитху иIэжущ. А лъэхъэнэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ килограмм 76-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж щынэхъыфIу къалъытэ Мишиныр хигъащIа иужькIэщ, Австралием кIуэ гъуэгур абы къыщыхузэIуахар.

ИгъащIэ лъандэрэ Олимпиадэм хэтыну зи хъуэпсапIэ адыгэ щIалэм къыхукъуэкIа Iэмалыр нэсу къигъэсэбэпащ. Сидней и алэрыбгъухэм къыщыпэщIэувва и хьэрхуэрэгъу псори абы хигъэщIащ. Псом хуэмыдэу удэзыхьэхт кIэух зэIущIэр. Абы къыщыпэщIэтащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къикIа бэнакIуэ лъэщ дыдэ Линдлэнд Мэтт. Ар 3:0-у хигъащIэри, ди лъэпкъэгъур Олимп чемпион хъуащ.

Спортым къыхэкIыжа иужькIэ Къардэн Мурат илъэс зыбжанэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым, иужькIэ - Iэтащхьэм, я чэнджэщэгъуу щытащ. Иджыпсту КъБР-м и Парламентым физкультурэмрэ спортымрэкIэ и комитетым и унафэщIщ, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ.

ЩIыхь, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденхэр, «Кубаным и зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ» медалым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымрэкIэ щIыхь зиIэ» цIэ лъапIэр зэрехьэ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч**



# Хьэшыр Чылар

*"...1829 гъэм июлым и 21-м сыхьэтыр 10-м Хьэшырыр я гъусэу гъуэгу техьащ щIэныгъэлIхэу Купфер, Ленц, Майер, къэрэшей щIалэ Дудов Мыхьэмэт сымэ, къэзакъ лIы тIощIи ящIыгъуу. Метр 4270-рэ якIуа нэужь, гъуэгур къатохьэлъэри, цIыху 23-м кърагъэзыхыж. АдэкIэ кIуэфыр Хьэшырхэ Чылар, Дудов Мыхьэмэт, Ленц, къэзакъ Лысенков сымэщ. Куэд темыкIыу къагъэзэжащ Дудоврэ Лысенкомрэ. Ленц къигъэзэн идакъым, ауэ Чылар щIэныгъэлIым куэдыщэкIэ япэ ит хъуати, адэкIэ мыкIуэфу ари къэувыIэжащ...*

*Iуащхьэмахуэ и щыгу дыкъуакъуэм, псом япэ дыдэ зи лъэ теувар адыгэлI нэс, гугъуехьхэм есэжа, щакIуэ лъэрыхь, лIыгъэшхуэ къызыкъуэкIа, къэзылъхуахэм я пщIэр езы Iуащхьэмахуэ елъэгэкIыу дуней псом щызыIэтыфа Хьэшырхэ Чыларщ"...*

# Лъэпкъым и къуэ пажэхэр

КъЧР

*(КIэухращ. ПэщIэдзэр е 3-нэ напэм итщ).*

Дауи, апхуэдэ цIыхухэм зыхащIэм хуэдэщ я гъащIэр кIэщI зэрыхъунур, илъэсхэм я жумартагъымкIэ Тхьэшхуэр къазэрыхуэмыупсэнур. Назир Iуэхугъуэ, лэжьыгъэ, IэщIагъэ куэдым хэплъэн къыхудэхуащ. Слесарь къызэрыкIуэу комбинатым къыщыщIидзэри, къэрал власть къудамэм и IэнатIэ лъагэхэм нэсауэ щытащ.

1980 гъэхэм республикэм и ухуэныгъэ нэхъыщхьэм — «Южный» комбинатым — и гуащIэ хилъхьащ. А зэманым комбинатыр Европэм щынэхъ инхэм ящыщт. 1990 гъэхэм Хъупсырокъуэр хэтащ «Южный», «Моспромстрой»-м Усть-Жэгуэтэ дащIыхь IуэхущIапIэхэр ухуэным, иужькIэ Москва къалэм ирагъэблагъэ. Абдежми ехъулIэныгъэхэм хуокIуэ, Урысейм и Генеральнэ прокуратурэм и Iуэхухэр зезыгъакIуэ IэнатIэм трагъыхьэ. Абдежми абы нэгъэсауэ зыкъыщегъэлъэгъуэф, Iуэхуу и жьауэ къыщIэхуэр нэгъэсауэ зэфIех.

1952 гъэм Хьэбэз къуажэм къыщыхъуа щIалэр зы махуи нэгъуэщIым щыгугъыу псэуакъым. Къэралыдзэм къулыкъу щищIэу къигъэзэжа иужь, абы къиухыжащ педагогическэ, юридическэ институтхэр, щIэныгъэм и лъабжьэ быдэ зыхуигъэувыжащ. 2001 гъэм Назир трагъэхьащ УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и дэIэпыкъуэгъуу. Хъупсырокъуэр къэралым и действительнэ чэнджэщакIуэ е 2-нэ классыр, юстицэм и къэрал чэнджэщэгъу классыр зиIэт...

Къэрэшей-Черкес Республикэм къыщымынэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Адыгэ Республикэми щрагъэщIыхьа IуэхущIапIэ куэдым Назир и гуащIэшхуэ хилъхьащ. Ауэ жаIэкъым: «ЦIыхушхуэр—зи инагъыр адрейхэм ебэкIракъым, атIэ зи гур инращ» жэуэ. Хъупсырокъуэ Назир гушхуэ, гу хьэлэл зыкIуэцIылъ адыгэлI щыпкъэу дунейм тетащ.

Нобэ Хъупсырокъуэхэ Хъызыррэ Назиррэ къытхэмытыжми, абыхэм я фэеплъ гуапэр цIыхум я гум къинащ.

Назир и къуэ Мурати и адэмрэ и адэшхуэмрэ я пщIэр ихъумэу, псэхьэлэлу мэлажьэ. Ар 1978 гъэм Карачаевск къалэм къыщыхъуащ. 2000 гъэм Москва къалэм дэт къэрал юридическэ Академиер къиухащ. 2008 гъэм къыщыщIэдзауэ 2011 гъэм нэс УФ-м и Президентым и деж Адыгэ Республикэм и полномочнэ лIыкIуэу щыIащ, республикэм и премьер-министрым и къуэдзэу лэжьащ. 2012 гъэм и февраль мазэм къыщыщIэдзауэ УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым Адыгэ Республикэм къыбгъэдэкIыу хэтщ.

**КХЪУЭХЪУ Людмилэ**

# ЩIэныгъэм и щыгум иувахэр

## Бэвыжхэ Мухьэмэдрэ Iэминрэ





МУХЬЭМЭДРЭ IЭМИНРЭ Жьакуэ къуажэм къыщалъхуащ, Дунейпсо цIэрыIуагъ къэзылъэща щIэныгъэлIхэщ. Жьакуэ къуажэм Совет властыр щызэфIэува нэужь, къуажэдэсхэм щIэныгъэ яхэзыхьа Бэвыжхэ я лъэпкъым къыхэкIащ.

Я адэшхуэ МутIалиби, я адэ Даняли щIэныгъэфI ябгъэдэлъащ. Данял Черкесск дэта «Молот» заводым и гъащIэр епхауэ лэжьащ. Конструктор IэпщIэлъапщIэм къилъэщыфауэ щытащ «Инициатор технического прогресса» цIэ лъапIэр, къигупсысахэр зэрыт тхылъ пщIы бжыгъэ къыхуагъэфэщащ.

Адэшхуэмрэ адэ-анэмрэ къыхалъхьа акъыл жаныр, щIэныгъэр, цIыхугъэр Мухьэмэдрэ Iэминрэ икъукIэ зыщIашащ. ЩIэныгъэм и Олимпым дэкIуеифа зэкъуэшитIыр Урысейми, Дуней псом щыIэ къэрал куэдми фIыуэ къыщацIыху.

Мухьэмэд физико-есэп щIэныгъэхэм я докторщ, нанотехнологиехэмкIэ, электроннэ техникэмкIэ материалхэм я технологиехэм я кафедрэм и профессорщ, нанотехнологиехэмкIэ Ищхъэрэ-Кавказ къэрал университетым и купсэм и унафэщI IэнатIэм пэрытащ, щIэныгъэмрэ техникэмрэкIэ УФ-м и Къэрал нагъыщэм и Лауреатщ. 1997 гъэм Сорос и тыгъэр къыхуагъэфэщащ, ЩIэныгъэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академикщ, «Фонд эффективного образования» ЩIыхь бгъэхэIур къыхуагъэфэщащ. Ядернэ физикэм и купсэхэу Москва, Дубнэ, Протвино, Серпухов къалэхэм щылэжьащ.

1976-1981 гъэхэм ядернэ къэхутэныгъэхэмкIэ Зэгухьэныгъэ институтым, Дубнэ къалэм щыIэм и аспирантщ. 1982 гъэм ар «Физика атомного ядра и элементарных частиц» IэщIагъэр иIэу къеух. ИригъэкIуэкI ядернэ къэхутэныгъэхэр къыхалъытэкIэрэ, институтым къыбгъэдэкI тыгъэхэр къыхуагъэфащэ, 1984 гъэм комсомолым и тыгъэм и лауреат мэхъу.

«Кристалл» фIэщыгъэцIэр зиIэ, советско-американскэ Дунейпсо къэхутэныгъэхэм — «поворот заряженных частиц деформированными кристаллами» IэмалыщIэр япэ дыдэ къэзыхутахэм щIэныгъэлI Бэвыжыр яхэтащ.

1981- 1983 гъэхэм монокристаллхэм деж электронхэмрэ позитронхэмрэ къапыкI нэхур къэхутэнымкIэ иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм икъукIэ хэлэжьыхьащ. Мы темэмкIэ иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуахэм Мухьэмэд и кандидат диссертацэр треухуэ, 1985 гъэм физико-есэп щIэныгъэхэм я кандидат мэхъу.

1994 гъэм Мухьэмэд "Физико-есэп щIэныгъэхэм я доктор" цIэ лъапIэри къелъэщ. 1984-1994 гъэхэм Мухьэмэд и унафэм щIэту — «практическое применение элементов кристаллооптики в физическом эксперименте и ускорительной технике» лъэныкъуэмкIэ зэпкъырыхыныгъэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIам хузэфIэкIар къыхалъытэкIэрэ, 1996 гъэм УФ-м и Къэрал Тыгъэр къыдэлэжьа гупым и гъусэу, Мухьэмэди къыхуагъэфащэ.

1994 гъэм Мухьэмэд и гуащIэдэкI лэжьыгъэм щыпищащ Къэрэшей-Черкес къэрал технологическэ академием деж. 2006 гъэм къыщыщIэдзауэ, Бэвыжыр КъЧкъТА-м и щIэныгъэрылажьэ нэхъыщхьэщ, Москва къалэм щыIэ «Радий» НПП-м и щIэныгъэлI-чэнджэщакIуэщ.

2008 гъэм Ищхъэрэ-Кавказ къэрал техническэ университетым Прикладной НанотехнологиемкIэ и НИИ-м и унафэщI ящI. «Нанотехнологии и технологии материалов электронной техники» кафедрэм и профессорщ. Илъэс токIри Мухьэмэд нанотехнологиехэмкIэ Ищхъэрэ-Кавказ къэрал технологическэ университетым и Зэгухьэныгъэ купсэм и унафэщI IэнатIэр къыхуагъэфащэ.

Мухьэмэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъи 100-м нэхърэ нэхъыбэ. Мухьэмэд иIэщ езым къигъэщIа къэхутэныгъэ, патент зыбжанэ.

Iэмин СКГТА-м инновационнэ зыужьыныгъэмрэ информацэмрэкIэ и проректорщ, щIэныгъэхэм я кандидатщ, профессорщ.

**ЩОХЪУЖЬ Люсанэ**

## Гуэгуш Мухьэмэд Зэчрей и къуэр



Гуэгуш Мухьэмэд, е и цIыхугъэ дыдэхэм зэрыжаIэу – Алий… Хьэгъундыкъуей (Али-Бэрдыкъуэ) адыгэ къуажэжьыр зи гущэу, хабзэмрэ цIыхугъэмрэ зи гущэпсу къыдэкIуэтея мы щIалэм, дауи, зы фэеплъ мы дунейм къытринэмэ, апхуэдэут зэрыщытын хуейр – фэеплъ нэхуу, дахэу.

Мухьэмэд ноби и гугъу зэращIыр дунейм емыхыжауэ, псэууэ къабгъэдэтым хуэдэущ. Мы щIалэм теухуа гукъэкIыжхэр зэхуэтхьэсыжу, дапщэ цIыхум захуэдмыгъэзами, блэкIа зэманым иту зыми и гугъу къытхуищIакъым. Ар фэрыщIыгъэ псалъэкъым, атIэ цIыхухэм я псэм фIэфIу къабгъэдэта лэжьэгъум, ныбжьэгъум, къуэшым, дэлъхум, адэм хузэрахьэ хуабагъэщ. Мухьэмэд 1997 гъэ лъандэрэ дунейм темытыжми, абы и ужь илъэс мымащIэ текIыжами, ар къэзыцIыхуу щытахэм къабгъэдэтщ и псэр, и цIыхугъэр, и сурэтыр.

Игъуэнэмысу къакIуэ ажалым цIыхур игъащIэкIи ныбжькIэ щIалэу къыхенэ гукъэкIыжхэм, гум, псэм… Мухьэмэди нобэ и цIыхугъэхэм къазэрыхэнар апхуэдэущ. АтIэ, сыт хуэдэ цIыхут ар? Областым и интернат еджапIэр къиухыу, гъащIэ гъуэгуанэшхуэм тезыунэтIа щIалэр ищхьэ щIэныгъэ зыщригъэгъуэтыну макIуэ Ставрополь дэт мэкъумэш академием экономикэмкIэ и факультетым. Абдежми зыхащIэн хущIохьэ Мухьэмэд и цIыху зэхэлъыкIэ нэгъэсар.

Академием и ректору щыта Никитин В. жиIэжауэ щытащ: «Жыджэру, сыт хуэдэ Iуэхуми жэуаплыгъэ хэлъу, пщэрылъ хуэпщIхэр пылъхьэншэу игъэзащIэу къытхэтащ Мухьэмэд…»

Академием и ужь советыдзэм къулыкъур щещIэ, къегъэзэжри, Къэрэшей-Черкес гуманитар институтым щIэныгъэрылажьэу Iутщ, Москва дэт Урысейпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и аспирантурэм щIохьэ. Диссертацэри пхыригъэкIауэ, экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат цIэр къыфIащауэ, щIэныгъэ лъагъуэр здыщIидза Ставрополь мэкъумэш академием къегъэзэжри, бухгалтер учетымкIэ кафедрэм и доценту мэлажьэ.

Мухьэмэд щIэныгъэфI зэригъэпэщат, и IэщIагъэ лъапсэхэр нэгъэсауэ щигъэбыдат академием. ПщIэ леи къыщилэжьагъыххэт и Iуэху бгъэдыхьэкIэ хабзэкIэ, и цIыху зэхэлъыкIэ-щытыкIэкIэ. Къыздыщалъхуа Къэрэшей-Черкес Республикэми къыщрагъэблэгъэжкIэ, гупсысэ зыхэтыни къылъыкъуокI. Сыту жыпIэмэ, Ставрополь деж и лъэ быдэу щигъэувагъыххэт, щIэныгъэ лъабжьэфI зэригъэпэщат. КъЧР-м къыщIрагъэблэгъэжыр а псор щIэрыщIэу къыщIидзэжу, бухгалтер учетымкIэ къудамэм зригъэузэнщIыну, лъабжьэ нэгъэса иритыну арат.

Дауэми, хэкужьым и къуэпсхэр нэхъ лъэщу къыщIокIри, къыздыщалъхуа щIыпIэм къегъэзэж, здрагъэблэгъа Къэрэшей-Черкес технологие институтым Iуохьэ икIи бухгалтер учетымрэ аудитымрэкIэ кафедрэм и лъабжьэ егъэтIылъри, езыри абы и унафэщIу ягъэувыж. 1996 гъэм профессор мэхъу. Ар щхьэкIэ, и гъащIэри гуащIэри нигъэсын хущIэмыхьэу, Мухьэмэд и гъащIэ уагъэр зэпычащ илъэс 48-м иту. Абы и цIэр фIащащ Хьэгъундыкъуей къуажэм и зы уэрамым.

**БЕМЫРЗЭ Зураб**

ЗэчийкIэ Тхьэр зыхуэупса щIэныгъэлI, журналист, адыгэ мифологием, щэнхабзэм, хабзэм ехьэлIа монографие, щIэныгъэ тхыгъэ, тхылъ бжыгъэ зи IэдакъэщIэкI, IуэрыIуатэхэр зэрыт тхылъ бжыгъэ зэхуэзыхьэсыжа, художественнэ новеллэ, пьесэхэм я автор, филологие щIэныгъэхэм я кандидат, Къэрэшей-Черкес щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и IуэрыIуатэ къудамэм и унафэщIу щыта, цIыху щыпкъэ — апхуэдэт Мыжей Исмэхьил и къуэ Михаил, иужьрей адыгэ джэгуакIуэшхуэ Мыжей Сэхьид и къуэрылъхур.

## Тхьэр зыхуэупса щIэныгъэлIт



МЫЖЕЙ МИХАИЛ 1937 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 5-м Черкесск къалэм къыщалъхуащ. Лъэпкъым и цIыху пэрыт куэд къыщIэзыгъэкIа Черкесск къалэм дэт лъэпкъ еджапIэ-интернатыр медалкIэ къиуха нэужь, Михаил 1957 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетым щеджащ. А илъэс дыдэм Къэрэшей - Черкес къэрал телерадиокомитетым адыгэбзэкIэ щIалэгъуалэ-сабий нэтынхэм я редактору лэжьэну Iуохьэ. 1966 гъэм щегъэжьауэ дунейм ехыжыху ар щылэжьащ Къэрэшей-Черкес щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым, иужьрей илъэсхэм — адыгэ IуэрыIуатэмкIэ къудамэм и унафэщIу. Лэжьэным къыпэрымыкIыу щIэныгъэлI щIалэр щIотIысхьэ Руставели Ш. и цIэр зезыхьэ куржы литературэ институтым и аспирантурэм, Куржы (Грузин) ССР-м и щIэныгъэ академием епхам. Михаил и щIэныгъэ унафэщIу щытащ куржы IуэрыIуэтэдж цIэрыIуэ, «Грузинское народное поэтическое творчество» жыхуиIэ лэжьыгъэшхуэр зи IэдакъэщIэкI нэхъыщхьэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Чиковани М. 1972 гъэм Мыжей Михаил адыгэ мифологие, дауэдапщэ усыгъэмкIэ кандидат диссертацэр пхигъэкIащ. Абы и лэжьыгъэм уасэшхуэ хуащIащ зи цIэ къитIуа институтым и еджагъэшхуэхэм я советым.

Михаил IуэрыIуатэм хуиIа лъагъуныгъэм и фIыгъэкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щылэжьэху абы зэхуихьэсыжыфащ, къыдигъэкIыжащ жанркIи формэкIи зэхуэмыдэ материал телъыджэхэр, къэхутэныгъэхэри щIыгъуу. Ахэр псом хуэмыдэу ехьэлIащ IуэрыIуатэм и нэхъ жанр пасэрейхэм щыщ мифхэм, дунейр зэрыгъэпсам, тхьэхэм, лIыхъужьхэм теухуахэм.

«Мифологическая и обрядовая поэзия адыгов» монографиер, адыгэ мифологием хэлъхьэныгъэшхуэ хуэхъуар къыдигъэкIа нэужь, Мыжей Михаил мифхэм теухуа къэхутэныгъэ лэжьыгъэр зэпигъэуакъым, икIи абы къыдэкIуэу IуэрыIуатэм и нэгъуэщI жанрхэм елэжьащ. Абы щыхьэт тохъуэ лъабжьэ быдэ зиIэу щIэныгъэлIым итха статьяхэр: «Мифологическая и обрядовая поэзия» (Адыгский фольклор. Япэ тхылъ. Мейкъуапэ, 1980, н. 37- 70); «Мировое древо в адыгской мифологии» (Тезисы докладов Всесоюзной сессии по итогам полевых работ — этнографические исследования 1980-1981 г.г., посвященные 60-летию СССР, 1982 г.); «Богоборческие мифы адыгов» (Фольклор народ Карачаево-Черкесии. Жанр и образ. Сборник научных трудов КЧНИИ, Черкесск, 1988); «Космогонические мифы адыгов» (Фольклор народов Карачаево-Черкесии. Традиционные жанры и сказительское мастерство. Черкесск, 1991); «Представление о мире в адыгском героичесском эпосе «Нартхэр» (Нартский эпос и кавказское языкознание, Майкоп, 1994). Мы лэжьыгъэхэм щызэщIэкъуащ, псалъэм папщIэ, пасэрей адыгэ космогоние еплъыкIэхэр, мифхэм я лъабжьэу щытхэр. А псом нэужь гурыIуэгъуэщ Мыжей Михаил мифолог Iэзэу зэрыщытар, икIи ар «Мифы народов мира» жыхуиIэ, томитIу зэхэт энциклопедиер къыдэгъэкIыным елэжь авторхэм я гупым щIыхагъыхьар. А къэхутэныгъэшхуэхэр Москва деж щэ къыдагъэкIыжащ. 1990 гъэм литературэм, гъуазджэм, архитектурэм епха СССР-м и къэрал саугъэтыр къыхуагъэфэщащ. А илъэс дыдэм Москва, «Советская энциклопедия» тхылъ тедзапIэм къыдигъэкIа «Мифологический словарь» псалъалъэр зыгъэхьэзырахэм Михаил яхэтащ.

IуэрыIуатэу Мыжей Михаил зэхуихьэсыжу къыдигъэкIахэм ящыщу зы закъуэм и цIэ къитIуапхъэщ — «Адыгэ хъыбархэр» (Черкесск, 1986), пэублэ псалъэ гъэщIэгъуэн зыхуищIам. Мы сборникым хыхьащ пасэрей адыгэ новеллэу 100-м щIигъу, апхуэдизыр зэуэ япэ дыдэу къыдэкIащ. Мы хъыбархэр ди лъэпкъым и художественнэ тхыдэщ, адыгэ IуэрыIуатэм и нэхъ узыIэпызышэ Iыхьэщ, тхыдэм и гъуджэщ, абы къыхэкIыу щIэблэщIэм зегъэужьынымкIэ уасэ зимыIэщ.

Мыжей Михаил и гъащIэр журналист лэжьыгъэмкIэ къыщIидзауэ щытащ, икIи а IэщIагъэр IэщIыб ищIакъым. Ар радиокIэ куэдрэ къэпсалъэт, газетхэм щIэныгъэ, жылагъуэ-политикэ, нэгъуэщI Iуэхухэм теухуа тхыгъэхэр къыщытригъадзэт. ПублицистикэкIэ къызэщIеубыдэ IуэрыIуатэлъыхъуэ экспедицэхэм кърикIуахэм зи гугъу щищI тхыгъэхэр, литературэ-критик статьяхэр, рецензиехэр…

1992 гъэм Михаил дунейм ехыжащ. ЩIэныгъэлIым и фэеплъыр къэнащ, абы къригъэжьа Iуэхухэр зыгъэкIуэтэфыни къыщIэнащ: ипхъу нэхъыжь Пащты Мадинэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетыр къиухауэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щолажьэ, и адэр фIыуэ къэзыцIыхуу щыта ди щIэныгъэлI пашэхэу Къардэнгъущ Зырамыку, Нало Заур, Гъут Iэдэм сымэ я гъэсэнщ.

Мыжей Михаил и цIэр фIыуэ къыщацIыху Ищхъэрэ Кавказым, Куржым (Грузием), Москва я щIэныгъэлI гупхэм. Мыжей Михаил цIыху щыпкъэу, псэ къабзагъэмрэ адыгагъэмрэ и щапхъэ нэсу щытащ. Абы иригушхуэнущ ди лъэпкъым и щIэблэ къэтэджынухэр.

**БРАТ Хьэсин, филологие щIэныгъэхэм я кандидат**

## Дохутыр гумызагъэ, цIыху псэ къабзэ

**Къигъэщ1а гъащIэм щыщу илъэс 45-рэ медицинэ щIэныгъэм, цIыхухэм я узыншагъэр хъумэным хуэзыгъэтIылъа, ноби илъэс щэ ныкъуэкIэ узэIэбэкIыжмэ къыхихауэ щыта IэщIагъэм хуэпэжу бгъэдэт, Хьэбэз къуажэм къыщалъхуа, адыгэр зэрыгушхуэ еджагъэшхуэ Даур Борис Индрис и къуэм и IэпщIэлъапщIагъыр, гумызагъагъыр, щыпкъагъыр зыхэзымыщIа, а лIым ирихьэлIауэ, ди республикэм дэнэ къэна, Урысейми щыпсэууэ къыщIэкIынкъым…**



Профессор, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, зыхуеджа, зыхуэлажьэ IэщIагъэм къызэрымыкIуэу хэзыщIыкI Даур Борис езыр къыздэхъуа Хьэбэз къуажэ закъуэракъым иригушхуэр. Абы ироин Борис ирихьэлIа, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къыхэкIа дэтхэнэри.

Зи щIэныгъэкIэ, IэпщIэлъапщIагъкIэ, цIыхугъэкIэ, гудзакъэрэ, щыпкъагъэу бгъэдэлъымкIэ лъэпкъым и пащхьэ пщIэ лъагэ къэзылъэщыфа цIыхущ дохутыр цIэрыIуэр.

ЦIыхухэм я узыншагъэр хъумэным илъэс 45 – рэ иритащ Даур Борис. Абы щыщу илъэс 37-рэ хъуащи, и дохутыр лэжьыгъэм дехь и щIэныгъэ-егъэджэныгъэ Iуэхухэри.

Борис дежкIэ нэхъыщхьэр цIыху мин бжыгъэм я гъащIэр ажалым къызэрыIэщIихыфыр, дяпэкIи къэралым и медицинэ щIэныгъэр ипэкIэ зыгъэкIуэтэну щIалэгъуалэ акъылыфIэ зэригъасэр, ахэр я IэщIагъэкIэ дуней псом цIэрыIуэ зэрыщыхъур, дохутырым и Iуэху зэхэщIыкIыр къыздигъэлъагъуэу къигъэщI щIэныгъэ лэжьыгъэ щэ бжыгъэращ.

ЩIыхь лъагэ къыздилъэща и гуащIэдэкI гъуэгуанэр дохутыр IэщIагъэрылажьэ ныбжьыщIэм къыщыщIидзащ, ищхьэ щIэныгъэр зригъэгъуэта нэужь, къыздаунэтIауэ щыта Те-бэрды жылагъуэм деж. ИлъэситI токIри, Борис къегъэзэж къыздалъхуа Хьэбэз районым. Япэ щIыкIи мы районым ит медицинэ IуэхущIапIэм и къудамэм и унафэщIу, иужькIэ районым и дохутыр нэхъыщхьэу.

IэщIагъэрылажьэ ныбжьыщIэр жыджэру пэроувэ медицинэ IуэхущIапIэм и лэжьэкIэр, лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэр егъэфIэкIуэным, икIи а IуэхумкIэ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрегъэхьэ…

ЩIэныгъэм хуэпабгъэкIэ дохутырым и еджэныгъэр пищэну мурад ещIри, щIохьэж иджы РМАПО-кIэ зэджэ, ипэкIэ дохутырхэм я IэщIагъэр хэгъэхъуэнымкIэ Купсэ институтым и аспирантурэм. Доцент, иужьым фтизиопульмонологиекIэ кафедрэм и профессор Даурым илъэс куэдкIэ ирегъэфIакIуэ и щIэныгъэ-практическэ, педагогическэ лэжьыгъэхэр.

Даур Борис ди къэралым деж фтизиатриемрэ пульмонологиемрэкIэ IэщIагъэрылажьэ пашэщ. Дохутыр Даурым и Iэдакъэ къыщIэкIащ методическэ, щIэныгъэ лэжьыгъи 120-м нэхърэ нэхъыбэ, монографиеу 3.

Зи IэщIагъэм фIыщэу хэзыщIыкI ди лъэпкъэгъу дохутырыр къыщацIыху, пщIэшхуэ къыщыхуащI, и IэпщIэлъапщIагъыр ялъытэ ди къэралым и хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм, уеблэмэ хамэ къэралхэм дежи, къуэкIыпIэ, къухьэпIэ жыжьэхэм. Абы и щапхъэщ, Борис бгъэдэлъ Iуэху зэхэщIыкIымкIэ ядэгуашэкIэрэ профессорым Калининград къыщегъэжьауэ Элиста щыщIэкIыжу иригъэкIуэкI егъэджэныгъэ зэIущIэхэр.

Илъэс куэдкIэ Даур Борис и унафэщIу щытащ ЦКБ-м и МПС-м и диагностикэ къудамэ хьэлъэм. Ноби мы сымаджэщым и чэнджэщэгъу пашэщ.

Къапщтэмэ, Борис и гъащIэр, и къарур, бгъэдэлъ щIэныгъэр зэуэ зыхуиунэтIыр тхьэлъанэ зыхуита IэщIагъэращ.

Пэжыр жыпIэнумэ, зы дакъикъэкIэ Iуэхуншэ хъукъым. Борис и унагъуэм къекIуалIэ цIыхухэр щIеплъыкI, зэрызэIэзэн хуей хущхъуэхэр, Iэмалхэр яхуеубзыху. ПхужыIэнкъым дохутырым цIыхуу къекIуалIэр, дэIэпыкъуныгъэ щIэлъэIуу къыхуэкIуэр зыхуэдизыр. Дэтхэнэми Борис яхуэгуапэщ, псалъэ щабэкIэ, гу IэфIкIэ япыкъуокI. «Тхьэшхуэр дохутырыну къыхуэупсат» зыхужаIэщ Даур Борис.

ЖыIэпхъэщ, и гъащIэр зрита дохутыр IэщIагъэм, медицинэ щIэныгъэм къинэмыщIауэ, Даур Борис икIи лъэпкъ Iуэхум жыджэру зэрыхэтыр, Iуэхугъуэ куэд зэрилэжьыр, Москва къалэм лъэпкъ щэнхабзэ купсэ къызэзыгъэпэщахэм зэращыщыр. Абы егъэщыпкъэ Борис къызыхэкIа лъэпкъым фIылъагъуныгъэ ин зэрыхуиIэр.

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ.**

**Иужьрей щIэблэр хэт ищIэрэ, ауэ ипэкIэ итахэм яхэгъуэтэгъуей хъунущ Али-Бэрдыкъуэ къуажэм щыпсэуа, зи гъащIэ псор егъэджэныгъэм щхьэузыхь хуэзыщIа Темырдащ (ЛIымахухэ япхъу) Хужь Iэюб и пхъур зымыцIыху. Къуажэдэс бзылъхугъэм, зи гъащIэ псор къуажэм щезыхьэкIам IэщIагъэ къулеягъэрэ зэхэщIыкIыныгъэу хэлъар нокIуэкIэ цIыхум хузэфIэмыкIынщ.**

## Егъэджэныгъэр и насып гъуэгут



Классибл еджапIэр, Черкесск къалэм дэт педагогическэ училищэр къиухыу, Хужь егъэджакIуэу лэжьэну щIэлъэIуу еджапIэм щыкIуам, чэнджэщ къытрахьащ абы и зэфIэкIхэм. Уеблэмэ: «Сабийм сабий иригъэджэфыну?!» жаIауэ щытащ. Апхуэдэу щыхъум, районо Iуэху ящIри, абы и унафэкIэ пщащэр лэжьапIэ Али-Бэрдыкъуэ еджапIэм Iуагъыхьащ. Абы щегъэжьауэ, 1971 гъэм нэгъунэ егъэджакIуэу зы къуажэм, зы еджапIэм зэрыщылэжьам теухуа зы тхыгъэ закъуэщ Хужь и гуащIэдэкI тхылъым итыр. Абы я зэхуаку Хужь щIэблэ мащIэкъым иригъэджар. Дэтхэнэми ар нобэ игу къызэригъэкIыжыр еджапIэм и япэ лъэбакъуэр щыщIичам Хужь къызэрыпежьаращ, япэ дыдэу къыбгъэдилъхьа щIэныгъэщ, абы хэлъа щабагъэмрэ егъэджакIуэ нэхъусауэ зэрыщытамрэщ.

ГуащIэдэкI илъэсхэм къриубыдэу Хужь къэрал нагъыщэрэ щIыхьу мащIэкъым къилъэщар. А псоми я къэпщытэжыныгъэщ «РСФСР-м лъэпкъ егъэджэныгъэм и отличник», «РСФСР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» щIыхьыцIэхэр. КъинэмыщIауэ, иужьрейуэ Хужь къыхуагъэфэща къэрал дамыгъэми хуабжьу иригушхуэу псэуащ. Ар — езыр быныбэ зэрыхъуам, дэтхэнэ и бынри жылагъуэм хуэфэщэн цIыхуу зэригъэсэфам и цIэкIэ 2013 гъэм къыхуагъэфэща «Анэ щIыхь» дамыгъэращ.

Хужь егъэджакIуэу лэжьэхункIэ, жылагъуэ, бэдаущ гъащIэми жыджэру хэтащ. Къуажэ советым, райсоветым, облсоветым я депутату хахащ. Апхуэдэ дзыхьыр къезыгъэза цIыхубэм езыри икъуаррэ жэуаплыгъэрэкIэ хуэлэжьащ. Мылэжьэжу щытIысыжами, псэхугъуэ иIакъым мы бзылъхугъэм. Къуажэм, еджапIэм сыт хуэдэ Iуэху щекIуэкIми щыгъуэзащ, зэхыхьэхэм, зэIущIэхэм ирагъэблагъэт, зы еджэгъуэ илъэсыщIэ щIидзэжакъым Хужь къыщымыпсалъэу, еджакIуэхэм гъуэгу махуэкIэ емыхъуэхъуу.

Темырдащ Хужь теухуауэ етшэжьа псалъэм къыдэкIуэу, Iэмал имыIэу езыри ди нэгум къыщIоувэж, дедгъэкIуэкIауэ щыта иужьрей псалъэмакъри дигу къокIыж. 2013 гъэм Хужь и унагъуэм деж дыщыIущIауэ щытащ. ЩIэблэ куэдым яхуэдэу, сэри Хужь сригъэджауэ щытащ, благъагъэ-Iыхьлыгъэк1и дызэхыхьэти, нэ лейкIэ сеплъу жыхуаIэм хуэдэу, пщIэшхуэ хуэсщIу къекIуэкIащ. Иджыри, мис, зэрысцIыхуу щытам хуэдэщи, и ныбжьым емылъытауэ акъыл жанщ, и гушыIэри гъэхуащи, псалъэмакъым екIупсу хеухуанэ, щабэу мэпсалъэ. И нэ щхъуантIэ дахэхэр-щэ?! Абыхэм гуапагъэрэ щабагъэу къыщIихыр зыуи яхъуэжыфакъым къигъэщIа илъэсхэм. ЦIыху Iущым убгъэдэс пэтми зэдыжыпIэн богъуэт. Хужьи апхуэдэти, и егъэджакIуэ гуащIэдэкI гъуэгур щришэжьам щегъэжьауэ зыхэс унагъуэ дыщэм, къилъхуа и бын дыдэм хуэдэу зыхуэфI-къыхуэфI и нысэхэм щыщIэкIыжу, дызытемыпсэлъыхьа щыIэкъым.

Псоми яхуэарэзыуэ дунейм тетащ Хужь. Ар цIыху гъэсам, хьэрэмыгъэншэм и хьэл-щэн дахэщ. АтIэ, Хужь псэуащ сыт щыгъуи цIыхухэр къепщIэкIауэ. Абы и дежкIэ сабийри балигъри зэхуэдэу цIыхушхуэт. Езыр уэрам техьамэ, апхуэдэ къабзэти, сэламымрэ къыщIэупщIэмрэ гъунэжт. ЦIыхум яхэту еса бзылъхугъэмкIэ ар гушхуэныгъэт, шэч хэлъкъым. Абыхэми, жьыщхьэ махуэ зыдэхъуа и быным и IэфIагъми, и гумрэ и псэмрэ зэпэджэжрэ цIыху угъурлыуэ дунейм зэрытетарагъэнщ, Тхьэм ирещIи, Хужь къигъэщIа ныбжьыфIым и щэхур зыхуэкIуэжыр, гъащIэм къытрилъхьа гуауэхэм, хэщIыныгъэхэм пэзыгъэлъэщар. Абы епхауэ иджыри зэ дигу къокIыж жиIауэ щытар:

— Сыкъыщыхъуари, сыщапIари, сыщылэжьари, си унагъуэри, си жьэгури Хьэгъундыкъуейщ. Аращ си насыпыр, нэгъуэщI фIыгъуэ зэгуэрми сехъуэпсакъым икIи сыхущIэкъуакъым. ЕгъэджакIуэу сабийхэм сахэтыным нэгъуэщI насып щыIэу зэгуэрми къэслъытакъым.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ**

*Лъэпкъым и жылэр, и купкъыр абыхэм щыхъумэн щхьэкIэщ ИстамбылакIуэ гъуэгужьым адыгэхэр теувэн хуей щIэхъуар. Жыхьэнмэ гъуэгум нэхърэ зыкIи нэхъыфIтэкъым ар ди лъэпкъым и дежкIэ, сыту жыпIэмэ адыгэ куэд, куэдыщэ хы ФIыцIэжьым бдзэжьей Iус щыхъуащ, минищэ бжыгъэм я кхъащхьэхэр дунейм тригуэшащ. «Бийм хуэмыгъуэн, дэ тхуэмахуэн» жыхуиIэм хуэдэу мыхъуами, псэуну, зиужьыну, хэхъуэну пабгъэ адыгэ лъэпкъыр абы икIуэдыкIыпакъым… Шыкурыр Тхьэм ейщи, «Уадыгэ?» - «Сыадыгэщ!» жэуэ зэупщIыжынрэ жэуап зэзытыжынрэ диIэу дыкъелащ, дигу дгъэкIуэд мыхъунуи дыкъызэщIэроуэж. Апхуэдэ акъыл къытлъыкъуэкIрэ, нэгъуэщIхэми дыкъыдахыжын дыщымыгугъыу, дэтхэнэ адыгэри абы дыхущIэкъуу дыпсэумэ, шэч хэлъкъым, лъэпкъ зэщIэукIа дызэрыхъужынум. Ар къыддиIыгъынкIэ Тхьэм делъэIуу жыдоIэ: уи гъуэгу дахэ ухъу, ди лъэпкъ дыщэ! Лъэпкъпсо нэщIэбжьэу къытщыщIынур абы ирикIуауэ Тхьэм жиIэ!*

**IУТIЫЖ Борис, 2005 гъэ, накъыгъэ мазэ**

*Адыгэ жылагъуэ Iуэхузехьэ, «Хэкужь» хэгъуэгу псапащIэ фондым и унафэщI, КъЧР-м щыIэ «Адыгэ Хасэ – Черкесский Парламент» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым хэт, «Адыгэ Жьэгу» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым зи къару хэзылъхьэ, СССР-м и Iэхуитлъэхуит бэнэкIэмкIэ спортым и мастер, лъэпкъ категориекIэ хеящIэ Адэмокъуэ Алберт теухуащ мы тхыгъэр.*

КъЧР

# Нэхъыжь гукъабзэ



Алберт Къэрэшей-Черкесым, Ищхъэрэ Кавказым и жылагъуэ-политикэ гъащIэм жыджэру хэтщ. Абы и фIыщIэ куэд хэлъщ КъЧР-м и Адыгэ Хасэр, «Хэкужь» псапащIэ фондыр, ДАХ-р къызэгъэпэща зэрыхъуам. Абы адыгэ лъэпкъым теухуауэ иIэ гупсысэхэр фIыуэ зыщIэ и Iуэхугъуэхэм Алберт къыхуагъэфащэ адыгэ Iуэхур ипэкIэ зыгъэкIуэтэн пщэрылъ, IэнатIэ зэхуэмыдэхэр...

Адэмокъуэ Ибрэхьим и къуэ Алберт Хьэбэз районым хыхьэ Жьакуэ къуажэм къыщыхъуащ. Алберт и анэшыр Мамхэгъхэщ.

Сыт щыгъуи зызыужьыну, ефIэкIуэну пылъ ныбжьыщIэр 1967 гъэм Мэзкуу (Москва) къалэм дэт, Темирязев К. и цIэр зезыхьэ мэкъумэш хъызмэт Академием (экономикэ кибернетикэм и факультет, IэщIагъэр экономист-математик) щIэтIысхьащ. ИкIи ар къиухуа нэужь, 1973 гъэм щыщIэдзауэ и IэщIагъэм ирилэжьэн щIидзащ.

Алберт сыт щыгъуи игури и псэри адыгэ Iуэхум етауэ щытащ, икIи ар, езым зэрыжиIэмкIэ, и адэ-анэм я фIыщIэщ. Абы къыхэкIыу, 1992 гъэм щыщIэдзауэ Алберт Адыгэ Хасэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм быдэу пыщIа мэхъу.

Адэмокъуэ Алберт фIыуэ къэзыцIыхухэм ящIэ абы адыгэ Iуэхум хуиIэ бгъэдыхьэкIэр, адыгэ лъэпкъым хуиIэ фIылъагъуныгъэр. Алберт псэкъабзэу, и гур зэIухауэ пэрыт хабзэщ лъэпкъым хуэщхьэпэн сыт хуэдэ Iуэхуми. Арами, езы Алберт «Адыгэ сыхъужыну сыхуейщ» жиIэ зэпытщ. Абы къызэрилъытэмкIэ, адыгэ нэс дыхъужын хуейщ, адыгагъэм дытету лъэпкъыр дыпсэууэ зедгъэсэжыныр ди къалэн нэхъыщхьэщ. Апхуэдэ гупсысэм ар хуэкIуа нэужьщ, нэхъ тегъэчынауэ адыгэ Iуэхуми зыщритар.

— Тхьэм гъэунэхупIэ дригъэуваuэ, дэ апхуэдэу хуэмыхуу сыт дыкъыщIыщIэкIар?! Тхьэм дыкъыбгъэдэкIащ... ФIэщхъуныгъэр тIэщIэкIащ. Ди зэхэтыкIэр мыадыгэ зэхэтыкIэ хъуащ. СэркIэ адыгагъэр ар фIэщхъуныгъэщ. Хабзэншэу допсэури аращ ди Iуэхухэр иджыкIэ мыпхуэдэу щIыщытыр, – и гур мы Iуэхум зэрыхуэпабгъэр гу лъыптэу жеIэ Адэмокъуэм.

НэхъыжьыфIым и къэухьыр лъагэщ, и гупсысэхэр хуабжьу гъэщIэгъуэнщ.

— ЯпэкIэ псэуахэм илъэси 150-кIэ бийм щIыпэщIэтыфар (Адэмокъуэ Алберт Кавказ зауэр 1711 гъэм щIидзауэ къелъытэ – Гъу. И.) я дуней тетыкIэращ, я фIэщхъуныгъэращ. Унагъуэм, цIыхубзым хуащIу щыта пщIэращ. Адыгэ хъужыгъуафIэ? ХъужыгъуафIэщ, хабзэр зыхэтлъхьэжмэ, – жеIэ Алберт.

Адэмокъуэ Алберт и дуней еплъыкIэр купщIэ ин зыхэлъ псалъищым пхуигъэхуэнущ – **Хабзэ, Бзэ, Хэку.**

Лъэпкъыпсэ нэхъыжьым и хъуэпсапIэхэри нэхущ, дахэщ.

— Псалъэм папщIэ, илъэсищэ дэкIмэ, си фIэщ мэхъу ди Хэкур, ди адыгэ Хэкур зэрыдгъуэтыжынур. Ди хабзэмкIэ дыпсэужу, дызэгурыIуэу, ди яку гуапагъэрэ пщIэрэ дэлъу. Щауэхэмрэ пщащэхэмрэ я зэхуаку фIылъагъуныгъэ дэлъу...

ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ

# Лъэпкъ Iуэхум хуэжыджэр

КъЧР

**ЩIалэгъуалэ, лъэпкъ Iуэхухэм тегузэвыхь, хэлъхьэныгъэ мымащIэ зыщIыхэм ящыщщ «ЩIалэгъуалэ Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэщIэхъееныгъэр. Ар 2006 гъэм щыщIэдзауэ Къэрэшей-Черкесым щыщыIэщ. Къыхэгъэщыпхъэщ, адыгэр здыщыпсэу нэгъуэщI хэгъуэгухэм мыпхуэдэ щIалэгъуалэ зэщIэхъееныгъэ зэрыщымыIэр.**

«ЩIалэгъуалэ Адыгэ Хасэм» и унафэщI, гукъэкIрэ, лъэпкъым папщIэ гудзакъэрэ зыхэлъ Жу Тимур къызэрыхигъэщымкIэ, зэщIэхъееныгъэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ лъэпкъым и псэр, и пкъыр хъумэныр. Тимур къызэрилъытэмкIэ, ар лъэпкъым къехъулIа хъунущ и щэнхабзэр, хабзэр тхъумэкIэрэ.

— Нэхъыщхьэр дэркIэ лъэпкъым и щытыкIэм, и къэкIуэнум игъэпIейтей щIалэгъуалэр нобэ зэрыдгъэубыдыфауэ зэрыщытращ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт адыгэм къыдэгъуэгурыкIуэ Джэгур ди нобэм къызэрыхэтхьэжауэ зэрыщытри. КъЧР-м щыпсэу адыгэхэм къинэмыщIауэ, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу ди къуэшхэм, ди шыпхъухэм нэхъ япыщIа дыхъужащ абы и фIыщIэкIэ. Нобэ КъЧР-м щедгъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм къедгъэблагъэ зэпытщ ди лъэпкъэгъухэр, езыхэми я деж драгъэблагъэурэ сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэми мызэ-мытIэу дыхэтащ. Лъэпкъ зэпыщIэныгъэр ди къалэн нэхъыщхьэщ, ар къыдэхъулIэу къыдолъытэ, – къыддэгуэшащ и гупсысэхэмкIэ Жу Тимур.

Къыхэгъэщыпхъэщ, «ЩIалэгъуалэ Адыгэ Хасэм» и жэрдэмкIэ, щIалэгъуалэр Iуащхьэмахуэ зыбжанэрэ дэкIауэ зэрыщытар. Апхуэдэ дэкIыгъуэхэр ирагъэкIуэкIащ ди лъэпкъым къыхэкIа цIыху цIэрыIуэхэм я фэеплъу. Апхуэдэщ Дер Станислав, Хъупсырокъуэ Назир сымэ траухуар.



Къинэмыщ Iауэ, зэщIэхъееныгъэм экспедицэ зэхуэмыдэхэр къызэригъэпэщащ Кавказ зауэм щыгъуэ ягъэкIуэдауэ щыта адыгэ къуажэхэр здыщыса щIыпIэхэр зэгъэлъагъуэнымкIэ. Апхуэдэ экспедицэхэм щIалэгъуалэм и лъэпкъ тхыдэр нэхъ кууэ, нэхъ нэрылъагъуу зыхырегъащIэ, нэхъ гукъини мэхъу.

Жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу къалъытапхъэщ, абы и жэрдэмкIэ Адыгэ ныпым и Махуэр ди лъэпкъыр здэщыпсэу сыт хуэдэ щIыпIэми зэрыщагъэлъапIэр.

— НобэкIэ ди къэралу щыта Черкесиер диIэжкъым. Ауэ ар зэрыщыIам и нагъыщэу Адыгэ ныпыр къытхуэнащ. Ныпым и жьауэм щIэту Кавказ зауэм щыгъуэ ди адэжьхэм я псэр ятащ хуитыныгъэм папщIэ, абхъаз зауэр къыщыхъуами, ди щIалэхэм ныпыр Iэтауэ лIыгъэ зэрахьащ, а псоми къыхэкIыу гупсысэм дыхуэкIуауэ щытащ: зэбгырыдзауэ дунейм тет ди лъэпкъыр зэрызыгъэубыд нагъыщэм – Адыгэ ныпым – махуэ хэха иIэн зэрыхуейр. Ныпым мыхьэнэшхуэ иIэщ лъэпкъ гупсысэмкIэ, лъэпкъым лъэпкъыу зилъытэжынымкIэ. Ди гупсысэр Дунейпсо Адыгэ Хасэм и пащхьэ итхьауэ щытащ. Жэрдэмыр къыддащтэри, нобэ Адыгэ ныпым и Махуэр псоми догъэлъапIэ, – жеIэ зэщIэхъееныгъэм и унафэщIым.

Къыхэгъэщыпхъэщ, адыгэм къыдэгъуэгурыкIуэу щыта махуэщI зэхуэмыдэхэр зэщIэхъееныгъэм зэригъэлъапIэр, псапащIэ Iуэхугъуэхэр, концертхэр къызэригъэпэщ зэпыту зэрыщытыр. А псори теухуащ лъэпкъ гупсысэр мыкIуэдыным, щIалэгъуалэр зэрыцIыхуным.

Къинэмыщ Iауэ, «ЩIалэгъуалэ Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и унафэщI Жу Тимур и жэрдэмкIэ, «Circassia TV» интернет-телевиденэр яухуащ. Абы и IэмалкIэ, дэнэ щыпсэу адыгэри щыгъуазэ щохъу Хэкум щыпсэу цIыху зэчиифIэхэм, къэхъукъащIэхэм.

Къыхэгъэщыпхъэщ Тимур спорт Iуэхухэми жыджэру зэрыхэтыр. Ар Iэзагъ хэлъу холэжьыхь «Clan-Warriors» профессиональнэ зэуакIуэ ММА клубым зиужьыным, абы адыгэ щIалэгъуалэр нэхъыбэу хэшэным. Жу Тимур мы спорт гъэсапIэм и гъэсакIуэщ.

ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ

## Адыгэхэм къытхужаIахэр

*"... Я щхьэ хуитщ ахэр ноби, я лъэпкъ унафэхэмрэ я хабзэхэмрэ иропсэу. Я тхыдэр жыжьэ къызэрежьэм и закъуэкъым ахэр адрей лъэпкъхэм къызэрыхэщыр. Ахэр ирогушхуэ ижь-ижьыж лъандэрэ зэрылъэпкъ щхьэхуитым, зым и IэмыщIи зрамыгъэубыдэн зэрахузэфIэкIам — абы щыхьэт тохъуэ черкесхэм я лъэпкъ тхыдэр. Я щIыналъэм апхуэдизкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, езыхэр апхуэдизкIэ лъэпкъ лъэщщи, ижь-ижьыж лъандэрэ цIэрыIуэ хъуауэ къогъуэгурыкIуэ. Абыхэм я хъыбар къызэранэкIащ Геродот, Флакк Верий, Мелэ Помпоний, Страбон, Плутарх, нэгъуэщI пасэрей тхакIуэ куэдми. Абыхэм я хуитыныгъэр яхъумэурэ, илъэс 2300-м щIигъуауэ ахэр пэщIэтащ я псэм къеща зауэ хъыжьэ Iэджэм"...*

**ГЛИСОН и журнал.**
**(Лондон, 1854 гъэ, щIышылэ мазэ)**

КъЧР

# Театр утыкум – лъапэ махуэкIэ

**ЩЭНХАБЗЭМ къегъэлъагъуэ сыт хуэдэ лъэпкъри здынэса лъагапIэр. Адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэ купщIафIэм ижь-ижьыж лъандэрэ хамэхэри дихьэхыу къекIуэкIащ. Адыгэ театрри ди щэнхабзэм щыщ хъуа Iыхьэщ. Театрым щызэхуэхьэсащ лъэпкъым пIалъэ кIыхькIэ къигъэщIа гъуазджэ лIэужыгъуэхэр, гъэсэныгъэр, гупсысэкIэр, дуней еплъыкIэр.**

Уи гур хуэмыгуфIэну Iэмал иIэкъым иужьрей зэманым ди Республикэм щыIэ, Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ адыгэ театрыр къызэрыщIэрэщIэжым. ИкIи, адыгэ театрым псэщIэ хэзылъхьэж лъэпкъ щIалэгъуалэм ящыщщ Али-Бэрдыкъуэ (Хьэгъундыкъуей) къуажэм щэнхабзэмкIэ и Унэм и унафэщI, актёр IэщIагъэм хуеджа Унэгъэс Зэмрэт Хъызыр и къуэр.

Зэмрэт къиухащ Налшык къалэм дэт гъуазджэхэмкIэ Ищхъэрэ Кавказ къэрал институтыр. Ар щеджащ институтым и театр къудамэм хуеджащ «актёрское мастерство» IэщIагъэм. ЩIалэм къызэрыджиIэмкIэ, абы IэщIагъэ хуэхъунур зэрымыщIэкIэ къехъулIащ.

— Пэжыр жысIэнщи, курыт еджапIэр къэзуха нэужь, хореограф сыхъуну сыщIэхъуэпст. ИкIи, си хъуапсапIэр къызэхъулIэн папщIэ. Налшык къалэм дэт институтым сыщIэтIысхьэн гугъи сщIат. Ауэ гъащIэм уздиунэтIыныр езым елъагъуж... Черкесск къалэм дэт драмэ театрым и адыгэ къудамэм и режиссёр Абдокъуэ Маталио си дэфтэрхэр театр къудамэм едмыту идакъым. Апхуэдэу, театр гъащIэр лъагъуэ схуэхъуащ, — жеIэ Зэмрэт.

Институтыр Унэгъэсым 2004 гъэм къиуха пэтми, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу, адыгэ (черкес) театрым лэжьэн щыщIидзар 2016 гъэм и мазае (февраль) мазэращ. Мазэ бжыгъэ пIалъэм къриубыдэу, Зэмрэт лъапэ махуэу хэбэкъуэфащ театр гъащIэм. Ар щыджэгуащ «Громовый гул» спектаклым щыщу ягъэува Iыхьэм (Лохвицкий М.), «Гу псысэ» (IутIыж Б.) спектаклым.

ЕмкIуж Андзор игъэува «Гу псысэ» спектаклым Зэмрэт зэуэ роль нэхъыщхьэр къыхуагъэфэщащ. ЩIалэм «гум» и образыр утыкум кърихьащ.

— ЦIыхум, хьэкIэкхъуэкIэм и пIэ зибгъэувэурэ спектаклым ущыджэгу хабзэщ. Ауэ мыр гущ. Гур хэт илъэгъуа?! Абы къыхэкIыу ипэхэм, дауи, образыр къэзгъэщIыныр, абы теплъэ естыныр къыстехьэлъащ. Режиссёрым езым зэрилъагъум хуэдэу, зыхуейр къыпхещIыкI. Абы къигъэув жыпхъэхэм уитурэ, хуэмурэ образми теплъэ егъуэт, — къыддэгуэшащ актёрыр.

ЖыIэпхъэщи, «гур» утыкум къихьэу, икIыжу, псалъэу ди цIыхухэм япэу ялъэгъуауэ къыщIэкIынщ. Абы къыхэкIыу, куэдым упщIэ зэхуэмыдэхэр къахуэуващ. УпщIэхэр спектакль нэужьым хуагъазэт режиссёрми, езы Зэмрэти.

— Апхуэдэ роль гъэщIэгъуэнхэр нэхъыбэрэ утыку къихьэпхъэщ. ЦIыхум и зэхэщIыкIыр абыхэм куэдкIэ нэхъ лъагэ ящI. КъагурымыIуэнкIэ сышынэт. Пьесэр IутIыж Борис итхащ, абы езым и хъэтI гъэщIэгъуэныщэ иIэжщ. И IэдакъэщIэкIыр зэ щхьэкIэ къыщыбгурымыIуи щыIэщ. Иджыри зэ укъеджэжа нэужьщ, абы и гупсысэм и кууагъыр къыщыбгурыIуэжыр. Ауэ цIыхухэм къапкъырыкIа хуабагъэр, абыхэм яхуэмыубыду къафIекIуа нэпсыр я щыхьэтщ дакъызэрыгурыIуам, я псэм дызэрынэсыфам.



Унэгъэсым «гум» и ролыр хуабжьу узыIэпишэу, узыщIигъэгупсысыжу игъэзэщIа пэтми, зэкIэ актёр хуэдэу иджыри Iуэхушхуэ илэжьауэ зилъытэжкъым. Абы къыхегъэщ ар иджыри комедиеми трагедиеми зэрыщымыджэгуар, и къарур здынэсыр зэримыщIэр.

Актёр IэщIагъэм и мызакъуэу, нобэкIэ Зэмрэт режиссёр IэнатIэм пэрыту спектаклыщIэ егъэхьэзыр. Зэмрэт зэрыжиIамкIэ, пьесэр и IэдакъэщIэкIщ усакIуэ, журналист Бемырзэ Зураб икIи абы фIэщыгъэцIэщ «Iэнэ лъакъуиплI е сэлфи баш».

Унэгъэс Зэмрэт и япэ роль гъэщIэгъуэнымкIэ цIыхупсэр къызэрихьэхуам хуэдэу, и режиссёр лэжьыгъэри махуэ хуэхъуну дыщогугъ.

ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ

# Усэкiэ тха гъащIэ

КъЧР

**Мы тхыгъэм деж щыгъуазэ фыхуэтщIыну дыхуейщ щIалэ ныбжьыщIэ, усакIуэ цIэрыIуэ, телеведущэ дэхьэхыгъуафIэ, цIыху щабэ, цIыху гуапэ Чэнджэщауэ Артур.**

**НобэкIэ Артур и усэ гъэщIэгъуэнхэр къагъэсэбэпурэ псоми фIыуэ тлъагъу, мызэ-мытIэу зэхэтха уэрэд 70 дунейм къытехьащ. Ахэр ягъэзащIэ Ищхъэрэ Кавказ эстрадэм щыщ артист зэхуэмыдэхэм. Апхуэдэщ Дзыбэ Мыхьэмэт, НэкIасэ Анжеликэ, Быщтэ Азэмэт, Тхьэгъэлэдж Мурат, Елдар Айдэмир, Мугу Айдэмир, Агуей Руслан, Пхъэш Азэмэт, нэгъуэщIхэри.**

Артур щеджащ Ставрополь къалэм дэт къэрал университетым. Ар финансисту еджами, зэрыцIыкIу лъандэрэ щIэхъуэпст кином, телевидением. ИкIи и хъуэпсапIэм хуэмурэ лъагъуэ къыхуигъуэтащ.

**— Нобэ уздэлажьэ «Архыз-24» телеканалыр сыткIэ уигу ирихьрэ?**

— Телевидениер езым и дуней щхьэхуэ гуэр иIэжу мэпсэу. Мис а дунейр си псэм и щытыкIэм пэгъунэгъуу щытщ. Си гупсысэр цIыхухэм ящынэсгъэсыфкIэ си гур хохъуэ. Си лэжыгъэм апхуэдэ Iэмал къылъыкъокI. Апхуэдэщ, «Стих и я» нэтыныр.

**— Тхэным дауэ ухуэкIуа? Уи творческэ зэчийм зиужьынымкIэ хэт е сыт сэбэп хъуар? Куэд щIауэ утхэрэ?**

— Дэтхэнэ творческэ цIыхум хуэдэуи, сызэрысабийрэ зы хьэлщэн сиIэт – псори си гумкIэ згъэвт. Ар Iейми фIыми сщIэкъым, ауэ си гъащIэм, си хъуреягъкIэ къэхъу Iуэхугъуэхэр си гум лъэужь кууэ къытридзэт. Псом хуэмыдэу псэкIэ зыхэсщIэт адыгэ лъэпкъым и тхыдэм епха Iуэхугъуэхэр. Си унагъуэм Адыгэ Хабзэр щызэрахьэу дыкъыдэкIуэтеящ. Ди дадэм, ди адэ-анэм къысхалъхьа гъэсэныгъэм, гъащIэ бгъэдыхьэкIэм си гупсысэр япсыхьащ. Си гум щыхъэхэр илъэси 10-м ситу усэкIэ стхыуэ щIэздзащ. Си япэ усэм и фIэщыгъэцIэри сощIэж – «Кавказ».

**— Сыт хуэдэ темэхэм нэхъ утетхыхьу щыт?**

— Си творчествэр нэхъыбэу зытеухуар Кавказращ, сыкъызыхэкIа си лъэпкъращ. ЗэрыслъэкIкIэ адыгэм игъэва гуауэри, щIыхь хуэфащэри къызэрызгъэлъэгъуэным сыхущIокъу.

КъинэмыщIауэ, фIылъагъуныгъэм, зэныбжьэгъугъэм, цIыхухэр зыпэщIэхуэ лъэпощхьэпохэм, политикэм си усэхэм уащыхуозэ.

**— Узэреплъымкiэ, сыт хуэдэ хьэл-щэнхэр хэлъын хуей усакIуэм?**

— Пэжыр и Iэпэгъуу щытын хуейщ. Псом япэу, езыр зыхуэпэжу щытыпхъэщ, итIанэ цIыхухэми яхуэпэжынущ. Жагъуэ зэрыхъущи, мызэ-мытIэу срихьэлIащ зи усыгъэмрэ зи гъащIэмрэ, я Iуэху зехьэкIэмрэ зыкIи зэмыкIуалIэ усакIуэхэм. Дауи, усакIуэр цIыху къызэрыкIуэщ, ар щыуэнкIи мэхъу. Ауэ усэр и гъащIэм щыщ щыхъуакIэ, абы и щыуагъэхэм гу лъитэжу щытыпхъэщ, икIи лъэпкъым и пащхьэм деж зигъэкъэбзэжыпхъэщ.

**— Творчествэм теухуауэ сыт хуэдэ мурадхэр уиIэ?**

— Мурадхэр мащIэкъым. Усыгъэм епхауэ, жыпIэмэ, етIуанэ сборникым солэжь. Япэ тхылъыр («Шёпот предков») 2010 гъэм къыдэкIауэ щытащ. Абы лъандэрэ илъэси 6 текIыжащ: сэри зысхъуэжащ, си усыхэми захъуэжащ.

КъинэмыщIауэ, киноми сыпыщIащ. ИджыкIэ, си ныбжьэгъу, режиссёр Хьэсан Артур и гъусэу



проект ин, художественнэ фильм догъэхьэзыр. Абы «Герои Черкесии» фIэщыгъэцIэ хуэтщIащ. Дызэригугъэм хуэдэу псори къыдэхъулIэмэ, 2017 гъэм фильмым и премьерэр щыIэнущ.

Шэчыншэу, кавказ эстрадэми адэкIэ садэлэжьэнущ. Сыту жыпIэмэ, а Iуэхур сфIэгъэщIэгъуэнщ. Си япэ уэрэдыр – «Гимн Черкесов» - зэи сщыгъупщэнукъым. Пэжу жысIэнщи, мурадхэр апхуэдизкIэ си куэдщи, зы адыгэш сышэсу абыхэм ебгъэрыкIуэнырщ Iэмалыр.

ЖУ Иринэ



# Президентыр къыдэзыхьэха Мудран Беслъэн

КъБР

Мудран Беслъэн – дэтхэнэ зы спортсменми хуэдэу, щIэхъуэпсырт Олимп зэпеуэхэм хэтыну. АрщхьэкIэ самбэр абы и программэм хагъэхьатэкъым...

Зэман кIэщIым къриубыдэу бэнэкIэ лIэужьыгъуэщIэр Беслъэн къигъэIурыщIащ икIи къыкIэлъыкIуэ илъэсым абыкIи къэралым щынэхъ лъэщ дыдэ хъуащ. АдэкIэ Европэм чемпион (2012, 2014 гъэхэм), дунейпсо зэхьэзэхуэм етIуанэ (2014 гъэм) щыхъуащ, Европей джэгухэм (2015 гъэм) дыщэ медалыр къыщихьащ. Абыхэм къапэкIуащ «Урысей Федерацэм дзюдомкIэ щIыхь зиIэ и мастер» цIэр. АдэкIэ Олимп лъагапIэм хуэкIуэ гъуэгур къызэIуха хъуащ.

Ди щIалэхэр Бразилием зэрыщыхуэмыхунур хэт и дежкIи гурыIуэгъуэт. Уеблэмэ, абы гу лъитат Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимири. Мудрэным и гъусэу зэрытрадзэ Iэмал гуэрхэр щагъэлъагъуэм къеупщIащ Олимпиадэм зэрызэхуигъэхьэзыр щIыкIэмрэ и мурадхэмрэ.

Беслъэн къэралым и IэтащхьэмжриIащ Рио-де-Жанейрэ кIуэну зэримурадыр икIи Iэмал имыIэу медалхэм зэрыщIэбэнынур.

— Сыт хуэдэ медаль узыщыгугъыр? — щIэупщIэжащ Путин Владимир.

— Дауи, дыщэращ, — жэуап пыухыкIа итащ ди щIалэм.

Хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэу къилъытэхэм щыщIэупщIэм, Беслъэн жиIащ Японием щыщ Такатэ Наохисэ апхуэдэу зэрыщытыр.

Урысей Федерацэм и Президентым игу къэкIыжащ Такатэрэ Мудрэнымрэ иужьу зэрызэбэнар зэрилъэгъуар. Зыщыщ лъэпкъыр зэригъащIэри, къыпищащ: «Сыт жыпIэр?! Къэбэрдейхэр японхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъэщщ. ИIэ, ятекIуэ...»

Зэбэнхэр яуха иужькIэ зэхэта зэIущIэм Путиным щыжиIащ къэбэрдейхэр японхэм хъыжьагъэкIэ ефIэкIыу къызэрилъытэр. Ар ди лъэпкъэгъухэм я гуапэ зэрыхъуар наIуэщ икIи а Iуэхугъуэр зэрыпэжым куэд мыщIэу Бразилием щыхьэт щытехъуэжащ.

ДызэрыщIэхъуэпсауэ, гуфIэгъуэшхуэкIэ щIидзащ Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм. Абы и япэ махуэм Урысей Федерацэм дыщэ медалыр къыщыхуихьащ Бахъсэн къалэм щыщ адыгэ щIалэ Мудран Беслъэн – дзюдомкIэ килограмм 60-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм ар Олимп чемпион щыхъуащ! Къэбэрдей щIалэр и хьэрхуэрэгъу псоми ефIэкIри, Олимп лъагапIэм къыщыхутащ.

ХЬЭТАУ Ислъам

**МЕРЕТЫКЪУЭ Метин**

**Си Хэку**

*Адэжь щIыналъэм и*
*кIэдахъуэм*
*СыкъыщыкIатэм*
*удз гъэгъауэ,*
*IэфIыгъэм гъащIэр*
*щыз ищIынт,*
*Псэхугъэр си*
*псэм щыхэпщынт.*
*Адэжь щIыналъэм и*
*къурш щIагъым*
*Си гъащIэр псыуэ*
*къыщежьатэм,*
*ГуфIэгъуэ защIэу*
*есхьэкIынт,*
*Къуршыбгъэ лъагэр*
*псым къищынт.*

Редактор нэхъыщхьэхэр:
«Черкес хэкум» — ТХЬЭГЪЭПСЭУХЭ Увжыкъуэ,
«Адыгэ псалъэм» — ХЬЭФIЫЦIЭХЭ Мухьэмэд,
«Адыгэ макъым» — ДЭРБЭХЭ Тимур.

**ФщIэн папщIэ**

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.

Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.

**Ди хэщIапIэр**



369000, КъЧР, Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: приемнэм — 26-36-00, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14, жэуап зыхь секретарым - 26-43-29.

ОТДЕЛХЭМ: социальнэ Iуэхухэмрэ политикэмрэкIэ-26-36-27; экономикэмкIэ, къуажэ гъащIэмрэ промышленностымрэкIэ-26-51-02; щэнхабзэмкIэ, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ, хъыбархэмрэ спортымрэкIэ, щIыуэпсымрэ узыншагъэмрэ хъумэнымрэкIэ-26-36-36; зэдзэкIакIуэхэм-26-41-87; корректорхэм-26-36-25; операторхэм-26-34-50; бухгалтерием-26-36-29.

E - mail: Cherkes-Haku@yandex.ru
www.cherkes-heku.smi09.ru

Газетыр щытрадзащ "Кавказская здравница" ОАО тедзапIэм, Минеральные Воды къалэ, Октябрым и илъэс 50 уэрам, 67 унэ.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 20-04-13.

Индексыр 54044-щ.
КъыдэкI бжыгъэр 2978-щ.
Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ: жэуап зыхь секретарь АБИДОКЪУЭ Люсанэ, корректорхэу ГУНДЭХЪУ Аня, МУСЭ Зуридэ, оператору ГЪУЭЗДЖЭШ Залинэ.